**Михаил ШОЛОХОВ**

# АШЫЛҒАН ТЫҢ

**«Қарақалпақстан» баспасы**

**Нөкис - 1965**

## I БАП

Жер жамғырлы ләмгершилик пенен көпшиди, самал бултларды ысырып-ысырып жибергенде, жайнаған қуяш астында балқып, көкшил пуўларды пысқытып шығаратуғын еди. Азанда, дәрьядан уйықлы ҳәм батпақлы ойлықлардан думан көтериледи. Олар буўдақ-буўдақ болып толқынланыўы менен Гремячий Лог арқалы жумбаршақланып өтип, далаңлықтағы дөңлерге қарай жол тартады, сол жерге барып тарқалады да, жумсақ ғана көгис пуў болып көзге көринбестен ерип кетеди. Ал тереклердиң жапырақларында, жайлар ҳәм ҳәўлилердиң қамыс пенен бастырылған төбелеринде, қулласы дерлик барлық жерде болса қыздырылған пытыра яңлы шашылып жатырған қорғасындай аўыр боласынлы шық шөплерди ийип түске шекем жататуғын еди.

Далада ажырық дизеден жоқары көтерилген. Жайлаўдың арғы жағындағы донниклер гүллеп тур. Оның хош ийиси кешке қарай пүткил хуторға жайылып, қызлардың ынтыққан жүреклерин толқытатуғын еди. Гүзлик бийдайлар қойыў көк түстеги тегис дийўалдай болып көк жийекке тутасып кеткен, ал жазлықлар болса жылда бола бермейтуғын бир тегис нәли менен көзиңниң отын алады. Боз жер айқасқан мәкке пашаларының жас шиңгириклери менен қалың қоршалған. Июнниң биринши ярымының аяғына қарай ҳаўа райы биротала жөнлести, аспанда бир де булт көринбейди, жаўын менен жуўылған, гүлленген дала қуяш астында әжайып гөзаллыққа енип қулп урып тур! Мине енди ол емизиўши жас анадай болып көринеди, күтә көркем, мөмин, азырақ шаршаған ҳәм әжайып, бахытлы пәк аналық күлим менен жайнап тур.

Яков Лукич Островнов ҳәр күни азан менен, күн шықпастан бурын-ақ тозған брезент плащын ийнине желбигей салып, бийдайлыққа қарап машқы етиў ушын хутордың сыртына шығатуғын еди. Ол шық пенен шағылыса көринген гүзлик бийдайдың басланған жердеги таптың қасында узақ ўақыт турады. Болдырған ғарры ат қусап басын төмен салып қозғалмастан турады да, былайынша ойға кетеди: «Егер сүтке айланар ўақтында «қалмақ[1]» самалы турып, бийдайды ыссы урып кетпесе, қудайдан тапқыр колхоз әллеге мыйлығынан батып қалатуғын түри бар! Бәдбақ. Совет властының қолының келиўин қара! Жеке хожалық тусында нешше жыл өз ўақтында жаўын болмай атыр еди, енди мине быйыл нөсерлеп қуйып тур. Ал енди жақсы зүрәәт бола қойса, колхозшылардың мийнет күнине мол-молдан табыс тийеди, әне сонда олардан жүзин тегинликте Севет ҳүкиметине қарсы қаратыў мүмкин бе? Өмирде де мүмкин емес! Аш адам - тоғайдағы қасқыр, қәлегениңди ислетесең, тоқ адам аслаўдың қасындағы шошқа, оны орнынан да қозғалта алмайсаң. Господин Половцев не ойлайды екен-әй, олар нени күтип жүр, ҳайранман, ақылым жетиспейди! Ҳәзир Совет властын солқ еттириўдиң нағыз пайты ғой, ал олар болса суўысып баратыр...».

Половцев тәрепинен ўәде етилген төңкериспекти күте-күте шаршаған Яков Лукич ашыўы келгенликтен, әлбетте, усылай ойлаған еди. Ол Половцевтың биротала суўып

---

[1] Қалмақ деп қубла-түслик тәрептен есетуғын самалға айтады.

кетпегенлигин ҳәм әйтеуирден-әйтеуир қандай да бир нәрсени күтип отырмағанлығын жүдә жақсы биледи. Таўдан тап Островновтың бағына келип тақалған тикжардан өтип, узақтағы хуторлар менен станицалардан дерлик ҳәр күни түнде шабарманлар келетуғын еди. Олар атларын тоғайлы жардың үстинде қалдырып, өзлери жаяў келетуғын болса итимал. Олардың шәртли түрде әсте ғана тықылдатқан сестин еситип Яков Лукич қапыны ашып оларды шыра жақпастан Половцевтың өжиресине өткерип жиберетуғын еди. Өжирениң ҳәўлиге қараған еки тәрезесиниң қақпағы да күни-түни жабық турады, ал иштен болса тас етилип сур реңдеги қалың кийиз тутылған. Ҳәттеки бултсыз ашық күни де жер төледегидей тас қараңғы, онда төледегидей көгерген нәрсениң, ызғардың ҳәм ҳаўасы анда-санда тазаланатуғын жайдағыдай сасық, жаман ийис шығып туратуғын еди. Күндиз Половцев та, Латьевский де жайдан шықпайды, ерикли тутқынлардың дәрет сындырыўына тахтасы алынған полдың астындағы цинкленген шелек хызмет атқаратуғын еди.

Яков Лукич урыларша келип-кетип атырған адамлардың ҳәр қайсысына кирер бөлмеде шырпы шағып жүрип ғана көз таслайды, бирақ еле ҳеш бир - жүзи таныс адамды ушырата алмады, олардың ҳәммеси де бөтен, түрине қарағанда, узақ жерден келген адамлар. Бир күни Яков Лукич шабарманлардың биреўинен тәўекел етип әсте ғана:

- Сен қай жерденсең станицалы? - деп сорады.

Шырпының жылтылдаған жақтысы малақай астында егеде болған казактың сақаллы, түрине қарағанда, ҳақ кеўилли жүзин көрсетти. Яков Лукич оның қысылған көзлери менен сықақлап күлгендеги жарқырап көринген аппақ тислерин де көрип қалды.

- Ол дүньядан, станицалы! - деп, келген адам тап сонда әсте сыбырлаған даўыс пенен жуўап берди де, сөзин даўам етип: - Тезирек бизлерди сол кисиге алып бар, бизлер менен онша исиң болмасын! - деди буйырған түрде.

Еки күннен сон сол сақаллы киси менен жасырақ және бир казак тағы келди. Олар дәлизге қандай да бир аўыр нәрсени алып кирди, бирақ жүргенде әсте ғана, сес шығармастан адым атып жүре баслады. Яков Лукич шыраны жағып жиберип еди, сақаллы кисинин қолында еки офицерлик ер менен ийнинен асырып тасланған гүмис нағыслы жүўенди көрди; екиншиси қара жүнлес буркаға оралған узын, келисиксиз бир нәрсени ийнине көтерип тур.

Сақаллы киси Яков Лукичке бурыннан таныс адамдай көзин қысып қойып:

- Жайында ма? Екеўи де үйде ме? - деп сорады да, жуўабын күтип турмастан ишке қарай кетти.

Шырпы Яков Лукичтин бармақларын күйдирип, ушына шекем жанып питти. Қараңғыда сақаллы киси бир нәрселерге сүринип, әсте ғана гүбирленип сөгинип алды.

- Тоқтап тур, ҳәзир шағаман, - деди Яков Лукич ийкемге келмейтуғын бармақлары менен шырпы қутысынан шырпы алып атырып.

Половцев есикти өзи ашып, әсте ғана:

- Кириңлер. Кәне, кириң енди, не қылып атырсыз ол жерде? Сен де кир, Яков Лукич, сениң маған керегиң бар. Тынышланың мен ҳәзир шыра жағаман, - деди.

Ол жарғанат паныстың жақты, бирақ оның жоқарысынан гүпини пана қылып, полдың охра менен боялған тахталарына жақты қыялап түсип туратуғын азырақ ғана саңлақ қалдырды.

Келгенлер ҳүрмет пенен сәлемлесип, алып келген затларын есик бетке қойды. Сақаллы киси алдына қарай еки адым атып, өкшесин сарт еткизип қақты да, қойнынан шығарылған пакетти созды. Половцев конвертти ашып, оны фонарьға тутып дәрриў оқып шықты да:

- Седойға рахмет айт. Жуўабын бермеймен. Оннан он екисине шекем хабар күтемен.

- Кете бириўиңизге болады. Жолда-ақ таң атып кетпес пе екен?

- Жақ-ә, жетип барамыз, атларымыз жақсы, - деп жуўап берди сақаллы адам.

- Мейли, жөнеп кетиңлер. Хызметлериңизге рахмет.

- Қуллық!

Екеўи де бир адамдай бирден бурылып, өкшелерин тарс еткизди де, шығып кетти. Яков Лукич ҳайран қалып: «Әне, үйренип шыққанлар усындай болады, ҳәрекетлеринен-ақ көринип тур, әскерий хызметте ескише тәрбия алған-дә!... Ал енди олар оның атын не ушын ҳеш қандай атамайды а?... деп ойлады.

Половцев Яков Лукичтиң қасына келип, зилдей, ап-аўыр қолын оның ийнине салды. Яков Лукич жаўырынын тиклеп, қолын еки қапталына туўры қысып, ериксиз түрде өзин қәлипке түсирди.

- Көрдиң бе қыранларды? - Половцев әсте ғана күлип қойды.

- Булар қолайсыз жағдайда қалдырмайды. Булар мен отқа тасласам, отқа, суўға тасласам, суўға таслайды. Войсковой хуторындағы гейпара ҳарамзадалар менен ҳеш кимге исенбейтуғынлардай емес. Қәне енди бизге олардың не алып келгенин көрейик...

Половцев бир дизерлеп, беккем шандып қундақтай етип буўған ақ қайысты тез-тез шешти де, бурканы ашты, ондағы белек-бөлек етип салынған қол пулеметтиң бөлеклерин, май-май кенепке оралып емески жылтыраған төрт дисканы алды. Оннан кейин әсте ғана еки қылышты шығарды. Олардың биреўи ысылып тозыўы жеткен қынға салынған қәдимги казакша қылыш, екиншиси гүмистен исленген дәстесиниң басына қараўытқан георгийлик таспа өткерилген, қара нағыслы гүмис қыны бар, кавказша қара портупеялы қылыш еди.

Половцев сақка жүгинип, гүмистиң гүңгирт нурына сүйсинип турғандай болып басын шалқайтып, созылған қолларының алақанында, қылышты услап турды да, оннан кейин қылышты көкирегине басып дирилдеген даўысы менен:

- Жаным гөззалым! Мениң озалдан ҳадал ғамхорым! Сен еле маған ҳақ, ҳадал хызмет етесең! - деди.

Оның үлкен астыңғы жағы дир-дир етип кемсеңледи де, қәҳәр менен қуўаныштан көзине жас келди, бирақ ол еплеп өзин тутып, қаны қашып қуўарып тырысқан жүзин Яков Лукичке қаратып, қатты ашшы даўыс пенен:

- Сен буны таныдың ба, Лукич? -... деп сорады.

Яков Лукич түпиригин жутып қылғынды да, үндеместен басын ийзеди, ол бул қылышты таныды, оны бир мың тоғыз жүз он бесинши жылы Австрия фронтында жас ҳәм алып денели хорунжий Половцевта биринши рет көрген еди...

Бийпарўа кейип пенен ҳәтте үнсиз жатырған Лятьевский жалаң аяқларын салбыратып жатқан орнынан турды, буўынларын шытырлатып керилиўи менен түнерген жалғыз көзин жылт-жылт еткизди.

- Тәсир көринис екен! - деди ол қырылдап. - Былайынша айтқанда, көтерилисшилик идиллия. Мен бундай орынсыз көринислерди жақсы кермеймен.

- Тоқтатсаш енди! - деди Половцев кескин түрде.

Лятьевский ийнин қысып:

- Не ушын тоқтатар екенмен? Нени тоқтатыўым керек? - деди.

- Тоқтатыңызшы, өтинемен, - деди Половцев әсте түргелип, кәтке қарай тап жасырынып баратырған адамдай адымын аңлап басып.

Оның қалтыраған шеп қолында қылыш, ал оң қолы менен, болса сур толстовкасының илгегин жаздырып жағасын жулқый берди. Яков Лукич Половцевтиң қутырынып, көзи уясынан шығып баратырғанына, исинген жүзи толстовкасының түриндей болғанына үрейленип қарады.

Лятьевский жай-парахат, асықпай-саспай қолларын басының астына қойып, кәтке барып жатты.

- Театрдағыдай ҳәрекет екен! - деди кек етип мыйығын тартып, жалғыз көзин өжирениң төбесине тикти. - Мен оның бәрин де оңбаған провинциаллық театрларда бир емес, бир неше рет көргенмен. Бул жүдә жаныма тийди!

Половцев оннан еки адым бери барып тоқтады да, жүдә силикпеси шығып шаршаған ҳәрекет пенен қолын көтерип, маңлайындағы жибискен терди сыпырып таслады. Кейин ықтиярсыз босасқан қолы төменге қарай салт етип түсти.

- Нервим... - деди ол түсиниксиз, тили гүрмелмейтуғын адамдай былжырақлап. Ал мыйық тартқан күлкиге усаған созылыңқы туталық болса бетин сыртқа қарай бура берди.

- Буған да жүдә қаныққан. Қатындай бола бермениз Половцев! Тутың өзиңизди.

- Нерв... - деп гүбирленди Половцев, - нервлерим тырысып атыр... Бул тас-түнек, бул қәбир... мениң де жаныма тийди.

- Тас-түнек - данышпанларға дос. Ол өмир ҳаққында философиялық ойланыўларға жәрдем етеди, ал нерв тутлықпасы тек қаны аз, бетлерин безеў басқан қызлар менен ишинде сөз турмайтуғын, басының сақыйнасы бар ҳаяллар да ғана болады. Нерв тутлықпасы - офицер ушын шермендешилик ҳәм ҳүрметсизлик! Сиз жөгишилик қылып отырсыз, Половцев, сизде ҳеш қандай нерв тутлықпасы жоқ, бул тек ғана жуўҳалық! Мен сизге инанбайман! Ҳақыйқат офицерлик сөзим сол - инанбайман!

- Сиз офицер емессиз, ал малсыз!

- Мен сизден буны талай сапар еситкенмен, бирақ бәри бир сизди дуэльге шақырмайман, жумысыңызға бара бериңиз! Буның бәри тозыўы жеткен, орынсыз гәп, буннан да әҳмийетлирек ислер бар. Оннан қалса, әширепи, әлле қандай көрип көкирегинизге басып отырған мына полицейскийлердиң темир-терсеги менен емес, ал ҳақыйқат қылыш пенен алысатуғынлығы сизге белгили болса керек. Мен, ески артиллерист, қуры саўлаттың бундай түрин жек көремен. Сизди дуэльге шақырмаўдың тағы бир дәлили бар: сиз шығысыңыз бойынша қарапайымсыз, ал мен болсам әййемнен белгили фамилиядағы польшалық ақ суйеклердиң бири мен, яғный...

- Бери қара сен... шляхтич! - деп Половцев турпайы түрде оның сөзин бөлип жиберди, даўысы әдеттегидей қатты, өткир ҳәм буйрықлы түрде көтериңки еситилди. - Георгийлик қуралды масқараламақшымысаң? Тағы бир нәрсе дедиң бар ғой, өлимиңди шыбын шелли көрместен шаўып таслайман.

Лятьевский кәттиң үстинен тура келди. Оның еринлеринде жаңа ғана көринген астарлы күлкиниң изи де жоқ еди. Ол шыны менен жай ғана

- Мине буныңа инанаман! Сизиң ашық ҳәм жақсы нийетлериңиз даўысыңыздан-ақ билинип турыпты, сонлықтан да мен үнимди өширемен, - деди.

Ол кәтке қайтадан жатты да, пахтадан тоқылған гөне одеялды ийегине барғанша тартып қойды.

- Бәри бир мен сени өлтиремен, - деп өжетлик пенен қайталады. Половцев кәттиң қасында буғадай мойнын гүжирейтип. - Тап усы қылыштың өзи менен бир ақ сүйек хайўанды екеў етип шығараман, қашан екенин айтайын ба? Донда Совет власты қуладыма, болды, дәрриў!

- Ҳе, олай болса мен тап әбден жасымның ушына жеткенше тыныш өмир сүриуиме болады екен, мүмкин еле мәңгиге жасарман, - деп Лятьевский күлди де, боқланыўы менен жүзин дийўалға қаратып бурылып жатты.

Яков Лукич ыссы шоқтың үстинде турғандай тынышсызланып, есик бетте бир есе бир аяғына, бир есе бир аяғына минип турды. Ол бир неше рет жайдан шығып кетпекши болып еди, бирақ Половцев қолын силтеп тоқтата берди. Ақырында ол шыдай алмай:

- Ҳүрметли мырзалар, маған шығып кетиўге рухсат етсеңиз, мени босатсаңыз! Көп узамай мине таңда атады, ал мен болсам азанда атызға ерте кетиўим керек, - деп өтинди.

Половцев стулға отырды, қылышты дизесине қойып, қоллары менен қылышқа сүйенди де, төмен бүгилип узақ ўақыт үндемей отыра берди. Тек оның мурнын тартып аўыр дем алыўы менен стол үстиндеги үлкен қалта сааттың шыртылдаған даўысы ғана еситилип тур. Яков Лукич Половцевты қалғып отыр деп ойлап еди, бирақ ол өзиниң аўыр, тутас денесин стол үстинен бирден көтерип алды да:

- Лукич, сен ерлерди көтер, мен қалғанларын аламан. - Қәне, жүр, барлығын да бир исенимли, қурғақ орынға жасырайық. Бәлким, анаў, қалай еди еле..., атың қурғыр... сениң тезек жыйналған жайына жасырсақ қалай болар екен, а?

- Қолайлы орын, жүр, - деп турған жерден қайылшылық билдирди өжиреден қалай шығып кетиўдиң есабын таба алмай турған Яков Лукич.

Ол бир ерди жаңа ғана қолына ала бергени, мәддәл кәттен жан ийнине от түсип ушып турған Лятьевский қутырғандай көзи қызарып:

- Не қылып атырсыз өзиңиз? Мен сизден сорап турман, сиз өзиңиз не қылып атырсыз? - деп бақырды.

Бурка үстине еңтерилип турған Половцев бойын тикледи де, салқын ғана:

- Не болып қалды? Сиз буншама неге тынышсызланасыз? - деди.

- Неге сиз түсинбейсиз? Ерлер менен мына темир-терсекти қайсы жерге жасырсаңыз, сол жерге апарың жасырың, бирақ пулемет пенен дискаларды таслап кетиңиз! Сиз жан күйериңиздиң дачасында турғаныныз жоқ, пулемет болса бизлерге қәлеген минутта керек болып қалады. Сиз буны тусинерсиз деймен?

Азырақ ойланыўдан кейин Половцев келисимге келди:

- Ҳә, радзивилли ҳарамы, буныңыз дурыс. Онда ҳәммеси де усы жерде қала берсин. Бар, Лукич, уйықла, саған рухсат.

Ески әскерий әдетлердиң сүйегине соншама сиңип кеткенине қара! Яков Лукич еле бир нәрсе туўралы да ойлап үлгермей атырып, жалаң аяқлары өзинен өзи ериксиз шалт айланып, ысылған табанлары еситилер-еситилмес болып бир-бирине сүйкелисти. Буны абайлаған Половцев жылмайып мыйық тартып күлип қойды, ал Яков Лукич есикти жабыўдан өзиниң жаңылыс ис ислеп қойғанлығын түсинип, қысынғанынан қызарып кетти де: «Мына сақаллы шайтан өзиниң әскерий тутымы менен мениң мийимди айналдырды-аў!»- деп ойлады.

Ол таң атқанша кирпик қаққан жоқ. Көтерилистиң табыслы болып шығыўына болған ондағы исеним енди оның қулаўы ҳаққындағы қорқыныш ҳәм Половцев пенен Лятьевский қусаған иси питкен адамлар менен ақылсызлық қылып өзиниң тәғдирин байланыстырып алғаны туўралы ўақтынан кейин пайда болған өкинишлер менен алмасты. «Ўақ, асығыслық қылып, бәлеге сазыўар болған екенмен! - деп қынжылып ойланды Яков Лукич. - Мен ғарры ақмақ, араласпай күтип, бир шеткей турғанда, Александр Анисимовичке дәслептен ҳеш нәрсе демеген де болатуғын еди. Олар коммунистлердиң үстине шыға қойса, сол ўақытта ҳәзирге-мәзир болып дәрриў қосылыўға болатуғын еди, ал бул турысынан олар мени ап-аңсат ғана соқырдай етип шуқанаққа апарып салатуғыны сөзсиз турған гәп... Ал былай ойлап қарайық: егер мен де, екинши биреў де, үшинши де өзин шетке тута бергенде, онда не болып шықпақшы? Совет властын өле-өлгенше арқамызға миндирип өтемиз бе? Бул да келиспейди! Ол өзи жақсылық пенен арқамыздан түспейди, ҳәй сирә түспес! Тезирек бир жағына шықса болар еди... Александр Анисимович шет елден десант түсириледи, кубанлылар жәрдем береди деп ўәде етип, тил менен таў қопарып атыр, ақыры қалай болар екен? Буны қуданың өзи биледи! Ал егер аўқамласларымыз бизиң жеримизге десант түсириўден бас тартса не қыламыз, онда қалай болады? Он тоғызыншы жылдағыдай англичан шинеллерин жиберип, өзлери үйлеринде арақ-шараплар ишип, қатынлары менен мәз-майрам болып ҳәзлигин қура берсе, - онда олардың шинеллери менен не ис питиремиз? Сол шинеллердиң етеги менен мурнымыздан аққан қанды сыпырамыз, - сол болғаны. Большевиклер бизлерди урып женшеди, олла, урып женшеди! Бул олардың әдети. Әне сонда соларға қарсы турған ҳәммемиз де қурыймыз. Дон топырағы күл болып аспанға ушады!»

Бул ойлардан Яков Лукич қайғыға түсип, өзин қатты аяп ашынды. Ол узақ ўақыт ыңыранды, гүрсинди, Дуўа оқып шоқынды. Соннан кейин барып тынымсыз ойлары ҳәзирги аўҳалларға қайтадан келип оралды: Александр Анисомович мына қыйсық поляк пенен несин бөлисе алмай жүр екен? Олар неге удайы илинисе береди? Алдымызда ең уллы ислер тур, олар болса бир кетектеги еки қабаўық көпек қусап келиспейди. Көбирек мына бир көзли өзи барып тийе береди, өтирикши, биресе олай дейди, биресе булай дейди. Оңбаған адам, мен оған дым исенбеймен. «Соқырға, бүкирге ҳәм өзиңниң қатыныңа исениўши болма» деген нақыл әйтеўир айтылған емес. Александр Анисомович өлтиреди оны. Қудай бир, өлтиреди! Мейлы, өлтирсе өлтирсин. Бәри-бир ол бизиң динимизден емес».

Усы тәселле бериўши қыяллар менен Яков Лукич ақырында узаққа созылмаған, аўыр уйқыға кетти.

## II БАП

Яков Лукич қуяш шыққаннан кейин барып уйқысынан оянды. Бир сааттың ишинде ол бир нешше түс көрди - олардың бәри де бир-биринен мәниссиз, бири-биринен жаман түслер еди.

Түсинде ол биресе ширкеўдиң ишиндеги минбердиң қасында жас жигиттей болып кийинип, күйеўдей болып толық сыланған түрде тур, ал қапталында өзи менен бирге аппақ булттай болып фата менен оранған неке қыйғанда кийетуғын узын ақ ҳаял көйлегин кийген Лятьевский аяқларын бирим-бирим шаққан тыпырлатып күлимсиреген көзин оған қадап алған ҳәм ҳәмме ўақыт уятсызлық пенен шақырып турғандай болып көзин қыса береди. Яков Лукич оған мынадай деп атырғандай: «Вацлав Августович, биз екеўимиздиң некемизди қыйысыўға болмайды: сен қанша жаман болсаң да еркексең. Буннан да гәп болды ма? Оннан қалса мен үйленгенмен. Кел бунын бәрин попқа айтайық, болмаса ол бизлерди қосып салып дуйым журтқа күлки болармыз!» Бирақ Лятьевский суп-суўық қолы менен Яков Лукичтиң қолынан услап, оған қарап еңкейип исеним билдиретуғын түрде «Сен үйленгениң туўралы ҳеш кимге ҳеш нәрсе деме! Мен саған сондай жақсы қатын боламан, Яшажан, сен тап ҳайран қаласаң!» - деп сыбырлайды. – «Қараң батсын сениң, ақмақ қыйсық!» деп бақырмақшы болады Яков Лукич қолын Лятьевскийдиң қолынан тартып алыўға талапланып, бирақ қолын тартып ала алмайды, Лятьевскийдиң бармақлары суп-суўық муздай, тастай қап-қатты. Ал Яков Лукичтиң болса ҳайран қалғандай даўысы шықпайды. Еринлери пахтадан исленгендей жуўыспайды... Қатты ашыўы келип, Яков Лукич түпириниўи менен оянып кетеди. Оның сақалы менен дастығында желимдей силекей.

Шоқынып тәўбе қылып астапыралла-астапыралла деп сыбырланғаны сол ол тағы түс көреди. Онда ол биресе баласы Семен, Агафон Дубцов ҳәм басқада да хуторласлары менен бирге ақ кийимлер кийген жас ҳаяллардың басшылығы менен помидорлар жулып жүреди. Яков Лукичтиң өзи де, дөгерегиидеги барлық казаклар да, неге дур тыр жалаңаш, бирақ оннан басқа ҳеш ким де өзиниң тыр жалаңаш жүргенлигине ҳеш қандай уялмайды. Дубцов оған арқасын берип, помидор түбине қарай еңтериледи, ал Яков Лукич күле-күле ишек-силеси қатқанлықтан ҳәм ашыўы келгенликтен демигип, оған қарап: «Сен бүйтип еңкейе берме, шубар ақта! Ҳеш болмаса қатынлардан уялсаңо!»- дейди.

Яков Лукичтиң өзи болса қысынған түрде шоңқыйып отырып тек оң қолы менен ғана помидор жулып, шеп қолын шомылыўшылар суўға түсер алдында қалай пана қылатуғын болса, сондай пана қылып отыр.

Яков Лукич оянғаннан кейин кәтинде узақ ўақытқа шекем мең-зеңи шығып елерген көзлери менен алдына қарап отырды. «Бундай жаман түслер жақсылыққа алып келмейди, бир бәле болады!» деген пикирге келди ол, жүрегинде ашынарлы аўыр нәрсени сезип, көрген түслери есине түсип кеткенниң өзинде жеркенип қоя береди.

Ол жүдә қапа болған түринде кийимлерин кийди, еркелеп келип сүйкенген пышыққа азап берди, азанғы аўқатын жеп ҳаялына жипа-жексиз «ақмақсаң» деди. Ал аўқатланып отырып хожалық мәселелери туўралы әңгимеге орынсыз араласқан келинине әдеўирге келген ҳаял емес, тап кишкене қыздай, сезип қасық силтеди. Әкесиниң өзин тута алмаўшылығы Семенниң күлкисин келтирди: ол қорыққандай бет-әпшерин тырыстырып, жыйырып, қатынына көзин қысып қойды, ал қатыны болса сестин шығармай селк-селк етип ишинен күледи. Бул Яков Лукичтиң биротала ашыўын келтирди: ол столдың үстине қасықты ылақтырып жиберип, қәҳәри келгенликтен дирилдеп шыққан даўысы менен;

- Ыржыйысасыз-ә мүмкин, еле көп узамай жыларсыз да деп бақырып жиберди. Аўқатын толық жеп болмастан-ақ ол ҳәмме көрсин деп столдан турып кетейин деп атырған еди, дәрриў пейлинен көрингендей табақтын шетине алақанын тиреп жиберип,

еле ишип болынбаған ыссы борштды шалбарына аўдарды да алды. Келини бетин қолы менен басып дәлизге қарай жуўырып кетти. Басына қолын тиреп Семен столда отырыўы менен қала берди, оның етли жаўырыны күлкиден селк-селк етип, боласынлы ийин сүйеклери қыймыл-қыймыл етеди. Ҳәттеки Яков Лукичтин удайы өзин салдамлы тутып журиўши қатыны да күлкитен өзиң тутып тура алмады.

- Ағасы-аў саған не болды!- деп сорады ол күлиўи менен -Шеп жағыңнан жатып турдың ба, я болмаса жаман түс көрип шықтың ба?

- Қартайған албаслы. Оны сен қайдан билесең? - деп қутырынып бақырды да, Яков Лукич бирден орнынан ушып турды.

Ол асханаға кирер аўызда қапының қапталынан шығып турған мыйыққа илинип, сәтийиннен тигилген тап-таза көйлегиниң жеңин шығанағына жеткенше қақ айырды. Өзиниң өжиресине қайта кирип, аршаны ашып, басқа көйлек излей баслады, сол мәддел дийўалға оңлап сүйелмеген аршаның қақпағы түсип кетип, желкесине қалай болса солай тарс ете қалды.

- Әй, нәлет жаўсын саған! Бүгин не бәле болды! - деди шын кеўли менен күйинип. Яков Лукич димарсыз табуреткаға отыра кетип желкесинде дүмпийип шыққан нәп-нәҳән исикти әсте-ақырын сыйпалап.

Ол борщ төгилген шалбар менен жыртылған көйлегин аўмастырып еплеп қайтадан кийинди, бирақ жүдә сасып асыққанлықтан шалбарының сәдеплерин илдириўди умытып кетти. Сол бәдбешер түри менен Яков Лукич жолда ушырасқан ҳаяллардың сәлемлесип болып, астарлы күлимсирегени, сөйтип дәрриў терис бурылғаны... неси екен деп өзинше ҳайран болыўы менен колхоздың кеңсесине шекем барып жетти. Оның түсинбей киятырған нәрсесин қарсы алдынан шығып емпеңлеп киятырған Щукарь ата ап еттирип айтты да салды.

- Қартайыпсаң-аў, жаным Яков Лукич? - деп кирисе сорады ол тоқтап.

- Ҳа сен жасарып баратырсаң ба? Ҳеш жасарып баратырған түриң жоқ! Көзлериң ата қоянның көзиндей қып-қызыл, оннан қалса суўласып тур.

- Мениң көзлерим түнги китап оқыстан суўласқан. Қартайған шағымда китап оқып, ҳәр қыйлы жоқарғы мағлыўматларды ийелеп атырман, солай да өзимди пухта тутаман, ал мине сен тап ғаррылардай умытшақ болып баратырсаң...

- Мениң умытшақлығым неде, қәне?

- Шарбақтың есигин жабыўды умытып кетипсең, малларын шығып баратыр.

- Семён бекитеди, - деди Яков Лукич кеўил аўдармаған түрде.

- Сениң шарбағыңның есигин Семён жаппайды... Жағымсыз жумбақлы гәптен қуты қашқан Яков

Лукич төмен қарап аҳ деди де, дәрриў-дәрриў бармақлары менен иске киристи. Усы қырсығына келген азанда оған жолыққан барлық апатлар менен бахытсызлықлардың үстине Яков Лукич тап кеңсениң шарбағында ким болса да биреўден түсип қалған үлкен картошканың үстинен басып алып берш өткизди де, тайып кетип жерге қулашын жайа түсти.

Жоқ, бунысы оғыры болды, буның бәри де әйтеўир болып атырған жоқ! Ырымшыл Яков Лукич қандай да бир үлкен бахытсызлық күтип жүргенине жүдә тереңнен исенди. Жүзи қуўарып, еринлери дирилдеўи менен Давыдов отырған бөлмеге кирип келди де:

- Аўырып турман, жолдас Давыдов, мени бүгинги жумыстан азат қылсаңыз. Мениң орнымда кладовщик ислеп турар.

- Мазаң жоғырақ көринесең Лукич, - деп аянышлы жуўап берди Давыдов. - Бар дем ал. Фельдшерге өзиң барасаң ба, я болмаса үйиңе жиберейик пе?

Яков Лукич үмитсизлик пенен қолын силтеди:

- Фельдшер маған жәрдем ете алмайды, өзим азырақ жатсам...

Үйинде ол терезелердиң қақпақларын жаптырып, шешинди де, қайдан да бир жақтан киятырған апатты сабырсызлық пенен күтип кәтке жата кетти. «Буның бәри мына налет жаўғыр ҳүкиметтен! - деп ойлады ол. - Күндиз де, түнде де соның себебинен тынышлық

жоқ! Түни менен бурын өмирде көрмеген бир оңбаған түслерди көрип, шығасаң, күндиз бир бәлениң изинен бир бәле шубырып кейниңнен қалмайды... Бул ҳукиметтиң тусында маңлайыма жазылған жасты жасамай-ақ өлип кететуғын түрим бар! Жасым жетпей бүгилермен сирә!

Бирақ Яков Лукичтиң қәўетерлик пенен бүгинги күтип жатыўы бийкарға күтиў болып шықты: апат бир жерде иркилип қалған, ол оған еки күннен кейин барып күтпеген жақтан келип қалды...

Яков Лукич жатар алдында өзиң батырырақ тутыў ушын бир стакан арақты ишип алды, түс көрместен түни менен тып-тыныш уйықлап шықты. Азанда өзин жақсы сергек сезип қуўанғанынан: «өтти!» деп қойды. Бул күнди анаў-мынаў тәшпиш ислер менен өткерди, ал келеси күни екшембиде кешки аўқатгың алдында ҳаялының қандай да бир нәрсеге тынышсызланып жүргенин сезип:

- Сен маған бурынғыдай емес, бир турлилеў көринесең, апасы? Я сыйыр аўырып қалдыма? Кеше оның пададан кеўилсиз сылбырап киятырғанын мен де сезген едим.

Анасы баласына қарап:

- Сема, азырақ шығып тур, мениң әкең менен сөйлесип алыўым керек...

Айна алдында шашын тарап атырған Семен наразылық пенен гүңкилдеп қойды;

- Бул не, сизлер бир жасырын нәрселер туўралы сөйлесетуғын болып кеттиңиз? Мийманханада болса басымызға бәле болған ағамның мына дослары күни-түни сыбырласады да жатады, ал бул жерде болса сизлер... Сизлердиң бул жасырын сөйлесиўлериңиз бул үйде адамға тынышлық бермейтуғын түри бар. Үй емес, ҳаяллар монастырына айланып баратыр. Қай жер болса, сол жер гүбир-гүбир, қай жер болса, сол жер сыбыр-сыбыр...

- Кәне, сениң буның менен исиң болмасын! - деди қызып Яков Лукич, -Айтылдыма саған шық деп, демек шығып тур! Сен оғада сөйлемшек болып баратырсаң... Абайла, қысқарт тилиңди, болмаса қырқыў ап-аңсат!

Семен қып-қызыл болып кетти, әкесине қарап бурылып губирледи:

- Ал аға сиз де көп қорқыта бермеңиз! Бизиң үйимиздиң ишинде қорқақ, нәресте адам жоқ. Бүйтип бир-биримизге алып топыла берип, соңында ҳәммемиз де масқара болмайық...

Ол есикти тарс еттирип жаўып шығып кетти.

- Әне балаң! Ийттин баласының батырлығына қара! - деди ашынып Яков Лукич.

Оның менен хеш ўақытта гәпке таласпайтуғын ҳаялы салдамлылық пенен:

- Лукич, ойлап қарасаң, мына сениң мийман ҳарамтамақларың бизге аңсатқа түсип отырған жоқ. Солар деп қылпылдының үстинде жасап киятырмыз, азабы да өтти! Усыннан хутордың ҳәкимлери үйимизде тинтиў жүргизе қойса, онда исимиздиң аты жоқ! Өмиримиз өмир емес, ал улы қылпылды, ҳәр бир тысырлыдан да, сестен де қорқып жанымыз қалмайды. Кудайым бундай етип турмыс кешириўди хеш кимниң басына салмасын! Сен туўралы да, Смушка туўралы да ойлай-ойлай өлерге келдим. Мына бизиң жайда турыўшыларды билип қойды бар ғой, оларды да, оларға қосып сизлерди де алып кетеди. Әне сонда бизлер гилең қатынлар болып не ис питере аламыз. Ийинимизге дорба салып ҳақлаймыз ба?, - деди.

- Болды, - деди Яков Лукич оның сөзин бөлип. - Сенсиз де, Семкасыз да не истейтуғынымды билемен. Сен не демекши едиң? Айт!

Ол есикти беклеп, ҳаялына жақын барып отырды. Дәслеп ол өзин қоршап алған қорқыныш туўралы сыр билдирместен ҳаялының сөзин тыңлап, ақырында өзин тутып отыра алмай орынлықтан ушып турды да асханада өрден-ыққа жүўырып ықтиярсыз:

- Исимиз питти! Туўған анам басыма жетти! Бастан айырды! - деп сыбырланды

Азырақ тынышланыңқырап алып, ол еки саркым суўды бириниң изине бирин симирди де, аўыр ойға шөмип, орынлығына отырды.

- Ағасы-аў, енди не қыласаң?

Яков Лукич ҳаялының сораўына жуўап қайтармады. Ол оның сөзин еситкен жоқ...

Ҳаялының айтыўы бойынша жақында төрт кемпир келип, бизлерди офицер мырзаларға алып бар деп турып алған. Кемпирлер Яков Лукич жасырып сақлап киятырған офицерлер ҳәм басқа да гремячийли казаклардың жәрдеми менен көтерилисти баслап, инсапсыз Совет ҳүкиметин қашан аўдарып таслайтуғынын асығыслық пенен күтеди екен. Яков Лукичтиң ҳаялы үйимизде ҳеш қандай офицерлер болған емес, ондай ҳеш ким жоқ деп оларды исендирмекши болған, бирақ пайдасыз болып шыққан. Буған жуўап ретинде бели бүкир бийҳая кемпир Лощилина түнерип оған былай деген:

- «Мени алдаўға шырағым, сен жассаң! Бизлерге қыстан бери офицерлер сизиң жайда турады деп енеңниң өзи айтты. Олардың адамлардан жасырынып жасап киятырғанын билемиз, ҳаў бизлер олар туўралы ҳеш кимге ҳеш нәрсе айтпайық. Бизлерди Александр Анисимович дейтуғын үлкениңе алып бар!»

...Половцев кириўден-ақ Яков Лукичти қәдимги таныс қалтыратпа тутты. Ол Половцев болған ўақыяны еситип қутырынып, мушына күш береди аў деп ойлады, соңлықтан ийт қусап қайылшылық пенен қалтырап жазалаўды күткен еди. Бирақ қысыныўдан сасып, шатаса-шатаса, солай да ҳеш нәрсесиң де жасырып қалмастан ҳаялына еситкенлерин барлығын айтып бергенде Половцев тек ғана мырс етип күлип қойды:

- Айтатуғын жери жоқ, сизлер сырды жақсы сақлайды екенсизлер... Не қыламыз, усыны күтиў ҳәм керек еди. Демек, сениң анаң бизлерди сатқан екен дағы, Лукич? Сениңше қалай, енди не ислеўимиз керек?

- Сизлердиң бизиң үйден кетиўиңиз керек, Александр Анисимович! - деди кескин турде оның қабыл етиўинен өзин жеделлирек тутқан Яков Лукич.

- Қашан?

- Қанша тез болса, сонша жақсы болады. Ойланып отырыўға ўақыт жоқ.

- Оны сенсиз де билемен. Ал қайда кетемиз?

- Билмедим. А қайда жолдас... Кеширерсиз гәпимнен алжасқаным ушын! Мырза Вацлав Августович қайда?

Ол жоқ. Түнде келеди, сен оны ертең бағдың қасында күтип аласаң. Атаманчуков та хутордың шетинде тура ма? Қалған күнлери енди сол жерде боламан да... Мени алып бар!

Олар жасырыныўы менен барып жетти, айрылысар алдында Половцев Яков Лукичке былай деди:

- Қәне, саў бол, Лукич! Сен анаң туўралы ойланып көр, Лукич... Ол бизиң исимиздиң бәрин жоққа шығарыўы мүмкин... Сен бул туўралы ойланып көр». Латьевскийди көрип, мениң қайда екенимди айтарсаң.

Ол Яков Лукичти қушақлап, қуўарған еринлерин оның қырылмаған бетине тийгизди де, алыслап жайдың көптен сыбалмаған дийўалы менен биригип кеткендей болып қарасын жойылтты...

Яков Лукич үйине қайтып келип, уйқыға жатты да, ҳаялын шетке қарай әдеттен тыс каттырақ ысырып:

- Сен бери қара... сен анама енди тамақ бергенди қой... тап суў да берме... ол бәри бир бүгин болмаса ертең өледи. - деди.

Яков Лукич пенен узақ ҳәм қыйын турмыс кеширип киятырған ҳаялы ҳайраны шығып:

- Яша! Лукич! Сен оның перзентисең ғой!- деди.

Әне сонда Яков Лукич сонша ўақыт бирге татыў жасап киятырған жыллардың ишинде тап биринши рет кексе болып қалған ҳаялын керилип күш менен таслап жиберди де, тығылып қырылдаған даўысы менен:

- Өшир үниңди! Ол бизлерди қуртады! Үниңди өшир! Жер аўдарылып кетпекшимисең? - деди.

Яков Лукич зорға дегенде орнынан түргелип, сандыққа илиниўли турған кишкене қулыпты алды да, әсте ақырын жып-жыллы болып турған дәлизге өтип анасы турған жайға қулып урды.

Кемпир аяқтың даўысын еситип қалды. Ол бурыннан-ақ баласын басқан аяғының даўысынан билиўге әдетленген еди... Қалай ол, ҳәттеки узақтан-ақ перзентиниң басқан аяғының даўылынан аңлап қалыўға үйренбесин? Буннан елиў жылдан артығырақ бурын-ол ўақытта ол жас ҳәм сулыў келиншек еди. Үй жумысларынан, қазан-табақтан босанып, қуўанышлы түрде күлимсирип, жүриўди жаңа ғана үйренген еңбеклеген нәрестеси туңғыш перзенти жалғызы, көз қыймыс қундызы Яша жанының қоңсы жайда жалаң аяқ әпил-дәпил исенимсиз үзип-үзип атлаған адымының даўысына қулақ салып туратуғын еди. Соң-соң ол мектептен қайтқан кишкене Яшкасының секирип-секирип, есик алдында аяғын тапылдатып жүрип киятырған даўысын да еситти. Ол ўақытта Яшка хош кеўилли ҳәм ылақтай шаққан бала еди. Ол Яшканың сол жыллары жай адым атлап жүргенин ҳеш көрген емес, - ол бәрҳә жуўырып, жуўырғанда да әйтеўир емес, тап ылақ қусап секелек-секелек етип жуўырып жүретуғын еди... Басқалардағыдай-ақ ушы-қыйыры жоқ қайғыларға бай, аз ғана келип кететуғын қуўанышларға жарлы өмир өте берди. Енди мине ол жасы барып қалган ана - өзиниң иштей мақтаныш ететуғын ул, тулғасы келискен жигит Яшаның сырғанап баратырғандай жеңил аяқ басқаның наразылық пенен түнлерде қулақ салатуғын болды. Ол қыдырыспадан кеш қайтқанда шарықлары полға тиймей баратырғандай сезилетуғын еди. Оның жаслық қәдеми сондай жеңил ҳәм тез еди. Баласы үлкейди, үйленди, ана буны сезбей де қалды. Оның жүрисинде бир ғоддаслы исенимлилик пайда болды. Мине хожалық ийеси, әдеўирге келген еркектин, дерлик ғаррының аяқ басқан даўысы бираз ўақыттан бери қулаққа келип тур, бирақ ана ушын ол қәдимги Яшенька, ана оны кишкене ғана ақшыл сары шашлы, шаққан бала сыпатында тез-тез түсинде көрип турады...

Мине ҳәзир ол баласының аяғының даўысын еситип уяңырақтан келген кемпир даўыс пенен:

- Яша, сенбисең? - деп сорады.

Баласы буған жуўап бермеди. Ол қапының қасында азырақ турды да негедур адымын шаққан-шаққан басып шарбаққа қарай шығып кетти. Қалғып отырып кемпир былайынша ойға кетти: «қудайға шүкир, жақсы казак, қайырхом хожалық ийесин туўдым, камалға келтирдим! Ҳәмме жым-жырт уйқылап атыр, ал ол қораға кетти, хожалық руўзыгершилиги менен жүр». Оның реңи қашқан жүзинде, қуўраған еринлеринде мақтанышлы航 аналық күлки күлим тартты.

Мине усы түннен баслап үйде аўқал жақсы болған жоқ...

Дәрманы кеткен бийшара әзиз кемпир солай да жасай берди; ол ең болмаса бир тислем нан, бир жутым суў бер деп жалынды, ал Яков Лукич болса дәлизден билдирмей өтип баратырып оның ҳалдан кеткен, дерлик билинер - билинбес: - Яша жаным! Перзентим! Гүнәм не? Ең болмаса суў берсеңиз ғой! деген сыбырлысын еситетуғын еди.

...Усы үйде турыўшылардың барлығы да бул keң жайға кириўден қашатуғын болды. Семен ҳаялы менен күндиз де, түнде шарбақта күн кеширди, ал Яков Лукичтин ҳаялы болса, егер хожалыққа керек нәрсеси мәжбур етип уйге кире ғойса еңкилдеп жылап шығады. Бирақ екинши күни кеште кешки аўқат үстинде отырғанда Яков Лукич суў серпкендей болып, көп ўақыт өткергеннен кейин барып: «Ҳәзирше мына жазғы асханада бола турайық», - деген еди? Семенның пүткил денеси силкинип, пәт пенен столдан ушып турды да, майданға шығып кетти...

...Төртинши күнге қарай үй тыныш бола баслады. Яков Лукич қалтыраған бармақлары менен қулыпты ашып бир ўақлары анасы жасаған өжиреге қатыны менен бирге кирди. Олар ишке кирсе кемпир есикке жақын полдың үстинде жатыр екен, печьтиң қуўысында қыста умытып қалып қойған тери қолғапты ол қызыл ийеги менен шайнап таслапты... Көриниўине қарағанда, ол суўды айнаның текшесине терезениң арасындағы жарықтан өтип, туўры тамып турған, дерлик көз бенен көриўге, қулақ пенен еситиўге болмайтуғын майда жаўыннан әмеллесе керек. Мүмкин бул думанлы жазда шық та тускен шығар...

Марҳум кемпирдиң қурдаслары оның тырысқан, жыйрық-жыйрық денесин жуўды, дуўа қылды, жыласты, солайда жерлеў ўақтында Яков Лукичтен бетер сонша ашынып,

тоқтамастан жылаған ҳеш ким болған жоқ. Ҳәм ашыныў, ҳәм өкиниш ҳәм өлимниң аўырманлығы -барлығы жыйналып усы бугин оны қорқынышлы қара зил болып басты...

## III БАП

Физикалық мийнетти көксеў Давыдовтың жүдә тынышын кетирди. Оның дениниң саўлығы менен күшли денеси жумыс бер деп тилеп туратуғын еди. Усындай жумыстан кейин кешке қарай оның барлық етлери аўыр ҳәм татлы шаршаўдан сырқырап, түнге қарай даўайысы болып тускен дем алыспа менен бирге түслерсиз жеңил татлы уйқы дәрриў келип те қалар еди.

Бир күни Давыдов ортаға алынған лобогрейкалардың ремонты қалай болып атырғанлығын тексерип көриў ушын устаханаға кирди. Қыздырылған темир менен жанған көмирдиң ашшы ийиси, тәстиң ызыңлы жыңылдысы менен гөне кориктин шуўылдап налыған гүўилдиси оның денесин титиретти. Ол бала ўақтынан бери бойына сиңип қалған таныс ийисти пайызлана жутып рәҳәтленип көзин жумып, зорға жақты түсип турған қараңғы устаханада үндеместен бираз ўақыт турды ла, соңынан шыдап тура алмай шөккишти қолына алыў менен болды... Еки күн удайына ол таңның атыўы менен күнниң батыўына устаханадан шықпастан жумыс иследи. Оған үй ийеси ҳаял аўқатын әкелип берип турды. Бирақ қайта-қайта адамның қолын ирке берсе, қысқыштағы темирин көгис тартып суўып қалып, ески уста Сидорович тоңқылдай берсе, желпигиш бала Давыдовтың дыққатлылықтан толған қолының қәлемди жерге түсирип алып, ис қағазына ҳақыйқат ҳәриплердиң орнына қандай да бир оңатайсыз, ийреңлеген қыйсық-қыйсық бир нәрселерди салғанына қарап ашықтан-ашық күлип турса-нәлет жаўсын, соннан жумыс болама!

Давыдов бундай ис жағдайларына қолын бир силтеп, Сидоровичке кедирги болмаў ушын белгили боцманлар қусап ишинен сөгинип устаханадан шығып кетти, түнерип, қәҳәри келиўи менен колхоз кеңсесине барып отырып алды.

Көбинесе ол өз ўақытын күнделикли, бирақ зәрүрий хожалық мәселелерин шешиўге жумсады: есапшылар тәрепинен дүзилген отчетлар менен есапсыз мағлыўматларды қарап шығыўға, бригадирлердиң докладларын тыңлаўға, колхозшылардан түскен түрли-түрли арзаларды қараўға, өндирис жыйналысларын өткериўге, - кулласы үлкен коллективлик хожалықтын турмысында ушырасатуғын барлық нәрселерге жумсады, бирақ олар Давыдовты онша қанаатландырмайтуғын еди.

Ол түнде жаман уйықлайтуғын болды, азанда бәрҳә басы аўырып оянады, аўқатгы гез келген жерден әйтеўир ишип жүрди, ал бурын өмирде болып көрмеген, түсиниксиз бир бойын тартқан аўырлық кешке шекем сезиледи де турады. Давыдов азырақ өзгерейин деди, оны өзи сезбей де қалды, минезинде бурынлары ҳеш қандай ушыраспаған ашыўшақлық пайда болды. Гремячий Логке келгеннен кейинги дәслепки күнлерде ол сырттан қарағанда бундай егеде, қорениш көринбейтуғын еди. Оның үстине тағы мына Лушка Нагульнова ҳәм ол ҳаққында барлық ўақытта ойланып журиў, тағы да басқа ҳәр түрли ойлар. Барлығының келисип турғанын қарасаңа!

Бир күни Размётнов Давыдовтың солғын тартқан жүзине жылмыйған көзлери менен қарап былай деди:

- Күн-күннен азып баратырсаң ғой, Сема? Сен түрине қарағанда қыстан жүдеп шыққан ғарры егиз сықыллысаң. Көп узамай жүрип баратырып жата кететуғын түриң бар, қандай да бир түлегендей ғожалағың шығып баратыр... я түлеп атырсаң ба? Сен оннан да бизиң қызларға, әсиресе - байынан айрылған қатынларға азырақ көз таста. Өйткени сениң ден саўлығың ушын ол оғада зәлел...

- Мәниссиз кеңесинди басыңа жақ, барсаңа!

- Сениң ашыўың келмесин. Ҳаў мен саған жақсы көргенлигимнен кеңес берип атырман ғой.

- Сен удайы ҳәр қыйлы келиспейтуғын нәрселерди ойлап шығарасаң, факт!

Давыдов әсте-әсте, бирақ тутас қызарып сала берди, Қысынғанын баса алмай, басқа бир нәрселер туўралы келиспесе де айта салды. Бирақ Размётнов тоқтай қоймады:

- Саған булай етип қызарыўды заводта үйретти ме, я флот үйретти ме? Тек ғана бетиң емес желкене дейин қызарып кетти ғой, мүмкин сениң барлық жериң қызыратуғын шығар! Шеш көйлегиңди, көрейин!

Давыдовтың ғазаплы көзлеринде ашыў ушқынларын аңлаған Размётнов гәпти бирден бурып жиберди де, кеўилсизленген түрде еснеп, пишен орыў туўралы гәп баслады, жортаға уйқысы келип турғанға усап жабылайын деп турған қабақларнығ астынан Давыдовқа қарады, бирақ ерининдеги ҳийлекер күлкини ақшыл тартқан сақалының астына жасыра алмады ма, я өзи жасырғысы келмеди ме-билинип турды.

Размётнов Давыдов пенен Лушка арасындағы қатнасықты сезди ме, я болмаса биле ме екен? Сирә билетуғын шығар. Аўа түсиникли, билетуғын билетуғын болса керек. Уятсыз Лушка жасырмақ түўе, ҳәмме көрсин деп жорта ислеп жүргенде бул қатнасты қалай қыпса сақлаўға болады. Сол нәрсени марапат билетуғын Лушкаға мына жағдай да тәсир етсе керек: партячейка секретарының кеше ғана жолыңа түс деп жиберген ҳаялы бүгин әпиўайы бир колхозшы менен емес, ал колхоз баслығының өзи менен танысып отыр, сонлықтан оған сен арман тур демейди.

Бир нешше рет ол Давыдов пенен колхоздың кеңсесинен бирге шықты, хутор дәстүрлерине қарсы келетуғынына қарамай, оның шығанағына шығанағын өткерип, ҳәттеки ийинин әсте ғана оған сүйеп, қатып жүретуғын еди. Давыдов Макар көрип қояр деп қәўетерленип дегерегине қарай беретуғын, бирақ қолын тартып алмайтуғын, Лушканың адымына адым қосып, тусаўылы аттай гибиртиклеп адым ататуғын, жер қанша тегис болса да, не ушын екени белгисиз тез-тез сүринип кете беретуғын еди... Ашықлардың жаўыз бийти болған хутордың қырсық балалары олардың кейнинен жуўырып, ҳәр түрли етип денелерин қыйсайтып жинишке даўыс пенен:

Калыңлығы, күйеўи
Ашыған қамыр-екеўи, -

деп шуўылдасатуғын еди. Олар өзлериниң мәниссиз бәйтлерин айтып, изин үзбей намаға салып, қутырысып өкпелететуғын еди. Еле тери басылмаған Давыдов балаларға, Лушкаға ҳәм өзиниң кеўилшектигине иштей күйинип, Лушка менен еки квартал өтемен дегенше «ашыған қамыр» қатты ашыған қамырға, майлы қамырға, мазалы қамырға, т. б. айналып шығатуғын еди. Ақырында Давыдов шыдап болды: ол беккем жабысқан Лушканың қара пери бармақларын әсте ғана жаздырып: «кеширерсең, ўақтым жоқ, тезирек бармасам болмайды: деп, адымын кең-кең етип атлаўы менен озып кетип қалатуғын еди. Бирақ тынымсыз балалардың шық-шығынан қутылыў аңсат емес. Олар еки топарға бөлинип, биреўи Лушканың тынышын алыў ушын, ал екинши топары қасарысыўы менен Давыдовты узатып кететуғын еди. Бул қуўдалаўдан қутылыўдың жалғыз ғана жолы бар еди: Давыдов жақын жердеги қораға барып, шыбық сындырып алып атырғандай болып тура бериўден, дәрриў балалар тым-тырақай жоқ болып кетеди. Әне сонда ғана колхоз баслығы кеше менен сол дөгеректиң ҳақыйқат ийеси болып қалатуғын еди.

Жақында көзге түртсе көргисиз қараңғы түн ишинде Давыдов пенен Лушка хутордың артындағы далада хутордан алыста жайласқан жел дигирманының қараўылына туўры ушырасып қалды Кексе қараўыл Вершинин тышқанның тастап кеткен ининен шыққан төбешиктиң тубинде камзолын жамылып жатқан еди. Үстине қарай туўры жүрип киятырған адамды көрди де ол бирден орнынан ушып турып әскерше:

- Тоқта! Ким киятырған? - деп қатал түрде даўыслады. Сөйтти де ол гөне, оқлаўсыз мылтығын қолына алып тутып турды.

- Өз адамларыңнан. Бул мен, Вершинин, - деп Давыдов немкурайды даўыс берди.

Ол кейинине Лушканы ертип бирден артына қайтып еди, бирақ Вершинин олардың кейнинен жетип жалбырақлап:

- Жолдас Давыдов, ҳеш болмаса сизден бир орағандай темеки табылмас па екен? Қурысы тутып пүтинлей аўмам шығып тур.

Лушка бетин де жасырмады, тайсалып та турмады, жүзин орамалы менен жапқан да жоқ. Давыдовтың асығып қалтасынан темеки алып атырғанына жай-парахат қарап турды да, тап сондай жайлық пенен:

- Жүр кеттик, Сёма. Ал сен, Николай аға, ышқы дәртинде шөл гезгенлерге емес, ал урыларға берик бол. Түнде тек жаўыз адамлар ғана гезип жүрмейди... - деди.

Николай аға болса қысқа ғана даўысын шығарып күлди де, әдепсизлик пенен Лушканың ийнинен қағып:

- Аўа, шырағым Лушка... Түнги ис: биреў-ышқы дәртинде жүреди, биреў - урлық қылыды. Мениң дәртим қараўылшылық. Өткен - кеткенди сорастырыў, жел дигирманды қорыў, себеби онда тезек емес, ал колхоз ғәллеси жатыр. Темекиң ушын рахмет. Жолыңыз болсын! Мақсетиңизге жетиң...

- Сен қайдан гәпке араласып жүрсең? Тайсалып турғанда бәлким сениң ким екениңди билмес еди, - деди Давыдов ашыўы бетине шығып, олар екеўи қалған ўақытта.

- Барлық ғарры ақмақлардан уялып жүретуғын мен он алты жасар емеспен, қыз да емеспен, - деп жуўап берди оған Лушка салқын түрде.

- Солай болса да...

- Не солай болса да?

- Саған буның бәрин көрсетип ислей бериўдиң неге кереги бар?

- Не бопты? Ол бир мениң туўған әкем ямаса қайын атам ба?

- Мен саған түсинбедим...

- Сен өзиңди зорла да түсинип ал.

Давыдов қараңғыда көрмеди, солай да даўысынан оның күлип турғанын абайлады. Өзиниң нашарлық абыройына үстиртин қарап, әдеплиликти толық аяққа басқанына ашыўы келген Давыдов түтини шығып:

- Ҳаў, ақмақ-аў, сен түсин, мен сениң абыройыңды ойлап атырман ғой! - деди.

Бурынғыдан да бетер Лушка:

- Жаныңды қыйнамай-ақ қой. Мен өзим-ақ илажын көремен. Сен өзиңниң абыройыңды ойла, - деп жуўап берди.

- Мен өзимниң абыройымды ойлап отырман.

Лушка гилт тоқтады да Давыдовқа тақалып алды. Оның даўысынан табалаған қуўаныш сезими еситилип турды:

- Жаным-аў, дәслептен-ақ соны айтпайсаң-аў! Сен тек өзиңди ғана ойлайсаң, сени түн ишинде қатын менен бирге далада жүргенинди көрип қойғанға ашыўың келеди. Николай ағаға түнде сен ким менен шатасып жүрсең де бәри бир.

- «Шатасып жүрсең деў» не? - деп қәҳәрленди Давыдов.

- Оннан басқа не? Николай аға жасарын жасаған адам, сен бул жерге мениң менен ежевика териўге келмегенинди ол биледи. Гремячийдеги жақсы адамларға, ҳадал колхозшыларға сөз болатуғын болдым деп қорқасаң. Солай емес пе? Мен сениң есиңе кирип те шықпайман! Мен болмасам бәри бир тағы биреў менен хутордың сыртқа шығып қолтықласар едиң. Гүнәлы истиң басына барғың келеди, тасада, саяда қалғың келеди, бул ислеринди биреў болмаса биреўдиң билгенин қәлемейсең. Сениң қандай қоңызақ екенинди түсиндим. Бул болмайды, айналайыным, удайы жасырынып жан сақлай алмайсаң. Гәпине қара. Сени матрос дейди-аў! Бул қалай? Мен қорықпағанда сен қорқасаң ба? Демек, мен еркек, ал сен қатын екенсең дә, солайма?

Лушка ашыўланғаннан гөре ҳәзилге мейилирек, солай да сүйиклисиниң мына қылған исине ызасы келгенлиги барлық ҳәрекетинен билинип турды. Азырақ үндемей турды да, оған жек көрген түр менен қыялап қарап, үстиндеги қара сәтиннен тигилген юбкасын дәрриў сыпырып таслады, буйрықлы түрде:

- Шешин! - деп жекиринди.

- Сен ақылыңнан адастың ба? Бул не?

- Сен мениң юбкамды кийесең, ал мен-сениң шалбарынды. Дурысы әне усы болады! Бул дүньяда ким өзин қалай тутса, соған минәсип кийиўи керек. Қәне, бол!

Давыдов Лушканың гәпине, оның кийим аўмасыў усынысына ашыўы келсе де, күлип жиберди. Ашыўын күш пенен басып, әсте ғана даўыс пенен:

- Өжетликти қойса, Луша! Кийин, кетейик, - деди.

Лушка кеўилсизлик пенен зорға орнынан қозғалып юбкасын кийди, шаршысының астынан шығып турған шашларын жөнледи ҳәм күтилмеген терең қайғылы даўыс пенен қәпелимде:

- Сениң менен жүриў маған кеўилсиз, аўма матрос! - деди.

Әне усыдан кейин олардың ҳеш қайсысы тап хуторға жеткенше ың деп аўзын ашқан жоқ. Тар көшеде де дым үндеместен бир-бири менен хошласты. Давыдов сыпайылық пенен ийилди, Лушка оған зорға билинер-билинбес бас ийзеди де, ғарры кленның ағашының қойыў саясына сиңип кеткендей есикке кирип көзден ғайып болды...

Олар бир неше күнге шекем бир-бирин көрмеди, соннан кейин барып бир күни азанда Лушка колхоз кеңсесине келип, дәлизде ең соңғы арза етип келген адам кеткенше күтип отырды. Давыдов өз өжиресиниң есигин жаппақшы болып еди, Лушканы көрип қалды. Ол еркеклерше аяқларын алшайтып, дөңгелек дизелери юбкасын тыртыстырып, шимишке шағыўы менен жай парахат мыйық тартып күлип отыр еди.

- Шимишке шағасаң ба, баслық? - деп сорады ол күлкили даўыс пенен. Оның жип-жиңишке болған кирпиклери қыймыл-қыймыл етип, көзлери қуўлық пенен күлип тур еди.

- Сен отаққа неге бармадың?

- Ҳәзир бараман, көрип турсаң ба - жумыс кийимимди кийип турман ғой. Саған айта қояйын деп келип едим... Бүгин қараңғы түсиўден жайлаўға кел. Сени Леоновлардың қырманының тубинде күтемен. Қай жерде екенин билесең бе?

- Билемен.

- Келесең бе?

Давыдов дым үндеместен бас ийзеди де, есикти қатты етип жапты.

Ол қолларын еки шекесине тиреп, айнаға қарап бир ноқатқа көзин тигип, столда узақ ўақыт аўыр ойға шүмип отырды. Ойға шүмдиретуғын нәрселер де бар еди!

Биринши аразласыўдан бурынның өзинде Лушка қараңғы түскеннен кейин Давыдовтың квартирасына еки рет келген еди. Азырақ отырғаннан кейин ол қатты даўыс пенен:

- Мени апарып сал, Сема! Дала қап-қараңғы, бир өзим кетиўге қорқаман. Өлгенше қорқаман. Мен бала ўақтымнан бери қорқақпан, бала ўақыттан бери қараңғылық жанымды алған…

Давыдов бетин бүристирип-тырыстырып, көзи менен тахтадан исленген дийўалды көрсетти, дийўалдың арғы жағында үй ийеси диншил ғарры кемпир күйип-писип, пышықтай тыпыршылап зәҳәрин шашып, қазан-табақты тасырлатып, ери менен Давыдовқа кешки аўқаты ушын бир нәрсе таярлап атыр еди. Лушканың тырс еткенди сезип қалатуғын қулағы кемпирдиң мынай деп атырған ашшы гүбирлисин анық еситти:

- Қорқаман деп отырған сол ма? Қатын емес, шайтан ол! Ол дуньяда да, қараңғыда қармалақлап шайтанның жигитине баратуғын жолды өзи таўып алады, оның сөз салыўын күтип отырмайды. Мениң гүнәмды, қудайым, өзиң кешире гөр! Бул қатын қорқақ-мыш! Қараңғыдан жүрегиң жарылса керек сен шайтанның!

Лушка оған берилген усынша жағымсыз минезлемени еситип тек мырс етип күлди де қойды. Ол әлленеткен бир диншил кемпирдиң гәпи тесир етип қунты қашатуғын ондай қатын емес! Ол бул қусаған аўзы тынбайтуғын еки жүзли ҳәм жалмаўыз кемпирди не қылсын! Өзиниң байлы болған қысқа ғана дәўириниң ишинде ер жүрек Лушка буннан да зорырақ бәлелерге дуўшарласты, гремячийли қатынларға буннан да зорырақ шайқасларда дәдимал айтты. Ол кемпирдиң есиктиң артында әсте гүбирленип, оны жолдан шыққан, бузық деп атырғанын ап-анық еситип турды. Ой қудайым-ай, ҳаў ол бундай бурынғыларға қарағанда жан сөзлерди еситип жүргени жаңа ма, өзлеринин соқыр садалығына салып,

күйеўлеримизди тек өзлеримиз ғана сүйиўимиз керек деп жүрген қатынлардың жулынына тийип, олар тебелеске кирисип ең жақсы сөзлер менен оған алып топылған соқлығыспаларда да Лушканын өзи оннан да көбирегин айтып қалатуғын еди. Барлық ўақытта Лушка өзин қорғап қалып, қарсыласқан қатынларға тийисли сазайын беретуғын еди. Жоқ, ол ҳеш ўақытта, қандай жағдай болса да сирә албырамас, урысқан адамының шымбайына бататуғын сөз таба алмай қалмас, қулласы, хуторда Лушканың басынан орамалын жулып алып, шермедесин шығара алатуғын қызғаныш қатын еле жоқ еди… Солай да «Лушка ҳеш кашан сөзин алып қалмайды» деген өз өмириндеги бирден-бир қағыйданы басшылыққа алып, басқа ҳеш нәрсе емес, тек тәртип ушын кемпирди үйретип қойыўға уйғарды.

Екинши рет келгенинде Давыдовты алдына түсирип жиберип, өзи үй ийеси туратуғын алдынғы өжиреде азырақ иркилди де, Давыдов дәлизге шығып, кейин есик алдындағы шыйқылдаўық текшеден жуўырып түскен ўақытта, ҳақыйқат гүнәсиз түр менен бурылып кемпирге қарады. Лушка ойлаған жеринен шықты. Картайған Филимониха онысыз да суўласқан еринин еплеп-сеплеп тағы бир жалап алып демин алмастан:

- Сен нағыз уятсыз екенсең. Лукерья, мен өмирим туўып сендейди көрген жоқпан, - деп гүнкилдеди.

Лушка уллы әдеплилик пенен көзин жерге тигип, өкинип ойға шумген адам қусап өжирениң ортасында гилт тоқтады. Оның кирпиклери узыннан келген, қап-қара, тап пардоз берилгендей еди. Ол төмен қараған ўақытта кирпиклериниң қойыў саясы қуўарған шекелерине түсип турды.

Бул жорта исленген әдеплилик пенен алданған Филимониха енди пәсине қайтып қарап сыбырлады:

- Өзиң-ақ ойлап көр, қатын, усының нырыққа сыя ма? Ажырасқан болсаң да ериң бар, қатынсыз сыя бойдақ еркектиң жайына, оннан қалса қараңғыда келип жүрсең? Журтқа қайсы бетиң менен қарайсаң, а? Есиңди жый, қудай ушын уяласаңо!

Кемпир қусап әстен ҳәм мүнәйим түрде Лушка:

- Қудайтала, ҳәммемиздиң пәрўардигарымыз, панамыз…, - деп баслады. Тап соны айтқаны, бир нәрсени күткендей болып сөйлеместен қалды. Азырақ турғаннан кейин барып қараңғыда қәҳәрли түрде жылтыраған көзлерин жерден алды.

Диншил кемпир қуданың атын тилге алыўдан басын төмен ийип шаққан-шаққан шоқына баслады. Әне соннан соң барып Лушка еркеклерше жуўан ҳәм қатал даўыс пенен гәпин салдамлы түрде тамамлады:

- Қудайтала адамларға пайына қарай намыс үлестиргенде мен үйде жоқ едим, сейилге шығып кетип едим, жигитлер менен сүйисип-сыйпасып қыдырыса қурып жур едим. Әне сөйтип бөлистиргенде сол намыстан маған бир түйир де тиймей қалған. Түсиндиң бе? Неге аўзың аңқайып қалды, жаба алмайсаң ба? Ал енди мениң саған тапсырмам: сениң жайыңда туратуғын жигит мениң менен маўқын басып үйге қайтып келгенше сен биз гүнәкарлардың ҳаққына дуўа оқып отыра бер, ғарры байтал!

Лушка ҳайраны шығып, ал-сал болып, ақырында басын көтере алмай қалған кемпирди ҳәттеки жек көрген бир нәзерине де турғыза алмай қайқайып алып үйден шықты. Есик алдында оны күтип турған Давыдов кеўил баққан түрде:

- Не туўралы сөйлестиңиз, Луша? – деп сорады.

- Көбирек диний нәрселер туўралы, - деп әсте-ақырын ғана күлип жуўап берди Лушка Давыдовқа тығылыңқырап. Жағымсыз әңгимеден ойынға салып қутылыў әдисин ол бурынғы күйеўинен үйренген еди.

- Қойса, мен ырас сорап отырман: ал кемпир ол жерде не деп сыбырланып жүр? Сениң кеўлине тийген жоқ па?

- Мениң кеўлиме тийетуғын оның ҳеш қандай ҳалы жоқ, ол оның қолынан келмейди де. Иши күйип шағып алып атыр, сени меннен қызғанып жүр, бужыр-жаным! – деп тағы күлкиге алды Лушка.

- Ол бизлерден гүмәнланып жур, факт! – Давыдов қатты қыйналған түрде басын

шайқады. – Сениң бул жерге келмеуиң керек еди, гәп сонда болып тур!

- Кемпирден қорықтың ба?

- Не ушын?

- Ҳаў сен сондай жүрек жутқан жигит болсаң онда бул туўралы гәп етиўдиң де кереги жоқ!

Өз дегенинен қайтпайтуғын Лушкаға бир нәрсени уқтырыў қыйын еди. Ал қәпелимде бирден пайда болған үлкен сезимнен көзи шақмақтан қамасқандай болып сасып қалған Давыдов болса өзи түскен бул қолайсыз аўҳалдан бүйтип жүре бергенше тезирек қутылыў ушын Макар менен сөйлесип, Лушкаға үйлениў туўрасында бир неше рет ҳақыйқат ойланып көрген еди. Әне солай етип пайда болыўы мүмкин болған ҳәр қыйлы сыпсың-сыпсың әңгимелер менен ғыйбатларды тоқтатпақшы болды. «Мен оны тәрбиялап аламан! Мен оны ликенлетип қоймайман, барлық оңбаған қылықларын да қойдыраман. Жәмийетлик жумысқа тартаман, өзинше оқып билим алыўды соранып көремен ямаса соған мәжбүрлеймен. Ол жақсы адам болып шығады, бул турған гәп! Лушка ақыллы ҳаял, ашыўшанлығын қояды, қызбалылығын қойыўға үйретемен! Мен Макар емеспен, Макар екеўинин оты өре алыспайтуғын еди, мениң минезим ондай емес, мен оның менен басқаша қатнас жасайман» - өзи менен Лушканың мүмкиншиликлерине усылай артықмаш ашық баҳа берип Давыдов өзине исенген түрде ойлап қойды.

Леоновлардың қырманының қасында ушырасыўға келискен күни Давыдов тап түстен баслап-ақ саатына қараў менен болды. Келисилген ушырасыўдан бир саат бурын есик алдында тып-тып етип жүрип киятырған Лушканың аяғының даўысын танып қалды. Дәслеп ҳайраны шығып турды да, кейин оған қатты қәҳәри келди.

Көп узамай:

- Жолдас Давыдов жайында ма? – деп сораған оның қаттырақ даўысы еситилди.

Я кемпир болып, я сол ўақытта үйинде отырған ғаррысы болып ҳеш қайсысы ҳеш нәрсе деп жуўап бермеди. Давыдов кепкасын қолына қыса сала есик бетке қарай умтыла берип еди, күле шырай берип киятырған Лушка менен бетпе-бет қарсы келип қалды. Лушка бир шеткей шығып турды. Олар үндемеўи менен есик алдына шықты.

- Маған бул ойынлар жақпайды! – деди Давыдов қатаң түрде, ҳәттеки ол ашыў кернеп мушын түйди.

- Сен бул жерге неге келдиң? Биз қайсы жерде ушырасыўды ўәделескен едик? Қәне айт, жин урып кеткен болмасаң!…

- Сен маған неге буўлығасаң? Не, мен сениң қатының я арбакешиңмен бе? - деди асып-сасыўды билмеген Лушка.

- Қойсаңа! Мен буўлығып отырғаным жоқ, сорап отырман.

Лушка ийнин қысып қойды да, менсинбегендей әстелик пенен былай деди:

- Ҳаў, бақырмай сөйлесең, онда басқа гәп. Мен болсам сағынып ертерек келип отырман. Сен буған қуўанып, кеўлиң питип турған болыўың керек?

- «Кеўли питиў» деген не өзи! Ҳаў кемпир енди пүткил хуторға жайып шығатуғын болды ғой. Баяғы сапар сен оған не жаман сөз айтып един, соннан бери бетиме қарамай, қақ-қақ етип, қәдимги шорпаның орнына қандай да бир енди бәлелерди беретуғын болды ғой? Диний нәрселер туўралы сейлестик деп пе един? Сен туўралы бир сөз айтыўдан лық-лық атып, суўға кеткен адамдай оны көгертип сала беретуғын жүдә жақсы диний әңгимелер екен дә онда! Бул факт! Мен саған айтып отырман!

Лушка жас қызлардай етип үсти-үстине ишек-силеси қатып күлип жибергенде Давыдовтың ериксиз түрде кеўли жай болып қала берди. Бул рет оның улыўма кеўил көтериўге мейли жоқ еди, Лушка күлип турған ҳәм жас аққан көзлерин тигип:

- Лық-лық атып көгерип кетеди дедиң бе? Ол диншил албаслыға сол керек еди. Биреўдиң исине тумсығын тықпасын. Мениң басқан изимди аңлып жүриўге кепил болғандай көрмейсиз бе оны! – деп еди, Давыдов суўық түрде оның гәпин белди:

- Ол бизлер туўралы хуторға жайып шықса да, саған бәри бир ме?

- Бул истиң оның ден саўлығына зыяны болмаса болды дә, - деп үстиртин жуўап берди

Лушка.

- Саған бәри бир болған менен маған ҳеш қандай бәри бир емес, факт? Ақмақлық қылып арадағы қатнасықты журтқа усы көрсеткениң жеткиликли болды! Кәне мен ертең Макар менен сөйлесип көрейин, я үйленейик те, я өз жолымызға түсейик. Маған биреўлер бармағын шошайтып көрсетип: әне Лушканың баслық жорасы киятыр, дегенди еситип жүре алмайман. Сен өзиңниң бул жаман қылықларың менен мениң абыройымды биротала айрандай төгип боласаң. Түсинип турсаң ба?

Лушка қып-қызыл болып қызарып, Давыдовты күш пенен ийтерип жиберди де, тисиниң арасы менен былай деди:

- Күйеў боладымыш. Сен қусаған аўзынан суўы аққан қорқақ мениң қайсы жаныма дәри? Мен саған тийейин деп жүргеним жоқ. Ҳелекленбе! Сен хутордан бирге өтиўге уяласаң. Сөйтип жүрип «Қәне үйленейик» дейсең! Сениң қорықпайтуғын нәрсең жоқ. Бәринен сезикленесең. Еси жарым адам қусап баланы көрсең де жаның қалмайды. Бар абыройынды қолтықлап өриске, Леоновлардың қырманының артына қарай жоқ бола бер, жалғыз өзиң бар да, узынында түсип жат, бахытсыз! Мен сени адам усаған адам шығар деп жүрсем, сен мениң Макаркама қусаған болып шықтың: оның ойында жалғыз ғана дүнья жүзилик революция, ал сениң ойлағаның - абыройың. Сизлер менен қандай қатын болса да қапалықтан иши писип өлип кетеди!

Азмаз иркилиңкиреп турды да, Лушка тынышсыз, тынышсызланғанлықтан күтпеген жерден қалтыраған мунәйым даўыс пенен.

- Хош бол, Сёмажаным! – деди.

Бир неше секунд бойына ол бет алып кете алмай турды да, кейин шаққан артына айналып, тар көше бойлап тез-тез жүрип кетти.

- Луша! – деп даўысы шықпай буўлығып шақырды Давыдов.

Көшениң бурылған жеринде Лушканың ақ қосынкасы жалт етип көринди де, қараңғылыққа кирип жоқ болып кетти. Давыдов қандай да бир нәрседен қараўытқан бетин қолы менен сыйпап қозғалмай турды да, албыраған түрде күлимсиреп, ойға кетти: «үйленейин деп усыныс етиўге тапқан пайытымды қара! Пай үйлендиң аў, еси кеткен, факт!»

* * *

Бул кишкене сөз алысыў ешейин болып шықпады. Анығынан келгенде, бул кишкене сөз алысыў емес, ҳәттеки жәнжел де емес, ал қатнастың үзилгенине усаған бир нәрсе еди. Лушка Давыдовқа ушырасып қалыўдан өжетлик пенен бас тартып жүрди, Давыдов көп узамай басқа квартираға көшти, бирақ бул жағдай да, Лушканың хабары болыўына қарамастан, оны Давыдов пенен жарастырып жибериўге ийтермелей алмады.

«Өзи усындай гүрт болса, қарасы батсын соның!» деп ашыўлы ойланды сүйиклйсин бир жерде жеке ушыратыўдан биротала үмитин үзген Давыдов. Бир нәрсе оның жүрегин ашытып тырнағандай болды, ол көкиректи болса тап октябрьдиң жамғырлы күниндей гүңгирт тартып кеўилсизлик қаплады. Көрмейсиз бе, қысқа ўақыт ишинде Лушка Давыдовтың муҳаббат сынаўларында шынықпаған ҳадал жүрегине баратуғын туўры жолды таўып алғанлығы көринип тур.

Дурыс, бул айра түсиўдиң жақсы тәреплери де бар. Биринщиден, онда Макар Нагульновқа барып, араны ашыўды талап ететуғын машақатлы сөйлесиктиң кереги болмас еди, ал екеншиден, соннан баслап ислеген әдепсизлик ислериниң себебинен бираз төгилейин деген күшли абыройына енди ҳеш нәрсе де қәўип туўғыза алмайтуғын болар еди. Бирақ бул жақсы ойлар бийшара Давыдовқа онша жубаныш бола алмады. Бир өзи жекке қалды болды, дәрриў бурын өтип кеткен нәрсеге аңқайып көз жибереди. Лушканың барлық ўақытта қуп-қурғақ болып туратуғын жүрекке жақын қыбырлаған ыссы ләблериниң ийисин, удайы ойнақшып туратуғын өткир көзлерин есине түсирип, қапаланған түрде ойланыў менен мыйықтартып куледи.

Лушана Нагульнованың көзлери оғада әжайып еди! Ол көз астынан қарағанда оның көз қарасында тап нәрестениң нәзик көз қарасына усаған тәсирли бир нәрсе сезилип туратуғын. Әне усы ўақытта оның өзи де ышқы дәртинде көп нәрселерди көрген келиншекке емес, ал ер жетпеген қызға кәбирек усайды. Ал бир минут еткеннен кейин бармақларының ушы менен ғана бәрҳә тап-таза болып жүретуғын синкаланған орамалын дүзеп, басын силкип жиберип жылмыйып қарайды. Әне сонда гүңгирт жылтыраған жағымсыз көзлеринен уятсызлықтын ҳәм жутқанлықтын белгилери ашықтан-ашық кәринеди.

Лушканың бул бирден өзгерип кетиўге уқыплылығы сәтенликтиң усылын толық үйренгеннен келип шыққан емес, ал туўылғаннан өзи солай еди. Қалай да Давыдовқа усылай көринди. Муҳаббатқа берилип кеткенликтен суйиклисиниң бундай айрықша, ҳәттеки ҳәдден тыс көкирек керме ҳәм өзимшил еқенлигин ол абайламайтуғын еди. Давыдов көп нәрселерди көрмейтуғын ҳәм байқамайтуғын еди.

Бир күни ол муҳаббаттың бир толқыны келгенде Лушканың сәл-пәл боялған еринлеринен сүйип отырып былай деди:

- Лушкам, сен тап гүлге усайсаң! Сениң ҳәттеки сепкиллериң де хош ийисли аңқып тур, факт! Билесең бе, оннан нениң ийиси келип турғанын?

- Нениң ийиси? – деп сорады қызыққан Лушка, шығанағына сүйенип басын көтерип.

- Қандай да бир таза, хош, тап шықтың ийисиндей сезилер-сезилмес, бирақ жақсы ийис.

- Менде өзи сондай ийис болыўы керек, - деди Лушка мардыйып, ырасы менен. Давыдов бундай әдепсиз өзине мардыйыўшылыққа бир түрли болып ҳайраны шығып ундемей қалды. Азырақ турғаннан кейин:

- Неге сенде ондай ийис болыўы керек? – деп сорады.

- Себеби мен сулыўман.

- Не, сениңше, барлық сулыўлардан сондай хош ийис шығып турыўы керек пе?

- Ҳәммеси туўралы айталмайман, билмеймен. Мен оларды ийискеп кергеним жоқ. Мениң олар менен жумысым жоқ, өзим туўралы айтып отырман, тентегим. Сепкил барлық сулыўларда бола бермейди ғой, сепкил – ол бәҳәрдиң белгиси, мендеги сепкиллерден байшешектиң ийиси аңқып турыўы керек.

- Сен мақтаншақсаң, факт! – деди өкинишли түрде Давыдов. – Егер билгиң келсе, сениң жүзиңнен байшешектин ийиси емес, ал ақ май қуйылған түрпи менен пияздың ийиси шығып тур.

- Онда неге сен сүйип өлип баратырсаң?

- Мен түрпи менен пиязды жақсы көремен!…

- Сен тап жас баладай анаў-мынаўды айта бересең, Сема, - деди наразылық пенен Лушка.

- Ақыллы адам менен ақылларша… Билдиң бе?

- Ақыллы адам ақмақ пенен де ақыллы, ал ақмақ адам болса, ақыллы адам менен де өмиринше ақмақлығы менен қала береди, - деди Лушка оны қайтарып.

Сонда да олар ешейин нәрседен сөз алысып қалды, бирақ, ол аздан соң-ақ толық жарасып кетиў менен тамамланған өткинши шекинисиў еди. Ҳәзир ис басқаша болып тур. Давыдовқа Лушка менен бастан өткергенлериниң бәри әжайып, бирақ қайтып келмейтуғын баяғыдағы бир нәрседей болып көринди. Ҳәзирги қатнасықлардың ашым-айрығым анықлаў ҳәм жүрегиндегисин айтыў ушын бир жекпе-жек ушырасыўды көксеген Давыдов расы менен-ақ қапа болды. Ол Размётновқа колхоз ислерин де қосып алып бара турыўды тапсырып, өзи азырақ күн козхоздың алыстағы участкаларының биреўиндеги жерди майдағы шүдигарлаў жумысын қолға алған екинши бригадаға барып қайтыўдың ҳәрекетине киристи.

Бул қандай да бир жумыс дерекли пайда болған кетис емес, ал ышқы отының сөниўин қәлеген, соның менен бирге оннан қорыққан адамның шерменделик пенен қашыўы еди. Давыдов ўақтын-ўақтын өзине сыртлай қарап көргендей буған жүдә жақсы түсинди, бирақ

биротала шегине жеткен еди, сонлықтан ол хутордан жөнеп кете қояйын деген дурыс ақыл деп тапты. Өйткени ол жерде Лушканы көрмеўи мүмкин. Солай етип, бир неше күн тынышырақ жасарман деп үмитленди.

## IV БАП

Июньниң басларында жазда сийрек ушырайтуғын гүздегидей гүлдирмамасыз, самалсыз жуўас жамғырлар тез-тез жаўып турды. Азанғы ўақытлары алыстағы төбеликлердиң артынан күл реңли көгис булт ысырылып шығатуғын еди. Ол үлкейип, жайылып барып аспанның жартысын қаплап алады, оның астындағы қапа ушлары айбат шегип ағарып көринеди, - ал оннан кейин ол сондай төменлейди, кеседей ашық төменги толқынлы пәттелери даладағы төбеликте жайласқан жел дигирманның төбесине барып илинетуғын еди. Әлле қайда бир жоқарыда еситилер-еситилмес даўыс пенен кеўилли түрде көк гүркиреп, рәҳәт жамғыр жаўады.

Жаңа саўылған суттей жып-жыллы жамғыр тамшылары думанлы жым-жыртлық басқан жерге тигине түсип, суўы қурымаған, көбиклескен шуқырлықларда ақ көбик болып көтериледи; жаздағы бул сийрек жамғыр сондай әсте ҳәм жуўас болғанлықтан ҳәттеки гүллер де басларын иймейди, шарбақларда жүрген таўықлар да оннан қашып тығылатуғын жер излемейди. Олар сарайлардың, ләм ҳәм қараўытып кеткен шетенлердиң қасында еки ийнине от түсип дән излеп жер тинтип жүр, үсти суў, өзиниң уллы келбетлеринен айырылып, азырақ сүмпийген қоразлар жамғырға қарамай, қосылып ҳәм биринен соң бири даўысын созып шақырады. Олардың шыңғырған даўыслары шуқырлықларда биймәлел шомылып атырған шымшықлардың шырқылдысы ҳәм жамғыр менен шанның ийиси бурқырап, мунәйымлы түрде өзине тартқан жерге пәт пенен ушып келип өзин урып атырғандай көринген ғарлығашлардың жуғырлысы менен қосылып кетеди.

Гремячий Логтағы барлық қоразлардың даўысы ҳайран қалғандай ҳәр түрли еди. Түн ортасынан баслап шақырыўды ҳәммесинен бурын оянатуғын Любишкинлердиң қоразы баслайтуғын еди. Ол жумысты питириўге тырысатуғын жас рота командирине қусап кеўилли ҳәм жаңғырған тенор менен бақырады; оған салдамлы полковниклик баритон менен Агафон Дубцовтың шарбағындағы қораз даўыс береди. Кейин бес минут даўамында хутор үстинде туўесилмейтуғын жалпы қыйқыў көтериледи. Әне соннан кейин барып уйқысырап қатты-қатты ғоқақлап, қонақлаған жеринде қанатларын қағып силкинип Майданниковлардың хуторындағы ең ғарры, сары семиз қоразы генераллардай гүркиреген қулағыңды жаратуғын аўыр даўыс пенен бақыратуғын еди.

Ашықлар менен қестелерди есапқа алмағанда – Нагульновтың тусиниги бойынша булардың екеўи де бирдей еди, - хуторда ҳәммеден соң уйқыға кететуғын адам Макар Нагульновтың өзи еди. Түндеги бос ўақытларынан пайдаланып ол бурынғысынша қунт пенен англичан тилин үйрене берди. Оның өжиресиндеги стулдың арқалығына бөз сүлги илиниўли туратуғын еди, мүйеште салқын қудық суўы қуйылған қум қойылған. Билим алыў Макарға аңсатқа түскен жоқ! Көйлегиниң жағасын жаздырып, шашлары үрпейип, шып-шып терге түсиўи менен аңқайып ашылған тәрезениң алдындағы столдың дөгерегинде отыр, манлайындағы, қолтығының астындағы, көкирегиндеги ҳәм жаўырынындағы терди сүлги менен сыпырып, ўақтын-ўақтын терезеге өңменин атып, басын сыртқа шығарып, гүзедеги суўды басына қуяды да, ҳәз етип парасатлық пенен ҳа… а… а… деп қояды.

Бесинши шыра гүңгирт тартып жанып тур, оның газетадан соғылған қалпағына түнги гүбелеклер келип өзин урады, дийўалдың арғы жағында үй ийеси кемпир жай парахат қурылдыны қурып атыр, ал Макар болса мына өзине жүдә керекли болған сумлық қыйын тилди сөзбе-сөз үйренип алыўда… Бир күни түн жарпылар шамасында ол дем алып отырып шылым шегиў ушын терезениң текшесине барып отырды. Әне усы жерде ол биринши рет қоразлардың даўысын шынтлап еситти. Ҳақыйқат кеўил қойып қулақ

салыўдан буған таңланған Макар қуўанған түрде:

- «Мынаў бала тап парадтағыдай-әй, тап дивизияны көзден өткерип атырғандағыдай! Мынаў бир жақсы нәрсе екен!…»- деди.

Әне соннан баслап ол хәр куни түнде қоразлардың қыйқыўын күтип отыратуғын болды. Түнги хош хаўазлардың буйрықлы түрде шақырған даўысына хәз етип қулақ түрип, бүлбүллердиң жумсақ жағымлы сайраған даўысларын ишинен жек көретуғын болды. Оған әсиресе усы жалпы қоразлар қыйқыўының ишинде хәммесиниң бәнтин басатуғын аккордтай болған Майданниковтың қоразының генералларша жуўан даўысы унайтуғын еди. Бирақ бир күни Макар үйренип қалған хәм иштен мақул көретуғын қоразлар қыйқыўының бурынғы тәртиби күтилмеген жерден турпайы түрде бузылды да кетти: бул қораздың жуўан даўысының кейнинен тап сол жерге жақын, Аркашка Менoктың шарбағындағы отынхананың артынан әпшери қашқан бир шөже қораз балаларша шинкилдеген даўыс пенен бирден бақырып жиберди де, бираз ўақыт мәкийен қусап қақалап барып, қандай да бир жаман көкирик тамағын тығып буўлықты. Оның кейнинен пайда болған-жым жыртлықтың ишинде Макар әпшери қашқан шөже қораздың тауықханада тыпырлап қанатларын үсти-үстине қағып атырғанын ап-анық еситип қалды, ол шамасы шақыраман деп жығылып қалыўдан қорқып, қонақлайтуғын ағашының үстинде әўереси шығып атырған болса керек.

Шөже қораздың бул қылығы ашықтан-ашық тәртипти бузыўшылық хәм өзиниң атағына қарай хәрекет етиў әдетти толық жек көриўшилик еди. Бул Макардың түсиниўи бойынша, нағыз генералдың сөзинен кейин дүзетиў бермекши болып қабатласып шабатуғын қандай да бир тәсирсиз сықылсыз командирдиң, оннан қалса сақаў командирдиң бир нәрсе деп қалғанындай еди. Қатты ашыўы келген Макар бундай әдепсизликке шыдай алмай, қараңғыда: «Тоқтат!»… деп бақырып жиберди де, гүбирленип сөгиниўи менен ашыўланған түрде терезени тарс еттирип жаўып таслады.

Бул ўақия ертеңине тағы қайталанды, оның ертеңине де сондай болды. Макар қараңғыда «Тоқтат» деп тағы еки рет бақырып жиберди. Үй ийеси кемпир оның даўысынан шоршып оянды. Шақыратуғын ўақыты хәм даўыс дәрежелерине қарай белгиленгендей болып көринетуғын қоразлардың түңги келисикли қыйқыўы биротала бузылды. Түн жарпынан кейин-ақ ол уйқыға жататуғын болды… Оннан буяғына ол оқый алмады, қәдирли сөзлерин ядлаў мүмкин болмады, қырсық қораз есинен шықпады, ашыўы келип ол бул қораз да ийеси қусап тәсирсиз жеңил минезли екен деп ойлады. Макар бул гүнасыз қусты ишинен харам тамақ деп те, харамзада деп те, суғанақ деп те сөгиў менен болды. Майданниковтың қоразынан кейин жүрексинип даўысын шығарған қоңсының қоразы Макардың биротала жулынына тийди: оның англичан тили бойынша үлгериўи жүдә төменлеп кетти, кейпи де күннен-күнге түсе берди... Бундай тәртипсизликти жөнге салмаўға болмайтуғын болды!

Ертеңине азанда Макар Аркашка Меноктын шарбағына кирип келди де, оның менен қурғақ ғана сәлемлесип болып:

- Қәне, қоразыңды көрсет, - деп соранды.

- Оның саған не кереги болып қалды?

- Түрин көрмекшимен.

- Түриниң саған неге кереги бар?

- Көрсет! Қәне? Сениң менен саўдаласып отырыўға мениң ўақытым жоқ! – деди Макар қызып.

Ол темекисин шыйыраман дегенше Аркашка амбардың астынан шыбық пенен ап-аңсат ғана түрли-түрли реңдеги бир топ таўықты айдап шықты. Ойлағаңыңша да бар екен! Макардың ойлағаны дуппа- дуўры болып шықты: түрли түстеги, ушып-қонып жүрген, сыланған таўықлардың арасында пәрлери жулынған, сур түсли, көриксиз кишкене ғана шөже қораз шыр-гөбелек айланып жуўырып жүр. Макар өзиниң жек көрип турғанын жасыра алмайтуғын түр менен оның басынан аяғына шекем қарап шықты. Аркашкаға қарап:

- Сен бул шөжени сойып тасла! – деп кеңес берди.

- Оны сойғанда не дәртке жарайды?

- Лапша писириуге, - деп қысқа жууап берди Макар.

- Мен оны неге сойыуым керек? Ол өзи жалғыз қораз ҳәм тауықларға да жақсы шабады.

Макар еринлерин қыйсайтып сықақлы түрде жылмыйып күлди де:

- Тауықларға жақсы шабыўдан басқа талабы жоқ па? Па үлкен жумыс атқарады екен дә; Оның қыйын ҳеш нәрсеси жоқ. Оннан басқаға оның керегиде жоқ. Мен оның менен жер сүрейин деп атырғаным жоқ, ол бир тисли плутты да тарта алмайды…

- Қәне, ойынды қой! Пайты келгенде дәлкеклесиўди мен де билемен…

- Мениң қоразымның қандай зәлели болды саған? – деп сорады Аркашка тиклениңкиреп. – Өрисиңе от берди ме?

- Қоразың сениң ақмақ, ҳеш қандай тәртип дегенди билмейди.

- Қандай тәртип айтып отырғаның? Не ол сен болып атырған кемпирдиң атызына ушып барды ма?

- Атызға ушып келген жоқ, бирақ…

Макарға өзиниң қандай тәртип туўралы айтып отырғанын түсиндириў қолайсыз еди. Ол дым үндеместен, аяғын алшайтып, қоразға жек көриўшилик пенен тигилип азырақ турды да, кейин оның ойына мынадай пикир келип былай деди:

- Мына қара, қоңсым, - деди ол шаққанласып Аркашкаға, қәне аўмастырамыз ба қоразларды?

- Сениң көликсиз хожалығында ол не қылып жүрген қораз өзи? – деп сорады қызықсынған Менок.

- Табылады, сүмирейген мына қоразыңнан тәуириреги де табылып қалады!

- Мейли, әкел, егер кеўилине жақса алмастырсақ, алмастырайық. Мен өзимдикин мақтай алмайман.

Ярым сааттан соң Макар үйме-жүйме болып жүрген Аким Бесхлебновтын шарбағындағы тауықларға өтип баратырған адам қусап қарап қойды. Анаў-мынаў деп әңгимеге айландырып отырып Макар шарбақта жуўырысып гезип жүрген тауықларға қайта-қайта қарай берди. Қоразлардың даўысына сер салды. Бесхлебновтың бес қоразы да сайлап алғандай биргелки үлкен, түри келискен сулыў еди. Ең баслысы олардың ҳәммесиниң де даўысы бирдей жап-жақсы. Макар хошласар алдында оған мынадай усыныс етти:

- Мына қара, маған қоразыңның биреўин сатсаң қалай болар екен, а?

- Өзиниз билиң, жолдас Нагульнов, тауық салынған шорпа мазалы болады ғой, ақыры, қәлегенинди ал, бизиң кемпир тауыққа бай!

- Жоқ. Маған тек қоразы керек. Маған бир қапшық берип тур, жасырыңқырап алып кетейин.

Азырақтан соң-ақ Макар Аркашка Меноктың шарбағына келип, қапшығының аўзын шеше баслады. Аўмасыў десе тақ турған Аркашка болайын деп турған қораз алмастырыўға маза қылып, қолларын қайта-қайта уўқалап, гүлкилдей баслады:

- Көрейик қәне, қоразың қандай екен, бәлким еле үстине бир нәрсе беретуғын боларсаң. Шеш тезирек, исиң өнбеди ғой сениң! Мен қоразымды ҳәзир тутып келемен, сөйтип екеўин урыстырамыз, кимниң қоразы женсе, соған қосымша үстеў беретуғын болсын. Оллагер, болмаса мен қоразымды алмастырмайман! Түри қалай-қалай сениң қоразыңның? Гүләңгир ме, не ези?

- Гвардиялы қораз! – деп қысқа ғана гүбирленди Макар, тиси менен шийеленип қалған қапшықтың аўызындағы түйинди шешип атырып.

Аркашка сыпырылып түсип баратырған шалбарын қайта-қайта жол-жөнекей жоқары көтериўи менен тауыққанаға қарай жуўырды. Азырақтан-ақ ол жерден қоразлардың ғақылдасқан даўысы еситилди. Ол зәрреси ушып, демин үсти-үстине алып турған кишкене қоразды көкирегине басыўы менен қайтып келгенде, Макар аўзы ашылған

қапшыққа қарап, басын төмен салып, ҳайраны шығып, желкесин қасып тур екен: «гвардиялы қораз» болса жан талўасына түсип, қанатларын жайып, қызғылт сары көзлерин сүзип қапшықта жатыр.

- Буған не болған? – деп сорады ҳайран болған Аркашка.

- Қырсақ дә!

- Кесел болып шықты ма?

- Саған айтып отырман ғой, иси қырсығына кетип тур буның.

- Қораздың да иси қырсығына кете ме екен? Гәпин қызық аў сениң!

- Қораздың емес, аңқаў, мениң исим қырсығына басып тур. Алып киятыр едим, тап кеңсениң қасында қапшықта жатып шақырып, журттың көзинше мениң масқарамды шығармақшы болды, мен де әсте ғана басын бир жағына қарай таўланқырап қоя қойдым… Түсинип отырсаң ба, әсте ғана таўлап-ақ едим, көрдиң бе неге әкелип соққаның. Жуўыр, тезирек балтаны алып кел, ҳарам өлип қалар.

Бастан айрылған қоразды Макар шетенниң үсти менен атып жиберди де, есик алдында гүйтиклеп жүрген үй ийеси ҳаялға қарай:

- Ҳей, кемпир! Ети ыссы ўағында мынаны жулып тасла, ертең кеспас писирерсең! – деп даўыслады.

Аркашкаға ҳеш нәрсе деместен ол қайтадан Бесхлебновтикине қарай тартып кетти. Ол әдеп: «Сен бүйте берсең мениң барлық таўықларымды тул қалдырасаң ғой!» - деп қатайып турса да, кейин жуўасып, екинши қоразын сатты. Қораз алмасығы да болды. Азғана ўақыт өтпей-ақ Аркашканың қоразы да бастан айрылып шетенниң үсти менен ылақтырылды, кейининен қатты кеўли питкен Макар кемпирине қарай:

- Мына бәлени де ал, кемпир! Бул тәртипсиз шайтанды жул да, қазанға тық! – деп даўыслады.

Ол бир зәрүрли ҳәм үлкен жумысты питирип таслаған адам қусап көшеге шықты. Макардың булардың қорасында қоразларға жаңа тийгизген қырғынына шексиз ҳайран болған Аркашканың ҳаялы оны аянышлы өкиниш пенен басын шайқап узатып салды. Оның тилсиз сораўына Аркашка сук бармағын маңлайына тийгизип, ояққа бир, бояққа бир тенселтиў менен сыбырлана жуўап берди:

-Ақылдан айрылған! Жақсы адам еди, ал ақылдан айрылған. Ҳақыйқат жилли болыпты, басқа ҳеш нәрсе емес. Бийшара түни менен отыратуғын еди, мына нәлетий англичанның тиллери оның басына жетти!

Усыннан баслап жалғызлықты ерлик пенен басынан кеширип киятырған Макар түн бойлап қоразлардың қыйқыўын кедиргисиз еситип отыратуғын болды. Ол ҳаяллар ҳәм балалар менен бирге атызда бийдай отақта узақ күн жўмыс ислейди, ал кеште болса суйық щи менен сүт ишип алып, англичан тилин үйрететуғын сабақлыққа үнилип сабырлы түрде ярым ақшам болғанша отырады.

Көп узамай оған Щукарь ата да қосылды. Бир күни ол әсте ғана есикти қағып:

- Кириўме рухсат етиңиз! – деди.

- Кириң. Неге келдиң? – деген онша жумсақ емес сораў менен Макар оны күтип алды.

- Не десе болар… – деп таўланды Щукарь ата. – Мен сени жүдә сағындым ба, Макаржан, қалай-қалай, жарық шығып тур ғой, қәне бир көрип қайтайын деп ойладым.

- Сен ейтип не, қатынбысаң мени сағынғандай?

- Ғарры адам базда қатыннан да сағынғыш болады. Мениң жумысым иүткиллей бир кеўилсизлеў жумыс: бәрҳә айғырлардың қасында жүресең де қоясаң. Бул тилсиз мақлуқат мени жудә зериктирди! Мәселен, сен оларға жақсы сөз айтып бир нәрсе дейсең, ал олар болса ләм деп аўзын ашыў жоқ, сүлисин жеп, қуйрығын қыймылдатады. Буннан маған қандай пайда бар? Оның үстине мына оңбай кеткир текени айтпайсаңа! Бул муштай бәле қай ўақта уйықлар екен, Макаржан? Түн болса көзинди жумғаның сол-бул шайтан үстинде дүбир- дүбир. Уйықлап атырғанында аяқлары менен бир неще рет үстимнен басып кетти.

Сондай жаның қалмайды, соннан соң көзиңди шығараман десе де уйықлап болмас.

Сондай нәлетий оңбаған мақлуқ, ҳеш тынышыңды бермейди! Түни менен атқораға бир, пишенханаға бир жуўырып жүрген бәле. Қәне, оны сойып тасласақ, қәйтеди Макаржан?

- Қойсаңа, мына мылжың гәплериң менен қосыла көтер өкшенди. Басқарманың текелери менен мениң жумысым жоқ, оған Давыдов командир, әне соған бар.

- Қудай сақласын, мен теке ушын келгеним жоқ, тек сени көрейин деп келип отырман. Маған бир алданғандай китап бер, мен қасыңда индеги тышқандай болып тып-тыныш отырайын. Әне сонда саған да, маған да кеўилли болады. Мен саған ҳеш қандай селтеп бермеймен.

Макар ойланып көрди де, келисим берди. Щукарьдың қолына рус тилиниң түсиндирмели сөзлигин услатып былай деди:

- Мейли, мениң менен отырсаң отыр, оқы, бирақ ишиңнен оқы, еринлериңди, қыбырлатпа, жетелме, түшкирме, - қулласы сестиңди шығарма! Мениң командам бойынша шылым шегетуғын болайық. Мәселе түсиникли ме?

- Бәрине де қайылман, ал енди түшкирик туўралы қалай? Қәпелимде келип қалып бирден түшкирип жиберсем не қыламан. Мениң хызметиме байланыслы мениң танаўым бәрҳә пишенниң гиртлерине толады да жүреди. Гейде мен уйқылап атырып та түшкирип жиберемен. Сондай да не қыламан?

- Дәлизге оқтай болып атыласаң!

- Макаржан, меннен оқлы оқ шықпайды, тот басқан жаман оқ. Дәлизге жетемен дегенше он рет түшкирип, бес рет сиңбиринип үлгеремен.

- Сен асығыңқыра дә!

- Бир қыз турмысқа шықсам деп асыққан екен, бирақ күйеў табылмапты. Бир жақсы адам табылып оның алдынан шығыпты. Некеси қыйылмаған қыздың ақыры не болыпты деп сорамайсаң ба? Жақсы қатын болыпты! Әне мен де сондай болып қалыўым мүмкин: асығып жуўырып жүрип бир бәле қылып қойсам, сен мени бул жерден қуўып шығасаң, мен гәптин сирәғысын айтып отырман!

Макар күлип жиберди де, былай деди:

- Сен оңлаңқырып асық тә, абырой менен ойнаўға болмайды. Қулласы былай: аўзынды жап, мени алаң қылма, оқып мәдениятлы ғарры бол.

- Тағы бир кишкене сораў бериўге бола ма? Сен онша түнере берме, Макаржан, ақырғы саўалым.

- Қәне? Тезирек!

Щукарь ата отырған орнында қысылып, тыпыршылап гүнк-гүнк етти:

- Түсинип отырсаң ғой, оның қандай екенин… Өзи онша ондай емес, сонда да мениң кемпирим буның ушын маған қатты қапа, «уйқылатпайсаң» - дейди. Даў бунда мениң қандай қатнасым бар жаным-аў?

- Сен тоқ етерин айт!

- Мен қәдимги сол нәрсе туўралы айтып отырман. Мениң ишимниң көк ети аўырғаннан ба, я басқа аўырыўдан ба билмеймен, әйтеўир ишимде сумлық бир гүтирли бар, тап гүлдирмамадай гүлдирлейди! Бизлер сениң менен сонда не қыламыз? Ол да қолыңды иркеди ғой, ақыры?

- Дәлизге қарай жуўырасаң, ҳеш қандай гүтирли де, гүлдирли де болмаўы керек! Мәселе тусиникли ме?

Щукарь үндеместен басын ийзеди де, аўыр дем алып, сөзликти ашты. Түн жарпысы болғанда Макардың басшылығы астында ҳәм оның түсиндириўинен пайдаланып ол биринши рет қоразлардың қыйқыўына жақсылап қулақ салды. Үш күннен кейин олар екеўи терезениң текшесине бойын таслап ийинлесип қоразлардың қыйқыўын бирге тыңлады. Әне сонда Щукарь ата кеўилли түрде былай деп сыбырланды:

- Әстапыралла, әстапыралла! Пүткил өмирим бойы усы қоразлардың қуйрығынан услап, ең кишкене ўақытымнан бери солар менен бирге өсип жүрип, олардың қыйқыўындағы бундай сулыўлықты абайламаған екенмен. Әне енди түсиндим; Макаржан, мына Майданниковтын қоразының илиўин аңлап турсаң ба, я? Тап генерал Брусиловтың

даўысының дәл өзи екен!

Макар ашыўлы болса да, өзин услап сыбырланып жуўап берди:

- Пай айттың-аў! Сен бизиң генераллардың даўысын еситип көрсең еди, ата, ҳақыйқат даўыс, әне бизиң сол генераллар да! Сениң Брусиловтың не өзи? Биринshиден, ол ески патша генералы - демек, мениң ушын гумәнлы адам деген сөз, екиншиден, көз әйнек кийген интелигент. Оның даўысы да жақсы емес, көп болса анаў бизлер жеген Аркашканың қоразының даўысындай шығар. Даўысты да сиясий көз қараста түсине билиў керек. Мысалға алсақ, мине бизиң дивизияда бир жуўан даўыслы адам болды тап пүткил армияның даўысына барабар! Паянсыз болып шықты: Душпанларға өтип кетти. Не деп ойласаң, сол енди маған жақсы жуўан даўыслы адам болып көринеди деп ойлайсаң ба? Түри қурып кетсин! Енди ол мениң ушын жақсы жуўан даўыслы адам емес, ал ыңылдақ сатқын.

- Макаржан, сиясаттың қоразларға қатнасы жоқ ғой? – деп сорады, Щукарь ата тартынған түрде.

- Тап қоразларға да қатнасы бар! Егер Майданниковтың қоразының орнында басқа бир кулактың қоразы болып келермеди, мен ол жатып ишердиң даўысына өмирде қулақ салмас едим! Ол кулактың жәдигөйиниң ийтке кереги не!... Қәне, әңгимени тоқтатайық! Сен өзиңниң китабыңды оқы, мен өзимдикин оқыйын, ҳәр түрли оңбаған сораўлар менен маған суғылыспа. Болмаса аямайман, қуўып шығаман!

Шукарь ата қоразлардың қыйқыўын жанын бере баҳалап, оған кейип етиўши болып шықты. Майданниковтың қоразын барып көрип қайтыўға Макарды көндирген де сол. Жумыс пенен жүрген адам қусап олар Майданниковтың шарбағына кирип келди. Кондрат атызда майдағы жер шүдигарлаўда екен. Макар оның ҳаялы менен сөйлесип, отаққа неге шықпағанлығын сорастырып атырғандай болды да, шарбақ бойлап мардыйып ғоддаслап жүрген қоразды анықлап көрип алды. Қораз жүдә салдамлы, сыртқы пишини келискен ҳәм дөнип турған сары қораз екен. Макар қоразға қарап кеўли толды. Есиктен шығып киятырып ол тили байланып дым үндемей турған Щукарьды шығанағы менен қағып жиберди де:

- Қалай? – деп сорады.

- Тулғасына қарай даўысы. Қораз емес бул, архирей[2].

Бул теңеў Макарға жүдә унамаса да, ол үндемеди. Олар тап кеңсеге келген жерде Щукарь қорқыныш пенен көзи уясынан шығып Макардың гимнастеркасының жеңинен шарп еткизип услады да:

- Макаржан, сойып таслаўы да мүмкин! – деди.

- Кимди?

- Қудай сақласын, кимди болатуғын еди, мени емес - қоразды дағы! Сөйтип жүрип сойып та қояды ҳәм сойыпта қоймаса болар еди!

- Неге сояды? Не себеп сояды? Түсинбеймен мен саған, не деп мылжыңлап отырсаң өзиң?

- Түсинбейтуғын неси бар? Ол қораз ширик көннен де ғарры ғой, жасына қарағанда мениң менен жас, бәлким үлкенирек те шығар. Мен бул қоразды бала ўақтымнан бери билемен!

- Өтирик айтпасеш, ғарры! Қораз жетпис жыл жасай алмайды, тәбият назымларында бул туўралы ҳеш нәрсе жазылмаған, тусиндиң бе?

- Ол бәри бир қартайған, тамағының астындағы пәри аппақ болып кетипти, я сен аңламадың ба? – деп қызыңқырап қарсыласты Щукарь ата.

Макар өкшеси менен ғырра артына бурылды да адымын тез-тез кеңнен атлап жүрип кетти. Щукарь оның изине жетип жүремен деп асығып, ўақты-ўақты жуўырып жуўырып алып турды. Бир неше минуттан кейин олар тағы Майданниковтың шарбағына келди. Макар Лушкадан естеликке қалған гүлли қыз орамал менен маңлайындағы терди сүртип

---

[2] Архирей - азаншы мәнисинде (ред. ескерпеси).

тур, ал Щукарь ата болса ярым күн түлкиниң изинен қуўған тазы қусап аўзын ашып демин зорға алып тур. Оның қызғылт-көгис тилинен майда-майда тамшы болып тынық силекейи сақалына тамады.

Кондраттың ҳаялы күлимсиреп булардың қасына келди.

- Бир нәрсеңиз умыт қалып па?

- Саған мынаны айтыўды умытып кетиппен, Прохоровна: қоразыңды сойып қойма!

Щукарь ата сораў белгисиндей болып бүгилип, қолын алдына созып, кир суқ бармағын шошайтып, аўыр дем алып күш пенен:

- Қудай көрсетпесин!… – деди.

Макар оған жақтырмай бир қырын қарап қойды да, сөзин даўам етти:

- Бизлер оны туқым қораз қылыў ушын колхозға сатып я алмастырып алмақшымыз, себеби түрине қарағанда туқым қоразлардан болыўы керек, мүмкин, оның ата теги Англиядағы я соған қусаған Голландиядағы қандай да бир туқымлардан бизде жаңа түрин көбейтиў ушын алып келинген шығар. Голланд ғазларының тумсығының үстинде үлкен кекили болмайды ма? Болады. Мүмкин бул қораздың миллети голландиялы шығар сен оны билмейсең ғой? Буны мен де билмеймен, демек, оны ҳеш қандай сойыўға болмайды деген сөз.

- Ол туқымлыққа жарамайды, қартайған, бизлер оны Тройцаға сойып, жас қораз сатып алмақшы едик.

Бул сапары Щукарь ата: мен саған не деп едим дегендей шығанағы менен Макарды түртип жиберген болып еди, - бирақ Макар оған қеўил аўдармай Прохоровнаны исендирмекши болып сөзин даўам ете берди:

- Ғаррылық деген айып нәрсе емес, туқым қораз қылыўға болады, араққа жибитилген бийдай менен уқшатып тойдырып турсақ, ол мәкийенге шапқанда даўыл турғандай қылады! Қулласы бул қымбат баҳалы қоразды жоқ етиуге болмайды. Мәселе саған түсиникли ме?

Түсиникли болса жақсы болды. Жас қоразды саған Щукарь ата ҳәзир-ақ әкелип береди.

Сол күни-ақ Макар Дёмка Ушаковтың ҳаялынан бир жөн баҳа менен аўысық қоразын сатып алып, оны Щукарь атадан Майданниковаға берип жиберди.

Солай етип кейинги қарсылық та жеңилгендей болды. Бирақ не ушын екенлиги белгисиз, Макар Нагульнов есапсыз пул берип биримлеп ҳәм топ-тобы менен қораз сатып алып жүриптимис деген дуў-дуў әңгиме хуторға жайылып кетти. Кеўилли ҳәзиллесиўди жақсы көриўши Размётнов бундай ўақыяны есите турып, араласпай сыртта қалай қалсын? Достының ерси қылықларын еситип, оны өз көзи менен бақлап көрмекши болды да, кешлетип Нагульновтың жайына келди.

Макар менен Щукарь ата үлкен китапларға үңилип столда отыр екен. Пилиги уп-узын етип шығарылған шыра бурқасынлап жанып тур. Өжире ишинде қара күйелер ушып жүр, шыраның моржасына кийдирилген қағаз қалпақтың сарғайып күйген жеринен күйип баратырған қағаздың ийиси аңқып тур, жайдың иши баслаўыш мектептиң биринши класында таза жазыў сабағы болып атырған ўақыттағыдай тым-тырыс. Размётнов есикти қақпастан ишке кире берип, есикте турып жөтелип те қойды, бирақ қуныға п китап оқыўшылардың ҳеш қайсысы да буған кеўил аўдаратуғын емес. Әне сонда күлкисин зорға басып Размётнов қатты даўыс пенен:

- Жолдас Нагульнов усы жерде тура ма? – деп сорады.

Макар басын жоқары көтерип, Размётновтың бетине нәзер салып қарады. Жоқ, түнги қонақ мәс емес, бирақ ўаҳаҳалап күлип жибергиси келип турғанлықтан еринлери қыймыл-қыймыл етеди. Макардың көзлери гунгирт тартып жылтырап, қысылып тур. Ол жай-парахат ғана:

- Андрей, сен қызлардың отырыспасына бара тур, көрип турсаң ғой, мен сениң менен бостан-бос ўақыт өткерип алатуғын түрим жоқ, - деди.

Макардың бул түринде өзиниң кеўилли кейпине ортақласатуғын түриниң жоқ

екинлигин көрген Размётнов орынлыққа отырып, шылымын шекти де, енди ыраслап:

- Жоқ, дурысын айт, сен оларды не қылайын деп сатып алып жүрсең? – деп сорады.

- Лапша менен щи ушын дә. Сен не, мени оннан хутордағы қызларға мороженное ислеп бериў ушын алды деп ойлайсаң ба?

- Мен, әлбетте, мороженное ислейди деп ойлағаным жоқ, ҳайран болдым: ҳаў буған усынша қораздың не кереги болып қалды екен, неге тек ғана қоразлар керек болған? – деп ойладым.

Макар күлимсиреп:

- Лапшаға салынған қораз кекиллерин жақсы көремен; әне сол. Сен мениң кораз сатып алғаныма ҳайран қалып жүрсең, ал мен, ҳайранман – Андрей не ушын сен отаққа бармайсаң? – деп сорады.

- Ол жерге барып маған не питир дейсең? Қатынларды бақлап турыў ма – буған болса бригадирлер бар.

- Баклап турыў емес, өзиң отаўың керек. Размётнов қолларын силтеп, ықласы менен күлип жиберди.

- Не, мен солар менен бирге сурепка[3] жулып жүриўим керек пе? Мен оны қыла алмаспан, кеширерсең, достым! Бул еркектиң жумысы емес, оннан қалса мен әйтеўир биреў емес, ал кимсең сельсоветтиң баслығы болсам.

- Үлкен болғаныңа. Ондай жүдә жер тиреп турғанын жоқ! Мен неге солар менен бирге сурепка, тағы сондай ҳарам шеплерди жулысып жүремен, ал сен неге ислей алмайсаң?

Размётнов ийнин қысып қойды.

- Ислей алмағанлықтан емес, тек казаклар алдында масқара болғым келмейди.

- Давыдов ҳеш қандай истен жийиркенбейда, мен де солайман, ал сонда сен неге фуражкаңды шекеңе қыйсайтып кийип алып, узақ күн кеңсенде отырасаң да қоясаң, я ыржым-тыржым болып, қалған қағаз портфелиңди қолтығына қысып алып хутордың ана щети менен мына шетине жанын қоярға жер таппай жүрген адам қусап зыр жуўырасаң да жүресең? Не, хожалық аўҳалы туўралы справканы секретарья бере алмай ма? Сен, Андрей, оны қой! Ертеңнен баслап бригадаға барып гражданлар урысының қаҳарманлары қалай жумыс ислей алатуғынлығын қатынларға көрсетесең!

- Сен не деп отырсаң өзиң, сени жин урды ма, я дәлкек қылып отырсаң ба? Усы жерде өлтирип таслайғой - бармайман! Размётнов шылымның қалдығын ашыў менен бир жаққа қарай ылақтырып жиберди де, орынлықтан ушын турды. - Күлки болыўды қәлемеймен! деген ол еркектиң жумысы емес. Сен еле маған картошкаға домбық үй дерсең?

Қолыңдағы жарты қәлем менен столды әете ғана тық-тық еттирип урып отырып Макар:

- Партия қандай жумыс буйырса, сол еркектиң жумысы. Мәселен, маған: қәне, Нагульнов, бар, контралардың геллесин ал десин - мен жаным менен бараман! Картошкаға домбық үй десе ондай болып қуўанбайман да, бирақ бараман. Бар, саўыншылық қыл, сыйыр саў десин - тисимди қайрап тураман да, бәри бир сыйыр саўыўға кетемен. Нәлетий сыйырлардың емшегин гә ояққа, гә буяққа тартып қолымнан келгенинше сол нәлет жаўғырларды саўып алыўға тырысаман! - деди. Размётнов өзин азырақ басып, жыллы шырай кирейин деди:

- Сениң қолыңның өзи де тап сыйыр саўатуғын қол. Сен оның емшегин еки тартқанда қулатып тасларсаң!

- Қулатсам - тағы түргелтемен, ақырына шекемдап емшегинде бир тамшы да сүт қалдырмай саўып аламан. Түсиникли ме? - Жуўап күтип турмастан, ойланған түрде сөзин даўам етти: - Сен бул туўралы ойланып көр, Андрюха, сен еркекпен, казакпан деп көкирегинди онша көре берме. Бизиң партиялық арымыз онда емес, мен буған усылай түсинемен. Анаў бир күни таза секретарьға көринип қайта қояйын деп кетип баратырсам, жолда Тубянский ячейкасының секретары Филоновқа дусласып қалдым. Ол меннен:

---

[3] Сурепка-ҳарам шөптиң бир түри.

«Жолың болсын, райкомға баратырсаң ба?» деп сорады. «Аўа, райкомға баратырман», - дедим. «Таза секретарьға ма? «Аўа, соған» - дедим. «Олай болса бизиң от орып атырған жерге қайырыла қойың, ол сол жерде» - деди де қамшысының ушы менен жолдың шеп тәрепин көрсетти. Қарасам: шырпа-шырп пишен орыспа, алты лобогрейка ислеп жүр. «Буныңыз қалай, ақылыңыздан айырылдыңыз ба, бунша неге ерте oраққа түстиңиз?» - дедим. Ол маған: «Бул пишен емес, қуры боян менен басқа түрли-түрли шөплер, соларды силос бастырыў ушын орып алмақшы едик» деди. «Өзлериңиз қарар қылдыңыз ба?» - деп сорадым. Ол маған; «Жоқ, өзлеримиз емес, кеше секретарь келип еди, барлық жерлеримизди айналып көрип жүрип ол усы боянның үстинен шығып қалды, ол бизлерден бул боянды не қыласыз деп сорады. Бизлер «шүдигаретип бастырып жиберемиз» - деп жуўап қайтарып едик, ол күлип: «Шүдигардың астында қалдырыў - ақыллының иси емес, силос бастырыў ушын орып алсаңыз, орынлы ис болар еди» - деди.

Макар Размётновқа сынаған көз-қарас бенен қарап, үндемей қалды.

- Сен оны көрдиң бе? - деп сорады Размётнов шыдамсызлық пенен.

- Енди не деп едиң! Жолдан бурылып, еки километрдей жүрсем алдымда еки арба тур: бир ғарры от жағып каша писирип атыр; тап өгиздей әўкийген, бети нәп-нәҳән бир жигит арбаның астында жатыр, табанын қасып, шыбынларды шыбық пенен қуўып қояды. Секретарьға усамайды; аяғы жалаң-аяқ, бет-аўзы да қәлбирдей. Секретарьды сорасам - жигит мурт берип жылмыяды. «Ол азаннан бери лобогрейкада мениң орнымда, ҳа анаў атызда зырлатып қуўып орылған шөпти ылақтырып жүр» - дейди. Мен асығып, дәрриў атымды арбаға байладым да, орақшыларға қарай кеттим. Биринши лобогрейка өтип кетти, онда жекен қалпақ кийген, үстинде терден тозып жыртылған көйлеги бар, арба майы жағылып қалған кенеп шалбар кийген бир ғарры отыр. Түсиникли - секретарь бул емес. Екинши лобогрейканың үстинде шашы алынған, көйлексиз жас жигит отыр, терден денесине май қуйылғандай, күн нурынан ол қылыштай жалтырап көринеди. Түсиникли, бул да секретарь емес деп ойладым. Секретарь орақ машинасын көйлексиз айдамайды. Орақ түскен жерге узынына қарасам, қалғанлары да көйлексиз айдап жүр. Енди не қылар екенсең, усылардың ишинен секретарьды танып алып көр! Интеллигентлик түрине қарап танып аларман деп ойладым, ҳәммесин де қапталымнан өткерип бир жибердим-пай исиң бар болсын, қәне енди танып ала алсам! Бәри де ярым белине шекем жалаңаш, тап мыс бес тийинлықтай ҳәммеси де бирдей, қайсысының секретарь екенлиги маңлайына жазып қойылған емес. Әне саған интеллигентлик пишин! Ҳәммеси де интеллигент болып көринди. Ең жүнлес молланы шаш-сақалын алып солдатлар менен бирге жалаңаш моншаға жибер - енди солардың ишинен молланы таўып ала аласаң ба? Мысал, бул да сондай,

- Сен; Макаржан, диний нәрселерди қозғама; гүнә. - деп өтиниш етти соған шекем дым үндемей отырған Щукарь ата тартынған түрде.

Макар ол бетке ашыўлы көз қарас пенен бир қарап қойды да, сөзин даўам етти:

- Арбалардың касына кайтып келип, бағанағы жигиттен: «Бул орақшылардың ишинен сектератымыз қайсысы? - деп сорадым. Ал ол бәт-бәширей бәле болса «көйлексиз жүргени секретарь» - деп жуўап береди. Мен оған: көзиңе шыбын уймелеп кетипти, сүртип ал, машиналардың үстиндегилердиң ғаррыдан басқасының бәриниң үстинде көйлеге жоқ» - дедим. Ол арбаның астынан шығып, көзлерин сүртип ўаҳаҳалап күлип жибердиме де! Көзим түсип, мениңде ишек-силем қатты: мен арбаларға айналып келемен дегенше, ғаррыда үстиндеги көйлеги менен қалпағын шешип таслапты, жалғыз кенеп шалбардың ишинде ҳәммениң алдында басып киятыр, жылтыр басы жарқырап баратыр, аппақ сақалы самал менен арқасына қарай желкилдейди. Боян үстинде тап ақ қуўдай болып жүзип киятыр. Бир әжайып нәрсе болған екен деп ойладым. Райком секретары буларға қаладан дәстүр әкелип көрсеткен екен, далада жалаңаштан-жалаңаш қуллы переңи шығып жур, ҳәттеки мына иси питкен ғаррыны да жолдан шығарып усы дәстүрге түсирипти. Бәдбешер жигит мени олардың қасына алып барып, секретарьды көрсетти. Мен оған келип, орақ машинасын қапталлап өзимди таныстырдым, «сениң менен танысыў

ушын райкомға баратыр едим» - дедим. Ол күлип жиберди де, атларды тоқтатып маған: - «Отыр, атлардың дизгинин усла, шөп орып жүрип танысып та қаламыз, жолдас Нагульнов» - деди. Атлардың дизгинин услаған жигитти түсирип жиберип, оның орнына отырдым да, атларды қозғадым. Атыздың арғы басы менен берги басына төрт рет барып келемен дегенше танысып қалдық... Ҳақыйқат жигит екен! Бизде бундай секретарь болып көрген емес еди. «Мен сизлерге, Ставропольшылардың қалай ислейтуғынлығын көрсетип қояйын!» - дейди. «Сизлерде шалбарға лампас тағады, бизде орақты жақсылап орады» - деп күледи. Мен оған ким жақсы ислейтуғынын еле көремиз, мақтаншақ-мақтанып қалады, күйиншек-күлге түседи» дедим. Ол барлық нәрселер туўралы аз-азлап сорастырып болып: «Қайта бериң, жолдас Нагульнов, сизлер бетке көп узамай бараман» - деди.

- Ол тағы не деди? - деп сорады Размётнов шаққанласып.

- Басқа ондай ҳеш нәрсе айтқан жоқ. Айтпақшы тағы Хопров туўралы сорады: ол активистпеди, я активист емеспеди? - деди. Ол қаяқтағы ылағып жүрген активист, активист емес, бир жанның жаўы еди жүрген - дедим.

- Ол не деди?

- Онда неге оны өлтирди екен, оннан қалса қатыны менен қоса өлтирген? - деп сорады, Кулаклар адам өлтириўге себеп таба алмай ма, жақпаған соң өлтирген де қойған дедим!

- Сонда не деди ол?

- Ашшы алма жегендегидей еринлерин үйирип қыймылдатты да, айтты ма, я жөтелди ме: «ҳим, ҳим» деди де, түсингендей ҳеш нәрсе айтпай-ақ қойды.

- Хопровлар туўрасында гәпти қайдан еситти екен?

- Ким билсин оны, районлық ГПУ дегилер айтқанды да, басқа қайдан болсын.

Размётнов дым үндемеген қәлпинде тағы бир шылым шекти. Бир нәрсе туўралы тынық ойланғанлығы сондай, ол ҳәттеки Нагульновқа қандай мақсет пенен келгенлигин де умытып кетти. Хошласып, Макардың көзине күлимсиреп тигиле қарап былай деди:

- Енди есимди жыйнап алдым! Ертең жақты түсиўден биринши бригадаға бараман. Сен буннан қәтиржан бола бер, Макар, отақтан жан аяп қалатуғын мен емес. Бирақ сен екшемби күни маған ярым литр арақ қоясаң, билип қой!

- Егер жақсы отақ отасаң қоясаң, бирге ишемиз. Бирақ ертең ертерек қозғал, жумысқа қалай шығыў керек екенлиги туўралы ҳаялларға өрнек көрсет. Қәне жолың болсын! - деп Макар оған тилек билдирди де, қайтадан китап оқыўға киристи.

Түн жарпылар шамасында хуторды қаплаған селтеңсиз жым-жыртлық ишинде ол Щукарь ата менен бирге қоразлардың қыйқыўына салтанат пенен қулақ салды, олардың үйлесимли даўысына ҳәр қайсысы өз алдына мәз-майрам болды.

- Тап архирей жәмийетиндегидей! - деп сыбырланды Щукарь рәҳәтленип, артықша елжиреп.

- Тап сапта турған атлар дизбегиндегидей екен!- деди Макар дүт басқан шыранын моржасына қыялға батқан түрде қарап.

Бул таң қаларлық әжайып қызығыўшылық усылай пайда болды, көп узамай-ақ Макар усы қызығыўшылықтың себебинен өмир менен хошласа жазлап қалды.

## V БАП

Давыдовты бригадаға Размётновтын бир өзи шығарып салды. Бул да жол түсип қалғанлықтан еди: ол жер айдаўшыларға колхоздың складынан алынған азық-аўқатты, бригадада ислеп атырғанларға аўмастырып кетиўи ушын үйлери жиберген ишки ҳәм анаў-мынаў басқа кийимлерди алып баратырған еди

Давыдов түтеленип, жып-жылтыры шыққан етик кийген аяқларын салбыратып жиберип, ғаррылардай бүкирейип, дөгерекке салқын ғана көз таслаўы менен арбаның үстинде отыр. Желбигей таслаған камзолының астынан жаўырын сүйеклери камзолды көтерип түртийип тур ол көп ўақыттан бери шашын алдырмаған еди, өримге келген қара

шашларының буйраланған ушлары желкесин басып турған кепкасының астынан шығып, күн алған гүжирейген мойнынан өтип, камзолының дүзиў шыққан жағасына түсип тур. Оның гүллән түринде қандай да бир жағымғыз ҳәм аянышлы бир нәрсе сезилетуғын еди...

Размётнов оған қарап қатты аўырыўдан қыйналғандай маңлайын жыйырып ойға кетти: «Лушка оның сорын қайнатқан екен дә! Па нәлет жаўғыр қатын-ай! Жигитти - қандай жигитти десеңә-жүдә хор қылған екен ғой, көрип реийимиң келеди! Әне ашықлық, жигитти қандай аўҳалға тусирген: жәп-жақсы жигит еди, капустанын жапырағынан да бетер болып тырысып қалыпты».

Басқаға қандай екенин билмеймендағы, «сүйиўшиликтин қандай аўҳалға түсиретуғынлығы» Размётновқа қанық еди. От Марина Поярковаңы, бастан өткергенлериниң ишинен тағы биреўлерин есине түсирип, аўыр гүрсинди, бирақ ўақты хош болып күлип қойды да, хабар алыў ушын аўыл советке қарай жүрип кетти. Ярым жолға келгенде оған алдынан Макар Нагульнов ушырасты. Ол әдеттегидей барлық ўақытта кеўилсиз көринетуғын, үсти-басына қарап кийинип, әскерлерше мүлтиксиз ҳәрекетлерге азырақ өзин бейимлеп жүретуғын еди, дым үндеместен Размётновқа қолын созды да, көше менен алыслап баратырған арбаға қарап басын ийзеп көрсетип:

- Жолдас Давыдовтың қандай аўҳалға түсип қалғанын көрдиң бе? - деди.

- Ол азайын депти, - деп тартыныңқырап жуўап берди оған Размётнов.

Оның аўҳалына түскенде мен де күн-күннен азып кетқен болар едим. Ол туўралы гәп етиўдиң де кереги жоқ әзиз! Ийманын үйирип табытқа сала бер! Мениң жайымда турғанда Лушканың қандай бийҳая екенин көрген еди, ол айбарақ пенен Давыдовтың көзинше урысатуғын едим ғой, мине енди өзи тап болыпты! - Тап болғанда да биротала тап болған! Ҳәзир түрине қарап көрип едим, жүрегим суўлады: ант урып кеткендей ап-арық, көзлери аларып қалыпты, ыштанын айтсаңа, инанасаң ба, бийшараның қай жерине илинип турғанын билмейсең! Жигит жоқ болыўға келген екен! Мен сол сүйгилигимди қыста ақ қулақ қатарына шығарып Тимошка тыртығы менен қоса суўық жаққа қарай ысырып жибериў керек еди. Бәлким ҳеш болмаса сол жақта, жүреги суўық жерге басылар еди.

- Мен оны сен билмейтуғын шығар деп ойлайтуғын едим.

- Тапқан екенсең билмейтуғынды! Ҳәмме билгенде, мен билмеймен бе? Көзимди жумып жүрдим бе? Маған десе ол ким менен жүрсе сол менен жүрсин, бирақ ол ант урып қеткен мениң Давыдовыма неге жабысады, мениң қәдирдан жолдасымның басына жетпесин! Мине ҳәзир гәп неде болып отыр!

Сен Давыдовқа ескертип қойсаң болады ғой. Неге ескертпедиң?

- Ескертип қойыў маған дым қолайсыз болды ғой, ақыры! Қай жағы қолайлы, ол меннен қызғанып я тағы сондай бир себеп пенен айтып жүрген деп ойлаўы мүмкин еди. Ал енди бул иске қатнасың бар, сен неге үндемедиң? Неге оған қаттырақ ескертпедиң?

- Сөгис жәриялап па? - деп күлип қойды Размётнов.

- Егер салып жүрер болса сөгисти басқа жерде ала берер, бирақ биз екеўмиз, Андрей, оны бул исте жолдасларша қутқарып алыўымыз керек, көп күтип отырыўға болмайды, Лушка тили ашшы бир бәле, ҳәттеки Давыдов оның менен дүнья жүзилик революцияға дейин түўе, соған шекем-ақ жоқ болыўы мүмкин. Я тезирек гүм қылатуғын өкпе кеселине дуўшар болады да, я соған қусаған бир мерез аўырыўын табады, Әне соны күтип отыра бер! Мен оннан қутылғанда, тап дүньяға қайта туўылғандай болдым: ҳеш қандай жуқпалы аўырыў табаман деп қорқып атырғаным жоқ, англичан тилин жәп-жақсы етип үйренип атырман, ҳеш қандай оқытыўшысыз-ақ өз мийим менен бираз нәрсе билдим, партиялық servлерди де тәртипли алып баратырман, басқа жумыслардан биротала қол үзип кеткеним жоқ. Қулласы усы бойдақ жүргенимде қол-аяғым бос, мийим де өзимде. Ал енди оның менен турғанымда арақ ишпей-ақ ҳәр күни арақ ишкендей мең-зеңим шығып жүретуғын едим. Қатын деген биз революционерлер ушын, ағайиним, халықтың басын айналдырыўшы зәҳәр! Мен усы қағыйданы ҳәр қандай партия ағзасы, ҳәр бир ҳақыйқат коммунист ҳәм оған тилеклес оны ҳәр күни жатар алдында ҳәм азанғы ашаўға үш реттен қайта-қайта оқып турыўы ушын үлкен ҳәриплер менен уставқа жазып қояр едим. Әне

сонда ҳәзирги бизиң қәдирдан жолдасымыз Давыдов қусап ҳеш бир жин урған бундай бәлеге дуўшар болмас еди. Сен өзиң-ақ есиңе түсирип көр, Андрей, не деген жақсы адамлар өмириниң ишинде усы нәлетий қатын туқымынан жәбир көрди! Оның есап-саны жоқ! Солардың себебинен не деген адам растрат жасады, не деген адам арақхор болып кетти. Солардың себебинен неше жәп-жақсы азаматларға партиялық сөгис берилди, не деген адам солардың кесиринен тюрьмада жатыр - жүрегиң суўлайтуғын нәрсе!

Размётнов ойға шумди. Олар жақынырақтағы ҳәм оннан аррағырақтағы баяғы басынан өткергенлери; турмысында ушырастырған ҳаял-қызларды есине түсирип бираз ўақыт үндеместен журип келе берди. Макар Нагульнов танаўын көрип, жуқа еринлерин беккем ғана қымыўы менен сапта киятырғандай ийинлерин көтерип, салдамлы адым атып баратыр. Түрине қарасаң ол жүдә қомпыйып дүньяда жалғыз бир өзиндей болып көринетуғын еди. Размётнов болса жол жүрип киятырып мыйығын тартып күлип қояды, гә үмитсиз қолын силтеп, гә таўланған сары муртын шыйырады, тамағы тоқ еркек пышық қусап көзин жумады, ал гейди, бул енди я ана, я мына қатын есине анық түсип кеткен ўақытта болса керек, үлкен чаркадан[4] арақ ишип атырған адам қусап тамағын қырып қояды. Әне сонда узақ даўам еткен тыныспалардың арасында түсиниксиз түрде ол;

- Ҳей-ҳей! Уай ийmансыз қатын-әй! Әстапыралла! Көрдиң бе бул нәлет жаўғырды!... - деп жиберетуғын еди.

* * *

Гремячий Лог қыяманлардың артына жасырынып туў алыста артта булдырайды, ушы-қыйры жоқ дала Давыдовты өзиниң қушағына алды. Көк шөплер менен кепнеген қара топырақтың хош ийисин барынша ишине тартыўы менен Давыдов узақтан көринген дизбеклескен мазарстанға көз жиберди. Алыстан булдырап көринген бул мазарстан дүмпешиклери даўылдан көтерилген Балтиканың толқынларына усайтуғын еди. Ол қәпелимде жүрегине жып-жыллы болып жылп етип келип кеткен қапашылыққа күши жетпей, аўыр гүрсинди де, жасаўраған көзлерин басқа жаққа бурып жиберди... Кейин бир жерде турмай ҳәр жаққа бир адасқан оның көзлери аспанда билинер-билинбес болып турған бир ноқатты илип қалды. Мазарстан дүмпешиклеринде жасаўшы даланың қара бүркити жалғызлықта жардай болып, айланып жүрип кем-кем қанша бийикликке көтерилгенин де сезбестен суўық аспанда сарқып ушып жүр еди. Жалпақтан келген ушлары топыр ҳәрекетсиз жайылған қанатлары оны бултлардың берги жағындағы бийикликте жеңил ғана көтерип жүр, ал қарсы келген самал болса тиреле жалап өтип, қара, гүңгирт жылтыраған пәрлерин сүйекли үлкен денесине апарып басады. Ол айланар жерде жеңил ғана бир жағына қыйсайып түсликке бурылғанда күн нуры қарсы келип жарқырап, оның баўырының астына түсти. Әне сонда Давыдовқа бүркит қанатларының ағарып көринген жеринде биресе жанып, биресе сөнип ақ ушқынлар шығып турғандай болып көринди... ушы-қыйры жоқ дала. Булдыраған ески дүмпешиклер. Аспанда ушып жүрген қара бүркит. Самал астында шайқалған шөплердиң жеңил тысырлысы... Өзиниң шексизлиги менен көз талдыратуғын далаға қарап, Давыдов өзин бул үлкен кең аланлықта көринбей де қалатуғын кишкене бир адамдай сезди. Усы ўақытта Лушканы сүйиўшилиги де, айралық дәрти де, көремен деп орынланбаған тилеги де оған майда итибарсыз бир нәрсе болып көринди... Жалғызлық ҳәм барлық қызық турмыстан алыста қалғанлығы ҳаққындағы сезим оны пүткиллей бийлеп алды. Усыған усаған бир нәрсени ол баяғыда корабльде түнде «алға қараўшы» болып турып қалған ўақытта бастан кеширген еди. Ол қашшан еди барып! Умытылып баратырған түстей болып қалды...

Күн сезилерликтей қыздыра баслады. Қубладан ескен жумсақ самал күшлирек есип тур. Қараўсыз жатқан далалықтағы жолдын ойлы-бәлентлиги менен әсте шайқалған Давыдов басын төмен салып, қалғып баратырғанын өзи де сезбей киятыр!

---

[4] Чарка- стаканға усаған ыдыс (аўд. )

Оған атлардың да ишиндеги жүдеўлери дус келип қалған, арбакеши - әдеўир жасқа келген колхозшы Иван Аржанов, сөйлемейтуғын, хутордағылардың айтыўы бойынша аңқаўлаў адам еди. Ол жақында ғана жумсаўға берилген бул атларды көп жаман үйретип жибергенликтен, олар бригадаға жеткенше аяғын басар-баспас болып адымлап келди. Ярым жолға жеткенде Давыдов қалғыўдан ояныл, шыдамай, қатал түрде:

- Саған не болды, Иван аға, ярмаркаға гүзе тийеп киятырсаң ба? Сынып қалады, деп қорқасаң ба? Бул неге адым-адымына айдап киятырсаң?

Аржанов былай бурылды да, дым үндеместен турып барып шыйқалдаған даўыс пенен:

- Қандай «гүзе» тийеп киятырғанымды өзим билемен, ал енди сен колхоз баслығы бола ғой, қурыдан-қуры қуў деп мени мәжбүрлей алмайсаң, оның болмайды, иним!

- Ким саған «қурыдан қуры қуў» деп атыр? Ҳаў сен ҳеш болмаса төбеликтен түскенде жорттырсаңо! Алтын тийеп киятырғаның жоқ, бос киятырсаң ғой, факт!

Узақ ўақыт ундемей турғаннан кейин Аржанов кеўилсиз түрде:

- Қашан адымлап жүриўди, қашан жортыўды атлардың өзи биледи, - деди.

Давыдов азырақ ашыўланайын деди. Енди оны жасырмастан даўысын қаттырақ шығарды:

- Әне гәп! Ал сен не қыласаң? Аттың дизгини сениң қолыңа не ушын берилген? Сен арбада неге орынды байлап отырсаң? Қәне, дизгинди берман бер!

Аржанов анық ықласы менен жуўап берди:

- Аттың дизгини мениң қолыма атларды барыўға болмайтуғын жаққа айдаў ушын емес, ал барыў керек болған жаққа айдаў ушын берилген. Егер мениң сениң қасында отырып, орынды байлап отырғаным саған батып турған болса, онда түсип арбаның қапталында жаяў жүриўиме де болады, бирақ аттың дизгинин мен сениң қолыңа бермеймен, оның болмайды, иним!

- Не себеп бермейсең сен дизгинди? - деп сорады Давыдов қасарысып бетине қарағысы келмей турған арбакештиң жүзине үңилиўге пайдасыз урынып.

- Ал сен өзиңнин қолыңдағы дизгиниңди мениң қолыма берер ме един?

- Қандай дизгинди? -бирден түсинбей қалды Давыдов.

- Усындай дизгининди! Пүткил колхоздын дизгини сениң қолында ғой, саған халық бизиң колхоздың барлық ислерин басқарады деп исенип қойыпты. Сен сол дизгинди маған берер ме единң? Өмирде де бермейсең. «Бунның, аға, болмас!» дейсең Мине мен де сондай: мен сениң қолыңдағы дизгинди сорап отырғаным жоқ ғой? Сен де мениң дизгинимди сорама!

Давыдов ықласы менен күлип жиберди. Оның жаңағы ашыўынан изи де қалған жоқ.

- Ал егерде хуторға от тийсе де, сен суў қуйылған дүңлериң менен усылай масқара шайқалысқа салып жүресең бе? - деп сорады ол енди жуўабын қызықсына күтип.

- Өртке дүң менен мен қусағанларды жумсамайды...

Әне сол ўақты ғана Аржановқа бир қапталдан көз таслап Давыдов биринши рет оның самал қағып түлеген жағынан төменги бетинде шыдап турған күлкиниң белгисин көрип қалды.

- Сениңше кимдейди жибериў керек?

- Сен менен Макар Нагульнов қусағанларды.

- Неге ондай?

- Хуторда тек сизлер екеўиңиз ғана шаўып жүриўди жақсы көресиз ҳәм зыр жуўырып жасайсызлар.

Давыдов басын шалқайтып, жамбасына урып, ишексилесип қатып күлди. Еле күлкисин баса алмай атырып:

- Демек, егер шынында да өрт бола қойса, оны тек бизлер Макар екеўмиз ғана өшириўимиз керек пе? - деди.

- Жоқ, олай деп отырғаным жоқ! Сизлер Макар екеўиңиз суў тасыйсыз, атларды ақ көбик терге түсириў ушын ала қуйың болып шабасыз, ал өртти кимимиз шелек, кимимиз багор, кимимиз балта алып өзлеримиз, колхозшылар болып өширемиз. Ал өрт өшириўди

Размётнов басқарады, оннан басқа ким болсын...

«Аңқаў адамды тапқан екенсең!» - деп ойлады Давыдов ҳақ көкиреги менен ҳайран қалып, Бир минут тай үндемей турғаннан кейин ол:

- Неге сен тек Размётновты ғана ерт өшириўде начальник қылып сайлап отырсаң? - деп сорады.

- Ақыллы жигитсең, сен, бирақ илип кете бермейсең, - деп жуўап берди Аржанов енди ашықтан-ашық күлип. - Ким қалай жасаса, оған өртке де сондай белгиленген хызмет берилиўи керек, қулласы, ҳәр кимниң пейлине қарай. Мине сизлер Макар менен екеўиниз бәрҳә жуўырасыз да жүрисиз, күндиз де, түнде де сизлерге тынышлық жоқ, басқаға да тынышлық бермейсиз, - демек сизлер қусаған аяғы шыйрақ шаққанларға иркинишсиз тек ғана суў тасытып қойыў керек; суўсыз өрт өширип бодмайды, қалай айтып отырман мен? - Андрюшка Размётнов болса солқылдап жортады, қамшы көрмегенше артық жууырмайды да, желмейди де... Солай екен, атаманлық аўазасына қарай оның не қылыўы керек? Еки қолын еки бүйирине таянып, буйырып, шаўқым салып, бас аламанлық қылып, адамлардың аяғының арасында жүреди. Ал биз, яғный халық, ҳәзирше жай-парахат, ҳәзирше әстелик пенен ўақыт өткерип киятырмыз, бизиң сирә солай аса апыр-топырсыз-ақ, баса-бассыз-ақ ислеўимиз, өрт өшириўимиз керек...

Давыдов Аржановтың арқасынан қағып оның бетин өзине бурды да қуўлық пенен күлген көзлери ҳәм сақал басқан ашық жүзин жақыннан көрди. Давыдов сыпайылық пенен мыйығын тартып:

- Иван аға, сен өзиң жүдә бәле екенсең ғой! - деди.

- Сен де ҳеш кимге пайын жиберетуғынлардан емессең, Давыдов! - деди ол кеўилли жуўап берип.

Олар қәдимгидей әсте қыймылы менен келе берди, ал Давыдов қанша тәш күшин берген менен оннан ҳеш нәрсе шықпайтуғынына көзи жеткен соң, енди Аржановты асықтырғанды қойды.

Ол биресе арбадан секирип түсип қапталлап, биресе қайтадан отырып келе берди. Колхоз ислери ҳәм басқалар туўралы тийип-қашып әңгимелесип, Давыдов арбакешин еси пүтин адам екен деген пикирге кем-кем келе берди; ол барлық нәрселер туўралы ақыллы, ойлы түрде пәм жүритеди, бирақ ҳәр бир ҳәдийсеге қандай да бир айрықша өзиниң көз қарасы менен баҳа беретуғын еди.

Егислик ҳәм оның қасындағы асханадан таўланып шығып турған жинишке түтин узақтан көринген ўақытта Давыдов:

- Жоқ, ойын емес, Иван аға, сен пүткил өмириңе атларды усылай адым-адымы менен айдап киятырсаң ба? - деп сорады.

- Усылай айдап киятырман.

- Сен өзиңниң бул қолайсыз қылығыңды маған ертерек неге айтпадың? Билгенде мен сениң менен кетпеген болар едим, факт!

- Мен күннен бурын өзимди қалай мақтайын? Мине енди мениң қалай жүретуғынымды өзиң көрип отырсаң. Мениң менен бир рет жүрсең, екинши рет жүргиң келмейдн.

- Сен неге бундай болып қалғансаң? - деп күлди Давыдов.

Тикелей жуўап берип қойыўдың орнына Аржанов былайырақтан айналдырып былай деди:

- Баяғыда мениң бир қоңсым болды, өзи ағаш устасы, арақты көп ишетуғын еди. Ағаштан түйме соғады, бирақ арақхор. Ишпей жүреди, жүреди, соң аўзына тийди ме, бир айға шекем кеткени! Бийшара рузгарында барын сатып ишетуғын еди!

- Сөйтип?

- Ал баласы болса, аўзына алмайды.

- Сен гүмилжи қылмай анықлап айта бер.

- Усыннан артық анығы бола ма, шырағым. Тийеберсин, мениң әкем өл деген аңшы еди, оның үстине оннан бетер шабандоз. Әскерий хызметте жүргенде қылышласыў ҳәм

шабандозлық бойынша полкта бәрхә биринши сыйлықты алатуғын еди. Әскерден қайтып келген соң станица бойынша ат шабыспаларда да хәр жылы сыйлықты сол алады. Ол туўған әкем болса да қудай ийманын берсин, бир биймаза еди! Менмен хәм шыррық казак болды. Хәр куни азанда бир мыйықты алып печьке қыздырады да, сол мыйық пенен муртын шыйратып отырады. Көпке көрингенде, әсиресе қатынлар алдында пардозланып көриниўди жақсы қөретуғын еди. Атқа мингенин айтпайсаң ба! Қудай сақлағай! Егер жумысы шығып станицаға баратуғын болса, ат қорадан минис атын алып шығып ертлеп алады да, турған жерден шаба жөнеледи. Шарбақтан қуўыўы менен шетенниң үсти менен секиртип жибергенде, артында шаң бурқ ете қалады. Я жортанлап, я адым-адым өмирде жүрип көрген емес. Станицаға шекем жигирма төрт шақырым жол баратырсын да, қайтарсын да сондай шабыс. Сол хөккилигинен ат үстинде қоян қуўыўды жақсы көретуғын еди. Еситип отырсаң ба, қасқыр емес, қоян! Бир сырқынның түбинен қоянды қашырады да, жарды жағалатып қуўалаўы менен жетип алып, я қамшы менен урып алады, я атқа бастырады. Неше рет шаўып баратырып аттан қулап майрылса да сол нәшесин таслаған емес. Хожалығымызда көп атлардың басына суў қуйды. Мен билетуғыннан алты атты жоқ қылғаны бар: биреўин сүйегине тақап өлтирсе, екиншисин аяқтан айырады. Бизлер анамыз екеўимиздиң әптадамызды шығарды! Бир қыста еки атты өлтирди. Шаўып киятырып тайып түсип, тон жерге тарс ете қалды, болды тамам! Қарасаң ол ер-турманын арқалап жаяў тартып киятырғанын көресең. Анам өлген атқа қыйналып шыж-пыж болса да, ағама бәри бир. Еки-үш күн ыңырсып жатады да, денесиндеги көги кетпестен-ақ тағы аңға шығыўға талапланады...

- Атлар жығылып өлгенде, ол қалай аман қалады?

- Ат аўыр хайўан. Ол шаўып киятырып жығыла қойса, жерге тусемен дегенше үш рет тонқалақ асады. Ал әкем ше? Ол үзенгиден аяғын жаздырып алады да, аттың үстинен ғарлығаштай ушып түседи. Жығылып түсип есин жынаўға қанша ўақыт керек болса, сонша ўақыт ес-түсин билмей жатады да, кейин орнынан турып үйге қарай пыяда тарта береди. Бәле дәўжүрек адам еди. Сүйеклери де оның полаттаң жасалғандай еди.

- Күшли жигит болған екен! - деди Давыдов қызығып.

- Күшлиси күшли едидағы бирақ оннан да күшлилери табылып қалды.

- Не?

- Бизиң хутордың казаклары оны өлтирип таслады,

- Неге? - деп сорады шылым шегип отырып Давыдов қызықсынып.

- Маған да папиросыңнан биреўин бер, жаным?

- Иван аға-аў, сен шылым шекпейтуғын един ғой?

- Мен оны шекким келип ырастан шекпеймен, ермек қыламан. Хәзир сол ески ўақыялар есиме түсип кетип, аўзымның иши кеўип кетти. Неге өлтирди деп сорап отырсаң ба? Соған татығандай қылмысы болған демек...

- Солай болса да?

- Қатын ушын, оның бир ойнас қатыны ушын. Ол байы бар қатын еди. Буны ери билип қойыпты Ол ағам менен жекпе - жек алысыўға қорқыпты: ағам бойы кишилеў болған менен оғыры күшли еди. Соннан соң бизиң ағамның ойнас қатынының байы еки туўысқанын жәрдемге алыпты. Ўақыт масленицаға жақынлаған еди. Жаптың жағасында үшеўи ағамды күтип жата берипти... Қудай көрсетпегейсең, олар ағамды қалай урған десем, таяқ пенен де, бир темир менен де ура берипти. Азанда ағамды уйге алып келгенде ол еле естен танып жатыр екен, күйедей қап-қара болып кетипти. Ес-түссиз түни менен муздың үстинде жатқан. Қатты қыйналған болыўы керек, а? Музда жатқан ғой! Бир хәптеден кейин сөйлей баслады, бир нәрсе айтсаң түсине баслады. Қулласы өзине келди. Еки айға шекем кәттен түспей жатты, қан түпирип атты, аз-азлап сөйлейтуғын болды. Оның жуқа жериниң мылжа-мылжасы шыққан еди. Дослары көриўге келип: «Ким сени урған, Федор, айт, өзлеримиз...» деп сорайды. Сонда ол дым үндемейди, тек әсте мыйығын тартады да, көзин басқа жаққа бурып, анам шығып кеткен ўақта сабырлап: Есимде жоқ, досларым. Көп қатынлардың кийеўлериниң алдында гүнәкарман - дейтуғын еди.

Анам неше сапар оннан жалынып-жалбарынып: «Федюшка жаным, ҳеш болмаса маған-ақ айт: сени өлтирмекши болған ким? Қудай ҳақына айта ғой, мен ақыры кимди ғарғарымды билейин» деп соранады. Бирақ ағам қолын анамның басына салады да, жас бала қусатып шашын сыйпап: «Билмеймен ким екенин. Қараңғы еди, абайламадым. Туў сыртымнан басыма берип жиберип еди, ушып түсип, мени муз үстинде ким урғылағанын аңлай алмай қалдым» - дейди. Ямаса сондай етип әсте мыйығын тартып күледи де оған: «Өтип кеткенди есиңе түсирип не қыласың, жаным? Өзим гүнә ислеген екенмен жуўабын да өзим бериўим керек» - деп қоятуғын еди. Оны тәўбеге келтириў ушын молла да шақырып әкелдик, бирақ ол оған да ҳеш нәрсе айтпады. Сондай өжет адам еди!

- Сен моллаға ҳеш нәрсе айтпағанын қаяқтан билесең?

- Мен кәттиң астында сөзлерин еситип жаттым. Апам мәжбүрлеген еди. «Кир, Ванятка, кәттиң астында, тыңлап көр, мүмкин ол кимлердиң өлтирмекши болғанын моллаға айтар» деди. Бирақ ағам олар туўралы ҳеш нәрсе айтпады. Молланың берген сораўларына ол бес ретке шекем: «Гүнәлыман, тақсыр» деди де, оннан кейин: «Митрий ата-аў, ол дүньяда атлар бола ма?» - деп сорады. Молла қорқып қалған қусайды «ол не дегениң, ол не дегениң, қудайдың бендеси Федор! Ол жақта ат не жесин! Сен ийма765ыңды ойласаңо!» деп үсти-үстине айта берди. Ол ағамды уялтып, алдаттырып сорап көрди, бирақ ағам дым үндемей турды да, кейнинен: «Ол дүньяда атлар жоқ дейсең бе? Пай нетесең! Болғанда мен ол жерге барып жылқыман болар едим... Егер ол дүньяда ат жоқ болса, онда ол жерде ислейтуғын исим жоқ екен. Жан тапсырмайман, саған айтатуғын сөз сол» - деди. Молла соннан кейин оның иманын асыға үйирене-үйире сала өкпелеп қатты ашыўланыўы менен кетип қалды. Мен еситкенимниң барлығын апама айтып едим, ол: «Әкең гүнәға батып жасап келген еди, гүнәға батыўы менен өлип кететуғын болған екен!» - деп жылап жиберди.

Бәҳәрде қар ерип атыр еди - ағам түргелип, еки күн жайдың ишинде арман-берман жүретуғын болды, ал үшинши күни қарасақ пахталы сюртүги менен папағын кийип алып, маған: «Бар, балам Ванятка, маған бийени ертлеп бер», - деп жүр. Сонда бизиң хожалығымызда үш жасар жалғыз бийемиз ғана қалған еди. Анам еситип қалып дат-бийрат болып жылап жиберди: «Федя-аў, сен ҳәзир атта жүре алатуғын ба единң! Қалтарықлап зорға турсаң ғой! Сен өзиңе реҳимиң келмейди екен, ҳеш болмаса мына шым-шырқадай балаларын менен мени аясаң болмай ма!» Ағам шақалақлап күлип: «Шабазым-аў, усы жасыма келип өмирде жаяў жүргеним жоқ, ҳаў ҳеш болмаса өлер алдым да ердиң үстинде жай жүрсем де шарбақтың ишин бир-еки айланайын!» - деди.

Мен бийени ертлеп, есиктин алдына алып келдим. Анам ағамды қолтықлап сыртқа алып шықты. Ол еки айдан бери сақалын алмаған еди, жайымыздың иши қараңғы болғанлықтан оның түри қалай болып кеткенин абайламаппыз... Жақтыда оның жүзине көзим түсип еди, ишим жанып көзиме жас алып қоя бердим! Буннан еки ай бурын ағам қара ғарғадай қап-қара еди, ал ҳәзир сақалы шала ағарып қалыпты, муртлары да сондай, ал шашлары болса аппақ қардай... Егер ол қандай да бир жәбир тартқан түрде бундай етип күлимсиремегенде, бәлким, мен жылап жиберместе едим, ал сол ўақта ҳеш өзимди тутып тура алмай қалдым... Қолымнан аттың дизгинин алып, жалына жабысты, оның шеп қолы сынып, жақында ғана питкен еди. Мен оны миндирип жибере қояйын деп едим, ол қылмады. Оғыры өжет адам еди! Өзиниң мына ҳәлсизлигине де ары келди. Ол баяғы ўақытындағыдай етип ерге қус болып ушып минбекши болып еди, болмай қалды... Үзенгиге аяғын салып көтерилейин деп еди, шеп қолы ийкемге келмей, бармақлары жаздырылып кетип шалқа ортасынан жерге жалп ете қалды... Бизлер оны анамыз екеўимиз жайға кәтерип алып бардық. Бурын тек жөтелгенде ғана қан таслап келген болса, енди қан тамағынан толып ағатуғын болды. Анам кешке шекем ләгеннен бери кетпеди, қып-қызыл болған сүлгилерди тазалап үлгере алмады. Молланы шақырып келдик. Молла түнде оның иманын үйирип дуўа қылды, бирақ ол қандай қарыўлы адам десеңо! Иманын үйирип дуўа қылғаннан үш күн соң кешкисин ғана ол қапаланып, кәттиң үстинде арман бир, берман бир аўнай берди, кейин орнынан ушып турып анама

гиреўленген, бирақ күлимсиреп турған көзлери менен тигиле қарап былай деди: «Ийманын үйирип дуўа қылғаннан кейин жалаң аяқ жерди басыўға болмайды дейтуғын еди, азырақ турайынша... Мен бул жерди жаяў да, атлы да шарлап едим, қалай да оны таслап кете бериўге көзим қыймай тур... Маған қолларыңды берши, шабазым, олар бул дүньяда көп мийнет қылды...»

Анам оның қасына келип, қолынан услады. Ол шалқа ортасына жатып, үндемей турды да, кейин дерлик сыбырланып: «Мениң себебимнен ол көз жасын аз төккен жоқ деди де, жүзин дийўалға бурып, дүньядан қайтты, Василий әўлийенин жылқыларын бағыў ушын ол дүньяға қарай өтә кетти.

Есине түсип сезилгеннен болыўы керек, Аржанов бираз ўақыт үндеместен келе берди. Давыдов жөтелип қойды да:

- Иван аға, маған қара, сениң әкеңди анаў... қалай еди еле, анаў қатынның күйеўи менен туўысқанлары өлтирмекши болғанын қайдан билесең? Ямаса солай шамалап отырсаң ба? Шамаң солай ғой? - деп сорады.

- Шамаң деген не өзи! Өлмесинен бир күн бурын оны маған ағамның өзи айтты.

Давыдов ҳәттеки орнынан көтерилип басылыңқырап:

- Қалай айтты?

- Қәдимгидей етип айтты дә. Азанда апам сыйыр саўыўға кетип еди, мен мектепке кетер алдында сабағымды оқып столда отыр едим, ағамнын сыбырланып атырғанын еситип қалдым: «Ванятка, бери кел, балам мен қасына бардым. Ол сыбырланып: «Маған қарап төменирек еңкей» - деди. Мен төмен еңкейдим. Ол әсте ғана: «Мине, балам, сен ҳәзир он үшке келдиң, мениң кейнимнен хожалық ийеси сен боласаң, есиңде тут: мени урған Аверьян Архипов, оның еки иниси Афананасий менен Сергей қыйсық. Олар мени бирден өлтирип таслағанда, кеўлимде дық қалмаған болар еди. Бул туўралы мен сол жаптың ишинде есимниң бар ўақтында-ақ оларға айттым. Бирақ Аверьян маған соған аңсат өлим жоқ, жексурын! Көзиңнен асылып өз қаныңа өзиңниң мийириң қансын, соннан соң гүм боларсан» - деди. Әне соның ушын да мениң Аверьянда өшим бар. Өлим болса басымның ушында тур, сонда да жүрегимде оған деген кегим! Ҳәзир сен жассаң, үлкейип азамат болған соң мениң көрген азапларын есиңде болсын. Аверьянды өлтир! Саған мениң бул айтқанларымды хеш кимге айтыўшы болма - апаңа да яйтпа, хеш кимге айтып жүрме. Айтпайман деп ант етип шоқын». Мен шоқындым, көзлерим қурғақ еди, ағамнын мойнындағы крестти сүйдим...

- Туў, нәлет жаўсын, Кавказдағы черкеслердиң баяғы ўақыттағы әдетлериндей екен!- деди Аржановтың сөзинен шоршынып кеткен Давыдов.

- Черкеслердиң жүреги - жүрек, ал руслардың жүреги таспа? Адам болған соң жаным, бәри бирдей.

- Оннан кейин не болды? - деп сорады Давыдов шыдамай.

- Ағамды жерледик. Әўлийеден қайтып келип, мийманханаға кирип қапының үстиңги ағашына артымды берип суйендим де, басымның ушынан қәлем менен сызып қойдым. Мен бойымды ай сайын өлшеп белгилеп қойып жүрдим: тезирек улкейип Аверьянды өлтиргим келеди... Әне үй ийеси де болдым, ал сол ўақта мен он екиде едим, меннен басқа анамнын биринен бири киши тағы жети баласы бар еди. Ағам өлгеннен кейин анам тез-тез аўырып қала беретуғын болды, кудай көрсетпегей, биз нени көрмедик сонда! Ағам канша кыдырымпаз болған менен, қыдырыў менен бирге жумыс истеўди де билетуғын еди. Ол басқа гейбиреўлер ушын жарамас адам болып көринген менен, бизлер, балалары ушын, анам ушын мийирман еди; бизлерди бақты, кийиндирди, бизлер ушын жазы-қысы атызда арқасын бүгип жумыс иследи... Сол ўақлары мениң тулғам еле киши, сүйегим қатпаған еди, сонда да үлкен казак қусап хожалықтың барлық рузгаршылығын тартыўға туўра келди. Ағам барда бизлердиң төртеўимиз мектепке баратуғын едик, ағам өлгеннен кейин ҳәммемизге де мектепти қойыўға туўра келди. Он жасар қарындасым Нюрканы анамның орнына аўқат писириў менен сыйыр саўыўға қойдым, кишкене инилерим маған хожалық жумысларға көмеклести. Сонда да мен ҳәр ай сайын өлшенип, қапының үстинги ағашына

бойымды белгилеп барыўды умытқаным жоқ. Бирақ ол жылы өсиўимниң мәниси болмады, қайғы менен мүтәжлық ҳақыйқат өсиўиме мүмкиншилик бермеди. Аверьянды болса қамыс арасында қус салыўға түскен қасқырдың баласы қусап аңлыдым да жүрдим, оның ҳәр бир атқан адымы маған белгили, қайда барып, қайда турғанының бәрин билемен...

Мениң менен жас жораларым екшемби күнлери ҳәр түрли ойынлар ойнайды, ал мениң қолым тиймейди, үйдеги үлкени мен. Басқа күнлери олар мектепке қатнайды, ал мен болсам қорада маллардың астын тазалайман... Мениң бундай аянышлы турмысым жаныма тийип жылап жибергим келетуғын еди! Өзимниң жора-жолдасларымнан азырақ шетлейин дедим, бир түрли болып кеттим, дым үндемеймен, көпшиликке көрингим келмейди... Соннан кейин мен туўралы Ванька Аржанов ес ақылдан айрылып ақмақлаў болыптымыш деген сөз хуторға тарала баслады. «Нәлет болсын сизлерге!»- деймен ишимнен. - Мениң орнымда болармедиңиз сизлер! Мениң турмысымдай турмыс кеширсеңизлер ақыллы болып көтерме едиңиз? «Әне соннан кейин өзимниң аўылласларымды биротала жек көретуғын болдым, ҳеш кимниң жүзине қарағым келмейди!

- Қарағым, маған шылымыннан тағы биреўин бер.

Аржанов шылымды ебетейсиз алды. Бармақлары беп-белгили болып қалтырап тур. Ол көзин жумып, еринлерин кулкили етип шошайттырып, қатты-қатты шопылдатып шылымын Давыдовтан узақ ўақыт тутандырды.

- Ал Аверьян не қылды?

- Аверьян не қылатуғын еди? Кеўилиндегидей жасай берди. Ҳаялының мениң әкем менен жүргенлигин кешире алмады, өлгенше урды, ақыры бир жылдан кейин апарып гөрге тықты. Гүзге шыққаннан кейин өзимиздиң хутордағы бир жас қызға үйленди. «Сен, Аверьян, жас қатының менен узақ тура алмассаң еле!»- деп ойладым сонда мен...

Апамнан жасырып әсте ақша жыйнай басладым, ал гүзде жақын жердеги ғалле базарына алып барыўдың орнына жалғыз өзим Калачқа кеттим, ол жерде бир арба бийдайды саттым да, базарда қолдан тақ аўыз мылтық пенен оның он писенин сатып алдым. Қайтып киятырып жолда мылтықты атып көрмекши болып үш писенди жоқ қылдым. Жаман атылатуғын мылтық екен: теппеси жамды бирден жара алмай, еки писен атылмай үшиншиси барып атылды. Мылтықты үйде ол-пул қоятуғын жайдың төбесиниң салбырап турған каснағының астына жасырып сақладым, не сатып алғанымды ҳеш кимге айтпадым. Сөйтип Аверьянды аңлый басладым... Көп ўақытқа шекем ҳеш нәрсе ислей алдай жүрдим. Биресе адамлар кесент береди, биресе тағы бир себеп табылып өлтире алмай қаламан. Солай да бәри бир дегениме жеттим! Ең баслысы мен оны хутордыи ишинде өлтиргим келмеди, келиспей жүрген жери де әке сол еди! Покровтың биринши күни ол станицаға ярмаркаға тартты, қатынын қалдырып бир өзи кетги. Соның жалғыз өзи кеткенин билип шоқынып қоя бердим, болмаса екеўин де өлтириўге туўра келер еди. Мен бир ярым суткаға шекем нәрсе жеместен, ишпестен, кирпик қақпастан жолдың жағасындағы жарда оны аңлып жата бердим. Усы жарда жатып Аверьян хуторлы казаклар менен бирге топарласып қайтпастан жалғыз өзи қайтқайдағы деп қудайға қатты жалынып-жалбарындым. Алла-талам мениң жас тилегимди берди! Ертеңине кешке жақын қарасам.

- Аверьян жалғыз өзи тартып киятыр. Соған шекем не деген арбаларды тусымнан өткердимә, неше рет сол анаў жолда шаўып киятырғанлар Аверьянның атлары аў деп узақтан көрингенде жүрегим улы-дүрсилди болды... Ол тусыма келген ўақта, мен дәрриў жардан жуўырып шықтым да: «Түс, Аверьян аға, айт иманыңды!»- дедим. Ол дийўалдай болып ағарып кетти де, атларын тоқтатты. Бойы узын, тулғалы казак еди, бирақ маған ол не қыла алады? Мениң болса қолымда мылтығым бар. Ол маған: «Не қылмақшысаң сен, құрттай бәле?» - деп бақырды. Мен оған: «Түс арбадан, saққа жүгин! Не қылатуғынымды ҳәзир билесең!» дедим. Дәўжүрек еди, найсап! Арбадан секирип түсип қолында нәрсе жоқ, маған қарай жуўырды... Мен өзиме шақынырақ, тап ана бояндай жерге кетиңкиреп турып туўрылап берип жибердим.

- Ал енди атылмай қалғанда не қылар едиң?

Аржанов күлип:

- Онда ол мени жылқы бағыўға ағама көмеклесиў ушын ол дүньяға жиберер еди.

- Кейнинен не болды?

- Атлар мылтықтың даўысы менен ала жөнелди, ал мен болсам орныман қозғала алмайман. Аяқларымнын дмары жоқ, самал шайқаған жапырақ қусап пүткиллей қалтырап баратырман. Аварьян қасымда жатыр, оған адым да жақынлап бара алмайман, аяғымды көтерип көремен, бирақ қулап кетермен деп тағы төмен саламан. Әне сондай албырадым. Сөйтип азырақ өзиме келип, қасына бардым, бетине түпирдим де, шалбары менен пәнжегинин қалталарын ақтара басладым. Шыжланын суўырып алдым. Оның ишинде қағаз пулдан жигирма сегиз сом, бир алтын бес сомлық ҳәм еки-үш сомдай майда пулы бар екен. Мен оны кейин үйде санап билип жүрмен. Қалған пулларын ол болса жас қатынына базарлық алыў ушын саўса керек... Бос шыжланды сол жерге жолға тасладым да, өзим жарға секирип түсип, тура қаштым. Бул ўақыяның болғаны қашшан, бирақ тап кеше болғандай бәри ап-анық есимде. Мылтық пенен аяқларды жарға көмдим. Биринши қар жаўыўдан түнде барып оларды ашып алып, хуторға алып келдим де мылтықты биреўдиң тереклигиниң ишиндеги ғарры қызыл талдың геўегине жасырып қойдым.

- Пулын неге алдың? - деп сорады Давыдов қаталлық пенен ашыўлы түрде.

- Алғанда не?

- Неге алдың деп сорап отырман?

- Олар маған керек еди, - деп әйтеўир ғана жуўап берди Аржанов, -ол ўақта бизлерди мүтәжлық бийттен бетер бүрген еди.

Давыдов арбадан секирип түсип, көп ўақытқа шекем үндеместен келе берди. Аржанов-та а деп аўзын ашпады. Соннан кейин барып Давыдов:

- Усы болғаны ма? - деп сорады.

- Жоқ, болғаны емес, жаным. - Тергеўши ҳәкимлер ийт қуйын болып келип тергестирди, сорастырып көрди... Ҳеш нәрсе таппастан солайына қайтып кетти. Мени өлтирди деп ким ойласын? Көп узамай ағаш кесип жүрип Аверьянның иниси Сергей қыйсық та суўық тийип аўырып өлди: оның өкпеси исип қеткен екен. Әне сонда енди Афанасий да өз әжелинен өлип қалса ағам душпанларымнан өш алыў мәдет тилеген қолым пәнт жеп қалады-аў деп қыйналдым. Не қыларымды билмей қалдым...

- Тоқтап тур, - деди Давыдов оның сөзин бөлип. - Саған әкең тек Аверьян туўралы ғана айтқан жоқ па еди, сен үшеўине де гижинип жүрсең ғой?

- Ағам айтса айтыпты да... Ағамның өзиниң де ерки бар еди, мениң де өзимниң ерким бар. Әне сөйтип сонда мен қатты тыпыршыладым... Афанасийди кешки аўқатын жеп отырғанда терезеден атып өлтирдим. Сол күни түнде мен қапының төбесиндеги ағашқа ақырғы рет өлшенип көрдим де, кейин сызылған белгилердиң бәрин шүберек пенен өширип тасладым. Мылтығым менен писенлеримди болса жапқа батырып жибердим. Булардың барлығынында енди маған кереги болмай қалды. Ағамның тилегин де, өзимниң тилегимди де орынладым. Көп узамай анам өлетуғын болды. Түнде мени қасына шақырып алып: - «Оларды өлтирген сен бе, Ванятка?» - деп сорады. Мойныма алып:«Мен, апа»- дедим. Ол маған «ҳеш нәрсе де деместен, оң колымды услап жүрегине басты.

Аржанов дизгинди қозғаңқырап жиберип еди, атлар қаттырақ адам ата баслады. Ол балалардың көзлериндей жаўдыраған көзлери менен Давыдовқа қарап:

- Енди атларды неге қатты айдамайтуғынымды сорастырмайсаң ба? - деди.

- Бәри де түсиникли болды, - деп жуўап берди Давыдов, - Сен Иван аға, өгиз арба айдаўың керек екен, суў тасығыш болып, факт!

- Мен бул туўралы Яков Лукичке неше рет өтиниш еттим, ол келисим бермейди. Ол мени тап ақырына шекем ермеклеп коя бережақ...

- Неге?

- Мен баяғы бала гезимде бир ярым жыл оған малай болған едим!

- Ҳә солай десе;

- Аўа солай, жаным. Сен еле Островновтың есигинде өмир бойына күнликшилер

болғанын билмейтуғынбедиң? - Аржанов шайтанлық пенен көзин кысып қойды. - Болған, жаным, болған. Буннан төрт жыл бурын салық салып қыса баслаған соң ол пәсейди, секирер алдындағы жыландай қол-аяғы топ болды, колхоз болмай, салықлар аз болып келерме еди, Яков Лукич, өзиниң ким екенин керсетер еди, ойнаған екенсең! Нағыз барып турған кулак сол, сизлер оны ыссы қойныңызға алып жүрсизлер...

Давыдов узақ ўақыт үндемей турып барып

- Буның биз есабын табамыз, Островнов пенен аныңлап сөйлесемиз, солай да сен, Иван аға, дәртли адам екенсең, - деди.

Аржанов мыйығын тартып, ойға шүмген түрде узаққа көз жиберип былай деди;

- Дәртли деп отырғаныңды не десе болар... Мине анаў шийе ағашы өсип тур, оның түрли-түрли көп путақлары бар. Мен келдим де қамшы сап қылыў ушын бир шақасын кесип алдым, - ол бийшара путақтың да дәрти бар, өсип киятыр еди, шақаланып, жапырақларға малынып қулпырып өсетуғын еди, мен оны жонып тасладым, мине сол шақа... - Аржанов отырған жериниң астынан бир қамшыны алып, Давыдовқа өзеги кеўип қуйрап қалғаи қуры шийе сапты көрсетти. - Мине көрип турсаң! Қарайтуғын жери жоқ! Мине адам да тап сондай, ол да усы қамшы сапқа усап дәрти болмаса тәсирсиз, сықылсыз болып қалады. Әне Нагульнов бир бөтен тилди үйрениўдиң дәртинде жүр дәртли. Крамсков ғарры болса жигирма жылдан берли шырпының ҳәр түрли қабын жыйнайды - дәртли, сен Лушка Нагульнова менен ойнаслық қылып жүрсең - дәртли; бир араққа тойып алған адам көшеде киятырып аяғы шалынысып кетеди де, шетенге жаўырнын ийзейди - бул да дәртли. Шырағым, баслықжан, қайсы адамды болса да дәртинен айырып көр, тап қамшы сап қусап тәсири қашып ийини түсип шыға келеди.

Аржанов Давыдовқа қамшыны созды да, сол ойға шүмиўи менен күлимсиреп:

- Мә қолыңа услап көр, ойлан, мүмкин ақылыңа келерсең... деди.

Давыдов жақтырмай Аржановтын қолын қағып жиберди:

- Ақылыңды басына жақ! Мениң онысыз да ойланып, онысыз да ҳәмме исти шешиў қолымнан келеди!

Усыннан кейин олар тап атызға барғанша жол бойы дым үндеспеди...

## VI БАП

Бригадада адамлар түслениўге шыққан. Тутас жайыла орнатылған узын столға барлық плугшылар менен айдаўшылар сыйысып отыр. Анда-санда еркеклерге тән өткир ҳәзил менен бир-бирин басқылап, аспаз тәрепинен таярланған кашанын сапасы туўралы ашық пиқир алысыўы менен аўқатларын жеп атыр.

Ол бәрҳә дузын кем қылады! Аспаз емес, дәрт! - Дузы кем болғанда түлеп кетермен дейсең бе, алда дузын дурысла да.

- Бизлер Васька екеўимиз бир табақтан жеп отырмыз ғой, ол дузы кемин жақсы көреди, ал мен дузлысын тәўир көремен. Екеўимиз бир табақты қалай бөлип аламыз? Ақыллы болсаң соны айт!

- Ертең шетен тоқып, табағымызды еки бөлип ортасына шетен тутып беремиз, аўа?! Пай еси кеткен, екенсең! Соған да ақылың жетпегени!

- О, достым, сениң ақылың да өзиңниң тапшыл өгизиңниң ақылынан артық емес екен.

Стол дөгерегинде олар еле айтысып-басқыласып отыра беретуғын түри бар еди, бирақ ҳәммеден көргиш плуг айдаўшы Прянишников қолын маңлайына тутып узақтан арбаны көрип қалды да, әсте-ақырын ысқырып жиберди:

- Ол киятырған аўма Ванька Аржанов, қасындағы - Давыдов.

Столдың үстине шақыр-шуқыр қасықлар келип түсе берди, ҳәммениң нәзери сайға түсип, азырақ көринбей кеткен арба жаққа шыдамсызлық пенен тигилди.

- Масқара болдық! Тағы бизлерди (буксирге) мешеўге алыўға киятыр, - деди сабырлы түрде кейинип Агафон Дубцов. - Шеремендемиз шықты! Жоқ, енди мен буған көнбеймен! Енди сизлер көзлериңизди өзлериңиз қыпылықлата бериңлер, көзлеримди қыплықлата-

қыпылықлата шаршадым, мен уялғанымнан оның жүзине қарай алмайман.

Ҳәмме бирден орнынан турып қарсы алғанлығын көрген ўақытта Давыдовтың жүреги жаллы соғып мәзмайрам болды. Ол адымын кеңнен-кеңнен атып киятыр, оған қарап қоллар созылып, күнге күйип қараўытқан еркеклер менен ҳаяллар ҳәм қызлардың кун тийген ақшыл қара мағыз жүзлериниң күлими жарқырайды. Бул ҳаял-қызлар ҳақыйқат кунге күйип, ҳеш ўақытта қараўытпайды, жумыста жүргенде басын ақ орамал менен орап алып, оннан көзи ушын ғана кишкене саңлақ қалдыратуғын еди. Давыдов жол-жөнекей ушырасқан таныс жүзлерге қарап мыйық тартып күлип киятыр. Олар Давыдов пенен жүдә баўырласып кеткен, оның келгенине оғада қуўанышлы ҳәм туўысқанындай етип күтип алып атыр. Көзди ашып жумғаншадағыдай аз ўақыттын ишинде бул Давыдовтың атына жетип барғанда, оның жүреги қуўаныш пенен елжиреп, даўысы көтериңкирек ҳәм қырылдаңқырап шықты:

- Қәне, салем, артта қалыўшы мийнеткешлер! Мийманға аўқат бересизлер ме?

Ким узақ ўақытқа келген болса - аўқатландырамыз, ал ким бир саатқа, қонақ болып келген болса, тек ғана ийилип-бүгилип шығарып саламыз. Солай емес пе, бригадир? - деди ҳәммени күлдирип Пряничников.

- Мен сирә сизлерге узақ ўақытқа келген болыўым керек, - деди күлип Давыдов.

Дубцов қулағыңды жаратуғын жуўан даўысы менен:

- Есапшы, сен бүгиннен баслап толық тәмийин етиў ушын буны дизимге алып қой, ал сен, аспаз, қарнына қанша сыйса сонша каша салып бер!» - деп бақырды.

Давыдов столды айланып, ҳәмминиң қолынан алып шықты. Еркеклер қәдимги үйренип қалған әдет бойынша қол қысысып сәлемлесип атыр, ал ҳаял-қызлар болса көзине көзи түскенде қысылып, қолларының алақан жағын созып атыр: өзиниң жергиликли казаклары оларға бундай етип онша кеўил бермейтуғын еди ҳәм ушырасып қалғанда тең адамдай көрип ҳаял-қызларға дерлик ҳеш ўақта бундай ҳүрмет қылмайтуғын еди,

Дубцов Давыдовты қасына шығарып, аўыр, ыссы алақанын оның дизесине қойып отырды.

- Келгениңе жүдә қуўанышлымыз, қәдирданымыз Давыдов,

- Көрип турман, рахмет!

- Бирақ сен дәрриў кейий баслама...

- Кейиў деген мениң ойыма да кирип шыққан жоқ.

- Жоқ, сен, әлбетте кейимей шыдап тура алмайсаң, онысыз күниң кешпейди, ашшы сөзлериңниң бизлер ушын пайдасы да бар. Бирақ ҳәзирше үндемей тур. Адамлар аўқат жеп атырғанда, олардың иштейин бузыўдың кереги жоқ.

- Тоқтап турыўға болады, - деп бир күлип қойды Давыдов. - Жақсылап сөйлесип алатуғынымыз сөзсиз, бирақ енди адамлар аўқатланып атырғанда еплеп шыдап турамыздағы, а?

- Әлбетте шыдап турыў керек! - деди Дубцов ҳәммени дуў күлдирип, өзи қасыққа ҳәммеден бурын асылды.

Давыдов табақтан басын көтерместен дыққат пенен дым үндемей аўқатын жей берди. Ол түсленип атырған қосшылардың сабырлы даўысларына қулақ салмады, солай да бетине биреўдиң көзин алмастан тигилип қарап турғанын сезип отырды. Давыдов жеңил дем алып гүрсинип қойды; оның көп ўақыттан бери биринши рет аўқатқа ыраслап тойғаны усы еди. Бала қусап ағаш қасықты жалаўы менен басын табақтан көтерди. Столдың үсти менен жаўдыраған сулыў қуба көзлер оған қарай туппа-туўры тайсалмай тигиледи. Бул жаўдыраған сулыў көзлерде не деген из түспеген ыссы муҳаббат, күтиў менен үмит ҳәм қайылшылық жатыр дейсең, Давыдов оған шыдам бере алмай ҳә демей албырап қалды. Ол бул қоллары үлкен, бойшаңнан келген он жети жасар сулыў қызды жыйналыста ҳәм былайынша көшеде бурын да бир неше рет ушыратқан еди. Сонда қыз оған қарап уялып күлимсирейтуғын еди, оның бирден қызарып сала беретуғын жүзинде уялғаны сезилип туратуғын еди, ал ҳәзир оның көз қарасында бурынғылардан басқашалаў

бир бой жеткенликтиң ҳәм ыраслап киятырғанлықтың белгиси көринеди...

«Сени маған ушырып киятырған қандай самал, сениң маған не керегиң бар, сулыў қызалақ-аў? Мени не қыласаң? Не деген жас жигитлер дөгерегиңнен шықпайды, ал сен болсаң маған тигилесең де турасаң, әй көзсиз! Мен болсам сеннен еки есе үлкенмен, денем тилким-тилким, түрим де сықылсыз, бужырман, ал сен оны көрмейсең. Жоқ, сениң маған керегиң жоқ, Варюха Дәртли! Менсиз-ақ камалға кел, жаным» - деген ойларға кетти Давыдов қыздың қан тамып турған бетине кеўилсизлеў қарап.

Көзи Давыдовтың көзине түскенде ол әсте ғана терис бурылып жерге қарады. Кирпиклери қыймыл-қыймыл етип, гөне кир кофточкасының бүрмелерин жөнлеп атырған ири оғаш-оғаш бармақлары беп-белгили болып дирдирейди. Ол өзиниң ишки сезимлери бойынша еле аңгөдек ҳәм ойсыз болғанлықтан, балалыққа салып оны жасыра алмайды, бунын бәрин тек көзи соқыр адам ғана абайламаўы мүмкин. Кондрат Майданников Давыдовқа қарап күлип жиберди:

- Сен Варькаға қарай берме, ол биротала қызарып кетер! Бар, жуўынып кел Варька, бәлким азырақ басыларсаң. Ҳаў еле қалай барады? Оның ҳәзир аяғында жан жоқ ғой... Ол мениң ат жетегишим болып ислейди, сени қашан келеди деп мени жүргизбейди, сорай береди, сорай береди, Давыдов. «Мен қайдан билейин, қашан келетуғынын, қойсеши!» - деймен мен оған, ал ол болса азаннан кешке шекем сол сораўды қайта-қайта берип қуўрақ ағашты тоқылдатып атырған тоқылдаўық қусап қулағыма тынышлық бермейди.

Аяғының жаны кетип қалды деген әңгимени өтирикке шығармақшы болғанға усап Варя Харламова қыялап бурылды да әсте ғана дизесин бүгип отырған орынлығынан бирден секирип түсти, қуўарған еринлери менен бир нәрсе деп сыбырланып, Майданниковқа ашыўлы көзи менен қарап, будка бетке қарай барды. Будканын тап түбине барып тоқтады да, столға қарай бурылып дирилдеген даўыс пенен:

- Сен, Кондрат аға... сен, аға... сен бийкар айтып отырсаң! - деп бақырды.

Өған ҳәмме дуў күлки менен жуўап берди.

- Алыста турып өзин жақлап атыр, - деди Дубцов күлкиге алып. - Узақтан аңсат болады.

- Сен неге қызды уялтасаң? Оның жақсы емес! - деди наразылық пенен Давыдов.

- Сен еле оны билмейсең - деп мүнайым жүўап берди Майданников, - ол сениң козиңше бундай мүнайым болып тур, сен болмасаң бәримиздиң де тумсығымызды уўады, ол туўралы ойланып отырмайды да. Аўызлы қыз! Қыз емес, шаян! Көрдиң бе, орнынан шапшып турғанын? Тап кийиктей!...

Жоқ, пүткил бригадаға әлле қашан белгили болған, ал өзи жаңа ғана биринши рет еситип отырған қыздағы бул балалық муҳаббат Давыдовтың ерлик намысын алдай алмады. Егер усындай шексиз берилиўшилик ҳәм сүйиўшилик пенен басқа бир көзлер ҳеш болмаса бир рет қарап қоярма еди - онда гәп басқаша болар еди...

Қолайсыз әңгимени басып таслаўға урынып Давыдов ҳәзил менен:

- Мәйли, аспаз бенен ағаш қасыққа рахмет! Өлгенше тойдырды, - деди.

- Ғайрат салып хызмет қылғаны ушын аспаз бенен қасыққа емес, баслық, оң қолын менен үлкен аўзыңа рахмет айта бер. - Және азырақ салайын ба? - деди столдан кетериле берип гүжирейген, оғада семиз аспазшы қатын.

Давыдов оның үлкен келбетине, кең жаўырынына, қушақ жетпес жуўан геўдесине қалай болса солай таңланып қарады.

- Сизлер буны қайдан таўып алдыңлар? - деп сорады, ол даўсын әсде шығарып Дубцовтан.

- Таганрог металлургия заводында өзлеримиздиң айрықша заказымыз бойынша соғып берди, - деди жеңил минезли жас есапшы жигит.

- Мен сени бурын қалай көрмегенмен? - деп таңлана берди Давыдов. - өзиң усындай оғыры үлкен болсаң да, сени көрмеппен, анажан.

- Бала болғаныңа! - деп гүрк ете қалды аспазшы ҳаял. - Мен қалай саған ана боламан, жасым жаңа қырық жетиге қелсе де ана бола беремен бе? Мени көре алмағаныңның

себеби, мен қыста үйден шықпайман. Усындай жуўан, аяғым келте болғанлықтан қарға жоқпан, тегис жерде-ақ қардан шыға алмай турып қаламан. Қыста ҳеш қайда шықпастан үйде отыраман, жип ийирип, орамал тоқыйман, қулласы еплеп тамағымды асырайман. Батпаққа да жоқпан, тайғақта түйе қусап тайып түсермен деп қорқаман, соңлықтан мына қурғақшылықта аспазшы болып ислеп атырғаным. Мен сениң өмирде де анаң емеспен, жолдас баслық! Мениң менен татыў болғың келсе - мени Дарья Куприяновна деп атаң, әне сонда усы бригадада ҳеш қандай аш болмайсаң!

- Сениң менен татыўлықта жасаўға толық келисим беремен, Дарья Куприяновна! - деди күлимсиреп Давыдов, орнынан турып оған ҳақ кеўли менен ийилип ҳүрмет етти.

Солай етсең саған да жақсы. Ал енди табағыңды берман соз, мен саған тамақ басыўға азырақ қатық қуйып берейин, - деди аспазшы ҳаял Давыдовтың киши пейиллилигине жүдә кеўли толып.

Ол табаққа сақый қолы менен бир килограмм келетуғын майы алынған қатықты қуйып, ийилип ғана узатты.

- Неге сен өндиристе ислемей, аспазшы болып жүрсең? - деп сорады Давыдов. Мына аўырлығың менен плугты бир рет басып жибергениңниң өзинде пазна жерге бирден ярым метр синип кетер еди, факт!

- Ҳаў мениң жүрегим аўырыў ғой! Докторлар мениң жүрегимди май басып кеткен дейди. Аспазлықтын өзи де маған аўыр, азырақ қазан-табақ услағанның өзинде жүрегим соғып қалып, тамағыма тығылады. Жоқ, жолдас Давыдов, мен плуг айдаўшы болыўға жарамайман. Ол мениң айтатуғын қосығым емес.

- Жүрегим әзиз деп жүрип күйеўден үшеўин көмди. Үш казактың басына жетип, енди төртиншисин излеп жүр, бирақ талабанлар табылмай тур, бир күни басып өлтиреме деп оған үйлениўге қорқады, - деди Дубцов.

- Өтирикши! - қотыр тийип өл, - деди ырасы менен ашыўы келген аспазшы ҳаял. - Мениң не айыбым бар, үш казактың биреўи де етли-теңли болып шықпай, ылғый әзиз, өлейин деп турған болып келсе, соған мен гүнәлыманба?

- Сен оларға өлиўге жәрдем бердиң ғой, - деди өшегисип Дубцов.

- Мен қалай жәрдем бериппен?

- Қалай екенлиги белгили ғой...

- Сен туўрылап айт!

- Маған онысыз да бәри түсиникли.

- Жоқ, сен туўрысын айт, неге аўзында босқа жумсайсаң!

- Қалай екенлиги белгили: өзиңниң сүйиспеншилигиң менен, - деп аңлаңқырап сөйледи Дубцов күлип.

- Белли ақмақсаң сен! - деп ашыўлы бақырды аспазшы ҳаял ўаҳаҳаны басып ҳәм столдын үстиндеги табақлардың жартысын бир қушақ етип сыпырып алып.

Жуўғарада ашыўланбайтуғын Дубцовты ансатлық пенен жеңиў қыйын еди. Ол асықпай-саспай қатығын ишип болды да, муртларын алақаны менен сыпырып:

- Мүмкин мен ақмақ шығарман, мүмкин белгили ант урған болыўым, бирақ, келиншек, мен бул нәрселердиң егжей-тегжейине шекем түсинемен.

Усы ўақта аспазшы ҳаял Дубцовқа қарап бир нәрсе деп еди, столдың дөгерегиндеги отырғанлар бурынғыдан бетер ўаҳаҳалап күлип жиберди, күлкиден ҳәм уялғаннан Давыдов зорға сөйледи:

- Бул қалай болды, ағайинлер? Бундай гәпти мен флотта жургенде де еситкен жоқ едим...

Солай да Дубцов сөзин жойтпастан билқастан қызбалық қылып бақырып жиберди:

- Ант ишемен! Крестти сүйиўге таярман! Бирақ сөзимнен қайтпайман, Дашка сениң сүйиспеншилигиңнен үш күйеўиңде ол дүньяға кетти! Үш еркек деген ол аз нәрсе емес... Ал өткен жылы Володька Грачев неден өлди деп отырсаң? Ол саған барып жүретуғын еди ғой...

Дубцов сөзин таўыспай атырып-ақ бирден шырп етип төмен бүгилип қалды: басының

үстинен снарядтың оғындай болып аўыр ағаш шөмиш зуў етип өтип кетти. Дубцов жас жигитлердей шаққанлық пенен скамейкадан секирип өтти. Ол столдан он метрдей жерге барған ўақытта бирден бир қапталға секирип кетти де жылт етип бурылды, қасынан қатығы жән-жаққа шашыраған қалайы табақ зуўылдап ушып өтип, ҳаўада айланып узағыраққа барып жерге жалп ете қалды. Дубцов аяғын алшайтып муш көрсетип бақырды:

- Эй, Дарья, қыза берме. Не ылақтырсаң, ылақтыр ә, бирақ тас табақларды ылақтыра көрме? Сынған ыдысларыңды, қудай урсын, мийнет күниңнен алып қаламан. Бар, Варькадай болып будканың артына шық, сол жерден көринбей турып өзиңди ҳақлаў жеңилирек болады... Мен бәри бир сөзимнен қайтпайман: куйеўлериннин басына жеттиң, енди меннен өш алажақсан.

Давыдов бул аўҳалды зорға басты. Шылым шегиў ушын ҳәмме будкаға жақын жерге барып отырды, ал Кондрат Майданников күлкиден тутлығып былай деди:

- Ҳәр күни я түсленип атырғанда, я кешки аўқатты жеп атырғанда әйтеўир усындай бир ўақыя болмай қоймайды. Агафонның көзиниң түби пүткил шекесине шекем бир ҳәптеге шекем көгерип журди - Дарья мушы менен берип жиберген, сонда да оны дәлкек қылғанды қоймайды. Сен, Агафон, жер сүриўден тәп-тәўир болып қайталмассаң еле, ол сениң көзиңди шығарады да, я аяғыңды артына айналдырып кояды, сен еле дәлкеклеймен деп көрерсең...

- Бул қатын емес, ал «фордозон» тракторы! - деди Дубцов көтермелей қасынан ғоддаслап өтип баратырған аспазшы ҳаялға көзиниң астынан қарап.

Сөйтип оны көрмеген адам қусап қатты даўыслап қойды:

- Жок, досларым, жасырып не қылайын, егер үйленбеген болғанымда ма, онда Дашкаға үйленер едим. Бирақ үйленгенде де бир ҳәптеге ғана үйленип, соң жоламай кетер едим. Усынша шыдамлы болсам да, бир ҳәптеден артық шыдай алмас едим. Ҳәзирше өмирден безгим келмейди, Мен неге өзимди өлимге байлап берейин? Гражданлар урысында сонша болып өлмей келип, енди бир қатыннан өлип кетейин бе... Жоқ, мен қанша белгили ақмақ болсам да питкен шайтанман! Бир ҳәпте қалай етсемде Дашка менен ўақыт өткеремен, ал кейнинен түнде әсте ғана кәттен ысырылып түсип, есикке шекем еңбеклеп барып, есикке жеткеннен кейин үйге барғанша тасырақлап қашыўым бар ғой... Сөзиме исенырсаң бе Давыдов, өтирик айтады деген не, қудай көрсетпесин, мине Прянишников та турыпты алдасам көзи бар бир күни бизлер жақсы аўқат ушын Дашаны қушақлап көрмекши болдық, ол алды бетинен, ал мен арқа бетинен, екеўимиз бир-биримиздиң қолларымызды ушластырып көрип едик, қәне қушағымыз жетсе, оғыры жуўан екен! Есапшыны шақырдық та - ол жас жигит, бирақ қорқақлаў, Дашканың қасына жақынлаўға да жүреги даўамайды. Әне солай етип ол биротала пүткил өмирине қол жетпес жўўан болыўы менен қалып қойды...

- Сен ол ант урғанның сөзине исенбе, жолдас Давыдов! - деди енди ашыўы кеткен түрде күлип аспазшы ҳаял. - Егер ол бүгин өтирик сөйлемесе, ертең иши жарылып өледи. Айтқанының бәри өтирик, ол сондай:

Шылым шегип болғаннан кейин Давыдов:

- Айдалмаған тағы қанша жер қалды? - деп сорады.

- Оғыры көп, - деди Дубцов жуўап бергиси келмеген түрде. - Бир жүз елиў гектардан көбирек. Кеше бир жүз елиў сегиз гектар қалған еди.

- Жүдә жақсы ислемепсизлер, факт! - деди суўық түрде Давыдов. - Не талап қылдыңлар! Аспазшы Куприяновна менен масқарапазлық қылдыңлар ма?

- Сениң бул сөзиң орынсыз.

- Неге биринши ҳәм үшинши бригадалар қашшан жер сүриўди тамам қылады, ал сизлер соза бересиз?

- Қәне, Давыдов, кеште ҳәмме бирге жыйналып жақсылап сөйлесип алайық, ал ҳәзир айдаўға кетейик, - усыныс етти Дубцов.

Бул орынлы усыныс еди, Давыдов азырақ ойланып көрди де, келисим берди.

- Маған қайсы өгизлерди бересиз?

- Мениң өгизлерим менен-ақ айдай ғой, - деп кеңес берди Майданников. - Мениң өгизлерим жумыстын тәсилин алған, өзлери де жақсы, еки жуп өгиз семиз ҳәзир курортта

- Курорттасы қалай? - деп таңланды Давыдов.

Кулимсиреп Дубцов оған түсиндирди:

- Әзиз, қоста жүрип жатып қала береди, соннан соң қостан босатып, ҳәуиздиң қасындағы отлаққа өз аўанына жайылаўға жиберип қойыппыз. Ол жердиң шөби жумсақ, ширели, семирсин, бәри бир биз олардан ҳәзир пайдаланып атырғанымыз жоқ. Олар қыстан арықлап шығып еди, ҳәр күни қосқа жегилип кетереми шығып плугты тарта алмай қалды - әне сол. Үлкен өгизлердиң қасына қосып та көрдик, бәри бир, ҳеш нәрсе шықпады. Кондраттың өгизлери менен айдай бер, ол дурыс айтып отыр.

- Ол өзи не талап қылады?

- Мен оған еки күнге үйине барып келиўге жуўап бердим. Ҳаялының табы шығып жатып қалыпты, ҳәттеки Ванька Аржановтан ишки кийимлер де берип жибере алмапты, үйге келип кетсин депти.

- Онда гәп басқа. Болмаса мен сен өны тағы да бир жаққа курортқа жиберейин деп атырған шығар деп ойлап қалып едим. Көрип турман, сизлердиң кейпиңиздиң өзи курорттағыдай екен...

Дубцов Давыдовқа билдирмей басқаларға көзин қысып еди, ҳәмме орнынан қозғалып өгизлерин жегиўге киристи.

## VII БАП

Күн батып баратырғанда Давыдов өгизлерин қарталықтың аяқ бетине шығарып қостан босатып, бас жиплерин алды. Ол таптың қасындағы шөптиң үстине барып отырды да, пәнжегиниң жеңи менен маңлайындағы терди сүртти, қалтыраған қоллары менен шылымын орай бергенде ғана өзиниң қатты шаршағанлығын сезди. Оның жаўырыны сырқырап, тақымларының астында қандай да бир безлер ойнап жүр, қоллары ғаррыға қусап қалтырап тур.

- Таң қараңғысында өгизлерди таўып ала алар ма екенбиз? - деп сорады ол Варядан.

Варя оның қарсы алдында сүрилген жерде тур еди. Оның тозған үлкен шарықлары қыйып кеткен кишкене аяқлары жаңа ғана плуг аўдарып кеткен жумсақ топыраққа тобығына шекем кирип тур. Шаңнан суры шығып кеткен орамалын бетинен алып, ол:

- Табамыз, олар түнде алыслап кетпейди, - деди.

Давыдов көзин жумып, темекисин қумарланып шегип отыр. Ол қыздың бетине қарамайын деген еди. Ал Варя болса бахытлы жайнаған ҳәм шаршаған күлим менен әсте ғана:

- Сен мени де, өгизди де қатты қыйнадың. Жүдә сийрек дем алады екенсең! - деди.

- Мен өзим де өлгенше шаршадым, - деди тунжырап Давыдов.

- Тез-тез дем алып алыў керек. Кондрат аға өзи де тез-тез дем алып, өгизлердиң де мурнын жалатып алатуғындай көринеди, сонда да ҳәммеден көп жер айдайды. Ал сен болсаң көнликпегеннен соң шаршап қалдың...

Варя «жаным» деген сөзди де қосып айтпақшы болып еди, бирақ қорқып кетип ернин қатты қысты.

- Ол айтқаның дурыс, еле көнликпей атырман, - деди Давыдов.

Ол куш пенен орнынан зорға түргелип, болдырған аяқларын еплеп басыўы менен тап бойлап қосқа қарай жүрди. Варя оның кейнинен, соң теңлесип, қатарласып жүрди. Давыдов жыртылып тозған, оңып кеткен матросларша көйлегин шеп қолына қысып киятыр. Бағана күндиз плугты оңлайман деп төмен ийилип еди, жағасы плугтың тутқасына илинип, бирден бойын тиклеп тургеле бергени, көйлеги екиге қақ бөлинди. Күн қайнаған ыссы. Ол көйлексиз де жәп-жақсы болып ислей беретуғын еди, бирақ қасында қыз жүргенде бел буўарына шекем жалаңаш плугқа асылып жүриў дым қолайсыз болды. Қысынып матросша көйлегин қымтастырып жүрип сеннен бир илгешек табылмас па екен

деп сорады. Қапылып қыз жоқ деп жууап берди. Давыдов мәниси болмай қос тәрепке қарады. Оған шекем кеминде еки километрдей бар еди «Қалай болса да барыў керек» - деп ойлады Давыдов ҳәм өкингенинен тамағын қырып әсте гүбирленди:

- Маған қара, Варюха-Күйгелек, сен усы жерде мени күте тур, мен қосқа барып келейин.

- Неге?

- Мына жыртықты шешип, пәнжек кийип кележақпан.

- Пәнжек ыссы болады ғой.

- Жоқ, солай болса да барып келмесем болмайды, - деди өжетлик пенен Давыдов.

Қудай сақлағай, расында да ол көйлексиз қалай ақ көкирегин ашсын! Енди ол мүнәйым нәрестениң буның көкиреги менен қарынындағы сүўретлерди көриўи бир кемисиме еди. Дурыс Давыдовтың кең көкирегиниң еки тәрепиндеги татуировка[5] қарағанында сыпайы ҳәм ҳәттеки азырақ тәсирлирек те еди, флот художнигиниң қолы менен уқшатып еки кептердиң сүўрети салынған: Давыдов сәл қозғалды болды, көкирегине ойылған көк кептерлер ҳәрекетке кирип сала береди, ал ийинлерин қыймылдата қойса, онда кептерлер сүйисип атырғандай болып бир-бирине тумсықларын тийгизиседи. Әне солай. Ал енди қарынындағысы... Бул сүўреттиң дәртинен Давыдов көп ўақыттан бери азап шегип киятырған еди. Гражданлық урыс жыллары жигирма жасар жас матрос Давыдов бир куни араққа өлгенше мәс болып қалды. Миноносецтиң кубригинде оған тағы бир стакан спирт әкелип берди. Путында жалғыз трусыйы менен ол ессиз, түссиз төменги кәтте жата берди, ал қасындағы тральниктеги араққа мәсирген еки жорасы татуировкалаўдың шеберлери - мәс геллесине не келсе уятсызлық пенен соның нағысын келтирип, Давытовтың үстинде кулперең болды. Соннан кейин Давыдов моншаға барғанды қойды, медициналық тексериў бола қойса мени тек еркек врачлар көрсин деп турып алады.

Әскерий хызметтен қайтып келип заводта ислеўиниң биринши жылларында Давыдов жүреги даўап бир рет моншаға барды. Еки қолы менен қарнын бастырып, бир бос ләгенди таўып алды да, басын сабын менен көпирткени сол-тап усы ўақыттын өзинде қапталынан, төменнен әсте күлисип атырған даўысты еситип қалды. Давыдов бетиниң сабынын кетирип қараса: таныс емес бир әдеўир жасқа барып қалған жылтыр бас гражданин, текшеге колларын тиреп, еңкейип, уялмастан буның қарынындағы сүўретлерге туппа-туўры қарап марапатланып, әсте-әсте қықылдап күлип атыр. Давыдов асықпай-албырамай суўын төгип, аўыр емес ләген менен көбирек қызықсынатуғын бул гражданинниң жалтыраған төбесине қойып жиберди. Сүўретти толығы менен көрип бола алмай атырып-ақ ол көзин жумып әсте ғана еденге жата кетти. Давыдов сол асықпаўы менен жуўынды да, оның басына бир ләген суп-суўық суўды қуйып жиберди де, тек жылтыр бас көзин ашқанын көргеннен кейин ғана кийинетуғын жерге қарай шығып кетти. Әне соннан баслап Давыдов моншада орысшалап, өзин пуўға тутып ҳақыйқат ҳәз етип жуўыныўдан биротала гүдерин үзди, буннан былай үйде жуўынатуғын болды.

Қарыныма салынған сүўреттиң бир шети Варяға көринип кетпесе болар еди-аў деген ой есине тусип кеткениниң өзинде Давыдов қызарып сала берди, ашылып баратырған матрос көйлегиниң етегин қаттырақ қымтап қойды.

- Сен өгизлерди босатып, отқа жиберерсен, мен кеттим, - деди ол гүрсинип. Ол айдалған жерди айналып барыўы я ҳәр жерде бир сүринип шудигар кешип жетиўи керек, буның бәри де мына бир қәпелимде болған нәрсениң себебинен.

Бирақ Варя Давыдовтын тыпыршылаўын өзинше жорыды. «Мениң сүйиклим қасымда кейлексиз жалаңаш ислеўге уялып жүр» - деп ойлады ол қызларға тән өзиниң әдеплилигин сыйлап ислеген. Давыдовтың жүрегиндеги сезимине миннетдар болған түрде, бирден аяғындағы шарықларын шешип таслады.

- Мен тезирек жуўырып барып келемен!

---

[5] Татуировка - денеге сүўрет салыў (редактордың ескертпеси).

Давыдов аўзын ашаман дегенше ол қосқа қарап кустай ушты. Жердиң үстинде оның шаққан басқан ҳәм қара дойыр болған қаралтым аяқларынан шыққан жумаланған топырақ шашырандылары көринеди, оларды самал ушырып басындағы ақ орамалының ушына әкелип соғады. Ол сәл алдына еңтерилип мушын түйиўи менен оны тығыз көкирегине басып алып шаўып киятыр, ойында жалғыз ғана бир нәрсе: «Шаўып барып пәнжегин әкелип беремен, кеўлинен шығаман, әне сонда ол сонша ўақыттың ишинде ҳеш болмаса бир рет бетиме күлип қарайды ғой, ҳәттеки: «рахмет, Варя!» дер дә.

Давыдов узақ ўақыт оның кейнинен қарап турды да, өгизлерди туўарып таптан сыртқа шықты. Жақынырақ жерден ол өткен жылдан бери қалған боянды шырмап алған пешекти таўып алып, жапырақларынан тазалады да, оның майысқақ сабақлары менен көйлегиниң етегин тутастырып торлады. Шалқасына жатқаны да сол, жердиң жумсақ ийиси келип турған бир қара нәрсениң ишине түскендей болып уйқылап кетти.

Маңлайының үсти менен бир нәрсе өрмелеп ысырылып баратырғандай көринип ол уйқысынан оянды-бәлким өрмекши я қандай да бир қурт шығар. Маңлайын жыйырып ол бетин қолы менен сыйпап көрди де, тағы қалғый баслады, тағы бир нәрсе жағына өрмелеп үстиңги ерни менен жылысып барып мурынын қытықлады. Давыдов түшкиринип жиберип, көзин ашты. Алдында күлкисин зорға услап, бүлк-бүлк етип Варя жүресине отыр. Ол бир қурғақ шөпти алып уйқылап атырған Давыдовтың бетине сүйкеп отыр еди, қолын тартып ала бергенде Давыдов көзин ашып жиберди. Ол Варяның жип-жиңишке билегинен услап алды, бирақ Варя қолын тартпады, тек ғана бир дизесине шөгип отыра кетти де, күлип турған жузи бирден шоршынып күткен ҳәм көнген түрге кирди.

- Мен пәнжегинди алып келдим, тур, - деди ол еситилер-еситилмес етип сыбырлап, қолын босатып алмақшы болғандай болып тартып қойды.

Давыдов бармақларын босатты. Қыздың қараўытқан үлкен қолы дизесине түсти. Көзин жумғанда, жүрегиниң дүрс-дүрс етип үсти-үстине урып турғаны қулағына еситилди. Варя еле де бир нәрсени күтип, бир нәрседен үмит етип турғандай. Бирақ Давыдов үндемеди. Жүреги жай ғана соғып, жай дем алып тур, жүзиндеги бир тамыры да қыймылдамайды. Соннан соң ол орнынан түргеле берип, оң аяғын астына басып жайғасып отырып алды да, қосжақпаслық пенен қалтасына қолын суғып, темеки қалтасын изледи. Енди олардың баслары бир-бирине тийейии-тийейин деп турған еди Давыдов танаўын қыймалдатып еди, мурнына қыздың шашының жумсақ, жағымлы ийиси келди. Оның пүткил бойынан тал түстеги күн нурының, ыссыдан қызған тамылжыған көк шөптиң ҳәм жаслықтың ийискеп тоймайтуғыи таза ҳәм әжайып ийиси аңқып тур, буны тәриплеўге еле ҳеш кимниң тили жеткен емес...

«Қандай жақсы қызалақ!» - деп ойлады да, Давыдов гүрсинип қойды. Олар екеўи де бирден орнынан түргелип, бириниң көзине бири үндеместен азғана қарап турды да, кейин Давыдов оның қолынан пәнжекти алды, тек көзлери менен күлип елжиреп:

- Рахмет, Варя! - деди.

Тап усылай: «Варюха-Күйгелек» емес, ал «Варя» деди. Ақырында пәнжекке жуўырып баратырғанда ойлағаны иске асты. Болмаса неге жаўдыраған көзине жас келип, оны тоқтатаман деп қойыў қара кирпиклери әсте қыймыл-қыймыл етеди? Неге жылайсаң, қарағым-аў? Варя болса қандай да бир мүнәйым нәресте қусап басын төмен салып, даўысын шығармай жылай берди. Бирақ Давыдовтың буннан хабары жоқ еди: ол бир қыйқымын да түсирмеўге тырысып темекисин пухталап орап атыр, шылымы таўсылып, темеки тамам болайын деп тур, сонлықтан ол үнемлеп темекисин кишнене ғана ықшамлы, бәри болып бес-алты тартыўға мол болатуғындай етип орай баслаған еди.

Варя өзин басып алыўға бийкар урынып азырақ турып еди, оның менен өзин тоқтата алмады. Соннан кейин өкшеси менен ғырра айналып өгизлер бетке қарай жүрип кетти, кетип баратырып:

- Өгизди айдап келемен, - деди.

Бирақ Давыдов оның қалтыраған даўысындағы анық тынышсызланыўшылығын сонда да абайламады. Ол үндеместен басын ийзеп, шылымын шекти де, пүткил ықласын салып

бригада күши менен май шудигарына қойылған барлық жерди неше күнде сүрип болар екен, егер ең күшлирек үшинши бригаданың плугларының ишинен бир нешесин усы жерге алдырсақ жақсы болмас па еди деген ойға кетти.

Варяға Давыдов оның көзинен аққан жасын көре алмастай жерде жылаған қолайлы еди. Сонлықтан ол рехәтленип жылай берди, көзиниң жасы моншақ-моншақ болып бетинен сорғалады, сорғалағанын сорғалағандай жол-жөнекей орамалының ушы менен сүртип киятыр...

Оның гирбиңсиз таза, биринши муҳаббаты Давыдовтың итибарсызлығына дуўшар болды. Оннан қалса Давыдов муҳаббат мәселесине олақ, көбиси оның санасына кирмейтуғын, кире қойғанда да өлдим азарда зорға киретуғын еди, ал гейде орнына келместей болып кеш қалып қояды...

Өгизлерди жегип атырып ол Варяның шекесинде кир болған жолларды-жаңа ғана төгилген, бирақ бул абайламаған көз жасының изин көрди. Оның даўысында тийдирип сөйлегени билинип турды:

- Э-э-э, Варюха-Күйгелек! Бүгин сен бет-қолыңды жуўмаған қусайсаң ғой?

- Оны қайдан билдиң?

- Бетиң жол-жол. Ҳәр күни жуўынып турыў керек, - деп нәсият берди ол.

... Күн уясына батты, ал олар қосқа қарай шаршаған түрде адым атып киятыр. Даланы қараңғылық басып киятыр. Тикенекли сайды думан каплады. Батыстан көринген гүңгирт көгис, дерлик қараўытқан бултлар кем-кем түсин өзгертип киятыр: дәслеп олардың төменги ернеклери гүңгирт қызғыш түске кирген еди, кейин дөнген қан қызыл жалын тесип өтип, тезлик пенен жоқары қарай жайылды да, үлкен ярым дөңгелек болып аспанды қаплады. «Ол кеўлин бермейди...» деди қапаланып Варя, қайғылы түрде жуўан еринлерин қымып. «Ертең күшли самал турады, егер жер бир күнде кеўип кетеди, әне сонда өгизлерге қыйын болды» - деп ойлады Давыдов наразылық пенен жалыны шығып турған қып-қызыл батысқа қарап.

Варя киятырып бәрҳә бир нәрсе демекши болды, бирақ қандай да бир күш оған айттырмай қоя берди. Қосқа жетиўге азғантай жер қалғанда барып ол тәўекел етти:

- Көйлегиңди маған бер, - деп әсте өтиниш етти Варя. Ол қарсылық етип бермей жүре ме деп қорқып жалынған түрде тағы: - Бере ғойса! - деп қалды.

- Неге? - деп таңланды Давыдов.

- Жамап берейин, сондай жақсылап жамайман, тап тигисин де аңлай алмай қаласаң. Жуўып та берейин. Давыдов күлип жиберди.

- Ол үстимде ширип түскен. Жамайман деўге-тутыўға келмейди дегендей. Жоқ, қарағым, Варюха-Күйгелек, бул көйлек саннан шыққан, енди оны будканың полын жуўыў ушын Куприяновнаға өткериў керек.

- Маған бер, жамап көрейин, соннан соң көрерсең, - деп өтиниш етти қыз қоярда коймай.

- Мейли де, бирақ мийнетиң босқа кетеди, - деп келисим берди Давыдов.

Давыдовтың көйлегин қолына алып қосқа келиў Варя ушын қолайсыз еди: онда Варя туўралы дуў-дуў әңгиме менеи тийип-қашпа сөзлер пайда болар еди... Ол Давыдовқа урылардай көзиниң қыясы менен қарап қойды да, ийни менен бетин тасалап бул кишкене ғана жып-жыллы нәрсени қойнына тықты.

Давыдовтың шаң басқан көйлеги жалаңаш етине тийген ўақытта, бурын көрмеген, түсиниксиз ҳәм жүрегине тәсир ететуғын бир сезим оның бойын бийледи: тап еркектиң күшли денесиниң барлық ыссы леби бойына енип, биротала сиңип мумыя қылып баратырғандай болды... Оның еринлери бирден кеўип, тардан келген ақ маңлайында майда-майда жыллы тер пайда болды, ҳәттеки жүриси де қандай да бир абайлап, исенбей адым атып киятырғандай түрге кирди.

Давыдов болса ҳеш нәрсе абайламады да, ҳеш нәрсени көрген де жоқ. Азырақ ўақыт өтпей-ақ ол кир көйлегин Варяның қолына услатқанын умытып та кетти, кеўилли түрде оған қарап:

- Озықларды қутлықлап атырғанына қара, Варюха! Бизлерге қарап бас кийимин былғап атырған есапшы ғой. Демек, бизлер екеўимиз ықласымыз бенен ислеген екенбиз, факт!- деди.

* * *

Кешки аўқаттан кейин еркеклер будкаға жақынырақ жерге барып от жағып, оның дөгерегинде шылым шегип отыр.

- Қәне, енди ҳақ көкирегимиз бенен сөйлесейик: неге жаман ислediңизлер? Неге жер сүриўди бунша кешиктирдиңиз? - деп сорады Давыдов.

- Ана бригадалардың өгизи көп, - деди Бесхлебновтың кишкенеси.

- Неше өгизи көп?

- Сен озиң билмейсең бе? Үшинши бригаданын сегиз жуп өгизи көп, бул әйтеўир нәрсе емес, төрт плуг деген сөз!

Биринши бригада да еки плуг көп айдалады, олар да, демек, бизлерден көп ислейди деген сөз.

- Бизлердиң планымыз да көп, - деп сөз қосты Пряничников.

Давыдов мыйық тартып күлип қойды:

- Қанша көп?

- Отыз гектар-ақ көп бола қойсын, әйтеўир көби көп ғой. Оны да мурның менен айдай алмайсаң.

- Ал план мартта бекитилген жоқ па? Онда неге ҳәзир жылайсыз? Бригадаларда қанша жер барына қаралды, ғой, солай емес пе?

Дубцов салдамлы түрде былай деди;

- Ҳеш ким жылап отырған жоқ, Давыдов, гәп онда емес. Бизиң бригаданың өгизлери қыстан жүдеп шықты. Малларды, от-шөпти ортаға алғанда да бизде от-шөп аз болып шықты. Сен буны өзиң де жақсы билесең ғой. Бизлерге пәлен деўдиң кереги жоқ. Кешиктирдик, аўа, өгизлеримиздиң көпшилиги әзиз болып шықты, бирақ от-шөпти Островнов пенен бирге ойлап тапқаныңыздай етип хожалықлардың аўысығын алып, соның менен арығын аўқатландырыў емес, ал дурыс бөлистириў керек еди. Мине ҳәзир мынадай болып отыр: ким жерин сүрип болса сол өгизлерин орақққа таярлап атыр, ал бизлер болсақ еле жер сүриўде жүрмиз.

- Олай болса, мейли көмек берейик, Любишкин көмек берсин, - деп усыныс етти Давыдов.

- Бизлер оннан қашпаймыз, - деди Дубцов қалғанларының үндемей келисим берип қуўатлаўы менен. - Бизлер көкирек емеспиз.

- Түсиникли бәри, - деди ойланып Давыдов, - Түсиниклиси сол: басқарма да, бизлер де бул жерде қәтелик жиберип алғанбыз: қыста от-жемди қәдимги территориялық белгилерине қарай белистиргенбиз - қәтелик бул! Адам күши менен соқа-сайманды дурыс орналастырмағанбыз - екинши қәтелик! Буған бизден басқа ким айыплы? Өзимиз қәте жибердик - өзимиз дүзетип аламыз. Ислеген жумысларыңызды айтып отырман, сизлердеги цифрлар жаман емес, бирақ улыўма-мәниси жоқ. Қәне, бул жаман аўҳалдан шығыў ушын сизлерге қанша плуг жеткериў кереклигин ойланып көриң, қәне ҳәммесин есаплап, қәлем ушына алайық, орақ ўақтында жиберген қәтеликлеримизди есапқа алып күшти басқаша бөлистирейик. Қашанға шекем қәтелесе беремиз?

Оттың дөгерегинде еки сааттай тарысып, есапласып, керисип отырды. Мәселеге Атаманчуков ҳәммеден гөре шаққанырақ киристи. Ол қысып сөйлеп, манызлы усынысларды ортаға қойды, бирақ Бесхлебнов Дубцовтың үстинен өткир-өткир сөзлерди айтып атырғанда Атаманчуковқа тосаттан көзи түсип қалып, Давыдов оның көзлеринде өрески жек көриўшиликти аңлап, таңланғанлықтан қасын жоқары көтерди. Атаманчуков дәрриў төмен қарады, бармақлары менен өткир қоңыр жүн басқан кегирдегин сыйпады, ал азғана ўақыт өтпей-ақ қайтадан Давыдовқа қарай бергенде көзлери көзлерине түсип

қалды-бул рет оның көзлеринде жасалма ҳүрмет етиўшилик көринип тур, бетиндеги ҳәр бир әжим кеўилшекли бийғамлыққа толған екен. «Артист!» деп ойлады Давыдов. - Не ушын ол маған усындай оңбаған нәзер менен қарайды. Бәлким, мениң оны бәҳәрде колхоздан шығарып жибергениме өкпелеген шығар?»

Бәҳәрде Половцев Атаманчуковтың колхоздан шығарылғанын еситип оны түнде өзине шақырып алғанлығын, гижинип тисиниң арасы менен: «Сен не қылып жүрсең, оңбаған? Сен әйтеўир жерде өзиңди тутып берип, ГПУ деги тергеўде қалғанларының да ўайранын шығаратуғын тыпыршылаған ақмақ емес, ал өрнекли колхозшы болыўың керек. Сен улыўма колхоз жыйналысларында аяққа жығыл, ийттиң баласы, қалай етсең де әйтеўир бригаданың қарарын жыйналыстың бекитпеўине ерисиўиң керек. Биз еле басламай турып өз адамларымыздың ҳеш биреўине гүмән дегенниң көленкеси де түспеўи тийис» - дегенин билмейди, биле алмайтуғын да еди Давыдов.

Атаманчуков ҳеш кимниң де аяғына жығылған жоқ: Половцевтиң тарпыўына ушыраған Яков Лукич ҳәм оның менен тиллес барлық адамлар Атаманчуковты жақлап аўыз биршиликли түрде шығып сөйледи, нәтийжеде жыйналыс бригаданың қарарын тастыйықламай, Атаманчуков улыўма сөгис пенен қутылып қалды. Соннан баслап ол пәсейди, жақсы ислейтуғын болды, ҳәттеки жалқаўларға мийнетке саналы көз қараста қараўдың үлгисин көрсетти. Деген менен өзиниң Давидовты, колхоз қурылысын жек көретуғынлығын узақ хәм исенимли түрде сездирмей жүре алмады, ўақтын-ўақтын ериксиз түрде я аңламай айта салған сөзинен, я кек етип күлиўинен, я көзлериниң лаўлап жанғаны сол, дәрҳәл қараўытқан полат қусап гунгирт-көгис түрге енип сөниўинен көриўге болатуғын еди.

Ўақыт тап ярым ақшамға жақынлағанда ғана қанша жәрдем талап етилетуғынлығы менен жердиң қашан айдалып болынатуғынлығы анықланды. Сол жерде оттың қасында отырып Давыдов Размётновқа хат жазды, ал Дубцов үшинши бригадаға барып өгизлер менен плугларды жибериў ҳәм өзи Любишкин менен бирге ең жақсы ислейтуғын плугшыларды сайлап-сайлап алып туске шекем әкелиў ушын дәрриў кешикпестен, таңның атыўына да қарамай хуторға жиберилетуғын болды. Олар сөнип питкен оттың қасында дым үндеместен тағы бир рет шылымын шегип алды да, уйқылаўға кетти.

Усы ўақытта будканың қасында басқа бир әңгиме пайда болды. Варя Давыдовтың матросша көйлегин бир темир ләгенге салып еплеп ғана жуўып атырғанда, оның қасында турған аспазшы ҳаял дерлик еркеклердиң даўысы қусаған даўыс пенен әсте:

- Неге жылайсаң, ақмақ? - деди.

- Көйлегинен шордың ийиси шығып тур...

- Шыққанда не? Жумыс ислеген адамның көйлегинен шордың ийиси шығады да, шордың ийиси шықпай аңқыған әтир менен арақ сабынның ийиси шықсын ба. Неге өкиресең? Кеўлиңе тийгендей бир нәрсе қылды ма?

- Жоқ, қойса, апажан!

- Онда неге көз жасыңды булап отырсаң, ақмақ?

- Мен басқа биреўдиң көйлегин жуўып отырғаным жоқ ғой, жуўсам өзимниң адамымдикин, жүрегиме жақын адамның... - деди қыз басын төмен салып ләгенге қарап, солқылдысын тоқтатыңқырап-тоқтатыңқырап алып.

Узақ ўақыт даўам еткен тым-тырыслықтан кейин аспазшы ҳаял қолын белине салып күйип-писип:

- Қой, болар енди сол! Варька, басыңды көтер қәне!- деди.

Жаңа ғана он жетиге келген бийшара нәресте-аў! Қыз басын жоқары көтерди, жылай-жылай қызарып кеткен, бирақ гирбиңсиз жаслықтың рәўшаны жайнаған көзлери менен аспазшы ҳаялдын бетине тигилди.

- Маған оның көйлегиниң шоры да жанымның иши...

Дарья Куприяновнаның кең көкиреги күлкиден селк-селк етти:

- Әне, Варька, сен енди нағыз қыз болып жетилип қалыпсаң.

- Бурын қандай едим? Нағыз қыз емес пе едим?

- Бурын қандай едим деп отырғанына қара! Бурын сен ушқалақ нәресте един, мине ҳәзир қыз болып қалдың. Сүйген қызы ушын бир жигит екинши жигитти силейтип урмағанша ол жигит емес, ал геўкелле. Қыз тисин көрсетип, қасын қаққан менен ол еле қыз емес, ал қызға тән ҳәсер. Егер ышқы дәртинде көзине жас толып, түнлер бойы дастығы жастан кеппесе, әне сонда ғана ҳақыйқат қыз болғаны болады! Түсиндиң бе, аңқаў?

Давыдов қолларын басынаң астына қойып будкада жатыр, ал уйқа сирә келер емес. «Мен кохоздағы адамларды билмеймен, олардың кеўлинде қандай нәрсе бар екенлигинен хабарым да жоқ» - деп ойлады Давыдов өкиниш пенен. - Дәслеп қулақларды кулақ қатарына тарттық, кейин колхоз қурдық, оның кейнинен хожалық ислери басланып кетти, адамларға көбирек нәзар салып, жақынырақтан билип алыўға ҳеш қандай ўақыт болған жоқ. Мен адамларды билмейтуғын болсам, үлгере алмаған болсам, онда, нәлет жаўсын қандай басшы болмақшы? Мен олардың ҳәммесин билип алыўым керек, олар ондай көп те емес. Бул да аңсат бола қоятуғын түри жоқ қусайды... Мине Аржанов пүткиллей басқаша адам екини белгили болды. Ҳәмме оны сада адам деп журипти, пай сада екен аў! Бул жүн сақал албаслының пығлын шайтан бирден билмесе, сирә билиў қыйын: жаслайынан-ақ ол уясына кирип алып, аўзын тастай етип бекитип алған, ал енди оның не ойлап отырғанын билип көр - биле алмайсаң билдирер ол саған! Әне Яков Лукич - ол да тилсимли сияқлы. Мине буны да нышанаға алып, артынан бақлап жүриў керек. Оның бурын қулақ болғанлығы анық, бирақ ҳәзир жақсы ислеп жүр, болса өзиниң бурынғысынан қорқатуғын болыўы керек... Солай да оны завхозлықтан басатыўға туўра келеди, жай колхозшы болып ислесин. Атаманчуков та түсиниксиз, маған тап жаза тартқан адамға қараған жәллаттай болып қарайды. Онысы неси екен? Ҳақыйқат орта дийхан, ақларда болған, олардың ишинде ақларда болмағаны бар ма сирә? «Бул жуўап емес. Ҳәмме нәрсе туўралы тереӊ ойлаўым керек, кимге ҳақыйқат сүйениўим кереклигин, кимге ҳақыйқат исениўиме болатуғынлығын билместен көз жумып усы басшылық қылып келгеним болар енди. Әй, матрос матрос! Цехтағы жигитлер сениң колхозды қалай басқарып киятырғанынды билер ме еди, қус түткендей қылар еди сени!»

Будканың қасында ашық майданда ат жетеўши ҳаял-қызлар жатты. Уйқылы-ояў жатырып Давыдов Варяның жиңишке даўысы менен Куприяновнаның жуўан даўысын еситип қалды.

- Сен не анасына тығылған баспақ қусап маған тығыла бересең? - дейди аспазшы ҳаял ишек-силеси қатып күлиўи менен сейленип. - Болар енди усы қушақлағаның. Еситип отырсаң ба, Варька? Арманырақ жат, қудай ушын, етиңниң ысылығы тап печьтей қыздырып баратыр! Еситип атырсаң ба? Сениң қасыңда жаман жатқан екенмен... Оғыры ыссы екенсең. Аўырып турған жоқсаң ба?

Варяның мүнәйым күлкиси қумырының даўысына усайды.

Уйқылы-ояў мыйық тартып күлди де, Давыдов олардың жақын жатырғанындағысын көз алдына келтирип, уйқыға кетип баратырып: «Қандай жақсы қыз, хожалық ийеси болғандай нәм-нәҳән болып қалған, ал ақылына қарасаң-баладай. Бахытлы бол, жаным Варюха-Күйгелек!»- деп ойлада.

Күн ай-жай болып қалғанда барып ол уйқысынан оянды. Будкада ҳеш ким қалмаған еди, сырттан ҳеш бир ер даўысы еситилмейди, барлық қосшылар жер сүрийўде, тек жалғыз Давыдов ғана кең сыпаның үстинде көлбеп жатыр. Ол шаққанлық пенен орнынан ушып турды да, шулғаўын орап етигин кийе бергенде бас-уш бетте тап-таза болып жуўылған, майда тигис пенен сулыўлап жамалған матросша кейлеги менен өзиниң таза кенеп көйлегине көзи түсти. «Бул жерге көйлек қайдан келип қалыўы мүмкин? Ҳеш нәрсесиз келдим, бул толық есимде. Ал көйлек қайдан келип қалды? Жин бе, не өзи!» - түсинбеди Давыдов ҳәм буның түси ме, я оны ма, қалай екенине толық исениў ушын сап-салқын болып турған кенеп көйлегин қолы менен услап көрди.

Тек матросша көйлегин кийип алып будкадан шыққаннан кейин ғана оған барлығы да түсиникли болды: сәни келген кок кофточкасы менен жақсылап утюгленген қара юбкасын

кийип, Варя дүңкениң қасында аяғын жуўып тур еди. Ол ерте сәҳәр қусап жайнап, қызғылт еринлери менен Давыдовқа қарап мыйық тартып, тап кешегидей-ақ жаўдыраған қой көзлеринен ойсыз қуўаныш күлими қулп урып тур еди.

- Кешеги күн диңкеңди қуртқан екен ә, баслық? Уйықлап қалыпсаң ғой? - деди Варя көтериңки күлкили даўыс пенен.

- Сен түнде қайда болдың?

- Хуторға барап келдим.

- Оннан қай ўақытта келдиң?

- Тап ҳәзир ғана келдим.

- Мениң көйлегимди сен әкелдиң бе?

Ол үндеместен басын ийзеди, көзлеринде қәўетерленгенликтиң ушқынлары көринип қоя берди:

- Мен натуўры қылыппан ба? Мумкин, мен сениң өжиреңе барып натуўры ислеген шығарман? Ала жолақ көйлегиңе исениўге болмайды деп ойлаған едим...

- Саў бол. Варюха! Ҳәммеси ушын саған рахмет. Ал енди сен неге бундай етип сыланып кийинип жур-сең? Оҳо! Бармағыңда жүзиги де бар екен ғой еле!

Ол қысынғанынан бармағындағы қәдимги гумис жүзикти таўлап атырып былай деди:

- Усти-басым кир-кир еди, барып анамнан хабар алып, кийимлеримди алмастырып келдим... - Қәпелимде қысыныўды қоя берип, көзлери жайнап сала берди: - Узақ кунде ҳеш болмаса сениң маған бир рет көзиң тусерме деп туфлийимди де киймекши едим, бирақ оның менен өгиз жетелеп атызда көп журе алмайсаң.

Давыдов күлип жиберди:

- Енди сеннен көзимди айырмаспан, жүйрик кийикшем! Қәне, барып өгизлерди қоса бер, мен жуўнаман да, бараман.

Бул куни Давыдовқа жумыс ислеўге мүмкиншилик болмады. Жуўынып болмай атырып-ақ Кондрат Майданников жетип келди.

- Сен еки күнге жуўап алып кетип едиң ғой неге ерте қайттың? - деп сорады Давыдов күле шырай берип.

Кондрат қолын бир силтеп қойды:

- Зеригип кетесең. Ҳаялым турыпты. Безгек тутқан екен. Не ис питиремен ояқта? Бардым да, қайта бердим. Варька қайд?

- Өгизлерди қаспаға кетти.

- Онда мен жер айдаўға кете берейин, сен қонақларды күт. Любишкинниң өзи сегиз плуг алып киятыр, мен ярым жолда олардың үстинен өтип кеттим. Агафон да Кутузов қусап ақ бийеге минип, ҳәммесиниң алдында киятыр. Айтпақшы, тағы бир таза хабар бар: кеше кешқурын қараңғыда Нагульновты атыпты.

- Атыпты дейсең бе?

- Қәдимгидей етип дағы, мылтық пенен бир ақмақ атқан қусайды. Ол шыраның жақтысында ашық терезе алдында отыр екен, сол ўақта атыпты. Оқ шекесинен терисин жырып өтип кеткен, басқа ҳеш нәрсе қылмаған. Бирақ ол контузия болғаннан ба, я қәҳәри келгенликтен бе басы қалтырап-қалтырап кетеди, солай да тири, саў. Районлық милиииядан адамлар келип излеп жүрген қусайды, бирақ бир нәрсе шығаратуғынын билмедим.

- Ертең сизлер менен хошласыўға туўра келеди, хуторға кетемен, - деди Давыдов. - душпан басын көтерип киятыр екен, а, Кондрат?

- Мейли, ол да жаман емес, көтере берсин басын. Котерилген бас қағып таслаўға қолай болады, - деди Майданников сабырлылық пенен, сөйтти де аяқ кийимин қайта кийе баслады.

## VIII БАП

Түн жарпы аўдарылғаннан кейин жулдызлы аспанды түнерген қатар-қатар қойыў

бултлар қаплап аллы, гүздегидей симилтир майда жаңбыр силпилеп тур, ал көп узамай-ақ терең ызғарлы төледегидей далада салқын тартып, жым-жыртлық пайда болды.

Таң атыўдан бир саат бурын самал турды, бултлар бирин-бири ийтерисип жүрисин тезлетти, тикке жаўып турған жамғыр қыя тусип, булт пенен жер алалығында түсликке қарай бет алып турды да, кейин қалай жаўған болса, тап сондай болып күтилмеген жерден тынып қалды.

Күн шығар алдында бригада будкасына бир атлы жетип келди. Ол жай-парахат атынан түсип, анадай жердеги боярышниктиң өскин путасына атының жүўенин байлады да, сондай жайпарахатлық пенен жүрип баратырып бойын жазып жер ошақтың дөгерегинде гүйтиклеп жүрген азпазшы ҳаялдың қасына келди, оған әсте сәлем берди. Куприяновна оның берген сәлемине ҳеш нәрсе деп жуўап қайтармады. Ол дизерлеп, шығанағы ҳәм боласынлы көкиреги менен жер тиреп, басын төмен ийип отты алыстырып жибериў ушын ошақтағы қарайып қалған жоңқаларды бар күши менен үплеп атыр еди. Жамғырдан ҳәм келисип түскен шың пенен силбирленип қалған жоңқалар алыспай атыр, ҳаялдың күш түсип қызарған бетине түтин пықсып уppады, сурғылт күл бурқырап суўырылады.

- Тфу, бүйтип писирген тамағы қурғай - деди ашыўы келген азпазшы ҳаял жөтел менен түтиннен демигип. Ол арқаға таслап, орамалының астынан үрпейип шыққан шашларын оңлайын деп басын ҳәм қолларын жоқары көтере бергенде ғана қарсы алдында турған жолаўшыны көрип қалды.

- Жоңқаларды түнге қарай будкаға әкелип қойыў керек, қазан ийеси! Ҳөл отынды тутандырыўға сениң танаўындағы самал азлық қылады. Қәне, мен жәрдем етейин саған, - деди де, әсте-ақырын оны былайырақ ийтерди.

- Бул далада саған қусаған ақылгөйлер ыбырсып атыр, қәне өзиң алыстырып көр, танаўыңның байлығын көрейин, - деди Куприяновна гүркилдеп. Өзи дәрриў былай шығып турды да, бийтаныс адамға дыққат пенен нәзер салды.

Бийтаныс адамның бойы орташадан келген, түри де көзге түскендей емес еди. Үстинде тозып қалған боброк курткасы тыртысып тур, белинде тартып байланған солдатлық қайыс. Епшиллик пенен жамап-жасқалған көгис сары реңдеги шалбары менен қонышына шекем қара батпақ болған гөне етигиниң де ийесине мүддетинен тыс хызмет қылғанлығы көринип тур. Маңлайына бастырылып кийген басындағы келискен әжайып қамары папағы үстиндеги кийимлеринен қалай болса солай айырылып көзге түседи. Солай да жолаўшы қараўытқан ашық жүзли, кулимсиреген ўақта пушық мурны бир түрли болып жыйырылып кететуғын еди, қара көзлери дүньяға кеўиллилик пенен ақыл жуўырта күлимсиреп тур.

Ол жүресине отырды да, зажигалка менен тығыны тығызланған үлкен жалпақ шийшени курткасының ишки қойын қалтасынан шығарды. Азырақ ўақыт өтпей-ақ бензин себилген майда тамызықлар алысып жаңа кетти.

- Әне усылай ҳәрекет етиў керек аспазшы! - деди жолаўшы Куприяновнаның етли жаўырынынан ойнап қағып. - Ал мына шийшени мәңгилик естелик ушын саған берип кетемен. Тамызығың ҳөл болып қала ғойса, ал да азырақ бүркип жибер, өзи жөнлесип кете береди. Мә сыйлықты ал, бирақ аўқатың писсе - бизди де тойдырасаң! Бир табақ етип толтырып қойыўынан қуйып бересең!

Шийшени қойнына тығып Куприяновна жүдә әлпайымлылық пенен сүйсинип оған рахмет айтты:

- Әне, рахмет саған, сақый жигит, сыйлығың ушын! Аўқаттан кеўлиңди табарман. Ал енди бул шийшени неге қалтана салып алып жүрсең? Мал докторлардан емесписең? Сыйырларды емлейтуғын тәуип емессең бе?

- Жоқ, мен сыйыр емлейтуғын тәуип емеспен, - деп жуўап берди жолаўшы немқурайды түрде. - Қосшылар көринбейди ғой? Еле уйқылап атырғаныма?

- Биразлары ҳәуиз беттен өгизлерди алып келиўге кетти, биразлары алыста бүгилип жер айдап жүр.

- Давыдов мында ма?

- Будкада. Уйқылап атыр. Кешегиден болдырып қалған, ол жумыс десе өлгенин билмейди ғой, кеш жатып еди.

- Онша кешке шекем ол не жумыс қылды?

- Қайдан билейин, жер айдаўдан кеш келгени сол, керек болып қалды ма, жеке хожалық ўағында егилген гүзлик бийдайларды көрип келиўге кетти ғой. Жердиң аяғындағы дөңниң басына барып қайтты

- Қараңғыда бийдайды көриўге бола ма екен? - Бийтаныс адам куле шырай берип, мурнын жыйырып аспазшы ҳаялдың жылтыр жумалақ жузине көзин тикти.

- Ол жаққа жақты барда-ақ жетип барған ғой өзиң ойлап көр, қайтқанда қараңғыда қалған. Қайдан билейин, қалай қараңғыға қалғанын, мүмкин булбүллерди тыңлайман деп қараңғыға қалған шығар. Бизиң Терновая балкадағы бүлбүллердиң өнерлерин айтсаң - ақылық уғрас келмейди. Сондай сайрайды, сондай мың қубылып сайрайды - уйқы деген түсиңе де енбейди. Жүрек-баўырыңды езип жибереди әдира қалғырлар. Гейде тықлап жатып-жатып, көз жасы көл болады...

- Неге?

- «Неге» си қалай? Гә жас ўақытың есиңе түсип кетеди, гә жаслықта ислеген турли-түрли нәрселерин көз алдына келеди... Қатын деген, жаным, сәл нәрсеге тостағанын жуўады.

- Бийдайды көриўге Давыдовтың бир өзи барды ма?

- Ол биреў алып бармай-ақ өзи барып келе алады, қудайға шүкир, еле көзден қалған жоқ. Өзиң не қылып жүрген адамсаң? Бунда қандай жумыс пенен келдиң? - деп сорады Куприяновна бирден қәўтерленип, ерниң қатты қымып.

- Давыдовта жумысым бар, - деди жолаўшы тағы да немқурайды түрде. - Мен жүдә асығып баратырғаным жоқ, оянғанша күтип отырман дә, мийнеткеш уйқысын қандырып алсын. Отын алысып, жаңғанша сениң менен анаў-мынаў туўралы әңгимелесип отырармыз.

- Егер сениң менен былшылдасып отыра берсем, сонша адамға қалай картошка қыршып жеткеремен? - сорады Куприяновна.

Епшил жолаўшы бул жерде де қарап қалмады: қалтасынан шаққасын алып, жүзин бас бармағының тырнағына тийгизип көрди.

- Картошканы бери әкел, тазалаўға көмеклесейин. Бундай хоширей аспазға кештеги бир кулип қараўы ушын-ақ өмириңше жәрдемши болып жүрсең әрман етпессең... Ең болмағанда мине усы ҳәзирги күлгениңдей етип-ақ.

Гәпке мәз-майрам болып оннан бетер қызарып кеткен Куприяновна жорта өкинген адам қусап басын шайқады:

- Бийшарам-аў, әзизирексең сен. Сен маған әзизлик қыласаң. Мен саған түнде, қашан болса да бир кулип қараўым да мүмкин, бирақ сен бәри бир көре алмассаң, көзиң жетпес.

Жолаўшы ағаш дүңкиге оңлап отырып алды да, күлип атырған аспазшы ҳаялға көзин қысып қарады.

- Түнге қарай мен үкидей көргишпен.

- Сен көзиң жетпегенликтен емес, ал мына өткир көзлериң жасқа толып кеткенликтен көре алмай қаласаң...

- Ҳаў, еле сондайман десе, - деди әсте ғана мырс етип күлип жолаўшы. -Абайлап қара, өзиң алды менен тостағаныңды жуўып жүрме, гүббан! Мен тек күндиз күни ғана жуўаспан, ал түнде бундай семизлерди аяп қоймайман. Жалынып жалбарына бер, жылай бер, бәрибир тыңламайман!

Куприяновна мырс етип күлип жиберди де, әңгимелесип отырған бул жүрекли батырға азырақ мақуллаған киси қусап қарап қойды.

- Абайла, шырағым, көп мақтанған мат болады, көп күлген парт болады.

- Бунын жуўмағын бизлер азанда шығарамыз: ким парт болады, ким тарыса-тарыса уйқыны урады - белгили болады. Әкел қәне картошканы, шықылықлаған бәле, жең салып отырыўдын кереги жоқ!

Куприяновна шайқалыўы менен барып. будканың артынан толы бир шелек картошканы алып келди де, сол күлиўи менен жолаўшыға қарсы қарап алдындағы пәс орынлыққа келип отырып алды. Жолаўшының қараўытқан, шаққан-шаққан қыймылдайтуғын бармақларының астынан жуқа картошка қабықларының таўланып түсип атырғанына қарап, кеўли толған турде былай деди:

- Ҳаў, сени тек тилге шебер шығар десем, исиң де жаман емес екен ғой. Мениң жәрдемшим шеп емес қусайды! Жолаўшы пышақты тез-тез ислетип, үндемей отырды да, азырақтан кейин барып:

- Қәне, Давыдов қалай? Казаклардың дийдине жаға ма, я жақпай ма? - деп сорады.

- Жағады, жаман емес. Ол саған қусаған батыр ҳәм әпиўайы жигит. Усындай ишинен тынбағанларды халық жақсы көреди.

- Әпиўайы жигит дейсең бе?

- Әпиўайы болғанда жүдә!

- Демек, аңқаўға усаған екен дә? - Жолаўшы папағының асты менен шайтансып қарап қойды.

- Ҳе, сен өзиңди аңқаў деп есаплайтуғын ба един? - деп тииип сөйледи Куприяновна.

- Ондай деп есапламайман...

- Онда неге Давыдовты аңқаў деп отырсаң. Сизлер екеўиниз бир-бириңизге жүдә усассыз ғой...

Жолаўшы өзиңше мыйық тартып күлиўи менен сөзшең аспазшы ҳаялға аңда-санда бир қарап тағы үндемей қалды.

Шығыста жүзин булт басқан күнниң қызғылт шапағы әдеўир қулашын жайды. Түни менен дем алып көтерилген самал менен Терновая балкадан бүлбүллердиң жаңғырған ҳаўазы қуллаққа тал-тал еситиледи. Әне сонда жолаўшы шаққының жүзин шалбарына жаңап атырып:

- Бар, Давыдовты оят. Қаламасын қыста уйқылап алар!

Давыдов будкадан жалаң аяқ шыға келди. Ол уйқысыраған ҳәм қабағы үйиўли еди. Жолаўшыға сығалап қараўы менен даўысы қырылдап:

- Райкомнан пакет апып келдиң бе? Қәне әкел, - деди.

- Райкомнан киятырман, бирақ пакетим жоқ. Аяқ кийимиңди кий, жолдас Давыдов, сөйлесип алыў керек.

Сүўретлер салынған кең омыраўын қасып, Давыдов жолаўшыға ҳүрмет пенен көз таслады да:

- Сезип турман, ҳүрметли жигит - райкомның ўәкилисиз... Жолдас, мен ҳәзир кийинемен, - деди.

Ол шаққан кийинип, аяғына етигин қоңылтаяқ тартты да, бетин еменнен соғылған бочканың ийиси шыққан суў менен шала-пала жуўып, азырақ сыпайылық пенен ийилди:

- Гремячий колхоз баслығы Семен Давыдов.

Жолаўшы Давыдовқа жақын барып, оның кең жаўырынынан қушақлады.

- Сен өзиңди рәсмий түрде усылай етип таныстырады екенсең дә! Мен райком секретары Иван Нестеренкоман. Мине танысып та қалдық, қәне енди жүр, ояқ-буяқты айналып емиренисип, бир сөйлесип алайық, жолдас колхоз баслығы. Қалай, еле сүрилмеген көп жер бар ма?

- Әдеўир-ақ бар...

- Демек хожайын азмаз есаптан алжасқан екен дә? Нестеренко Давыдовтың қолтығынан алып, оны әсте ғана жер бетке алып келе берди. Давыдов оған бир қырын көз таслап, сабырлылық пенен былай деди:

- Алжасқаным рас. - Қәпелимде ол бирден өзи де ҳайран қаларлықтай қызып кетти: - Өзин-ақ ойлап көр, қымбатлы секретарь, мен ақыры аўыл хожалық жумысларына аўзының сарысы, кетпеген палапандайман ғой. Мен өзимди жақлай да алмайман, солай да алжасып отырған мениң жалғыз өзим емес ғой... Жумысты бурын ислеп көрмегенликтен.

- Мен көрип отырман, түсиникли, қәне әстерек сөйлесейик.

- Жалғыз мен емес. Мениң менен бирге мен арқа сүйеп келген барлық жигитлер де есаптан алжасқан. Күшти дурыс бөлистирмегенмен. Түсинип отырсаң ба?

- Түсинип отырман. Бунының қорқатуғындай нәрсеси көп емес, жүдә қорқатуғын нәрсе емес, жол-женекей дүзетип аласызлар. Жәрдемге адам күши менен соқа-сайманлар алдыңлар ма? Жақсы болыпты. Ал енди күшти дурыс бөлистириў, оны бригадама-бригада тең бөлистириў мәселесине болса - келеси ўақытларда, ең болмаса пишен орақта, әсиресе бийдай орақ ўақтында есапқа аларсаң. Бәрин де күн бурын дурыслап ойлап алыў керек.

- Түсиникли, факт!

- Қәне енди жүр, сүрген жериң қайда, жериңди көрсет. Ленинградлы рабочий класының Дон жеринде қалай хожайынлық қылып хызмет етип атырғанын көрмекшимен. Путилов заводының партком секретарына сениң шалағайлығық туўралы хат жазыўға туўра келмеспе екен, а?

- Оны өзиң ойлап көрерсең.

Нестеренко кишкене болса да, күшли қолы менен Давыдовтың шығанағын бурынғыдан да қаттырақ қысып қойды. Секретарьдың әпиўайы ғана ашық жүзине қапталдан көзи түскенде Давыдов өзиң бирден жеңил ҳәм еркин сезди де, еринлеринде ериксиз түрде күлки нышанлары пайда болды. Көп ўақыттан бери партиялық басшылардың ҳеш қайсысы да онық менен усыдай етип досларша жайдары ҳәм адамгершиликли түрде сыпайы сөйлеспеген еди...

- Сапасын тексерип көрмекшимисең жолдас Нестеренко? Ырас айтып отырсаң ба?

- Жоқ-а, жоқ-а! Тек өзим-ақ рабочий класының станокта емес, верстак жанында емес, ал атызда неге уқыплылығын көрмекши болып қызықсынған едим. Сорасаң, мен өзим түпкиликли Ставрополь дийханыман, ал енди казаклардың сени неге үйреткенин көриў мен ушын қызығарлы дә. Мүмкин жерди шала айдаўды да бир казак қызы үйреткен болар? Абайлы бол, гремячийлы казак қызларының зыянлы тәсирлерине берилип кетип жүрме! Олардың ишинде сондайлары да табылады, кешеги морякты бүгин қудай билсин неге үйретип шығаратуғынын... Ап-аңсат туўры жолдан тайдырады да қояды! Я биреўи сени жолдан ҳәм шығарды ма?

Нестеренко аўзына түскенин тек кеўилли түрде тартынбай айтып отырғандай болып көринсе де, Давыдов ҳәзил арасындағы астарлы мәнини сезип, өзин тута баслады. «Лушка туўралы бир нәрсе билемекен, я қармаққа түсирмеспе екенмен деп әйтеўир айтып отырма екен?» - деп ойлады ол қәўетерлене. Деген менен гәпиниң ҳәзилли мәнисин бузбады:

- Егер ҳаял адам жолдан шығынса, я адасса: «Ҳүў- деп бақырады. Ал еркек адам, егер ол ҳақыйқат еркек болса, сестиң шығармастан жол излей береди, факт!

- Ал сен ҳақыйқат еркек болсаң керек?

- Сен қалай ойлаған едиң, жолдас секретарь?

- Мен былай ойлап отырман: бақыраўықларға қарағанда маған ҳақыйқат еркеклер жүдә унайды, ал енди сен, Давыдов, нәбада жолдан шығып кете қойсаң, шаўқым көтерип жүрме, қулағыма ғана сыбырлап қой. Қалай да мен өзим саған ҳақыйқат жолға түсиўге жәрдемлесемен. Келистик пе?

- Кеўлиң, жақсылығың ушын рахмет, - деди шын кеўли менен Давыдов, бирақ өзи иштен: «Пай, шайтан әй, бәрин билип алған екен-ә»... деп ойлады. Кейинги сөзиниң дурыслығын тастыйықламаў ушын оған қосымша: - Секретарымыз оғада хош кеўилли, таптырмайтуғын адам екен! - деди.

Нестеренко гилт тоқтады да, Давыдовқа қарай бурылып, пардозлы папағын желкесине қарай ысырып, мыйық тартып күлгенде, мурны жыйырылып былай деди:

- Хош кеўил болғанымның себеби, кишкене ўақтымнан берман барлық ўақытта өзим де туўра жолдан жүргеним жоқ... Гейде сондай ўақыт бар, парадта киятырғандай болып жүрип киятырсаң, жүрип киятырсаң, бир ўақта жолдан тайып кеп кетесең, қаяққа тайып түскениңди абайламай да қаласаң, кулласы - бир жағына тайып түсип, ҳақ кеўил жақсы адамлар келип сен жас ақмақты туўры жолға салып жибергенге шекем шеңгелге тырналып жүре бересең. Менде хош кеўилликтиң қалай пайда болғанын енди түсиндиң бе

матрос? Бирақ мен ҳәммесине талғамай хош кеўил емеспен...

- Ат төрт аяқлы болса да адым сайын сүринеди дейди ғой, - деп сөз қосып қойды Давыдов абайлаңқырап сөйлеп.

Бирақ Нестеренко оған суўық түрде қарап былай деди:

- Егер жақсы ат болып бир-еки сүринсе зәлели жоқ, оны кешириўге болады, ал енди адым сайын сүринетуғын атлар да болады. Сен қанша үйрете бер, қанша жан-ийниңе от түсип урына бер, бәри бир ол ҳәр думпекти тумсығы менен бир сүзип өтпесе болмайды. Әне сондай қүршаңқыны ат қорада тутыўдың не қәжети бар? Қарасы жойылсын оның!

Давыдов билдирмей мырс етип күлди де үндемеди. Астарлы мәнининң анықлығы сондай, оны түсиндириўдиң де кереги болмай қалған еди...

Олар шүдигарлыққа қарай әсте келе берди, үлкен қызғылт-көк булт артына жасырынған күн де булардың арқасынан тап сондай әстелик пенен бойын көтерди.

- Мине мениң сүрип атырған жерим - деди Давыдов теп-тегис болып созылып атырған шүдигарлықты жасылма бийпарўалық пенен бас ийзеп көрсетип.

Басының шалт ҳәрекети менен силкип жиберип папағын қасына түскенше төмен түсирди де, Нестеренко щайқалып, сүрилетуғын жерди кеселеп келе берди. Давыдов анадай жерде оның изинен жүрип, қонышына түскен боянды алып тасламақшы болғанға усап бир неше рет жердиң қанша тереӊ сүрилгенин тексерип көргенин байқады. Давыдов шыдап тура алмады:

- Сен жасырмай өлшей бер. Сен неге маған дипломатиялық тәсил етесең?

- Байқамаған түр берип журе берсеӊ болмайма, - деп мыңғырлады Нестеренко жол - жөнекей киятырып.

Ол жердиң арғы шетине барып тоқтап, кеўилге тийерликтей ҳүрмет пенен былай деди:

- Улыўма-жаман емес, бирақ баланың сургениндей тегис сүрилмеген: гей жери тереӊ, гей жери сайыз, ал гей бир жери оғада тереӊ болып кеткен. Дурысын айтқанда - бул уқыпсызлықтан болған нәрсе, мүмкин, ашыўлы ўақта плугқа асылғаннан болған да шығар. Бирақ есиңде болсын, Давыдов, ашыўлы адамға тек урыста ғана жақсы болады, ашыў урысыўға жәрдем береди, жер айдағанда адам жүдә әлпайым болыўы керек, себеби жер тегис болғанды, жумсақ жағымлы қатнасты жақсы көреди. Маған буны марҳум атам солай айтып кеткен еди. Не ҳаққында ойланып қалдың, қурғақтағы моряк? - деп Нестеренко даўысын көтерип даўыслады да Давыдовты ийни менен қаттырақ қағып жиберди.

Давыдов тентиреклеп кетти, әдеп оның алыспақшы болғанын түсинбей қалды. Ал Нестеренко күлип күш пенен оны тағы бир рет ийтерип жибергенде барып Давыдов аяғын керип турып алды да, алдына қарай сәл еңтерилди.

Олар бир-бириниң тутысатуғын жерин излеп, алыса түсти.

- Беллесейик пе, я басқаша алысамыз ба? - деп сорады Нестеренко демин алмастан.

- Қалай етсен олай ет, бирақ ғәрремлик қылыў, аяқтан шалыў болмасын.

- Бастан асырып та тасламағайлы болсын, - деди, таўлап таслайман деп жүрип күш түскенликтен мурнын ишине тартып демигип Нестеренко.

Давыдов оның дуғыжым шымыры денесин қушақлай бергенде ийкемлесип келиўинен тутысып атырған адамның ҳақыйқат тәжирийбели палўан екенлигин байқады. Давыдов оған қарағанда әдеўир күшлирек болғаны менен Нестеренко шаққанлығы, алымпазлығы жағынан басымлаў еди. Бир-еки рет олардың бетлери дерлик бир-бирине тийисип қалғанда Давыдов оның қарапәрең тартқан жүзин, өткир, жайнап турған көзин көрип қалды, сыбырланып: «Қәне, қәне, рабочий класс! Неге бир орыннан қозғалмайсаң?» - дегенин еситти.

Олар шүдигарлықта сегиз минуттай бир-бири менен алысқаннан кейин барып ҳақыйқат дәрмани кетип шаршаған Давыдов қырылдап:

- Шөпликке шығайық, бул жерде өлермиз... - деди.

- Қай жерде баслаған болсақ, сол жерде тамам етейик, - деди зорға демин алып сыбырланып Нестеренко.

Бар күшин салып Давыдов Нестеренконы өйтип-бүйтип қаттырақ жерге шығарып еди,

сол жерде гүрестиң жуўмағы да шығып қалды: екеўи бирден қулады, бирақ қулап киятырғанда Давыдов Нестеренконы таўлаңқырап жиберип оның үстине түсти. Аяқларын таррыйтып, бар аўырлығын салып оны жерге басып атырып ентигиўи менен:

- Қәне, қалайсаң, секретарь? - деди зорға.

- Айтатуғын неси бар, мойынладым. Рабочий класс, күшли екенсең. Мени жығыў деген әнейи нәрсе емес, мен жас ўақтымнан бери усының менен шуғылланып киятырман...

Давыдов тургелип, жығылған палўанға мардыйып қолын узатып еди, бирақ ол жазылған пружина қусап орнынан секирип турды да, арқасын қаратып:

- Шаңды қағып жибер! - деди.

Давыдов Нестеренконың жаўырнына жабысқан шаң менен өткен жылғыдан қалған шөплерди жабадай қоллары менен еркеклерге тән қандай жақсы мийирманлық ҳәм жыллы жүзлилик пенен әсте ғана қаға баслады дейсең! Соннан кейин олар қайтадан бир-бирине қарап, екеўи де күлип жиберди.

- Сен ҳеш болмаса мениң партиялық абыройымды сыйлап жығыла қойсаң болады ғой? Жығылғанда нең кететуғын еди? Ҳей, Ленинградлы айыў. Сенде ҳеш әдеплилик, ҳеш қандай атақты ҳүрметлеў деген жоқ екен... Бирақ күлиўге зор екенсең. Кулгенде аўзың қулағына жеткенше ыржыясаң, жаңа үйленген жигит қусап мардайып турысына қара.

Давыдов ҳақыйқатында да аўзы қулағына жеткенше күлген еди:

- Ендигиде есимде болар, факт. Бирақ сен онша өжетлене берме, мен ғой сеннен жығылмайын деп, жерге диземе шекем кирип кете жазладым. Ҳай, Нестеренко. Бизиң Макар Нагульнов айтқандай-ақ биийшара Ставропольлы орташа ҳәм майда жеке меншикшилсең сен. Сен секретарь болсаң ақыры түсинбейсен бе, рабочий класс барлық ўақытта үстинде болыўы керек, бул тарийхый дәлилленген нәрсе, факт.

Нестеренко сықақ етип ысқырып, басын шайқап қойды. Басындағы папағы ҳайран қалғандай желкесине ысырылып барып тоқтады. Ол күлкиге алып:

- Ендигиде мен сени қалай болмасын шалқаңа саламан. Сонда сениң қандай марксистлик дәлил табатуғыныңды көремиз. Бирақ бир жери жаман болды бизлер екеўимиздиң гүрес тутқанымызды аспазшы ҳаял көрип қойды ғой, бизлер туўралы ол киси не ойлар екен? Мына нәм-нәҳән жигитлерди жин урған екен дейтуғын болды...

Давыдов итибарсыз қолын силтеди:

- Еле бизлердиң жас екенимизди сылтаўласақ соннан кейин түсинип, кеширер... Қәне енди сөйлесип алайық, жолдас Нестеренко, ўақыт болса кетип баратыр, факт!

- Отырғандай бир қурғағырақ жер тап.

Олар тышқанның ининен шыққан кишкене бир дүмпешиктиң үстине барып отырды. Нестеренко асықпай жай-парахат гәп баслады:

- Бул жерге келер алдында мен Гремячийде болдым. Размётнов пенен, хуторға келген актив ағзаларының бәри менен таныстым. Нагульновты болса таныйман, оның менен хуторға келместен бурын ушырасқан едим, ол райкомға да келген еди. Мен оған да, Размётновқа да айтқан едим, саған да айтпақшыман сизлер жақсы колхозшыларды, бизиң исимизге берилген адамларды партияға тартыў ислери бойынша жумысты жаман алып баратырсызлар. Бул жүдә жаман! Колхозда жақсы жигитлер бар ғой, солай емес пе?

- Факт!

- Сонда не?

- Жақсылары да күтип турыпты...

- Нени күтеди?

- Колхоздың ақыбети не болатуғынын. Ҳәзирше өзиниң огороды менен көбирек бәнт болыңқырап жур.

- Қозғастырыў керек оларды, олардың ақылын оятыў керек!

- Аз-азлап қозғастырып атырмыз-аў, бирақ пайдасыз болып тур. Мениң ойлаўымша гүзге шекем бизиң ячейкамыз кеңейиўи керек, факт!

- Гүзге шекем жең салып отыра бере жақсызлар ма?

- Жоқ-ә, ҳәрекет етемиз, бирақ жан алқымға ала бермеймиз.

- Мен де жан алқымға ал деп отырғаным жоқ, алдыңғы қатардағы мийнеткеш адамларды дөгерегиңе топлаў, партияның сиясатын түсиникли тил менен жақсылап түсиндириў бойынша ҳәр бир мүмкиншиликтен бостан бос пайдаланбай қалмаў керек.

- Биз де солай ҳәрекет етип атырмыз, жолдас Нестеренко, - деп исендирди Давыдов.

- Ҳәрекет етип атырсыз, бирақ ячейка кеңеймей атыр. Буныңыз ҳәрекеттен гөре селекетке усап тур. Не қыламыз енди, күте түрайық, ендигиден былай булжағы да қалай болатуғынын көремиз. Қәне енди басқа нәрселер туўралы әңгимелесип көрейик. Мен басқа мәселелер туўралы кемшилигиңди көрсетпекшимен. Мен бул жерге сениң менен танысайын, баўырласып сөйлесейин, халық айтқандай, маңырасайын деп келип отырман, сен саўатлы жигитсең, жаспан деп жаслығыңды ҳақыйқат себеп қылып отырмайсаң, жас ўақтың өтип кетти, сен оннан қол үздиң, енди ол саған жеткермейди, қайтып келмейди! Сен меннен өзиңниң пролетарлық шығысына, тәжирийбесизлигиңе ҳәм тағы басқаларыңа байланыслы жеңилликти, сондай-ақ гейпара партиялық басшылар кейип ететуғын айрықша бир өзгермейтуғын қаталлықты күтпей-ақ қой. - Нестеренко кеўиллениңкиреп әңгимесин даўам етти. - Бизиң партиялық турмысымызда, мениң пикиримше, ойланып исленбеген ҳәрекетлер ҳәм соған сәйкес «қабығын алыў керек», «қум менен ысқылаў керек», «түрпили қайрақ пенен сүриў керек» ҳәм тағы усыған қусаған сөзлер әдетке айналып кеткен. Гәп адам туўралы емес, тап қандай да бир тот басып қалған темирдиң сынығы туўралы болып отырғандай. Бул не өзи? Абайлап қарасақ усындай гәплерди пүткил өмири бойынша я металлдың болып, я ағаштың болып қабығын түсириў дегенди көрмеген адамлар көп айтады, бәлким олар өмири туўып ҳәр түрли қайрақты қолына услап та көрмеген шығар. Ҳаў, адам деген нәзик нәрсе ғой ақыры, оған, оҳо, жүдә шебер қатнасық керек!

Мен саған бир болған нәрсени айтып берейин. Он сегизинши жылы бизиң отрядта мынадай бир тәртип, әдет болды, ондай оңбаған тәртиптиқ ушырасыўы мүмкин емес шығар. Шын сөзим, Қызыл гвардияның отряды емес, ал тап нағыз Маханов бандасының қалдығы! Он тоғызыншы жылы, жылдың бас гезинде бизге бир комиссарды - дон шахтерларынан шыққан бир коммунистти жиберди. Жасы әдеўирге барған, бүкирейиңкиреген адам еди, муртлары қарадан келген, Тарас Шевченконың муртындай салынған мурты бар. Сол кисиниң келиўи менен барлық ислеримиз басқаша болып кетти. Соған шекем отрядты Қызыл Армия полкына айналдырып жиберген еди. Полктағы адамлар-сол баяғы адамлар еди, бирақ солай болса да олар дүньяға жаңадан туўылғандай басқаша болып шықты. Ревтрибуналға судқа бериў былай турсын, тәртипке байланыслы бир де жаза болған емес-усының ҳәммеси полкқа комиссар шахтер келгеннен соң бир айдың ишинде-ақ болған нәрсе еди! Ол буған қалай еристи де? Иши-баўырыңа кириў менен ерисетуғын еди, шайтан!

Ҳәр бир қызыл әскер менен сөйлескенде, олардың ҳәр қайсысына сәйкес жыллы сөз таўып айтатуғын еди. Биреў болмаса биреў саўаш алдында қорқақлық қыла қойса, оны ол дәрриў жеделлендирип жибереди, түсинбегенин тусингендей етип жибереди, тап сондай етип сүйсингендей етип жибереди, ҳәттеки ол адамның ашыўланыў, қапаланыў деген ойына да келмей қалады. Оның қулағына: «Биле турып пышаққа урынба! Сени өлтирип қояды ғой, сонда бизиң күнимиз қалай болады? Ҳаў, ақыры сенсиз пүткил взводтың, ҳәттеки пүткил ротаның күни қәреп болады ғой» - деп сыбырлайтуғын еди. Түсиникли ғой, сонда батыр жигитке комиссардың бундай пикирде екенлиги жүдә унап қалып, ал қалай болса солай емес, ал басы менен ойланып саўашқа кириседи. Бизиң комиссардың бир әззи жери бар еди: егер бир үлкен аўылды я казак станциясын ала қойсақ, әне сонда ол бир әжеп-тәуир қылықларды баслайтуғын еди...

Давыдов күтилмеген жерден Нестеренкоға қарай бирден бурылғанлықтан самал менен тикжарланып қалған сақсақ тышқанның үйип тастаған төбешигиниң үстинен бир қапталына қулап түсиўден зорға аман қалды. Теңселип барып оң қолының жазық бармақлары менен ызғарлы топыраққа таянып атырып даўыслады:

- Әжеп-тәуир қылықлары қалай? Не деп отырсаң өзиң?

Нестеренко әсте ғана күлип қойды:

- Мен алжасқан екенмен! Әжеп-тәуир қылықлар емес, ал бай саўдагерлердиң, помещиклердиң қулласы сол заманларда китап сатып алыўға ҳалы жететуғын адамлардың китапханаларын тинтилейтуғын еди. Өзине керек китапларды сайлап алғаннан кейин оларды ҳеш қандай жырсыз конфискалайтуғын еди! Инанасаң ба - өзи менен бирге төрт арба китап, пүтин бир көшпели китапхана алып жүреди. Китапларды тап оқ дәридей етип қәстерлеп сақлайды: ҳәр арба брезент пенен жабылған, китаплар түбине-түби тийгизилип тақланған оннан қалса астына сабан төсеп қойылған. Тоқтап өтетуғын мәнзиллерде, дем алыс ўақытларында, урыс арсындағы тыныспаларда, барлық бос ўақытларда мылтықларын тазалап, аўқатланып болғаннан кейин әскерлердиң қолына китап берип, оқыўға буйырады, соңынан оқыған, оқымағанынды тексерип көреди...

Мен ол күнлери жаслыққа салып көбирек қыз қуўатуғынман, ырасында китап оқыўдан қашып кететуғын едим…Ал өзим болсам зорға ҳат таныйман, анаў-мынаўды алмайтуғын едим. Бир куни ол берген китабын мениң оқып шықпағанымды билип қойды. Сол китаптын авторы да, аты да еле есимде. Еки күннен кейин китаптың мазмунын сорап еди, мен ың деп аўзымды ашсамсеш. Ол маған, - ол бундай жағдайда басқа биреўдиң көзинше кисини қысындырмаў ушын адам жоқта айтатуғын еди, - былай деди: «Сен қалай ойлайсаң, бул дүньяда Иван-дурак болып өтип кетпекшимисең? Кеше кеш болғанда сениң бир кишкене қыздың қасында айланшықлап турғаныңды кердим. Есиңде болсын, саўатлы қызға сен қусаған ақмақтың бес тийинға да керегиң жоқ, бес минуттан кейин оның тақаты қалмай зеригетуғын болады: ол қыз ушын сен бир атым насыбай қурақым көринбейсең: ол сеннен ақыл үйрене алмайды, себеби ақыл дегениң сениң өзиңде жоқ, еле ақылың кирмеген. Ал енди еркеклердеги қалған барлық нәрселер менен саўатсызлар қалай тәмийин етилген болса, саўатлылар да сондай дәрежеде тәмийинленген, солай да барлық жағдайда да артықмашлық саўатлылар тәрепинде болады. Түсиникли ме саған, шала көбик?»

Ал мен буған не деп жуўап бере аламан?

Ярым айдай ол мени қыйқалады, қыйқалады, арыма тийди, жылағанның бер жағы қылды, - әйтеўир китап оқыўға үйретти. Кейин китап оқыўға өзим қызығатуғын болдым, қызыққаным сондай жаздырып ала алмайсаң. Усы күнге шекем оны көп алғыс пенен еске түсиремен, дурысын айқанда елеге шекем билимим ҳәм алған тәрбиям менен кимге миннетдар екенимди билмеймен: мархум ата-анама ма я комиссарыма ма - айта алмайман.

Нестеренко бир нәрселер туўралы ойға кетип, азырақ ўақыт үндемей турды. Ол қапа болса керек. Ал аздан кейин сырлы күле шырайын зорға иркип алып сораўларды үсти-үстине жаўдырыўға қарады:

- Сен бос ўақытларында бир нәрсе оқыйсаң ба? Бәлким, тек газеталарды ғана көрип шығатуғын шығарсаң? Бос ўақтын да аз-аў, солай емес пе? Айтпақшы, сизиң оқыў үйинизде қызықлы китаплар бар ма?... Билмейсең бе? Ҳо, достым, бунын уят саған! Сен өзиң оқыў үйине ең болмаса бир рет барған жоқсаң ба? Барлығы болып еки рет бардың ба? Ҳаў, ағайним, бунын ҳеш нырққа сыймайды! Мен сен туўралы ең жақсы пикирде едим, Ленинград рабочий класының ўәкили! Мине енди маған сениң заводына жазатуғын нәрсе табылды! Бирақ сен қорқып жүрме, мен өз атымнан мынадай деп жазып жиберемен: «Сизиң заводыңыздың бурынғы рабочийсы, ҳәзир Сталин атындағы колхоздың баслығы жигирма бес мыңшы Давыдов ҳәм ол басшылық ететуғын колхозшылар китапқа оға да мүтәж. Оларға ғалаба сиясый ҳәм экономикалық әдебиятлар, агрономия, мал шарўашылығы, улыўма аўыл хожалығы бойынша китаплар жүдә керек. Сондай-ақ классикалық ҳәм ҳәзирги заман әдебиятынан таңланған китаплар болса жүдә мақул болады. Өз қәўендерлипщизге алыў ретинде мүмкин болса, пәлен адреске үш жүзден ибарат пулсыз китаплар жибериңлер». Бола ма? Жаза берейин бе?.. Қайылшылық жоқ па? Қайылшылығың болмағаны дурыс! Онда өзиң талабында болып колхоз ғәрежети менен еки жүз-үш жүз китаплық китапхана шөлкемлестирип ал. Пул жоқ дерсең еле? Бийкар сөз! Табылады. Ғарры өгизден бир жубын сат, жарлы түсип болдырып қалмайсыз! Әне

саған китапхана, китапхана болғанда қандай! Кеше мен кеңседе отырып есаплап көрдим, сизлерде жериңизге қарағанда күш-көлигиңиздиң әдеўир аўысығы бар болып шықты. Неге сизлер оларға бостан-бос от-жем сарп етип журсиз? Сатып қутылыңлар! Сизлерде он жастан асқан өгизлердиң қаншасы бар екенин билесең бе?... Билмегенин жүдә өкинерли, солай да мен саған жәрдем берейин: сизлерде он жасар ҳәм оннан үлкен өгизлер тоғыз жуп екен. Жақсы хожайынлар бундай соғымларды қорада сақламайды, семиртип сатып жибереди. Түсиндиң бе?

- Тусиниклиси тусиникли ғой, бирақ бизлер жарамсызға шығарылған маллар менен ғарры өгизлерди гүзге сатармыз деген едик. Маған тәжирийбели хожайынлар усылай мәсләҳәт берген еди.

- Ҳәзир ол малларыныз бағыўда ма?

- Жоқ. Ғарры өгизлер жумыста, оны анық билемен.

- Саған гүзде сатыўға мәсләҳәт берип жүрген тежирийбешил кеңесгөй ким өзи?

- Бизиң завхозымыз Островнов ҳәм тағы ким еди, есиме туспей тур.

- Ҳим, қызық нәрсе екен... Сениң завхозың колхозласыўдан бес минут бурын кулак еди, демек, билгиш хожайын екен, ол қалай саған бундай болмаған кеңести бере қойды? Өгизлерди гүзде сататуғын болсаңлар, соған шекем мойынларынан мойынтырықларын алмасаңлар қалай болады? Демек, териси менен сүйегин сатады екенсиз дә. Мен болсам саған басқашалаў кеңес берер едим: сатыўға қойылған барлық малларды ҳәзир өриске жиберип, кейин баққыға қойып, концентрат бериў керек, жазда базарда малдың азайып, гөштиң қымбатыған ўағында сата қоясаң. Ал гүзге болса сизлердиң малларыңызсыз-ақ гөш деген үйин-үйин болып қалады, баҳасы да арзан болады. Сизлерде аўысық ғәлле бар екен. Ол қалай? Улыўма алғанда өзлериң билесизлер, мен сизлердиң ислериңизге араласқым келмейди. Деген менен сен бул туўралы ойланып көр... Солай да бир жуп ғарры өгизди бағып ҳәзир сатып жиберсеңиз де болады. Бул пуллар ишкиликке емес, китап алыўға жумсалады ғой! Қысқасы, еки айдан кейин сизлерде китапхана болсын. Точка! Оқыў үйин жымырылайын деп турған ылашықтан тоқтаўсиз кулаклардың ең жақсы жайларының биреўине көшире бер, қәтелеспейсең! Екинши точка! Избаны басқарыўшы етип бир күшли жигит жиберемен, оған ҳәр күни кеште қатты даўыс пенен оқыў шөлкемлестириўди тапсыраман. Үшинши точка!

- Точка қоймай тура тур! - деп өтиниш етти қысынғанынан қызарып кеткен Давыдов.- Мен саған орыс тилинде айтып отырман, китапхана болады, өшир точкаңды! Оқыў үйин ертеңнен қалдырмай жақсы жайға көширемен, екинши точкаңды өшир. Ал мына үшинши точкаңа сөзим жоқ... Мен өзим де избаны басқаратуғын биреўди қайымлап қойыппан, жақсы жигит, келискен агитатор. Бирақ ол өндиристе ислеп жүр, қыйын жери де сонда. Мениң ойымша округ комсомол комитети бизди қолласса, жигитти алып келермен деп ойлайман?

Нестеренко сезилер-сезилмес түрде басын ийзеп: көзи күлимсиреп, оның гәпине дыққат етип тынлады.

- Шаққан болып, тез ғана дурыс шешимге келетуғын командирди өлгенше жақсы көремен... Солай да оқыў үйиң туўралы мениң гәпимди ақырына шекем тыңлап ал. Мен кеше оқыў үйинде болдым. Жай емес. Жай дым жаман жай екен... Ишинде ийт ойғандай. Терезелери шаңнан көринбейди... Полы көп ўақыттан бери жуўылмаған. Көгерип сасып кеткен бе, бир жаман ийис келеди. Кудай ҳақы, тап иләттиң ийисиндей. Ең баслысы - китаплар жоқтың қасында, олар да ески китаплар. Текшелердиң биреўинде көп жатқанлықтан сарғайып кеткен шыйырыўлы бир плакатты көрдим, жаздырып қарасам сүўретлери бар, оқысам былай деп жазылыпты:

Сапта турсақ қызлар көзи тоймайды,
Кемпир-ғарры басын қатты шайқайды,
Сүйсинеди, баўыр ерип аталар:
Бәрекеллә - дейди олар Сунқарлар.

Душпанлардың аш бүйирине сал найза,
Қосшы, қәне сал қарыўды, жер айда.
Мийнетиң жүректе ләззетлер алсын,
Мийнеткештиң сөйтип кеўли жай болсын.

Ҳаў-ҳаў, мен буны бурыннан билемен ғой деп ойладым! Мен бул плакатты оқығанман-соннан бери толық есимде, - қайда, жийирмаланшы жылы барып, Врангель фронтында жүргенимде! Демьян Бедныйдың бул сөзлери ҳәзир де шийрин ғой, бирақ өзиң де билесең, отызыншы жыллары ҳәзирги күнлерге байланыслы, ең болмағанда колхозластырыўға байланыслы жаңашарақ нәрселер керек емес пе еди.

- Көрмейтуғыныңыз жоқ, жалықпайтуғын жигит екенсең, - деп гүбирленди қысынғаннан еле өзине келе алмай атырған Давыдов қанаатланбағанлығынан гөре оны мақулланқырап.

- Мен жумыстағы кемшиликлерди көриўге, оны дузетиўге жәрдем бериўге тийислимен, әне бул жумысты сениң менен барлық ықласым менен орынлап отырман Семен. Бирақ буның бәри де еле басламасы, ҳақыйқаты алдында... Мине сен колхозды, барлық колхоз жумысларын Размётновқа исенип тапсырып, бул жаққа бригадаға келип отырсаң. Ал енди бундай ўақытларда Размётновтың жалғыз өзине қыйын болып, жумысты алып бара блмай атырғанлығын билесең ғой. Билесең бе? Биле турып усындай етип отырғаныңа қара!

- Сен өзиң де Тубянский колхозының атызларында лобогрейка айдадың ғой! Я өрнекке шек келтирмекшимисең?

Нестеренко өкиниш пенен қол силтеди.

- Мен Тубянскийде адамлар менен танысып алыў ушын бир-еки саат ғана жумыс иследим, бул-пүткиллей басқа нәрсе, ал сен болсаң жеке турмысындағы қолайсызлыққа байланыслы бригадаға қашып келип отырсаң. Айырмасы қалай екен? Маған сен Лукерия Нагульновадан қашып келгендей болып көринип турсаң. Бәлким, мен қәтелесип отырған шығарман?

Давыдовтың түси бозарып кетти. Ол терис бурылып, бармақлары менен шөп-шарды мәниссиз бирим-бирим шалып:

- Мен тыңлап отырман... - деп гүбирленди.

Ал Нестеренко болса ақырын ғана жақсы көрген түрде оның ийнине қолын салып, әсте өзине тартты да өтиниш етти:

- Кеўлиңе келмесин! Сениң сүрген жериңниң тереңлигин мен, әйтеўир өлшеп жүр деп ойлайсаң ба? Сен гей бир жеринде трактордан да тереңирек сүрипсең! Ашыўыңды жерден алып, өкпеңди өгизлерге аўдарыпсаң... Сени билетуғын адамлардың айтыўына қарағанда Лукерья менен араңыздағы байланыс ушына жетейии деп турса керек. Дурыс па?

- Соған усайды.

- Мейли, жүдә жақсы болыпты, буған ҳақ көкирегиң менен қуўанса болады. Бирақ сен буны созып жүре бермей тезирек бир жағына шығар, қымбатлы Семен! Халық сени жақсы көреди, бирақ бир жаман жери, мына мәниссиз қатнасығың ушын олар сени аяйды, түсинип отырсаң ба, аяйды! Егер адамлар қәдимги руслардың әдети бойынша анаў-мынаў биреўди аяп жаны ашыса бир сәри. Ал енди олар ақылы пүтин жигитти, оннан қалса өзиниң басшысын аяп жаны ашый басласа, ол жигит ушын оннан артық уятырақ ҳәм қорқынышлырақ не болыўы мүмкин? Ең баслысы сениң мына истен шыққан қатынға, оның үстине жолдасыңның кешиги ғана қатынына илигип әўерленип жүриўиң, мениң пикиримше, барлық нәрсеге кесирин тийгизип отыр! Олай болмағанда сениң ҳәм Нагульновтың жумысындағы кеширилмейтуғын қәтеликти не деп тусиниўге болады? Шийеленисип қатқан екенсиз сизлер, егер өзлериниз жаздырылмайтуғын болсаңлар - райкомға шийе жерди кесип таслаўға туўра келеди, билип қой!

- Бәлким, мениң Гремячийден кеткеним жақсы болар? - деп сорады Давыдов тартыныңқыраған түрде.

- Бос сөзди сөйлеме! - деди оны бирден кесип тастап Нестеренко. - Рас былғадың ба, енди артыңнын бәрин тазалаўың керек, әне соннан кейин барып кетиў туўралы гәп қозғаўға болады. Сен оннан да маған муғаллим - комсомолка Егорованы билесең бе, соны айт?

- Билемен, көргеним бар. - Давыдов қыста кулакларды сапластырыў ўақтында өлердей уялшақ сол жас қыз бенен биринши рет ушырасқанын есине түсирип орынсыз күлимсиреп қойды.

Оның менен танысып атырып, қыз тартынып, терлеген кип-кишкене ғана қуўысқан қолын Давыдовқа узатып, көзинен жас аққанша қызарып кеткен ҳалда зорға дегенде: «Муғаллим Егорова Люда» деген еди. Әне сонда Давыдов Нагульновқа: «Бригадаңа усы муғаллим комсомолканы ал. Класслық гүрестиң не екенин жас қыз көрсин» - деп усыныс еткен еди. Бирақ Нагульнов өзиниң қараўытқан узын қолларына түнериўи менен көз таслап атырып былай жуўап берди: «Ол қызды сен өзиң ала ғой, маған бундай жумыста оның кереги жоқ! Ол биринши классларды оқытады, егер оқыўшыларының биреўи еки алып қойса, соның менен бирге қосылып жылайды. Сондай қызды комсомолға алып жүрген ким екен өзи? Соннан комсомол ағзасы бола ма? Юбка кийген жылайманғой!

Нестеренко биринши рет қабағын үйип, айыплаўшы көз-карас пенен Давыдовқа қарады;

- Неге күлесең? Мениң саўалымнан күлгендей не таўып отырсаң?

Давылов өзиниң орынсыз күлкисинин себебин түсин дирмекши болып қолайсыз урынды: өзим-ақ ҳеш нәрсе емес-аў, усы муғаллим қыз ҳаққында бир нәрсе есиме түсип кетти... Ол жүдә әдепли қыз...

- Болмаған нәрселер есиңе түседи! Ермек ушын тапқан ўақытыңа қара! - деп кейинди ашықтан-ашық ашыўланып Нестеренко. - Сен оннан да бул әдепли муғаллим қыздың хуторында комсомол ағзасынан тек жалғыз өзи екенин есине түсир! Сондай үлкен хутор бола турса да, комсомол уйымы жоқ. Бул саған әйтеўир нәрсе емес! Буған ким жуўап бериўи керек? Буған биринши гезекте Нагульнов, сен де, сизлер менен бирге мен де жуўап бериўим керек. Ал сен болсаң мыржыйып күлесең... Бул жақсы күлки емес. Семен Давыдов! Қәне зәрүр ислерди бетке тута бермейик! Партия қолымызға тапсырған барлық ислер де зәрүрли ислер. Қандай ғайрат көрсете алатуғынымыз - бул екинши мәселе.

Давыдовтың азырақ ашыўы келип еди, бирақ өзин тутып былай деди:

- Сен, жолдас Нестеренко, Гремячий Логта бир күн болдың. Соның өзинде бизиң жумысымыздағы сонша кемшиликлерди, қәтеликлерди таўып алып отырсаң, мениң минез-қулқымды да көрсетип өттиң. Егер сен бул жерде январьдан бери турғаныңда қандай болар еди? Сениң тапқан кемшиликлериңди тыңлаўға пүтин бир ҳәпте керек болар еди, факт!

Давыдовтың кейинги сөзи Нестеренконы азырақ кеўиллендирейин деди. Ол шайтансыған түрде көзин қысып, Давыдовты шығанағы менен түртип жиберди.

- Ал сен, Семен, мен тек Гремячийде «болып» ғана қоймай, сизлер менен ийин қосысып жумыс ислегенимде, бәлким, қәтеликлер аз болған болар еди деп ойлап қалмайсаң ба?

- Аз болатуғыны сөзсиз, солай да бәри бир табылар еди. Сен Сталин емессеңғой, сен де жаңылысқан болар едиң, факт! Хабарың барма, мен өзимниң барлық қәтелеримди емес, көп қәтелеримди көрип тураман да, бирақ бәрин дәрриў дүзетип жибермеймен, мине мениң кемшилигим сол, факт! Бир күни бәҳәрде оқыўшылар мектеп баслығы Шпынь деген адам менен сақсақ тышқан тутыўға далаға шыққан екен, мен олардың қасынан өтип баратырып тоқтамадым, әңгимелеспедим, сол ғарры оқытыўшының кеўлинде не бар екенин, қалай жасайтуғынын билип алмадым, ҳәзир де билмеймен... Сен тыңла, мен айтайын, буннан да бетерирек бир нәрсе ушырасып қалды. Қыста отын әкелиўге арба берип тур деп хат жазып жиберген еди. Сол арбаны мени жиберди деп ойлайсаң ба? Умытыппан да кетиппен. Басқа ислерден қолым тиймей, ғарры менен сөйлесе алмадым. Сол есиме түскенде усы күнге шекем қатты уяламан! Комсомол туўралы айтқаның дурыс.

Ең әҳмийетли исти жиберип алғанбыз, бул жерде, әлбетте мен жүдә гүнәкарман, факт!

Солай да Нестеренконы усындай өкинген жайдары сөзлер менен ашыўдан түсириў аңсат емес еди.

- Қәтелигинди мойныңа алғаның да, уятыңнан биротала хошласпағаның да, булардың барлығы да жақсы нәрсе, бирақ оның менен сизде комсомол да өспепти, оқытыўшының да отыны көбеймепти... Тек ғана өкинип қоймастан, ислеў керек, қымбатлы Семен! - деп каттырақ исендирип қойды ол.

- Шын сөзим, барлығы да жөнге салынып, барлығы да исленеди! Бирақ комсомол ячейкасын шелкемлестириўге сизлер бизлерге жәрдем бериң, яғный райком жәрдем берсин, ҳеш болмаса ўақытша жумыс ислеў ушын бир-еки жигит пенен бир комсололка жибериң. Мен саған шын айтып орырман, Егорова ҳеш нәрсе қолынан келмейтуғын шөлкемлестириўши. Ол сол жүргенде уялып зорға жүреди, оған жасларға, әсиресе бизиң жасларға басшылық етиў қайда!

Енди ғана кеўлин жәмлеп Нестеренко былай деди:

- Мине бунның басқа гәп! Комсомол қурыўға жәрдем беремиз, ўәде беремен, ал енди өз-өзиңди критикалағаныңды азырақ толықтырып қойыўға рухсат ет. Биринши майдың алдында сизлердиң коопeраторыңыз станицадан зат алып келиў ушын еки арба сорады ма?

- Сорады.

- Бердиң бе?

- Бере алмадым. Биз ол ўақта ҳәм жер айдап, ҳәм егин егип атыр едик. Жумыс көп еди. Саўдаға қарағандай болып атырған жоқ едик.

- Еки арба берип турыўға да болмады ма? Бийкар гәп! Болмаған сөз! Атыздағы жумысқа әлле қандай кесент келтирместен-ақ бериўге болатуғын еди. Бирақ сен бере алмадың, бергиң келмеди, «бул колхозшылардың кейпине қалай тәсир етер екен?» деп ойланбадың да, соның салдарынан ең керекли затлар болған сабын ушын да, дуз ушын да, шырпы ушын да, лампамай ушын да гремячийли ҳаяллар байрам қарсаңында жаяўдан-жаяў станицаға қатнады. Әне соннан кейин олар бизиң Совет властымыз ҳаққында өз-ара қандай ойға келди - деп ойлайсаң? Ямаса саған бәри бир ме? Ал биз сизиң менен бизиң жаңажан властымызға нәлет айтырыў ушын урысқанымыз жоқ, жоқ, сол ушын емес - деп бақырынды Нестеренко күтпеген жерден пайда болған жинишке даўыс пенен. Ал гәпин сыбырлы менен тамамлады: - Неге саған усындай әпиўайы нәрселер де түсиниксиз Семен? Есиңди жый, қымбатлы жолдас, көзиңди аш.

Давыдов сөнген шылым қалдығын бармағы менен езип-уўқалап, жерге тигилиўи менен узақ ўақыт үндемей қалды. Өзин бийлеп алған сезимлерин сыртқа шығарыўда өмир бойы мумкин болғанынша сабырлы болып киятыр еди, оны гейпара нәрселер бойыша айыплаўға болса да, сентименталлықта ҳеш қандай айыплаўға болмайтуғын еди, ал ҳәзир қандай да бир белгисиз куш арасынан ийтерип, ол Нестеренконы қатты қушақлап алды, ҳәттеки сақалы алынбаған секретарьдың жағына әсте ғана еринлерин тийгизди. Сөйлегенде оның даўысы қалтырап шықты:

- Рахмет саған, қымбатлы Нестеренко. Үлкен рахмет. Сен азамат жигит екенсең, сениң менен аңсат ислесиўге болады, Корчинскийдей емессең. Сен маған ашшы-ашшы сөзлер айттың, бирақ ҳәммеси де дурыс, факт. Ал енди қудай ҳақына, мени бир үмит етиўге болмайтуғын адам екен деп ойлап жүре көрме. Мен кеўилдегидей етип ислеймен, бизлердиң ҳәммемиз де кеўилдегидей етип ислеўге тырысамыз: мен көп нәрселерди қайтадан қарап шығаман, енди ойланыўға ўақтым жетеди... Исене бер гәпиме, жолдас Нестеренко.

Нестеренко да оннан кем тынышсызланбаған еди, солай да түр берместен, енди күле шырай бериўди қойған көзлерин сүзип жөтелип қойды. Азырақ ўақыт үндемей турғаннан кейин ети түршигип қалтыраў менен әсте ғана былай деди:

- Саған да, қалған жигитлерге де исенемен ҳәм өзиме қандай исенетуғын болсам, сизлерге тап сондай исенемен. Сен буны есиңде жақсы сақла, Семен Давыдов! Райкомды

ҳәм мени пәнтлемен, пәнт берип жүрмеңлер! Ҳаў, бизлер коммунистлермиз ғой ақыры, бир ротаның солдатларындай-ақ қандай жағдайда болса да өз-ара жолдаслық сезимди жойтпаўымыз керек! Буны сен жүдә жақсы билесең. Ендигиден былай бизлер усындай қолайсыз сөзлердиң басына барып жүрмейик, ҳей қурып кетсин сол! Гейде зәрүр түрде керек болып қалатуғын болса да, мен сондай сөзлерди жақсы көрмеймен. Мине өзиң қусаған достың менен усындай сөздиң басына барасаң да, кейнинен түни менен уйқылай алмайсаң, ишиң ашып шығады...

Нестеренконың ыссы қолын қатты қысып, Давыдов дыққат пенен оның бетине қарады да, ҳайран болды: мынаў қатар отырған баяғы-хош кеўил әңгимешил жолаўшы емес, анаў-мынаў айтысыўға, тутысыўға таяр ашық кеўилли жигит емес, ал әдеўирге келген, ҳарыған адам еди. Нестеренконың көзлери бирден сағым тартып қалған, аўзының жийегинде терең әжимлер пайда болған, ҳәттеки жүзиниң қара пәрең алмалары да түсин өзгертип сарғайғандай болып көринеди. Азмаз ўақыттын өзинде Нестеренконың орнына басқа бир адамды аўмастырып кеткендей еди.

- Жүрип кететуғын ўақыт болып қалды, мен саған әдеўир-ақ қонақ болдым, - деди ол дүмпешиктиң үстинен аўыр тургеле берип.

- Аўырайын деп турған жоқсаң ба? сен - деп сорады Давыдов қәуипсинип. - Сениң қутың демде қашып кетти ғой.

- Сен абайладың, - деди Нестеренко кеўил хошсызланып, - мениң безгегим тутып киятыр. Бул бәлеге қашшан Орта Азияда жолыққан едим, мине тап соннан бери қутыла алмай киятырман сол бәледен.

- Орта Азияда не талап қылдың? Ол жаққа неге барып жүрсең?

- Сен мени ол жақта шабдал териўге барды деп ойлап отырсаң ба? Баспашыларды жоқ еттим, ал мына өзимниң жаңажан безгегимди ҳеш жоқ қыла алмайман. Докторлар емлеймен деп жүдә жаныма тийди, енди өмирде де безгекке қуўанып жүре беремиз. Бул бир сөздиң арасындағы гәп, ал гәпимниң ақырында мен саған мынаны айтпақшыман: бизиң округта контролар қозғалақ таба баслады, қоңсы Сталинград областында да сондай. Бир нәрседен елеге шекем тәме ететуғын қусайды, ант урған ләмсерлер. Бирақ қосықта мынадай деп айтылмайма? «Бизди урып таслаймыз деп, олар урынып та көрди.»

- «Бизлер де қарап отырмадық, сыбағасын бердик,» - деди толықтырып Давыдов.

- Дурысында да. Солай болса да қаттырақ қулақ түриўимиз керек. - Нестеренко ойға шүмип қасын қасып турды да, ашыўланып қырылдады: Саған ҳеш нәрсе деп болмайды, қымбатлы нәрсемнен кешиўге тура келеди. Сениң менен рас дос болады екенбиз, мына ойыншықты сыйлыққа қабыл ет, керек ўағында алдыңнан шығар, Нагульнов ескертилди, сен де абайлы бол. Болмаса оннан да аўырырағын алыўың мүмкин...

Ол курткасының қалтасынан сүттей жалтыраған номерли браунингти алып, Давыдовтың алақанына салды.

- Бул кишкене нәрсе қорғанған ўақта сласарьлық қуралдан да исенимлирек.

Давыдов Нестеренконың қолын қатты қысып, тәсирленип байланыссыз гүбирлене сөйленди;

- Рахмет саған, жолдаслық... қалай десем болар... факт, дослық ғамхорлығың ушын! Үлкен рахмет!

- Бахтыңа жумса, - деди ойнап Нестеренко. - Бирақ, абайла, айырылып қалма! Ески әскерлер жыл өткен сайын умытшақ болып келе береди...

- Көкирегимде жаным барда айырылмаспан, егер айырылатуғын болсам басым менен бирге айырыларман, - деи исендирди Давыдов пистолетти шалбарының артқы қалтасына тығып атырып.

Бирақ оны қайтадан суўырып алып, дәслеп албырақлаған түрде пистолетке қарап турды да, кейин Нестеренкоға қарап:

- Бул қолайсыз болды ғой... Сен қалай жарақсыз қаласаң? Мә қайтып ал, маған кереги жоқ!- деди.

Нестеренко оның созған қолын әсте ғана қайтарып қойды.

- Ғам жеме, менде екиншиси бар. Буны жумсап жүр едим, анаўсын көздиң қарашығындай қәстерлеп киятырман, ол саўғаға берилип, атым жазылған. Не, сениңше мени армияда босқа хызмет еткен, босқа бес жыл шайқасқан деп отырсаң ба? - Нестеренко көзиң қысты, ҳәттеки кулмекши де болып көрип еди, бирақ күле шырай бериўи аянышлы, қайғылы болып шықты. Ол қайтадан етин түршиктирип, қалтырғанын тоқтатыў ушын ийнин қыймылдатып-қыймылдатып жиберди де, үзип-үзип былай деди:

- Кеше Шалый маған сениң берген саўғаңды көрсетип мақтанды. Мен оның үйине қонаққа барған едим, мазалы пал менен келистирип шай иштик, турмыс ҳаққында әңгимелестик, әне сонда ол сандығынан сениң слесарьлық жарағыңды алып мынадай деди: «Мен пүткил өмиримниң ишинде еки саўға алдым: биреўи кемпиримнен қыз ўақтында маған, жас устаға ашық болып жүрген күнлери алған темеки қалтам, ал екиншиси темиршилик жумысымда жақсы ислегеним ушын жолдас Давыдовтың өзи берген мына жарақ. Усы узақ өмиримниң ишинде болғаны еки саўға! Дүт пенен ыс басқан усы өмиримниң ишинде не деген темирди қолымнан еткердим, оның есап-саны жоқ! Әне сонлықтан да бул саўғалар мениң сандығымның ишинде емес, ал жүрегимниң төринде сақланып киятыр!». Жақсы ғарры! Мийнет етип шырайлы өмир кеширген, сол ғарры уста өз қолы менен адамларға қанша пайда келтирген болса, сондай пайда келтириўди ҳәр бир адамға несип етсин. Көрип отырсаң ба, сениң берген саўғаң меникинен оғыры қымбатлы екен.

Бригада будкасына олар тез-тез журип келди. Нестеренконы үлкен қалтыратпа туткан еди.

Батыстан қайтадан жаўын киятыр. Ҳаўа райының бузылатуғынын кәрсететуғын биринши хабаршылар - бултлар бөлеклери төменлеп жүзип жүр. Майса шөплердиң ҳушлы ийиси менен ызғар тартқан қара топырақтың ийиси мурныңды жарады. Азырақ ғана көринип кеткен қуяш бултлардың артына барып жасырынды, әне таза самалды өзлериниң кең қанатлары менен иреп еки дала мыйқысы көз жетпес жоқарылыққа қарай ушып баратыр. Жаўын алдындағы жымжыртлық даланы жумсақ кийиздей болып қаплап алды, тек гөр тышқанлар ғана үлкен жаўыннан хабар берип шыр-пыры шығып шыйқылдасып жүр.

- Сен бизиң будкада азырақ жатып ал, сон кетерсең. Жолда жамғырда қалсаң, силбиреп биротала жатып қаласаң, - деп тайсалмай кеңес берди оған Давыдов.

Бирақ Нестеренко тиккелей қарсылық көрсетти:

- Иркиле алмайман. Саат үште бюро болады. Жаўыннан бурын жетемен, астымдағы атым оғада жүйрик! Дизгинди шешип алып, аттың айылын тартып атырғандағы оның қоллары қаўсаған ғаррының қоллары қусап қалтырайды. Давыдовты бир қушақлады да демин алған атына шырп етип секирип минип:

- Жолда қызаман! - деп бақырды да турған жерден желе жөнелди. Аттын аяғының жумсақ дүбирлисин еситип Куприяновна ыдыстан көтерилген қамыр ашытқыдай болып будкадан жуўырып шығып, қыйналып қолын шаппатлады:

- Кетип қалғаны?! Ол азанғы аўқатын жемей қалай кетип қалады?!

- Аўырыпты, - деди Давыдов узақлап кеткенше секретарьдан көзлерин айырмай.

- Қурған ғана басым-ай! - деди Куприяновна ашынып. - Сондай жақсы адамға дуз берместен жиберип алдың! Өзи исши болыўына қарамастан сен баслық уйқыны урып атырғанда арсынбастан мениң менен бирге картошка тазалады. Ол бизиң казакларға усаған емес, буларға ондай қайда! Бизиң еркеклер өлсең де қол ушын тийгизбейди! Олар тек өлгенше тамаққа тойып алып, жаңа туўған айға қарап аўзына келгенин айтыўды биледи, аспазға көмеклесиў қайда - оннан үмитиңди үзе бер! Жаңағы жигит маған қандай шийрин сөзлер айтты дейсең! Бундай жақсы жағымлы сөзлер мың жылда да басқалардың аўзына түспейди - деп мақтанды Куприяновна қызарған еринлерин наз бенен қымып, сөйтип отырып қалай тәсир етер екен деп өзи Давыдовқа көз астынан қыялап қарап қояды.

Давыдов жаңағы Нестеренко менен болған әңгимени бирим-бирим ойына келтирип, Куприяновнаның сөзин еситкен де жоқ. Бирақ Куприяновнаны гәпти баслағаннан кейин

дәрриў тоқтата қойыў қыйын еди, сонлықтан ол сөзин даўам ете берди:

- Сен, Давыдов, қалтыратпа тийсин саған, ҳаў; ҳеш болмаса ол адам кетейин деп атыр деп бир аўыз айтсаң болады ғой. Мен сор басым, аңламай қалыппан, кетип қалыпты! Ол енди аспаз билқастан будкада меннен жасырынып қалды деп ойлайтуғын болды, мен болсам бар ықласым менен соған қарай жуўырып шыққаным еди... Давыдов бурынғысынша үндемеди, ал Кuперияновна болса иркинишсиз айтатуғынын айта берди;

- Оның ат үстинде отырыўына қара тап аттың баўырының астында туўылып, үстинде камалға келгендей! Қылт етпейди екен, лашыным, қозғалмайды! Қолдан қойылғандай казак, оның устине бурынғыша қәдди бойын тутып жүреди екен! - деди марапат пенен ол узап кеткен атлыдан сүйсинген көзлерин айырмай.

- Ол казак емес, ол украин, - деди кеўилсиз түрде Давыдов ҳәм гүрсинип қойды. Нестеренко кеткеннен кейин оның мәниси болмай турған еди.

Оның сөзинен Куприяновна қуўрақ мылтық дәри қусап гүрп ете қалды.

- Сен оны маған емес, кемпириңе айтарсаң! Мен саған дурыс айтып отырман, ол ҳақыйқат анық казак! Не, көзиңди ириң қаплады ма? Оны узақтан-отырысынан, жақыннан-келбетинен, ҳәрекетинен билиўге болады, ҳаял-қызлар менен қалай қатнасыўынан тартыншақ сылбыр казаклардай емес, шаққан екенлиги көринип тур... - деп қойды ол мәнилилеў етип.

- Мейли сеники-ақ болсын, казак болса казак болсын, оннан мениң бир нәрсем кетип баратыр ма, - деп келисим берди Давыдов. - Қалай, жигит жақсы ма екен? Қалай көринди саған ол? Сен оның менен мени оятқанға шекем рас мийриң қанғанша әңгимени қурсаң керек?

Енди аўыр гүрсиниўге Куприяновнаға гезек келди, ол тап бар денеси менен күш салып гүрсинип еди, қолтығының астындағы тигис пенен ески кофточкасы узынына парр ете қалды.

- Бундай табылмайды! - деп аўыр өкиниў менен жуўап берди Куприяновна ҳәм бирден ҳеш жерде ҳеш нәрсе жоқ ашыўлы түрде табақ-қасықты қағыстырып, столдың үстинде мәниссиз бириниң орнына бирин, дурысын айтқанда бириниң орнына бирин емес, ал қолына тускенин қайда болса сонда зыңғытыўға қарады.

## IX БАП

Давыдов асықпай, бирақ адымын кеннен-кеннен таслап киятыр. Дөңликке көтерилгеннен кейин тоқтап алды да, кунниң усы мәнзилинде адамсыз қалған бригаданың қосына, қарсысындағы жанбаўырлық бойлап тап горизонтқа барғанша созылып жатырғап сурилген жерге қарады. Гәп-сөздиң неге кереги бар, бул күнлери ол бар күшин салып жумыс ислеген еди, оған ҳәдден тыс көбирек ислеткени ушын жетекши Варюханың да, Кондраттың өгизлериниң де кеўлине келмей-ақ қойсын... Ал енди мына массивке октябрьде көз тасласаң қызықлы болып көринетуғын шығар-әй: бәлким, боласынлы гүзлик бийдай оны биротала қаплап алып, азанғы аязда оған түскен шық гүмистей ағартып ақшыл көк аспанда төменлеп жүзип баратырған қуяс қыздырып, тап нөсер жаўыннан кейинги «Ҳәзирети Әлийдиң қылышы» қусап гүзлик бийдай жарқырап көринсе, ҳәр бир тамшы өзинде салқын гүз аспанды да, тармақланған майда-майда аппақ бултларды да, сағымсызланыңқырап баратырған қуясты да аңлатып туратуғын шығар. ,.

Көк шөплик пенен қоршап алынған шүдигарлық усы жерде турып қарағанда алыста жайып тасланған көп қара мақпалдай болып төселип атыр. Тек ғана оның ең арғы шетинде, сазлы-шегелең жер бетине шығып атырған батыс беттеги жанбаўырлықтағы қоңыр нағыслы тегис емес сарғыш жийек созылып көринеди. Таптың узынына қарасаң плуг пазналары ағартып аўдарып кеткен қара топырақ гүнгирт тартып жылтырайды, оның үстинде қара ғарғалар айланып ушып жүр, қараўытқан шүдигарлықта жападан жалғыз бөйшешектей болып бир көгис көленке көринеди: Варя Харламова өзинде енди ҳеш қандай қызығыўшылық дегенди, туўдырмаған жумысты таслай берип, басын төмен салып,

қосқа қарай әсте тартып киятыреди. Ал Кондрат Майданников таптың үстинде қозғалмастан шылымын шегип отыр. Әтирапын қара жаўындай соналар қоршаған өгизлерге күши жетпей атырғанда жетекшисиз ол не питиреди?

Ашыў үстине келип тоқтаған Давыдовты көрип, Варя да тоқтады, дәрриў орамалын басынан алып, әсте ғана силкип қойды. Бул тилсиз ҳәм әзиз шақырықты көрип Давыдов мыйығын тартып күлди де, оған жуўап ретинде кепкисин бир былғап, артына қарамастан кете берди.

Давыдов жол-жөнекей кетип баратырып: «Ой, өз басына кеткен қыз-ай! Өзи жап-жақсы қыз-ақ, бирақ ерке өз басына кеткен. Ерке емес те қызлар бола ма екен-әй? Ҳеш наз етпейтуғыны, сыланып-сыйпанбайтуғыны да бола ма екен? Мен ондайды я түсимде болып, я оңым да болып көрген емеспен... Қайсы қыз болмамасын он алты-он жетиге келди ме, дәрриў сыланып-сыйпанып, өзине пардоз бере баслайды, жигитке кем-кем ҳүкимин өткере баслайды, бул ғой факт!- деген ойға кетти. - Мине Варюха-күйгелек те мени қолға түсирмекши болып түрли пығылға дөнеди. Бәри бир оның онысынан ҳеш нәрсе шықпайды: балтикшылар деген барлық ашшы-душшыны көрген адамлар! Ол неге будкаға киятыр екен-ай? Асықпастан, шайқалып басып киятырғанына қарағанда Кондрат бир жумыс пенен жиберген, болмаўы керек, ол өз ерки менен, өзиниң қызларға тән орынсыз өжетлиги тутып жүрип киятыр. Мүмкин мени бригададан кетип қалды деп солай етип отырған болыўы? Онда бул барып турған тәртипсизлик, мийнет тәртибин толық бузыў! Егер бир себепли нәрсе менен киятырған болса-мейли, келсин келе бер, ал енди егер өжетлике салып киятырған болсаң бар ғой, онда жаслығыңа, сулыў келбетиңе қарамастан бригададағы биринши жыйналыста-ақ сазайыңды бериў керек! Жер сүриў деген саған бул екшемби күнги ойын емес, ислейтуғын болсаң оңлап исле! - деди Давыдов ашыўы келип.

Усы ўақытта онда ҳайран қалғандай еки түрли сезим пайда болды: бириншиден, Варяның өз билгенин ислегенине оның ашыўы келди, екиншиден, қыздын сен деп жумысын да ўақытша таслап отырғанына еркеклик өзимсиниўшилиги мәз-мәйрам тапқандай еди...

Ол бурын өзи қусап матрос болған ленинградлы бир досынын қандай да бир қыз бенен таныса баслағанда айтатуғын сөзин есине түсирди. Ол сонда Давыдовты бир шетке шығарып, салмақлы жигит болмақшы болып қупыя түрде: «Семен, мен ҳәзир душпан бенен жақынласыўға кетип баратырман. Төзим бере алмағандай болсам қапталдан келип маған жәрдем бере кер, ал егер жеңилсем, мениң шермендем шығып шегиниўимди көрсете көрме» - деп сыбырлайтуғын еди. Сол баяғы өтип кеткен нәрселер есине түсип, мыйық тартып күлди де, дәрриў мынадай деп ойлады: «Жоқ маған бул «душпан» менен, Варюха менен, «жақынласыўға» болмайды. Ол мениң қатарым емес, ол маған болмайды... Мен оның қасына жақынламай отырып-ақ, колхозшылар дәрриў мени қызыл көрсе жаздырмайтуғын айрықша биреў екен деп ойлаўы мүмкин. Жаздырмайтуғын қайда, жалғыз мына Лушкадан қалай жаздырылыўды келистире алмай жүрмен. Жоқ Варяжанды сүйетуғын болсаң ыраслап сүйиў керек, оны әйтеўир әўерелеўге мениң ҳүжданым жетпейди. Мине ол жаңа ғана шығып киятырған ашық күн нурындай не деген гирбиңсиз таза, не деген гирбиңсиз көзлери менен маған көз таслайды. Рас, мен ҳақыйқат анықлап сүйиўди еле билмейди екенмен, ондай нәрсе қолымнан келмейди екен, ол қыздың басын айналдырыўдың кереги жоқ. Сен, матрос Давыдов, желқомыңды арман қур! Қәне тезирек! Тийкарынан да мен оннан өзимди аўлағырақ тутыўым керек. Оның кеўлине тийместей етип әсте-ақырын ғана сөйлесип, лашымды аўлаққа таслаўым керек». Давыдов ерксиз түрде гүрсинип қойды.

Гремячий Логқа келгеннен кейинги өзиниң онша жақсы болмаған турмысы, тазадан келген райком секретары тәрепинен алдына қойылған ўазыйпалар туўралы ойланыў менен ол тағы да Лушка ҳаққындағы пикирге келип тирелди: «Мен қалай етип бул шийеленискен түйинди зыянсыз етип жаздырар екенмен? Я қолың менен, я тисиң менен шешиўге мүмкин болмаған түйинди Макардың кесип таслаў керек дегени дерлик дурыс

екен дә! Бул не деген бәле өзи! Мениң оннан биротала айырылысыўым жүдә қыйын болады ғой. Не ушын? Макар буны ап-аңсат ғана ислеген еди, ал маған неге бунша қыйын болып тур? Соған батылым бармай ма? Өзимди бундай деп ҳеш ойламаған едим! Мүмкин Макарға да аңсат болмағанды, бирақ ол билдирмеген шығар? Мәгер солай болған болыўы, бирақ Макар өзиниң қайғысын жасыра билген, мен болсам ҳеш жасыра алмайман. Қолымнан келмейди. Барлық гәп усында екен-аў, еле!»

Сөйтип жүрип Давыдов хабарсыз бираз жерди асып кетти. Жол бойындағы бөйшешектин саясына барып дем алып, шылым шегип алыў ушын қыйсая кетти де, Нагульновты ким атқан болыўы мүмкин деп узақ ўақ ойланып жатты. Кейин ашыўы келип бул барлық нәрселерди қойды; «Оқ атылмағанның өзинде кулакларды кулак қатарына тартқаннан кейин де хуторда қандай да бир нәлетийлердиң қалып қойғанлығы мәлим. Макар менен сөйлесип, барлығын дурыслап алайын, соннан кейин аз-мазлап белгили болып қалады, ҳәзир бостан-бос басты аўыртып отырыўдың кереги жоқ».

Жолды қысқартыў ушын бурылып тық менен төтелеп келе берди, бирақ ярым километрдей де жүрер-жүрместен қандай да бир көзге көринбейтуғын шегарадан өтип басқа бир дүньяға келип қалғандай болды: енди қонышына оралатуғын болық ажырық болып, я жаўдыраған гүллер болып ҳеш нәрсе көзге көринбейди, көзиңниң жаўын алып гүллеп турған ҳәр түрли өсимликлердиң хош ийиси де әлле қандай бир жаққа ушып кеткен, қарсы алдында айман тақыр, сурланған кеўилсиз дала керилип атыр.

Жаңа ғана өрт тийип нәрсеси қалмағандай болып турған жер сондай кеўилсиз болғанлықтан Давыдов бир түрли болайын деди. Дөгеригине қарап ол Бирючья балкасының төбесине пайдасыз жатқан тың жерге шыққанын аңлады. Бул жер туўралы Яков Лукич бир күни колхоз жыйналысында мынадай деген еди: «Құдайтала билмеймен, Кавказда таўларды бир-бирине тығылыстырып үйген, барлық жердиң уңқыр-шуңқырын шығарған, я атлы, я пияда өтиў мүмкин емес. Ол бизлерге, яғный гремячийли казакларға бунша ғазабын тикти екен, ҳеш тусинбеймен! Дерлик ярым мың десятинадай жап-жақсы жердиң кебирин шығарып қойыпты, я оны айдаў, я бир нәрсе егиў ҳеш мүмкин емес. Бәҳәрде азырақ күн өриске жарайды да, оннан кейин бул тақыры шыққан жерге бир түпирип келеси бәҳәрге шекем қарамай-ақ та қой. Әне оның барлық пайдасының болғаны: хутордың қойларын ярым ай шала қурсақ етип бағасаң. Соннан кейин бизиң есабымызға дизимге кирип турады да, барлық жердеги бәле-бәтерлерге, кесиртке менен жыланларға мәкан болып жата береди».

Давыдов дузы шығып атырған кең шуқырларды айналып өтип. сыйырлар менен қойлардың туяқларынан пайда болған, түрпи тиллери менен жалтыратып жалап сыйқағын шығарып таслаған дөнгелек терен шуқанақлардан атлап әсте адым атып келе берди. Бул кишкене шуқанақлардағы ашшы дузлы топырақ сур реңдеги ашық мерўертке усайтуғын еди.

Бул тимилжиген дала тап Мокрый буераққа[6] шекем созылып жатыр. Ол кебиртеңликтиң ыссыға шыдамай жарылып кеўип кеткен жылтыр аққуўдағы, ковыльдың[7] дымқыллы жығалары менен қосылып ағарып көринеди, тынбай сылдырап етип баратырған сағым менен араласып тал түстеги тыншыған ыссыда аўыр дем алып тур. Солай да бул қуты қашқан жерде де мәңги турмыс кешип тур: Давыдовтың аяғының астынан анда-санда қызыл қанат шекшеклер пыр-пыр етип ушып шығады; жердиң түрине сәйкес сур кесирткелер дым үндеместен зуўылдан жуўырып кетеди; сақсақ тышқанлар қәўетерли түрде ысқырысып қояды; қайрылар жерде қанатын қағып ковыль реңиндеги шай қус алаңлықтын үстинде төменлеп ушып жүр, ал жуўас торғайлар тап Давыдов қасына жақын барып қалғанша қашпастан, салқын пәрўаз етип бултсыз аспанның ақшыл көк булдырлысына сиңип жоқ болып кетеди де, сол жақтан барып олардың тал-тал келетуғын, бирақ қулаққа жағымлы тынымсыз сайраған даўысы еситилип турады.

Бәҳәрге салым қар ерип, жер бетиндеги биринши алағат пайда болыўы менен-ақ

---

[6] Буерак - жар.

[7] Ковылб - ажырыққа усаған өсимлик (аўд.ескертиўи).

торғайлар кеўилсиз көринетуғын, бирақ не ушын өзлерине жағып қалған мине усы шаппаттай жерге ушып келип, былтырғыдан бери жатырған ҳөлсиз шөп-шардан уя соғып алып палапанлайды да, тап гүздиң ақырына шекем түсиниксиз, бирақ адамға әййемнен сүйкимли даўысы менен даланы мәз-мәйрам етип турады. Давыдов баяғы бир ўақытларда жүрип кеткен аттың изине сулыўлап исленген кишкене бир уяның үстинен тап баса жазлап қалды. Ол бирден шоршып аяғынтартып алды да, төмен үңилди. Бул таслап кеткен гөне уя болып шықты. Оның қасында жаўын менен жерге жабысып қалған майда-майда пәрлер, мәйектиң қабыршақларының майда бөлеклери шашылып жатыр.

«Анасы палапанларын ушырып кеткен екен. Торғайдың кишкине палапанларын көриў қандай тамаша нәрсе! Оларды бала ўақтымда көрдим бе, көрмедим бе, есимде жоқ, - деп ойлады Давыдов. Сөйтти де қапаланған түрде мыйық берип күлимсиреп қойды:-хәр қандай мирттей палапанға шекем уя салып, урпақ дөретеди, ал мен болсам усы бойдақ жүрисим менен киятырман, жас балаға нәзерим тусетуғын да ўақыт болар ма екен... үйленсем бе екен, картайған шағымда?»

Давыдов сәл қыялын жиберип Куприяновна қусаған хаялы ҳәм иргейинли-кейинли бир неше баласы бар үйли-жайлы әдеўир адамдай сезип даўысын шығарып күлип жиберди. Усындай үй-иши менен түскен сүўретлерди орайдан алыстағы кишкене қалаларда ол талай көрген еди. Күтилмеген жерден ойға келген үйлениў ҳаққындағы бул пикир сондай адамның күлкисин келтиретуғын ҳәм оңатайсыз болып көрингенликтен, ол буған бир силтеп, хуторға қарап қатты-қатты жүрип кетти.

Давыдов үйине кирместен туўры колхоз кеңсесине қарай кетти. Нагульновтан барлық болған аўҳалды тезирек билип алғысы келип киятыр. Колхоздың шөплик басып кеткен кең шарбағы, бос, ишинде ҳеш нәрсе жоқ, тек ғана қоңсы үйдиң таўықлары атқораның қасындағы дәристи ериншеклик пенен тинтип атыр ҳәм бастырманың астында негедур Трофим деп ат қойылған теке ғаррылардай болып аўыр қыял сүриўи менен қозғалмастан мүлгип тур. Давыдовты көрген теке қозғалысып, сақалын қатты бир силикти де, орнында турып тепсинип алғаннан кейин, жортып жолды кес-кеслеп шыға берди. Ярым жолға барып ол тумсығын төмен салды, шонтық қуйрығын шошайтыўы менен кекшейип ала жуўырды. Оның мақсети не екени аттан-анық белгили болғанлықтан Давыдов күле-шырай берип тоқтады да, сақаллы урысқақтың ҳүжимине тақ турыўға таярланды.

- Колхоз баслығына сен еле усылай сәлем бермекшимисең? Саған етигим менен футболдай етип теўип сыбағаңды бир берейин, алжыған шайтан! - деди күлип Давыдов ҳәм тәп берип текениң таўланған шақынан услап алды. - Қәне кеңсеге жүр, сол жерге барып сениң сазайыңды берейин, Щукарьдың досты, жәнжелпаз қосжақпас!

Трофим толық қайылшылық билдирди: айыбын мойнына алып Давыдовтың қасына аяғын тез-тез басып келе берди, ҳәр ўақ-ҳәр ўақ бесын силкип сыпайылық пенен шақын босатып алыўға да урынып көреди. Ал енди есик алдындағы биринши текшеге келгенде ол бирден аяқларын тиреп, қасарысып турып алды да, Давыдов тоқтаған ўақта оған исенимлилик қылған түрде созылып, сур-көгис еринлерин қыбыр-қыбыр еткизип қалтасын ийискеди.

Давыдов мин тағып басын шайқап, даўысын жүдә бабына келтирип айтыўға тырысып оны уялтты:

- Ҳәй, Трофим, Трофим! Сен ақыры қартайдың ғой, колхоз пенсионери десе де болады, соннан келип ақмақлықты қоймайсаң, сүземен деп ҳәммеге ала жуўырасаң, ал қолыңнан ҳештеңе келмесе, нан тәметесең. Булай етиў жақсы емес, ҳәттеки уят, билсең, факт! Ийискеген менен не таптың қәне?

Давыдов темеки қалтасы менен шырпысының астынан қалтасының түбинде қалып қойған нанның курттай қабыршағын излеп таўып алып оған жабысқан темекиниң майда унтақларын жақсылап сүртти де, неге екени белгисиз, алақанына салып бул әжайып тағамды текеге узатпастан бурын өзи мурнына тутып ийискеп көрди. Теке жалтақланып соранып турғандай болып басын төмен салды да, қартайған сатирдиң көзлериндей қойыў қара көзлери менен Давыдовқа қарады, бирақ нанның қабыршағын зорға-зорға ийискеп

көрди де, жеркенип мурнын пысқыртып мардыйыўы менен есик алдындағы текшеден төмен түсти.

- Аш емес екенсең дә, деди Давыдов ашыўланып. - Солдат болып көрмеген екенсең дә, қотыр мақаў, болмаса жан деп жеп қояр едиң. Наннан темекиниң сәл ийиси келгенине болып турғанын қара. Денеңде дворян қаны көбирек болса керек, жарамас, жүдә гиржиксеңғой, факт.

Давыдов қатып қалған нанды таслап, сап-салқын болып турған дәлизге кирди, шойын қазаннан бир сарқым суў алып сап берип симирип ишип алды. Күнниң ыссылығы менен жол жүристен қатты шаршағанлығын ол енди ғана сезди.

Кеңседе Размётнов пенен есапшыдан басқа ҳеш ким жоқ екен. Размётнов Давыдовты көрип күлди:

- Келдиң бе, жаўынгер? Әне енди мениң арқамнан батпан тас алып таслағандай болды. Колхоз хожалығы деген бир аўыр нәрсе екен - қудай көрсетпегей. Биресе устаханада көмир жоқ болып атыр, биресе плантациядағы шығыр сынып қалып атыр, биресе биреўи бир нәрсе керек деп арзы айтып келеди, биресе тағы биреў ҳәм тағы бир нәрсе дейди... Бундай адамның жанына тийетуғын әмел мениң минезиме ҳеш сәйкес келмейди... « Егер бул жерде тағы бир ҳәпте болар болғанымда бар ғой, қояншығым шығып, сырттан қарағанда оғада тамаша болар еди.

- Макар қалай?

- Тири.

- Тири екениң билемен, контузиясы қалай?

Размётнов маңлайын жыйырды:

- Оқтан қандай контузия болатуғын еди? Оған ондай уш дьюмлы топтан оқ тийген емес ғой, азырақ мийин айналдырып, жырып кеткен жерине арақ жағып, шийшеде қалғанын тартып жиберип еди, -тамам, ис орнына түсти.

- Ҳәзир өзи қайда?

- Бригадаға кетти.

- Бул ўақыялар қалайынша болған?

- Қалайыншасы сол, жүдә аңсат ғана: ашық терезе алдындағы столдың бир жағында Макар, екинши жағында таза саўатқанымыз Щукарь ата отыр екен. Әне сол ўақта Макарды мылтықтан берип жиберген: ким атқанын тас түнектен басқа ҳеш ким билмейди, бирақ бир жери анық: аўзы ашықтың қолындағы мылтық екен.

- Не ушын анық?

Таңланғанлықтан Размётнов қабағын жоқары көтерип қарады.

- «Не ушын» қалай? Өзиң болғанда отыз адым жерден оқ атсаң қәте жиберер ме едиң? Азанда барып бизлер оның атқан жерин таўып алдық. Писеннен анықладық. Мен өзим өлшеп көрдим: шетеннен сыпаға шекем саррас жигирма сегиз адым шықты.

- Түн ишинде отыз адым жерден де қәте жибериўге болады.

- Жоқ, ҳеш мүмкин емес! - деп шыны менен қарсыласты Размётнов. - Мен қәте жибермес едим. Қәлесең сынап көрейик: түнде сен Макар отырған жерге барып отыр, ал мениң қолыма мылтық бер. Бир оқ пенен-ақ еки қасыңның ортасынан ықшамлап турып бир тесик түсирип берейин. Демек, буннан атқан ҳақыйқат солдат емес, ал бир жас бала екенлиги белгили.

- Қәне, сен толығырақ етип айт.

- Ҳәммесин рети менен айтып берейин. Түн жарпы шамасы еди, хуторда атылған мылтықтың даўысын еситип қалдым: бир мылтық даўысы, кейнинен пистолеттиң даўысы қусаған оған қарағанда уяңырақ еки даўыс, және жаңғырған мылтық даўысы еситилди, буны даўысынан билиўге болатуғын еди. Мен дастығымның астынан наганымды алдым да, шалбарымды кетип баратырып шала-пула суғыныўым менен майданға жуўырып шықтым. Макардың квартирасы бетке қарай жуўырып киятырман - мылтықтың даўысы маған сояқтан еситилгендей көринген еди. Макар бир бәле қылып атыр-аў деп ойладым...

Ҳә демей жетип бардым. Есикти қақсам-жабық, бирақ иште биреўдиң ыңырсып

атырған даўысы еситиледи. Есикти раслап турып ийним менен бир-еки рет ийтерип жибердим де, зулпын сындырып ишке кирдим, шырпыны шақтым. Асханадағы кәттиң астынан адамның аяғы шығып атыр. Аяқтан услап алып тартсам, қудай тоба, кәттиң астынан биреў торайдай шыңғырып қоя берди! Мениң тап қулағым питип қалды, сонда да сол тартыўымды даўам ете бердим. Жаңағы адамды асхананың ортасына тартып шығардым, қарасам, бул адамым өмирде де адам болмай шықты, адам болмай шықты деппен-аў, еркек адам болмай шықты, сол үйдиң кемпири екен. Мен оннан Макар қайда деп сорасам, оның қорыққанынан ың деп аўзын ашыўға ҳалы жоқ.

Жуўырып Макардың өжиресине кире бергеним, бир жумсақ нәрсеге сүринип кетип жығылып қалдым, орнымнан секирип турдым, төбемнен қуйған суў аяғымнын ушына барды: - «Демек, Макарды өлтирген екен, мына жатқан сол Макар», - деп ойладым. Еплеп шырпыны жағып қарасам - Щукарь ата полдың үстинде узынына түсип атыр, бир көзи жумып, екинши көзи менен маған қарайды. Ғаррының маңлайында да, бетинде де қан керинеди. Мен оннан: «Тиримисең? Макар қайда?» - деп сорадым. Ал ол өз гезегине меннен: «Андрюшка, қудай ҳақына, айтшы, мен тиримен бе, я өлимен бе?» - дейди. Оның даўысы сондай жумсақ ҳәм зорға шығады, шынында да ғарры өлим ҳалатында баратырғандай... Әне сонда мен оны тынышландырып: «Тилге келип сөйлеп атырсаң, демек, еле тири болғаның. Бирақ сеннен өлиниң ийиси шығып тур» - деп қояман. Оксип-өксип жылаўы менен: «Демим таўсылып, жаным денемнен ажыра түсейин деп тур, дем алысымның қыйын болып турғаны сол. Ҳәзир тири болғаным менен, бәри бир көп узамай өлемен: мениң басымда оқ бар»- дейди.

- Не бәле өзи! - деди шыдамсызлық пенен Давыдов гәпти бөлип. - Оның бетиндеги қан қайдан пайда болды екен? Ҳеш түсинбеймен. Ол да жараланған ба?

Размётнов күлиўи менен сөзин даўам етти:

- Ҳеш ким де жараланбапты, аман қалыпты. Мен бардым да нәбада бир нәрсе болып жүре ме деп, терезениң қақпағын жаптым, сөйтип шыраны жақтым. Щукарь сол шалқортасына түсиўи менен қыймылдамастан еле жатыр, бирак ана көзин де жумып, қолларын қарнына салып алған. Тап табытта жатырғандай қыбыр етпейди, өликтиң дәл өзи, әне сол! Өлимсиреген жумсақ даўыс пенен ол меннен: «Қудай ҳақына, барып мениң кемпиримди шақырып жибер, өлер алдымда оның менен хошласқым келип тур» - деп өтинеди.

Мен оған қарап төмен ийилип, шыраны туттым. - Размётнов пых деп барып күлкисин зорға тутып қалды. - Шыраның жақтысында қарасам Щукарьдың бетинде бир қарағайдын жоңқасы шаншылып тур... Оқ терезениң шетине тийип бир жоңқаны бөлип жиберген екен дә, сол жоңқа ушып барып Щукарьдын маңлайына шаншылыпты, терисинен етипти, ол ҳаўлыққанынан соны оқ деп жерге бойын таслаған екен. Ғарры өлимсиз-ақ көз алдымда өмир менен хошласып баратыр, мен болсам күлкиден ишек силем қатып, бойымды жазалмайман. Сөйтип мен жоңқаны маңлайынан суўырып алып: «Оғыңды алдым, жататуғын хеш нәрсеси жоқ, қәне тур, ал енди Макар қайда, соны айт!» - дедим.

Қарайман, Щукарь атаның кеўли сергегирек, бирақ мениң көзимше орнынан турыўға уялады, полдың үстинде жылысады, орнынан турмайды... Солай да өтирикши мақаў жатып атырып былайынша мениң мийимди қатырады: «Мени душпанлар мылтық пенен атып, оқ маңлайыма туўры келип тийген ўақта, - дейди ол, -мен қулашымды жайып есимнен танып қалдым. Әне сол ўақта Макар шыраны өширип, терезеден өзин атыпты да, бир жаққа қарай тасаланыпты. Арамыздағы дослығымызды көрип турған шығарсаң: мен болсам оқ тийип өлер ҳалатта жатырман, ал ол қорыққанынан мени душпанның қолына таслап қашып кетти. Мени өлтире жазлаған оқ қәне өзи Андрюша, маған көрсет. Егер қудай тала тири қалдыратуғын күн болса кемпиримнин иконыңың астында мәңгилик теберик етип сақлап қояйын!»

- Жоқ, болмайды, - деймен мен, - оқты саған көрсете алмайман, оқ қанға боялып қалған, оны көрип сени тағы есиңнен тандырғым келмейди. Бул атақлы оқты мүзейге қойыў ушын Ростовқа жиберемиз». Әне сонда ғарры тағы да оннан бетерирек кеўлин

көтерип, шәпик ғана қырынына аўдарылып түсип былай деп сорайды: Қалай деп ойлайсаң, Андрюша, қаҳарманларша жарадар болып, душпанлардың усы сықыллы ҳүжимине шыдам бергеним ушын жоқарыдағы үлкенлеримизден анаў-мынаў бир медаль алмас па екенмен?» Бул гәпти еситип мениң ашыўым келейин деди. Оның қолына жоңқаны услатып: «Мине сениң «оғың», бундай оқтың мүзейге кереги жоқ. Иконыңның астына қой да сақлай бер, ҳәзир қудыққа бар да, қаҳарманлығыңды жуўып, адам турине кел, болмаса өлик көмген жердей ийисиң сасып тур».

Щукарь қораға кирип кеткени сол, көп узамай Макар да жетип келди, шабыстан келген ат қусап демин алып, столға келип отырды да, дым үндемейди. Кейин демин алғаннан сон барып былай деди: «Тиймей қалды-ә нәлетийге! Еки рет аттым. Тастай қараңғы, қараўылын көрмейсең, түтесине қарап атып едим-тиймей кетти. Ол да тоқтаңқырап алып маған қарап тағы бир рет оқ атты. Тап биреў гимнастеркамнан услап тартып жибергендей болды». Макар гимнастеркасының етегинен услап тартып еди, ырасында да оның оң тәрепинде бел буўарынан жоқарырақ жерде оқ тесип кеткен бир тесик көринди. Мен оннан ким екенин биле алмадың ба? - деп сорадым. Ол күлип: «Мениң көзим байыўлының көзи емес. Бирақ атқан жас жигит екенин билемен, өйткени жүдә жуўырғыш екен! Егеде адам өйтип жуўыра алмайды. Мен кейninен қуўып едим, жетиў қайда, житип кетти! Оның изинен атлы да жете алмайды». «Қалай сен көз жумып ала умтылып жүрсең? Олардың неше адам екенин билместен қуўа жуўырғаның қалай? Егер шетенниң артында тағы сондай еки жигит аңлып турған болғанда не қылар един? Биреўи-ақ жақын келип бет алдыңнан берип жибериўи мүмкин ғой». Сөзиңди тыңлайтуғын Макар бар ма? «Сениңше мен не ислеўим керек еди?» дейди ол маған. - Шыраны сөндирип, кәттиң астына тығылыўым керек пе еди?» Барлық көрген ўақыям усы. Сол атыспадан Макарда жалғыз тымаў ғана қалды.

- Буған тымыўдың қандай қатнасы бар?

- Ким билсин, өзи солай дейди, мен өзим де ҳайран қалып отырман. Сен неге күлесең? Сол атыспадан кейин дурысында да онда оғада жаман тымаў пайда болған. Мурнынан тынбай ағады да турады, пулеметтан атқандай етип үсти-үстине түшкиреди де отырады.

- Барып турған билимсизлик, - деди кеўли толмаған түрде бурын полк хаткери хызметинде болған орта жасқа келген есапшы казак. Көп кийилгенликтен гуңгирт тартқан гүмис қаснағы бар көз әйнегин маңлайының үстине ысырып қойып, ол сол сөзин салқын түрде тағы тәкирарлады: - Жолдас Нагульнов өзиниң билимсизлигин көрсетип отыр, оннан басқа ҳеш нәрсе емес!

- Ҳәзир аўырлықтың көбиси билимсизликке түсип отыр, - деп күлди Размётнов. - Мине сен оғыры билимли адамсаң, счётты қаққанда шыртылдатып жиберсең, ҳәр бир ҳәрипти жудә шыйырып жазасаң, солай да сени атқан жоқ ғой, атса Нагульновты атты... - Давыдовқа қарап сөзиң даўам ете берди: - «Азанда ерте көрейин деп уйине кирсем, фельдшер менен өлгенше тирес бөлып атыр, өмирде ҳеш нәрсе түсинип болмайды! Фельдшер Макардағы тымаў түнде ашық терезениң алдында самалға қарсы отырып аязлағанлықтан болған дейди, ал Макар болса тымаў оқтың мурын нервине зәлел тийдириўинен келип шыққан дейди. Фельдшер: «Оқ шекениң терисин күйдирип, қулақтын үсти менен өтип кеткен болса мурынның нервине қалай тийе алады?» - деп сорайды. Ал Макар оған: «Қалай тийгени сениң жумысын емес, бирақ тийгени факт, сениң исиң билмейтуғын нәрсең туўралы тарысыў емес, ал усы нервке байланыслы тымаўды емлеў» - деп жуўап береди.

Макар шайтандай өжет, ал мына ғарры фельдшер болса оннан бес бетер өжет екен. «Сиз өзиңиздиң ақмақлығыңыз бенен мениң басымды қатырмаң, - дейди ол. -Нервтен адамның еки қабағы емес, бир қабағы, еки бети емес, бир бети тартады. Ондай болатуғын болса не ушын силекейиңиз бир мурныңыздан емес, ал еки мурныңыздан ағып тур? Аязлағанлықтан болғаны беп-белгили».

Макар азырақ үндемей турғаннан кейин:

- Берман қара, ротаның тәуиби, қашан болмасын сирә сениң қулағыңа урған ўақыт

болды ма? - деп сорады.

Мен нәбада керек болып қала ма деп ўақтында шырп етип Макардың қолын услап қалыў ушын, оған жақын барып отырдым, ал фельдшер болса пүткиллей керисинше, оннан кем-кем алысырақ жылысып, есикке қаранып, қалтырақлап: «Жо-о-о-қ, қудай сақласын, хеш ким урған жоқ. Сиз бунша неге буған қызығып қалдыныз?» - деп сорайды.

Макар оннан және: «Мен усыннан муш пенен шеп тәрепиндеги қулағыңа берип жиберсем, тек сол қулағын ғана жуўылдап қояды деп ойлайсаң ба? Одан қәтиржам бола бер, еки қулағыңда Пасхадағы қоныраўдай болып гүўилдемесе маған кел!» - деди.

Фельдшер стулдан турып есик бетке әсте-әсте қырынлап жылыспақшы болып еди, Макар оған: «Сен қызбай-ақ қой, стулыңа отыра бер, мен сени урайын деп атырғаным жоқ, тек ғана мысал ушын түсиндирип атырман. Түсиникли ме? - деди.

Фельдшер қызып не қылады? Ол қорыққанлықтан есик бетке қарай қашқан еди, бирақ Макардың сөзлеринен кейин стулдың бир шетине барып отырды да бирақ сонда да қайта-қайта жалтаңлап есик бетке қарап қояды. Макар мушын түйип, оны өмиринде биринши рет көрип отырғандай басынан аяғына шекем көзден өткерди де, тағы сорады: «Егер сол сарпайды саған екинши рет инҳам етсем, онда не қылар едиң?» Фельдшер тағы орнынан турып, есикке қарай жылыса баслайды. Есиктиң тутқасынан услап қашайын деп турып: «Тапқан ақмақ ойыңызға болайын! Медицина менен нервлерге сизиң мушыңыздың қандай қатнасы бар!» - дейди. -«Қатнасы болғанда да жүдә қатнасы бар», - деп қояды оған Макар ҳәм отыр деп тағы өтиниш етип әдеплилик пенен оны стулға апарып отырғызады. Бирақ фельдшер хеш жерде хеш нәрсе жоқ шып-шып терге шомылып, тақатым болмай тур, аўырыўларды қабыл етиўге дәрҳал кетиўим керек дейди. Ал Макар болса аўырыўлар азырақ ўақыт күте турар, медицина бойынша тарыс даўам етип отыр, бул илимде мениң сеннен бес есе үстем екениме исене бер дейди.

Давыдов шаршаған түрде мыйық тартып қойды, есапшы аўзын алақаны менен басып кемпирдей кеңкилдеп күлди, бирақ Размётнов түсин бузбастан сөзин даўам ете берди:

- «Гәп солай, - дейди Макар, - егер мен сениң тап сол жериңе екинши рет берип кете қойсам, сен тек сол шеп көзимнен ғана жас ағады деп ойламай-ақ қой. Пискен помидордан аққан суў қусап еки көзинен де жас сийип кетеди, буған қалай болғанда да кепил болыўыма болады! Нерв тымаўы да әне сондай: рас шеп мурныннан суў ақты ма, оң тәрепинен де ағыўы керек. Түсиндиң бе?» Соннан кейин фельдшер батырсыныңқырап «Медицинадан хабарыңыз жоқ екен, мүмкин болса, маған ақыл бермей-ақ қойыңыз, оннан да мениң жазып берген дәрилерим менен емлениңиз», - деди. Макардың табанына қоз басылып қоя берди. Басы төбеге тийгенше шапшып турып бар даўысы менен бақыра түседи: «Сен маған медицинадан хабары жоқ деп жүрсең бе? Ҳәй, сен гөнерген клизьма! Мен Герман урысында төрт рет жарадар болдым, еки рет контузия алдым, бир рет газ бенен уўландым, гражданлар урысында үш рет жарадар болдым, отыз лазарет пенен госпиталларда ҳәм кеселханаларда жатып шықтым, соннан келип мениң медицинадан хабарым жоқ-мыш?! Сен мени қандай докторлар менен профессорлардың емлегенин билесең бе, оңбаған? Сен қусаған ғарры ақмақ ондай илимпаз адамларды түсиңде де көре алмайсаң!» Әне сонда фельдшерде қайдан да бир батырлық пайда болып Макарға қарап гегирдегин созды: «Сизди илимпаз адамлар емлеген болса да, өзиңиз, ҳүрметлим, медицинадағы бир тығын екенсиз!» Макар оған жуўап ретинде: «Ал сен олай болса медицинадағы түлшениң тесигисең. Сен жаңа туўылған бөбектиң киндигин кесиў менен ғаррылардың көк етин туўрылаўды ғана билесең, ал нервке келгенде сен қойдың қуран оқығанындайсаң! Сениң нерв ҳаққындағы илимнен өмирде хабарың жоқ!»

Солай етип олар сөз алысып, түпирик шашысып алды да, фельдшер Макардың өжиресинен бир орам жиптей болып шығып кетти. Макар азырақ пәтинен түсип маған: «Сен кеңсеге кете бер, мен қәдимги әпиўайы дәрилер менен емленип, мурныма май жағып ысаман да ҳәзир жетип бараман», - деди. Сен, Давыдов, ол бир сааттан кейин қандай болып келгенин көрсең еди! Мурны оғада үлкейип, тап баклажандай көк-көңбек болып кетипти, және де бир жағына қарап қыйсайып салбырап тур. Май жағаман деп азықтырып

алған қусайды. Макардан, яғный оның мурнынан жыққан қой майының ийиси пүткил кеңсениң ишин алып кетти. Ол өзинше сондай бир май сүртиўди ойлап шығарыпты... Исенесең бе, көзим түсип еди, ишек-силем қатып өлип қала жазладым. Жигит биротала өзиниң әлема жуўасын шығарып таслапты! Мурныңа не қылғансаң деп сорайын десем, ҳеш күлкимди тыя алмайман. Ал оның қатты ашыўы келип меннен: «Сен, ақмақ, неге күлесең, көшеден жылтырақ сәдеп таўып алдың ба я бир нәрсе көрдиңбе? Көкирегиңди не көтерип тур. Трофимниң дөреткени? Сениң ақылың бизиң мына Трофим текениң ақылындай-ақ, соннан келип тәп-тәўир адамлардың үстинен күлесең!» - деп сорады.

Ол атқораға қарай кетти - мен оның изинен шықтым. Қарасам, Макар ерди алып, жийрен атты ертлеп, атқорадан жетеклеп шығып киятыр-баяғы үндемеўи. Мениң күлгениме ашыўы келген екен, демек, «жол болсын, қай жаққа бармақшысаң? - деп сорадым. Ол қабағын үйиўи менен: «Кудыкинниң атызына барып, шыбық кесип әкелип, сени сабамақшыман!»- деп жуўап берди. -«Не ушын?»- дедим. Үндемейди. Мен оны шығарып салмақшы болып келе бердим. Тап квартирасына барғанша үндеспедик. Есик алдына келгенде, ол маған аттың дизгинин ылақтырып жиберди де, өзи ишке кирип кетти. Қарасам, ийнине қаплы наган асынып, белине қатар байлап, қолында сүлгиси жайдан шығып киятыр...

- Сүлги? - деп таңланды Давыдов. - Сүлгиси неси?

- Мен айтып отырман ғой, оның тымаўы оғыры еди, орамал менен ҳеш нәрсе қыла алмайсаң, бизлерге қусап жерге қарап симгирип жибериўге ол далада жүрсе де уялады. - Размётнов әсте ғана мыйық тартып күлимсиреди. - Сен оны пәске таслама, қалай болғанда да ол англичан тилин үйренип атыр, енди қалай көргенсизлик қылсын... Соның ушын да қол орамалдың орнына сүлгисин алып шыққан. Мен оған: «Сен басыңды таңып, жараңды жапсаң жақсы болар еди, Макар», - деймен. Ал ол азар-безери шығып бақырады: «Буның қаяғы жара, жин урған! Көзиң шықты ма, көрмейсең бе, бул жара емес, жырып кеткен ғой? Маған қатынлардың илпетлигиниң кереги жоқ? Бригадаға кетемен, самал қағып, шаң басса, ғарры байталдың жаўырындай болып өзи де жазылып кетеди. Сен биреўдиң исине араласып, тумағыңды тыға берме, бар айда, ақылыңды басыңа жақ!»

Абайлап қарасам жаңағы сол фельдшер менен сөз алысқанынан ҳәм мениң күлгенимнен кейин оның жүдә мәниси болмаған екен. Ығына жығылыўым менен нанаганыңды бүйтип көрсетип қойма деп кеңес бердим. Сөз тыңлаў қайда! Қайта мени ата-бабамнан қайтарып былай деди: «Маған ҳәр қандай ақмақ оқ атыўы мүмкин, ҳе, мен сонда балалардың рогаткасын алып жүриўим керек пе? Бул наган менен сегиз жылдан бери жолдас болып киятырман, тыға-тыға шыл-пәршеси шығып тесилмеген қалтам жоқ, аўа! Бүгиннен баслап жасырғанды қойдым, мен оны урлап алғаным жоқ, наган ушын бираз қанымды да төктим. Оны маған қымбатлы жолдас Фрунзениң атынан, оннан қалса сабына атым жазылған гүмис пластинкасы менен әйтеўир берген деп ойлайсаң ба? Алжасыпсаң, ағайиним, биреўдиң исине тағы тумсығыңды тығып отырсаң». Солай етип ол атына минди де, өтә кетти. Хутордан алыслап кетгенге шекем оның сүлгиге симгиринген даўысы трубаны дөтилдеткендей болып еситилип турды. Сен оған наган туўралы айтып қой, Семен. Қалай деген менен де халық алдында жақсы емес, ол сениң сөзиңди тыңлайды ғой.

Размётновтың сөзлери Давыдовтың аңына жете қойған жоқ. Еки алақаны менен жағын таянып, шығанағына сүйенип сыя тамып ҳәм шуқып ойып таслаған столға көзин тигиўи менен Аржановтың сөзлериң есине түсирип ойға кетти: «Ал солай бола қойсын, мәселемкиден, Яков Лукич -кулак, неге мен тап соннан қәўип етиўим керек? Оның өзи қолына мылтық усламайды, жасы биротала өтип кеткен, ақылы да бар; Макар қашқан аяқ-аяғына тиймейтуғын бир жуўырғыш жас бала еди деп отыр. Егер Лукичтиң баласы буны әкеси менен бирге қылған болса? Бәри бир толық дәлил болмай турып Яков Лукичти завхозлық орнынан босатыўға болмайды, егер ол биреўлер менен аўыз бириктирип жүрген болса, оны шоршытып аласаң, басқалары да сескенип кетиўи мүмкин. Лукичтиң жалғыз өзи бундай нәрсени ислемейди. Ол ақыллы шайтан, бундай нәрсеге ол бар тәўекел

етпейди: демек оның менен бурынғы қатнасықты даўам етип, ҳеш қандай гүмәнланыў туўдырмаў керек деген сөз, болмаса барлық истиң белине теўип алыўымыз мүмкин. Ойын болса көзгирден басланып отыр... Тезирек районға барып райком секретары менен, ГПУ диң начальниги менен сөйлесиў керек. Бизиң ГПУ имиздиң пәрўайы пәнсери болып аўзы ашылып отыр, ал бул жерде болса түни менен мылтық атылыстан мылтық атылыс. Бүгин Макарды атқан болса, ертең мени я Размётновты. Жоқ, бул болмайды. Егер абырай барда буның алдын алмасақ, бир жарақлы ақмақ бизлерди үш күнде-ақ узынымызға салыўы мүмкин. Солай болғанда да Яков Лукич контрреволюциялық ислерге араласпас-аў деп ойлайман. Ол өз исине оғада пысық адам ғой, факт! Араласқанда да не пайда табады! Завхоз болып ислеп атыр, колхоз басқармасының ағзасы, жақсы турады, не жеймен, не кийемен десе бәри бар. Жоқ, оны сол ески заманға бериледи деген ҳеш кеўлиме келмейди, ески заман қайтып келмейди, оның буны түсиниўи керек ғой. Егер бизлер қоңсылардың биреўи менен урысып атырған болсақ-басқа гәп, онда оның шаққанласыўы мүмкин болар еди, ал енди мына нәрсеге шаққанлық қылады деп ҳеш ойламайман.

Давыдовтың ойын Размётнов бөлип жиберди. Ол узық ўақыт достының толғын тартқан жүзине қарап турды да, бирден:

- Сен азанда аўқатландың ба? - деп сорады.

- Аўқатландың ба дейсең бе? Ҳе не? - деди Давыдов кеўилсиз түрде.

- Жүдә азып кетипсең, тап адамның рейими келеди! Сүйегиң қылыпты, ол да күнге писип қуўырылып қалған.

- Сен тағы баяғы гәпти баслап отырсаң ба?

- Жоқ мен расым менен айтып отырман, сөзиме исене бер!

- Аўқатланғаным жоқ, ўақыт болмады, аўқат жегим де келмейди, азаннан берги күнниң ыссысына қара.

- Мен дым аш болып кеттим, жүр Сема, азмаз бир нәрсе жеп келейик, - деп усыныс етти Размётнов.

Давыдов қыйылсызлық пенен келисим берди.

Олар екеўи шарбаққа кирди, даладағы жуўсан ийиси анқыған қурғақ ыссы самал қарсы алдынан жүзлерине урды.

Давыдов есик алдына келип тоқтады да:

- Сен кимнен қәўипленесең, Андрей? - деп сорады.

Размётнов ийнин қысып, әсте ғана қолларын жазды.

- Ким биледи! Сонша ойландым-ойландым, ҳеш бир тоқтамға келе алмай-ақ қойдым. Хутордағы барлық казакларды көз алдымнан өткерип көрдим. Ҳеш қайсысынан қәўип ете алмадым. Бул бир үлкен жумбақ болды, енди ойлана бер. Районлық ГПУ ден бир жолдас келип Макардың тамының дөгерегинде ары-бери жүрди де, Макардан, Щукарь ғаррыдан, Макардың үйиндеги кемпирден ананы-мынаны сорастырып, бизлер тапқан гильзаны көрди, онда ҳеш қандай белги болса қәне... Сөйтти де ол қайтып кетти. «Аўылыңызға бир душпан араласқан»- дейди. Макар оған: «Ҳаў, ақыллы жигит-аў, сени еле досларың да ататуғын ба еди. Тезирек бул жерден қаранды батыр! Сенсиз-ақ анықлаймыз»- деди. Жаңағы бийшарада сес жоқ, тек мурнын пырқ-пырқ еткизиўи менен атына минип жолына түсти.

- Қалай дейсең, бундай нәрсени Островновтың ислеўи мүмкин бе? - деп сорады Давыдов абайлап ғана.

Бирақ есиктиң тәмбисин услай берейин деген Размётновтың ҳайраны шығып, тәмби усламақшы болған қолы да төмен түсип, күлип жиберди.

- Не деп отырсаң, есиңнен айрылдың ба? Яков Лукичпе? - Қайдан ол жерге жүреги даўап бул иске қол урсын? Сен не деп отырсаң өзиң, ол шырағым аў, арбаның шыйқылдысынан да қорқады ғой! Мениң геллемди кесип таслай ғой, ол буны ислей алмайды. Бул исти басқа биреў қылса қылыўы мүмкин дә, ол қылмайды.

- Оның баласы ше?

- Тағы басқа жаққа кетип отырсаң. Усындай етип шеккелей усы емес пе екен деп

бармағын менен түртип көрсете берсең меннен де гүман етиўиң мумкин. Жоқ, бул жумбақ тереңирек ойланатуғын жумбақ... Бул қулып-тилсимли қулып.

Размётнов темеки қалтасын алып шылым орай берейин деп еди, ҳаялларға кундиз печьке-от жағыўды, еркеклерге майданда шылым шегиўди қадаған етиў ҳаққындағы миннетли қарарға жақында ғана өзиниң қол қойғаны есине түсип, ашыўлы түрде шылымын мыжғылап-мыжғылап таслады. Давыдовтың буған аң-тан болған көз-қарасына Размётнов өзи туўралы емес, ал басқа биреў туўралы айтып отырғандай болып кеўилсиз түрде:

- Бир оңбаған қарарларды шығарады екен! Қорада шегиўге болмайды, жүр, бизиң үйге барып шегейик, - деди.

Азанғы аўқат ушын Размётновтың анасы Давыдовтың жүрегин суўлататуғын аз ғана тоңмай салынып жүзи жылтыраған бийдайдың унынан исленген қатты быламықты әкелип қойды. Кемпир палыздан бир табақ таза қыярды алып келгенде, Давыдов қуўанып қоя берди. Ол жер менен күнниң хош ийиси шығып турған еки қыярды ҳәз етип жеп алды да, кейninен бир сарқым ашытқы ишип, столдан турды.

- Рахмет, ана, жүдә тойғыздың. Қыярларың ушын-айрықша рахмет. Бийыл биринши рет таза қыяр жегеним. Жақсы екен, сөзсиз, факт!

Мийирман, сөзшил кемпир қайғырған түрде жағын алақанына тиреп:

- Сен бийшара баламда қыяр қайдан болсын? Қатының жоқ емес пе?

- Еле ала алғаным жоқ, ўақыт болмай жүр, - деп күлди Давыдов.

- Қатын алыўға ўақытың болмаса, ерте қыярдан үмит ететуғын да жериң жоқ екен. Егиў-тигиў менен өзиң әўере болыў керек емес ғой? Мине мениң Андрюшам да қатынсыз қалды. Анасы болмаған да аштан өлер еди. Анасы өйтип-буйтип аўқатландырып турыпты. Сизлерге қарап рәҳимим келеди. Мениң Андрюшкам да қақай болып киятыр, Макар да, сен де солай. Сизлер үшеўиңизге уят емес пе? Хуторда буғадай болып журесиз де қоясыз, қатын исиңиз келиспейди. Шыны менен-ақ сизлердиң ҳеш қайсыңыз үйленбейин дегениңиз бе? Бул оғыры масқарашылық ғой!

Размётнов күлип, анасының жаўырынына қолын салды да

- Апажан аў, бизлерге ҳеш ким тиймей жүр, - деди.

- Енди не деп единң, тағы бир бес жыл қатын алмай жүрсеңиз, оннан кейин ҳеш ким де тиймейди. Жасыңыз өтип кеткеннен кейин тек қатынлардың дәлкегине ғана жарайсыз, қызды айтпай-ақ қояйын, қыз айттыратуғын ўақтыңыз қашшан өтип кетти.

- Қызлар бизлерге тиймейди, өзиң де айтып отырсаң: картайдық-жесирлердиң бизлерге кереги жоқ. Биреўлердиң балаларын қалай бағып жүрейик? Қудай сақласын, айта көрме!- деп күлкиге алды Размётнов.

Бундай әңгимелер оған жаңалық емес, үйренисип қалған болса керек, бирақ Давыдов өзиң қандай да бир қолайсыз сезип, дым үндемей тура берди.

Ол ашық кеўилли үй ийелерине рахмет айтып, хошласты да устаханаға қарай кетти. Қабыл етиўши комиссия келгенше пишен орақ ушын ремонтланған лабогрейкалар менен ат тырмалардың аўҳалын өзи бир жақсылап көрмекши болған еди, оннан қалса ремонт исине өзиниң де азырақ мийнети сиңген еди.

## X БАП

Хутордың ең шетине жайласқан тозған устахана Давыдовты өзиниң қәдимги бурыннан таныс ийиси ҳәм жаңғырығы менен күтип алды: ийесиниң ҳәр бир ҳәрекети алдында бас ийген шөккиш Ипполит Сидровичтиң қолында бурынғысындай жаңғырып ойнайды, өмири таўсылып киятырған көриктиң жуўылдап дем алыўы узақтан-ақ еситиледи, әдеттегише аңқыйып ашылған есиктен жанған көмирдиң ашшы ийиси менен еле суўымаған темир күйигиниң естен шықпас әжайып ийиси келип тур.

Жападан жалғыз турған устахананың дөгерегинде қыбырлаған жан көринбейди. Соған жақын жердеги гөне жолдан қызғын топырақтың ҳәм сораның ийиси аңқып мурныңа

келеди. Устахананың тасы шығып шым басып шөккен қамыс төбесинде жабайы зығыр менен боян өсип тур. Оның арасына ызғыған шымшық уя салып таслаған. Олар гөнерген устахананың төбесиниң, салбыраған өрнегиниң астында ҳәттеки қыс күнлери де жасап, тынымсыз жуғырласқан даўыслары шөккиш пенен темир төстиң өрески жаңғырығына келип қосылатуғын еди.

Шалый Давыдовты өзиниң бурыннан таныс адамындай етип күтип алды. Жалғыз көрик басқыш жас бала менен узақ күнди өткериў оған зериктирерли еди, сонлықтан ол Давыдовтың келгенине қуўанып қол берди. Темирдей қатты беккем қолын созып кеўилли түрде жуўан даўыс пенен:

- Көптен, көп ўақыттан бери келмей кеттиңиз, баслық! Пролетариатты умытып баратырсаң, көрип кетейин де демейсең, марапатқа берилип кеткен қусайсаң, жигит. Сен еле хабар алып кетейин деп келдим дерсең? Бийкар айтасаң! Орақ оратуғын машиналарды көриўге келип отырсаң, жигит, мен сени билемен! Жүр, қәне көр. Мен оларды тап парадтағыдай етип, көрсетпеге шығарған казаклардай қылып дизип қойыппан, жүр-жүр қәне бирақ оларды ананы-мынаны түртип майдалық қылмай көзден өткерип шығыўың керек. Сен мениң көмекшим болып жумыс ислеп көрдиң, демек ҳеш кимнен сорап отырыўдың кереги жоқ.

Давыдов ҳәр бир орақ машинасын асықпастан пухталық пенен узақ ўақыт көзден өткерип келе берди. Ол қанша ана жерин - мына жерин түртип көрген менен де еки-үш майда кемшилигинен басқа ремонттың ҳеш кемис жерин таппады. Солай да ески темир устасын қатты ашыўландырып алды. Темирши уста Давыдовтың изине ерип ана орақ машинасы менен мына орақ машинасына бир барып жүрип, қызғыш жүзиндеги аққан терди тери фартуги менен сыпырып атырып наразылық билдирди:

- Сен дым еринбейтуғын хожайын екенсең! Усы ана жерин бир, мына жерин бир түрткенниң өмирде кереги жоқ... Ҳаў, енди несин тинтип отырсаң? Не излеп жүрсең деп отырман саған? Не, мени суўқуйды деп отырсаң ба? Шеккишти тақылдатып, ары-бери соға сала арбасына минип қарасын көрсетпей ҳайт қойып кетип қалатуғын суўқуйды деп ойлайсаң ба мени? Жоқ, жигит, буның бәри де хүжданға салынып өз мүлкиндей исленип отыр, анаўсын бир, мынаўсын бир түртип ҳәр турли майдалық қылатуғын ҳеш нәрсеси жоқ.

- Мен саған минтаққышлық қылып отырғыным жоқ, Сидорович, неге ондай дейсең?

- Сен миңтаққышлық қылмай көзден өткергениңде бул ўаққа қашшан көрип болатуғын един, ҳәр орақ машинасының дөгерегин айланып, ана жер-мына жерин турткилейсең де жүресең...

- Мениң жумысым солай: көзге исен, қол менен услап көр деген, - деп дәлкек етти Давыдов.

Бирақ ол улыўма мүлкке айналдырғанға шекем Антип Грачқа тийисли болған бир тозып иси питкен лабогрейканы айрықша қунт пенен қарай бергенде наразылығы қол менен суўырып алып тасланғандай болып, Шалыйдың ўақты хош болып қоя берди. Ол сақалын тутамлап, кимге екени белгисиз түрде көзин қысып, ҳийлелик пенен мыжырайып астарлап әңгиме айтты:

- Сен жат, жерге жат, Давыдов! Неге оның дөгерегин қораздай айнала бересең? Бүккеңе түсип жат та, тисин тисиңе салып көр. Оны қыздай етип сыйпалай берип не қыласаң? Сен оны тисиңе салып тислеп көр, тислеп! Ҳей соры қайнаған темирши! Өзиңниң жумысыңды өзиң неге танымайсаң? Ҳаў бул машинаның ремонтын ислеген өзиң ғой! Мен саған дуўрысын кесип айтып отырман, жигит, бул машина пәтамамы менен өзиңниң қолыңнан шықты, соннан келип сен оны аңламайсаң, танымайсаң. Бундай ете берсең, жигит, кеште үйленип, азанға қарай сол үйленген жас келиншегиңди де танымассаң еле сен...

Өз ҳәзилине өз кеўли толған Шалый қатты ўаҳаҳалап күлип, жөтели тутып қолларын силтеди, бирақ Давыдов оған ҳеш қандай ашыўы келместен жуўап берди:

- Бийкар күлип отырсаң сен, Сидорович. Бул орташа дийқанның әзиз орақ машинасын

мен дәрриў-ақ таныдым, өзимниң жумысымды да таныдым. Бирақ орақта турып қалмаўы ушын қалдырмай көрип атырман. Соннан булләттеси шыққан машина бир аварияға ушырай қойса орақшылардан бурын сен өзиң биринши болып: «Әне, Давыдовқа шөккиш пенен атаўызды исенип қолына берип едим, ўәс-ўайранын шығарып таслаған екен дә», - дейтуғының сөзсиз. Солай емес пе?

- Әлбетте солай. Оннан басқа не деп един? Ким қолы менен ислеген болса, сол жуўап береди.

- Сен болсаң: «Танымадың» деп отырсаң. Таныдым бул айнанайынды, бирақ өзиме көбирек талап қойып отырман.

- Демек, өзиңе өзиң исенбейди екенсең дә?

- Гей ўақта сондай да болады...

- Сондай болғаны да дурыс, жигит, - деди бирден оның пикирине қосылып өзин тутқан темирши. Бизиң темирши дегенимиз жүдә жуўапкерли жумыс деўге болады, темирден түйме соғыўды дәрриў үйрене қоймайсаң, ҳо-о, дәрриў үйрениў деген қайда. Бизиң темиршилеримиздиң арасындағы «балғаңа, қолына ҳәм шөккишине исенсеңде, жасыңнан ақыл-ҳушына исениўши болма» - деген нақыл әйтеўир айтылған емес. Үлкен заводта болсын, кишкене устаханада болсын бәри бирдей темир жумысы-жуўапкершиликли жүмыс - мен саған туўрысын кесип айтып отырман. Өткен жылы районлық жүн-тери таярлаў бөлиминиң баслығын мениң квартирама киргизди, оны бизиң хуторға ўәкил етип жиберген еди. Бизлер ҳаялымыз екеўмиз оны туўған баламыздай етип қабыл еттик, бирақ ол я мениң кемпирим менен болып, я мениң менен болып өмирде сөйлеспейди. Сөйлесиўди өзине ар көреди. Столға отырады - үндемейди, орнынан турады-үндемейди, аўыл советтин кеңсесинен келеди - үн жоқ, кетеди - үн жоқ. Я сыясаттан, я хожалық жумысларынан болсын, не сорасам да ол гүрп етип: «сениң жумысың емес, ғарры» деп жуўап береди. Соның менен бизиң сөйлесиўимиз де тамам болады. Сол үндемеўи менен квартирантымыз уш сутка турғаннан кейин төртинши кунге қарай тилге келди... Ол азанда әбден гәрдийиўи менен маған не дейди десе: «Сен кемпириңе айтып қой, маған картошканы таба менен емес, тарелка менен берсин, столдын үстине де қол сүлги емес, салфетка қойсын. Мен мәдениятлы адамман, оның үстине районның жуўаплы хызметкеримен - бундай пәс хызметти жақсы көрмеймен» - дейди. Мен оған биротола жиним келип былай дедим: «Сен мәдениятлы адам емес, барып турған сасықсан! Болмаса неге салып берсе, соның менен жеп, бергени менен сүрте бермейсең, салфетка деген бизиң үйде болып көрген нәрсе емес, тарелкалардың болса кемпир гүл-талқанын шығарған. Мениң сеннен бир тийин дәмем жоқ, кемпирим бийшара жумсақ жерге отырғызып, жумсақ жерге жатсын деп бүлип, сениң қалай кеўилинди табарын билмейди, ал сен болсаң: «Мен жуўапкерли хызметкермен» деп мурныңды тамнан да жоқары көтере бересең. Сен қайдан жүрген жуўапкерли хызметкерсең? Қоян менен сақсақ тышқанлардың терисин көбирек ийлеген қусайсаң, сениң жуўапкерлилигиңниң бар болғаны әне сол. Ҳеш қандай жуўапкерликли жериң жоқ, жуўапкерли хызметкер мине мен! Мен баслық пенен ячейка секретарынан соңғы хутордағы биринши адамман, себеби менсиз жер де сүрилмейди, орақ та орылмайды. Мениң ислейтуғыным темир болса, сениң қолында тери, қәне жумысына қарағанда ким әҳмийетлирек екен? Сен өзиңди жуўаплы хызметкермен деп есапласаң, мен өзимди. Биз еки жуўаплы хызметкер бир жайда қалай бирге турамыз? Тура алмаймыз! Портфелиңди ал да, шырағым, көзиме көринбей қараңды батыр, маған сендей гәрдиктиң дым ғана кереги жоқ».

Давыдов көзин қатты сүзип, оның сағырайған сақлағынан көзи зорға жылтырап көринип турды.

Күлкиден дирилдеген даўысы менен ол әсте:

- Қуўып жибердиң бе? - деп сорады.

- Биротола! Турған жеринде! Қарасын батырды, кетип баратырып берген дузым ушын рахмет те айтпады, жуўапкерли ийттин баласы.

- Пай, рахмет саған Сидорович!

- Бунын рахмет айтатуғын жери жоқ, бирақ бундай адамға шыдаў маған дым азап болды.

Темекисин шегип азырақ дем алғаннан кейин Давыдов қурал-сайманларды көзден өткериўге тағы да кирисип, оны тек күн аўғанда ғана тамам қылды. Шалый менен хошласып атырып ҳақ пейилли түрде ислеген жумыслары ушын оған ҳақыйқат миннетдаршылық билдирди де:

- Ремонт ушын саған неше мийнет күн жазды? - деп сорады.

Ески темирши уста қабағын үйип, терис бурылды.

- Яков Лукич жазады, аўа, қалтаңның аўзын кеңирек етип аша бер...

- Буған Яков Лукичтиң қандай қатнасы бар?

- Қатнасы сол, ол есапшыларға өзиниң законларын өткизеди. Ол не жаз десе, есапшылар да соны жазады.

- Солайда неше мийнет күн?

- Жоқтың қасында, айтарлықтай емес.

- Ол неге ондай? Не ушын?

Әдетте хош кеўилли көринетуғын темирши уста бул сапар алдында Давыдов емес, ал Яков Лукичтиң өзи турғандай болып ашыўлы түрде қарап қойды.

- Негеси сол, олар мениң жумысым менен есапласқысы келмейди. Мен устаханада бир күн болсам - бир мийнет күн жазады. Ол жерде мен иследим бе, я шылым шегиў менен ўақыт өткердим бе - оларға бәри бир! Мен бир күн ремонт жумысында бес мийнет күни ислеп тапқан болыўым мүмкин - бәрибир бир мийнет күн жазады. Темирдиң қасында қақ бөлинсең де, бир мийнет күнинен артық таба алмайсаң. Қулласы сениң төлейтуғын ҳақың менен аса семирип кетпейсең, аштан өлмейсең, ал үйленгиң де келмейди.

- Бул мениң төлеп отырғаным емес! - деди кескин түрде Давыдов. - Бул колхоздыңда төлеп отырғаны емес! Сен бундай жарамас ислерди неге маған бурынырақ айтпадың?

Шалый иркилип айтқысы келмеген түрде жуўап берди:

- Саған не десем болады, жигит, уялдым ба, ҳүжданым бармады ма, әйтеўир сондай саған биротала айтып бере қояйын деп турдым да, бирақ: «Бир тоймайтуғын адам екен, буған бәри аз...» деп айтып жүреме деп айтпай қойдым. Әне сонлықтан да ың деп аўзымды ашқаным жоқ. Мине ҳәзир айтып отырман, еле оннанда көбирегин айтып беремен: олар қәдимги көзине көринетуғын плугларды, тырмаларды ремонтлаў қусаған жумысларды есапқа алады да, ал атларды тағалаў, таға соғыў, шынжырлар, складтың зулпы, ҳәр қыйлы майда-шүйде нәрселер соғыў қусағанларды есапқа алыў түўе, оларға қулақ та асқысы келмейди. Мениңше бул надурыс, өйткени усындай майда-шүйде жумысларға көп ўақытың кетип қалады.

- Тағы сен «олар» деп отырсаң, «оларың» кимлер өзи? Есапшы болса есапты өзи жүргизеди, соның ушын басқарма алдында жуўап береди? - деди Давыдов кийлигип.

- Есапшы есап жүргизеди, ал Лукич оны бийлеп төслейди. Сен маған оның қалай болыўы тийис екенлигин айтып отырсаң, мен саған ис жүзинде қалай болып атырғанын айтып отырман.

Егер ис жүзинде сондай болса онда жүдә жаман болған екен.

- Бул енди мениң айыбым емес, жигит, сениң айыбың.

- Мениң айыбым екенин сен айтпай-ақ билип отырман. Буны тез дүзетип жолға салып жибериў керек. Ертең басқарма жыйналысын шақыраман, әне сонда Яков Лукичтен сорап көремиз... Биз оның менен ырастап сөйлесемиз! - деди Давыдов кескин түрде.

Бирақ Шалый муртынан күлимсиреди:

- Оның менен сөйлесиў керек, емес, - деп қойды.

- Сениңше ким менен сөйлесиў керек? Есапшы менен бе?

- Сениң менен.

- Мениң менен? Ҳим... Қәне сөйлес.

Шалый Давыдовтың күшин шамалап көрип атырғандай болып оны басынан аяғына шекем қарады да, әсте ақырын сөйлей баслады:

- Абайлы бол жигит! Мен саған жаныңа тийетуғын сөзлер айтайын деп отырман... Айтажақ емес едимдағы, бирақ айтыў керек болып тур. Басқалар саған ондай сөзлерди айтыўға батылы бармас деп қорқаман.

- Қәне, қәне! - деп жеделлендирди Давыдов оның айтатуғынының жақсы әңгиме емес екенлигин иштен алдан сезип. - Ол ҳәммесинен бетер Шалый мениң менен Лушка арасындағы катнас туўралы айтып жүрмесе болар еди-аў деп қорыққан еди.

Керисинше ол әңгимесинин басын басқа нәрсе туўралы баслады:

- Сыртқы пишиниңе қарасаң сен ҳақыйқат баслықсаң, ал аңланқырап қарасаң колхоз баслығы емес, қәдимги айтқандай жамаў-жасқаўсаң.

- Мине бул жерин келистирдиң! - деди бираз өтиригине кеўиллениңкиреп Давыдов,

- Келистиргеним жоқ! - деп даўам етти сөзин Шалый қатал түрде. - Бул жерде ҳеш қандай келистирдиң деген нәрсе жоқ, мен саған кесип айтып отырман. Әне сен орақ машинаның астына кирип жүрсең, жақсы басшы қусап тексерип көрип жүрсең, өмириң атызда өтеди, өзин айдап, өзин сүрип жүрсең, ал кеңседе не болып атыр - оны көзиң көрмейди, ҳеш хабарыңда жоқ сениң. Сен атызда азырақ теңселип, хуторда көбирек болғаныңда жумысын тәўиррек болған болар еди. Ал сен болсаң қосшы да болып баратырсаң, темирши уста да болып баратырсаң, қулласы ҳәр шақаға бир қонып жүрсең, хожалық жумысларын болса сениң орнына Островнов бийлеп-төслеп жүр. Сен аттың дизгинин қолыңнан шығарып алғансаң, дизгинге Островнов ийе болған...

- Тағы айта бер, - деди салқын түрде Давыдов. -Уялма, айта бер?

- Айта бериўге де болады, - деди Шалый ақудай деп келисим берип. Ол орақ машинасының текшесине жайласып отырып алды да, Давыдовқа ым қағып, қасына келип отырыўды усынды, бирақ устахананың есигинде булардың әңгимесине қулағын түрип тыңлап турған көрикши баланы аңлап қалып еди, оған аяғын тапылдатып бақырып жиберди: - Жоғал бул жерден шайтан! Басқа талабың жоқ па? Ҳәммесине қулақ салғың келеди, шошқаның баласы! Қайысты алып партылдатсам соннан соң билесең. Сонда сениң қулағыңның еситкенин көрейин! Әстапыралла бундай да бала болады екен!

Кирге батқан жас бала күлимсиреген көзлери алара кетип, устахананың қараңғы түпкирине қарай тышқандай жылп етип кирип кетти де, сол замат устахананың ишинен көриктиң ысылдаған даўысы еситилди, түтиктен жалтылдап шығып атырған қып-қызыл шоғла жарқылдап көринди. Ал Шалый болса, сол хош пейиллиги менен сөйлене берди:

- Бул жетимди темиршиликке үйретип атырман. Еси кирген жигитлерден темиршиликке ҳеш болмаса биреўи кирсе қәне! Совет власты оларды биротала еркелетип жиберди! Қайсысын көрсең доктор боламан деп, я агроном боламан, я қандай бир инженер боламан деп кетип баратырған бәле, ал биз, ғаррылар, өлип питсек халықтың етигин, шалбарын ким тигип, атын ким тағалап берер екен? Менде де жағдай сондай ҳеш кимди темиршиликке тарта алмайман, бәри темирдиң дүтинен қорқып зып береди. Сөйтип жаңағы Ванятканы алыўға туўра келди. Бул, шайтан, уқыплы бала дә, бирақ берген қорлығының есап саны жоқ! Биресе жаз күнлери биреўдиң бағына урлыққа түседи, бәлеге қалатуғын мен, биресе темиршиликти таслап, қармақ пенен балық услаўға кетип қалады, биресе дым түкке турмайтуғын тағы бир нәрсе ойлап шығарады. Асырап-сақлап киятырған туўысқан апасының да оған күши жетпейди, мине енди оның азапларына мениң шыдаўыма туўра келип тур. Тек ғана урысыўын урысаман да, ал бул жетимди урайын десем ҳасла қолым бармайды. Аўҳалымыз әне солай, жигит. Кисиниң баласын, әсиресе жетимди үйретиў-оғада аўыр нәрсе. Солай да өмиримниң ишинде мен сондай он баланы темирши уста етип шығардым. Ҳәзир Тубянскийде де, Войсковоеде де, басқа түрли хуторларда да мениң шәкиртлерим устаханаларда ислеп атыр, ҳәттеки биреўи Ростовта заводта ислейди. Бул әнейи нәрсе емес, жигит, сен өзиң де заводта ислеп көрдиң, билесең: әйтеўир адамды ол жерлерге жумысқа ала бермейди. Өзим өлип кетсем де бул жарық дүньяда өнеримди үйренген бир талай шәкиртлерим кейнимде қалады. Әне соны мақтаныш етип отырман. Қалай айтаман?

- Қәне ис туўралы әңгимелесейик, мениң жумысымда тағы қандай кемшиликлерди

көрдиң?

- Сениң кемшилигиң биреў-ақ: сен тек жыйналысларда ғана баслықсаң, күнделикли ислерде болса баслық - Островнов. Барлық бәле мине усыннан. Мениң пәмимше сен қосшылар менен бәҳәрде бирге болып, улыўма хожалықта қалай ислеў керек екенлиги туўралы өрнек көрсетип, өзиң де жер аўдаўды үйрениўиң керек. Бул жумыс колхоз баслығы ушын зиян етпейди. Бирақ не ушын ҳәзир де далада жүргениңе дым түсинбеймен. Сен ислеген заводта да директор узақ күн токарлық станокта ислеп туратуғын ба еди? Мениң оған ҳеш исенгим келмейди!

Шалый колхоздағы кемшиликлер, Давыдов серлемей киятырған, Яков Лукич, есапшы ҳәм складшылардың жылпылдақлығы менен үсти сыйпаланып билинбей баратырған нәрселер туўралы узақ ўақыт әңгиме қылды. Әңгимениң мәниси колхоз қурылғанның биринши күнинен баслап тап ҳәзирги ўақытқа шекем колхоздағы қара нийетли ислердиң барлығының басшысы түрине қарағанда жуўас көринетуғын Яков Лукич деген пикирге келип тиреле берди.

- Сен неге жыйналыста бир ирет те шығып сөйлемедиң? Саған ырас-ақ колхоз мәпи қымбатлы емеспе? «Мен пролетариатпан!» дейсең!-аў, сөйтип жүрип. Тек қулаққа ғана сыбырлап, жыйналыс болғанда сени фонарь менен излеў керек болса, онда қандай ылағып жүрген пролетариатсаң өзиң?

Шалый басын төмен салып, узақ ўақыт үндемей қалды, қолындағы жулып алған шөбин айдандырды. Оның қолындағы морт ҳәм жеп-жеңил болған шөп Шалыйдың ириден келген, дерлик ийилмейтуғын қараўытқан бармақларының арасында бир түрли көрингенликтен, Давыдов ериксиз түрде мыйығын тартып күлип қойды. Ал Шалый болса беретуғын жуўабы соған қарап турғандай аяғының астындағы бир нәрсеге ықласы менен қарап алды. Узақ ўақыт үндемей турғаннан кейин барып:

- Бәҳәрдиң күнлери болған бир жыйналыста сен Атаманчуковты колхоздан шығарыў керек деген жоқ па един? - деди.

- Сондай мәселе қойдым, аўа сонда не?

- Оны шығардыңлар ма?

- Жоқ. Пай нетесең, шығарыў керек еди.

- Нетесенин нетесең, бирақ гәп нетесең де емес ғой.

- Онда не де?

Бул нәрсеге қарсы ким шығып сөйлегениң есиңе түсирип қара. Есиңе түсире алмадың ба? Онда мен есиңе салайын: Островновта, складшы Афонька да, Люшня да ҳәм тағы жигирмалаған адам шығып сөйлеген еди. Олар сениң берген жақсы кеңесинди жоққа шығарып, халықты саған қарсы қойды ғой. Демек Островнов жалғыз өзи ис алып баратырған жоқ. Буған пәмиң жете ме?

- Даўам ете бер.

- Даўам етиўге де болады. Онда неге жыйналыста не ушын шығып сөйлемедиң деп отырсаң! Мен бир ирет шығып сөйлермен, екинши ирет шығып сөйлермен, ушинши ирет сөйлеп үлгере алмаспан: тап усы устаханада мениң жаңа ғана отқа қыздырған темирим менен қойып жиберсе, соның менен мениң шығып сөйлеўим де тамам болады. Жоқ, жигит, мен шығып сөйлеўге картайдым, сизлер өзлериңиз шығып сөйлей бериң, устаханадағы темир ийисин мениң еле де ийискермен бе деген тәмем бар.

- Сен қәўиплиликти жүдә қопсытып айтып отырсаң, аға, факт! - деди исенимсизлик пенен Давыдов. Ол еле толығы менен темирши уста айтқан әңгимениң әсери астында еди.

Бирақ Шалый бақырайған қара көзлери менен Давыдовқа анықлап қарап, сықақ ете қысып:

- Ғаррылыққа салып, көзимди жумып сен айтқандай қопсытып айтып отырған да болыўым мүмкин, солай да, жигит, олардан келетуғын қәўип-қәтерди көрмей отырсаң. Жаслық ҳәсери көзиңди биротала гиреўге тарттырған екен дә. Мен саған буны кесип айтып отырман, - деди.

Давыдов үндемей қалды. Мине енди оның ойға түсетуғын гезеги келип, ол узақ ўақыт

ойға шүмди, енди Шалый емес, өзи қолына шөп орнына жерден таўып алған тот басқан кишкене шурупты алып айландыра баслады. Қыял сүрген минутларда көзине не түссе соны қолына алып айландырып, таўлаўды талап ететуғын түсиниксиз әдет көпшиликке тән...

Күн әлле қашан аўған еди. Сая қашып, тикке түсип турған ыссы қуяш нурлары устахананың шым менен жабылып шөккен, үстине боян шығып кеткен төбесин, соған жақын жерде турған орақ машиналарын, жол дөгерегиндеги шаң басқан шөплерди леп пенен қыздырып тур. Гремячий Лог үстинде түски жым-жыртлық мүлгип тур. Үйлердиң терезелериниң қақпақлары жабылған, көшеде бир де адам көринбейди, ҳәттеки тар көшелерде ойнақлап шаўып жүрген бузаўлар да жап бетке кетип, ақ тал менен қызыл талдың қойыў саяларына жасырынған. Ал Давыдов пенен Шалый болса күнниң аптабында еле отыр.

- Устаханаға, салқын жерге барайық, мен бундай ыссыға көнликкеним жоқ, - деди Шалый жылтыр басы ҳам бетиндеги терди сыпырып атырып, ыссыға шыдамай, - Ески темир устасы ғарры бәйбише менен бирдей болады: олар күнди жақсы көрмейди, пүткил өмирин - ҳәр қайсысы өзинше - салқын саяда өткереди...

Олар устахананың арқа тәрепиндеги саяға, ыссы жерге барып отырды. Давыдовқа әбден тығылып Шалый тап пәшекке оралып қалған ҳәрредей болып гүўилдеўи менен әңгимесин баслады.

- Хопровты ҳаялы менен өлтирди. Неге өлтирди? Мәслик қылып па? Жоқ, ол олай емес, жипп... Бир бәлеси болғаннан соң өлтирген. Адамды ҳеш жерде ҳеш нәрсе жоқ өлтире бермейди. Мен өзимниң акмақ ғарры ақылым менен былайынша ой жуўыртаман: егер ол Совет властына жақпағанда - қамаққа алып жасырмастан ҳүким менен атып өлтирген болар еди, ҳаў оны билдирмей урылардай түнде, оннан қалса ҳаялы менен қоса урып өлтирди ғой, демек ол совет властының душпанларына жақпай қалған, оннан басқа ҳеш нәрсе болыўы да мүмкин емес! Оның ҳаялын неге өлтирген деп отырсаң, мен сеннен сорайын? Қатын өлтирген адамларды танымаўы ҳәм оларды ҳүкиметке айтып қоймаўы ушын, себеби сол! Өлгенниң болса тили жоқ, кеўлин тыныш болады, жигит... Оннан басқа ҳеш нәрсе болыўы да мүмкин емес, мен саған кесип айтып отырман.

- Айтайық буның бәрин биз сенисиз-ақ билетуғын, аңлайтуғын болайық, бирақ мине ким өлтиргенлигин ҳақыйқатында ҳеш ким билмейди ғой. - Давыдов үндемей турды да, ҳийлелик қылып тағы: - Оны ҳеш ўақта ҳеш кимниң билиўи мүмкин де емес! - деп қойды.

Шалый оның кейинги сөзин еситпегендей түр берди. Ол қоп-қойыў болып ағарып киятырған сақалын тутамлап, ыржыйып күлди:

- Сая жаныңның рәҳәти екен ғой. Баяғы ўақта менде сондай бир аўҳал болды, жигит. Бийдай орақтың алдында мен Тавриялы бир байға арбасының төрт дегершигин оңлап бердим. Еле есимде, сол шәршемби күнимеди жаным, жума күнимеди, әйтеўир сәтсиз күни еди, ол дегершигин алып кетиўге келди. Мениң менен есапласты, ислеген исимди мақтады, азғана бир нәрсе шығарып арақ алды, дегершиклерин алып кетиў ушын атлы келген хызметкерлерин де шақырды. Иштик. Кейининен мен де бир нәрсе шығарып арақ алдым. Оны да иштик. Бул бай адам өзи хохол, бирақ байлардың ишинде сийрек ушырасатуғын жақсы адам еди. Әне соның менен оның отырысқысы келип қалды. Менде болса жумыстың қызып турған ўақты, ҳәр қыйлы заказ дегенлер үйин-үйин болып атыр. Мен оған: «Трофим Денисович, сен ишиўиңди хызметкерлериң менен даўам ете бер, мени босат, жигит, отыра алмайман, жумысым көп», - деп өтиниш еттим. Ол буған келисим берди. Олар арақ ишиўин даўам етип қала берди де, мен устаханаға кеттим. Басымның иши гүўилди, бирақ тентиреклемеймен, қолым да өз еркимде, ал енди солай да болса оғыры мәспен, жигит. Бул масқарашылықтың үстине устахананың алдына қоңыраўлы тройка келип тоқтады. Майданға шықтым. Төбесине зонт тутып жеңил шетен тарантаста бизиң округимиздиң бәри билетуғын помещик Селиванов отыр. Ол өзи өлип кеткен гәрдик ҳәм дүньяға келмеген қәсийетсиз еди... Оның аппақ суп-сур, тап дийўалдай болып кеткен арбакеши қолы қалтырап шеп тәрептеги тынымсыз аттың қамыт баўын шешип

атыр. Ол абайламай қалған екен. Жолда аттың тағасы түсип қалыпты, әне соның ушын жаңағы бай оның жанын келиге қамап атыр: «Сен сондайсаң, сен ондайсаң, сени орныңнан босатып таслайман, тюрьмаға саламан, сениң кесириңнен мен поездан қалып қоятуғын болдым» тағы соған қусаған бир бәлелерди жаўдырып тур. Бизиң Дон тәрепимиз де жигит патшашылық ўақытында да казаклар помещик алдында онша дизеге қона қоймайды. Мына Селиванов дегениң не өзи: ең бай помещик екенине қарамастан мен оның бетине бир түпирсем деймен. Мен арақтан сол мәслигим менен майданға шығып оның арбакешке азап берип атырғанына есик алдында қулақ салып турман. Ғыжырданым қайнап баратыр. Селиванов мени көрип қалып: «Ҳей, уста бери кел!» деп ҳарылдады. Мен оған: «керек болсам өзиң кел» дейин деп едим, бирақ басқа пикирге келдим: оған қарап жақын адамымның алдына баратуғындай болып күлип киятырман, тарантастың қасына келип қолымды создым да: «саламатсыз ба, ағайиним! Ҳал-жағдайлар қалай?» - дедим. Оның ҳайраны шыққанлықтан мурнының үстиндеги алтын көз әйнеги түсип кетти; егер көз әйнеги қара баўы менен байланып қойылмағанда шылпәрше болатуғын еди? Ол көз әйнегин мурнының үстине қайтадан кийип атыр, ал мен оған қолымды созыўым менен турман, қолым болса күйедей қап-қара ҳәм кир-кир еди. Ол мениң қолыма көзи түспегендей түр берип, ашшы нәрсеге тили тийип кеткендей болып бетин жыйырып, тисинин арасы менен «сен не, мәсписең? Туяғыңды кимге созып отырсаң өзиң, бетбәшер бәле? - деди» - Неге билмейин, жүдә жақсы билемен кимге созып атырғанымды - дедим. Сениң менен бизлер туўысқан аға-инидеймиз: сен зонттың астында күннен сақланасаң, ал мен болсам - устаханада тамның төбеси менен сақланаман; мен жумыс күни болса да ишип алғанман, сен буны дурыс аңлап отырсаң, бирақ сен де жумыс адамы қусап тек екшемби күнлери ғана емес, басқа күнлери де ишетуғын болыўың керек: мурның қып-қызыл болып турыпты. Соған қарағанда биз екеўимиз де ақ сүйеклерден болыўымыз керек, басқа ҳеш нәрсе емес. Мейли, егер сениң қолық ақ, ал мениң қолым қара болғанлықтан маған қолыңды бергиң келмей турған болса, бул сениң ҳужданыңа байланыслы нәрсе. Өлсек, екеўимизде теңдей аппақ боламыз».

Селиванов дым үндемеди, тек ғана еринлерин қымып, түси өзгере берди, «Не атыңды тағалап бериў керек пе? - деп сорадым. - Биз буны дем де питкеремиз. Бирақ сен арбакешке бийкар урысып отырсаң. Ол тили жоқ адам екен. Сен оннан да маған урыс. Сениң менен устаханаға барайық, ағайиним, есикти қатты жабайық, соннан кейин урысып көр. Мен өзим сондай жүрекли адамларды жақсы керемен.»

Селивановта үн жоқ, бирақ түри кем-кем гә олай, гә булай өзгере берди. Биресе бозарады, биресе қызарады - ал үндемейди. Атына таға қағып, тарантастың қасына келдим. Ол мени көрмей турған адамдай болып арбакешке гүмис бир сомлықты узатып: «Ана сурбетке бер» деди. Мен арбакештен пулды алып, тарантастын ишине Селивановтын аяғының астына қарай ылақтырып жибердим де, ҳайран қалғандай болып көз абаға күлип: «Буның қалай, ағайиним, усындай майда нәрсе ушын да ағайин, адамнан пул алыўға бола ма? Саған берген қудайы садақам арақханаға барып, мениң саўлығыма арақ алып ишерсең!» - дедим. Әне сонда жаңағы помещигимниң түри боз да емес, қызыл да емес, ал көп-көмбек болып кетти; жиңишке даўыс пенен шиңкилдеп: «Сениң ден саўлығың ушын... сениң сеспей қатыўың ушын, ҳарамы көргенсиз, сурбет, сицилист, үйиң күйгир сениң! Станица атаманына айтаман! Тюрьмада ширитемен!»

Давыдовтың қатты күлгени соншелли тап, устахананың төбесиндеги бир топар шымшық қорқып дүр етип ушып кетти. Шалый мыйығын тартыўы менен темекисин ораўға киристи.

- Демек «ағайиниң» менен келиспеген екенсең дағы? - деди. Давыдов күлкиден зорға сөйлеп.

- Келиспедик.

Ылақтырып көрсин. Пулын алып қарасын батырды. Бул жерде гәп пүлда емес, иним, гәп...

- Онда не де?

Давыдов жаслардай болып кеўилли түрде күлип еди, Шалыйдың да кеўли жайнап сала берди. Ол ўа-ҳаҳалаўы менен қолын силтеп:

- Мен бираз қысынысқа түсип қалдым, - деди.

- Айтағойса, Сидорович, неге соза бересең? - Давыдов күле-күле жас аққан көзлери менен Шалыйға тигилип қарады.

Ал Шалый болса тек ғана қолын силтеп, сақал басқан аўзын арандай ашып, жуўан даўысы менен ғарқылдап күле береди.

- Пай сен де, қәне айт, соза берме! - деп жалынды Давыдов жаңа ғана сөйлесип отырған әҳмийетли әңгимесин бирден умытып, азғана ўақыт ҳәз беретуғын күлкиге биротала берилип кетип.

- Айтатуғын неси бар... Мен не деп едим еле! Ол мени сурбет те деп атыр, оңбаған да деп атыр, турли бәле деп сөгип атыр, ахырында биротала тили аўзына тығылып буўлығып тарантасты тепсиниўи менен: «Сицилист, пәлен-төлен! Тюрьмаға саламан!» деп бақырды. Ол ўақлары мен сицилист дегенниң не екенин билмейтуғын едим. Революция дегеннин не екенинен хабарым бар еди дә, ал «сицилистти» билмейтуғын едим, мен оны адамға өтетуғын жаман сөз деп ойладым. Оған жуўап ретинде мен: «Сицилист сен өзиң, ийттиң баласы, көзим көрместен бурын жоғал бул жерден». - дедим.

Давыдовтын күлкиге қайтадан ишек-силеси қатты. Шалый ол биротала күлип болғанша тоқтап турды да, сөзин даўам етти:

- Бир суткадан кейин мени станица атаманына алып барды. Ол меннен истиң қалай болғанын сорастырды, өзиң қусап күлди де, станицадағы адам қамайтуғын жерге қамамастан босатып жиберди. Өзи кәмбағаллырақ семьядан шыққан офицер еди, сонлықтан оған бир әпиўайы темирши устаның бай помещиктин масқарасын шығарғаны унап қалды. Бирақ мени шығарып салардың алдында ол маған былай деди: «Сен, казак, өзиңди тутыңқырап жур, тилиңди жибере берме, ҳәзир жақсы ўақыт емес, бүгин таға қағып жүрген болсаң, ертең тап Сибирьге жеткенше тайғанақламай айдалып барыў ушын төрт аяғыңды тағалап береди. - «Түсиндиңбе»? - «Түсиндим, уллы мәртебели мийирманым», - дедим, - «Қәне бар онда, қараңды көрсетпе. Селивановқа ырас сазайын бердим дермен» Әне, жигит, усындай да ҳәдийселер болған еди...

Давыдов сөйлемшек темир устасы менен хошласпақшы болып орнынан түргелип еди, бирақ ол көйлегиниң жеңинен тартып, қайтадан қапталына отырғызды да күтилмеген жерден сорап қалды:

- Сөйтип Хопровларды ким өлтиргенин ҳеш ўақытта да билиў мүмкин емес дейсең бе? Бул жерде, жигит, сен қәтелесип отырсаң. Биледи. Ўақыт жетсин, қарап тур, билгенде ҳақыйқат биледи.

Түрине қарағанда ғарры бир нәрсе билетуғындай көринди, сонлықтан Давыдов қымса сақламай ашық сөйлесиўге қарады.

- Сен кимнен гүмән етесең, Сидарович? - деди ол туўрылап Шалыйдың қызғыш қара көзлерине сынаўшы көз-қарас пенен қарап.

Шалый бир көз таслады да, бас тартқан түрде:

- Бул мәселеде, жигит, жудә аңсат жаңылысып қетиўге де болады... - деп жуўап берди.

- Қәне солай да болса?

Енди Шалый тайсалақламастан қолын Давыдовтың дизесине салып:

- Берман қара, жәрдемшим, ўәде пулдан қымбат: бир нәрсе болып қала қойса усы айтты демейсең. Келистикпе?

- Келистик.

- Онда сол, бул ис Лукичсиз болған ис емес. Мен саған кесип айтып отырман.

- Әне, ағай-и-и-и-ним, - деди созып ал-салы шыққан Давыдов.

- Мен Селивановтың «ағайини» едим, саған әке болыўға да жарайман, - деди Шалый гижинип. - Мен саған Хопровларды Яков Лукич шаўып өлтирген деп атырғаным жоқ ғой ахыры, бул ис онысыз болмаған болыўы керек деп отырман, егер қудай ақылыңнан айырмаған болса, сен буған түсиниўиң керек ғой, жигит.

- Ал дәлили не болады?

- Сен не, тергеўшимисең? - деп дәлкек етти Шалый.

- Ырас әңгиме болған екен, сен дәлкек еткенди қойып, барлығын жасырмай айтабер, Сидорович. Жумбақ айтысып отырыўымыздын ҳеш қандай кереги жоқ.

- Сеннен жақсы тергеўши шықпайды, - деди Шалый исенимли турде - Сен өзиңди басып, ҳаўлықпай сабыр ет, мен ҳәзир бәрин айтып беремен, айтып бергенде де биротола айтып берейин, сен еле көз жасыңды сүртип те үлгере алмай қаларсаң... Мине сен я бар жоқ, я тур жоқ Лушка менен байланысып қалдың, ол сениң қай жараңа ем еди? Сол шерменде қатыңнан басқа қатын таба алмадың ба?

- Бул сениң жумысың емес, - деп сөзин бөлди Давыдов.

- Жоқ, жигит, бул тек мениң ғана жумысым емес, ал пүткил колхоздың жумысы.

- Ол неге?

- Себеби сен сол лайлақы қаншық пенен байланысқалы бери жумысты жаман ислейтуғын болдың. Сениң көзиң қапылған. Ал сен сениң жумысың емес дейсең. Бул, жигит, сениң басыңа түскен бәле емес, ал ҳәммемиздиң, колхоздың басына түскен бәле. Сен өзлериниздиң қолтықласқаныңызды тек Лушка екеўимиз ғана билемиз деп ойлай-туғын шығарсыз, сизлердиң не қылып жүргениңизди хутордағы адамлар түсигине шекем биледи. Мине бизлер ғаррылар да гейде бир жыйналысып қала қойсақ, сени сол қалтыратпа тийгир Лушка деген бәледен қалай айырып алар екенбиз деп ойласып қаламыз. Себеби не? Себеби сол, Лушка қусаған қатынлар еркеклерди жумысқа ийтермелемейди, ал керисинше жумыстан қалдырады. Әне соның ушын да бизиң саған жанымыз ашыйды... Сен жақсы жигитсең, жуўас, арақ ишпейтуғын, қулласы - азамат жигитсең, ал ол әдепсиз қатын болса соннан пайдаланады: мойнына минип алып қыласынын қылып жур. Қандай қыласын қылып жургенин өзиң де билесең жигит; қыласынын қылып, оның үстине ел-журтқа: «Мен қандайының мойнына минип жүрмен!» деп мақтанады. Ҳай, Давыдов, Давыдов, сен табатуғын қатынды таппағансаң... Бир екшемби күни бизлер гилең ғаррылар болып Бесхлебновтың үйинин жанында отыр едик, сен тусымыздан өтип кеттиң. Сонда Бесхлебнов ата сениң артыңнан қарап былай деген еди: «Бизиң Давыдовты тәрезиге салып бир көриў керек еди - Лушкаға шекем қанша келетуғын еди, ҳәзир қанша келер екен. Лушка сүйегине тақап, електен өткергендей қылса да меннен көрме. Әжеп нәрсе болған жоқ, ғаррылар: оған уны, бизлерге кепеги қалса еди»... Инанасаң ба, мен сениң ушын жаңағы сөзди еситкенде өлип кете жазладым! Қалай ойласаң олай ойла, уят. Егер сен бизиң устаханада жәрдемши болып ислегенинде хутардағылар сен туўралы ҳеш нәрсе демеген болар еди, ҳаў ахыры сен пүткил колхоздың басысаң ғой... Бас болыў деген - ол уллы нәрсе жигит. Баяғы ўақта айып ислеген казакты көпшиликке көрсетип сабап атырғанда айтатуғын; «Денеңе жара түссе де, басыңа жара түспесин» деген мақал болатуғын еди. Ал бизиң колхоздың басына болса жара түспеди деўге болмайды, оны азырақ зил алған. Бул бас Лушкаға суйкенип, қараға былғанып қалған. Сен қандай болмасын ҳақыйқат бир қызды я жесирди таўып алған болғанында саған ҳеш ким ҳеш нәрсе демес еди, ҳәй сен өзиң... Ҳәй, Давыдов, Давыдов, сениң көзиңди таңған аў! Мен сени Лушканың муҳаббатынан емес, ал ҳүжданың уялғанлықтан еттен түскенсең деп ойлайман, ҳүждан деген адамды өлтиреди, мен саған буны кесип айтып отырман.

Давыдов устахананың қасы менен созылып жатырған жолға, топыраққа былғанып атырған шымшықларға қарады. Оның жүзи билинерли түрде қуўарыңқыраған, түленкиреген жақларында көгис дақлар пайда болған еди.

- Мәйли, гәпти туўар! - деп гүбирленди де Шалыйға қарай бурылды. - Сенсиз де кеўилим көтерилгендей болып жүр ғарры!

- Кейпиң таркап киятырғанда жүрегиң көтерилсе өзиңди жеңил сезе қоясаң, - деди қыстырылып Шалый.

Қысыныўшылықтан ҳәм қолайсызлықтан азырақ өзиңе келиңкирегеннен кейин Давыдов салқын түрде былай деди:

- Қәне сен маған бул иске Островновтың қатнасы бар екенлигин дәлиллеп бер. Дәлилсиз, фактсыз бул сайыў болады. Островнов сениң кеўлиңе тийгеннен кейин, оны шуқылап жүргенсең, факт. Қәне қандай дәлиллериң бар? Сөйле?

- Сен болмаған гәпти отлап отырсаң, жигит, - деп жуўап берди Шалый ашыўлы түрде. - Лукичке мениң қандай өкпем болатуғын еди? Мийнет күн ушын ба? Мен бәри бир ҳақымды жибермеймен, өз ҳақымды аламан. Мениң дәлилим жоқ. Хопровтың қатынын, мениң қудағайымды өлтиргенде, мен олардың кәтиниң астында жатқаным жоқ.

Ғарры дийўалдың артынан еситилген тысырлыға қулағын салап бирден шымыры денесин, боласынлы тулғасын жерден алып, жеңил ғана ушып турды. Тысырлыға азғана ўақыт дыққат пенен қулақ түрди, кейин әсте-ақырынлық пенен кир фартугин басынан асырып шешип таслады да сөзге киристи:

- Бери қара, жигит, қәне жүр бизикине барайық, бир сарқымнан салқын сүт ишип алып, сол жерде саяда отырып әңгимемизди тамам етирмиз. Жасырын бир нәрсе айтаман саған.

Ол Давыдовқа қарай еңтерилди оның гүўилдеген сыбырлысы хутордың жақын жериндеги үйлерге де еситилетуғындай болса керек: «Мениң шайтаным қулақ салап турған қусайды... Ол көринген саңлаққа, тесикке тығылып, адамды биреў менен ҳасла әңгимелестирмейди, қулағын түргени түрген. Қудайым-аў буннан көрген қорлықларымның есап-саны жоқ! Өзи әўели, жалқаў, барып турған тентек, ал темиршилик ислерине оғыры уқыплы! Шайтан, қолына алғанын бәрин ислейди. Ҳәттен жетим. Сол себепли оның барлық азабына көнип киятырман, мениң өнеримди үйренип кейниме қалатуғын шәкиртим етип, адам етип шығаражақпан.

Шалый устаханаға кирип күйеден қараўытып кеткен верстактын устине фартугин таслады да, Давыдовқа қысқа ғана:- «Жүр кеттик» деп, үйине қарай жүрип кетти.

Давыдов Шалыйдан еситкен барлық нәрселери туўралы ойланып көриў ушын тезирек жекке қалсам екен деп ойлаған еди, бирақ Хопровларды өлтиргени ҳаққындағы әңгиме тамам болмады, сонлықтан да ол айыўдай болып сүйретилип, талтаңлап адым атып баратырған темирши устаның изине ере берди.

Пүткил жол бойына дым үндемей келе бериўди қолайсыз деп есаплаған Давыдов:

- Сениң үй-ишиң көпшиликпе, Сидорович, - деп сорады.

- Өзим ҳәм гереӊ кемпирим, әне мениң үй-ишим болғаны сол.

- Перзентиңиз болмады ма?

- Жасырақ ўақытымызда екеўи болып еди, бул дүньяға сыймай өлип кетти. Үшиншисин қатыным өли туўды, соннан соң бойына ҳеш нәрсе питпеди. Жап-жас, сап-саў-ақ еди, билмеймен, тас болып туўмайтуғын болды да қалды, бар болғаны сол. Не ислеп қанша урынсақ та пайда болмады. Сол жыллары қатыным перзент тилеп Киевтеги лавраға пияда барып қайтты, бәри бир пайдасы болмады. Кетер алдында мен оған: «Сен ол жақтан маған кишкене хохол нәресте болса да етегиңе салып келегөр» - деген едим. Шалый өзи туткан турде мурнын жыйырып, гәпин тамам етти: - Ол маған қап-қара болған ақмақ деп сөгиниўи менен иконаға шоқынып, шығып кетти. Бәҳәрден баслап гүзге шекем соның жолында жүрди, бәринен шыпа болмады. Соннан баслап мен ҳәр қыйлы жетимлерди тәрбиялап, темиршилик исине үйретип киятырман. Баланы баўырымдай жақсы көремен, бирақ қудайтала маған оны бермеди; сондай да болады, жигит...

Тап-таза болып турған жайдың иши азырақ қараңғылаў, тып-тыныш ҳәм сап-салқын болып тур еди. Күн түспес ушын жабылған терезениң қақпағының арасынан сарғыш нур тусип тур. Жақында ғана жуўылған полдан чеберен менен жуўсанның жеңил аңқыған ийиси келип тур. Шалый төледен ләм тартқан гузе менен сүт алып шықты да; столдың үстине еки сарқумда әкелип қойып, гурсинди:

- Кемпирим огородқа кетипти. Ол ғарры қақбасқа ыссы да тәсир етпейди... Сен меннен қандай дәлилиң бар деп сорап отырсаң ба? Мен саған кесип айтайын: Хопровларды өлтирген куни азанда мен өликлерди кериўге бардым. Мархум Хопрова қандай дегенде де мениң қудағайым болар еди. Үйге адамларды жибермей, милиционер аўызда тергеўшиниң

келиўин күтип тур екен. Мен де есик алдына келип тура бердим... Жерге қарағаным сол есик алдындағы бир из маған таныс қусап қалды. Есик алдын адамлар басқылап кеткен, ал жаңағы из қанатқа жақын жерде шетиректе.

- Ол издиң қаяғы саған таныс қусап қалды? - деп сорады шаққан түрде қызықсына түскен Давыдов.

- Өкшесиндеги нәли. Из болса таза ҳәм түнги, тап тасқа басқандай из, нәл де таныс. Бундай нәл хуторда бир адамнан басқа ҳеш кимниң етигинде жоқ еди. Мениң танымай қалыўым ҳеш мүмкин емес, өйткени-өзимниң соққан нәлим.

Давыдов сүти шала ишилген сарқумды сабырасызлық пенен қоя берди.

- Түсинбеймен. Тусиниклирек етип айтсеш.

- Буның түсинбейтуғын жери жоқ, жигит. Буннан бир-еки жыл бурын саяғы жеке хожалық жыллары бәҳәрге салым бир күни Яков Лукич мениң устаханама келип, арбасының дегершигин оңлап бериўди өтиниш етти. «Жумыстын саўарақ ўақыты еди, әкеле ғой» дедим. Алып келип, устаханада ярым сааттай отырды, анаў-мынаў туўралы әңгимелестик. Ол кетпекши болып орнынан турды, көрикли ошақтың қасына келип гөне-көкси темир-терсеклерге қызықсынып арасын ары-бери тинтип көрди, ол жерде анаў-мынаў ҳәр турли гөне темирлер үйилип атыр еди. Ол ишинен англичанша ботинкадан алынған, тап өкшени басады да туратуғын еки гөне нәл таўып алды, олар гражданлар урысынан бери жатырған еди. Ол маған: «Сидорович, мен мына еки нәлди алайын, етигиме қағып алажақпан, қартайып қалғандай көринемен бе, табаныма көбирек салмақ түсип, етигим менен шоқайма өкше шыдамайды» - деди. Мен оған: «Алағой, жақсы адамнан аяйтуғын зат болама Лукич. Олар полаттан исленген, егер жойтып қоймасаң өмириңе кетеди» дедим. Нәллерди қалтасына тықты да шығып кетти. Әлбетте, буны ол қашшан умытып кетти, ал мениң еле есимде. Әне сол нәлди мен изде көрип қалдым... Бул менде гүмәнланыў туўдырды. Бул из бул жақта не қылып жүр? - деп ойлайман.

- Қәне, тағы кейин қалай болды? - деп асықтырды Давыдов басан әңгимегөйди.

Соннан кейин: «Лукич пенен ушырасып, аяқ-кийимин қалай тутатуғынын бир көрейинше деген ойға келдим. Мен пазна ушын темир сорап келгенге қусап билқастан оны излеп таўып алдым да, аяғына қарадым, қарасам ол байпақ кийип жүр екен! Күн суўық еди. Гәп арасында: «Өлтирилгенлерди көрдиң бе, Лукич!»- деп сорадым. - «Жоқ өликлерге, әсиресе өлтирилген адамларға қарай алмайман. Оған қараўға мениң жүрегим әзиз. Солайда ҳәзир барып келиўге туўра келип тур», - деди. Сөздиң пайытын алып тағы да: «Өлип кеткенлер менен көрискениңе көп ўақыт болды ма? - деп сорадым.» - Аўа көп ўақыт болды, анаў ҳәптениң ишинде көрип едим - дейди. -Арамызда сондай да қанхорлар бар екен-аў, сондай баҳадыр адамды өлтирген, не ушын өлтиргени белгисиз. Ол жуўас, өмири туўып ҳеш кимниң зейнине тиймеген адам еди, Нәлетий жаўызлардың қолы сынғайда!»

Мениң тула бойым түршигип кетти! Ол усындай суўқуйды сөзлерди айтып отыр, ал мениң болса, дизем қалтырап ишимнен: «Сен өзиң түнде сол жерде болғансаң, ийт, егер Хопровты өзиң шаўып өлтирмеген болсаң, бәри бир қолы еплирек биреўди алып келип өлтирткенсең» - деп ойлайман. Бирақ мен оған ҳеш қандай түр берместен, солайынша екеўимизде жөн-жөнимизге тарқастық. Бирақ оның изин тексерип көриў ҳаққындағы пикир тап нәлдиң мыйығындай геллеме орнасып алған. Ол мениң саўғамды етигинен түсирип қойдыма екен я жоқпа екен? Байпағын шешип етигин кийсин деп еки ҳәптедей күтип жүрдим. Бир күни күн жылынып, қар ерип еди, мен де устаханадағы жумысымды қойып, билқастан колхоздың кеңсесине келдим. Лукич сол жерде екен, аяғында етиги бар! Аздан кейин ол майданға шықты. Мен оның кейнинен баратырман. Ол соқпақтан бурылып, склад бетке қарап кетти. Мен оның изине көз тасласам, мениң нәллеримниң изи ап-анық екен, еки жылдын ишинде түсип қалмапты!

- Сен, нәлетий ғарры, неге сонда ҳеш нәрсе демедиң? Неге тийисли жерге барып айтпадың? - Давыдовтың бар қаны бетине шығып кетти. Ол гижинип ашыўы келгенликтен столды мушы менен урып жиберди.

Бирақ Шалый оны онша жыллы болмаған көз қарас пенен сынап көз таслап:

- Не, сен басқаны өзиңен ақылсыз деп ойлайсаң ба? - Мен бул туўралы сеннен бурын-ақ ойлағанман... Мен өлтирилгеннен үш ҳәпте кейин тергеўшиге айтқанымда, есиктиң алдындағы баяғы из табылармеди? Таба алмай мен ақмақ болып қалған болар едим.

- Сен тап сол күни айтыўың керек еди! Сен өзиң дәртке аспас қорқақ екенсең. Островновтан қалай болса солай қорыққансаң, факт!

- Бундай айыбым да болған, - деп ықтиярлы түр де келисим берди Шалый. - Островнов пенен аразыласыў, жигит, қәўипли нәрсе... Буннан онлаған жыл бурын оның еле жаслаў ўақтында орақта жүрип Антип Грач пенен келиспей төбелесип қалды, сонда Антип оның келистирип пирин арқасына таңып еди. Ал бир айдан кейин Антиптиң жаздағы асханасына от тийип қарап тур. Асхана жайға жақын салынған еди, сол күни түнги самал ҳақыйқат бабына түсип, асханадан тамға қарап суўырып от жайға барып алысыпты. Барлық үй-үскене от болып жанды да кетти, пара-шара қоятуғын жайлары да аман қалған жоқ. Бурынлары Антиптиң дым жақсы жайы бар еди, ол ҳәзир сабан қақырада отыр. Лукичке тийсең көретуғының сол. Ол ҳәзирги ашыўы түўе, өтип кеткендеги гийнесин де есинен шығармайды. Бирақ гәп бунда емес, жигит. Өзимниң гүмән еткенимди милиционерге дәрриў айта қойыўға батылым бармады: хеш бетим бармады, бундай нәллердиң тек Яков Лукичте бар екинлигине толық исенбейтуғын едим. Тексерип көриў керек болды-өйткени гражданлар урысы ўақтында хуторымыздың жартасы англичан ботинкаларын кийип жүретуғын еди ғой. Бир саат өтпей-ақ Хопровтың есигиниң алдын сондай етип басқылап кетти, ҳәттеки туйениң изин аттың изинен де айырып ала алмайсаң. Әне гәп солай, жигит, ҳақыйқат ойлап қарасаң, бул әйтеўир ис емес. Ҳәзир мен сени орақ машиналарын көрсин деп емес, ал ашылысып сөйлесип алайық деп шақырып келип отырман.

- Кеш есиңе түсипти, геўкелле... - деди Давыдов ашыўы келип.

- Еле кеш емес, егер сен тезирек қөзиңди ашпасаң, сонда кеш болады, мен саған буны кесип айтап отырман.

Давыдов азырақ турыңқырап, сөзин таўып айтыўға тырысып жуўап берди:

- Мен туўралы, Сидорович, мениң жымысларым туўралы сен көп дурыс нәрселерди айттың, бунық ушын саған рахмет. Мен жумысыма қайта өзгерис киргизиўим керек, факт! Адам жаңа истиң барлығын қалай бирден билип кете берсин!

- Ол айтканың дурыс, - деди Шалый оның пикирене қосылып.

- Сениң жумысың бойынша мийнет күн белгилеў нормасын да қайта қарап шығып, дүзетемиз. Островновты қылмыс үстинде ырас бирден қолға түсире алмаған екенбиз, енди оны дөгереклеп бақлап жүриўге туўра келеди. Бул нәрсеге ўақыт керек. Бирақ сен биз екеўимиз арасында болған әңгиме туўралы хеш кимге хеш нәрсе деп жүрме. Еситтин бе?

- Аўзымды ашпайман! - деп исендирди Шалый.

- Мүмкин тағы айтатуғының бар шығар? Болмаса мен ҳәзир мектепке кете жақпан, баслығында жумысым бар

- Айтатуғаным бар. Сен Лукерьяны биротала қой! Ол сениң басына жетеди, жигит.

- О, қудай урып кетсин сени! - деди ашыўы келип Давыдов, - Ол туўралы гәп еттик пе, болады енди. Мен сени кетип баратырып тәўирирек бир нәрсе айтатуғын шығар десем, сен тағы баяғы қобызынды шалып киятырсаң...

- Сен қызба, ғарры адамның гәпине жақсылап қулақ сал! Мен саған өтирик айтып отырғаным жоқ, бирақ билип қой, ол қатын кейинги ўақытлары тек сениң менен ғана қолтықласып жүрген жоқ... Егер тас маңлайыма келип бир оқ тийсин демесең, сол қаншықты биротала қой сен!

- Оқ кимнен келип тийиўи мүмкин?

Давыдовтын қатты қымылған еринлери исенимсизлик қылып турған түрде жеңил ғана күлим шырай тартты, бирақ Шалый оны аңлап қалып қәҳәрге минип қоя берди:

- Сен неге ыржыясаң? Еле тири жүргенине қудайға шүкир ет, көзи көрмейтуғын гөр! Ҳеш тусинбеймен; ол сени атпай, Макарды неге атты екен?

- Ол деп отырғаның ким өзи?

- Ким болатуғын еди, Тимошка Жыртық тағы! Оған Макардың не кереги бар ҳеш түсинбеймен... Мен сени ескертип қояйын деп шақырып отырсам, сен мениң Ваняткамнан бетер ыржыясаң.

Давыдов ериксиз турде қолын қалтасына сукты да, столдың үстине өңмениңе жата кетти.

- Тимошка? Ол қайдан келди?

- Қашып келгендағы. Болмаса қайдан келетуғын еди?

- Сен көрдиң бе оны? - деп әсте, ҳәттеки сыбырланып сорады Давыдов.

- Бүгин шәршемби ме?

- Шәршемби.

- Аўа, мен оны шемби күни түнде сениң Лушкаң менен бирге жүргенин көрип қалдым, бизиң сыйыр сол күни кеште өристен келмей қалып, ол қалтыратпа тийгирди излеўге шығып едим. Түн жарпы шамасында ол нәлет жаўғырды үй бетке айдап киятырып, хутордың қасында солардың үстинен шығып қалдым.

- Сен алжасып отырған жоқсан ба?

- Сени Тимошка менен алжастырады деп ойлайсаң ба? - деп күлип қойды, Шалый. - Жоқ, жигит, ғарры болсам да, көзим өткир. Олар малдың өзи қараңғыда қаңғып жүргендидағы деп ойлаған болыўы тийис, мен олардың артынан жүрип киятыр едим, бирден мени көрмей қалды. Лушка оған «Туў, Тимоша, мына нәлетий сыйыр екен ғой, мен адам шығар деп едим» деди. Тап сол ўақытта мен де шыға келдим. Дәслеп ол орнынан ушып турды, соңын ала Тимошка да турды. Тыңлап қарасам затвордың шытырлысы еситиледи, ал ол өзи дым үндемейди. Мен оларға әсте-ақырын ғана былай дедим: «Отыра бериңлер, жақсы қыз-жигитлер! Мен сизлерге кесент бермеймен, мына сыйыры қурығыр маллардан бөлинип қалған екен, соны айдап киятырман...»

- Ал, енди барлығы да түсиникли, - деди Давыдов Шалыйдан көре өзине айтып отырғандай болып, скамейкадан зорға көтерилип.

Ол шеп қолы менен темирши устаны қушақлап, оң қолы менен оның шығанағын қатты қысты.

- Барлығы ушын саған рахмет, қымбатлы Ипполит Сидорович!

Кеште ол Нагульнов пенен Размётновқа Шалый менен болған әңгимени айтып берди де, хуторда Тимофей Жыртықтын пайда болғаны туўралы ГПУ диң районлық бөлимине тоқтаўсыз хабар етиўди оларға усыныс етти. Бирақ бул хабарды әжайып бир парасатлық пенен қабыл еткен Нагульнов оған қарсы турды:

- Ҳеш жерге хабарлаўдың кереги жоқ. Олар бизиң исимизди бүлдиреди. Тимошка ақмақ емес, ол хуторда турмайды, район ГПУ шилериниң биреўи-ақ пайда болғаннан дәрриў биледи де, бул жерден қарасын батырады.

- ГПУ ден келгенлер билдирмей түнде келсе, ол қалай биледи? - деп сорады Размётнов.

Нагульнов хош кеўилли сықақлық пенен оған күлип қарады:

- Сениң ақылың баланың ақылындай, Андрей. Барлық ўақытта қасқыр аңшыны алды менен көреди, соннан кейин барып аңшының көзи қасқырға түседи.

- Сенде қандай усыныс бар? - деп сорады Давыдов.

- Маған бес-алты кун мәўлет бериң, мен Тимошканы я өли, я тирилей сизлердиң алдынызға әкелип беремен. Сен Андрей екеўиңиз солайда түнге қарай абайлы болың: жайыңыздан биймәҳел майданға шықпан, шыра жақпаң. Сизлерден талап етилетуғын нәрсе-әне сол. Басқасы мениң жумысым.

Нагульнов өзиниң планлары туўралы толық айтып бериўден турған жерден бас тартты.

- Онда не, мейли, иске кирис, - деп келисим берди Давыдов. - Бирақ абайла, усыннан Тимофейди услай алмай қалсаң, онда ол биротала сиңип кетеди, кейин өмирде де таба алмай қаламыз.

- Қәтиржам бола бер, услатпай кете алмайды, - деп әсте күлимсиреп исендирди Нагульнов. Оның көгис тартқан қабақлары төмен түсип, көзлеринде аз ғана ўақыт жалт етип шағылған ушқын өширилди.

## XI БАП

Лушка қәдимгисинше апасының үйинде бола берди. Үстине қамыс бастырылған сарғыш терезесиниң тахталары майысып тозғанлықтан дийўаллары жерге қарай шөгип қыйсайған жай, жаптағы жардың жағасына жабысып тур. Кишкене ғана қораны шөплик пенен боян басып кеткен. Лушканың апасы Алексеевнаның кишкене ғана огороды менен сыйырынан басқа хожалығында ҳеш нәрсеси жоқ еди. Қораны жап беттен қоршап турған пәскелтек шетен тутпадан арман өтетуғын өткел исленген. Егеде болған үй ийеси ҳаял соннан пайдаланып жаптан суў алатуғын, огородындағы капусталарын суўғаратуғын еди.

Өткелдиң қасында татарниктин ашық қызыл ҳәм жасып қалпақлары ҳаррыйысып, жабайы зығыр үйме-жүйме болып турады. Шетен тутпа бойлап қазықлардың арасында асқабақтың пәлеклери шырмалып жатады, оны қоңыраўға қусаған сары гүллер безеп тур. Азанға қарай шетен тутпа ашылып турған көгис шырмаўық гүллери менен жаўдырап узақтан қарағанда ақылыңа уғырас келмейтуғын гилемге усайтуғын еди. Бул бир аўлақ жер еди. Ертеңине азанда ертелеп Алексеевнаның қорасының қасы менен жапты жағалап өтип баратырып Нагульнов усы жерди қолай көрди.

Ол тумаўы тәўир болыўын күтип еки күнге шекем сәлтен қағып жүрди, үшинши күни қараңғы түсиўден сырмағын кийип, аяғын ғаз-ғаз басып көшеге шықты да, жапқа қарай төмен түсти. Ол қараңғы тас-түнек түн бойы шетен тутпаның түбиндеги зығырдың арасында аңлып жатты, бирақ өткелден өткен ҳеш ким болмады. Жақты түсиўден Макар үйине келип бир-еки саат уйықлап алды да, күндиз от-шөп орыўды баслаған биринши бригадаға жүрип кетти. Ал қараңғы түсиўден тағы баяғы өткелдиң қасына келип жатты.

Түн жарпы болғанда жайдың қапысы әсте шыйқылдады. Шетен тутпаның арасынан Макарға есик алдында басын қара орамал менен ораған бир ҳаялдың қараўытқан тулғасы көринди. Макар оның Лушка екенин таныды.

Лушка есик алдындағы текшеден төмен түсти де, азырақ турды, кейин майданға шығып, тар көшеге қарай бурылып кетти. Макар билдирместен адым атып он метрдей жерде оның артынан келе берди. Лушка ҳеш нәрседен гүмән етпестен, артына да қарамай жайлаў бетке қарай жол тартты. Олар хутордан сыртқа шыға бергенде мына нәлет жаўғыр түшкирик Макардың арбасын аўдарды да салды: ол қатты түшкирип жиберди де - мәддәл бүккесине өзин жерге таслады. Лушка жалт берип артына бурылды. Ол азғана ўақыт қыбырламастан сәррийиўи менен қолларын көкирегине басып, бөлип-бөлип үсти-үстине демин алып турды. Лифчиги тарлық қылып, қан шеке тамырларын солқылдатты. Албыраўын басып Лушка қәўетерленген түрде әсте-әсте адым атып Макарға қарай келе берди. Макар болса еки шығанағын жерге тиреп көзиниң үсти менен қарап Лушканы бақлап жатыр. Үш адымдай бери келип тоқтады да, Лушка жүрегин баса алмай:

- Кимсең? - деп сорады.

Макар еңбеклеген ҳалда дым үндеместен сырмағының етегин басына қарай тартты. Ол Лушка мен екенлигимди билмесин деген еди.

- Алла, кудайым! - деп қорқып сыбырланды да Лушка хуторға қарай шыбындай ушты.

... Таң алдында Макар Размётновты оятып, скамейкаға отырып түнериўи менен:

- Бир түшкирип жиберип, барлық истин белине теўип алдым! Қәне жәрдемиң болса көрсет, Андрей, болмаса Тимошканы қашырып аламыз! - деди.

Ярым сааттан кейин олар екеўи қос ат жегилген арбаға минип Алексеевнаның үйиниң қасына келди. Размётнов атларды шетен тутпаға байлап, биринши болып есик алдындағы текшеге минди де, қыйсайып турған есикти қақты.

- Кимсең? - дедн Алексеевна уйқылы даўыс пенен. - Ким керек?

- Тур, Алексеевна, болмаса сыйырыңнан айрылып қаласаң, - деди Размётнов жеделли

түрде.

- Кимсең өзиң?

- Мен, Совет баслығы Размётновпан.

- Кун шықпай не қылып жүрсең? - деди наразылық пенен ҳаял.

- Жумыс бар, аш!!

Есиктин зулпы жың етти де Размётнов пенен бирге асханаға келип кирди. Үй ийеси ҳаял тез-тез кийинди де, үндеместен шыраны жақты.

- Квартиранткаң үйде ме? - Размётнов ым қағып мийманхананың есигин көрсетти.

- Үйде. Бунша ерте саған оның не кереги болып қалды?

Размётнов жуўап берместен есикти қағып, қатты даўыслады:

- Ҳәй, Лукерья! Тур, кийин. Әскерлерше кийинип шығыўына бес минут беремен!

Лушка жалаңаш желкесине орамалын салып, жалаң аяқ иштен шықты. Қаралтым ақ балтырларының үстинде ишки юбкасының кестели жийеги аппақ болып көринии тур.

- Кийин, - деп буйырды Размётнов, ҳәй әттегене дегендей етип басын шайқады: - Ҳеш болмаса сыртқы юбкаңды кийип шықсаң болады ғой... Ҳәй, уятсыз қатын екенсең!

Лушка киргенлерге анықлап ҳәм сораўлы көз-қарас пенен қарап бир әжайып түрде жылмыйып күлди.

- Ҳәммеңиз өзимиздиң адамларсыз, кимнен уялайын? Ҳәттеки уйқылы-ояў турғанда да қызлардай тап-таза суп-сулыў еди, бул нәлетий Лушка. Размётнов күлимсиреп, көзиниң жаўын алып турғанын да жасырмастан, оның келбетине иштен сүйсинди. Макар печьке сүйенип турған уй-ийеси ҳаялға ойланған көз қарас пенен кирпик қақпастан қарап тур.

- Қандай жумыс пенен келдиңлер, қымбатлы мийманлар? - Лушка сыпырылып түсип баратырған орамалын ийни менен қағып желкесине салды. - Сизлер бәлким, Давыдовты излеп журген жоқсызлар ма?

Ол енди мәз-майрам болып күлимсиреўи менен биреўдиң үстине шыққандай болып арсыз түрде жарқыраған көзлерин сүзип өзиниң бурынғы күйеўиниң қараўын күтти. Ал Макар бурылып турақлылық пенен жай-парахат оның бетине қарады да, сондай турақлылық ҳәм жай-парахат түрде салмақ пенен жуўап берди:

- Жоқ, бизлер сениң үйиннен Давыдовты емес, Тимофей Жыртықты излеп жүрмиз.

- Оны бул жерден излеў керек емес, - деди сурбетлик пенен Лушка, сөйтти де бирден сескенип кеткенликтен желкеси дир ете қалды. - Ол мениң сунқарымды өзлериңиз жиберген суўық жақлардан излеў керек...

- Қойсаңа жуўҳалығыңды, - деди Макар сол сабырлылығы менен өзин тутып.

Лушка күтпеген оның бул салқын түрдеги сабырлылығы жанына тийсе керек ол бирден пәт алып кетти:

- Бүгин түнде хутордың артында мени қуўған сен емес пе, шабазым?

- Қалайда таныған екенсең дә? - Макардың еринлери билинер-билинбес күлки ушқыны менен қыймыл-қыймыл етти.

- Жоқ, қараңғыда танығаным жоқ, сен жаным, мениң жүрегимди жардың ғой. Мен хуторға келгеннен кейин барып сен екенин билдим.

- Өзиң сондай дәўжүрек ақмақсаң, неден қорқып жүрсең? - деп аўыр сөйледи Размётнов Лушканын сулыўлығы пайда еткен өзиндеги бийҳушлықты билқастан исленген турпайылық пенен жоқ қылып жибериўге урынып.

Лушка қолларын бүйирине таянып, жеп қойғысы келип тесиле қарады:

- Сен маған ақмақ деме! Бундай сөзиңди өзиңиң Маринкана барып айт, мүмкин Демид Үндемес тәрепинен аўзын бет те болар. Маған азап бериўиң аңсат қасымда арымды арлайтуғын ҳеш ким жоқ...

- Ондай адам сенде үйин-үйин, - деп күлди Размётнов.

Бирақ Лушка оған ҳеш қандай итибар берместе Макардан сорады:

- Неге артымнан жүрдиң? Меннен, саған не керек? Мен - еркин қуспан, қаяқты қәлесем, сол жаққа ушып кете беремен. Егер мениң қасымда ярым Давыдов болғанда, кейнимизге ерип жүргениң ушын ол сениң манлайыңнан сыйпамас еди!

Макардың суп-сур болып кеткен жағының астында жумалақ-жумалақ түйинлер жуўырысып келип еди, бирақ ол зорлық пенен өзине рай берип үндеген жоқ Оның мушын түйгендеги бармақларының шатырлысы асханада анық еситилип турды. Размётнов жаман жаққа басып баратырған гәпти тоқтатыўға асықты:

- Әдеўир сөйлестик, болар сол! Қәне болың сен Лукерья, Алексеевна сен де. Сизлер қамаққа алындыңызлар ҳәзир районға алып кетемиз.

- Не ушын? - деди Лушка.

- Сол жаққа барған соң билесең.

- Бармасам ше?

- Қойдай етип аяқ-қолыңды таңып алып кетемиз. Қылт еткизбеймиз. Қәне болың.

Лушка бираз ўақыт не қыларын билмей турды да; кейин шегинип жылдам есиктен ишке кирип, есикти жаўып, иштен илгегин өткермекши болды. Бирақ Макар тап ўақтында айрықша күш жумсамай-ақ есикти өзине тартып, мийманханаға кирди де даўысын жоқары көтерип ескертти.

- Сениң менен ойын қылып турғанымыз жоқ. Кийин, қашып қутыламан деп ойламай-ақ қой. Мен сениң кейниңнен қуўып жүрмеймен, сен мәжигүнниң кейиннен оқ қуўып жетеди. Түсиникли ме?

Лушка аўыр гүрсиниўи менен жумбаршақланып қалған төсегине барып отырды.

- Шығып тур, мен кийинежақпан.

- Кийине бер. Уялатуғын ҳеш нәрсеси жоқ. Мен сени түрли қәлипте көргенмен.

- Мейли онда өзиң бил, - деди босасып Лушка.

Ол түнде кийетуғын көйлеги менен юбкасын шешип таслап, жалаңаш, жәп-жақсы болып жаслық жилўа менен өзинен-өзи сандық бетке өтти де, оны ашты. Макар оған қарамастан, итибарсыз, сылт етпей терезеге тигилиўи менен тур.

Үстине жайдары шыт көйлегин кийип алған Лушка бес минут өткеннен кейин;

- Макаржан, мен тайын болдым, - деди. Ол жуўасып, азырақ қапа болыңқыраған көзлери менен Макарға қарады.

Кийинген Алексеевна асханадан:

- Үйди кимге таслап кетемен? Сыйырды ким саўады? Огородыма ким қарап турады? - деп сорады.

- Оның есабын табамыз, апа, сен келемен дегенше ҳәммесин де өзиңдикиндей етип қоямыз, - деп тынышландырды оны Размётнов.

Олар қораға шығып, арбаға минди. Размётнов дизгинди оңлап қолына алып, қәҳәрли түрде қамышысын таўлап жиберип, атларды турған жерден жорттырып ала кетти. Аўылсоветтиң кеңсесиниң қасына барып тоқтады да, арбадан секирип түсти.

- Қәне назәлимлер, түсиң! - Ол дәлизге биринши болып кирди де, шырпыны жағып, қараңғы өжирениң есигин ашты.

- Кириң жайласып отырың. Лушка оннан:

- Районға қашан кетемиз? - деп сорады.

- Таң атсын, кетемиз.

- Онда неге жаяў айдап келе бермей, арбалы алып келдиңлер?

- Сәниң келтириў ушын дә, - деп күлди қараңғыға бурылып Размётнов.

Ҳақыйқатында да, ол бул бәрин билсем екен деп турған қатынларға оларды аўылсоветтиң кеңсесине алып киятырғанда жолда ҳеш ким көрип жүрмесин деп арбалы алып келгенлигин басқаша түсиндире алмайды ғой.

- Бул жерге жаяў келиўге де болатуғын еди, - деди Алексеевна ҳәм шоқыныўы менен өжиреге кирди.

Аўыр гүрсинип дым үндеместен Лушка оның изине ерди. Размётнов есикке қулп урды, соннан кейин барып қатты даўыс пенен бақырды:

- Лукерья, еситип турсаң ба, сизлерге ас-суў берип турамыз, есиктиң шеп тәрепиндеги мүйеште майданға шығыў ушын ләген бар. Шаўқым салмай, есикти тақылдатпай тыныш отырыўларынды сорайман, болмаса, қудай урсын, аяқ-қолынызды таңып аўзыңызды

тығып таслаймыз. Бул ойын нәрсе емес. Ал жата бериң! Мен азанда келип хабар аламан.

Ол екинши қулыпты кеңсениң сыртқы қапысына урды да, есик алдында күтип турған Нагульновқа былай деди - оның даўысынан өтиниш билинип турды:

- Макар, мен буларды үш суткадан артық тутып тура алмайман. Өзиң бил, бирақ усыннан Давыдов биле қойса, - екеўимиздиң де маңлайымыз қурысын!

- Билмейди. Атларды орнына апарып қой, соннан соң ўақытша тутқынларға жегендей бир нәрсе апарып берерсең. Ал, рахмет мен үйге кеттим...

... Жоқ, қулан атқан таң қараңғылығында Гремямячий Логтың жансыз тар көшелери бойлап жүрип киятырған бул баяғы сымбаты, келискен ғошшақ жигит Макар Нагульнов емес еди... Ол азырақ иймейейин деген, үлкен кең алақанын ўақты-ўақты көкирегиниң шеп тәрепине басып, басын төмен салып мүлгип адым атып киятыр...

* * *

Нагульнов Давыдовтың көзине түсип қалмаў ушын күндизги күнлери орақта өткерип, тек түнде ғана хуторға қайтатуғын еди. Екинши күни кеш қурын буққы таслаўға түсерден алдында ол Размётновқа келип:

- Мени Давыдов излемеди ме? - деп сорады.

- Жоқ, излеген жоқ. Мен өзим де оны дерлик көргеним жоқ. Еки күннен бери жаптың көпирин дүзетип атырмыз, қылатуғын исимниң болғаны көпирде болыў, тутқынға алынған қатынларды жуўырып барып көрип қайтыў.

- Олар қалай?

- Кеше түнде Лушка жүдә қутырды! Есикке жақынлағаным сол-айтпаған нәрсеси жоқ. Нәлет жаўғыр қатын тап мәс казактан бетер аўызына келгенин айтып сөгинеди! Ондай сөзлерди қайдан үйренгенлигин билмеймен! Зорға тоқтаттым. Ҳәзир тынышланайын деди. Жылап атыр.

- Жыласа жыласын. Көп узамай гүм болады.

- Тимошка көзге туспес, - деп гүдиксинди Разметнов.

- Келеди! - деп Нагульнов мушы менен дизесине урып жиберди, неше түн уйқысыз жүргенликтен искен көзлери жарқ етип кетти, - Оған Лушкадан қутылыў қайда? Келеди.

... Тимофей де келди. Сақланып жүргенлигин есинен шығарып, ол үшинши күни түнги саат екилер шамасында шетен тутпаның өткелинди көринип қалды. Оны хуторға қызғаншақлығы айдап келди ме, ашлық айдап келди ме, белгисиз.

Мүмкин екеўи де аралас шығар, әйтеўир шыдам бере алмай келип қалыпты.

Ол жап беттен шыққан соқпақ пенен жырткыш ҳайўандай болып сылт етпестен, аяғын ғаз-ғаз басып киятыр еди. Макар оның аяғының астындағы кесектиң қытырлысын да, қуўрақ боян шақасының шытырлысын да еситкен жоқ. Бес адымдай жерде алдына қарай эсте ғана ентерилген адамның қарасы қәпелимде көринип кеткен ўақытта ол аңсызда дир ете қалды.

Оң қолында мылтығы, Тимофей қозғалмастан бар ықласы менен тың тыңлап тур еди. Макар демин алмастан зығырдың арасында жата берди. Жүреги азғана ўақыт үсти-үстине урды да, кейин бир қәлипине түсти, солайда аўзының иши уўдай болып, нәрсе ҳөл қалмаған еди.

Жап беттен жылқышының шыңғырған даўысы еситиледи. Хутордың узағырақтағы шетинде сыйыр мөңирейди. Жаптың арғы жағындағы пишенликте бөдене шырылдап үсти-үстине сайрайды.

Макарға атыўға жүдә оңай еди: Тимофей геўдесин оңға таман бурыңқырап, шеп қабырғасын тутып бар ықласы менен бир нәрсеге еле қулағын турип тур.

Макар шеп қолына шығанағын бүгип наганның тутесин қойды. Сырмағының жеңи шық пенен суў-суў болып қалған еди. Макар азырақ ўақыт тоқтап турды. Жоқ, Нагульнов бир ақмақ кулаклардай болып билдирмей душпанына оқ жумсайтуғын адам емес! Сонлықтан ол сол турған қәддин өзгертпестен:

- Өлимге бетиңди бери қарат, сур жылан! - деп бақырды.

Тап трамплин көтерип таслағандай болып Тимофей алдына қарай бир шетке секирди де, мылтығына асылды, бирақ Макар шаққанлық қылды. Силбирленген жым-жыртлық ишинде наганның онша қатты емес, уяң даўысы еситилди.

Макарға Тимофей қолынан мылтығы түсип, дизесин бүгип әсте-ақырын шал ортасына қулағандай көринди. Ол Тимофейдиң жүре-жүре тас болып қалған соқпақтың үстине желкесинен гүрс етип қатты тийген даўысын еситти.

Макар тағы он бес мнинуттай орнынан қыймылдамай жатты. Бир қатынға топарласып барыўға болмайды ғой, бәлким, оның дослары жаптың қасында жасырынып күтип қалған шығар? - деп ойлады, ол барынша қулағын турип. Бирақ дөгерек тилсиз жым-жырт еди. Оқ атылғаннан кейин тынышланған жылқышы тағы қайтан абайлап, бөлип-бөлип шыңғырып қояды. Таң сарғайып атып киятыр. Көк аспанның түслик бет шетиндеги қызғыш жер улғайып қулашын жаяды. Жаптың арғы жағындағы қызыл таллардың шақалары да кем-кем көринип киятыр. - Макар орыннан турып Тимофейдиң қасына келди. Ол оң қолын жайып қалай болса солай шал ортасына жатыр еди. Оның шегирейген, бирақ еле жайнап атырған көзлери бақырайып атыр. Олар, бул өли көзлер, сөнип баратырған емески жулдызларға да төменги ернеги әсте ғана гүмистей дөнип төбеде тарқалып баратырған қоңыр бултларға да, мөлдир сийрек думан қаплаған көк аспанға да қарап тилсиз суйсинип, мәз-майрам болып атырғандай.

Макар өликке етигиниң басын тийгизип, әсте:

- Ҳе, гезип-гезип болғаның ба, гезенде? - деп сорады.

Өлсе де хоширей еди, бул қатынлардың ерке әширеписи. Бир тутам қара шашы күн тиймеген тап-таза, аппақ маңлайына түсип атыр, толықтан келген жүзиндеги жеңил қызғыш еле кетпеген жумсақ қара мурт пенен жабылған домбай жоқарғы ерни азырақ көтерилип, жылтыраған тислери көринип атыр, барлығы болып азғана күн ғана Лушканы шорпылдатып сүйген көркем еринлеринде мыйық тартқан күлкиниң ушқыны жасырынып тур. «Деген менен семирип кеткен екенсең, жигит», - деп ойлады Макар.

Өликти елеўсиз көзден өткерип атырып Макар өзи лип шаршаўдан басқа я жаңағы ашыўды бөлип, я кеўил жәмлеген болып ҳеш нәрсени сезбеди. Узақ күн, көп жыл даўамында оның тынышын алған бир ўақытлары оның қанын қыздырып, ашыўын келтирип, қызғантып, ишин ашытқан нәрселердиң барлығы Тимофейдиң келиўи менен артына қарамастан көзден ғайып болып умытылды.

Ол мылтықты жерден алып, жеркенишли түрде мурнын жыйырып, қалталарын тинтип керди, камзолының шеп жақтағы қалтасында оның қолына гидир-будыр болған «лимон» - граната тийди, ал оң жақтағы қалтасында мылтық патронларының төрт обоймасынан басқа ҳеш нәрсе жоқ екен. Тимофейдиң қасында ҳеш қандай документи керинбеди.

Кетерден алдын Макар ақырғы ирет көз таслап, оның үстиндеги нағыслы көйлегиниң жаңа жуўылғанын, сарғыш көк реңли шалбарының дизеси пәп-пәкизе етип торланғанын абайлады. Ҳаял адам торлаған болыўы итимал. «Сени жүдә қастерлеп бақҡанға қусайды» деп пушайман жеген түрде ойлап қойды Макар өткелге зордан-зорға аяғын салып атырып.

Жүдә ерте болыўына қарамастан Размётнов Макарды есик алдында күтип алды, оның қолындағы мылтықты, патронларды ҳәм гранатаны алып, кеўли толған түрде былай деди:

- Демек, узынына салдың ба? Батыр жигит еди, ҳеш нәрседен қорықпайтуғын еди... Мен сениң наганыңның даўысын еситип түргелип кийинип турғаным. Сен бетке қарай жуўыра қояйын деп едим, сен өзиң киятыр екенсең. Бойым жеп-жеңил болып қоя берди.

- Маған аўыл советтиң кеңсесиниң гилтин бер, - деп сорады Макар.

Размётнов не екенлигин ойлап билсе де:

- Лушканы шығарып жибере жақсаң ба? - деди.

- Аўа.

- Бийкар қыласаң!

- Сестиңди шығарма, - деди Макар уяң даўыс пенен. - Калай деген менен де мен ол жарамас қатынды жақсы көремен...

Ол гилтти алып, дым ундеместен бурылды да етигин сүйреп басып аўыл советтиң кеңсеси бетке қарай кетти.

* * *

Қараңғы дәлиздиң ишинде Макар кулыптын аўзын дәрриў таба қоймады. Өжирениң қапысын ашып, ол әсте даўыс пенен:

- Лукерья! Азғана шығып кет, - деп даўыслады.

Мүйеште сабанның шытырлаған сести еситилди.

Лушка дым үндеместен есикке келип турды да, еринщеклик пенен басындағы ақ орамалын дүзетип қойды.

- Есик алдына шық. - Макар шетке шығып оған жол берди.

Лушка есик алдында қолын артына салып, дым үндеместен жақлаўға сүйенип турды. Сүйениш изледиме? Дым үндемей күтип тура берди, ол да Андрей Размётнов қусап түни менен уйықламай таң алдында уяң шыққан оқтын даўысын еситкен еди. Лушка, бәлким, ҳәзир Макар оған не туўралы хабар беретуғынлығын пәмлесе керек. Жүзи қуўарып, гүңгирт тартып шуңирейген қурғақ көзлеринде Макарға таныс емес бир жаңа нәрсе сезилип тур еди.

- Мен Тимофейди өлтирдим, - деди Макар оның жәбир көрген қара көзлерине туўра тигилип. Ол Лушканың ҳайран қалғандай демде еки сутканың ишинде назлы жүзине исенимли түрде орнасып алған ғайры әжимлерге кеўлин аўдарды. - Ҳәзир үйиңе барып анаў-мынаўларыңды бир туйиншикке түйип ал да, хутордан биротола кет, болмаса жақсылық көрмейсең... Сени судлайды.

Лушка дым үндемей тур. Макар ҳаўлығып, қалтасынан бир нәрсени излей берди. Соннан кейин барып алақаны менен жыйырылып көп ўақыттан бери жуўылмай кирден соры шығып кеткен нағыслы қол шаршысын оған узатты.

- Бул сеники. Меннен кеткениңде қалған еди... Мә, енди оның маған кереги жоқ...

Лушка суп-суўық бармақлары менен қол шаршыны алып жыйырылып қалған көйлегиниң жеңине тықты. Макар солығын басып:

- Хошласқың келсе бар, сизиң қораның өткелиниң арғы жағында жатыр, - деди. Олар ендигиден былай бирин-бири өмирде көрмейтуғын болып тарқасты. Макар есик алдындағы текшеден төмен түсип баратырып әйтеўир ғана басын ийзеп қойды да, ал Лушка болса оған көз жиберип бираз қарап турғаннан кейин тәкаббыр басын төмен ийди. Бәлким олардың өмириндеги ақырғы ирет ушырасыўында бәрқулла қатал ҳәм адам жақтырмайтуғын киси оған басқаша болып көринген шығар? Ким биледи...

## XII БАП

Ашық шыжғырған күнлер қурыған ойпатлардағы пишенлердиң жетилисиўин тезлетти, ақырында ораққа Гремячий колхозының кейинги үшинши бригадасы да киристи. Бул бригиданың орақшылары пишен орыўға жума күни азанда жүрип кеткен еди. Ал шемби күни кешқурын Давыдовтың жайына Нагульнов келди. Ол соңғы күнлери қартайып қалғандай болып бүкирейген еди, сақаллары өсип кеткен, келгеннен кейин узақ ўақытқа шекем дым үндемеди. Оның қара түк басқан алқымының астында Давыдов биринши ирет қыраўдан ақ қырпықларды көрип қалды.

Он минутқа шекем я үй ийеси болып, я қонақ болып ың деп аўызын ашпастан шылым шегиў менен бола берди, олардың ҳеш қайсысы сол ўақыттың ишинде биринши болып сөз баслағысы келмеди. Солай да кетерден алдын Нагульнов:

- Любишкинниң барлық адамлары ораққа шығып кеткенге қусап еди, сен тексерип көрген жоқсаң ба?

- Ким бөлип шығарылған болса, сол орақққа кеткен. Сонда не?

- Сен ертең азан менен оның бригадасына барып, жумысларының қалай екенлигин

көрсең болар еди.

- Кеткени сол, тексериўге кирисемиз бе? Еле ерте емес пе? Ертең екшемби.

- Екшемби болса не?

Нагульновтың қурғақ еринлеринде зорға сезилерликтей күлкиниң ушқынлары көринип кетти:

- Оның бригадасындағы адамлардың бәри дерлик ширкеўдиң мәргиясына дуўшар болған, қуда жолына түскен қурбанлар, айрықша - юбка кийгенлери сондай. Кетиўге кетти де, бирақ барған менен байрам күн ҳеш нәрсе де ислемейди! Қарап тур, қатынлардың ишинен биреўлери Тубянск ширкеўине қарай тартса да меннен көрме, жумыс болса қалып баратыр, ҳаўа райы да пәнт бериўи мүмкин, әне соннан кейин пишенниң орнына ийиттиң астына төсейтуғын самтыққа ийе болып қалатуғынымыз турған гәп.

- Мейли онда, мен азан мен ерте барып тексерип көрейин. Ҳеш қандай жумысты таслап кетиўге жол қоймайман! Ескерткениң ушын рахмет. Сен неге тек ғана Любишкинниң бригадасындағылардың бәри шетинен қуданың жолына тускен қурбанлар деп отырсаң?

- Бундай бәлелер басқа бригадаларда да жеткиликли, бирақ үшинши бригадада олар көбирек табылады.

- Түсиникли. Ертең сен не қылмақшысан? Мүмкин, биринширге де барып келерсең?

Нагульнов немқурайды түрде жуўап қайтарды

- Ҳеш жаққа да бармайман, бир неше күн үйде боламан. Дым аяқ-қолым сал болып тур. Тап сүйреп таслағандайман...

Гремячий ячейкасында дала жумысы күнлери ҳәр бир коммунист атызда болыўы тийис деген нәрсе әдет болып кеткен еди. Әдетте ол жаққа райкомнан көрсетпе алмастан бурын-ақ атланып кетеди. Бул рет Нагульновтың бригадалардың биреўинде болыўы зәрүр еди, бирақ Давыдов жолдасының ишки сезимлерин жақсы түсингенликтен былай деди:

- Мейли, Макар, онда үйиңде қала бер. Усылай еткенимиз жақсы да болар: анаў-мынаў жағдайлар ушын хуторда басшылардың биреўи болғаны да мақул ғой.

Кейинги гәпти Давыдов Макарға өзиниң реҳими келип турғанлығын ашықтан-ашық билдиргиси келмегенлигинен айтқан еди. Нагульнов та тап сол нәрсе ушын ғана келгендей болып, хошласпастан шығып кетти.

Бирақ аздан кейин қайтадан жайға кирип айыплы түрде мырсылдап күлди:

- Мениң есим тесик қалтаның түбиндей болып кеткен, ҳәттеки сениң менен хошласыўды да умытып баратырман. Любишкиннен қайтқаннан кейин үйге келип ол жердеги қуда жолына түскенлердиң қалай жасап атырғаны, көзлери қайда қарайтуғынлығы туўралы айтып берерсең: атлардың аяғының астынама екен, я Тубянск ширкеўиниң басындағы кресткеме екен. Сен сол шоқынған мәжгүнлерге түсиндирип айт. Ийса тек әййемги адамларға ғана ашаршылық жылы, онда да сонша жыллардың ишинде бир ирет аспаннан унтақ жарма жаўдырған, ал енди ол казакларға қысқа от-шөп таярлап бермейди, оған исенип жүрмей-ақ қойсын! Құлласы ол жерге барып динге қарсы үгит-нәсиятты толық жүргизерсең. Ондай жағдайда не айтыў керек екенлигин өзиң де билесең ғой. Сениң менен бирге кете алмайтуғыным болып тур, болмаса мен саған динге қарсы жумыста көп пайда келтирер едим. Мен, әлбетте, онша ондай күшли оратор емеспен дә, солай да, ағайиним, мушым керек болып қалғанда ҳәр қандай дискуссияға жарайды! Бир ирет басып жиберсем, маған қарсыласатуғын адам қарсыласа алмай қалады, себеби тик турып қарсылассаң бир гәп, сулап атырғанда онда қандай қарсыласыўлар болыўы мүмкин? Жығылып жатырып, көрсеткен қарсылық есапқа алынбайды.

Нагульнов бирден шаққанласып, кеўилли тәсир пайда болған көзлери жайнап усыныс етти:

- Қәне, Сема, мен де сениң менен бирге барып қайтайын! Қатынлар менен диний түсинбеўшилик мәселеси бойынша таласып тартысып қала қойғаныңда, мениң саған жүдә керегим болып қалар! Сен бизиң ҳаялларды билесеңғой баяғы ирет шоқып-шоқып өлтире алмай қалған болса, ендиги сапар сөзсиз өлтиреди. Ал мен бар жерде, саған ҳеш гәп

болмайды! Мен бул шайтанлар менен қалай сөйлесиуди билемен!

Күлип жибериуин бар күши менен тоқтатып Давыдов шошынып кеткен түрде қолын силтеди:

- Жоғ-ә, жоғ-ә! Олай демесе! Маған сениң ҳеш қандай көмегиңниң кереги жоқ, өзим дәдимал айтып шығаман! Бәлким, еле қуры қорқып жүргенде шығарсаң? Колхозласыўдың дәслепки айларындағыға қарағанда халық ҳәзир әдеўир аңы кирейин деди, факт! Ал сен болсаң, Макар, оны баяғы қәлипке салып жүрсең, бул да факт!

- Өзиң бил, барыўыма да, бармаўыма да болады. Бәлким, керегим болып қалар деп барсам бара қояйын деген едим, сен бундай менменсиген батыр болсаң - өзиң басқар да, өзиң қой.

- Макар, сениң кеўилиңе келмесин, - деди келисим берген түрде Давыдов. - Бирақ сеннен диний үрип-әдетлерге қарсы гүресетуғын жақсы гүресшең келип шықпайды екен, бул мәселе үстинде исти биротола тебиўиң мүмкин, тепкенде де, келистиресең!

- Бул мәселе бойынша мен сениң менен гегирдеклеским келмейди, - деди салқын түрде Нагульнов. - Бирақ абайлы бол, ўақ деп жүрме! Сен кешеги жекеменшикшилердиң аўзын аңлыўға үйренип қалғансаң, ал мен болсам оларды өзимниң партизанлық ҳүжданымның талабына бола үгитлеп киятырман. Ал мен кеттим. Саў бол!

Олар көп ўақытқа шекем бир-бирин көрмейтуғындай қушақласып, еркеклерше қатты қол қысысты. Нагульновтың қолы тастай қап-қатты, суп-суўық еди, ал жаңа ғана масайрап турған көзлеринде ашып тасланбаған сырлы бир ашыныў қайтадан пайда болды. «Оған ҳәзир аңсат болып турған жоқ»... - деп ойлады Давыдов өзиндеги бирден реҳими келген сезимди күш пенен басып.

Есиктиң зулпынан услап Нагульнов Давыдовқа бурылды, бирақ көзи Дазыдовта емес, ал басқа бир тәрепте еди, сөйлеген ўақытында даўысында жеңил бир қырылды сезиледи.

- Мениң баяғы қатыным, сениң жораң хутордан бир жақларға шығынып кетти. Еситиппе едиң?

Лушканың Гремячий Лог пенен баўыр басып, есинен шықпастай болып қалған жерлери менен буннан бир неше күн бурын-ақ биротала хош айтысқанынан еле хабары жоқ Давыдов аң-таң болып исенбей былай деди:

- Мүмкин емес! Ол документсиз қайда барады? Тимофей туўралы гәп-сөз басылсын деп апасыныкинде күтип жатырған шығар. Дурысында да ҳәзир оған халықтың бетине қараў қолайсыз ғой. Тимофей менен қылған иси келисиксиз болып шықты оның.

Макар мырс етип күлип: «Сениң менен, мениң менен оның иси келисиклилеў болып шығыппа еди?» демекши еди, бирақ оны қойып былай деди...

- Паспорты қолында, хутордан шәршемби күни шығып кетти, мен саған ырасын айтып отырман. Таң атар атпастан үлкен жолда кетип баратырғанын өзим көрдим - қолында үлкен түйиншиги бар, кийим-кеншеги болса керек, дөңниң басында хуторға азырақ қарап турды да, көзден ғайып болды, албаслы басқыр! Апасынан: Лукерья қайда кетти деп сорастырып көрип едим, бирақ ол ҳеш нәрсе де билмейди екен. Лукерья оған басымның аўған жағына қарай кетип баратырман деген қусайды. Бар болғаны сол. Бул нәлетий бузықтын өмири келип-келип усылай болды...

Давыдов үндемеди. Макардың алдында бурынғы уялып, өзиң қолайсыз сезип журген сезими оның бойын жаңа күш пенен қайтадан бийлеп алды. Бийпарыўа қарағандай болып бул да бир жақларға көз жиберип турған болып, әсте:

- Жолы болсын! Оны ҳеш ким аямайды, - деди.

- Ол өмири туўып биреўдиң аяўына мүтәж болған жоқ еди, бирақ ышқы мәселеси бойынша Тимошка бизлер екеўимизди де мына жерге қалдырып кетти, ағайиним. Бул сениң айтыўың бойынша, факт! Ҳаў сен неге мурныңды жыйырасаң? Жақпай ма? Ағайиним бул нәрсениң маған да жағатуғын жери жоқ. Ылаж қанша, шынлықты жасыра алмайсаң! Лукерьяны сениң менен мениң қолдан шығарып алыўымыз ҳеш нәрсе емес. Себеби не? Себеби сол, ол шайтанның шайтаны, қатын емес. Әне ол сондай қатын. Сен оны дүнья жүзи революциясы ушын жаны ашыды деп ойлайсаң ба? Өмирде де жаны

ашымайды. Колхозыңның да, совхозынында совет ҳүкиметиниң өзи де оған бир атым насыбайдын да кереги жоқ! Оған тек қыдырыспаны қурып, аз ислеп, көбирек қуйрық таўласа болғаны, оның партиясыз барлық программасының болғаны әне сол! Бундай қатынды қасында сақлайтуғын болсаң қолыңа қара май жағып, юбкасына асылып алып көзиңди тарса жумып, дүньядағы барлық нәрседен гүдериңди үзип жүре бериўиң керек. Мен солай ойлайман егер сәл қалғып кеттиң бар ғой, ол тап жыланның қабығынан суўырылып шыққанындай болып, юбкасынан суўырылып шығады да, анадан туўғандай тыржаланаш қыдырыспасына қарай зып береди. Қудайдың қарғысына ушыраған Лукерья дегениң әне сондай! Сонлықтан да ол Тимошкаға барып жабысып алған. Тимошка қолында гармоны хуторда ҳәптелеп сандалып жүретуғын еди. Мениң жайымды дөгереклеп айланып өтетуғын еди, әне сол ўақта Лушка бийшараның қалтыратпасы тутып мениң үйден шығып кетиўиме асығатуғын еди. Биз сениң менен сол зып берди қатынды қалай тутып туралатуғын едик? Сол деп революция менен күнделикли советлик жумысларымызды таслап кетемиз бе? Пул жыйнап гармон сатып алыўымыз керек пе? Ҳақыйқат набыт болыў деген сөз! Набыт болыў ҳәм буржуазияға азғынып кетиў деген сөз! Жоқ, оның өзи биринши гезек шақаға үш ирет асылып өлсе де, бирақ сол оңбаған қатын ушын биз екеўимиз, Сема өзимиздиң партиялық идеяыллығымыздан бас тартыўшы болмайық.

Нагульнов қайтадан шаққанласып бойын тикледи. Жүзине қызғыш енди. Ол есиктиң жақлаўына сүйенип турып, шылымын орады да еки-үш рет қатты-қатты ишине тартқаннан кейин сабырлылық пенен әсте, гейде сыбырланып былай деди:

- Ырасын айтсам, Семен, узынына түсип атырған Тимошканы көрип мениң бул баяғы ҳаялым бақырып жыларма деп қорыққан едим... Жоқ! Апасының айтыўына қарағанда, ол жыламастан, бақырмастан қасына барыпты да саққа жүгинип әсте ғана: «Мениң суңқарым, маған қарап ушып киятырып әжелиңе жолықтың... Сени өлимнен алып қала алмағаным ушын мени кешир» - депти. Оннан кейин басынан орамалын алып, тарағын суўырып алыпты да, Тимошканың шашын тарапты ҳәм ойланыңқырап ернинен сүйипти де кетип қалыпты. Сол кетистен артына бир де қарамапты!

Азырақ даўам еткен тыныспадан кейин Макар тағы қатты-қатты сөйлей баслады. Оның қырылдаңқыраған даўысында Давыдов қәпелимде такаппырлықтын емески ийисин сезип қалды:

- Оның хошласқанының болғаны әне сол болған. Қалай, оғада әжайып нәрсе емес пе? Нәлетий қатынның жүреги жүдә тас екен! Ал мен кеттим, саў бол!

- Макар соның ушын келген екен дағы. Давыдов оны шарбақтың есигине шекем шығарып салды да, шала қараңғы өжиресине келип, шешинбестен төсекке бойын таслады. Ол ҳеш нәрсе туўралы есине түсирместен, ойламастан, тезирек уйқылап қалып ҳәммесин умытқысы келди. Бирақ уйқысы келмеди.

Ол өзиниң ойсызлығына, итибарсызлық қылып Лушка менен байланысып алғанлығына ишинен бир неше рет сөгинди. Ҳаў ақыры олар арасында сүйиспеншиликтиң тырнақтай да белгиси жоқ еди ғой. Қәпелимде Тимофей пайда болып, Лушка ойламастан Давыдовтан қол үзди де, қайтадан Тимофейдиң мойнына асылып, сүйген адамының жылаўын тартып өте кетти. Биринши сүйген адамының естен шықпайтуғыны рас қусайды... Бир сөз айтпастан, хошласпастан хутордан шығып кетипти. Дурысында оны не қылсын? Ол өзине қымбатлы өли адамы менен хошласқан, бунда Давыдовтың не жумысы бар? Ҳәмме нерсениң өз орны болады. Лушка менен араларында болып өткен бул ўақыя мысалы толық жазылмай шала қалған хат пенен бирдей, Оннан басқа ҳеш нәрсе емес!

Давыдов келте кәттиң үстинде ары аўдарылды - бери аўдарылды, ыңыранды, еки рет турып шылым шегип алды, сөйтип таң алдында ғана уйқыға кетти. Келте уйқы оның бойын жеңилткен жоқ! Ол қатты мәс болғаннан кейинги аўырлық пенен орнынан турды, шөллеп, басы шыдам бермей аўырады, аўзының иши кеўип қалған, ҳәр ўақ-ҳәр ўақ жүреги алып та кетеди. Өлдим азарда дизесине минип ол узақ ўақыт етигин қыдырды. Кәттиң астына, столдын астына қолын созып сермелекледи, ишинде ҳеш нәрсеси жоқ қуўраған

өжирениң мүйешлерине аң-таңы шығып қарап турды. Сөйтип бойын тиклеп етигиниң аяғында екенлигине көзи түскенде ғана қырылдап былайынша сыбырлады.

- Боларың болған екен, матрос. Қутлықлайман! Буннан арғы жағында баратуғын жер жоқ, факт! Нәлетий Лушка! Хутордан шығып кеткенине төрт сутка болсада, еле есимнен кетпейди...

Ол қудықтың қасына келип бел буўарына шекем шешинди де, жанып терлеп турған жаўырынына муздай суўды қуйып жиберди, аҳалады, ыңыранды, басып суўлады. Көп узамай бойын азырақ жеңил сезди де колхоздың атханасына қарай жүрип кетти.

## XIII БАП

Арадан бир сааттай өткенде ол үшинши бригадаға жақынлап қалған еди, узақтан-ақ бригадада келисиксиз аўҳалларды байқап қалды: орақ машиналарының жартысынан көби қарап тур, шидерленген атлар майданда ана жерде биреўи, мына же де биреўи отлап жүр, шабылған пишенлерди жыйнап жүрген ҳеш ким жоқ, көзге көринер жерге шекем жыйналған ҳеш нәрсе көринбейди.

Бригаданың қосының жанында узынына жайып тасланған алашаның үстинде алты казак соқтаның баса-басын қурып атыр, жетиншиси-жыртылған шарығын жамап отыр, сегизиншиси-жумбаршақланып калған кир-кир брезент плашқа бетин басып будканың артқы дөңгелегиниң қапталындағы көленкеде ҳәз етип уйқылап атыр. Давыдовты көргеннен кейин ойыншылар зорға дегенде орнынан турды, шығанағына сүйенип жамбаслап жатқан биреўи турмады, жаңағы утылғанына иши ашып отырса керек, қолындағы соқтасын аўыр ойланған түрде әсте-ақырын шаўып-шаўып араластырып отыр.

Ашыўы келгенликтен суп-суры шығып кеткен Давыдов ойыншылардың қасына тәп берип жақынлап барды да, жулқынып шыққан даўысы менен;

- Бұл не, жумыс па? Неге шөп шаппай отырсыз? Любишкин қайда? - деди.

- Бүгин екшемби ғой, - деп мейилсизлик пенен гүнк етти ойыншылардың биреўи.

- Ҳаўа райы сизлерди күтип тура ма?! Усыңнан жаўын жаўып қалса не қыласыз!?

Давыдов атын бирден артына бурып жиберип еди, аты ысырылып алашаның үстине шығып кетти де, аяғының астындағы бундай көрмеген нәрсесинен үркип, алдыңғы аяқларын аспанға көтерип бир шетке анадай жерге өзин атты. Давыдов зәнгиден аяғы шығып кете жазлап қатты еңтерилип жығылайын деп еди, бирақ зорға ерге асылып жығылмай қалды. Ол артына ширенип аттың жылаўын тартты да бир орында тыпыршылап тепсинип турған атын еплеп-сеплеп меңгерип алып, қатты даўысы менен тағы бақырды:

- Любишкин қайда деймен?!

- Ол ҳа анаў дөң бетте шөп шаўып жүр, солдан екинши ат қосқан косилка. Ҳаў сен неге шаўқым сала бересең, баслық! Даўысыңа абайлы бол, қырылдап қаларсаң... деди шағып сөйлеп сепкил бетли жумалақ жүзлиден келген ақшыл қаслары бир-бирине қосылып кеткен келте бойлы, әдеўирге барған казак Устин Рыкалин.

- Неге ислемей отырыпсызлар?! Мен ҳәммеңизден сорап отырман! - Давыдов ҳеттеки қәҳәри келип бақырғанлықтан деми тығылып буўлығып қалды.

Азырақ ўақытқа созылған самсазлықтан кейин Давыдов пенен хуторда қоңсы отырған аўырыўлаўдан келген жуўас Александр Нечаев жуўап берди:

- Ат айдайтуғын ҳеш ким жоқ, отырғанымыз сол, Қатынлар менен қызлар ширкеўге кетип қалды, аўа, ал бизлер болсақ қос жақпай мәсликти қурып атырмыз. Биз ол қарғын тийгирлерге бармай-ақ қойың дедик, бирақ олар қулақ та аспады. Былайынша айтқанда ҳеш қандай тутып тура алмадық. Олай жалындық, былай жалындық, сөзге исене бер, жолдас Давыдов, қойдыра алмадық.

- Ал исене қояйын, сизлер еркеклер неге ислемей отырыпсызлар? - деп азырақ пәсине түсип, солай да еле де бақырыңқырап сөйледи Давыдов

- Ат тынышланар емес, аяғын бүгип сетемленип, қулағын тикирейтеди, терисиниң

астындағы қалтыратпа жылт-жылт етип дирилдейди. Давыдов аттың дизгинин қатты тартып тоқтатып, оның жипектей жылтыраған, жыллы жалын сыйпаўы менен шыдамлы түрде не деп жуўап берер екен деп күтип турды, бирақ бул рет тыныспа узаққа созыла берди...

- Тағы бәри бир ислейтуғын адам жоқ. Қатынлар жоқ деп отырман ғой, - деп немқурайды түрде тонқылдады Нечаев басқаларына қаранып, солардың қоллаўын күтип.

- Ислейтуғын адам жоғы қалай? Сизлер жумыс ислемей отырған бул жерде сегиз адамсыз. Сегизиңиз төрт косилканы иске қоспас па едиңиз? Косар едиңиз! Сизлер болсаңыз соқта ойнап отырсыз. Мен сизлерден колхоз исине усылай етип қарайды деп күткен жоқ едим. Ойламаған едим, факт!

- Сен не деп ойлап едиң? Сен бизлерди адам емес, ал күш көлик деп пе едиң? - деп қызып сейледи Устин.

- Соның менен не демекшисең?

- Рабочийлардың дем алатуғын күни бар емеспе?

- Бар, бирақ заводлар екшемби күнлери жумыссыз тоқтап қалмайды, цехлардағы рабочийлар мына сизлердей болып соқта ойынға кириспейди. Түсиндиң бе?

- Ол жерде екшемби күнлери басқа смена жумысқа түсетуғын шығар, бизлер болсақ бул жерде қудай ғарғағандаймыз; Дүйшембиден баслап шембиге шекем қамытқа кирип аласаң, ол екшемби күни де мойныңнан түспейди, бул қандай тәртип өзи? Совет ҳүкимети солай ет деп отыр ма? Ол мийнет ететуғын адамлардың арасында алағула болмасын деп отыр, сизлер болсаңыз заңды бузып, өзлериниздиң пайданызға қарай бурасыз да жүресиз.

- Не деп былшылдап отырсаң? Не деп былшылдап отырсаң сен өзиң? - деди түршигип Давыдов. -Мен колхоздың барлық маллары менен сизлердиң сыйырларыңызды қысқа от-шөп пенен тәмийин ете жақпан. Түсиникли ме? Сонда сол-мениң пайдам ба? Мениң жеке пайдам ба? Сен өзиң не деп сандырақлап отырсаң, быжық?! Устин жек көрген турде қолын силтеди:

- Сизлерге уақтында план орынласаңыз болғаны, басқасы не болса сол болсын. Бизиң маллар тусине енип те шықпайды! Мен сениң усы айтқанларына исене ғойсам ба екен. Бәҳәрге салым станицадан Войсковойға тухым тасылды, сонда не деген өгиз жарамай жолда өлип қалды? Ол есапқа алынбайды! Сен бул жерге келип алдамақшы боласаң!

- Войсковой колхозының өгизлериниң жолда өлип қалғанлығының себеби саған қусаған ишкернелердиң ғәллени көмип таслағанынан. Колхозға кирерин кирдиңиз бирақ, ғәллени тығып тасладыңыз. Қаяқтан алса да егиў керек емес пе? Әне сонлықтан сонша қыйыр жолға тухым тасыўға өгизлерди қуўыўға туўра келди, өгизлердиң өлгени сол, факт! Усының ҳәммесинен сениң хабарың жоқ шығар?

- Сизлерге план орынласаңыз болғаны, сонлықтан от-шөп мәселесинде шыр-пырың шыға береди - деди қасарысып гүңкилдеди Устин.

- Сен не деп отырсаң, бул пишенлерди мен өзим жеймен бе? Мен ҳәмлениң пайдасы ушын шырлап жүрмен ғой! Бул жерде планның қандай қатнасы бар? - деп Давыдов шыдамай бақырып жиберди.

- Сен бақырма, баслық, мени бақырып қорқыта алмайсаң, мен артиллерияда хызмет қылғанман. Ал мейли, сен ҳәмлениң пайдасы ушын шырлап жүрген бола ғой, сонда адамлардың сүйегине мың таяқ урып неге күни-туни жумыс исле деп мәжбүрлей бересең? Әне план сонда! Сен районның басшыларына жаранғың келеди, районлық басшылар крайдың басшыларына, ал бизлер болсақ сизлер ушын қырылып-жойылыўымыз керек. Сен халық ҳеш нәрсени көрмейди деп ойлайсаң ба? Сен халықты соқыр деп ойлайсаң ба? Халық көреди, бирақ сизлердей жарамсақлардан қутыла алмайды! Мәселен, сени я саған қусаған тағы биреўлерди бизлер орнынан алып таслай аламыз ба? Ала алмаймыз! Мине сен ойыңа келген болмаған нәрселерди ислеп отырсаң, ал Москва болса-узақ, Москва сизлердиң қандай нәрселерди шығарып отырғаныңыздан хабары жоқ...

Давыдовқа Нагульновтың болжағанына қарама-қарсы қатынлар менен емес, ал басқалар менен шайқасыўға туўра келди. Бирақ буннан мәселе жеңиллеспеди.

Казаклардың үрпейисип дым үндемей турыўынан Давыдов бақырыспадан ҳеш нәрсе питпейтуғынлығын, керисинше жумысқа зәлел келетуғынлығын түсинди. Енди шыдамлылық қылып ең исенимли қурал болған исендириў жолы менен ҳәрекет етиў керек болды. Устинниң түнерген жүзине кеўилин аўдарып Давыдов кеўлин жеңилирек сезген ҳалда: «Макарды алып келмегеним тәўир болған екен! Тумсыққа тасласпа әне сонда болар еди» деп ойланды.

Қалайда ўақыт таўып Устин ҳәм оны қуўатлаўға урыныўшылар менен болатуғын алысыўдың планын ойлап түсинип алыў ушын Давыдов:

- Мени баслыққа сайлағанда, сен маған даўыс бердиң бе, Устин Михайлович? - деп сорады.

- Жоқ, бийтәреп қалдым. Мен саған не деп даўыс берейин? Сени пышықтай етип қапшыққа тығып алып келди...

- Мен өзим келдим.

- Қапшыққа салынып келген пышық пенен бәри бир ғой, сениң қандай фигура екениңди билмей турып, мен саған қалай даўыс берейин!

- Ҳәзир сен маған қарсымысаң?

- Енди не деп един? Әлбетте қарсыман.

- Онда мени босатыў туўралы улыўма колхоз жыйналысында мәселе қой. Жыйналыс қандай карарға келсе, солай болып шығады. Бирақ өзиңниң қойғаи усынысыңды дәлилле, болмаса утыласаң!

- Утылмайман, қәтиржам бола бер, буған еле асығыслық, қылыўға болмайды. Ҳәзирше баслығымыз сен-сең, қәне айт: бизиң дем алыс күнимизди қайда жоқ қылдың?

Бундай сораўға жуўап бериў нан жегеннен де аңсат еди, бирақ Устин Давыдовқа аўзын ашыўға пурса бермеди:

- Неге районда, станицада дегеним, хызметкер келиншеклер екшемби сайын тумсығын бояп, бетин пудра жағып, күндиз көшеде қыдырып, кеште танцасын қурып жүр, киноға барады? Ал бизиң қатынларымыз бенен қызларымыз екшемби күнлери де жумыс ислеп, қан сорпа болып жүре бериўи керекпе? - Жумыс ўақтында, жазда.

- Бизлерге бәрҳә жумыс ўақты, жазда да, қыста да жыл бойы жумыс ўақты.

- Мен былай демекшимен...

- Босқа тилиңди қатартпай-ақ қой! Айтатуғын ҳеш нәрсең жоқ!

Давыдов ескерткен түрде қолын көтерди:

- Тоқтап тур, Устин!

Бирақ Устин үсти-үстине сөйлеп оның гәпин бөлди:

- Мен сениң алдыңда хызметши қусап таққа турман, сен болсаң бай қусап ат үстиндесең.

- Тоқтап тур енди, адам деп соранып атырман ғой!

- Тоқтап туратуғын ҳеш нәрсеси жоқ. Тоқтап тур, турма бәри бир сеннен дурыслы сөз шықпайды!

- Сен сөйлетесең бе, жоқ па? - деп бақырып жиберди Давыдов қызараңлап.

- Сен маған бақырма! Мен сениң Лушка Нагульноваң емеспен; -Устин мурнын паррыйтып дем алып бир түрли қалтырақлаған даўыс пенен қатты-қатты, тез-тез сөйленди: - Бәри бир, бизлер саған өтирик сөйлетип қоймаймыз! Жыйналыста қанша қәлесең сонша аўзыңды жырта бер, гәп бәри бир бизде. Сен, баслық, бизди соқта ойнады деп айыпламай-ақ қой! Колхоздың ийеси өзлеримиз қәлесек ислеймиз қәлемесек- дем аламыз, бизге күш пенен жумыс ислете алмайсаң, ишегиң үзилип кетеди!

- Сөйлеп болдың ба? - деди Давыдов зорға шыдамы жетип.

- Жоқ, сөйлеп болғаным жоқ! Мен саған сөзимниң ақырында былай демекшимен: бизлердеги тәртиплерди жақтырмайтуғын болсаң келген жағыңа қарай тарт салдаўыңды! Хуторға саған ҳеш ким келе ғой деген жоқ, бизлер қудай берсе сенсиз-ақ өйтип-бүйтип күн кеширермиз. Саған дийдарымыз қурып турған жоқ!

Бул ашықтан-ашық провакация еди. Давыдов Устинниң гәпти қайдан урып турғанын

жүдә жақсы түсинген еди, солай да енди тәселле берип тура алмады. Ол көзи тынып, азырақ ўақыт хеш нәрсени көрмей Устинниң биригип кеткен қасларына, булдырап көринген қумалақ жүзине қарап турды. Қамшының сабын қатты қысып алған оң қолына кан қуйылып, бармақларының буўынларының қатты-қатты шаншып аўырып, кем-кем сал болып баратырғанлығын сезе берди.

Устин аяқларын алшайтып әжептәўир етип қолларын қалтасына суғып, оның қарсы алдында тур. Устин ҳә демей бағанағы сабырлылығына түсип, казакларының дым үндеместен оны қуўатлап турғанлығын сезгеннен кейин өзиниң үстемлилигине исенип, енди мардыйып шүңирейген көк көзин сүзиўи менен уятсызлыққа салып күлип қояды. Ал Давыдов болса, жүзи кем-кем қуўарып, суп-сур болып кеткен еринлерин тек ғана үнсиз қыбыр-қыбыр еткизеди, ың деўге ҳалы келетуғын емес. Ол өзи менен өзи қайтпай гүрести. Ол өзиндеги соқыр, ойсыз ашыўды басыў ушын, еплеп-сеплеп бузып алмаў ушын бар күшин жумсады. Тап алыстан еситилгендей болып бир жақлардан Устинниң даўысы қулағына келеди, Давыдов оның айтып атырғанларыны мәнисин, даўысындағы масқаралаўшы тонды ап-анық абайлайды...

- Сен, баслық, неге аўызыңды аша бересең, бирақ балық кусап дым үндемейсең? Тилиң жоқ па, я аўтыўға сөз таппай турсаң ба? Бир нәрсе айтпақшы болып атыр едиң, аўызына суў уртлағандай үндемейсен ғой... Дурыслыққа қарсы хеш нәрсе дей алмайтуғын болыўың керек! Жоқ, баслық, сениң оннан да бизлер менен исиң болмасын, әйтеўир нәрселерге қыза берме, сен оннан да тыныш атыңнан тус, бир майдан бирге соқта тасласып подкидной ойнайық. Бул ағайним, ақылға келетуғын нәрсе сениң колхоз басқарыўыңдай жумыс емес.

Устинниң артында турған казаклардың бериўи әсте күлди де, күлки тынып қалды. Аз ғана ўақыт қостың жанында тунжыраған тынышлық орнады. Тек Давыдовтың ентигип дем алыўы ҳәм узағырақтағы лобогрейкалардың шықылдысы менен торғайлардың көк аспанның көз илмес түпкиринде қайғысыз қосыла шырылдаған даўысы ғана еситилип тур. Қостың қасында топырласып ҳаўлығып журген адамлардың арасында не болып атырғаны менен олардың не иси болсын...

Давыдов қолындағы қамшысын басының үстинен әсте-ақырын бир таўлады да, тепсинип атын орнынан қозғады. Тап сол ўақта Устин шырп етип алға шықты, шеп қолы менен аттың ийеклигине барып жабысты, өзи оң тәрепке шығып, Давыдовтың аяғына тығылып жақын барып қалды,

- Урғын келе ме? Қәне, урып кер! - деди ол қорқытқан турде әсте.

Оның бет сүйеги шошайып қалай болса солай билинип сала берди, көзлеринде кеўилли шақырық, шыдамай күтиў жарқ ете қалды.

Бирақ Давыдов сарғайып қалған етигиниң қонышына қамшы менен қатты тарс еткизди де, жоқарыдан Устинге қарап, кулиўге пайдасыз урыныўи менен даўысын көтерип былай деди:

- Жоқ, Устин, мен сени урмайман, жоқ! Урады демей-ақ қой, қызба! Егер сен буннан он жыл бурын ушырассаң, онда басқаша болар еди. Әне сонда сен меннен биротола сылтаў табар едиң, контрик!

Давыдов аяғы менен Устинди бир шетке әсте ийтерип жиберди де, аттан түсти.

- Мейли, Устин Михайлович, рас дизгинди услаған екенсең, енди бар, атты байла. Соқта ойнайық деп пе едиң? Мейли, жаным менен! Бөлистириңлер, факт!

Күни мененги аўҳал бирден пүткиллей өзгеше болып кетти, Казаклар бир-бирине қарасып, дым үндеместен әсте алашаны дөгереклеп отырып алды. Устин атты қостың дегершигине байлап, қалмақларша малдасын қурынып Давыдовтың қарсы алдына барып отырды, ўақыт-ўақыт жылт етип Давыдовқа қарап қояды. Жоқ, ол Давыдов пенен бул шайқаста оннан жеңилдим деп отырған жоқ, сонлықтан әңгимесин даўам ете берди:

- Сөйтип, дем алыс кун туўралы сен хеш нәрсе айтпадың, баслық! Арзаны сукноның астына тықтың...

- Сениң менен әңгимемиз еле алдымызда, - деп мәни таслап ўәде берип қойды

Давыдов.

- Оны қалай түсинемиз? Мени қорқытып атырған жоқсан ба?

- Жоқ қорқытып не қылайын! Рас соқта ойынға кирискеннен кейин, басқа гәпти жыйнастырып қойыў керек. Сейлесетуғын ўақыт болады еле...

Енди Давыдов қанша тынышланған сайын, Устин сонша ҳаўлыға берди. Бир қолды түўеспестен, ашыўланып соқтаны алашаның үстине атып урып, дизесин қушақлап отыра қалды.

- Қандай ойын болатуғын еди, оннан да қәне дем алыс күн туўралы сөйлесейик. Сен, баслық, усы дем алыс күн туўралы тек адамлар ғана тынышсызланып жүр деп ойлайсаң ба? Ҳеш олай емес! Кеше азанда мен атларды жеге қояйын деп барып едим, торы байтал қайғыдан қабарып суўық демин алып, тил питип маған былай дейди: «Эх, Устин, Устин, колхозда көрген күнимиз қурғай! Күнде жумысқа жегеди, күни-түни мойнымыздан қамытын алмайды, байрам күнлери де босатпайды. Бурын ондей емес еди. Бурын мени екшемби күнлери жумысқа жекпейтуғын еди, тек я қонаққа барғанда, я тойларға барғанда ғана жумсайтуғын еди. Мениң көрген күним буннан көп жақсы еди!»

Казаклар әсте даўыс пенен барлығы бирден күлип жиберди. Олар Үстинниң тилегин тилеп отырғандай керинетуғын еди. Бирақ олар Давыдов жутқыншағына қолын тийгизип жай даўыс пенен сейлегенде кейнин күтип жым-жырт болды:

- Ол тамаша байталың колхозға шекем кимдики еди?

Устин әбжиллик қылып көзин сүзди, ҳәттеки Давыдовқа қарап бир көзин әсте қысып жиберип былай деди:

- Сен меники деппе един? Мениң өзимниң сөзимди сөйлеп отыр деп пе един? Жоқ, баслық, бул жерде сен қәтелесесең! Ол Титоктың байталы еди, ортаға алынған күш көликлердиң қатарына жатады. Оның күтими Титоктиң қолында жеке хожалық ўақтында мына колхоздағыдай емес еди: анаў-мынаў нәрсени жемейтуғын еди, өзиң ойлап көр, сулыны жей-жей тисинен нәрсе қалмады. Жасады деўге болмайды, дәўран сүрди деўге болатуғын еди оны!

- Демек-ғарры байтал екендағы, рас тисинен нәрсе қалмаған болса? - деп сорады Давыдов анламай отырған болып.

Ғарры, ғарры, әдеўир жасқа барған байтал еди, - деп ырзашылық пенен келисим берди сөз алысып турған адамынан ҳеш қандай басқа нийетти күтпеген Устин.

- Онда сен ол мылжың байталдын гәпине бийкар кулақ салып жүр екенсең, - деди исенимли түрде Давыдов.

- Ол ҳәзир колхоздики ғой...

- Түрине қарағанда сен де колхозшысаң, ал ҳақыйқатына келсең-кулактың шашбаўын көтериўшисең.

- Ҳо, бул жерде, баслық, сен жүдә тесигин баспай жибердиң...

- Тесигин баспай отырған ҳеш нәрсем жоқ, шынлықты жасыра алмайсаң. Ал енди өзи ғарры байтал болса, соның сөзин жүдә тыңлағың келди ме? Ҳаў ол қартайып барлық мийинен айрылған ғой. Егер ол жаслаў, ақыллылаў болып келер ме еди-сениң менен олай сөйлеспес еди.

- Қалай сөйлесер еди? - енди сескене сорады Устин.

- Ол саған мынадай деўи керек еди: «Ҳей Устин, Устин, кулактың қуйрығы, мәжүгин! Сен, ийттиң баласы, қыста ҳеш нәрсе ислемедиң, бәҳәрде ислемедиң, өтирикке аўырыўман деп жатып алдың, ҳәзир де оңлап ислегиң келмейди. Мен торы байталға қыста не беремен деп отырсаң, өзиң не жейсен! Усылай мийнет ететуғын болсаң, екеўимиз де аштан өлемиз!» Ол сениң менен әне усылай сөйлесиўи керек еди!

Ўаҳаҳалаған күлки Давыдовтың кейинги сөзлерин еситтирмей таслады. Нечаев тап буршақ төгип атырғандай болып, қызға үсап жиңишке даўыс пенен шыңғырып күледи. Жуўан даўыслы Герасим Зяблов ҳәттеки секирип турып төмен бүгилип тап аяқ ойынына түскендегидей болып етигиниң қонышын сабалап ишек-силеси қатып атыр. Ал ғарры Тихон Осетров болса қуба сақалын қамтымлап өткир даўыс пенен:

- Жабыс, Устин, жабыс, көтерме басыңды! Рас сөйлеместей етти сени Давыдов!- деп бақырды.

Бирақ азғантай да болса кәрине келмеген Устинниң өзи де күлип жиберди, оның күлкисин мәжбүрлегенликтен, я өтирик қылып турған күлки емес еди. Буған Давыдов ҳайран қалды.

Күлки азырақ тынғаннан кейин Устин ҳәммеден бурын былай деди:

- Қәне, баслық, сен мениң исимди апардың... Мен сени бундай етип қолтығымның астынан услатпай шығып кетеди деп ойламаған едим. Бирақ сен мени бийкарға кулақтың қуйрығы деп отырсаң, бәҳәрде ауырғаным жоқ, өтирикке ауырыў болып жатты деп те бийкарға айтып отырсаң. Баслық, сен бул жерде кеширерсең, өтирик, бунының бәри.

- Дәлилле онда.

- Не менен дәлиллеймен?

- Фактлер менен.

- Бизиң ойын гәпимизде қандай факт болатуғын еди? - деди енди азырақ шынлап өзиң тутайын деген Устин гүмилжи күлимсиреп.

- Ондай деме сен! - деди ашыўлы түрде Давыдов. - Биз ойын гәпти айтып отырғанымыз жоқ, сениң айтпақшы болған нәрсең де әйтеўир ойын нәрсе емес. Саған факт керек болса мине бәрин де келтириўге болады: колхозда сен ҳеш жумыс ислемей жүрсең, оңбаған адамларды кейниңе ерткиң келеди, өзиңе қәуипли әңгимелерди айтасаң: мысалға алсақ, мине сен бүгин жумысқа шығыўға душпанлық қылып отырсаң: бригадағы адамлардың жартысы сениң үгитине ерип орақ ормай отыр. Сонда усы ойын ба?

Устинниң күлкили түрде жоқары көтерилген қаслары төмен түсип, маңлайында бир қатты туўры сызық болып бир-бирине қосылып кетти:

- Дем алыс күни туўралы айтаман деп дәрриў кулақтын қуйрығы, душпан болып қалыппан ба? Демек сениң жалғыз өзиң айтып, бизлер аўзымызды жеңимиз бенен сүртип, дым үндемеўимиз керек пе?

- Тек соның ушын емес! - деп қатты қарсы турды Давыдов. - Сениң қызып отырғаның ҳадал нәрсе емес, факт! Неге сен демалыс, демалыс дей бересең? Қыстың күнлери айына жигирма күнлеп дем алдың ғой! Тек сениң бир өзиң емес, усы жердегилердиң бәри де солай дем алды. Сизлер малдың астын артып тухым тазалағаннан басқа не жумыс қылдыңыз? Ҳеш нәрсе қылған жоқсыз! Жыллы пештиң үстинде ҳәз етип жаттыңыз! Усындай жумыстың әбден қызып, ҳәр бир саат қымбатқа түсип, орақ мапазы қәўип астында турған ўақытта өзлеринизге дем алыс күн белгилеп алыўға қандай ҳақыңыз бар! Қәне адамгершилик ҳүжданыңыз бенен айтың!

Устин кирпик қақпастан дым үндемей Давыдовқа тигилип қарады. Оның орнына Тихон Осетров сөйледи:

- Бул жерде, донлылар, жасыратуғын ҳеш нәрсе жоқ. Давыдов дурыс айтып отыр. Бизлерде бир жаңылыс болған, оны дүзетип алыўымыз керек. Бизиң жумысымыздың өзи сондай, барлық уақытта бирдей дем алмастан, дурысында қыста көбирек дем алыўға туўра келеди. Бул бурын жеке хожалық ўақтында да солай еди. Покровтан бурын қайсымыз хожалық жумысларын тақ-туйнақтай етип болатуғын едик? Егинди жыйнап болмай атырып, гүзги жер сүриў келип қалады. Давыдов дурыс айтып атыр. Бизлер ҳәзир қатынларды ширкеўге әйтеўир жиберип алдық, ал енди өзлеримиздиң мына қоста мәслик қурып отырыўымыз туўралы анаў-мынаў дәлилдиң кереги де жоқ... Қулласы, жаңылысқанбыз! Өзлеримиз өзлеримизге қылып отырмыз, болғаны сол. Буның бәрин қылып отырған, бизлерди азғыртып отырған сен, бузақы Устин!

Устин дәридей өртенип қоя берди. Көгерген көзлери тынып, ашыў кернеди:

- Сен, сақаллы ақмақ, ақылың өзиңде ме, я үйиңе таслап кеттиң бе?

- Аўа, көрип турсаң ғой, умытыппан...

- Қәне, онда тарт хуторға, алып кел!

Нечаев күлгенин билдирмеў ушын кишкене алақаны менен аўзын басып, дирилдеген жинишке даўыс пенен азырақ қысынайын деген Осетровтан:

- Ҳе, Тихон Гордеич, ақылыңды беккем жерге қойыпсаң ба? - деп сорады.

- Сениң неге басың аўырады?

- Бүгин екшемби ғой.

- Сонда не бопты?

Келиниң азанда келип еденди сыпырып еди, егер сен ақылыңды сыпаның я әтештенниң астына қойған болсаң, онда кетти, келиниңниң сипсесине илинип қашшан боқлыққа апарып тасланады. Ол жерден таўықлар демде шыл-пәршесин шығарып жоқ қылды... Енди Гордеич, өмириңше ақылсыз өтип кетпесең болар еди, мен соған қапа балып отырман. Бәри, соның ишинде Давыдов та, дуў күлди, бирақ казаклардың бул күлкиси қалайда онша кеўилли күлки емес еди... Деген менен жаңағы қызыспа жоқ болды. Бундай ўақта бәрҳә сондай болады ғой, кеўилли күлки енди алысайын деп турған тартыстың алдын алып болдырмай қоя қояды. Қапа болған Осетров азырақ басылып, Нечаевқа қарап мынадай деди де қойды:

- Мен байқап турман, Александр, сениң умытып үйиңе таслап кеткендей ҳеш нәрсең жоқ: усы турғаныңда да ақыл дегеннен сенде ҳеш нәрсе табылмайды. Сен меннен ақыллырақ болып шықтың ба? Сениң қатының да қайтпай басып, Тубиянскийге баратуғын жолды адымлап жүр, сен өзиң де соқтадан бас тартқан жоқ едиң.

- Гүңә мелики! Гүнә меники! - деп дәлкекке алды Нечаев.

Бирақ Давыдовтың бул әңгимениң шығысына кеўили толмаған еди. Ол Устинниң ҳақыйқат сазайын бергиси келди.

- Қәне биз дем алыс күни туўралы әңгимемизди биротола тамам етейик, - деди ол Устинге тигиле қарап. - Сен, Устин Михайлович, қыста көп жумыс қылдың ба?

- Қанша ислеў керек болған болса, сонша жумыс иследим.

- Солай да?

- Есапламадым.

- Қанша мийнет күниң бар?

- Есимде жоқ. Неге мениң кейниме түсе қалдың? Басқа талабың болмаса, бар да есапла, жумыссыз жүриў зериктиреди.

- Маған есаплап отырыўдың кереги жоқ, егер сен умытқан болсаң, мен колхоздың баслығыман, маған умытыўға болмайды.

Усы сапар бәрҳә қасынан қалдырмайтуғын мына топ-томпақ жазыў китапшасының керек болып қалған жерине қара! Ол асығыслық пенен китапшасының түпирик жағылып кирленген бетлерин ашып атырғанда, оның бармақлары жаңағы тартыспадан еле билинер-билинбес болып қалтырап турған еди.

- Әкеңниң атын таптым, мийнеткеш! Мине сениң тапқан мийнет күниң: январь февраль, март, апрель ҳәм май ушын, ҳәзир айтаман, барлығы болып жигирма тоғыз мийнет күн. Қалай? Жақсы ислеппе екенсең?

- Жақсы емес екен, Рыкалин! - деди казаклардың биреўи Устинге қарап аянышлы түрде мин тағып.

Бирақ ол жеңилген болып сөзден қалғысы келмеди:

- Алдымда еле ярым жыл бар, шөжени гүзде санаймыз.

- Шөжени гүзде санайтуғыны дурыс, ал қанша ислеп тапқанынды ҳәр күни, - деп кесип таслады Давыдов, - Сениң қулағыңа алтын сырға, Устин биз қосжақпасларды жек көремиз. Саботажлық қылыўшыларды атасының аржағына жиберемиз. Колхозға жатып ишер ҳарам-тамақлардың кереги жоқ. Сен қайда, қаяққа бурылып баратырғаныңды ойланып көресең бе өзиң? Осетровтың тапқаны дерлик еки жүз мийнет күн, бригададағы басқа адамлардики жүзден асып кетеди, ҳәттеки Нечаевқа қусаған наўқаслардики де жүзге жақынлап қалады, ал сеники болса жигирма тоғыз мийнет күн! Ҳаў бул масқарашылық ғой!

Мениң қатыным кесел, ҳаяллар аўыратуғын аўырыў менен аўырады, ҳәптелеп орынан тура алмай жатады. Оның үстине алты балам бар, - деди Устин қабағы үйилип.

- Сен өзиң не?

- Мен не?

- Неге бар күшинди салып ислемейсең? Устинниң бети тағы да буршақтай қызарып кетти, ашыў кернеп сүзилген көк-көмбек көзлеринде жаман бир шақнаў жылтылдап көринеди.

- Сен неге көзинди алартып мениң бетиме қарай бересең?! - деп бақырды ол мушы түйилген шеп қолы қалтырап. Оның жуўан келте мойнындағы тамырлар тыррыйып сала берди. - Не мен сениң Лушка Нагульноваң ямаса Варька Харламоваңман ба, қайсысы сениң жолыңда интизар болып жүрген? Сен мениң қолыма қара, соннан кейин меннен жумысынды сора!

Ол бирден қолын алға созып жиберди, тек сонда ғана Давыдов Устинниң майырылған оң қолының бармағының жалғыз өзи шошайып турғанлығын, қалғанларының орнында қатып қалған қаралтым дақтың ғана барлығын көрди.

Давыдов ҳайран болып кеңсиригин қасыды:

- Солай десе... Бармақларыңнан қайсы жерде айрылдың?

- Қрымда, Врангель фронтында. Сен мени ақ қоян деп отырсаң, мениң болса түрим иши түскен жылтыр ғарбыз қусаған қызғыш, ақларда да болдым, көклер менен де еки ҳәптедей қуда тамырлық қылғанман, қызылларда да болғанман. Ақларда жүргенде урысқым келмей немқурайды урысып жүрдим, көбирек тылға тарта бердим, ал ақларға қарсы урысып едим, қудайға шүкир, бармақларымнан айрылдым. Шеп қолымның барлық бармақлары бар, рюмка услаўға болады.

- Устин шеп қолының жуп-жуўаннан келген толық бармақларын қозғалтып қойды. - Ал хожалық асырап отырсам да көрип турсаң, бармақларым жоқ...

- Оқ сынықлары жулын кетти ме?

- Қол гранатасынан болды.

- Суқ бармағына қалай тийген?

- Мылтықтың қулағын услап турған ўақта тийди. Сол күни мен өзим врангелшилердиң екеўин ушырып түсирдим. Не менен болса да, бармағымның ҳақысын алыўым керек емес пе? Солардың қаны ушын маған қудайдың қәҳәри келген екен, оған төрт бармақты бериўге туўра келди. Аңсат қутылған екенмен. Екинин биринде басымның жартысын да алып кетиўи мүмкин еди.

Давыдовтағы сабырлылығы кем-кем Устинге өте баслады. Олар енди бир-бири менен жай парахат әңгимелесиўге көшти, алаңғасар Устин азырақ пәсейип, ҳәттеки оның еринлеринде қәдимги астарлы қүлкиниң ушқынлары да пайда болды.

- Оны да бермеген екенсең дә, жалғыз өзи не дәртине жарайды?

- Олай деме, баслық жоқтан бары жақсы! Хожалық жумысларында жалғыз болса да маған жүдә керек болып қалады.

- Неге кереги бар? - деп сорады Давыдов мыйық тартқанын пәсейтиңкиреп.

- Керек емес жери бар ма... Бир нәрсе қылып кеўлиме жақпай қала қойған ўақта түнде-пүнде бул бармақ пенен қатынымды қорқыта қояман, күндиз тислеримди шуқылайман, анаў-мынаў жақсы адамлардың басын айландыра қояман. Мына жарлылығым менен ет салынған шорпа деген аўзыма жылына зорға бир тийеди, ал мен болсам ҳәр күни түски аўқаттан кейин көшеде киятырып, усы бармағым менен тисимди шуқылап, түпиринип қояман. Әне сонда адамлар: «Пай, нәлетий Устин, жегени алдында, жемегени артында! Ҳәр күни ет жейди, өмирде таўсылар емес! - дейтуғыны анық. Сен маған жалғыз бармақтың не кереги бар деп жүрсең... Бул өз исин етип жүр. Адамлар мени бай адам дей берсин: оннан сайын ўақтым хош!

- Тилге шешен екенсең! - деди ериксиз түрде Давыдов. - Ал енди бүгин ораққа шығасаң ба?

-Бундай жақсы әңгимеден кейин шыкпасқа бола ма? Давыдов Осетровке бурылды. Оған жасы үлкен сыпатында қарап:

- Ҳаял қызларыңыздың Тубянскийге кеткенине көп ўақыт болды ма? - деп сорады.

- Қанша десем екен, бир сааттан көп болған жоқ шығар.

- Көп болып кетти ме?

- Он екидей бар. Бул қатын дегениң тап қойдай болады: биреўи қайда барса, қалғанларының бәри солай қарап шубырысады. Гейде жаман қойда бир топарын кейнине ертип кетеди. Ант урған Устинниң сөзине ерип, орақ ўағында бизлердиңде отырысымыз ғой!

Устин хош кеўиллилик пенен күлип жиберди:

- Тағы мен айыплыман ба? Сақал сен биреўдиң гүнәсын маған аўдарма. Қатынлар болса шоқынып келмеге кетти, маған оның қандай қатнасы бар. Оларды жолдан шығарған Атаманчуковтың қатыны менен хуторлы бир кемпир. Таң атар-атпастан қосқа келип қатынлардың басын айландырды! Бүгин садағаң кетейин уллы жапакеш ҳәзирет Гликерияның ҳайт күни, ал сизлер, бийшаралар, шөп орайын деп атырсыз, қудайдан қорқын, - дейди жаңағылар. Әне сөйтип, ертти. Мен ол кемпирге қайсы Гликерия айтып отырғанын? Лукерья Нагульнова емес пе? Ол да уллы жапакештиң өзи өмиринше гез келген адам менен әўерelenип киятыр ғой! - дедим. Әне соңда кемпирлеримниң жулынына тийип, ҳәммеси бирдей маған тура умтылып қоя берди! Атаманчуковтың қатыны урмақшы болып балдақты силтеп еди, бирақ абырайым бар екен, тийгизбей ўақтында бурылып кеттим, болмаса голландиялы ғаздың қоразының маңлайындай болып, манлайым исип кетер еди. Бир жағымнан өзимиздиң қатынлар ийттиң қуйрығына жабысқан жабысқақтан бес бетер болып мени мийдей бүрди, күш пенен олардан зорға жаздырылдым... Бундай да маңлайы қурыған адам болады екен?! Бүгин исим дым қырсығына кетип тур! Болмаса мына қараң, жанларым, усы азанның өзинде кемпирлер менен де, қатынлар менен де, баслық пенен де, қуба сақал Гордеич пенен де урысыппан. Бул ҳәр кимниң қолынан келе бермейди ғой!

- Бул сениң қолыңнан келеди! Оны сен қоңсы - қобаңнан сорап отырмайсаң. Сен, Устин, муштайыңнан урысқақ қораздай жеткен менен жулысып киятырсаң. Есиңде болсын, урысқақ қораздың кекили бәрха қан... деди Осетров алдын ала ескертип атырған түрде. Бирақ Устин еситпегендей болып турды. Ол Давыдовқа елерип қараўы менен сөзин даўам етти:

- Солай да бүгинги күни бизлердиң қолымыз келип тур бизге атлы да киятыр: Егер темир жол жақын болғанда-паровоз бенен де келер еди! Сен, баслық, ҳақыйқат агитацияны бизиң кемпирлерден үйрениўиң керек екен... Олар саған қарағанда жасы да үлкен, сумлықлырақ та, саған қарағанда тәжирийбеси де көбирек. Әсте ғана әңгимелесип отырып, иши-баўрыңа кирип үгитлейди, әне сонлықтан да олар дегинине жетеди. Оларда қолпаллық деген болмайды! Ал сен қалай ҳәрекет етип отырсаң! Қосқа жақынламай атырып: «Неге ислемейсиз?!» деп гегирдегиң жыртылғанша бақырасаң. Ким ҳәзирги заманда халық пенен сөйтип сейлеседи? Бул халық деген ҳәзир совет ҳүкиметиниң ўағында аршанын аўзын ашып, жатқан намысын таўып алған, шаўқым салып ала умтылғанды жақсы көрмейди. Қысқартып айтқанда халық ҳеш қандай жанына тийгенди жақсы жақтырмайды, баслық! Ҳаў, ақыры баяғы патша заманында да атаманлар ғаррылардың кеўилине тийип алармыз деп қорқып казакларға даўысын көтерип оңша бақырмайтуғын еди. Сизлер Нагульнов екеуиңиздиң түсинетуғын ўағыңыз болды, бул баяғы заман емес, ески әдетти қоятуғын ўақыт болды. Сен салмақлылық қылмағаныңда мен орақ орыўға келисим берер ме едим? Өмирде де! Сен азырақ пәсиңе қайтып, ашыўды әлпайымлық пенен алмастырдың, бир-еки қол бирге соқта ойнаўға келисим бердиң, жақсылап сөйлестиң, әне соңлықтан да мен усы аўҳалға келип отырман! Жақсы сөзиңди айт, мен ҳәммесине де қайылман: соқта ойнаў ма, пишен тасыў ма, мейли.

Устинниң сөзине ықыласы менен тыңлағаннан кейин Давыдов өзиңе-өзи кеўили толмай қынжылып, өзине-ези ашыўы келди. Бул ҳәдден тыс тентек казак айрым нәрселер бойынша дурыс айтып отыр ғой. Давыдовқа сен бригадаға келиўден дәрриў түсинигиңди сөгистен, бақырыстан баслаўын керек емес еди деп отыр. Ең болмағанда усы айтқаны дурыс ғой. Устин ескертип еткендей, дәслепки ўақлары билмеймен онда қалай да бир жаңылыс болды. Неге ол өзин тутпады? Давыдов ҳеш қандай былай деместен өзиниң

алдында өзи Нагульмановтың адамлар менен сөйлескендеги турпайылық әдетин хабарсыз қабыл етип алғанлығын, Андрей Размётнов айтқандай, жүўенсиз кеткенлигин мойынлаўы керек екен. Мнне енди соның ақыбети: оған сақлық пенен билдирмей ҳәрекет етип, ҳеш қандай қолпаллық қылмай өз дегенине жетиўде табысқа ерисетуғын әйтеўир бир кемпирден өрнек ал деп шағып кеңес берип отыр. Барлығы да аттан-анық түсиникли! Ол әсте ғана қосқа келип, жай-парахат сөйлесип, адамлардың бул мәслик қурып отырғанлығының орынсыз екенлигин түсиндириўи керек еди, ал Давыдов болса келиўден ҳәммеге бақырыўға киристи, ҳәт-теки сәл нәрсе ушын қамшы жумсай жазлап қалды. Ол сәл жерде колхозды дүзиў бойынша ислеген барлық хызметин бир пул қылып, айтатуғын неси бар, райкомның алдында партбилетин столдың үстине шығарып қойыўы мүмкин... Оның турмысындағы ҳақыйқат өлим әне сол болар еди!

Егер усыннан ўақтында өзимди тутпағанымда кейни не болып шыққан болар еди деген пикир ойына түсип кетип еди, Давыдовтың қуйқасы жуўлап, аз ғана ўақыт муздай болып, жаўырыны дир- дир етти...

Аўыр қынжылыўдың қушағына кирген Давыдов алашаның үстинде шашылып атырған соқталарға тигилип қарап турды. Неге екени белгисиз, граждანлық урыс жыллары өзиниң жигирма бир менен шуғылланғанлығы бирден есиңе түсип кетип: «Меники асып кетти! Он алтынның үстине онлықты алған екенмен, факт» деп ойлады. Өзиниң қызбалылығын мойынлаў оған жүдә қолайлы көринип турған жоқ еди, солай да иштен қарсылығы болса да, ерлик қылып былай деди:

- Расында мен бийкарға гегирдекке суў бурке берген екенмен, буны сен дурыс айтып отырсаң. Устин! Бирақ сизлердиң жумыс ислемегенлигин адамның жанына батады, солай емес пе? Оннан қалса сен де мениң менен сабырласып сөйлескениң жоқ. Әлбетте биз екеўмиз урыссыз да келисиўимиз мүмкин еди. Қәне оны қояйық! Бар, атлардың ең жүйириклерин арбаға жек, ал сен Нечаев, басқа бир қолайлы екеўин алып, мына үлкен арбаға тарт.

- Қатынлардың кейнинен қуўажақсыз ба? - деп сорады Устин өзиниң ҳайран қалып отырғанлығын жасырмастан.

- Үстинен түстиң, жумысқа салып жибериў ушын ҳаял-қызларды да үгитлеп көрежақпан.

- Олар бағынар ма екен саған?

- Көрермиз дә, үгитлеў-буйрық емес ғой.

- Өзиң бил, алдынды алла ашсын! Мына қара, баслық, мени де алып кет! А?

Давыдов ойланбастан келисим берди.

- Кеттик. Бирақ сен ҳаял-қызларды үгитлеп алып келиўге маған жәрдем бересең бе?

Устин ыссыдан пыт-шыт болып жарылып кеткен еринлерин жыйырып күлди:

- Саған мениң орынбасарым жәрдем береди, мен оны-өзимнен қалдырмай алып жүремен!

- Ол қандай орынбасар? - Давыдов аң-таң болып Устинге қарады.

Ол дым үндеместен, асықпай-албырамай қосқа барды да, үйме-жүйме болып үйилип атырған камзоллардың астынан әдими қайыс шашақлы узын жаңа қамшыны суўырып алды.

- Мине орынбасарым! Қалай жақсы ма? Бул сондай исендиргиш-қоя бер! Шырпылдап тийди ме, дәрриў үгитлеп, келистирип сала береди. Мениң шебекейлигиме қарамай-ақ қой!

Давыдов қабағын үйди:

- Сен қой бунынды! - Мен саған ҳаял-қызларға бармағынды тийгиздирмеймен, бирақ бул орынбасарыңның ғайратын сениң өзиңниң арқанда сынап көрсе болар еди!

Бирақ Устин күлимсиреп көзин сүзди;

- Ғарры баяғы ўақта ҳәз етип мурабба жеймен деп жүргенде, ийт сүзбесин жеп кеткен екен... Мен граждანлық урыстың инвалиди болғанлықтан ҳақым бар, қатын деген таяқ тийген сайын семиреди ҳәм жуўасый береди, мен оны өзимниң қатынымнан билемен.

Кимди уратуғын еди? Қатынды дә! Сен неге қорқасаң? Мен келистирип бир-еки рет тартып-тартып жиберсем болады, кейни өзи бара береди, көзди ашып жумғанша арбаға мингенин билмей қаласаң!

Әңгимениң таўсылған жери усы деди де, ол қостың астында жатырған ноқталарды алып, дөңликте жүрген атларды услап келиўге кетти. Осетровтан басқа казаклар ҳәм Нечаев асығып-үсигиўи менен оның кейninен шықты.

- Тихон Гордеич, ораққа сен неге бармайсаң? - деп сорады Давыдов.

- Мен саған Устин туўралы бир-еки аўыз бир нәрсе айта қояйын деп едим.

- Қәне, айт.

- Қудай ушын, сениң ол ақмаққа ашыўың келмей-ақ қойсын. Оның қуйысқаны аяғына басылған ўақта нағыз ақмағы шығып кетеди, - деди соранып турған түрде Осетров.

Бирақ Давыдов оның сөзин бөлди:

- Ол ақмақ емес, ол колхоз турмысының ашықтан-ашық душпаны! Биз бундайлар менен гүрестик, еле де аяўсыз гүресемиз!

- Ол қаяқтан душпан болсын? - деди танланып Осетров. - Мен саған айтып отырман ғой, ашыўланса оның жиллиси шығып кетеди, әне сол! Мен оны бала ўақтынан бери билемен, есимнен шықпаса, оның бәрҳә қырық ийнеси шаншылып жүргени. Революцияға шекем хутордағы болған жыйынларда ғаррылар ол ҳарамыны усы қарсыласыўы ушын сийдирип сабап атырғаны еди. Сабағанда да я отыра алмайтуғын, я жата алмайтуғын етип сабайтуғын еди, - сонда да оған бәри бир! Бир ҳәпте отыра алмай, тура алмай жүреди де, тағы баяғысын баслайды, умытпайды, ҳәммесиниң айыбын излеп жүргени, излегенде де биротола шыр-пыры шығып излейди! Оны ийисшил ийт деп қоя бер! Ол қалай колхоздын душпаны болады? Өмири бойынша байға қарсы турып киятыр, ал енди өзиниң қалай туратуғынын бир көрсең еди! Қақырасы қапталына қыйсайып, қулайын-қулайын деп тур, хожалығында бир сыйыры менен еки қотыр қойыңан басқа ҳеш нәрсеси жоқ, ақша деген өмиринде болып та көрмеген, жоқ та. Бир қалтасынан арқанға жабысқан бүрге шығады да, бир қалтасынан шынжырға өрмелеген бийт шығады, барлық байлығының болғаны сол! Оның үстине қатыны болса аўырыў, балалары тыржалаңаш, жоқшылықтың азабын көрген!... Мүмкин, соның себебинен ол ҳәммеге тисин қайрайтуғын шығар. Ал сен оны душпан деп жүрсең. Душпан емес, ол бир жүрген мылжың.

- Ол сениң ағайиниң емес пе? Неге жақлай бересең?

- Гәп сонда, ол мениң ағайиним болады.

- Соның ушын айтып отырсаң ба?

- Басқа не қылайын, жолдас Давыдов? Бир - биринен киши алты бала мойнында, ал оның болса тили уп-узын. Мен оған сонша рет айтып атырман: «Тилиңди тый, Устин! Тилиң басыңа жетеди, сениң. Қызып кетип, бир нәрсе айтап саларсаң да, мәддәл Сибирьден шығып турарсаң. Әне сонда барып бармағыңды бир тислерсен, пайдасы не, ис өтип кеткен соң!» Сонда ол маған: «Сибирьдеги адамлар еңбеклеп жүреме? Ол жерде маған ҳеш нәрсе қылмайды - мен шыныққанман!» - деп жуўап береди. Усындай ақмақты не қыларсаң?! Оның балаларында не гәп бар? Оларды тәрбиялаў қыйын, ал жетим қылыў деген ҳәзирги ўақта ап-аңсат... Давыдов көзин жумып, узақ ўақыт ойға шүмип турды. Оған усы ўақта өзиниң тас-түнек, қараңғы ҳәм аянышлы балалық ўақты есине түсип кеткен жоқ па екен?

- Оның оңбаған гәплерине ашыўың келип жүрмесин. - деди Осетров қайталап.

Давыдов қолы менен бетин сыйпап турып, бирден селк етип түскендей болды.

- Мына қара, Тихон Гордеич, - деди әсте, бөлип-бөлип. - Мен ҳәзирше Устинге тиймеймен. Ол күшиниң келгенинше колхозда ислесин, биз оған аўыр жумыс бермеймиз, ҳалының келетуғын жумысын ислесин. Егер жыл ақырында мийнет күни кемис болып баратырса, биз оған жәрдем берейик: улыўма колхоз хорындағы ғәлледен балларына ғәлле бөлип шығарармыз. Түсиникли ме? Бирақ сен мениң атымнан оның қулағына сыбырлап айтып қой: егер ол усыннан тағы бригадаға келип суўды ылайлап, түрли бәлени шығарып, адамларды азғыртатуғын болса, онда жақсылық кермейди! Ойлансын, кейин ўаҳ деп

жүрмесин! Мен енди оның менен ойнағанды қояман, сен оған солай деп айтып бар. Мен Устинниң өзи емес, балаларын аяйман!

- Жақсылығың ушын рахмет, жолдас Давыдов. Устинге қарсы журегиңде дық сақламағаның ушын да рахмет! - Осетров Давыдовқа қарап ийилди.

Давыдов болса күтилмеген жерден қәҳәрге минип кетти:

- Сен неге маған ийилесең? Мен сениң иконаң емеспен! Ийилиўсиз-ақ күн кеширип, айтқанымды ислетемен!

- Бизде бурыннан усылай қабыл етилген рахмет айттың ба, ийилиўиңиз керек, - деп мардыйып жуўап берди Осетров.

- Мейли, ғарры, сен айт: Устинниң балаларының үстинде кийим-пийими барма? Олардың нешеўи мектепке барады?

Қыстың күнлери барлығы солайына печьтин басында отырады, майданға шығып келиўге кийгендей ҳеш нәрсеси жоқ, жазда жуўырысып жүреди, гөне-көксисин епке келтиреди. Кулаклардан тартып алынған затлардан анаў-мынаў берилип еди, бирақ оның менен олардың үстин жаба алмайсаң ғой. Быйыл қыста Устин соңғы баласын да мектептен шығарып алды: я аяғына болып, я үстине болып кийери жоқ еди. Бала әдеўир болып қалған, жасы он екиге келген еди, жыртық-жыртық нәрселерди кийиўге уялады...

Давыдов қатты қәҳәрге минип ғужырланыўы менен бирден артына бурылып Осетровқа арқасын берди.

- Тур орақққа бар.

Оның даўысы уяң еди, бир турли жағымсыз болып еситилди... Осетров Давыдовтың басы төмен ийилип бүкирейген пишинине кеўил қойып қарап турды да, тағы бир рет тәжим етип, әсте адымлап орақшылар бетке кетти.

Азырақ өзине келип Давыдов узап баратырған Осетровтың кейнинен бираз ўақытқа шекем қарап турды ҳәм ойға кетти: «Бул казаклар дегениңниң өзи бир таң қалғандай халық екен! Мына Устиннин қандай жемис екенин тислеп, жеп көрши, билерме екенсең! Барып турған душпан ба, я аўзына не түссе соны айтатуғын әйтеўир бир урысқақ мылжың ба? Ҳәр күни бир бәле шығарады. Олардың ҳәр қайсысына дәдимал айтып, шешип көр, бул шайтан үймелегирлердиң. Не қыламан, мейли, дәдимал айтып, шешемен дә! Керек болса бир пуд емес, солар менен бирге пүтин бир қалта дуз жесисиўге болады, қалай етсем де бәри бир дәдимал айтып шешемен, факт!»

Оның ойын Устин бузып жиберди. Ол бир атты минип, бир атты жетелеп шаўып келип қалды.

- Үлкен арбаны жегиўдиң не кереги бар, баслық? Кишкене арбаны жегейик. Қайтыўға келисим бере қойса, кишкене арбада да қатынлардың сүйеги сынбайды.

- Жоқ, болмайды, үлкен арбаны қос, - деди Давыдов.

Бул ис сәтине түсе қойғанда үлкен арбаның не дәртке жарайтуғынына оның сол ўақта-ақ пәми жеткен еди.

Қырық минуттай ала қуйын шабыстан кейин олар сайдын карсысындағы жанбаўрдың, үстинде жазда жүретуғын жол менен әсте-ақырын жоқары көтерилип баратырған қызыллы - жасыллы бир топар ҳаял - қызларды узақтан көрип қалды.

Устин Давыдов пенен қатарласып келди.

- Қәне, баслық, абайлы бол! Қатынлар сениң менен ҳәзир екинши ойынын қурады!...

- Бир соқыр: «көремиз» деген екен, - деди Давыдов жигерли түрде атлардың дизгенин қағып.

- Қорықпайсаң ба?

- Неден қорқайын? Олар он еки, я оннан сәл көбирек ғой.

- Егер мен соларға болысып кетсем ше? - деди Устин түсиниксиз түрде мыжырайып.

Давыдов кеўил қойып оның жүзине қарады, бирақ я дурыс, я ойнап айтып отырғанын анықлай алмай-ақ қойды.

- Әне сонда қалай болар еди? - деп қайтадан сорады Устин, бирақ бул рет ол жаңағыдай күлмеди.

Давыдов атларын бирден тоқтатып, арбадан түсти де, үлкен арбаның қасына келди, Пәнжегиниң шеп жақтағы қалтасына қолын суғып Нестеренко сыйлыққа берген пистолетти суўырып алды, оны Устинниң дизесиниң үстине қойды.

- Мына ойыншықты анаў - мынаўдан аўлақ жасырып таслаш! Егер қатынларға қосылып қеткен ўағында шыдамай қызып кетип алды менен сениң басыңды пыт-шыт қылып жүрермен.

Ол Устинниң терлеп турған қолынан қамшыны ап-аңсат ғана алды да, оны жолдан анадай жерге керилип ылақтырып жиберди.

- Ал енди кеттик! Шаққанырақ айда, Устин Михайлович, бирақ қамшының қайсы жерге түскенин жақсылап белгилеп аларсаң. Қайтарсын аламыз, факт! Пистолетти қосқа келгеннен кейин қайтып берерсең. Қозғап отыр!

Давыдов ҳаял-қызлардың кейнинен жетип, оларды шаққан қапталлап айналды да, арбаны жолға кесесине тартты. Устин арбаның қасында атларды услап тур.

- Сәлем нәзелимлер! - деп жортаға хош кеўиллилик пенен табыныўшыларға Давыдов сәлем берип қойды.

- Рас болса, сәлем, - деп жуўап берди қатынлардың ишинен ең шаққанырақ биреўи.

Давыдов арбадан секирип түсип, кепкасын қолына алды да, ийилип тәжим берди:

- Колхоз басқармасы атынан жумысқа қайтыўыңызды сорайман. Мени сизлерге еркеклериңиз жиберди. Олар ҳәзир орақ орып атыр.

- Бизлер ойнап келиўге баратырған жоқпыз, табыныўға кетип баратырмыз! - деп бақырды қызаранлап қып-қызыл болып кеткен бети терден жылт-жылт етип турған егеде бир ҳаял.

Давыдов жумбаржақланған кепкасын еки қолы менен көкирегине басты:

- Орақтан кейин қәлегениңизше табынарсыз, ҳәзир оның ўақты емес. Ана қараң - аспанда булт, ал орып жыйнаған бирде гүдиңиз жоқ. От-шөп набыт болады ғой!? Ҳәммеси ширип кетеди ғой!? Ол шөп набыт болса - қыста маллар да қырылып жоқ болады. Оны сизлер меннен де жақсы билесиз!

- Сен қайдан булт көрип түрсаң? - күлимсиреп сықақ етип сорады бир жас қыз. - Аспан тып-тынық!

- Барометр жаўынды көрсетип тур, бул жерде булттың қатнасы жоқ, - Давыдов ҳәр түрли жол менен есабын тапқышлады. - Көп узамай тоқтаўсыз жаўын жаўады! Қайтайық, айнанайынлар, ендиги екшембиде барып шоқынып қайтарсыз. Бәри бир емес пе? Отырың қәне, самалға тутып бир айдайын! Отыра қойың, айнанайынлар, ўақыт кетип баратыр.

Давыдов колхозшы ҳаял-қызларынан жақсы сөзин аямастан иши-баўырына кирип үгитлеп атыр, ал олар болса нениң басына жип тағарын билмей бир-бири менен сыбырласады. Әне сөйтип атырғанда өмирде күтилмеген жерден Устин Давыдовқа болыса қойды: билдирместен Нечаевтың узын бойлы толықтан келген ҳаялының артынан барып, шырп етип қолынан услады да, күлип үсти-үстине дүмпишлегенине ҳасла қарамастан, көтерип алып барып ықшамлы түрде арбаға отырғызды. Ҳаял-қызлар күлисип, уў-шуў болып ҳәр қайсысы ҳәр жаққа қарап қашты.

- Миниң өзлериң, арбаға, болмаса қамшыға тутаман, - деп көзин алартып ҳарылдап бақырды Устин. Сөйтти де, ишек-силеси қатып өзи күлип жиберди:

- Минеғойың, тиймеймен, бирақ шаққанырақ миниңлер, узын қуйрықлы шайтанлар!

Нечаевтың ҳаялы арбаның ишинде тикке қақайып турып, басынан түскен орамалын дүзетип атырып даўыслады:

- Қәне, қатынлар, тезирек мине қойыңлар! Не, мен сизлерди күтип турыўым керек пе! Мынаған қараң, не деген ҳүрмет: бизлердиң кейнимизден колхоз баслығының өзи келип отыр!

Ҳаяллар үш жақлап, бирин-бири ийтерисип, күлисиўи менен Давыдовқа жалт-жалт қарап, тартынбастан арбаға минди. Еки кемпир арбадан түсти.

- Ҳе, Тубянскийге бизлер өзлеримиз кетемиз бе, оңбаған! - Атаманчуковтың кемпири Давыдовқа жек көрген түрде тесиле қарады.

Ал Давыдов өзиниң бурынғы матрослық сыпайылығына салып, ийилди де, өкшесин тарс еттирди:

- Пияда барыўдын не кереги бар, кемпирлер? Мына арба сизлир ушын әкелинип отыр, минип барың да ҳәз етип шоқынып қайтың. Сизлерди Устин Михайлович апарып қайтады. Шоқыныў тамам болғанша сол жерде күтип турып, хуторға әкелип таслар.

Ҳәр бир минут оғада қымбат, кемпирлердиң келисимин кутип турыўдың кереги жоқ еди! Давыдов олардың қолларынан тартып, үлкен арбаға қарай жүрди. Атаманчуковтың кемпири өлгенше кейин шегинлей берип еди, Устин әсте-ақырын ғана ҳүрмет еткен түрде оның артынан ийтерди. Өйтип-бүйтип кемпирлерди арбаға мингизди. Устин дизгинди оңлап қолына алып атырып әсте, әсте болғанда да жүдә әсте:

- Шайтандай ҳийлекер екенсең сен, Давыдов! - деди.

Сонша ўақыттан бери ол биринши рет баслығының фамилиясын айтқаны.

Давыдов буны иштен есапқа алып қойды да, мыйық тартып күлип қойды уйқысыз түр ҳәм бастан кеширген тәтәрриклери тәсир етип, оны ериксиз түрде уйқы басайын деди.

## XIV БАП

- Пай быйылғы жылы пишенниң оғыры питик болғанын ай! Егер жаўын бүлдирип кетпесе, ыссы-жыл қурғақлықта орып бола қойсақ пишеннен ишимиз түседи! - деди Агафон Дубцов Давыдовтың бир жөн сазланған кабинетине кирип, шаршаған түрде ҳәм ғаррыларға тән улы-пысылды менен скамейкаға барып отырды.

Жайласып отырып болғаннан кейин ғана ол күн алып кеткен бас кийимин қапталына қойды да, шыт көйлегиниң жеңи менен ыссыға қараўытып кеткен бужыр бетинен аққан терди суртти. Давыдовқа ҳәм оның менен бирге столда отырған есапшыға, Яков Лукичке қарап күлимсиреди:

- Сәлем, баслық, сәлем кеңсе тышқанлары!

- Дубцов дийхан келипти ғой! - деп гүрк етти есапшы, - Мына отағасыға анықлап қарап қойың, жолдас Давыдов! Қайдан жүрген дийхансаң сен, Агафон?

- Сениңше ким деп едиң? - Дубцов шоршынып тигилип қарады есапшыға.

- Басқа ким болсаң, ол болыўың мүмкиндағы, бирақ дийхан емессең.

- Солай да болса?

- Ҳәттеки сениң ким екенинди айтыў да қолайсыз... Дубцовтың қабағы үйилип, түнерип қоя берди. Соның салдарынан бурыннан қап-қара бети оннан бетер қап-қара болып кеткендей болды. Буған ҳеш қандай шыдап тура алмай былай деди:

- Қәне, сен мениң менен ойынды қой, сениңше ким екенимди жылдам айт. Егер сөзге түйилип қалған болсаң, онда жаўырныңа әсте қойып жиберейин, соннан соң дәрҳал айта қоясаң!

- Ҳақыйқат цыгансаң сен? - деди есапшы анықлап.

- Ол не дегениң, мен цыганман ба? Неге цыган боламан?

- Айтып отыратуғын ҳеш нәрсеси жоқ, әйтеўир.

- Бурге де әйтеўир шаға бермейди, бир нәрсени ойлай шағады. Қәне сен мына мениң жаныма тийип, не ойлап айтып отырғаныңды маған түсиндир.

Есапшы көз әйнегин көзинен алып, қәлеми менен қулағының артын қасыды.

- Сениң ашыўың келмесин, Агафон, сен мениң сөзиме түсинип ал. Дийхан деген атызда ислейди ғой-а? Ал цыганлар болса хутор аралап, тиленеди... қолайы келе қойса урлық қылады... Сен де сондай: хуторға неге келип отырсаң? Урлыққа келип отырған жоқсаң ғой? Демек бир нәрсе тиленейин деп келгенсең. Солай емес пе?

- Енди тиленип... қалпаллық пенен гүбирленди Дубцов. Не, сизлерди көрип кетейин деп келиўге болмай ма маған? Әйтеўир келиўге болмайма, я бир жумыс пенен келиўге болмай ма? Сен маған қадаған етежақсан ба, көз әйнекли тышқан?

- Дурысында да неге келдиң? - деп сорады күлимсиреп Давыдов.

Бирақ Дубцов оның сораўын еситпегендей болды. Ол қараңғылаў болып турған

өжирениң ишин кеўил қойып шолып шықты да қызғаншақлық пенен гүрсинди:

- Әне адамлар қандай дәўран сүреди! Терезелери жабық, өжиресиниң ултанына салқын суў себилген: тыныш, қараңғы, сап-салқын, бир шыбын жоқ, ың еткен сүйир шыбынның даўысы еситилмейди... Ал далада болса, қайда азаннан кешке шекем күн қағады, күндиз сона малдай етип қып-қызыл қаныңды шығарады, ҳәр қыйлы тентиреген шыбын тынышыңды алған қатыныңнан бетер саған келип жабысады, ал түнде болса сүйри шыбын тынышыңды бермейди. Сүйри шыбын болғанда да қәдимги сүйри шыбын болса екен - аў, кәрамат. Исенбейсиз инилерим ҳәр қайсысы тап шымшыққа жете қаба, ал енди қанға тойған ўақта оннан да үлкен болып кетеди, шын айтып отырман! Ол сүйри шыбынның сықылы бир түрли сарғыш, әп-әший, тумсығы ярым сүйемнен кем емес, рас узын камзолдың арасы менен тумсығын урып жибергенде, қудай урсын, тап етиңе тийеди! Ушыўшы ҳәр түрли бәлелерден сонша азап көрип, сонша қан төгип жүрмиз ғой, мен саған айтайын, тап гражданлық урыстағыдан кем емес!

- Пай өтирикти сулқыйтасаң-аў сен, Агафон! - деп тәслим қылып күлимсиреди Яков Лукич. - Сен өтирик айтыўдан көп узамай Щукар атаны мына жерде қалдырып кетерсең.

- Өтирик айтып не қылайын? Сен орныңнан қозғалмай салқын жерде отырсаң, атызға барып көрсең билесен, - деп гүрк етти Дубцов, бирақ ҳийлелик пенен сүзилген көзлериндеги күлки ушқынлары көп ўақытқа шекем өшпеди.

Ол бригададағы мүтәжлықлар, аўыр мийнетлер туўрасындағы өзиниң өтирикке жаны ашығансып отырған әңгимесин еле де даўам ете жақ қиялы бар еди, бирақ Давыдов оны тоқтатып таслады:

- Жеткиликли! Сен бул жерде түлкилик қылма, жыланба, ҳәр жақты бир шолып бурма, туўрылап айт; неге келдиң? Жәрдем сораўға келдиң бе?

- Ол шеп болмас еди...

- Нен кемис, жетим: әкең бе, я анаң ба?

- Ойын дәлкекке сен зорсаң, Давыдов, бизлерди де жылап отырып емес, күлип отырып дөреткен:

- Рас сорап отырман: не жетиспейди? Адамлар ма?

- Адамлар да жетиспейди. Сен өзиң де көрдиң ғой, Терновая балка қыямайындағы шөплер дегениң майдай жумсақ, орақ машиналарын жанбаўырларға, диңгелеклерге салып атырғаның жоқ, ал қол менен орып жүрген орақшың жоқтың қасында. Сондай от-шөптиң ешейин жерде ширип кетейин деп турғанына жаның ашыйды!

- Мүмкин еле саған биринши бригададан алсақ та тағы еки-үш орақ машинасын жиберермиз? - деп сынағандай болып сорады Давыдов.

Дубцов қапа болып аўыр гүрсинди де, қайғылы түрде сын көзи менен Давыдовқа узақ ўақыт қарап турды. Жуўап бериўден иркилиңкиреп ақырғы рет тағы бир гүрсинди де былай деди:

- Оған қарсылығым жоқ. Ғарры қыз қыйсық күйеўден де қашпайды деген... Мен солай түсинемен: бизиң колхозда жумыс артель тәртибинде, ҳәммениң пайдасы ушын исленеди, сонлықтан да басқа бригаданың беремен деген жәрдемин алыўды мен әлле қандай бир келиспейтуғын нәрсе деп есаплайман. Дурыс па?

- Сен дурыс түсинип отырсаң. Ал енди бөтен биреўдиң атларын жегип алып еки суткаға шекем орақ орыў келиспейтуғын ис емес пе?

- Қандай бөтен атлар? - Дубцов даўысында шын мәнисиндеги таңланыў сезилип тур еди - Давыдов күлмей зорға калды.

- Тап билмей турған шығарсаң? Любишкинниң төрт атын жайылып жүрген жеринен қуўып алып кеткен ким, билмейсең бе? Бизиң есапшы дурыс айтады: сениң цыганға қусаған бир әдетиң бар: тиленгенди жақсы көресен, кисиниң атларына емешиң қурыйды да турады.

Дубцов терис бурылып, жек көрген түрде түпирип жиберди.

- Соларды да ат дейди-аў! Ол самқаллардың өзлери бизиң бригадаға адасып келди ғой, оларды ҳеш ким урлап айдап келген жоқ, айтпақшы, олар бизиң колхозға тийисли болса,

қалай кисиники болады?

- Ол самқалларды дәрриў неге үшинши бригадаға берип жибермей, тап ийелериниң өзлери келип босатып алғанша тутып турдың?

Дубцов шақалақлап күлип жиберди:

- Ийелерине болайық! Аўылында журген атларын еки суткаға шекем излеп таба алмапты а! Сондай ҳәм ийе бола ма екен? Ийе емес, күйе олар! Қой енди, бул өтип кеткен ис, биз Любишкин менен келистик, өтип кеткенди еске түсириўдиң кәжети жоқ. Мен бул жерге жәрдем сорап келип отырғаным жоқ, бир әхмийетли ис пенен келип отырман. Айрықша әхмийетли ис болмағанда орақтан қолым жырылатуғын ба еди? Ең болмағанда ҳеш қандай жәрдемсиз-ақ жөнге түсирип, өз күшимиз бенен орып шығамыз. Ал мени мына қартайған тышқан Михеич-есапшы дәрриў цыгансаң деп жүр. Бунысын орынсыз деп есаплайман! Биз жүдә керек болып қалғанда ғана, онда да тислене-тислене зорға жәрдем сорап келиўимиз мүмкин, басқа ўақта бизиң ҳүжданымыз бармайды. Ҳаў, мына бийшара Михеичтиң өзи аўыл хожалығында бир нәрсеге түсине ме екен? Ол счеты менен туўылды, сол счеты менен өлип кетеди. Сен, Давыдов. оны маған бир ҳәпте берип тур. Оны ғана лобогрейкаға отырғызып, өзим атлар менен болайын, әне соннан соң оған қалай ислеўди үйретемен! Ҳаў ахыры бул өмиринде оның да ҳеш болмаса көз әйнәгине бир рет тер ақсын да!

Ойын-дәлкек кем-кем ырасқа айланып, гегирдеклеспеге етейин деп еди, бирақ Давыдов асығыслық пенен сораў берип, оның алдын алды:

- Әхмийетли ис дегениң қандай ис ол, Агафон?

- Ол ис, қалай енди. Биз өзимиз ушын ол, әлбетте, әхмийетли, бирақ оған сизлердиң қалай қарайтуғынлығыңыз бизлерге дым белгисиз... Қулласы, мен сизлерге сыя менен жазылған үш арза әкелип отырман. Өзимиздиң есапшымыздан қурттай бир сыя қәлем алып, бул ем дәрини жыллы суўға еритип, арзамызды жазып алдық.

Дубцовтың бул «берсең жеймен, урсаң өлемен»деп турған кейпи ушын Давыдов оған қатты кейимекши болып еди, бирақ кеўили аўдарылып:

- Қандай арза? - деп сорады.

Дубцов оның сораўына кеўил аўдармастан сөзин даўам етти.

- Мениң ойымша бул арзаларды Нагульновқа алып барыўым керек еди, бирақ ол үйинде жоқ, биринши бригадада екен, сонлықтан бул қағазларды саған бере қояйын деп ойладым. Арзаларды қайтып әкетиўге болмайды ғой?

- Арза не туўралы? - деп сорады шыдамсызлық пенен Давыдов.

Дубцовтың шынлап қоя берген жүзинде жаңағы күле шырай бериўшиликтиң изи де қалған жоқ. Ол асықпай-саспай төс қалтасынан сүйектен исленген жарты тарағын алды да, тер менен жабысып қалған шашларын жоқары қарап тарады, әне соннан соң ғана бойын тутып, өзине келип, айтатуғың сөзин жақсылап ойланып алып былай деди;

- Бизлер үшеўимиз, буған қуштар болып жүрген үшеўимиз екен, үшеўимиз де партияға кирежақпыз. Әнекей бизлер өзимиздиң Гремячий ячейкасынан бизлерди большевиклер партиясына қабыл етиўин сораймыз. Неше түнлер узақ ўақыт ойластық, кеңестик, өз-ара таласып-тартыстық, сөйтип партияға кириўди бир аўыздан мақул деп таўып отырмыз! Ҳәр күни кеште жатар алдында, майданға шығып кетип бир-биримиздиң анаўымызды-мынаўымызды айтып критикалаймыз, солай да биреўимиз биреўимизди партияға жарамлы деп таўып отырмыз, ал енди буны өзлериңиз қалай шешсеңиз солай шешиң. Қасымдағылардың биреўи мен ақларға хызмет етип едим дей берди, сонда мен оған: «Сен ақларға ериксиз түрде жай әскер болып бес ай хызмет еттиң, оннан кейин өз еркиң менен Қызыл Армияға өтип, бөлимшениң командири болып еки жыл хызмет иследиң ғой, демек, қейинги хызметиң дәслепкини жуўып кетти, партияға жарайсаң» - дедим. Екиншисин сен, Давыдов, өзиң қашшан баяғыда партияға кириўге шақырған қусайсаң, бирақ ол жеке меншигиндеги өгизлерин қыймай байланыўдың себебинен оннан қашыпты. Ҳәзир оның өзи: «Кулактың қалдықлары мылтыққа асылып, ески турмысты орнатпақшы болып атырған болса, жекеменшикке байланыў деген не өзи, бурын жеке

меншигимде болған өгизлеримнен ҳәм тағы сондайларымнан ҳақ көкирегим менен биротола кештим. Буннан он жыл бурынғыдай етип совет властын коммунистлер менен бир сапта турып қорғап қалыў ушын партияға жазыламан!» - деп отыр. Мениң пикирим де сондай. Әне сонлықтан бизлер арза жазып келип отырмыз. Расын айтсам, ҳәммемиздики бирдей түсиникли жазылған емес солайда... - Дубцов шырп етип Михеичка қыялап қарады да сөзиниң кейнин алды, - бизлер есапшы, хатшы болайық деп оқыған жоқпызғой ақыры, солай да үйкелегенимиздиң ишинде ҳақ сөзимизди жазып отырмыз.

Дубцов дым үндемей қалды, маңлайындағы қуйылған терди алақаны менен тағы бир рет сыпырды да, шеп жағына қыйсайыңқырап, шалбарының оң қалтасынан газетаға оралған арзаларды еплилик пенен суўырып алды.

Бунын бәри де кутилмеген жерден болып отырғанлықтан, өжирениң иши силтидей тынған еди. Отырғанлардың биреўи де ың демеди, солайда олардың ҳәр қайсысы Дубцовтың сөзлерин өзинше қабыл етти: есапшы жазып отырған гезекли мағлыўматын қойып, аң-таңы шығып, көз әйнегин маңлайының үстине көтерип қойды, кирпигин қақпастан ҳайран қалған түрде әзиз көзлерин Дубцовтан айырмай қарап тур: Яков Лукич ашыўы келип, тек жек көрип мыйығын тартып отырғанын жасыралмай бурылды, ал Давыдов болса қуўанышлы күлим менеи жайрай түсип, артына шалқайып таслап жибергенде, астындағы стул қатты қозғалып аянышлы түрде шайқылдады.

- Бизлердиң қағазларымызды қабыл етиңиз, жолдас Давыдов - Дубцов газетаны ашып ирсек-тирсек үлкен ҳәриплер менен жазылған жазыўы бар оқыўшы дәптериниң бир неше бетин алып Давыдовқа берди.

- Арзаны ким жазды? - деп сорады Давыдов күшли даўыс пенен.

- Бесхлебнов Кишкене, мен ҳәм Қондрат Майданников.

Давыдов арзаларды қабыл етип атырып, бираз тәсирлениңкиреп былай деди:

- Бул, жолдас Дубцов, сен ҳәм жолдас Майданников пенен Бесхлебнов ушын да, биз Гремячий партячейкасының ағзалары ушын да жүдә әжайып, үлкен ўақыя. Сизлердиң арзаларыңызды бүгин Нагульновқа беремен, ал ҳәзир бригадаға қайта бер, жолласларыңа арзаларыңызды екшемби күни кеште ашық партия жыйналысында қарайтуғынымызды айтарсаң. Жыйналысты мектеп жайында, кешки саат алтыда баслаймыз. Ҳеш қандай кешигип келиў деген болмаўы тийис ўактында келиң. Айтпақшы, сен бундайға өзиң де пухтасаң ғой. Түстен баслап, атлардың тәўирирегин қосың да, хуторға келиң. Тағы да, жердиң басында арбалардан басқа мингендей бир нәрсе бар ма?

- Бричка бар.

- Әне соған миниң де, хуторға келиң. Давыдов тағы бир рет баладай болып жайыла күлди. Сөйтти де мәддәл Дубцовқа қарап көзин қысты: Жыйналысқа кийеўдей болып сазланып кийинип келиң! Бундай нәрсе деген, ағайинлерим өмиринде бир рет гезлеседи. Ағайиним буның өзи сондай ўақыя... Бул шырағым, жаслықтай: өмиринде жалғыз-ақ келеди.

- Ол айтыўға сөз жеткере алмаса керек, апалақлап, үндемей қалды да бирден көтерилип:

- Бричка түрине қарағанда көрикли ме өзи? - деп сорады.

- Көрикли, төрт дөңгелекли. Оның менен дәрис тасыўға болады да, бирақ күндиз адам минип журиў уят, тек түнде қараңғы да ғана жүриў мүмкин Арба аңсақ-саңсағы шығып ырым-жырым болып қалған, жасы мениң менен қатар шығар деп ойлайман. Кондрат Майданников бизиң хутордың казаклары оны Москваның жанында баяғы Наполеоннан тартип алып қалған екен дейди...

- Болмайды, - деди кескин түрде Давыдов, - сизлерге рессорлы арба менен Щукарь ғаррыны жиберемен. Бундай ўақыя өмиринде бир рет гезлеседи деп отырман ғой.

Ол жанындай жақсы көрип, өзи исенген адамларының партияға кириўин барынша салтанатлырақ етип өткергиси келди. Сонлықтан бул ардақлы күнди жасандырып жибере алатуғын тағы не бар екен деп ойланды.

- Екшембиге шекем мектепти сыбап ақлап тап жаңа салынған мектептей етип қойыў

керек - деди ақырында, ол алағадалық пенен Островновқа қарап.

- Дөгереклерин тазалап, майданшасына, шарбағының ишине қум себиў керек. Еситип турсаңба, Лукич? Ишиндеги парталарды, еденди жақсылап сүртип, төбесин жуўып, ҳаўасын тазалап, қулласы-мурынға сұққандай қылып қойың!

- Егер адам көп болып, барлығы мектепке де сыймаса не қыламыз? - деп сорады Яков Лукич.

- Клуб салғанымызда қандай жақсы болар еди!- деп ойға кетип жуўап бериўдиң орнына қыял сүрип әсте гүбирленип қойды Давыдов. Бирақ дәрриў-ақ қыял сүргенин қойып: - Майда балаларды жыйналысқа киргизбең, сонда ҳәммеси жайғасады. Қалай болғанда да бәри бир мектепти, қәдимги, қандай десем болар, байрамдағыдай десем бе, шырайлы түрге келтирип қойыў керек!

- Минезлеме берип усыныўшыларымызды не қыламыз? Бизиң өмиримиз ушын ким қол қояр екен? - деп сорады Дубцов кетерден алдын.

Давыдов оның қолын қатты қысып мыйық тартып күлди:

- Сен минезлеме берип усыныўшылар деп отырсаң ба? Табылып қалады! Бүгин кеште сизлерге минезлеме жазамыз, факт! Ал жолың болсын. Барлық орақшыларға бизлерден сәлем айт, оларға сайдағы пишенлер орылмай көбирек қуўрап кетпесин дей гөр. Екинши бригадаға исене берсек бола ма?

- Бизлерге барлық ўақытта исене бер, Давыдов, - Дубцов өзине тән емес шынтлық пенен жуўап берип, ийилди де, шығып кетти.

* * *

Екинши күни азанда ерте Давыдовты жайдың ийеси оятты:

- Тур жигит, саған саўаш майданынан атлы хабаршы келип тур. Албай-жалбасы шығып, таяқ жеген Устин Беспалый жадаға атқа минип үшинши бригададан келди... Жайдың ийеси аўзы қулағына жеткенше ыржыйып күлди, бирақ Давыдов уйқылы-ояў оның не деп отырғанын түсинбеди. Жумбаржақланып қалған көпшигинен басын азырақ көтерип, мыңғырлап итибарсызық пенен:

- Не керек? - деп сорады.

- Өлгенше таяқ жеген бир шабарман келип тур деймен, жәрдем сорап келип турса керек...

Давыдов оның не айтып отырғанынын мәниснне зорға дегенде барып түсинип, шаққан-шаққан кийине баслады. Дәлизге барып түни менен турса да жағдайсыз жып-жыллы болып турған суў менен бетин шала-пүла жуўды да, есиктиң алдына шықты.

Төменги текшеде бир қолында дизгини, екинши қолын шабыстан ҳаплығып келген жас байталшаға қарап силтеп Устин Рыкалин тур. Үстиндеги күн алып кеткен шыт көк кейлегинин көп жери тап етегине жеткенше парра-паррасы шығып жыртылып, ийнине зорға илинип тур, сол жақ шекеси ийегинин астына шекем қара талағы шығып кетипти, шеп көзи қызарып искен, ал оң жақтағы көзи елерип ашыў менен жалтылдайды.

- Сени қай жерде бүйтип талап жүр? - деп бирден сорап қоя берди Давыдов есик алдындағы минберден түсе бергенде, ҳәттеки сәлемлесиўди де умытып.

- Талаў, жолдас Давыдов. Талаў, тартып алыў бул, аўа! - деп қырылдап бақырды Устин. - Ҳаў, ийттиң перзентлери болмасаңлар, бул не қылғанларың, а? Тур-р деймен саған, ғарғыс атқыр! - Устин аяғын басып ала жазлаған атына қарап қәҳәрленип тағы қолын силтеп қойды.

- Түсиниклирек етип айт, - деди Давыдов.

- Түсиниклирек етип айтатуғын ҳеш нәрсеси жоқ, қоңсы дейди-аў, қабыссын бул жатып ишерлер! Сен жақсы көрерме едиң сондайды! Мына бизиң тубянлы қоңсыларымыз, аўзына қум қуйылғырлар, бүгин түнде Калинов Муйешке урылардай жасырынып келип, пишен гүдшеклеримиздиң отыздан көбисин алып кетипти. Таң атқаннан кейин қарасам кешигиңкиреп қалған еки арбасына бизиң өзимиздиң, қәдимги

өзимиздиң пишенлеримизди жүклеп атыр, дөгереги қырман тақыр балып, бир гүдшек те көзге түспейди! Атқа ушып минип олардың қасына шаўып бардым. «Бул не қылып атырсыз, оңбағанлар?! Бизиң пишенлеримизди арбаңызға жүклеўге ким рухсат етти?» дедим, Ал олардың ишинен маған жақын арбадағы биреўи-күледи, ўай оңбаған: «Сизлердики еди - енди бизлердики болды. Биреўдиң жериндеги пишенлерди ормаң» - дейди. Биреўдиң жериндегиси қалай? Көзиңди ашып қара, шегара ағаш қайда турғанын көзиң көрмей ме?» Ол маған! Сен өзиң ашыңқыра көзиңди, ағаш артында тур ғой; Бул жер бурыннан бизики, тубан жери. Орып бергениңиз ушын алла рәҳим етсин» - дейди. Ҳа солай ма? Шегараға қаққан ағашлар менен гәззаплық қылып турсан ба? Рас, мен оны аяғынан сүйреп арбадан түсирдим де, өз жерин биреўдиң жери менен алжастырмай, көзи анығырақ керсин деп, маңлайының ортасына шонтық қолым менен бирди таслап жибердим... Келистирип турып берип жибергенимде, ол ушып түсти, табан тиреп тура алмады. Әне сол ўақта қалған үшеўи жуўырып келди. Тағы биреўин тумсығы менен жер тиретип едим дағы бирақ оннан аржағына ўақыт болмады, өйткени олар мени төртеўлеп кетти. Ҳаў, ақыры жалғыз адам төртеўине төтепки бериўи мумкин бе? Бизиң адамлар төбелеске келемен дегенше олар мени паскадағы мәйектей етип ғожалағымды шығарып таслады, көйлегимди де келистирип парра-парра қылды, нағыз ҳарамылар деген солар емеспе? Енди мен ҳаялыма қалай көринемен? Урса урсын, оған сөзим жоқ, ал енди жағаға жабысып, көйлекти неге жыртады? Бул не дәртке жарайды енди? Огородтағы қарақшыға жумсаўға, бундай алба-жулбаны кийиўге қарақшы да уялады, қызларға лента қылың деп жыртып бериўге, қызлар оны тақпайды, лента болатуғын материал емес... Усы тубянлы казаклардан биреўи далада маған жекпе-жек бир ушырасса болар! Тап мендей болып ол да ҳаялына ғожалағы шығып қайтып барады!

Давыдов Устинди қушақлап кулип жиберди:

- Партың шыға бермей-ақ қойсын, көйлек деген ҳеш нәрсе емес, тойға шекем етиңниң көги де кетеди.

- Сениң үйлениў тойына шекем бе? - деди Устин шағып сөйлеп.

- Хутордағы биринши тойға шекем. Мен еле ҳеш кимди айттырғаным жоқ. Саған екшемби күни ағаңның не дегени есиңде бар ма? «Урысқақ қораздын кекили бәрҳә дал қарағанда».

Давыдов мыйық тартып күлди де, ишинен: «Бул не деген әжайып нәрсе, Устин жаным, сен өзиңниң меншигиңдеги, пишен ушын емес, колхоздың пишени ушын төбелеске урынып жүрсең. Бул жүдә сүйсинерли нәрсе ғой!» - деп ойлады.

Бирақ Устин өкпелеп терис бурылды:

- Сен, Давыдов, күлесең, мениң болса барлық қабырғаларым шытырлап тур. Күлип қутылайын деме, оннан да атыңа мин де Тубянскийге барын пишенди қайтарып ал. Бизлер мына еки арбаны алып қалдық, ад түнде қаншасын тасып алды деп отырсаң? Урлық қылғаны ушын бизиң пишенимизди хуторға өзлери әкелип берсин, әне сол дұрыс болады.

- Ол қан-қан болып женшилип, гүпшектей искен еринлерин зорға қозғап мыйық берди: - көрерсең, пишенди тек қатынлары ғана алып киятыр, казаклары қонаққа келиўден қорқады. урлық қылыўға гилең казаклары ғана келип еди. Сондай жақсы қайырқом жигитлери жыйналып келген, тап төртеўи бирден мени мушқа тутқан ўақта, ҳәттеки мениң жүрегим лоғып кете берди. Жарылып өле ғой, ҳасла жерге түсирмес, кулатпас! Бизиң адамлар жуўырып келгенше мени қолдан қолға өткерип урды. Мен де өзимниң шонтық қолымды аяп қалғаным жоқ, бирақ күш атаңды тыңламайды ғой.

Устин тағы бир рет мыйық тартып күлмекши болып көрип еди, бирақ тек бети жыйырылды да, күле алмай, қолын силтеди:

- Сен, жолдас Давыдов бизиң Любишкинди көргениңде күлкиден ишек-силең қатар еди: гә бизлердиң дөгерегимизди айналып жуўырады, гә дийўалдан енди секирейин деп турған көпектей болып жүресине шоң қаяды, барқыраған даўысы менен» «Жастаңлар, жигитлер, оларды! Урың, мен оларды билемен, олар таяққа шыдамлы!» - деп бақырынады да, бирақ өзин тутып төбелеске араласар емес. Бизиң Осетров аға болса шыр-пыры шығып

оған: «Ҳаў сен, исек-аў, бизлерге көмеклессоңо! Я арқанда шыйқаның бар ма?!» - дейди. Любишкин оған: «Жәрдемлесе алмайман, мен ахыры партия ағзасыман ғой, оннан қалса бригадирмен! Жастаңлар оларды, мен еплеп шыдап турарман!» - деп жуўап береди. Өзи дөгерегимизди айналып жуўырып жүр гә, жүресине шоңкайып отырады, шыдамай тисин қышырлатады... Ўақытты босқа жибериўдиң не кәжети бар, қәне тезирек аўқатланып ал оған шекем мен саған бир ат таўып ертлеп берейин, оннан кейин бригидаға екеўимиз бирге кетермиз. Ғаррылар маған сенисиз қараңды көрсетиўши болма деген еди. Бизлердиң өз пишенимизди жалаңқая жатып ишерлерге жибережақ жағдайымыз жоқ!

Тубянскийге кетиў ҳаққындағы мәселе шешилди деп есаплады да, Устин байталды есиктиң оң жақлаўына байлап, өзи кеңсениң шарбағына кирди. «Поляницаға барыў керек, - деп ойлады Давыдов. - Егер пишенди соның рухсаты менен алған болса, оның менен жәнжелдиң болатуғыны сөзсиз. Ол да ешектей өжет, не қыламыз, қалай болғанда да барыў керек».

Давыдов мийтини шыққан бир тислем нанды шайнап ғаўзан - ғуўзаң етип бир сарқым сүтти асығып ишкени де сол, үстинде таза көйлеги, бурынғыға қарағанда шыйрағырақ Устин Нагульновтың базын минип есик алдына жетип келгенин көрди.

## XV БАП

Олар райкомға барғанда ғана бир-бири менен барлығы болып бир неше рет ушырасқан болса да, бирин-бири көбинесе сырттан еситиў арқалы көбирек таныйтуғын еди. Соған қарамастан Днепропетровскийдеги металлургия заводларының биреўиниң бурынғы токары, жигирма бес мыңшы, ҳәзирги тубянскийли «Красный луч» колхозының баслығы Никифор Поляница колхоз кеңсесинде Давыдовты ески танысындай етип қабыл алды:

- Ҳа-а-а, қымбатлы жолдас Давыдов! Балтықлы моряк! Барлық жағынан артта қалып қойған бул бизиң колхозға қайдан келип қалдың? Былай өтип, отырың, қәдирли қонағымыз боласыз!

Поляницаның сепкилли жалпақ жүзинде өтириктен шайтанлық қылық мыйық тартқан күлки жайнап көринеди, кишкене қара көзлери жүзеки жыллы жүзилик пенен жылмаңлап тур. Бул ушырасыўдағы ҳәдден тыс қуўаныш Давыдовты қәўетерлендирейин деди де, ол салқын ғана сәлемлесип, жақынлап столға барып отырды, асықпай-саспай жай-парахат дөгерегине қарап та алды.

Давыдовқа колхоз баслығының кабинети бир түрли ерси болып көринди: кең өжирениң ишине сары қызғылт реңге боялған ағаш шелеклерге ҳәм гүзелерге өсирилген шаң басқан гүллер көплеп қойылған: олардың араларында ағаштан ийип исленген стуллар менен араласып кир-кир табуреткалар тур, кирер жерде түлеп, тот басқан серппелери сыртқа шығып, әпшери келиспей қалған бир диван тур: өжирениң дийўалларына «Нива» картинкалары ҳәм Рустың Киевтеги шоқыныўын, Севастополь қамалын, Шипкадағы саўашты, 1904-жылғы. Ляоян түбинде болған урыста япон пияда әскерлериниң атакасын сүўретлейтуғын ҳәм баҳалы литографиялық сүўретлер гуж-гуж болып жабыстырылған.

Баслық отырған столдың үстинде Сталинниң сарғайып кеткен портрети илиўли тур, ал оның қарсысындағы дийўалда Морозовтың жип фабрикасының шыбын қонып ала-бажағын шығарған рекламалы сүўрети. Сүўретте жерден ойып алғандай бир тореадор үстине қызғыш куртқа кийип қутырынған өгиздиң шақына бир қолы менен сабақтан исленген илмек таслап бос қолы менен тикке шапшыған ҳайўанды күш пенен услап тур, ал басқа биреўи оңатайсыз түрде қылышына сүйенип тур. Тореадордың аяғының астында жартысы жаздырылған үлкен бир ақ түте сабақ жатыр, оған жабыстырылған қағазда № 40 деген жазыў ап-анық болып көринип атыр.

Кабинеттиң көринисин ақ қаңылтырдан жол-жол нағыслар ойылған мүйештеги улкен арша толықтырып тур. Оны дурысында да Поляница күймейтуғын шкаф орнына пайдаланатуғын болса керек: онда ең керекли документлердиң сақланатуғынлығын

аршаның улкенлигине сай болып келген жылтылдағанша тазаланған әўдийген қулыптың урылыўы айтып турыпты.

Давыдов Поляницаның кабинетине көз жуўыртып қарап шыққаннан кейин мыйығын тартып күлмей тура алмады, ал Поляница болса бул күлкиге өзинше мәни берди де қойды.

- Мине көрип турсаң, жүдә әтирин келистирип орнасып алдым, - деди ол кеўили толы түрде мардыйып. - Булардың бурынғы ийеси кулактағысының бәрин сақлап қалдым, өжирениң сырттан қарағандағы көринисин де, тек кепрен төселген кәтти көпшиклери менен сипсекеш ҳаялдың өжиресине апарып киргиздирдим, деген менен улыўма алғанда, кабинетти жәп-жақсы қолайлы етип қойыппан, есиңде болсын. Ҳеш ҳүкиметтиң кеңсеси дегендей емес! Айрықша сазлап қойған да ҳеш нәрсеси жоқ! Анығын айтсам, мен өзим қәдимги үйдегидей болып турғанды жақсы көремен, мениң үстиме кирген адам қысынбастан өзин үйдегидей сезсиндағы. Қалай айтаман?

Давыдов ийнин қысып қойды да, жуўап бериўден бас тартып, бирден жумысына киристи:

- Мениң саған айтатуғын қолайсыз бир әңгимем бар, қоңсым.

Поляницаның ҳийлекерли кишкене көзлери жыйырылған етли терисиниң ишине батып кетип, сол жақтан майда жылтырақ таскөмирдиң қыйқымындай болып жаўызлық пенен жылтырады да, қойыў қара қаслары жоқары көтерилип қоя берди.

- Жан қоңсылардың арасында қандай қолайсыз әңгимелер болатуғын еди? Сен мени қорқытайын деп айтып отырсаң, Давыдов! Биз сениң менен барлық ўақта балық пенен суўдай болып киятырып, енди қәпелимде мә саған - қолайсыз әңгиме. Қой, мен сени ондай дейди деп өмирде кеўлим бармайды! Аўа, өмирде кеўлим бармайды!

Давыдов Поляницаның көзине тигилип қарап еди, бирақ оның көзлериниң не деп турғанлығын түсине алмады. Оның жүзи қәдимгисиндей жыллы ҳәм сезилерсиз, ал еринлеринде ысық, тыныш күлки көринеди. Түрине қарағанда «Красный луч» колхозының баслығы иштен туўған артист еди, өзин жүдә епшиллик пенен тутып, бундай ойынларды да жүдә епшиллик пенен алып баратуғын еди.

- Пишенди, бизиң пишенимизди бүгин түнде сениң көрсетпең бойынша алып кетип отыр ма? - деп сорады Давыдов туўрыдан-туўры.

Поляницаның қаслары оннан бетер жоқары көтерилди:

- Қандай пишен, достым?

- Қәдимги, атыздағы пишен дағы.

- Биринши рет еситип отырғаным! Алып кетипти дейсең бе? Бизиң адамлар ма, тубянскийлилер ме? Мүмкин емес! Исенбеймен! Қалай етсең олай ет, исениўим мүмкин емес! Есиңде болсын, Семен достым, «Красный луч» колхозының колхозшылары бизиң социалистлик мийнет майданымыздың ҳақыйқат ҳадал мийнеткешлери, сениң мына гүмән етиўиң тек колхозшылардың емес, колхоз баслығы болған мениң де намысыма тийип тур! Буны анықлап есиңде тутыўыңды сорайман, достым.

Ашыўы келип турғанлығын билдирместен Давыдов жайпарахат:

- Мына қара жалған дос, мен саған Литвинов, ал сен маған Чемберлен емессең, соның ушын биз екеўмиздиң дипломатияға ойланыўымыздың кереги жоқ. Пишенди сениң көрсетпең менен алып кетип отырған жоқ па? - деди.

- Достым, ол қандай пишен, тағы айтып отырғаның?

- Ҳаў бул ақ өгиз туўралы ертектей болып кетти ғой! - деди ашыўы келип Давыдов.

- Есиңде болсын, достым, мен сеннен шынтлап сөрап отырман: Қайсы пишен айтып отырғаның?

- Калинов Мүйештеги пишен туўралы. Ол жерде бизиң орақ машиналарымыз турыпты. Сизлер болсаңыз, соған қарамай бизиң пишенлеримизди урлап кетипсиз факт!

Поляница күни мененги түсинбей турғанына енди ғана түсине қойғанына қуўанып кеткендей, қуўарған сыйрақларын алақаны менен шарп еттирди де, ишек-силеси қатып шақалақлап күлди:

- Гәпиңди усыдан басласаң болады ғой, достым-аў! Пишен, пишен дей бересең, айтып

отырғанынның қайсы пишен екенин қайдан билейин. Калинов Мүйеште, билмеймен, жаңылыстыңлар ма, я билип иследиңлер ме, бизиң жердиң пишенин орып жиберипсиз. Биз бул пишенди толық законға сүйендирип алып отырмыз. Түсиникли ме, достым?

- Жоқ, жалған дос, түсинбедим. Сизиң өзлериңиздиң пишениниз болатуғын болса, неге урылардай болып түнде алып кетесиз?

- Бул бригадирдиң жумысы. Түнде жумыс ислеў маллар ушын да, адамлар ушын да қолайлы, салқын, мүмкин, соның ушын түнде тасып алған шығар. Не, сизлер түнде жумыс ислемейсиз бе? Бийкар ислемейди екенсиз! Түнде, әсиресе айдың жырығында жумыс ислеў түсте ыссы да ислеўден әдеўир жеңил болады.

Давыдов мырс етип күлди:

- Ҳәзир түнде ай тас қараңғы ғой, факт!

- Билесең бе, түнде де қасығыңды аўзыңнан басқа жаққа жибермейсең.

- Әсиресе қасығына басқаның шәўлеси иленсе...

- Оныңды қойсаңа, достым! Есиңде болсын, сениң мына гүдикли тийдирмең «Красный луч» колхозының ҳадал, ҳақыйқат саналы колхозшыларының, колхоз баслығы мениң де намысыма қатты тийип тур. Қалай ойласаң, олай ойла, бирақ бизлер, есиңде болсын, уры емеспиз, мийнеткешпиз!

Давыдовтын көзлери шатнап сала берип еди, бирақ ол өзин еле де тутып былай деди:

- Сен, жалған дос, бундай көпирме сөзиңди тоқтат, кәне оннан да исти ис қусатып сөйлесейик. Калинов Мүйештеги сайдын еки тәрепине быйыл бәҳәрде үш шегара ағаштын көтерилип көмилгени саған белгили ме? Оны көтерип көмген сениң ҳадал колхозшыларың шегараны анадайдан салып бизиң кеминде төрт-бес гектар жеримизди қыпсырып отыр. Бул саған белгили ме?

- Достым! Оны қаяқтан айтып отырсаң? Есиңде болсын. Сениң гүмәншыллығың ҳеш кандай гүнәсы жоқ адамлардың намысына қатты тийип тур...

- Усы былшылдың менен қуйрық таслаўын жеткиликли болды енди, - деп ериксиз түрде қаны қызып Поляницаның сөзин бөлди Давыдов. - Сен мени алдап жиберетуғын биреў деп ойлайсаң ба? Сениң менен биреў раслап сөйлесип отыр, ал сен болсаң пышық-тышқан ойнағандай қылып намысыма тийип тур деп қуйрық таслайсаң. Мен усы жаққа киятырып Калинов Мүйешке өзим барып колхозшылардың маған айтқанларын ыраспа-өтирикпе екен деп тексерип кердим: пишен урланған, шегера ағаш көширилген, факт! Бул факттен сен ҳеш қайда да қашып қутыла алмайсаң.

- Мен өзимди бир жаққа қашып қутыламан деп отырғаным жоқ. Мине мен. Усла, кәне, мени қуры қолың менен, бирақ... Услаўдан бурын қолыңа қара май жағып ал! Уқшатып жақ, достым, қолыңа қара майды, болмаса, есиңде болсын, қолыңнан балықтай жылысып шығып кетемен...

- Тубянскийлилердиң бул ислеп отырғаны тартып алыў деген сөз, бунын ушын, Поляница, сен жуўап бересең!

- Ҳо, достым, ол шегара ағашты кеширдиңиз дегенинди еле дәлиллеўиң керек. Бул, достым, сениң тийкарсыз айтып отырған жалаң. Пишениңе белги салып қойғаның жоқ.

- Қасқыр ен салынған қойды да тартады.

Поляница билинер-билинбес етип мыйық тартты да, бирақ ҳай әттегене дегендей етип басын шайқады:

- Ҳей, ай-ай! Бизди касқырға да теңеп атырғанынды қара! Не десең, сол де дағы бирақ ағашларды қандайда биреў қопарып алып басқа жерге көширипти дегениңе исенбеймен.

- Сен инанбасаң, өзиң барып көр. Ҳаў ақыры белгилердиң бурынғы орны қалған ба? Қалған! Ол жердиң топырағы да бос, шөбиниң де бойы кишкене, дөңгелек нәрсениң орнының белгилери де тап алақанға қойғандай болып көринип атыр, факт! Ал буған не дей сең? Кәлесең, екеўмиз барып көрип келейик. Қайылмысаң? Жоқ, жолдас Поляница, сен меннен қашып қутыла алмайсаң! Кәне не қыласаң, барамыз ба?

Давыдов жуўабын күтип шылымын шегип тура берди, сол баяғы мыйық тартқан күлкисин бузбай Поляница да үндемей тур. Иши гүлге толы бул өжирениң иши ыссы еди.

Бир қәлипте ызың салған шыбынлар терезениң гүңгирт айнасына ушып келип урып атыр. Фикустың көк жылтыр аўыр кесик жапырақларының арасынан Давыдов жасы жетпей көбирек семирип кеткен болса да, еле сулыў, еле үстинде қысқа жеңли түнде кийетуғын көйлек пенен гөне юбканы қоса кийген жас келиншекти көрди. Ол алақаны менен көзин күннен тасалап көшениң узынына әллене бир жаққа қарап тур еди, қәпелимде бирден шаққанласып, жағымсыз шыңғырған даўыс пенен қатты даўыслады:

- Фенька, тандырың шыққыр, қуў бузаўды! Сыйырдың өристен келгенин көрмейсең бе?

Поляница да ийнине шекем жалаңаш; семизшик келиншектиң ап-аппақ қолына, орамалының астынан шығып, самал менен желкилдеп турған жумсақ сары шашына терезеден қарады да, негедур ернин қымып гүрсинип қойды.

- Бул жерде кеңсениң сипсекеши турады, тазалықты тәртипке салып жүр. Ҳаял - жаман емес та, бирақ шарбая, ҳеш шарбаяшылығын қойдыра алмадым... Мениң атызға барыўымның кереги жоқ, Давыдов. Сен барып көрген болсаң, соның өзи жеткиликли. Мен саған пишенди қайтарып бирмеймен дедим бе, бермеймен, әңгимениң тоқ етери әне сол! Бул даўлы мәселе: бул жерде жер белгилеў дегенниң болып өткенине бес жыл болды, тубянлылар менен гремячийлилердиң арасындағы бул тартысты екеўимиз шеше алмаймыз.

- Олай болса, ким шешиў керек?

- Районлық шөлкемлер.

- Мейли, мен сениң буныңа келисим берейин. Ал енди жер таласы бул турған гәп, бирақ пишенлеримизди қайтып бериң. Оны орған бизлер, пишен бизлердики болыўы керек.

Поляница өзиниң көз қарасы бойынша кереги жоқ болып көринген әңгимени туўарыўды ойласа керек. Ол енди күлимсирегенди қойды. Стол үстине қалай болса солай қойылған оң қолының бармақлары әсте қозғалысты да, әстен түйилип бас бармағын еки бармағының арасынан шығарды. Оны көзи менен нусқап Поляница билмеймен - деп өзиниң Украин тилинде ерсили-қарсылы:

- Көрип турсаң ба, не мынаў? Бул - мә саған. Әне саған мениң беретуғын жуўабым сол! Хош көргенше, мениң жумыс ислеўим керек. Саў бол! - деди.

Давыдов мырс етип күлди:

- Қарап турсам, сен өзиң бир тамаша шатақ адам екенсең. Не, сөз жеткере алмайсаң ба, тап абырайсыз қатын қусап маған бармағыңды уят етип көрсетесең? Бул, ағайиним, дәлил бола алмайды! Не қыламыз, усы аз-кем пишен ушын үстимнен прокурорға арыз ет деп отырсаң ба?

- Кимге арыз етсең соған арыз ет, мейлиң! Қәле прокурорға, қәле райкомға арыз ет, бирақ пишенди де, жерди де қайтып бермеймен, есиңде болсын, - деп жуўап берди Поляница қайтадан рус тилинде сөйлеп.

Енди сөйлесетуғын ҳеш нәрсе қалған жоқ еди, сонлықтан Давыдов орнынан түргелди де, ойланған түрде Поляницаға қарады.

- Мен саған қарап, жолдас Поляница, жүдә ҳайран қалып отырман: сен, рабочий, большевик, қалайынша демниң арасында, өл деп майда меншикшиликке түсип кеткенсең. Сен дәслеп кулаклық салтанатқа мақтанып бул өжирениң сыртқы керинисин сақлап қалдым деп атыр едиң, мениңше оның сыртқы керинисин емес, ал ишки мәнисин де сақлап отыр екенсең, факт! Сен өзиң де ярым жыл ишинде сол кейипке түсипсең! Егер буннан жигирма жыл бурын туўылған болғаның да, сеннен ҳақыйқат барып турған кулактың өзи келип шыққан болар еди, мен саған айтып отырман!

Поляница ийнин қысып, жыйырылған қабақ терисиниң арасынан көзлерин сығырайтты.

- Меннен кулак шығарма еди, шықпас па еди, билмедим, ал енди сениң бар ғой, Давыдов, есиңде тут, тап поптың өзи болмаған менен, ширкеўдиң ақсақалы болып шығыўыңа гумән етпес едим.

- Неге? - деди расы менен таңланып Давыдов.

- Негеси сол, сен, белгили моряк, диний әдетлердиң батпағына биротала батқансан. Есиңде болсын, егер мен райкомның секретары болғанымда бул нәрселериң ушын сен партбилетиңди столдың үстине әкелип қояр едиң.

- Қандай нәрселер ушын? Сен не туўралы айтып отырсаң өзиң? - Ҳайраны шығып, ҳәттеки Давыдов ийинлерин жоқары көтерип қойды.

- Сен жөгилик қылма! Мениң не туўралы айтып отырғанымды жүдә ғана түсинип отырсаң. Бизлер болсақ пүткил ячейкамыз болып динге қарсы гүресип киятырмыз, ширкеўди жабыў ҳаққында еки рет жәмийетлик колхоз ҳәм хутор жыйналысларында мәселе қойдық, ал сен не қылып жүрсең? Есиңде балсын, сен бизлердиң аяғымыздан тартып киятырсаң, аўа, ислеп жүрген исиң сол!

- Айта бер, сениң аяғыңнан қалай тартып киятырғанымды еситиў қызық нәрсе екен.

- Ал сен не ислеп жүрсең? - деп даўам етти Поляница әдеўир-ақ қызыңқырап. - Сен екшемби күнлери колхоздың атын жегип кемпирлерди шоқынып қайтыў ушын ширкеўге тасып жүрсең, аўа. Ал биздеги ҳаял-қызлар болса, есиңде болсын: «Сен сондайсаң, ширкеўди жаўып, оны клуб етип алмақшысаң, ал Гремячий колхозының баслығы болса қудайға исенетуғын ҳаял-қызлардың маңлайынан сыйпап, ҳәттәки оларды ат пенен байрам күнлери ширкеўге апарып қайтып жүр - деп көзиме түртеди.

Давыдов ериксиз түрде ўаҳаҳалап күлип жиберди:

- Ҳа солай десе! Мен еле усындай диний әдетлер бойынша гүнәкар екенмен дағы! Ҳо, бул жүдә қорқынышлы нәрсе емес!

- Саған қорқынышлы болмаса қорқынышлы емес шығар, бирақ бизлер ушын буннан артық қорқынышлы нәрсе жоқ! - деп қызып даўам етти Поляница. - Сен колхозшылардың алдында жақсысымақ боласаң, ҳәммеге жақсы болып көрингиң келеди, ал бизлердиң динге қарсы жумысларымызға болса кесент келтирип жүрсең. Гәп-сөздиң неге кереги бар, жақсы коммунистсең! Биреўлерди майда меншикшилсең деп әшкаралайсаң, өзиңниң не қылып жүргениңди қудай билсин. Сениң сиясий саналылығың қайда? Сениң большевиклик идеялылығын, динге маўаса болмаўшылығын қайда?

- Тоқта, идеялы мылжың! Сен абайлаңқырап сөйле!... «Жақсысымағың» не? Сен мениң кемпирлерди неге ат жегип жибергенимди билесең бе өзиң? Мениң қайсы есап пенен солай еткенимди билесең бе?

- Сениң есабыңның маған түкке де кереги жоқ. Сен қолыңнан келгениңше есапла, бирақ поповщинаға қарсы гүресте бизди есаптан алжастырыўшы болма. Мейлиң, мен бирақ сениң минез-қулқың ҳаққында райкомның бюросына мәселе қояман, есиңде болсын!

Давыдов аяныш пенен:

- Анығын айтсам, мен сени, Поляница, ақылы бар адам шығар деп ойлайтуғын едим, - деди де хошласпастан шығып кетти.

## XVI БАП

Давыдов Гремячий Логқа қарай жолда киятырып, тубянлылардың шегаралас жерди ҳәм пишенди урлағанлығы ҳаққындағы исти районлық прокуратураға бермей-ақ қойыўды ойлады. Ол бул мәселе туўралы райком партияға да хабарласпай-ақ қояйын деди. Дәслеп Калинов Мүйешиниң аяғындағы бул талас жердиң ҳақыйқатында бурын кимге тийисли екенин дәл анықлап алыў керек еди, ал оннан соң мәселениң шешилиўине қарай ҳәрекет етиў керек болды.

Давыдов налыған кейипте Поляница менен болған әңгимесин есине түсирип, ишинен былайынша ойлады: «Па, бул жүдә ҳәм жанының ҳәзлигине қашқан адам екен ҳә! Бул жүдә ақыллылықтан ислеп отырған жоқ, ҳеш олай деўге болмайды. Бул бир көпшилик ақмақларда ушырасатуғын, қәдимги бир шайтанлық пенен болып атырған нәрсе. Бундайдың аўзына бармағыңды сала көрме... Пишен, әлбетте, соның келисими менен

урланып отыр, бирақ баслы әңгиме бунда емес, ал шегара ағашта. Қазықты оның буйрығы менен көширип қағыуы мүмкин емес. Бул оны ислемейди: қәуипли нәрсе ол: Егерде ол қазықларды ысырып көмгенин толық билетуғын болса да, көзин жумып отырған болса не? Өйткен болса, онда бул дым жарамайды! Колхоздың қуралғанына жаңа ярым жыл болды, ҳәзирден-ақ қоңсылардың жерин ийелеп ҳәм урлық етиўден басласа, - онда колхозшыларды пыт-шыт қылыў деген сөз! Бул оларды баяғы жекке меншиклик турмысына ийтермелеў болып табылады ғой: ҳеш нәрседен жеркенбей жолын таўып қайтсеңде көбирек алып қалыў деген сөз. Жоқ, булай етиўге болмайды! Жердиң бизики екенин анықлаўдан, дәрриў райкомға барайын: мейли, олар бизлердиң көзимизди орнына салсын: мени кемпирлер ушын, Поляницаны, колхозшыларды надурыс тәрбиялағаны ушын»

Ат сегбирине шыдай алмай Давыдов қалғый баслады, сол қалғыўдын тусиниксиз қараңғы туманында Тубянскийдеги жайдың басқышында турған бир семиз ҳаял елеслеп көринди, ол жеркениш пенен ернин жыйырды да уйқылы ояў ойлады: «Не деген артық май, не деген гөш бар... Ыссыда ол, бәлким сабындай көпирип кететуғын шығар, факт!» Әне сол екен, оның әзиз қыялы ма салыстырып көр дегендей етип Лушканың шырайлы, келискен сымбатын, әжайып кексисин, көз астынан күлимлеп, сықақшыл түсимпаз көзлери менен қарап отырып, шашларын тарағандағы нәзик қолларының сөз жетпес шырайлы қыймылын ап-анық етип көз алдына келтирди. Давыдов абайсыз да биреў түртип жибергендей шоршып кетип, ердиң үстинде өзиниң бойын тиклеп ҳәм бир жери қатты аўырғандай, жыйырылып, ашыўы келип атын қамшылап жиберди де ала қуйын шабысқа көшти...

Соңғы күнлери оның ойына жаман нәрселер түсе беретуғын болды, дым орынсыз - бирде жумыс бабында сөйлесип отырғанда, бирде аўыр ойланыў минутларында, биресе түсинде умытайын деседе бирақ еле умыта алмай жүрген Лушканын сымбаты көз алдына келе берди...

Түс болған ўақта ол Гремячийге келди. Островнов есапшы менен екеўи бир нәрсе туўралы қызғын сөйлесип атыр екен, бирақ Давыдов қапыны ашқан ўақта-жайда команда бергендей бирден тым-тырыс бола қалды.

Ыссыдан ҳәм ат себгиринен шаршаған Давыдов столға отыра берип:

- Не жөнинде тарысып атырсыз? Кеңсеге Нагульнов келген жоқпа? - деп сорады.

- Нагульнов келген жоқ - деп Островнов иркилиңкиреп жуўап берди де дәрриў есапшыға қарады. - Бизлер тартысып атырғанымыз жоқ, жолдас Давыдов, тек сизге солай болып көринген шығар, тек өзлеримиз-ақ қәдимги анаў-мынаў, көбинесе хожалық жумысы туўрасында сөйлесип отырмыз. Не қылды, трубяншылар от-шөплерди қайтып беретуғын болды ма?

- Олар бизлерге тағыда таярлап қойың деп атыр... Лукич, сениң пикириңше, ол жер кимниң жери?

Островнов ийнин қысты:

- Ким билсин, жолдас Давыдов, бул бир түсиниксиз нәрсе, дәслеп бул жер Трубянский хуторына берилди, бул еле революциядан бурын еди, ал совет власты орнағаннан кейин Калинов Мүйешиниң жоқарғы белими бизлерге тийисли болды. Кейинги жер бөлисте, жигирма алтыншы жылы, трубяншыларды тағыда қысыңқырады, ал бирақ шегараның қәйер екенин билмедим, себеби мениң жерим басқа тәрепинде еди. Буннан еки жыл бурын ол жердиң шөбин Титок орып алатуғын еди. Өзи-ақ орып жүрди ме ямаса бул жерди еплеп бир жарлыдан сатып алып орып жүрди ме айта алмайман, ояғын билмеймен. Ең аңсаты районлық танапшы жолдас Шпортнойды шақырыў керек. Ол баяғы карта бойынша шегаранын қәйерден өтетуғынын бирден айтып береди. Жигирма алтыншы жылы усы жерди бөлистиргенде сол ғой, сол билмесе, енди басқа ким биледи?

Давыдов қуўанышлы түрде қолларын уўқалап кеўилленип сала берди;

- Па, жақсы айттың-аў! Бул жердиң кимге тийисли екенин Шпортной билиўи керек, факт. Мен басқа бир жақтан келген танапшылар бөлистирген шығар деп ойлап едим.

Ҳәзир Щукарьды тауып ал, айт, дәрриў атларын арбаға қосып, станицаға барып Шпортнойды алып келсин. Мен оған қағаз жазып беремен.

Остравнов шығып кетти, бирақ бес минуттайдан кейин муртынан күлип қайтып келип, бармағын шошайтып Давыдовты шақырып алды:

Жүр пишенханаға барайық, бир нәрсе көрсетемен...

Кеңсениң шарбағында, хутордың ҳәмме жериндегидей-ақ, жаздың тек ыссы кунлеринде ғана болатуғын, жан селт етпеитуғын туски жым-жыртлық тыншып тур. Кунге солыған көк шөплердиң ийисн шығып тур ат-корадан атлардың қәдимга ийиси келеди ал Давыдов пишенханаға жақынлай бергенде оның мурнына гүллеген түрине қарағанда азмаз қуўарңқыраған, жаңа ғана орылған шөплердиң аңқыған ийиси келип еди, Давыдов өзиң далада, жаңа ғана жыйналған бир дәсте ийиси аңқыған пишенниң қасында турғандай сезип қоя берди.

Яков Лукич қапының бир жағын әсте ашып, шетлеп Давыдовты алға жиберип, сыбырланып былай деди:

- Мына жарықлықларға қараңыз. Буннан бир саат бурын буларды өлгенше урысты деп өмирде де ойламайсаң. Олар тек көзи уйқыға кеткенде ғана бир-бири менен мәмле болатуғын болса керек... Дәслепки ўақытта, көзи қараңғыға үйренискенге шекем, Давыдов сарайдың ортасына салақлық пенен жыйнап қойылған шөптиң үстине төбениң тесигинен туппа-туўры түсип турған күн нурынан басқа ҳеш нәрсе көрген жоқ, ал соның ала пишенниң үстинде уйқылап атырған Щукарь ата менен оның қапталында аяғын баўырына алып жатырған Трофимди көрди.

- Азаннан бери қолына қамшысын алып текени қуўып жүрип еди, көрдиңбе енди бирге уйықлап атырғанын - деди енди даўсын көтерип Яков Лукич.

Щукарь ата дәрриў оянды. Бирақ ол еле шығанақлап тура алмай атырғанда-ақ, Трофим пружина төрт аяғынан теңдей көтерип таслағандай шаншыла жерге түсип, мойнын гүжирейтип, көп нәрселерден хабар берип турғандай болып үрпейип, урысыўды қумар етип, бир неше жола сақалын шайқап-шайқап қойды.

- Көрдиңиз бе, халайықлар, қандай мүйизлес бәле? - деп урысыўға таярланып турған Трофимди көрсетип босан ҳәлсиз даўыс пенен сорады Щукарь. - Туни менен гүдиниң үстинде аўнап, пысқырып гүйис қайтарып сандалып жүрди. Мени бир секунд та уйықлатпады, нәлейтий. Азанда оның менен неше мәртебе айқастық, ал ҳәзир көрдиңбе қасыма келип уйықлап атыр, - қасыма келмей қалғыр, ал ояныўдан дәрриў мақаў урысыўға таярланып киятыр. Усындай қуўдалаўшылық астында мениң жасаўым мүмкинбе? Жоқ, бул жерде өлимниң ийиси шығып турыпты: я мен оның басына суў қуяман да, я ол мени шақына илдиреди. Әне соннан кейин Щукарь ата деген ким еди дей бериң! Гәптиң пос геллеси, бул мүйизли бәле менен бизлер екеўимиздиң исимиз жақсылыққа бармайды, бул шарбақта қашан болмасын биреўимиз өлемиз...

Щукарьдың қолында күтпеген жерден қамшы пайда болып, оны көтерип үлгермей-ақ Трофим дәрҳал еки секиргенниң өзинде сарайдың қаранғы мүйешине барып қалып, шақырғандай туяқларын тепсинип, ол жерден Щукарьды тесип баратырған жап-жарық көзлерин тигип қарады. Ғарры қамшысын қапталына қойып, қапаланған түрде басын шайқады. Көрдиңизбе, қандай сезгир мақлуқ екенин? Оннан тек қамшы менен ғана сақланаман, онда да бәрҳә емес, себеби ол, мақаў, мени тап сол оңбағыр жоқ шығар-аў деген жерде аңлып турады! Бәрҳәма усылайынша күни-туни қолымнан қамшым түспейди. Бул текеден мен ҳеш қандай табыла алмадым. Мысалға тек кешеги күнди-ақ алайық дым иркиўге болмайтуғын уллы мүтәжлық пенен сарайдың ең шеттеги мүйешине барыўым керек болды, жан-жағыма қарасам теке жоқ екен. Қудайға шукир, Трофим бир салқын жерде дем алып ямаса шарбақтың сыртында от шөпке жайылып жүрген шығар, - деп ойладым, Сөйтип мен ҳаўлықпай сарайдың сыртына шығып, жаңа ғана қәдимлей баслай бергенимдеке қасыма келип тур, аяқларын сермеп басады, шекелеп, маған қарай кем-кем жақынласып, дүгиўге ийегин қасып киятыр. Илаж қанша, маған турыўға туўра келди. Мен оны қамшылап-қамшылап қуўып жиберип, қайтадан жайласып отыра бергеним, ал ол

мүйештен тағы шығып киятыр... Ол усылайынша маған неше мәртебе топылды дейсең! Ең изинде мениң далаға шыққым да келмей қалды. Усыннан күн көрген болама? Мениң еки аяғымда ревматизм бар, соңлықтан солдатларды үйреткендей қайта-қайта отырып тура бериўге мен жас емеспен. Қайта-қайта отырып тура берсем, онда мениң аяқларым қалтырап, белим шаншып аўырады. Мен усы Трофимниң дәртинен ден саўлығымды жойтып болдым деп айтыўға болады енди тек әйтеўир бир дәретке шыққан жерде өлип қалыўым мүмкин. Бурын мен ярым сутка өрре қақайып түра алатуғын едим, ал енди мениң қолтығымнан сүўеп тур деп биреўден жәрдем сорамасам, болмайды... Әне мени қандай уятсызлыққа шекем жеткерди, бул нәлетий Трофим! Тьфу!

Щукарь қәхәрленип түпиринди де, қолы менен пишенниң арасында бир нәрсени тинтип атырып, узақ ўақыт гүбирленип, сөгинди.

- Сарайдың аняқ-мыняғына жуўыра бергенше, дәрәтханадан пайдаланып, мәдениятлы түрде жасаў керек, ата, - деп күлиңкиреп нәсият берди Давыдов.

Щукарь оған қапаланып қарады да қолын өкиниш пенен бир силтеди. Мүмкин емес! Жаным төзбейди. Мен қала адамы емеспен. Мен өмиримше дүзде, айнала дөгерегимнен самал есип туратуғын жерде дәрет сындырып үйренип қалғанман! Қыста қатты суўық болып турғанда да мени дәретханаға киргизе алмайсаң, егерде сизлер айтқан орынға кире ғойсам, онда мен жаман ийистен талып жығылып қаламан, соны байқа!

- Олай болса, мен саған хеш қандай жәрдем бере алмайман. Қәлегениңше жағдайласа бер. Ал ҳәзир атларынды арбаға жек те, танапшыны алып келиў ушын станицаға кет. Ол бизлерге жүдә керек. Лукич, сен Шпортнойдың қай жерде квартирада туратуғынын билесең бе?

Жуўап бермеген соң Давыдов артына айланып қарады, бирақ Островновтың қарасы да керинбейди. Ол Щукарьдың кетер ўақта бурыннан соңғы гүймеңлеп көп жүретуғын болғанлықтан атларды арбаға қосыў ушын атқораға кеткен еди.

- Станицаға мен бир секундта кете аламан, мениң ушын ол ешейин нәрсе, - деп исендирди. Щукарь ата.

- Бирақ сен, жолдас Давыдов, бир нәрсени түсиндир не ушын буннан бурын кулаклардики болған барлық ҳайўанлар, бәри бирден қосылып минези жағынан өзлериниң бурынғы ийелерине усап, мүмкиншилиги болғанынша сондай зыяңлы хәм ҳийлекер болып келеди? Мәйли мысалға мына душпан Трофимди-ақ алып қарайық: не ушын ол қырғыйдай болып, айтайық Яков Лукичтиң ең болмаса бир жола да майлы жерине сүзбейди, ал бәрҳама мени дүккишлей береди? Себеби, ол онда өзиниң кулаклық ағайиншилигин сезеди, сонлықтан ол оған дым тиймейди, ал мен десе аза бойы тикке турады.

Ямаса кулактың қәлеген бир сыйырын-ақ алайық: ол өзиниң конфискаланған ийесине қанша сүт берген болеа, колхоз саўыншысына сонша сүтти өмиринде де бермейди. Бир жағынан бул дурыста; себеби, үй ийеси ҳаял оны ҳәм ләблеби, ҳәм қалған-қутқан ҳәм тағы сондай жемислер менен аўқатландыратуғын еди, ал саўыншы болса өткен жылдан қалған бир қысым қуўрақ пишенди алдына салып, қашан сүт шағар екен деп емшегиниң астында қалғыйды да отырады.

Және тағы сен қәлеген кулактың көпегин-ақ алып қара не ушын ол үстине жыртық кийим кийген жарлыларға ғана умтылады? Мәселемкиден, айтайық, не ушын маған? Кеўил аўдарғандай мәселе. Бул қалай деп мен Макардан сорап едим ол: «Бул класслық гүрес», - дейди. Бирақ класслық гүрес дегенниң не екенин түсиндирместен күлип, өз жумысына кетип қалды. Өзим хуторда хәр бир көпекке қорқып қарап зордан жүргенде, маған класслық гүрес дегеннин не кереги бар? Көпеклердиң хеш қайсысының маңлайына жазылмаған: ол ҳақ нийетлиме ямаса конфискаланған сословиядан ба? Егер ол, кулактың көпеги, Макардың айтыўы бойынша мениң класслық душпаным болса, сонда мениң не ислеўим керек? Конфискалаўым керек пе? Оны қалай конфискалайсаң, терисин тирилей үстинен сыйырып алыў керекпе? Ҳеш мумкин емес! Алды менен ол сениң териңди ертерек сыйырып алады. Демек мәселе түсиникли: алды бурын сол класслық душпанның

мойнына қурық салып, алып, соннан кейин терисин сылыў керек. Макарға мен жақында сондай усыныс етип едим, ол маған «Бүйтип сен, ладан ғарры, хутордағы ийтлердиң жартысын асып өлтирип боласаң», - деди. Тек бизлер екеўимиздиң қайсымыздың ладанырақ екенимизди ким биледи-ол еле белгисиз, алдағы мәселе. Менимше, меннен гөре Макар азмаз ладанырақ шығар деймен... Шийки зат таярлаў бөлими ийт терисин қабыл етеме? Етеди! Онда гүллән елде конфискаланған, ийесиз ҳәм хеш қандай қараўсыз қаңғырып жүрген қанша көпеклер жүр деп ойлайсаң? Мильен! Егерде олардың бәриниң терисин сыйырып алып телетин ислегенде, ал жүнинен шулық тоқыр болғанда не болар еди? Онда Россияның халқының ярымы хром етик кийип, ал ийт жүнинен шулық кийгенлери өмиринше ревматизмнен биротала қутылған болар еди. Бундай емди мен өзимниң кемпир апамнан еситтим, ырасында да оннан жақсы ем дүньяда жоқ, билгиң келсе. Бул жерде оны түсиндирии отырыўдың дым да кереги жоқ, себеби, мен өзим ревматизм менен көп аўырдым. тек ийт жүнинен тоқылған шулықлар ғана жанымды алып қалып жүр. Сод болмағанда мен қашан-ақ енбеклеп журген болар едим.

- Ата, сен бугин станицаға барыўды ойлайсаң ба? - деп сорады Давыдов.

- Барғанда қандай, бирақ сен мениң сөзимди бөле бермей изин тыңла. Әне сөйтип жаңағы ийт териси туўралы ойыма уллы пикирлер түсип мен қатарынан еки күн уйықлай алмадым, ҳәммесин ойлай бердим, мениң усы пикиримнен мәмлекетке, оннан да бетер өзиме қанша ақшалай пайда бар дейсең? Пай нетесең, қолым қалтырамайтуғын болғанда буны орайлық ҳүкиметке өзим-ақ жазып жиберер едим, мүмкин мениң ақыллылығым баҳаланып, әлле қайтып, ҳүкиметтен бир нәрсе шыға қоярмеди. Соңыннан буның бәрин Макарға айтыўды ойладым. Мен сықмар емеспен. Келдим де ҳәммесин Макарға жайып салдым: «Макаржан! Мен ғарры адамман, маған хеш қандай капиталдың, сыйлықтың түкке де кереги жоқ, ал сени өмиринше бахытқа бөлегим келеди: сен мениң пикирлерим туўралы орайлық ҳүкиметке жаз, әне сонда урыста алған орелениңдей тағы бир орден аласаң. Егер соған қосып ақша-пақша береғойса екеўимиз теңдей етип бөлисип аламыз. Егерде сен қәлейтуғын болсаң өзиңе орден сора, ал мағын я қашар, я баспақ алғандай ақша берсе болады, соның менен де кеўилим питеди», - дедим.

Оның орнында басқа биреў болғанда аяғыма бас ийип маған алғыс айтар еди. Ал Макаржан болса рахметин айтты... Ҳас, отырғыштан секирип турып, мени анадан қайтарып сөгип жүр! «Сен, - деп кийлигеди ол маған, - қартайған сайын алжып баратырсаң! Сениң басың бас емес, ал бос тостаған! Ал өзи олай деди булай деди үсти-үстине дөндирип айтпаған сөзи жоқ! Бунын бәри де «сениң ақылың жоқтың» изи. Өзи қарықтай, айтатуғынына қара! Ақыллы болғанына болайын! Өзим де хеш нәрсе емеспен, кисинин сөзиниң де кереги жоқ. Буның үни қашан өшер екен деп күтип отыра бердим. «Кийлексең кийлик, айтсаң айт, қуйрығыңды баяғы суўық жериңе өзиң-ақ басарсаң», - деймен ишимнен.

Макаржаным енди сөгип-сөгип шаршаса керек, отырып болып, - Болдыңба енди?, - дейди маған. Әне сонда оның менен бизлер екеумиз жымжыма дөс болсақта, мен оған ашыўландым. Егерде, - дедим мен оған - шаршасаң деминди ал, қайтадан басларсаң, мен асықпайман, күте тураман. Ҳау Макар-аў сен неге көтерилесең? Мен саған жақсы болсын деп отырман Сени усындай пикир ушын Россиядағы барлық газеталарға басып шығарады!» Бирақ ол, тап мен оның дамбалына қайнаған суў серпкендеи, қапыны тарс еткизип жайдан шығып кетти!

Кеште мен ойласағояйын деп муғаллим Шпыньға бардым, деген менен ол оқымыслы адам ғой. Мен оған бәрин айтып, Макардың үстинен шағындым. Бирақ усы оқымыслы адамлардың шетинен есалақ-аў, жүдә есалақ-аў! Ол маған не деди десе! Жымыйып күлип: «Барлық уллы адамлар өзлеринин ойлары ушын қуўғынға ушырап еди, сен де сазайыңды тарт, ата», - деди маған. Ойласқан адамыма болайын! Муғаллим емес, пес ол! Шыдамлылықтың маған не пайдасы бар? Сыйыр болса мениң қолыма кирейин деп тур еди, әне енди ҳәттеки сыйырдың қарасын да көре алмай қалдым... Булардың бәри Макардың жаманлығынан! Қолыңа ғарға тышпағыр, ол да ашнаңман дейди-аў; Тек соның

себебинен үйдиң ишинде де гилең бир келиспеўшилик. Мениң ақыллылығым ушын, бәлким, жаратқан яр болып бизлерге бир сийыр жибериўи мүмкин деп мен кимпириме мақтанғанымды қәйтейин. Жибергенде де жақсылап жиберди, етегиңди көбирек жая бер! Ал кемпирим мени қудайдың қутлы күни: «Қәне сениң сыйырың? Сен тағы алдадыңба?»- деп пышқыдай қыйқалайды да отырады. Кемпирдиң де ҳәр қыйлы қуўдалаўына көниўге туўра келеди. Егерде барлық уллы адамлар қуўдалаўға шыдаған болса, онда маған сирә қуданың тәғдири шығар.

Мениң жақсы пикирим усылайынша бир атым насыбайға да өтпей жоқ болды... Илаж қанша? Аспанға уша алмайсаң...

Давыдов қапының жақлаўына сүйенип турып үнсиз күлди, ал Щукарь, аз-маз солығын басып асықпай кийине баслады ҳәм енди Давыдовқа ҳеш қандай кеўил аўдармай, бәрин де умытып кетип әңгимесин даўам ете берди.

- Ал ийттиң жүнинен исленген шулықлар ревматизмнен қутылыўдың ең исенимли шыпасы!

Мен өзим оны кийип қыстан шықтым, талай сапар бизиң кемпир ийт сасып баратырсаң деп мени жайдан қуўып шығарса да, бәҳәрге шекем аяқларың путкиллей ширип кетеди десе де, мен сирә аяғымнан түсирмедим, ал нәтийжеде ревматизмнен жазылып кеттим ҳәм бир ай даўамында мәкийенлердиң арасындағы шөже қораздай шаўып журдим. Ал оның қандай пайдасы болды? Ҳеш қандай! Себеби, бәҳәрде ақылсызлықтан аяғымды суўға тийгизип, кесел қайтадан жабысты да қалды! Бирақ бул - ўақтытша нәрсе: мен бул аўырыўдан оншама қорықпайман. Егерде мен ўаңқылдамайтуғын бир жүнли барақ ийтти услап алағойсам, оның жүнин қырқып аламан да соннан соң ревматизмнен қамырдан қыл суўырып алғандай қутыла қояман! Ҳәзир мениң қалай адым атып жүргенимди көрип турсан ба? Арпаға гүпти болған ақтадайман, шапаҳатлы шулықларды кийеғойсам - тағы қайтадан диң-диң ойнақлайман. Тек бир жаман жери бизиң кемпир ийттиң жүнин ийирип маған шулық тоқып берегиси келмейди. Ийттин ийисинен оның мийи айланып, уршық устинде аўзынан силекейи ағып буўлығып қалады. Дәслеп ол лық-лық ата береди, ата береди, соңынан буўлығып қалады, ал ең изинде әбден ҳалдан кетип бары жоғын ақтарады да таслайды. Сонлықтан, қудай сақлағай, мен оны бундай жумысқа мәжбүрлемеймен. Жүнди мен өзим жуўып, өзим күнге кептирип, өзим ийирип шулық тоқып алдым. Зәрүрлик, ағайиним, түрли бәлени үйрениўге мәжбүрлейди...

Бул еле ҳеш гәп, гәп мениң кемпиримниң айнымаған жалмаўызлығында. Өткен жылдан алдыңғы жылы жазда мениң аяғым жаман қақсап аўырды. Не қылса болар? Сол ўақта дәрриў есиме ийттин жүнинен тоқылған шулықлар түсе қойды. Бир күни азанда қоңсымыздың қаншығын қатып қалған нан таслап, алдастырып, дәлизге киргизип алдым да, өлермен шаштәрез қусап тыржалаңаш етип жүнин қырқып алдым. Тек болғаны сен ушын қулақларының тубинде бир-бир шоқ жүн, шыбыннан сақланыў ушын қуйрығының ушында бир шоқ жүн қалдырдым. Исене сең бе, оннан қырқып алған жүним ярым пудтай бар еди!

Давыдов бетин қолы менен басып, күлкиге тығылып, гүрсинип:

- Көбирек болып кеткен жоқ па? - деди. Буннан да шатақ сораўлар Щукарь атаны ҳеш ўақытта да қыйын аўҳалға түсирген емес. Ол ийнин бийқолай қысты да ҳақ көкиреклик пенен пәсине қайтты:

- Мүмкин, аз-маз азырақ, он-онеки қадақтай шығар, мен оны тәрезиге салғаным жоқ ғой. Бул қаншық тап мәлши қойдай жүдә жүнли екен! Оның жүни мениң өмиримниң ақырына шекем маған шулық болар деп ойлап едим, жоқ ол айтқаным болмады, тек болғаны бир жубын тоқып-ақ үлгердим, ал қалғанларын кемпирим таўып алып, соңғы жибине шекем қалдырмай шарбақтың ишинде ертеп жиберди Мениң кемпирим, кемпир емес, мийримсиз жолбарыс ол! Песлик жағынан ол мына оңбағыр текеден қалыспайды. Кемпир менен мына Трофим екеўи, алдасам қудайлар урсын, тап бир саздың бөзи. Қулласы, барлық жыйнаған жүнимди ортеп, нәрсемди қалдырсеш! Мен ол қаншыққа

жүнин қырқып атырғанымда тыныш турсын деп үлкен бир қалта кептирилген нанымды бергенимди қәйтейин, әне гәп сондай...

Бирақ қаншықтың да иси келиспеген екен. Жүнин қырқып болғаннан кейин меннен жаздырылып кеткен ўақытта ол, мен оны зыят жүннен қутқарғаным ушын қуўанып кеткендей болып, ҳәттеки рәҳәтленип ушлы қуйрығын қыйпанлатып та қойып еди, ал соңынан тарбаяқлап өзекке жуўырып барып, суўдағы өзиниң пишинине қарағаны сол уялып кетип бирден сыңсып улып жиберди. Соныңнан адамлардан қаншық жап жағалап жүр деп еситтим: ары келип батып-ақ өлейин деп жүрген ғой, бирақ бизиң жаптың суўы шымшықтың дизесине де келмейди ғой, ал ол қудыққа таслаўды билмеген, ақылы жетпеген. Оған не дерсең? Қалай деген менен де ҳайўан, ямаса, жәнлик ғой, ақылы шонтық адамдай қайда...

Қатарынан үш сутка бойы ол қоңсының амбарының түбинде улып жатты, улый-улый мениң жанымды шығарды, бирақ амбардың түбинен былай-былай шықпады, демек, бундай пишинде адамларға көриниўге уялып, жүриўге намысы жетпеген. Сөйтип солайынша көзге көринбей хутордан шығып, гүзге шекем жоқ болып кетти, сон жүни өскеннен кейин барып тағы ийесине қайтып келди. Сондай уятшыл қаншық екен, гейпара қатынлардан да бетер, алдасам қудайлар урсын!

Соннан бери мен ойланатуғын болдым: егерде маған тағы да бир ийттиң жүнин қырқыў керек болса, онда қаншықларға тиймей, оларды үст кийиминен айырып, уятқа қалдырмаўды ойладым, ал оның орнына көпеклерден биреўин танлап аламан: олардың тухымы онша уялшақ емес, қәлегенин тап пәки менен қыра бер қулағын да қақпастан тура береди.

- Сен мылжыныңды қашан таўысасаң, - деп Давыдов Щукарьдың сөзин бөлди. - Сениң кетиўин керек ғой. Бол тезирек!

- Ҳәзир! Ҳәзир аяқ кийимди кийейин, тайын боламан. Бирақ сен, мениң сөзимди қудай ушын, бөле берме, болмаса мениң пикирлерим мийимнен шығып кетип, мен не туўралы гәп айтып атырғанымды умытып қаламан. Сөйтип мениң айтып отырғаным: Макаржан мени ақшасыз деп есаплайтуғындай, бирақ ол қатты қәтелеседи! Маған қарағанда ол еле жас, сайыз ойлайды, оның не бары сыртында, ал мени, тәжирийбели ақмақты, қурыдан-қуры алдастыра алмайсаң, жоқ, алдай алмайсаң! Ақыл керек болса меннен алсын. Аўа.

Енди Щукарьдың нәўбетли сөйлемшеклиги тутты. Размётнов айтқандай, Щукарь «ход алып кетти», енди оны тоқтатыў қыйын деген не, ҳеш тоқтатыў мүмкин емес еди. Давыдов, өз өмиринде сәтсизликке көп ушыраған ғаррыға бәрҳә аянышлы сезим менен қарап жүрсе де, тап усы жола оның сөзин бөлгиси келди:

- Тоқта, ата басыл енди! Сениң тоқтаўсыз станцияға, барып, танапшы Шпортнойды алып келиўиң керек. Сен оны билесең бе?

- Станицада сениң Шпортнойың түўе, барлық ийтиңе шекем бармақтай санаўлы.

- Ийтке қараса сен мустақсаң, факт! Бирақ маған Шпортной керек. Түсиниклиме?

- Әкелип беремен дедим бе, келиншекти некеге тартқандай етип әкелемен де беремен, точка. Бирақ сен мениң сөзимди бөле берме. Бул не, бул қандай әдет, адамның сөзин бөле беретуғын? Сен, Давыдов, қудай урсын, Макаржаннан да жаман болып баратырсаң! Нагульнов ғой Тимошканы атып өлтирди, ол мәрт казак, сөзимди бөлсе бөле берсин, мен оны бәри бир сыйлайман. Ал сен сондай не мәртлик иследиң? Не ушын мениң сени сыйлаўым керек? Ырасын айтқанда сыйлаўдың дым рети жоқ! Ҳаў, ҳеш болмаса ливольверттен мына маған өмиринше хорлық көрсетип киятырған нәлетий текени-ақ атып өлтир, оннан соң сениң ушын өлгениме шекем қудайға жалбарынып сени Макардан да бетер етип басыма тигейин. Ал Макар болса - батыр! Ол илим десе алдына адам салмайды, англичан тилин де ядқа үйренип атыр ол бәрине де меннен кем түсинбейди, ҳәттеки қоразлар шақырыўының да биринши түсимпазы. Лушканыда қуўып жиберген сол, ал сен болсаң оны ақмақлыққа салып әлпешлediң ғой, сатқын Тимошканы да жалғыз оқ пенен-ақ жазасын берди...

- Қәне, тезирек аяқ кийиминди кий! Неге гүйтиклей бересең, деди шыдамсызлық

пенен Давыдов Щукарь ата ыңқылдап пишеннин үстинде аўдарылып төңкерилип гүнк етти:

- Шоқайымның баўларын байлап атырман, не, көзиң көрмей ме? Қараңғыда қалай байларсаң буны!

- Ҳаў, сен жақтыға шығып байласаңо!

- Усы жерде-ақ еплеп байлармандағы. Аўа-а-а, бизиң Макарушка әне сондай, ол тек өзи ғана үйренип қоймастан, мени де үйретпекши...

- Неге үйретпекши? - деп күлимсиреп сорады Давыдов.

- Ҳәр түрли илимлерге, - деп қыйпақлап жуўап берди Щукарь ата. Оның ишин ақтарып бәрин қалдырмай айтағойғысы келмеди. Сонлықтан ол немқурайды түрде қайталап: - Ҳәр түрли илимлерге деп отырман ғой. Енди түсиндиң бе? Мен ҳәзир шет тилге зор берип атырман. Сен қалай ересең?

- Нәрсе түсинип отырғаным жоқ. Қандай шет тил айтып отырғаның?

- Сен сондай түсинбейтуғын геще болатуғын болсаң, онда сорап отырыўдың да кереги жоқ, - деди ашыўға минген Щукарь ата. Ол усындай болмаған сораўларды берип отырғанына ашық түрде иренжип мурнын тартып қойды.

- Шет тилдиң саған кереги тап өлини булаўға салған менен бирдей ата. Шаққанырақ бол, - деп өтиниш етти Давыдов қәдимгише мыйық тартыўы менен.

Щукарь ашыўы келген пышық қусап пысқырыныўы менен былай деди:

- Шаққанырақ бол мыш! Гәпине қара! Шаққанлық деген я бир бүрге усламақшы болғанда, я бир биреўдиң қатынына барып, түнде қашып киятырғанда, күйеўи өкшелетип изиңнен қуўып киятырғанда ғана керек болатуғын нәрсе... Мына қапылғыр қамшының табылмай атырғанына қара! Жаңа ғана қолыма услап тур едим, қәпелимде жер тартып кеткендей ҳеш жерде жоқ. Қамшысыз жүреғояйын десем, ана текеден өлердей қорқаман... Қудайға шүкир, таптым! Шапким қайда еди еле? Жолдас Давыдов, мениң шапким сениң көзиңе түспедиме? Жаңа ғана басымда еди ғой... Ҳәй, мийим. курысын, тесик елеўиштен де жаман болды... Қудайға шүкир, шапким табылды. Енди, шекпеним табылағойса, тайын болғаным. Ҳа, ҳарам қатқыр Трофим! Ол шекпенимди пишенге араластырып жиберген, енди кешке шекем изле де жүр: Ҳа, есиме түсти! Айтпашақ, шекпеним үйде қалған екен-аў... Ҳай, усындай ыссы да оның не кереги бар? Оны бул жерге екелип не қыламан?

Дивыдов есиктен сығалап еди, Островновты арбаға жегилген атларды биримлеп, әсте-ақырын ғана бир нәрселерди айтып, мүнәйым түрде сыйпалап атырғанын көрди.

- Яков Лукич болса қашан атларды жегип болды, сен еле тайын болғанын жоқ! Қашан гүйтиклеп боласаң, қартайған сылбыр? - деди ашыўлы түрде Давыдов.

Щукарь ата даўысының барғанынша узыннан узақ сөгинип алды.

- Нәлет жаўсын, бүгинги күн бир қырсығына келип тур! Анығында станицаға бармай-ақ қойғанда да болар еди. Көринип турған белгилердиң түри жаман! Өзиң-ақ ойлап көр, шапкамды таўып алғаным сол, енди темеки қалтамнын қайда екенин билмеймен. Усы жақсылыққа алып келе ме? Ҳәй, бул сирә жақсылыққа әкелип соқпас. Жолда бир бәле болады, басқа ҳеш нәрсе емес... Мине темеки қалта енди табылмайтуғын жаққа қарады, болған жери әне сол! Оны жутып қойған Трофим емес ғой? Ҳәй, кудайға шүкир, темеки қалтамды да таптым, енди жүрип кетиўге болады... Мүмкин кетиўди ертеңге қалдырағойсаң не қыларекен? Көринип турған белгилердиң түри дым жаман ғой... Куранның қайсы сүреси еди еле, ҳәй қайсы сүреси болса, сол сүреси болсын: «Рас жолаўшы болып жолға шықтың ба, бир жаман нәрселерди абайлаған екенсең, жолға түспей үйиңде гүм бол» - деп әйтеўир айтылған емес. Қәне, жолдас Давыдов, енди сен өзиң шынтлап айт: Атланайын ба я қояйын ба?

- Тоқтаўсыз атлан, ғарры, - деп Давыдов қатал түрде буйырды. Щукарьдың үндеместен аўыр гүрсиниўи менен пишен гүдиден сырғанап түсти де, ғаррыларша аяғын сүйреп басып, қамшысын изинен сүйретип қараңғы мүйеште зиңирейип турған текеге сескене қараныўы менен шығар аўызға қарап кетти.

# XVII БАП

Щукарь атаны зордан шығарып салып Давыдов екшембиге шекем мектеп жайының көзге тусерликтей болып сулыў көриниўи ушын тағы не ислеў керек екенлигин мектепке барып өз орнында анықлаўды шешти. Тағы да мектеп баслығы менен екеўи сөйлесип, мектепти ремонтлаў ушын қанша ҳәм қандай қурылыс материаллары керек, және де мектеп жайларын оқыў жылының басына шекем оншама асықпай ҳәм мүмкин болғанынша жақсыланқырап ремонтлаў ушын ремонтқа қашан кирисиў керек екенлигин шамалап алғысы келди.

Давыдов өзи Гремячий Логқа келгеннен бери жумыстын ең қызған мапазының енди жақынлап киятырғанын тек соңғы күнлери ғана анық сезди: от-шөп орыў тамам болмай атырып, ғәлле жыйнаў да келип қалды, көз алдында гүзлик қара бийдайлар да қараўыта баслады; солар менен бир ўақытта арпалар да писип киятыр; ҳарам шөплер ғаўлап өсип, жеке хожалыққа тийисли бөлекшелерге қарағанда наятий үлкен көлемди алып жатырған колхоз айғабағарлығы менен мәккелиги ишинен тынып, отақты талап етип тур, бийдай орақ та келип қалды.

Ғәлле жыйын терими басланғанға шекем көп нәрселерди ислеў керек еди: хуторға мүмкин болғанынша көп пишен тасып алыў керек, түйек айдаў ушын керекли қырманларды таярлаў керек, бурын кулакларға тийисли болған телеклерди бир жерге жыйнап, колхоздағы пуў менен ислейтуғын жалғыз молтотилканы да жөнлестириў керек еди. Буннан басқа да үлкен киши жумыслар толып атыр, булардың бәри де Давыдовтың мойнында, ҳәр бир ис өзине барлық ўақытта үзликсиз ҳәм көзди айырмай кеўил бөлиўди қатан талап етип тур.

Давыдов шыйқылдаўық, ески текше менен мектептиң кең жазық басқышына минди. Қапыға кирер жерде жасы онларға келген, жалаң аяқ, тығып қойғандай доп-домалақ бир қыз оған жол берип, бир шетке шығып турды.

- Сен оқыўшымысан, қарағым? - деп әлпайымлық пенен сорады Давыдов.

- Аўа - деп әсте жуўап берди де қыз тартынбастан төменнен жоқары Давыдовқа қарады.

- Сизиң мектеп баслығыңыз қай жерде турады?

- Ол үйинде жоқ, олар ҳаялы менен екеўи өзектиң ар жағында бақшасында капуста суўғарып атыр.

- Пай нетесең. Ал мектепте ким болса да биреў бар ма?

- Бизиң муғаллим Людмила Сергеевна бар.

- Ол не қылып атыр?

Қыз күлимсиреди:

- Ол сабақтан төмен балалар менен ислесип атыр. Күн сайын түстен кейин соларды оқытады.

- Демек, оларды басқаларға жеткере жақ екен ғой!

Қыз дым үндеместен басын ийзеди.

- Жүдә жақсы! - деди Давыдов хошаметлеген түрде, сөйтти де қараңғылаў болып түрған дәлизге кирди.

Узыннан шубай созылып кеткен дәлиздиң арғы басындағы түпкирде бир жерден балалардың даўысы шығады. Давыдов бос классларды асықпай аралап, ғамхорлық пенен көрип жүрип, ең ақырғы жайда ашылыңқырап турған қапыдан жылыстырылған парталардың алдыңғы қатарына жай парахат жайласқан онлаған майда балаларды ҳәм олардың жанында жап жас муғаллим қызды көрди. Орта бойлы арық турақтан келген, тар ийинли, келте етип қырқылған ақшыл ҳәм буйра шашлы бул қыз муғаллимнен гөре жас өспирим кишкене ғана нәрестеге усайтуғын еди.

Давыдов көп ўақтан бери мектептиң босағасын атлаған жоқ еди, ал енди класс қапысының аўзында шеп қолындағы күнге күйген кепкасын қысып турғанда, оны бир түрли сезим бийледи. Тап усы минутлары баяғы мектепке деген ҳүрмети менен балалық

ўақтының алыс жыллары бирден еске тсип кеткенде пайда болған шийрин жүрек ҳалласы оның көкирегинде оянып сала берди...

Ол тартыныңқырап қапыны ашты да, тамағы қышымаса да жөткиринип, муғаллим қызға әсте ғана:

- Кириўге рухсат етиңиз! - деди.

- Кириңиз, - деген жинишке қыз даўысы еситилди.

Муғаллим қыз Давыдовқа қарай бурылып, ҳайран қалып қасын көтере бергенде таный салып қысыныңқыраўы менен:

- Кириңиз - деди.

Давыдов бийқолай түрде басын ийзеди.

- Сәлем. Кеширерсиз, мен сизге азмаз кесент бердим, тек бир минутлық... Мен усы соңғы классты да көреғойайын деп едим мектептиң ремонты бойынша жүрмен. Азырақ күтип турыўыма да болады.

Балалар орынларынан түргелип ҳәр қайсысы ҳәр жерден сәлемге жуўап қайтарды; Давыдовтың қызға қарағаны сол мынадай деп ойлады: «Мен баяғы қатал мектеп ийелериндей болып келе қалыппандағы... Мынаў болса муғаллим қыздың қорқып қызарып атырғаны.Тап усы ўақытта келип не қыламан!»

Қыз Давыдовтың қасына келди.

- Берман өтиңиз, жолдас Давыдов! Азырақтан кейин мен сабақты таўысаман. Отыра турыңыз. Болмаса Иван Николаевичти шақырып келейин бе?

- Ол ким?

- Бизиң мектептиң баслығы Иван Николаевич Шпынь. Ҳаў, сиз оны билмейсиз бе?

- Билемен. Машақатланбай-ақ қойыңыз, мен иркиле турарман. Сиз оқытып боламан дегенше мен усы жерде бола турсам бола ма?

Қыз Давыдовқа қарап турды, оның менен сөйлести бирақ уялғанын ҳеш қандай тоқтата алмады; Қыз жүдә қыйланып қызарды, ҳәттеки оның палўан сүйеклери де қызғылтланып, ал қулақлары биротала қып-қызыл болып кетти.

Давыдов әне тап усындайға шыдап тура алмайтуғын еди! Буған шыдай алмаўының бир себеби, қандай да болмасын қызарған бир ҳаялды көре ғойса болды, не себептен екени белгисиз, оның өзи қызарып сала береди, әне усыннан бурынғығыдан да бетер қысынып, бурынғыдан да бетер өзин қолайсыз сезетуғын еди.

Ол кишкене ғана столдың қасындағы отырыңыз деп көрсеткен стулға барып отырды, ал қыз болса терезе бетке таман барып оқыўшыларға бөлип-бөлип даўыслап айта баслады;

- Апам бизлерге аўқат... Жаздыңызба, балалар? Аў-қат та-яр-лай- ды. «Таярлайды» деген сөзден кейин точка қойың. Тағы қайталайман...

Балар гәпти екинши мәртебе жазып болып, қызығыўшылық пенен Давыдовқа қарады. Ол муртын сыйпап атырғандай болып ойын ретинде бармақлары менен үстинги еринин сыйпады да балаларға қарап көзин қысып досларша ым қақты. Олар мыжырайысып күлип қойды; олар менен буның арасында жақсы қатнас дүзиле баслағандай көринди, бирақ оның арасында муғаллим қыз қайтадан тағы бир гәпти әдеттегидей сөзлерди буўынға айырып оқый баслады, ал балалар болса дәптерлерине үңилди.

Класста анда-санда самаллатылатуғын жайдың ишиндеги сасық ийистей ийис пенен күнниң ҳәм шаңның ийиси бурқырап тур. Тап терезениң алдында тығылып турған сирень ҳәм акациялар ҳасла салқын самал жиберер емес. Самал менен жапырақлар шайқалып, гидир-будыр болған еденге қуяш нурлары жылт-жылт етип түсип тур.

Давыдов ойын бир жерге жәмлеп маңлайын жыйрып, бир нәрселерди ойлап, есаплаўға кирисmи: «Еденниң жаман тахталарын аўмастырыў ушын кеминде еки кубометрдей қарағай тахта керек. Айнаның рамалары жақсы екен, оның еки қабаты да тап сол турысында барма, я жокпа, билиў керек екен. Бир ящик терезе шийшесин сатып алса болады. Аўыстырып сақлап қойған терезе шийшесиниң бир жапырағы да жоқ шығар, балалар сындыра бермесин деўге ол ҳеш мүмкин емес нәрсе ғой, факт! Пай қорғасын реңли бояў табыла қойғанда жақсы болар еди аў, барлық жайлардың төбелерин, айна

қапыларын, жақлаўларын бояў ушын қанша бояў кетер екен, ҳә! Усталардан сорап билиў керек. Басқышты қайтадан төсемесе болмас. Оны өзимиздиң тахтадан-ақ ислеймиз дағы еки талды кесип жарғызсақ бәри тайын болады. Ремонт бизлерге арзанға түспейди... Ағаш сорайды қайтадан сабан менен бастырыў керек. Ал бул манда ис бастан асып атыр. факт! Амбардарды питкерип болыўдан усталар бригадасының бәрин бирден усы жаққа жиберейин. Мектептиң төбесин қайтадан бояғанда болар еди-аў... Оған ақша қайда? Бирақ қақ жарылсам да мектеп ушын ақша табарман! Факт! Қарап жүрип жарылыўдың да кереги жоқ: Жарамсыз еки өгизди сатсақ-әне ақша. - Бирақ сол өгизлер туўрасында районлық атқарыў комитети менен даўласыўға туўра келеди, болмаса ҳеш нәрсе ислей алмайсаң... Егерде оларды билдирмей сатағойсақ маған жақсы болмайды... Сонда да тәўекел етип көремен. Нестеренко мени жақламас дейсең бе?

Давыдов қалтасынан жызыў дәптершесин алып: «Мектеп. Тахта, шеге, шийше бир ящик. Төбеге көк бояў. Ақ бояў, олиф май»... - деп жазды.

Қабағын үйиңкиреп ақырғы сөзин жаза бергени сол, қағаздан ислеп трубкадан жиберген кишкентай бир шайналған шарик маңлайына әсте сарт етип, жабысып алды. Абайсыз отырғанлықтан Давыдов селк ете қалды, тап сол ўақта бир бала да қолын аўзына басып мырс етип күлди. Сыңсыған күлки парта бойлап таралып кетти.

- Не өзи? - деп муғаллим қыз жекириңкиреп сорады:

Балалардың суў серипкендей болыўы оған жуўап болып табылды.

Давыдов маңлайынан шарикти алып таслап күле шырай берип балаларға үстиртин сер салды ақшыл, сарғылт, қара баслар партаға еңкейген менен де ҳеш биреўи де дым жазбай отыр еди...

- Болдыңыз ба, балалар? Енди ендиги гәпти жазың...

Давыдов болса өзиниң күлимсиреп турған көзлерин төмен еңкейген баслардан айырмай шыдамлылық пенен күтип отыр. Ең изинде балалардың биреўи әсте ақырын, урлықшыдай жасырынып басын жоқары көтерген ўақта Давыдов өзиниң қарсы алдында отырған қашаннан берги танысы Федотка Ушаковты көрди. Оны Давыдов бир жола бәҳәрде атызда көрген еди, ал енди еле уўыздай сарысы кетпеген аўызы жыйылмай кемсеңлеп, қысылған көзлери күлип турғанын көрди. Жалатайдың секилине көзи түскен ўақта Давыдов мырс етип күле жазлап қалды. Соңынан өзин бийлеп алып, жазыў дәптеринен асыға-үсиге бир бет қағазды жулып алдыда, муғаллим қыздың көзиниң тасасын ала берип, көзин қысып Федотканы ермеклеп, қағазды шайнай баслады. Ол Давыдовқа күлкисин жасырыў ушын қолын аўзына тутып отырып, көзин бежирейтип қараўын жазбады.

Давыдов Федотканың шыдай алмай отырғанына рәҳәтленип отырып, қағаздан асықпай пухталап бир домалақ ислеп алды да, шеп қолының бас бармағының тырнағына қойып гөзлеп отырғандай шеп көзин қысты. Федотка қәўипленип уртын томпайтып, мойнын ишине тартты-қалай деген менен де шарик онша кишкене емес ҳәм салмақлы еди. Давыдов қолайлы пайыт таўып шарикти Федоткаға қарап шертип жиберген ўақытта ол пәт пенен бирден буғып қалғаны сол, маңлайы партаға сақ ете қалды. Тикленип болып ол қорқып көзи аларып муғаллим қызға жалтаңлап қолы менен қызарып турған маңлайын сыйпай баслады, ал Давыдов болса терис бурылып, әдетинше бетин қолы менен басып, сестин шығармай селкилдеп силеси қатып қалды.

Давыдов, әлбетте, ҳеш кеширилмейтуғын балалық иследи, ол өзиниң қай жерде отырғанын билиўи керек еди. Давыдов өзин бийлеп алып, айыплыдай уялыңқырап муғаллим қызға бир қиялап қарап еди, оның да кулкисин жасырыў ушын терезеге қарай терис бурылып турғанын көрди. Қыздың нәзик ийинлери селкилдеп, мыжымырланған орамалы менен күлкиден пайда болған жасты сүртиў ушын, қолы көзине барып тур.

«Усыннан қайырхомшылық болды ма...» - деп ойлады Давыдов. - Пүткил сабақты буздым. Бул жерден тез кетиўим керек».

Давыдов ойынды қойып, Федоткаға дурыслап қарады. Бала партада сынаптай тыпыршылап отырып бармағы менен биресе аўзын көрсетип, биресе ернин түрип, бурын

бир ўақытлары үңирейип турған жерге өсип шыққан көкшил-ақ реңли, еле онша жетилиспеген, шетинде минар тислери менен қосыла өскен еки ири тисти көрген ўақта Давыдов ериксиз мырс етти.

Балалардың келбетине, партаға еңкейип хәр қыйлы түстеги басларына сер салып рәхәтлене дем алып отырып, ол буннан көп жыл бурын Федотканың парталас жолдасындай, өзиниң хәрип жазып ямаса сүўрет салғанда басын еңкейтип хәм тилин шығарып хәр қозғалысы менен аңсат емес мийнетин жеңиллеткендей сезетуғынын ериксиз есиме түсирди. Федотка менен бәхәрде биринши мәртебе танысқандағыйдай-ақ, ол суўық демин алып тағы ой жуўыртты. Шөжедей ғана шырақларым аў, сизлерге жасаў қыйын болмайды, хәзирдиң өзинде де күн кериў қыйын емес, болмаса мен не ушын қанымды төктим? Ямаса мениң бала ўақтымдағыдай сизлер де қайғы шексин деп пе?»

Давыдовты бундай қиялий кейпинен тағы да баяғы Федотка шығарып алды партада шарнирге мингендей қыргөбелек айланып Давыдовтың дыққатын өзине аўдарып турли белгилер менен сениң тисиңниң аўхалы қалай деп сорап, көрсетиўин талап етти. Муғаллим қыз арман қараған ўақта, Давыдов есабын таўып, қамыққан түр менен қолын жайып, тисин ашып керсетти. Федотқа Давыдовтың аўзында баяғы өзине таныс ойықты көрип, қолын аўзына тутып мырс етти, ол соқынан үлкен қанаатланыўшылық пенен мәз-майрам болды. Оның гүллән қуўанышлы келбетин айтпай-ақ: «Мен сени қандай бапладым, аға Мениң тислерим ғой өсип шықты, ал сеники жоқ та!» деген мәнисти аңлатып тур еди.

Бирақ бир минуттайдан кейин сондай ўақия болды, оны Давыдов көп ўақытлар өткеннен кейинде ети түршикип есине тусире алмайтуғын болды. Әбден есирген Федотка, Давыдовтың дыққатын қайтадан өзине аўдарғысы келип, әсге-ақырын партаны урды, ал Давыдов қараған ўақытта, - Федотка шалқайыңқырап шалбарының қалтасынан бир қол гранатасы - «Лимонка» ны алып көрсете салып, қайтадан дәрриў қалтасына салып қойды. Бул нәрсениң тез болғанлығы соншелли, хәттеки дәслеп Давыдов та нениң не екенине түсинбей көзин қыпықлатып, ал соңынан ойланып бозара баслады...

«Ол қайдан алған? Ал егер жам салынған болса!? Отырғышқа урып жиберсе, оннан соң... Ой; қыйын болды, не ислеў керек!?» - деп маңлайынан, ийегинен, мойынларынан суўық тердиң сорғалап ағып баратырғанын сезбей көзин жумып, үлкен қорқыныш пенен ойлады ол.

Алдын алып не болса да иркинишсиз бир нәрсе ислеў керек еди. Бирақ не ислеў керек? Тура салып гранатты күш пенен тартып алса болама? Егер бала қорқып, қолдан қашаман деп жулқынса, болмаса өзиниң хәм басқа биреўлердиң елип кететуғынын билмей, гранатаны ылақтырып жиберсе не болады... Жоқ булай ислеў жарамас.

Давыдов бул вариантты жарамсыз деп тапты. Ол еле көзин ашпастан азапланып бул жағдайдан қутылыўдың жолын изледи, ақылын асықтырды соның арасында қыялы еркинен тыс гранатаның гүмп етип жарылғанын, кысқа аянышлы шаўқымлар менен жас балалардың ойранланған денелерин көз алдына елеслетти...

Ол көз шарасын ашытып, маңлайынан тер сорғалап кеңсириктиң еки жағынан сырғанап ағып турғанын жаңа ғана сезди. Ол қол шаршысын алғысы келип еди, оның орнына қалтасынан ески бир достының әллеқашан сыйлаўға берген шаққысы қолына илинип шықты. Давыдовқа бир ой келди оң қолы менен қалтасынан шаққысын алып, шеп жеңи менен маңлайынан ағып турған терин сыпырып, шаққысын өмириниң ишинде биринши рет көрип отырғандай айландырып, үйрилдирип кере баслады. Ал өзи Федотқаға қиялап қараўын жазбады.

Шаққы жумсалып тозынқыраған болса да қапталындағы мерўерт пластинкалары, еки тили, ашары, бураўынан басқа тағы да суп сулыў кишкене қайшысы көзиңниң жаўын алып жаўдырап тур еди. Давыдов Федотқаға ара-тура қарап қойып тиллериниң бәрин бирим-бирим избе-излик пенен аша баслады. Федотка шаққыдан сүйсинген көзин айырмай отыр. Бул әпиўайы шаққы емес, хақыйқат байлық еди! Сулыўлығы жағынан бундай хеш нәрсени де ол еле көрмеген. Ал Давыдов жазыў дәптершесинен бир бет ақ

қағаз жыртып алып, жаңағы қайшы менен аттың басын ислегенде Федотканың қуўанышы жәҳәнге сыймай кетти!

Тез арада сабақ тамам болды. Дәрриў Давыдов Федоткаға келип, сыбырланып сорады:

- Шаққыны көрдиң бе?

Федотка аўзының суўын жутынып, үндемей басын ийзеди.

Давыдов еңкейинкиреп, сыбырлады:

- Аўмастырамыз ба?

- Нени неге аўмастырамыз? - деп Федотка оннан да әстерек сыбырланды.

- Мына шыққыны сениң қалтандағы темирге.

Федотка өжетлене келисим берип, басын қатты шайқағаны сондай, Давыдов оның ийегинен усланқырап түрыўға тийис болды. Ол Федоткаға шаққысын берип, өзи пухталық пенен гранатаны қолына алды. Жан ийнине от тийип не қыларын билмей турған Давыдов жамының жоқ екенин билгеннен кейин өзине келип қәддин тутты.

- Сизлер екеўиңиздиң бир жасырын сырыңыз бар ғой, шамасы деди муғаллим қыз булардың қасынан өтип баратырып, күлимсиреп.

- Бизлер екеўмиз қашаннан-ақ танысбыз, ал көриспегенимизге көп болды... Кеширерсиз, Людмила Сергеевна, - деди ҳурмет етип Давыдов.

- Сизиң сабағымда болғаныңызға мениң ўақтым хош, - деди қыз қызарыңқырап.

Оның қысынғанын сезбей, Давыдов өтиниш етти.

- Жолдас Шпыньға айтыңыз мектепке қандай ремонт ислейтуғыныңызды және қаржының сметасын шамалап билип, бүгин кеште маған кеңсеге келсин. Бола ма?

- Жақсы, оған ҳәммесин айтайын. Сиз енди бизге қайтып кирмейсизбе?

- Қолым босағандай болса сөзсиз келемен, факт! - деп исендирди, де әдепки гәп пенен ҳеш қандай байланысы болмаса да Давыдов, - Сиз кимниң жайында турасыз? - деп сорады.

- Агафья Гавриловна шешемниң жайында тураман. Сиз таныйсыз ба оны?

- Таныйман. Сизиң семьяңызда ким бар?

- Анам ҳәм еки иним бар, Новочеркасскте. Неге булардың бәрин сорай бересиз?

- Сиз туўралы мениң бир нәрсе билиўим керек емеспе, мен сизлердиң жасырын қыз сырларыңызға тийип отырған жоқпан ғой? - деп дәлкеклести Давыдов.

Басқыштың қапталында бир топар бала Федотканың айлана дөгерегин тығыз қоршап алып, шаққыны аўдарып төңкерип көрип атыр. Давыдов шаққыға ийе болып қолы келип турған баланы шетке шақырып алды да:

- Ойыншығыңды қайдан таўып алдың, Федот Демидович! Қай жерден таптың? - деп сорады.

- Көрсетейинбе, аға?

- Жүр, ҳәзир жүр болмаса сон мениң қолым тиймейди, - деп исшенлик пенен усыныс етти Федотка.

Ол Давыдовтың суқ бармағын қысып, анаў - мынаў адамды емес, ал колхоз баслығын ертип киятырғанына көз көреки мақтанып, ара-тура жораларына да бир қарап, көшеде аўдаңлап адым урып киятыр. Олар онша асықпай ўақтын - ўақтын бир еки аўыз сөз алысып усылайынша келе берди.

- Сен қайтыс етпейсен бе? - деп Федотка сәл-пәл алға озды да, қәўипленип Давыдовтың көзине қарап сорады.

- Жоқ - ә! Бул сениң менен келисилген нәрсе, - деп тынышландырды оны Давыдов.

Булар қәдимги үлкен адамлардай болып бир-бири менен сөйлеспей, салдамлы болып бес минуттай жүрип еди, Федотка шыдай алмады - услаған бармағын еле жаздырмай тағы алға озыңқырап Давыдовтың бетине төменнен қарап;

- Сен шаққыңа қыйланбайсаң ба? Утылдым деп ишиң ашып турған жоқпа? - деди.

- Иши ашыйды деген не, ҳеш қандай! - деп кескин турде жуўап берди Давыдов.

Сөйтип олар сол үндеспеўи менен келе берди. Деген менен, қандайда болмасын бир қурт Федотканың кишкентай жүрегиниң тынышып алды ма, бул аўмасықтың Давыдовқа

пайда түспеди деп есаплап, бираз тынышлықтан кейин айтты:

- Қәлесең мен саған өзимнин сақпанымды қосып берейин? Болама?

Давыдов Федоткаға түсиниксиз бир сақыйлық пенен алыўдан бас тартып:

- Жоқ, о неге! Мейли, сақпан өзинде-ақ турсын. Бизлер басма-бас аўмастырдық ғой, факт!

- «Басма-бас» деген не?

- Былайынша айтқанда, бармақтың орнына бармақ алдық. Тусиникли ме?

Жоқ, Федотка ушын еле ҳеш нәрсе де түсиникли емес еди. Аўмастырыў ўақтында жас уллы адамның бундай жеңил минезлилик етиўи Федотканы әбден таң қалдырады, ҳәттеки қәўиплендирди де... Күнге жалтырап туратуғын көп тилли әжайып шаққы ҳәм дәртке аспайтуғын-бир домалақ темир теңбе? Жоқ, бул жерде басқа-бир гәп бар! - деп азмаз ўақыт өткен сон епшил Федотка жүрип баратырып тағы бир усыныс киргизди;

- Егер сен сақпанды қәлемесең, үстине асықларымды қосып берейин, ҳә? Асықларымның қандай екенин билесең бе? Қандай дейсең, тап-таза!

- Асықларың да маған керек емес, - деп гүрсиниуи менен қынжыла күлип бас тартты Давыдов. - Егер буннан жигирмалаған жыл бурын болғанда, ағайиним, мен асықларды алыўдан бас тартпас едим. Мен сениң асықларыңды көзиңди мөйминлетип қойып қағып алар едим, ал ҳәзир ғам шекпе Федот Демидович! Неге сен ҳаўлығасаң? Шаққы өмир өмириңше сеники, факт!

Тағы баяғы тынышлық. Тағы бир неше минуттан кейин Федотка:

- Аға, жаңағы мениң саған берген домалақ темирим, - неники? Елек машинасыники ме?

- Қайдан таптың сен оны?

- Ҳәзир бизлер баратырған сарай бар ғой, сондағы елек машинасының астынан таўып алдым. Сарайда сондай тозығы жеткен, сынып қалған бир елек машинасы қулап жатыр, тап соның астында бул да жатыр екен. Бизлер жасырынбақ ойнап жүргенде жасырынайын деп астына кире бергеним, сол жерде домалақ темирди көрип қалдым, Дәрриў ала қойдым.

- Демек, ол машинанын бир бөлеги болғаны. Қапталында жатырған кишилеў бир темир таяқша көзиңе түспеди ме?

- Жоқ, ол жерде басқа ҳеш нәрсе жок екен. «Болмағаны да жақсы болған, болмаса ол дүньяда да шешилмейтуғын бир нәрсе шығарар едиң», деп ойлады Давыдов.

Қолыңдағы елек машинасының мына темири саған жүдә керек пе? - деп қызықсынды Федотка.

- Жүдә!

- Хожалық жумысына керек пе? Басқа машинаға саласыз ба?

- Аўа, факт!

Азмаз тынышлықтан кейин Федотка жуўан даўыс пенен:

- Егер бул бөлекше хожалық жумасына керек болса, онда қыйналмай-ақ қой, сен мениң менен дурыс аўмастырған екенсең, өзине басқа шаққы сатып аларсаң, - деди.

Жас болса да еси пүтин Федотка усылайынша жуўмақ шығарды да, көкирегин басып күлимсиреди. Шамасы оның жаны жай тапса керек. Мине олардың жол жөнекей киятырып айтысқан барлық әңгимесиниң усы болғаны, бирақ бул сөйлесиў аўмастырылған баҳалы затлардың келистирип бәнтин басыў ушын айтылған едй...

Енди көшениң шеп қапталында, бир ўақытлары Тимофей Жыртықтың әкесине тийисли болған жайлар көрине баслаған ўақытта Давыдов Федотканың қаяққа алып барытырғанын дәл билип, төбесин қамыс менен бастырып қойған сарайды көрсетип:

- Ана жайдан таптың ба? - деп сорады.

- Сен сондай тапқыр екенсең, аға, - деди сүйсинип Федотка ҳәм Давыдовтың бармағын қолынан жаздырып жиберди. - Енди сен менсиз де таўып аласаң, мен кете берейин дым ўақтым жоқ!

Кетер алдында хошласып улкен адамдай етип оның кишкене қолларын қысып,

Давыдов былай деди:

- Керек жерге алып келгениң ушын саған рахмет, Федот Демидович. Сен бизиң үйге барып мени көрип тур, болмаса мен сени сағынаман. Мен бир өзим тураман, ақыры...

- Жақсы, қалай да болмасын бир бараман, - деп киши пейиллик пенен ўәде берди Федотка.

Бир аяғына минип артына айлана берип ол еки бармағын аўзына суғып, шамасы өзиниң дасларын шақырып, қарақшылардай ысқырып жиберди де, тура жуўырғаны сол, шаңы аспанға шығып, тек қап-қара өкшелери жалт етип бир көринип-ақ қалды.

Дамасковлардың шарбағына кирместен, Давыдов колхоз кеңсесине қарай кетти. Қәдимги колхоз мәжлислери өткерилетуғын қараңғылаў жайда Яков Лукич пенен складшы шашка ойнап отыр екен. Давыдов столға отыра берип, жазыў дәптершесиниң бир бетине: «Завхоз Я. Л. Островновқа. Мениң мийнет күнимниң есабынан муғаллим қыз Л.С.Егороваға тартылған бийдай унынан 32 кг, сөк 8 кг, шошқа майы 5 кг, бериңиз» - деп жазды. Қол қойып болып Давыдов мушын ийегиниң астына тиреп, ойланыў менен үндемей отырды да, соңынан Островновтан сорады:

- Бизиң ана кишкене муғаллим қыз Егорова Людмила қалай турады?

- Зордан еплесип, - деп шашкасын алға жүрип болып, қысқа жуўап берди Островнов.

- Ҳәзир мен мектепте болдым, қандай ремонт керек екенин көргим келди, сонда муғаллим қызды да көрип қалдым... Арық солғын жапырақтай сап-сары, зорға жүр, демек тойып тамақ ишпейди екен! Бүгиннен қалдырмай мына қағазда жазылғанлардың барлығын сол қыз болып атырған үйдиң ийесине берип жибериўиңиз тийис, факт! Ертең тексерип көремен. Еситтиң бе!

Буйрықты столдың үстинде қалдырып, Давыдов төтелеп Шалыйға кетти.

Ол қапыдан шығыўдан, Яков Лукич доскадағы шашкаларды былғастырып, ийниниң үстинен бармағы менен қапыны көрсетип:

- Қандай көпек? Алды бурын Лушка Нагульнова, соңынан Варька Харламованы таўлады, ал енди муғаллим қызға аўыз салмақшы. Тағы да өзиниң барлық қаншықларын колхоздын есабынан асырап жүр. Ол бизиң колхозымызды қуртып, ҳәммесин қатынларға берип болады!

- Харламоваға ол хеш нәрсе жазып берген жоқ, ал муғаллим қызға өзиниң есабынан берип отыр, - деп складшы қарсылық көрсетти.

Бирақ Яков Лукич пәсине қайтып күлимсиреди:

- Варька менен ол, бәлким ақша менен есапласып атырған шығар, ал муғаллим қыздың алғаны ушын колхоз есапласады. Лушкаға мен оның жасырын буйрығы бойынша қанша аўқат тасыдым? Әне гәп сонда!

Тимофей Жыртық өлгенге шекем Яков Лукич оны ҳәм Лушканы колхоз складындағы азық-аўқат пенен мол етип тәмийинлеп турды, ал складшыға болса былай деп айтып қойды:

Лушка қанша азық аўқат талап етсе, қәлегениңше бире-бириң деп маған Давыдов қатты тапсырды деди ҳәм және мени қорқытып: «Егерде сен ямаса складшы бир аўыз сөз сандырақласаңыз Сибирьден қашып қутыла алмайсыз!» деп айтты. Әне қарағым, сен үндеме, тәрезиге салмай-ақ майды, палды, унды берман алып келе бер. Басшыларды тексериў сениң менен бизиң жумысымыз емес. Соннан соң складшы Островнов не талап етсе, бәрин бере берди ҳәм оның кеңеси бойынша оп-оңай бригадирлерди де өлшеўден алжастырып, азық аўқатлардың кемисин жайғастырып отырды.

Яков Лукич усындай пайти келип турғанда тағы да бир рет Давыдовты қалай жаманламасын?

Жумыссыз сарғайып отырып, Островнов менен складшы көп ўақытқа шекем Давыдов, Нагульнов ҳәм Размётновларды «суўдан алып, суўдан шығарды».

Ал усы ўақытлары Давыдов пенен Шалый ҳәрекет етип атыр еди: Фрол Жыртықтың сарайының иши азырақ жарық болыўы ушын, Давыдов төбесине шығып, темир жаба менен еки жолының сабанын ашып:

- Қалай, ғарры, енди көринеме? - деп сорады.

- Төбени усы бүлдиргенин-ақ болар! Ҳәзир бул жер қорадағыдай жап-жарық, - деп сарайдын ишинен даўыс берди Шалый.

- Давыдов кесе салынған өре ағаш арқалы бир неше адым атлап, жумсақ жерге жеңил секирип түсти.

- Қаяғынан баслайық Сидорович?

- Жақсы аяқ ойыншылар ойынды ҳәмме ўақта печь беттен баслайды, ал бизлер екеўмиз тинтиўди дийўалдан баслаўымыз керек, - деп ўадырлады ески темирши уста.

Устаханада асығыс исленген ушы биздей жуўан сумбилер менен қуралланып, оларды куш пенен жерге суғып тартып, екеўи қатарласыўы менен дийўал бойлап қарсы тәрептеги дийўалдың түбинде жатқан елек машинаға қарай әстен жылысты. Елек машинадан бир неше адым бериде Давыдовтын сумбиси жерге тап тутқасына шекем ап-аңсат сиңип-кетип темирге тийип жың еге қалды.

- Әне сениң көмбеңди таптық деди де белди қолына ала берип мурт берип күлди Шалый.

Бирақ Давыдов белди өзине тартты. Маған бер, Сидорович, мен баслайын, мен жасырақпан.

Бир метрдей тереңликте көмилип жатырған үлкен бир ораўлы нәрсениң дөгерегин айландырып үңгиди. Май-май болған брезентке станоклы пулемет «Максим» пухта етип оралған екен. Шуқырдан оны екеўлеп шығарып алды, үндеместен брезентти ашты, тағы сол үндемеўи менен бир-бирине қарасып, тым-тырыс шылымларын алыстырды.

Шылымын еки рет тартып болғаннан кейин Шалый:

- Ырастан-ақ жыртықлар совет власты менен күн сынасып keриўге таярланған екен-аў... - деди.

- Сен буған қара, «Максимды» қандай етип жақсы сақлаған: я тат баспаған, я бир жерине дақ түспеген, тап ҳәзир атыўға да болады! Қәне белди бер, шуқырды излеп көрейин, мүмкин тағы бир нәрселер табармыз...

Ярым сааттан кейин Давыдов пулемет лепталары салынған төрт қалайы қуты, бир мылтық, аўызы ашылған бир ящик мылтық оғы ҳәм бир жапырақ ширийин деп турған клеенкаға оралған сегиз қол гранатасын жамы менен әсте-ақырын абайлап шуқырдың қапталына шығарып қойды. Тас дийўалдың астына қарай кеткен шуқырда қолдан исленген бир нәрсениң қабы да жатыр екен. Оның узынлығына қарағанда, онда бир ўақытлары мылтық сақланған болса керек.

Күн батқанға шекем Давыдов пенен Шалый екеўи устаханада пулеметти бузып пухта тазалап, майлады, Ал геўгим ўақта кештиң алдындағы жағымлы тынышлықта Гремячий Логтиң сыртында пулеметтиң тырр еткен сескендирерлик ҳәм қорқытарлық сести еситилди. Бир узын оқ дүркини, еки қысқа, тағы бир узын дүркин еситилди де кейин хуторда, күндизги ыссылықтан соң қызған қара топырақларға күйип солып қалған хош ийисли шөплердиң ийисинен дем алып атырған дала үсти тағы да жым-жырт болды.

Давыдов орнынан түргелип, әсте ғана айтты:

- Жақсы машинка екен! Қатқан машинка!

Оған жуўап ретинде Шалый қәҳәрлене ўадырлады:

- Қәне жүр, Островновтын үйине барып, сүмбини алып қорасының иши-сыртын аўдарып-төңкерип тинтемиз! Оның үйинде қалдырмай бастан аяқ тинтиў керек, оның аўзына қарап жүргенимиз болар енди.

- Сени жин урған шығар, ғарры! - деди Давыдов суўық түрде, - Бизлерге өзлеримизден өзимиз тинтиў жүргизип ҳәм хутордың ҳәммесиниң тынышын алып, биймазалық етиўге ким рухсат береди? Жоқ, сен сирә ақылыңнан адасқансан, факт!

- Егер биз усы Жыртықтан пулемет таўып алсақ, онда Островновтың гүдисинде үш дюмлы топтың көмилип атырғанына сөз жоқ! Ырасын айтсам мен ақылдан адасқаным жоқ, ал сен өзиң нағыз ақыллы ақмақ екенсең, мениң саған айтатуғыным сол! Сабыр ет, еле ўақты келгенде Лукич тобын ашып алып, сизиң жайға туўры гөзлеп урғанда - әне

сонда сен фактты көресең!

Давыдов ўаҳаҳалап кулип жаберди, ғаррыны қушақлай жақ болып еди, бирақ ол артына қыр-гөбелек айланып, қатты қасарысып жерге бир түпирип хошласпастан, мыңғырлап сөгиниўи менен хуторга қарап өта кетти.

## XVIII БАП

Соңғы ўақытлары әдеттегидей-ақ Щукарь атаның ҳәмме жерде дым аўы жүрмеди, ал енди мына күн болса ғой биротала үлкен ҳәм майда қапашылық және бахытсызлықларға толы күн болды. Сонлықтан күнниң ақырына жақын, азаннан бери өзиниң басына түскен көп қыйыншылықлардан Щукарь ата бурынғыданда бетер ырымшылырақ бола баслады. Жоқ азаннан бери жолы болмайтуғын белгилер көз-көреки жаман болып шыққанын көре турып оның мәртлик етип дым ойланбастан станицаға барыўға Давыдовқа келисим бериўи керек емес еди...

Щукарь ата колхоз кеңсесиниң шарбағынан адым-адым менен еки кварталдай-ақ жол жүрди, ал оннан соң атларын жолдын қақ ортасында тоқтатып арбадан да түспей еки бугилип басын төмен салып терең ойға шумди. Ҳақыйқатында да оның ойланыўының жөни бар еди: «Таң алдында түс көрген екенмен, түсимде сары ала қасқыр мениң изимнен қуўды. Не ушын сары ала? Не ушын оның мениң изимнен қуўыўы керек еди? Тап дүньяда меннен басқа адам аздай мейли, ол ким болса да жасырақ ҳәм жуўырғышырақ басқа биреўдиң изинен қуўса куўсын, мен сырттан қарап турар едим: Ал қуўаныш үстине, қуўаныш енди мениң түсимде де тағы биреўлер ушын қасқырдың алдына түсип өкпемди өшириўим керек! Маған бундай ойынның ҳасла кереги жоқ. Оянсам жүрегим улы дүрсилди, көкирегимнен шығып кетежақ, ҳәз еткен түсиме болайын, бундай түслери қуры ғай! Тағы да не ушын ол қасқыр сары ала, ал неге қәдимгидей сүр емес? Бул жақсылыққа алып келеме? Ҳәй сирә, жақсылыққа емес аў. Көринген белгилер жаман, демек кетип баратырған сапарым да маған жақсы болып шықпайды, қандай да болмасын бир бәлеге жолығаман, Ал оңымда не болып еди? Биресе шапкамды таппайман, биресе темеки қалтамды, биресе шекпенимди... Бул белгилер де жақсы белгилер емес... Давыдовқа бағынбай, орнынан да қозғалмаўым керек еди дағы! - деп, Щукарь ата муңайып ойлап турды да, өзи сасқалақлап бир мақлуқ жоқ көшеге, қораның түбинде көлеңкелеп жатқан ҳәр қыйлы түстеги баспақларға, жол үстиндеги шаңға аўнап атырған шымшықларға көз жиберди.

Ол енди болмаса артына айланып қайтар жерге келип тур еди, бирақ жақындағы Давыдов пенен екеўиниң тиреси есине түсип, тағы қойды. Сол күни де, бүгингидей-ақ, жаман белгилерден еңсеси түскен ол, түнде енип шыққан жеркенишли түсин сылтаўлап, биринши бригадаға барыўдан тиккелей бас тарты. Әне сонда Давыдовтың қәдимги жаўдыраған сүйкимли көзлери қараўытып бирден суп-суўық болып тикенектей шаншылды, Щукарь қорқып, кетип, қыйпақ-сыйлақ етип жалына баслады: «Семушка, қарағым. Сен маған жаман көзиң менен қарама! Сениң көзлериң ҳәзир шынжырға байлаўлы турған көпектикиндей ашыўлы, адамды тесип баратыр. Шынжырға байлаўлы турып, жақсы адамларға ырылдап оны-буны сандалайтуғын нәлетий көпеклерди мениң жақсы кәрмейтуғынымды сен билесең ғой. Нени бөлисе алмай сениң менен бизлер бунша ашшыласамыз? Рас сен тирсек қайтпас қара екенсең - илаж не, кетемиз дағы. Усыдан жолда бир бәле бола қалса меннен көрип жүрме?»

Ғаррының сөзин тыңлап болып Давыдов ғарқылдап күлди де, дәрриў өның көзлери бурынғыдай жақсы кеўилли болып кетти. Ол аўыр алақаны менен Щукарьдың қуўрап, геўкилдеп турған арқасынан қағып қойды: Әне ҳақыйқат сөйлесиў деп усыны айтса болар, факт! Кеттик ғарры, сени толық аман сақлаўға кемпириңниң алдында жуўап беремен, ал мениң ушын басың аўырмай -ақ қойсын».

Усының барлығын есине түсирип болып Щукарь ата күлимсиреп, енди басқаның бәрин қойып атлардың жылаўын қағып айдап кетти. «Кеттим станицаға! Ырым

дегенлердиң атасына мың нәлет! Егер бир нәрсе бола ғойса мейли Давыдов жуўап бере берсин, ал жолда ушырасыўы мүмкин болған ҳәр түрли жаманлыққа жуўап бергендей менде нийет жоқ! Давыдов та маған қараса жақсы жигит оған бир бәле ушырассын деўдиң не кереги бар».

Хутор үстинде азанғы ас писирер де жағылған тезеклердиң ашқылтым түтинлери елеге шекем тарқамай тур, әстен ескен самаллар гүллеп турған соралардың душшы ийислерин жол үстинде ысырып баратыр, ал Щукарь ата қапталынан өтип баратырған мал қоралардан шыққан, өзине бала ўақтынан бери таныс мал дәриси менен жаңа ғана саўылған сүттин ийиси Щукарь атаның мурнына келип тур. Соқырдай көзип қысып әдеттеги ҳәрекети менен салбырап турған сақалларын сыйпап, ғарры айлана дөгерегине әпиўайы хутор турмысының оның жүрегине сүйкимли көринислерине қарады, сөйтип баратырып, арбанын дегершигинин астында қушақласып қызғын урысып атырған шымшықларды қуўыў ушын, ериншекликти жеңип, ҳәттеки бир мертебе қамшы да сермеди, бирақ Антип Грачтын ҳәўлисинин қасынан өтип баратырғанда жаңа писирилген нанның, Гремячийдиң қатынлары бәрҳә нан жапқан ўақта, адамды жеўге ҳәўеслендиретуғын кийиңкиреген капуста жапырақларының сүйкимли сейилерин сезди. Әне сол ўақта ғана өзиниң кешеги түстен бери ҳеш нәрсе татпағаны есине түсип, қатты аш болғанын сезип, тиссиз аўзы силекейге бирден толып, ал тамағының асты тиленишли түрде сазып кетти.

Щукарь ата атларды бурылыс көшеге қарай ғырра қайтарып станицаға кетер алдында болса да ғаўзаң-ғуўзаң етип шығыў ушын ҳәўлисине қарай бурылды. Ол жайдың моржасынан түтин шықпай турғанын алыстан-ақ көрди де, хош кеўилли күлим менен ойлады: «Кемпирим тамағын писирип болып, ҳәзир дем алып отырған. Мениң арқамнан тап бир уллы князьдиң ҳаялындай болып жасайды. Ҳеш қандай ўайым қайғы деген билмейди...»

Щукарьға қанаатланбаўшылықтан ҳәм қапалы кеўилшекликтен бирден, ҳеш иркинишсиз кеўилли ўақты хошлыққа өтиў ушын көп нәрсе керек емес еди. Оның балашылығы басым өзимшелик қәсийети де усындай еди. Аттың жылаўын ериншеклик пенен қозғап қойып, былайынша ойға кетти: «Оның палапандай пәриўайы пәнсери болып жасап киятырғаны кимниң арқасы? Әлбетте-мениң арқам! Мен қыста қашарымды босқа сойғаным жоқ, қудай көрип отыр, босқа емес! Көрдиң бе кемпирим қашарсыз қандай қоқырайып салланып жүр! Аўқат писирип болды ма қыйсая кетеди. Болмағанда ол қашар сайыр болған болар еди, соннан кейин таң атар атпастан тур, саўа басла, ол нәлетийди, падаға қос, ал оннан қалса сонадан қашып, ол өкирен қағып үйге жетип келеди. Оны қайтадан өриске айда, қысқа от-шөп таярла, күнбе-күн астын тазалап, қора соғып оны қамыс ямаса сабан менен бастыр... Не деген машақат! Қойлардың да бәрин жоқ еттим, жүдә дурыс ислеген екенмен! Оларды өриске айдап жиберип, жаныңды жеп отыра бер: олар сүриўинен айырылып адасып кетпегейдағы, я қасқыр тартып кетпегейдағы. Усындай бир жаман нәрселерге жанымды ашытып не қыламан, өзимниң узақ өмиримниң ишинде күйип жанып қыйланып, енди баўырымнын пүтин жери қалмады, бәри тесилип, гөне шылғаўдай шыл пәршеси шықты, Қала берсе хожалығымда бир торай да жоқ. Бул да дурыс! Рәҳим ете гөр, сол торай деген мениң не дәртиме жарайды. Биринshиден, шошқа майын көп жесем жүрегим күйеди, екиншиден, үйимде еки қысымнан артық уным жоқ, мен оны қалай асырайман? Ҳәзир ол бирде аштан өлип қалар еди ҳам шырқырап жанымды шығарар еди... Ал енди шошқа нәзик мақлуқ: биресе чума муқ қаптырады, биресе соған уқсас түрли кеселлер тап бола береди. Усындай патас ҳайўанды өсирде бүгин өлмесе, ертең өледи деп күт те отыр. Оннан соң оның ийсинен дем ала алмайсаң, шарбағынның ишиниң бәри сасып кетеди, ал онысыз бизиң үйдиң дөгереги тап-таза палыздағы овошлардың, қызыл кендирлердиң соған усаған көк шөплердиң ийислери аңқып турады. Таза ҳаўаны жаным жақсы көреди! Соның ушын торай болмақтан шошқа болса да азабын шегип жүргенше олардың пәдерине нәлет! Бизлер кемпир екеўмизге тири мақлуқтан шарбақта жүрген тап-таза еки мәкийен менен сымбатлы бир қоразымыз-ақ

болады, мейли байыса жаслар-ақ байый берсин, ал бизлерге жаңағыдай байлықтың кереги де жоқ. Макаржан да мениң сөзимди жөнлеп: «Ата сен майда меншиктен ажырасып, шын пролетарьят болып алып жүдә жақсы иследиң» - дейди. Мен оның бул сөзине шын жүректен жуўап бердим: «Пролетарьят болыў мумкин жақсы да шығар, бирақ өмиринше тек болғаны квас пенен қуры шәўлеге таңылып отырыўға мен келисим бермеймен. Пролетарьяты туссин, егер мийнет күнге гөш ямаса шәўлеге салғандай май-сай берип турмаса, қысқа шекем-ақ ап-аңсат аяқ қолымды көсилермен. Сөйтетуғын болсам пролетарьят деген атақтын маған не кереги бар? Гүзге шекем мениң мийнет күниме не шығатуғынын байқап көремен, болмаса қайтадан майда меншигиме кетемен».

Щукарь ата ойланып көзин сүзип, енди даўсын шығарып айтты:

- Усы дүзелмеген турмыста бизиң гүнәмызды құдай көрсетпесин. Бәри де жаңаша бир түрли бир түсиниксиз, жақсы ойыншыдай бултаңлап бурынғыдан басқаша ойнап атыр...

Ол атларын қораға байлап, шарбағының гөне есигин ашып, үйдиң ҳақыйқат ийесиндей, ақырын салмақлы жүрис пенен шеп есип кеткен соқпақ бойлап қапының басқышына қарай кетти.

Асхананың иши ымырт тартып, мийманхананың есиги жабық тур. Щукарь ата май сиңген шелпектей жәп-жаман болып қалған шәпкисин ҳәм Трофимниң кесапатынан бир минут та айрылыспаўға әдетленип қалған қамшысын орынлықтың үстине қойып: жәнжағына қаранып қойды да, алдын-ала даўыслады:

- Кемпир! Тирмисең!

Мийманханадан әлжиўаз даўыс еситилди:

- Тек шықпаған жаным бар... Кешеги кештен бери басымды көтере алмай атырман. Мениң ҳәмме жерим аўырады, диңкем жоқ, қалтырап тоңып, тон жамылсам да бир жылымай атырман... Сирә қалтыратпа тийген шығар маған... Сен неге келдиң ғарры?

Щукарь мийманхананың қапысың ашып, босағада турды.

- Ҳәзир станицаға кетемен, жолда аш боларман деп бир нәрсе жеп кетейин деп қайрылдым.

- Не жумыс пенен барасаң?

Щукарь сақалын сыйпап, мардыйың, кемпирге айтқысы, келмегендей болып жуўап берди:

- Әҳмийетли командировкаға кетип баратырман, танапшыны алып келиўим керек. Жолдас Давыдов маған: «Егерде ата сен әкелмесен, сеннен басқа ҳеш ким де оны әкеле алмайды!» - деди. Танапшы болса районда биреў-ақ қәдимги Шпортной ғой, ол маған таныс адам, мени сыйлағанынан сөзсиз келеди, - деп түсиндирди Щукарь, сөйтти де дәрриў терең жумыс бабындағы даўыс пенен:

- Қәне жегендей бир нәрсе алып кел, иркилиўге ўақыт жоқ, - деди.

Кемпир бурынғыдан да бетер ыңқылдады:

- Уҳ, жазған басым ай! Мен сени не менен аўқатландыраман? Мен бүгин ҳеш нәрсе писиргеним жоқ, печке от та жаққан жоқпан. Барып қарықтан қыяр үзип әкел, теледе қатық тур, кеше қоңсы әкелип берип еди.

Щукарь ата өзиниң қостарын жек көриўшилигин жасыра алмай тыңлап турып, ең изинде ашыўланып гүңк етти.

- Таза қыярдың үстине қатық ишиўге болама? Сен биротала естен айрылған шығарсаң қартайған астролябия! Сен не, мени биротала абырайдаи айрылсын деп отырсаң ба? Сен мениң ишимнин әззи екенин билесең ғой, мен бундай аўқат жесем жолда пүткиллей бузылысаман, сонда мениң станицада не ислеўим керек? Ыштанымды қолыма алып жүриўим керек не? Атлардан бир адым былай кетиўиме болмайды, сонда не ислеўим керек? Көшенин қақ ортасында бары-жоқлы абыройдан айырылыўым керек пе? Тәңир жарылқасын! Өзиң-ақ өзиңниң қыярларыңнан пайдаланып қатық пенен араластырып жей бер, мен оған тәўекел ете алмайман! Мениң хызметим ойыншық емес, Давыдовтың өзин алып жүриппен, сениң қыярларыңа мениң теўекел етиўиме болмайды. Түсиниклиме саған, тозған апробация?

Кемпир жатқан гөне ағаш кәт қәўетерли түрде шыйық ете қалған ўақта Щукарь атаның жүреги суў ете қалды. Ол еле өзиниң нәсиятын айтып үлгермей-ақ бирден оның кемпиринде таң қаларлық бир өзгерис пайда болды: кемпир кәттен шаққан секирип түсип қатты қәҳәри келип бүйирин таянды. Оның жаңа ғана өлимсиреп еситилген даўысы, ол басындағы жыйырылып қалған орамалын бир шекесине түсирип барқырап сөйлеген ўақта, даўысы жаңғырып сала берди.

- Ҳаў сеники не, шөңге, сени гөш салынған шәўле менен тойдырады деп пе едиң? Ямаса, мүмкин саған шелпекке қаймақ салып берейин бе? Мен булардың барлығын қайдан табаман, кладовкаңда тышқанлардан басқа дәниң де жоқ, ҳәттеки оларда аштан қырылып атыр! Қашанға шекем сен мени ҳәр түрли болмаған сөзлер менен айыплайсаң да жүресең? Мен саған қандай астролябия ҳәм пробацияман? Сени Макарка Нагульнов ҳәр қыйлы керек емес китапларды оқыўға үйреткен, сен ақымақ оғанда мәс боласаң? Мен сени қәйерге қоярымды билмей сениң менен ҳадал турмыс кеширип киятырман, мурнынды сүртиўге ҳалым жоқ, пүткил өмиримди бердим, ал сен мениң қартайған шағымда мени не деп атаўды да билмейсең.

Мәселе Щукарь ушын күтилмеген жерден жаманлыққа қарай бет алды, сонлықтан ол асхананың ишине қарай бир қанша шегинип, еплилик пенен шегинип баратырып жарамсақлана былай деди:

- Жетер-жетер енди саған кемпир Бул айтылғанлар сирә сөгис сөз емес, ал илимий әлпайым сөзлер. Жаным мениң деген сөз бенен астролябияның мәниси бир... Әпиўайы тил менен айтқанда «сен мени жанымсаң», китабий тилде «апробация» дейди. Кудай бар ғой, алдамайман. Макаржанның маған оқыў ушын берген семиз китабында жазылған, өз көзим менен оқыдым, ал сен қандай билелерди сандалап отырсаң. Әне сениң саўатсызлығыңды сапластырыў дегенниң мәниси усы! Мендей болып оқыў керек, сонда сен де қәлеген сөзиңди меннен қалыспай, ушырып айта бериўиң мүмкин, факт!

Щукарьдың даўысындағы исенидириўшилик күштиң болғанлығы соншелли, кемпир басылайын деди, бирақ еле ғаррысына сынап қараўын жазбай, суўық демин алды:

- Мениң оқыйтуғын ўақтым өтип кетти. Оқыўдың енди кереги де жоқ. Усы ҳалыңа қартайған сасық гүзен-аў, өз тилиңде сөйлесең де болады ғой, болмаса сени нағыз ақмақ деп онысыз да халық күлип атыр.

- Күлетуғын адамлар болады, - деди тәкаббирлене Щукарь ата, бирақ қайтып ерегиспеди.

Ишинде қатығы бар кишкене табаққа ол қатың қалған шаппаттай нанды узақ ўақыт әбден майдалап турады да оны буйығып отырып, асықпай жеди, ал өзи терезеге қарап отырып, ойлады: «Мен қайсы перим ушын станицаға асығаман? Бирде биреў өлейин деп атырса, соны асабатлап ширкеўде намазын оқыў ушын болса екен - онда асығыўға болады. Ал Шпортной болса - танапшы, молла емес. Давыдовтың сирә өлгиси келмейди, несине мен бунша неге қыза беремен? Ол дүньядан бәримизде ҳеш қалмаймыз елеге шекем өлимниң нәўбетинде турған ҳеш кимди көргенимиз жоқ... Соның ушын мен ҳәзир хутордан шығып кетип мени жан көрмейтуғын бир сайға бурылып, мийрим қанғанша уйықлап алайын, ал атлар болса оған шекем отлай турар. Кеш қурын мен Дубцовтың бригадасына жетип бараман, Куприяновна мени сөзсиз кешки аўқатқа тойдырады, оннан соң салқында түнлетип станицаға жетемен. Ал егер буны Давыдов билип қойса, оның жолы армаған - мен оған туппа-туўры былай деймен; «Өзиңиздиң оңбаған текеңиз Трофимди жоқ қылсаңыз - сонда мен жол-женекей уйықламайтуғын боламан. Түни менен ол мениң қасымда от-шөптиң үстинде секирип, мениң үстимде дүрре ойнатады да жүреди, сөйтип жүргенде адамда уйқы болама? Тек жаныңды жеў!»

Дубцовтың үйинде қонақ боламан деген жағымлы ойға кеўли көтерилип, Щукарь мәз-майрам болды, бирақ бул жерде де кемпир оның көтериңки кейпин бузды.

- Сен неге ләңдей тамсана бересең? Сени бир жаққа жиберген екен, сен дәристеги қоңыздай гүймелей бермей, тезирек кет ақыры. Және тағы дәртке аспайтуғын китабий сөзлериңди есиңнен шығарып тасла ҳәм оларды ендигиден былай маған ҳеш қандай айтып

жүрме, ал айта ғойсаң, онда арқанда кесеў ойнайды деп билебер, алжыған ғарры!

- Ҳәр қандай таяқтың еки ушы болады, - деп Щукарь ата түсиниксизирек мыңғырланды...

Бирақ, өзиниң мәтибий кемпириниң жүзиндеги ашыўлы жыйрықларды сезип, қатықты тез таўыса сала хошласты:

- Сен, жаным, әйтеўир мәниссиз қозғала бермей-ақ өзиңниң тәўир болып кетиўиңди тиле де жата бер, ал мен кеттим.

- Жолың болсын! - деп онша әлпайым болмаса да кемпири оған тилек билдирди де, өзи терис аўдарылып жатты.

* * *

Хутордан шығып Щукарь ата Червленая сайының түсерлигине шекем уйқысы келип, қалғып, ара тура тумсығын екшеп қойып алты километрдей адым-адым жүриси менен келди, сол киятырғанда түстеги күнниң ыссылығына шыдай алмай болдырып, бир рет арбадан жығыла жазлап зордан қалды. «Тағы азырақ болғанда маңлайдан түседи екенмен дағы» деп зәрреси қалмай ойлады да Щукарь арбасын сайға қарай бурды.

Червленаяның аңғарында орылмаған хош ийисли көк шөплер белбаўарға келип тур. Оның ылайлы ултаны менен сайдын жоқарысынан булақ суўы ағып тур. Ондағы суў тынық ҳәм соншелли суўық еди, ҳәттеки атлар да суўды аз-аздан бөлип уртлап, абайлап тисиниң арасынан жиберип, ара тура бир жутты. Суўдың жағасы жүдә салқын болып турды, оны соншама жоқары көтерилген күн нуры да биротала қыздырып жибере алмады. «Қандай рәҳәт!» - деп сыбырланды Щукарь атларды туўарып атырып. Ол атларын тусап отлаўға жиберди де, өзи тикенли путаның көлеңкесине гөне шекпенин төсеп, шалқасына жатты ҳәм ыссыдан оңып кеткен бозғылт аспанға, тап сол аспанға уқсас қартайып қуўарған нурсыз көзлери менен қарап, шалқортасынан жатып, күнделикли турмыстың қыялына шумди.

«Мени бундай рәҳәт жерден биз бенен шуқласақта кешке шекем шығара алмайсаң. Мазалы етип уйықлап, өзимниң қартайған сүйеклеримди қуяшқа қыздырып аламан, ал соңынан Дубцовтың үйинде шәўле жеў ушын қонақ боламан. Барып, азанда үйден аўқат жеўге ўақтым болмады десем олар мени сөзсиз аўқатландырады, бул турған нәрсе! Неге биз усы бригада да шәртли түрде қуры шәўле жеўимиз керек ямаса соған қусаған бир нәрсени қасық алып қазанның ишинде қуўып жүриўге тийислимиз? Дубцов орақтың ўақтында тамағын тыятуғын жигит емес. Сондай бужыр, сурқын гөшсиз бир күн де жасай алмас. Ол басқа бир пададан қой урлап алса да орақшыларын тойдырады!... Түсликке төрт фунт шыққандай бир бөлек қой гөшин жесек жаман болмас еди! Әсиресе, май гилпилдеген қой гөши болса, ең болмағанда шошқа майы салынған мәйек қуўырдақ болып өзи қайттыға жесең... Қаймақ қуйылған бөреклер жақсы аўқат, басқа қәлеген аўқаттан қалыспайды, әсиресе оны сениң ләккиңе үсти-үстине көп етип үйип сала берсе ҳәм салып болып ләккини қозғастырып, қаймақ түбине шекем жетип, ҳәр бир бөрек ҳеш жери қалмастан қаймаққа былғанып шықса, қандай жақсы болар еди. Ал егерде бөреклерди саған ләккили емес, ал қандай да болмасын қасық жүзип жүргендей басқа бир тереңирек ыдысқа салып берсе, оннан да жақсырақ болар еди».

Щукарь ата мешкей емес еди, ол тек жүдә аш еди. Өзиниң узақ ҳәм қуўанышсыз турмысының ишинде ол анда-санда ғана тойып аўқат жеди, өзинше мазалы болып көринген ҳәр турли аўқатларды тек болғаны түсинде ғана гүпти болғанша ишетуғын еди. Оның түсине биресе қойдың пискен ишек-қарынын жеп атырғаны, биресе трубкадай етип орап, қаймаққа басып үлкен шелпеклерди аўзына тығып атырғаны, биресе албырап аўзын күйдирип ғаздың өкпе-жүрегин ишек-қарыны менен қоса қуўырма кеспасты үсти-үстине жутып атырғаны енип шығатуғын еди... Аш адамда ушырасатуғынындай, оның түсине қандай тус енип шықса да, бирақ ол сондай түслерден кейин бәрҳәма қапаланып, базы бир ўақта ашыўланып ояныпп, өзинше: «Мына пайдасыз түслери қурғыр мәзи масқара

еткенинен басқа ҳештеңе емес: түсинде сондай сорпаларды алдыңа аласаң, сирə ишип тоймайсаң, оянып кеткениң сол, кемпириңниң бир суўдыраған суўық нəрсени тумсығыңның астына тутып турғанын көресең. Ҳəй қурып кетсин бул мақаў суўдыр суйық!» - дейтуғын еди.

Бундай түслерден кейин Щукарь ата азанғы аўқатка шекем əсте-ақырын кеўип кеткен еринлерин жалаў менен жүреди, ал азанғы жетер-жетпес аўқаттың ўақтында қайғылы суўық демин алып кетик қасық пенен табақтың ишиндеги бир түйир картофельди услап алыўға кеўилсиз кириседи.

Щукарь ата путаның тубинде жатып, бригадада түсликке маған қандай аўқат бериўи мүмкин деп көп ойланып атты, ал соңынан ол Яков Лукичтиң кемпириниң асабатында қалай тойғанын орынсыз ойлады ҳəм жеген аўқатларын есине тусирип өзиниң биротала дəртин қозғап, қайтадан көзи шайдай ашылып, бирден жүреги сазып, қатты аш болғанын сезди. Ол ызасы келип тупиринип жиберди, сақалын сыйпап ҳам қабысып қалған қарынларын сыйпап көрип, соңынан еситтирип сөйленди:

- Бир тислем нан менен бир шөлмек катық ҳақыйқат жумыс адамына тамақ болама? Бул аўқат емес, ал қуры əўерелениў! Буннан бир саат бурын мениң қарным цыганлардың дəбиндей тырсыйып тур еди, ал ҳəзир? Ҳəзир қарным жоныма жабысып қалды. Аллатаала! Пүткил өмириңе ойлағаның бир тислем нан, қарыным бир тойса дейсең, өмир болса суўдай ағып өтип баратыр, өлимниң келип қалғанын сезбей де қаласаң... Мениң усы Червленая сайының үстинен өткениме көп ўақыт болған екен-аў! Сонда шеңгеллер толық гүллеп, сай үсти аппақ лалазар болып тур еди! Сол ўақытта ара-тура самал есип кетсе, сайдағы аппақ ийисли гүллер ушып, қатты дүбелей турғандағы қардай, төбеңде айланады. Төмендеги жолдың ҳəммеси аппақ гүлге бөленип, қатынлардың қəлеген жерин бояўынан жақсы ийис шығарып туратуғын еди, ал ҳəзир сол көклемдеги гүллер қараўытып жоқ болған, қайтып келместей болып биротала жойылған! Мине тап усындай болып мениң түкке турғысыз өмирим де қартайған шағымда қараўыта баслады, жақын арада Щукарь бийшараға да қара жерди қайра-қайра басып жүрген аяқларын көсилиўге туўра келеди, əне сол ўақта ҳеш нəрсе де қыла алмайсаң...

Усының менен Щукарь атаның философия жəне лирика аралас ойлары тамам болды. Щукардың өзин өз аяныш бийлеп кетип, ол азмаз жыламсырады, соңынан сиңбиринип болып қызарыңқыраған көзлерин көйлегиниң жени менен сүртип, қалғый баслады. Қайғылы ойлаўлардан кейин оны бəрҳə уйқы басатуғын еди.

Уйықлап атырып, ҳəттеки сол ҳалында да өзиниң минезин сақлап қалып, Щукарь қуўанышлы күлип, шад болып көзин сузип, үйқылы-ояў ойлады: «Дубцовтың бригадасында тусликке қойдың таза гөши сөзсиз болады, оны мениң жүрегим сезип тур! Мен бир отырыста төрт фунт гөшти жей алмаспан, мен бул жерде азырақ қызыңқырап зыятырақ айтып жибериппен, бирақ үш фунт ямаса айтайық үш ярымдайын олай-булай қаратпай бирден ақ жеп қояр едим! Жаңағы айтқан қой гөши столдың үстинде турсын, Щукарь əкең не ислеў керек екенин жақсы биледи, көзди ашып жумғаншада қаратпайды, ояғынан қəтержан бола бериң!»

Саат үшлерде ыссылық ең жоқары шегине жетти. Шығыстан ескен қурғақ ыссы самал Червленая сайына қызғын ҳаўа алып келди, тез арада бул жерде жаңа ғана болып турған салқынлықтан ҳеш нəрсе де қалмады. Оған қосымша күн де батысқа қарай аўмасып Щукарьды қуўдалағандай болып оралған шекпенге бетин басып, ол дүс төмениңе уйықлап атыр еди, күн нурлары оны барластырып таўып алып, соңынан жыртық кəйлегинен өтип оның тырысып қалған арқасын сезерликтей қыздырған ўақта, ол уйқылы ояў болып атырып əстен көлеңкеге жылысты: бирақ та бир неше минут өткеннен кейин тынымсыз күн қайтадан ғаррының арқасын аяўсыз күйдире баслады. Щукарьға тағы да қапталына қарыны менен жалысыўға туўра келди. Уйықлаған уш саттың ишинде жер баўырлап, кишилеў бир путаның ярымын айланып шықты. Ақырында ыссыдан азап шегип, бет аўзы тобарсып, тула-бойы терлеген Щукарь уйқысынан оянды, оянып алақанының астынан күнге қарап отырып, үлкен наразылық пенен ойлады: Əне, қудайдын көзи қандай, өзиң

кеширегөр мени, жаратқаным, оннан путаның түбинде жатсаң да сақлана алмайсаң! Бәри бир мени ярым күн путаның түбин қояндай етип қыргубелек айландырды. Усыны уйқы деп айтыўға болама? Бул уйқы емес, ал ҳақыйқат жазалаў. Мениң арбаның астында жатыўым керек екендағы, бәри бир қудайдың көзи ол жерденде таўып алар еди, оннан қула дүзге көмип қойған шайтанды да жасыра алмайсаң!»

Аҳ-үҳ деп суўық демин алып Щукарь ләттеси шығып қалған шарығын асықпай шешип, ыштанын түрип, өзиниң қуўрап қалған аяқларына сын берип кулимсиреп ҳәм соның менен бирге қапаланып басын шайқап узақ ўақыт қарап отырды. Соңынан жанып турған бетин салқынлатыў ушын ағын суўға қарай кетти.

Усы ўақыттан баслап оның турмысындағы қайғылы ўақыялардың дизбеги шешиле баслады...

Ол шалаңнан өтип ортарағындағы таза суўға барыў ушын аяқларын жоқары көтерип еки адым атқаны сол, бирден шеп аяғының табаны менен жаны бар, сырғанақ муздай, суп-суўық бир нәрсени басқанын сезди де, сол заматта тобығының жоқарырағынан бир нәрсе әстен шаққандай болды. Щукарь ата шеп аяғын епшиллик пенен суўдан тартып алып, батпақтағы тырнадай оң аяғына минип орнында турып қалды. Бирақ ол оның шеп жағындағы шалаңлар сыл дырлап, оның үстинен тез ийреңлеп жүрип кеткен бир изди көрген ўақытта оның бетлери шалаңның түриндей көк-көмбек болып, ал көзлери кем-кем уясынан шыға баслады...

Соншама шаққанлықты ғарры қайақтан алды десеңизши! Оған әлле қашан-ақ өтип кеткен жаслық қайтып келгендей болды: еки секиргенниң өзинде жағаға шығып, ол сазлы төбешиктиң үстине отырып болып ғана қорыққан көзлери менен қырсықлы суў жаққа ўақтын-ўақтын қарап қойып, аяғындағы қызарған кирттей ғана еки қызыл точкаға аса дыққат берип қарай бослады.

Биринши қорқыныш өткеннен кейин, ол кем-кемнен ойлаў уқыплылығына ийе болды, әстен сыбыранды:

- Әне, қудай берип енди басланып киятырғаны... Мине бағанағы оңбаған белгилердиң ақыбети қандай! Бүгин тәўекел етип станицаға кетиўимниң кереги жоқ деп бул қырсық Давыдовқа айттым ғой, жоқ болмайды, өл, тирил, бирақ кет деп өжетленип кетә-кетти сала береди. Мине енди мениң жеткен жерим усы. Ол жийи-жийи «Мен рабочий класспан - дей береди. Неликтен бул рабочий класс сондай өжет болып келеди? Егерде ол бир нәрсе ислейин деди барғой қәтиржам бола бериң, өледи, бирақ дегенине жетеди. Ийттиң баласы дегенине жетти, ал мениң не ислеўим керек ҳәзир?

Сол ўаққытта бирден Щукарь атаға бир ой келе қалды: «Жараның қанын дәрриў сорып алыў керек! Мени шаққан уўлы сур жылан, басқа ҳеш нәрсе емес, көрдиң бе оның шалаң менен қашып кеткениң! Қәдимги жылан болғанда жай парахат асықпай жылысып кете берер еди, ал бул мақаў болса шаға сала бураңлай қашып баратыр. Па заңғардың меннен қорыққанына қара! Бирақ бул жерде кимниң кимнен көбирек қорыққаны жумбақ: ол меннен бе, я мен - оннан ба?

Бундай шубалаңқы мәселени шешип отырыўға ўақыт жоқ еди, күтип отырыўға болмайды, сонлықтан ғарры сол заматта еңкейип, отырған орнында төрт бүгилди, бирақ қалай урынған менен ерини жараға жетпеди. Сол ўақта өкшесин табаны менен қоса қоллары менен услап, турып, қорықпастан бар күшин салып аяғын өзине қарай жулқып жибергени, тобығында бир нәрсе шырт ете қалды, сол ўақытта ғарры да зәҳәрли аўырыўға шыдай алмай шалық ортасына таслады. Ол бес минуттай тырп етпей жатты. Щукарь есин жыйнап, шеп аяғының бармақларын әсте қыймылдатыңқырап қойып, не болғанын билмей ойлана баслады. «Жылан шағыўдан басланды, ал енди даўам етип атыр... Мен өз турмысымда адамның өз ерки менен өзиниң аяғын өзи шығарғанын биринши мәртебе көрип отырман. Бул нәрсени кимге айтсам да исенбейди, қайта Щукарь тағы өтирик сөйлейди» дейди. Әне саған ырым деген. Енди қандай бәлеге жолықтырайын деп киятыр. Әй қудай атсын, сени Давыдов, мен оған адам деп жақсы сөз бенен айттым ғой. Ал ҳәзир мен не ислей аламан. Атларды арбаға қалай қосаман?»

Деген менен ендиги жағында кешигиўге болмайтуғын еди. Щукарь әсте-ақырын түргелди, абайлап шеп аяғын басып көргиси келди. Оның бақтына аяғы онша қатты аўырмай, бир қанша кыйыншылық пенен болса да, еплеп жүриўине мүмкиншилик бар екен. Ол кишкентай бир бөлек саз кесекти алақанына езип, оны түпиригине ийлеп, жарасының аўзына пухталап жабыстырып болып, ақсаңқырап, зыянланған аяғын сақланыңқырап басып, атларына кетип баратыр еди, қәпелимде суўдың қарама-қарсы тәрепинде, өзинен төрт метрдей жерде бир нәрсени керди, көриўден қатты қәҳәри келип өзин иркип тура алмай көзлери масаладай жанып, еринлери қалтырап сала берди: Суўдың ар жағында доп-домалақ болып шыйратылып, кишилеў бир жылан үйилмениң үстинде ҳәз етип уйықлап атыр еди. Оның жылан екенлиги туўралы ҳеш қандай гүмән жоқ. Себеби оның басында қызғылт-сары «айнадай көзлери» жылтылдап тур...

Әне усы ўақта Щукарь ата қутырып кетти. Ҳеш ўақытта да оның сөзи буншама тәсирли көтеринки ҳәм қәҳәрли болған емес. Ол аўырыў аяғын алға қойып, салтанатлы түрде қолын созып жиберип, қалтырақланқыраған даўыс пенен кийликти:

- Ҳә сүйретилген нәлетий! Суп-суўық атаңа нәлет! Шегир көз пес! Кесапат мақлуқ, мени, яғный жумыс адымының зәрресин ушырып журген сен бе еле? Мен есим кетип сен емес, бир тәўиррек жылан шығар деп жүрмен-аў! Усыны ойлап қарағанда сен несең? Жылысқан мақаўсаң, тьфу, басқа ҳеш нәрсе емессең! Сени аяқ пенен женшип тағы бир рет мыжғыласам сениң ҳештеңе қалмайды. Егер сен мақаўдың себебинен аяғымды шығарып алмағанымда мен тап усылайынша сазайыңды берер ем сениң, түсин соны.

Щукарь тақтап, демин иркип-иркип алып түпиригин жутынды. Мрамырдай жылтыраған, суңғырдай басын көтеринкиреп, жылан биринши мәртебе өзине қарата айтылған сөзлерди дыққат қойып тыңлап турғандай болып көринди. Азмаз дем алып болып, Щукарь сөзин даўам етти;

- Өзиңниң уятсыз көзлериңди бежирейтип, ҳеш болмаса кирпигиңди де қақпайсаңә, ҳарамы занғар? Сен усылай кетемен деп ойлайсаңба? Жоқ, шырағым, сен бүгинги мийнет күниңе тийисли ҳақыңды меннен аласаң! Адаптер болғаның сениң! Ҳаў, мен сениң көзиңе сондай етип көрсетемен сенде анфилададан басқа ҳеш нәрсе қалмайды, факт!

Щукарь ата айыплаған ашыўлы көз-қарасын төмен түсирип, Червленая сайының сағасындағы бир жерлерден бәҳәрдеги суў менен ығып келген майда таслардың арасында бети тегислеў ири бир жумыр тасты көрди. Сөйтип аяғының аўырғанын да умытып кетип алдына қарай батыл аяқ басты. Тобығы оқ тийгендей қатты аўырып кетип, ғарры дым қолланбайтуғын сөзлерди айтып сөгинген қәлпинде қапталына қарай қулады, сонда да қолындағы тасын жаздырған жоқ.

Ол аҳ-үҳлеп, ыңырсып орнынан тураман дегенше жылан жоқ болып кетти. Ол бул жерде болмағандай. Жердиң жарығына, кирип кеткендей! Щукарь тасты да түсирип алып ҳайран болып қолын жайды;

- Айтынызшы, бул бәле шығар, мийнетимниң күйгенине қара. Ҳаў, бул сырғыя қайда сиңип кетиўи мүмкин? Суўдан басқа гөрге барама. Исиң бир келиспесе, сирәда келиспейди. Буның менен мәселе еле тамам болмас деп ойлайман... Мендей қартайған ақмаққа оның менен сөйлесиўдиң кереги жоқ еди, ал оның орнына үндемей барып тасты алып, биринши ретте-ақ оның басына салып кетиў керек еди, тек басына ғана болмаса ол ҳарамыны өлтире алмайсаң, ал екинши мәртебе ураман деп тиймей кетиўи мумкин, факт! Егерде ол ҳарамы жоқ болып кеткен болса енди кимди урасаң? Әне мәселе қайда!

Щукарь ата, тағыда азмаз ўақыт желкесин қасып, суўдың бойында турды, ал соңынан гүдерин үзип, қолын бир силтеди де атларын арбаға қосыўға ақсаңлап кете берди. Суўдан әдеўир алыслап кеткенше ол елеге шекем артына бурылып қарай берди, қарағанда да онша көп емес, тек бир неше жола ғана үстиртин былайынша сәл жерде көрине қояма деп...

- Дала өзиниң кең геўдеси менен бийҳуш қылатуғын ҳәм барлық ўақытта азмаз қапалы сезилетуғын аңқыған ийиси менен көкирек керип бир қәлипте демин алып тур. Қапталынан жол ететуғын тораңғыллы тоғайдан емески, бирақ сарғайыңқыраған

тораңғыллы жапырақларының ҳәўеслендириўши ийиси салқын таралады. Ал ясеньниң былтырғы жапырақлары болса бәҳәрдеги жас жапырақлардай ийиси аңқыйды, бәлким, олар бәҳәрде азырақ көк гүлдиң ийисиндей болып ийис беретуғын шығар. Усындай ҳәр түрли ийислердиң араласпасында катардағы адамның кеўли түсиңки келеди, айрықша ол жападан-жалғыз қалған ўақытларында қандай да бир оғада кеўилсизлеў болып көринетуғын әдети ғой. Бирақ Щукарь ата ондай емес еди. Енди ол аўырыў аяғын бүклеўли турған шекпенниң устине қолайлы етип алып, он аяғын бийпарўалық пенен арбадан салбыратып, тиссиз аўзы ыржыйып күлип киятыр. Жас минип нуры қашыңқыраған көзлери әдеўир сузилген, ал пуштыйған қызыл мурынының танаўлары баўырман даладағы ҳәр бир жағымлы ийисти тимискиленип тартады.

Қалай ол өмирге қуўанбасың? Аяқ аўырыўы кем-кем пәсейе баслады, алыс шығысағы бир жақлардан самал қуўып келген бултлар көп ўақытқа кунниң көзин қаплады ҳәм көкшил қойыў көленке тегисликлерге, төбешиклерге, қорғанларға ҳәм сайларға таралып, дем алыў аңсатласты, ал Щукарьды алдында қалай деген менен де мол аўқат күтип тур... Жоқ қалай десеңиз солай дей бериң, бирақ Щукарь атаның күн кориси ҳәзирше онша жаман емес!

Төбешиктиң қырында, Алыста екинши бригаданың дала будкасы менен қосы көрине баслағаннан кейин. Щукарь ата зорға жүрип киятырған атларды иркип, арбадан түсти. Тобығындағы сызлап, сырқырап турған аўырыў еле кеткен жоқ, сондада ол еки аяғын басып еплеп тура алатуғын еди, соңлықтан ғарры: «Мен оларға суў тасыўшы емес, ал қалай деген менен де колхоз баслығының арбакеши киятырғанын танытайын. Рас мен жолдас Давыдовты, Макаржанды ҳәм басқа да басшы адамларды тасыйды екенмен, онда арбаныда адамлардың узақтан көзи қызғандай етип айдаўым керек!» - деп ойлады.

Ғарры арбада талтайып тикке турды, дизгинди қатты тартып, қоныўға аз қалғанын сезип турған атларға күйип-писип күйинип ҳәм аянышлы түрде гүрсинип, мәртлерше ғыйыт-ғыйтын берип жиберди. Атлар болса турған жерден шаба жөнилди. Түсерликте атлар кем-кемнен пәт алып, тез арада Щукарьдың белбеўсиз көйлеги қарсы ескен самалға желбиреп арқасына томпайып шықты, ал оның өзи аяқ аўырыўынан жыйырылып, атлардан қаттырақ шабыўды талап етип, қамшысын кеўилли былғап жинишке даўыс пенен: «ҳәй, арғымақларым! Шаўып отырың!» деп қоязды.

Оны биринши болып қостың қапталында турған Агафон Дубцов көрди.

- Таврияльілардай болып тиккесине айдан киятырған шайтан ким?

Қара, Прянишников, ким өзи шаўып киятырған? Прянишников ярым гүди шөптиң үстинен кеўилли түрде:

- Агитбригада киятыр: Щукарь ата киятыр, - деп бақырып жиберди.

- Жүдә баб болған екен, - деди масайрап күлип Дубцов. - Болмаса жүдә зеригип өлерге келип едик. Кеште ғарры бизлер менен бирге болады, ўәде сол болсын, жигитлер тунде ғаррыны ҳеш жаққа жибермегейли...

Ал Дубцовтың өзи болса будканың астынан қапшығын алып, оның ишинен аўзы ашылған шереклик бир шийше арақты таўып алды да қалтасына тықты.

## XIX БАП

Азмаз май салынған еки табақ суйықлаў сөк шәўлесин қағып салғаннан кейин Щукарь ата толық қанаатланып, азмаз уйқысы келди. Сақый аспазға миннеддарлық пенен қарап былай деди:

- Сыйлағаныңыз ҳәм арағыңыз ушын сизлердиң ҳәммеңизге рахмет, ал саған Куприяновна миннетдарлық билдиремен. Егер билгиң келсе сен ҳеш қандай қатын емессең, ал алтын толы сандықсан, факт! Сен өзиңниң шәўле писириўге усы шеберлигиң менен мынаў қусаған адамларға емес, ал Михаил Иванович Калининниң өзине писириўиң керек еди. Егерде усындай айрықша ықыласың ушын бир жылдан кейин сениң көкирегиңе қандай да бир медаль тағылар еди, мениң басымды кесип ал, мүмкин, ол сениң жеңине

қандай да болмасын бир шеврон берер еди, кудайлар урсын, өтирик емес, факт. Мен турмыстағы ең баслы нәрсениң не екенин майда шүйдесине шекем билемен...

- Не билесең? - деп қапталында отырған Дубцов таңланып сорады.

- Сениң тусинигиң бойынша, ең баслы нәрсе не деп ойлайсаң, ата?

- Тамақ! факт пенен айтаман, тек тамақ, оннан уллырақ ҳеш нәрсе жоқ.

- Сен қәтелесесең, ата, - деди қапалана Дубцов, цыганға усаған көзлери менен басқа тыңлаўшыларға қиялап салмақлы түрде қарап қойды. - Сен оғыры қәтелесетуғын болдың, себеби картайған шағында сениң ақылың жаңағы ишкен шәўлеңдей суйылып баратыр. Мийиң де сениң ашып кетти, сонлықтан да сен қәтелесе бересең...

Щукарь ата пәсине қайтып күлимсиреди:

- Еле белгисиз, кимниң мийиниң кебирек ашығаны: сениң бе ямаса мениңбе. Ал сениңше турмыстағы ең баслы нәрсе не?

- Сүйиўшилик - деди Дубцов. Бул сөзлер оның еринлеринен емес, ал көкирегинен шыққандай болды. Ол қыял етип көзлерин сондай етип алартты дейсең, ҳәтте оның қара бужыр шырайына көзи түсип, биринши болып Куприяновна шыдай алмады.

Ол жаўынды сезип пысқырған аттай, қатты мырсылдап жиберди, тула бойы, кулкиден селкилдеп кетип, қып-қызыл болып қызырған бетин кофтасының жеңи менен басты.

- Ҳа! Сүйиўшилик! - деп масқаралап күлимсиреди Щукарь. Жақсы аўқатсыз сениң сол сүйиўшилигин неге арзыйды? Тьфу басқа ҳештеңе емес! Саған бир ҳәптедей тамақ бермей қоярма еди, сеннен Куприяновна туўе өзиңниң баўырман ҳаялың да безеди.

- Оны еле көрермиз, - деп қарсыласты Дубцов.

- Көретуғын жери жоқ. Мен оның бәрин аттан анық алдан болжап билемен, - деп Щукарь ата кесип таслады да бәнтин басып суқ бармағын жоқары көтерди. - Ҳәзир мен сизлерге ыңғайы келип турған бир нәрсени айтып беремен, оннан кейин ҳеш қандай талассыз-ақ бәри түсиникли болып қалады.

Щукарь ата бундай аса дықатлы тынлаўшыларды сийрек ушыратқан еди. Отызға жақын адам жанып турған оттың дөгерегинде отырып, бәри бирден Щукарьға қулағын түрип, оның бир сөзинде қалдырмай еситкиси келди. Солай болмаса да Щукарьға тап сондай болып көринди. Бул ғаррыдан не күтиўге болатуғын еди? Жыйналысларда оған ҳеш ўақытта да сөз бермейди. Давыдов болса онда-мында жүргенде үндемейди, өзинше бир нәрселер туўрасында ойланады да отырады. Щукарьдың кемпири болса жаслайынан-ақ сөйлемшек емес. Бийшара ғаррының ким менен сөйлесип ҳәзлесиўи керек еди? Сонлықтан да ол тилеклес тыңлаўшыларды таўып алып, кешки аўқаттан кейин табылмайтуғын кейип келген ўақта, қәлеўинше дәртин жазып алғысы келди. Ол малдас қурынып қолайласып отырып алып, алақаны менен сақалларын сыйпап, өзиниң асығыс емес қыссасын жаңа ғана баслай берейин деп аўзын ашқан ўақта, оннан бурын Дубцов жортаға қатаңлық етип:

- Бирақ, ата сен өтирикти сулқытпай! Бизиң бригадамызда өтирикшилерди шылбыр менен сабайтуғын әдет бар, - деди.

Щукарь ата суўық демин алып, шеп аяғын алақаны менен сыйпап қойды.

- Сен мени қорқытпа, Агафоша. Мен бүгин онсыз-ақ өлгенше қорқып келдим... Мине енди айтсақ, мынадай бир нәрсе болып еди. Бәҳәрде Давыдов мени шақырып алып: «Ата, складшыға барып еки қалта сулы, өзине азық-аўқат жаздырып ал да, айғыр атларға минип туўры жол менен Сухой Логтын шетине уш. Ол жерде бизиң бийелер жайылып атыр, сен оларға өзлериңниң күйеўлеринди алып барасаң. Үйирди Василий Бабкин гереӊ жайып жүр. Оны тек топарға бөлесиз, биреўинде Василий болады, ал екиншисинде сен. Бирақ дөретиўшилерге жуўапкер өзиң, оларды ўақтында сулы менен сен жемлеп турасаң» - деди. Мойынлаўым керек, мен дөретиўши дегенниң не екенин билмек түўе, ондай сөзди де еситип көргеним жоқ еди. Әне енди усындай мәселе пайда болды. Айғырды билемен, бийени билемен, акта дегенниң не екенин баз баяғы билемен. Мен: «доретиўши- деген не?» деп сорайман. Ол маған «кимде ким төл дөрететуғын болса, соны дөретиўши деймиз» - деп жуўап береди. Тағы да: Буғаны да дөретиўши деп атаўымызға болама?» -

деп сорадым. Ол мурнын жыйырып: «Өзинен өзи түсиникли» - деди. Мен қоймастан тағы: «Сениң менен биз екеўмиз де дөретиўшилеримиз бе?» - деп сорадым. Ол күлип: «Бул жерде ата ҳәр ким өзи өзине жуўап береди» деди. Қысқасын айтқанда былайынша болады: сен мейли шымшық бола ғой, мейли бир ҳайўан бола ғой, мейли адам бола ғой, егер сениң жынысың ердики болса, онда сен қосып шытылмаған ҳақыйқат дөретиўшисең. Мен өзимше: «жүдә жақсы» - деп ойладым. Және тағы бир сораў. Мен онан: «Егер кимде ким ғәлле дөретсе бул ким болады, дөретиўши ме я басқа ма?» деп сорадым. Ол суўық демин алып:... «Артта қалған адамсаң сен ата» - дейди. Мен оған жуўап ретинде: «Сен меннен де бурын артта қалғансаң, Семушка, себеби мен сеннен қырық жыл бурын туўылғанман бул жөнинде сен әдеўир артта қалғансан» - дедим. Усның менен бизлер мәселени шештик.

Куприяновна ишинен ысқыра сыбырланып:

- Буған қарағанда, ата сен де дөретиўшимисең?

- Ал сениңше мен киммен? - деп мақтаныш пенен жуўап берди Щукарь.

- Ой қудайым ай, - деп ыңқылдап жиберди Куприяновна. Ол басқа ҳеш теңе дей алмады. Себеби бетин алжапқышқа басып таслады, тек буўлыққан қырылдысы ғана тынышлықта еситилип тур.

- Ата, сен оған кеўил бөлме, өзиңнин жолыңнан шықпай айта бер, - деп Кондрат Майданников әлпайым турде айтты да, оттан терис бурылды.

- Бул қатынларға мен өмиримше кеўил белмей киятырман, ал егер кеўил бөле қойғанымда, - мүмкин, бунша көп жасай алмаған да болар едим, - деп исенимли түрде жуўап берди Щукарь.

Сөйтип сөзиң даўам етти.

- Жақсы, енди болар, сөйтип мен үйирге келип, жан-жағыма қарасам, қарап көзим тоймайды! Айлана дөгерегимниң бәри сондай ажиотаж, өмириңше ол жерден шыққың келмейди! Даладағы көкшил гүллер жас шөплер, бийелер жайылып жүр, төбеде қыздырып күн тур. - қысқасын айтқанда саған, толық ажиотаж!

- Жаңағы сениң айтқан сөзиң не? - деп қызықсынды Бесхлебнов.

- Ажиотаж ба? Бул сениң айлана дөгерегин гүл жайнап турыпты деген жақты дүньяда уўайым-қайғы, қапашылық көрмей өмир сүре бер деген мәнисти билдиреди. Бул илимий сөз, - деп тайсалмай исенимли түрде жуўап берди Щукарь.

- Сен бундай сөзлерди қайдан үйренип алдың? - деп жаңа нәрсеге қызыққыш Бесхлебнов тереңирек сорай берди.

- Макаржан Нагульновтан үйрендим. Бизлер оның менен екеўимиз жүдә доспыз ғой, ол түнлерде англичан тилин үйренеди, ал мен болсам оның қапталында отыраман. Ол маған Куприяновнадай жуп-жуўан китап берди, оның атын сөзлик дейди. Майда балалар оқыйтуғын әлиппе емес, ал егеделерге арналған сезлик. Берип болып: «Оқы, ата қартайған шағыңда керек болады» - деди. Соннан бери әсте-ақырын үйренип атырман. Сен тек мениң ойымды бөле берме, Акимжан, болмаса мен айтажақ пикиримнен кирпик пенен қастық арасында алжасып қаламан. Мен сизлерге бул сөзлик туўралы соңырақ айтып берермен. Сөйтип мен өзимниң дөретиўшилерим менен баратуғын жерге келдим, бирақ олардан да, ажиотаждан да ҳеш қандай нәтийже шықпады... Мен сизлерге ырасымды айтайын қәдирданлар: кимде ким егер Васька гереӊ менен ислес болмаса, ол тағы да он жыл артық жасайды.

Ол бир турған томар, егерде екеўин салыстырғанда Демид Үндемес те бизиң Гремячий Логтағы сөйлемшек адам. Оның үндемегенлигиниң дәртинен мениң қула дүзде шеккен азабым айтып ада болар емес! Мениң бийелер менен сөйлесиўим керек емес ғой? Васька суткалап дым үндемейди, тек болғаны қашыр-ғушыр шайнап тамақ жейди де, басқа ўақта я қурылдамай уйықлайды, я ширик наўадай сес шығармай алашаның астында жатады да қояды, жекке сийрек көзин ашып жумады да тағы да дым үндемейди. Әне усындай ҳеш шешиўге болмайтуғын аўҳалға түстим. Қысқасын айтқанда, ол жерде әўлийедеги өлиллердиң қонағындай үш сутка жасадым да ең изинде өзим менен өзим сөйлесе басладым. Ҳә-әй-әй усылайынша күн көриўге болмайды, - деймен! Бундай

жағдайда мендей отырыспашыл адамның ақылдан айырылыўы да қыйын емес.

Мениң жүдә жек көретуғыным бизиң Макаржан Нагульновтың жылда келетуғын байрамларда, яғный Биринши майда, Жетинши ноябрьде жер жүзилик революция туўралы узыннан шубай хәр турли тусиниксиз сөзлерди көпиртип айта баслағанында жаным төзбейди, ал оның бул сөзлерин де суткалар даўамында бағдағы бүлбүлдиң, болмаса түн жартысындағы қораздың шақырығын тыңлағандай тыңлар едим, сол мементлери. Қораздың бул шақырыўында не бар деп ойлайсыз, сизлер гражданлар! Бул ағайинлерим, ширкеўде өлиге намаз оқығаннан ямаса жүректи тетиркентетуғын тағы бир болмаған нәрселерди айтқаннан кем емес...

- Сен қоразлардың қалай шақыратуғынын араластырмай бизлерге тамақсыз суйиўшилик туўралы айтып бер, - деп шыдамсызлана бригаданың есапшысы айтыўшының сөзин белди.

- Хаў, гражданлар, сизлер тынышсызланбай-ақ қойың, еле әңгиме хәр түрли сүйиўшилик ҳаққында да болады, ол мәселе емес. Ал ҳәзирше жаңағы Васька гереӊ туўралы. Егерде ол тек үндемегени менен тура бергенде бир сәри, ал оған қосымша ол сондай мешкей екен, оның менен оңысыў сирә мүмкин емес. Гейде шәўле ямаса душшы қамырдан сықпан писире қойсаң ақыбети не болады десеңизши? Мен қазаннан бир қасық қуйып аламан дегенше ол бес қасық қуйып алады. Өзиниң үлкен қасығын паровоздың арысындай етип қолайластырып алып, биресе онда, биресе мында, қазаннан аўзына, аўзыннан қазанға апарады, бир ўақта қарасам шәўле қазанның түбинде кирттей қалған. Сөйтип мен аш қаламан, ал ол болса өгиздей томпайған қарнын аспанға көтерип жатып алады да, пүткил даланы басына көтерип кекире баслайды. Еки сааттай кекирип болып, оңбағыр соңынан қурылдыға кириседи. Берекет таппағырдың қурылдысының қаттылығы соншелли, ҳәттеки ылашыққа жақын жерге жайылып жүрген бийелер де үркип басының аўған жағына ылағып кегеди. Сол жатыстан ол қыста уйқыға кирискен суроклардан қалыспай тап түнге шекем уйықлайды.

Ол жерде мениң кеширген күнлерим әне қандай қыйын болды. Әри үйсиз көпектей ашпан, әри хеш болмаса зериккен ўақта бир мәртебе де сөйлескендей хеш ким жоқ... Екинши күни Васькаға жақынласып отырып, қолымды трубадай етип қулағына тутып ҳәм бар күшим менен: «Сен неден гереӊ болдың, урыстан ба ямаса бала ўақтық да ақпа-қулақ болдың ба?»- деп бақырдым. Ал ол маған оннанда қаттырақ бақырып «Урыстан! Он тоғызыншы жылы қызыллардың бронепоездағы төрт дюмлық топтан атқан снаряды мениң қасымда жарылды. Сонда мениң астымдағы атым өлди де, өзим контузия болып қулағым биротала еситпей қалды» - деди. Мен оннан: «Висилий айт, қәне неге сен бунша ес ақылдан айрылғанша тамақ ише бересең? Бул да контузиядан ба?» деп тағы да сорадым. Ол маған жуўап ретинде: «Булытласып киятыр-бул жақсы. Ҳәзир жаўын сондай керек!»- дейди. Әне усындай геўек пенен сөйлесип көр...

- Сен қашан сүйиўшилик туўралы айта баслайсаң? - деп шыдамсызлық пенен сорады Дубцов.

Щукарь жақтырмай мурнын жыйырып қойды. Усы сүйиўшиликтин сизлерге не кереги бар, үйи күйгирдин! Мен өмиримше усы сүйиўшиликтен қашып жүрмен, егерде мениң өлген әкем пақыр зорламағанда, мен өмиринде де үйленбес едим, ал ҳәзир сүйиўшиликти гәп ет дей бересең. Па, айтатуғын гәпти тапқан екенсиз... Егер билгиниз келсе сондағы аўқатсыз қуры сүйиўшиликтиң ақыбети не болғанын айтып берейин...

Мен жиберилген жерге бардым, үйирди еки топарға бөлдик, ал мениң әкелген күйеўлерим бийелерге қарамайды да, тек болғаны хеш шаршамай шөплерди тислери менен қырқа береди. Өзлериниң келиншеклерине бир түйир де кеўил бөлмейди! Ушыраған екенбиз, деймен! Өзимниң деретиўшилерим менен үлкен уятқа қалдымаў. Оларға қәлегенинше сулы да берип атырман, бәри де бийелерге қарайтуғын түри жоқ. Биринши күни қарамайды, келеси күни де сондай. Енди мен бийшара бийелердиң қасынан жүрип өтиўге қысынаман, тусына жақынласыўдан уялып дәрриў терис бурыламан, қарайтуғын бетим жоқ, әне қалае! Бурын хеш ўақытта қызарып көрген емес едим, ал енди

не иләж бар қызарыўға үйренистим: уйирге келип суўғарыў ушын атларды ҳаўызға айдайын дегеннен дәрриў қызлардай қызарып сала беремен.

Жаратқан ай, усы үш күнниң ишинде өзимниң дөретиўшилеримниң дәртинен мен қанша уятқа қалдым айтып ада болар емес! Бул шешиўге болмайтуғын нәрсе екен. Үшинши күнге қарай мениң көз алдымда мынадай бир көринис тур: бир жас байталша мениң Гүл деп атайтуғын маңлайында төбели бар, артқы шеп аяғы ақ шулық кийген торы атым менен ойнап атыр. Әне сол байталша оның дөгерегинде уршықтай айналады, га олай, га былай таўланып ҳәр жерине аўыз салып қыйпақ-сыйпақ етип ҳәр түрли сүйиўшилик билдирип атыр, ал ол болса көзин жумып байталшаның үстине басың салып ҳәм аянышлы түрде суўық демин алады... Әне Гулдиң болған жери мине усы. Ал мен болсам ашыўым келип, тула бойым қалтырап: бийелер мен туўралы енди не дер екен деп ой жуўыртаман. Бәлким: «Қартайған ақмақ гилең бир ақталарды алып келипти аў дер», -ал мүмкин, оннан да жаманырақ бир нәрсе айтар...

Ең соңында жәниўар байталша дым шыдай алмай, бизиң Гүлге қуйрығын бура берип, бар күши менен бүйирине қос аяқлап сәддени берип жибергени, оның қарнында бир нәрселер зуў ете қалды. Тап сол ўақта мен де оның қапталына жуўырып бардым, өзим қыйланып жылап турман, ашыў менен аттың арқасын қамшылап: «Егерде сен дөретиўши болып аталатуғын болсаң, онда өзиңди ҳәм қартайған шағымда мени де уятқа қалдырыўын керек емес», - деп бақырдым.

Жәбирленген жәниўар жигирма метрдей жерге қашып барып тоқтады да бирден аянышлы даўыс пенен кисинеп жибергенде жәниўарды аяп баўырым ерип, жылап жибергенимди билмей-ақ қалдым. Соннан кейин оған қамшысыз келип тумсықларын сыйпадым, ол мениң ийниме басын салып суўық демин алды...

Мен оның жалынан услап ылашыққа алып киятырып: «Гүлим, енди үйге кете берейик, бул жерде бизлердиң мәниссиз жүре бериўимиздиң, өзлеримизди қайта-қайта уятқа қалдыра бериўимиздиң не кереги бар...» дедим. Соннан кейин оларды арбаға қосып хуторға қайттым. Ал Васька гереӊ: «Бир жылдан кейин тағы кел, ата, далада бирге жасап, сениң менен бирге шәўле жеймиз. Сол ўаққа шекем тири болса, сениң айғырларың да қәддин тиклеп алар» - деп киснейди маған.

Мен хуторға келип, болған ўақыяның барлығын Давыдовқа жеткердим, оның төбе шашы тик турып маған: «Сен оларды жаман баққансаң!» - деп бақырды. Мен оған бунысы ушын дәкки бердим, «Мен жаман баққаным жоқ, ал сизлер жүдә жақсы мингенсизлер. Биресе өзиң, биресе Макаржан, биресе Андрей Размётнов. Атлар күшиннен бир ели босаған емес, сулыны болса сениң Яков Лукичиңнен алдына бас ийип сорап ала алмайсаң. Үйир атларға минип жүрген бир де адамды көрдиң бе өзиң? Егер олар ҳақыйқат дөретиўшилер болатуғын болса, онда тек от-шөп жеўден басқа хеш нәрсе ислемей турыўы керек, болмаса бул мәселе бәрҳәма шешилмей қала береди» - Рахмет айтыў ядыныздa барма баяғы бизлерге станицадан еки дөретиўши жиберилип бийе мәселеси соннан кейин өзинен өзиз-ақ шешилип, маңлайымыз ашылып қалды. Жетерли аўқатсыз қуры сүйиўшилик деген мине усыны билдиреди. Түсиниклиме, сизлерге, надан адамлар? Бундай әҳмийетли әңгиме басланғаннан кейин күлиўдиң де кәжети жоқ.

Өз тыңлаўшыларын шоштыйып шолып өтип Щукарь ата сөзин даўам етти:

Дәристеги қонызақ қусап бәрхә жер жазып жүрип сизлер турмыстың қызығын қайдан билесиз? Ал мен болсам ен кеминде ҳәпте сайын гейде бир мертебе, гейде жийирек, станицаға барып тураман. Маселемкиден сен Куприяновна, ең болмаса бир мәртебе радионың қалай сөйлейтуғының еситтиң бе?

- Мен он жылдан бери станицаны көрмеген болсам оны қаяқтан еситемен.

- Әне сол! Ал мен болсам ҳәр барғанымда қәлегенимше тыңлайман. Бирақ мен сизлерге айтайын, ол дым жаман нәрсе! - Щукарь қасын шайқап қойып әсте күлди.

Райкомның қарсы алдындағы бағанда бир қара труба илинип тур, оның бақырыўынан қудай сақлағай! Төбе шашың тикке турып, күн жанып турса да қуйқаң жуўлап, етиң түршигип кетеди! Мен атларымды усы трубаның түбине туўарып, дәслеп колхозлар,

рабочий класс ҳәм соған уксас тағы басқалар ҳаққында айтқанларын ҳәз етип тыңлап турман, ал соңынан басыңды дорбадағы сүлиге тықта жата қал: Москвадан биреў ат киснегендей: «Тағы азырақ қуй, кел ишейик қудай урсын», - деп бақырып жибергенде сизлер исенбессизлер, халайықлар мениң сондай арақ ишким келип кетеди дейсең, өзимди бийлеп те тура алмайман! Мен маңлайы сорлы станицаға командировкаға кететуғын болсам, әсте-ақырын кемпирге билдирмей ғана онлаған ямаса қолыма илингенинше мәйек урлап аламан да станицаға барыўдан дәрриў базарға кетемен. Мәйеклерди сатып бола сала асханаға бараман. Ол жерде трубадан айтқан ҳәр түрли қосықларды еситип отырып арақ симирип аламан да, оннан соң жолдас Давыдовты күн-түн демей күтип отыра беремен. Ал егер үйден мәйек-сәйек қымып шыға алмасам, себеби, соңғы күнлери кемпирим кетер алдымда мени бақлайтуғын бәлеге ушырадым, мен райкомға Давыдовтың изинен барып әсте ғана: «Семушка, жаным, шерек шийшеге жеткендей ақшаңнан кешип маған бер, болмаса қурыдан-қуры сени күтип турыўға зеригип кетемен» - деп сорайман. Ол сондай мийримли адам, ҳеш ўақытта да бос қайтармайды, мен ақшаны алыўдан асханаға барып азмаз ишип аламан да күн шығар ўақта ҳәз етип уйықлайман ямаса биреўге атларымды тапсырып, өзим питпеген бир жумысларымды жөнлестириў ушын станицаны аралап кетемен.

- Станицада сениң қандай жумысларыңның болыўы мүмкин? - деп сорады Аким Бесхлебнов.

Щукарь ата суўық демин алып қойды:

- Хожалық ийесиниң жумыслары аз ба? Бир де бир шийше лампамай, еки үш қуты шырпы сатып аласаң. Ямаса мынаны-ақ айтайық: жаңа мениң илимий сөзлерим туўралы, сөзлик туўралы сорадыңызлар, онда илимий сөзлер қос жудырықтай ҳәриплер менен жазылған, мен оларды көз әйнексиз-ақ оқый аламан, ал оның тусында майда ҳәрип пенен соның түсиниги, яғный қандай мәнис аңлататуғыны жазылған. Мен көп сөзлерди ондай түсинигисиз-ақ билемен. Мысалға: «Монополия» деген нени аңлатады? Өзинен-өзи керинип тур арақхана. «Адаптер» деген түкке турмайтуғын адам, сирә оңбаған дегеннен басқа ҳеш нерсе емес. «Акварель» - бул ең жақсы қыз, мен усылай түсинемен, ал «Бордюр» - пүткиллей керисинше, жезөкше қатын дегеннен басқа ҳеш нәрседе емес, «Антресоли» - айландырыў деген. Жаңағы геллең азмаз айланайын деген сениң сүйиўшилигиң, - мине усы, Агафон ҳәм тағы сондайлар. Қалай деген менен де маған көзәйнек керек болды. Давыдов пенен станицаға келе қалғанда көзәйнек сатып алғым келди. Бундай бир үлкен исти питкериў ушын маған кемпирим ақша берди.

Көзәйнек ала қояйын деп бир кеселханаға кирип барсам, ол кеселхана емес, ал ҳаяллар туўатуғын үй екен: бир жайда қатынлар сыңсыласып ҳәр қыйлы даўыста жыласып атыр, екинши жайда пышықтың баласындай кишкентай балалар мияўласып атыр. Мен басқа жаққа кетиппен, бул жерден көз әйнек ала алмаспан деп ойладым. Басқа кеселханаға кеттим, барсам басқышта еки адам шашка ойнап атыр екен. Олар менен сәлемлесип болып: «Қай жерден көз әйнек сатып алыўға болады?» - деп сорадым. Олар екеўи бирдей аттай кисинеп жиберди, соңынан биреўи: «Ата, саған бул жерде көзин маңлайына шығып кететуғын етип әйнек салады, бул вереникалық кеселхана, сен тезирек жоғал, болмаса сени куш пенен емлей баслайды» - деди.

Мен әлбетте өлгенше қорқып, қудай аяғыма қуўат бергей деп бул кеселханадан дызғыўым менен қашып кеттим. Ал олар болса, нәлетий ақмақлар мениң изимше аўызға шығып биреўи шамасы жеткенинше ысқырып, екиншиси көшени басына көтерип: «Қаттырақ жуўыр, алжыған ғарры, болмаса ҳәзир жетейин деп тур!» - деп бақырады. Әх, сол ўақта аяғым-аяғыма тиймей кеттим-аў. «Қудайдың көзинен таса болса, шайтан не қылмайды» дегендей қәпелимде изиме жетип алып, маңлайымды қуртар, оннан соң докторлардың алдында ҳақлағаным не пайда деп ойладым.

Аптекаға жуўырып жетемен дегенше өкпем өшип қалды. Бирақ аптекада да көз әйнек жоқ болып шықты. Ата, сен Миллерова ямаса Ростовқа кете бер, көз әйнекти тек көз докторы ғана жазып биреўи мүмкин деп кеңес берди. Жоқ, деймен ишимнен неликтен мен

ояққа кетемен? Сөзликти соларсыз-ақ шамалап жорып оқый аламан, көз әйнек мәселеси де дым шешилмейтуғын нәрсе екен.

Ал станицада мениң басыма түскен ҳәр түрли ўақыялардың есап саны жоқ.

- Ата, сен бир шақадан екинши шақаға ушып қонып жүрген шымшықтай секелеклей бермей барлығын бастан аяқ тәртиби менен айтып бер болмаса буның басының қайда екенине, аяғының қайда екенине дым түсинип болмайды - деп, өтиниш етти Дубцов.

- Мен тәртиби менен айтып отырман, ең баслысы сөзимди бөле берме. Егер тағы бир рет сөзимди бөлсең онда мен айтажақ пикиримди биротала умытып қаламан, оннан соң бәриңиз жабылғанда да мениң айтқаныма нәрсе түсинбей қаласыз. Ал енди былай болды. Сөйтип мен бир жола станица бойлап жүрип киятырсам, қала формасында кийинген, қолында сумкасы бар, жап жас суп-сулыў бир қыз мениң қарсы алдымнан шықты. Аяғына бийик өкше кийген, өкшелерин ешкиниң туяғындай «дик- дик, дик- дик», еткизип басып киятыр. Мен болсам қартайған шағымда барлық усындай жаңалықларға қумар етип қарайтуғын болдым, сондай ҳәўес етемен! Ағайинлер, мен велосипед айдап та көрдим. Бир жола велосипедке минип киятырған бир жигитти көрип, оған: «Шырағым, мына машынаңды маған берип тур, азмаз айдап көрейин», - дедим. Ол қыйланбай келисим береғойды ҳәм өзиниң мингишине жайғасып отырыўға жәрдемлесип мени бираз сүйеп жүрди, мен болсам қатты айдағым келип бар күшим менен аяқларымды тез-тез айландыраман. Соңынан мен оған: «Алла рәҳим етсин, шырағым, сен мени сүйемей-ақ қой өзим-ақ айдап көрейин» деп өтиниш еттим. Ол мени жаздырыўдан руль қолымнан таўланып кетип, туппа-туўры акацияның түбине дүрис ете қалдым. Денемниң кириўге болатуғын ҳәм болмайтуғын ҳәмме жерине акацияның қанша тикенегиниң киргенин билмеймен - есап саны жоқ! Соңынан тикенлерди бир ҳәптедей шуқылап алып отырдым, және бир түбир илип кетип ыштаным да жыртылып қалды.

- Ата, сен өзиңниң ыштаныңды қойып, бизлерге қыз туўралы айтып бер, - деп қатаңлық пенен оның сөзин бөлди Дубцов - қәне өзиң-ақ ойланып көр, бизлерге сениң ыштаныңның не кереги бар?

- Әне сен тағы мениң сөзимди бөлип отырсаң, - деп Щукарь ата қапаланынқырап жуўап берди. Бирақ сонда да сөзин даўам етип - Сөйтип жаңағы сулыў қыз кишкене солдаттай қолын былғап жүрип киятыр, ал мен алжыған болсам ишимнен: усы қыз бенен қалайша қол усласып ең болмаса бир еки адым атласа алар екенмен? - деп ойлайман. Өзим өмирим туўып ҳеш ким менен қол усласып жүрип кергеним жоқ, ал бирақ жаслардың сондай болып бир де ол қыздың қолынан тартып, бир де қыз оны қолтығынан услап жүргенин станицада көп көрдим. Айтыңызшы, гражданлар, сондай кеўли хошлықты мен басқа жерде ала аларма едим? Бизиң хуторда өйтип жүриўге болмайды, масқаралап күледи, ал енди қай жерде жүриўге болады?

Тап сол ўақта сулыў қыз бенен қалай еткенде қол усласып жүриўге болады деген жаңағы мәселе қыйландырды. Мен дәррриў сумлық ойлап кешеде дегершиктей таўланып рас улы ыңқылдыны салдым. Қыз қасыма жуўырып келип: «Сизге не болды ата?» деп сорады. Мен оған: «Наўқасланып кеселханаға да жете алмай турман, шырағым, тула бойым шаншып баратыр»... дедим. Сол ўақта қыз «мен алып барайын, ата маған сүйене қойың» - деди. Мен мәртлик пенен қыздың қолынан усладым да екеўимиз қатар жүрип кеттик. Жүдә ҳәз еттим. Бизлер районлық дүканға жақынлай бергенде мен азмазлап бойымды жаза басладым ҳәм қыз еле ҳеш нәрсеге түсинбей атырған ўакта, пәт пенен бетинен шорп еттирип сүйип алдым да ишинде дым жумысым болмаса да дүканға жуўырып кирип кеттим. Қыздың көзи тас төбесине шығып, мениң изимнен: «Ата, сен жәдигөй ҳәм хулиган екенсең!» - деп бақырды. Мен иркилиңкиреп: «Шырағым зәрурликте оннан зорырағын да ислейсең! Өмиримше мен бир сулыў қыз бенен қол усласып жүрип көрген емеспен, өлер шағым болса жақынласып қиятыр. Соны есапқа алыў керек» - дедим, Өзим дүканға кирип барагырып қызы түспегир милиционер шақырып жүрмесе не жақсы деп ойладым. Бирақ қыз бир күлди де өкшелери дикилдеп жолына түсип кете берди. Мен дүканға жуўырыўым менен кирип өшкен өкпемди баса алмай

атырсам дүканшы «Ата, сен өрттен шыққаның жоқ па?» дейди. Мен буўлығып турман, бирақ оған: «Оннанда зорырақ. Қәне, маған бир қуты шырпы бер», - дедим.

Жумыстан шаршап жүрген адамлар тарқаса басламағанда Щукарь ата өзиниң таўсылмайтуғын гүрриңин еле де айта бережақ түри бар еди. Ғарры ең болмаса тағы да бир еки гүрриң айтып берейин деп адамларға бийҳуўда жалынғаны қалды, -көп узамай-ақ өшип қалған оттың қасында бир адам да қалмады.

Әбден өкпелеп, ренжиген Щукарь шекпениң үстине жамылып, қалтырап, кирпидей жыйырылып ақырға барып жатты. Ярым ақшам болғанда жерге шық түсти. Суўыққа тоңып қалтырап, Щукарь оянып кетти. «Будкадағы казакларға барайын, болмаса бул кәрада суўықта қалған күшиктей қалшылдап тоңып шығарман,» - деген ойға келди.

Барлық ушырасқан қарсықлардың түйини ақырын болса да тап усы жерден баслап орынлы түрде шешиле баслады... Баяғы бәҳәрги егисте казаклардың будкада, ал ҳаялларының сыртта уйықлайтуғынлығы есине түсип, бир-еки айдың ишинде өзгерис болағойдыма екен деп ойламай, уйқысыраған кәлпинде Щукарь әсте-ақырын еңбеклеп будкаға кирди де, шарығын шешип қапталға жата кетти. Жайдың ыссылығына бойы жылып ол тап сол заматта уйықлап қалды, ал бираз ўақыт өткеннен кейин буўлығып атырғанын сезип, оянып кетти. Көкигине салған биреўдиң жалаңаш аяғын сыйпап көрип атты ашыўы келип: «Қырсықтың уйқысының жаманын! Аяғын атқа минип атырғандай етип адамның үстине алшайтады» - деп ойлады.

Үстиндеги аўырлықты енди ысырып таслай бергенде оның еркек адамның аяғы емес, ал Куприяновнаның жаланаш қолы екенин ҳәм қапталында пысынап дем алып атырған соның өзи екенин сезген ўақта Щукарьдың зәрреси ушып кетти. Будкада гилең ҳаяллар уйықлап атыр екен...

Зәрреси ушқан Щукарь қара терге түсип ҳаўлығып, бир неше минут қозғалмай жатты, ал оннан соң шарығын алып аңлыған пышықтай әсте-ақырын будкадан еңбеклеп шықты да ақсаңқыраўы менен жуўырып арбасына барды. Атларды ол арбаға бундай шаққанлық пенен ҳеш ўақытта да қосқан емес! Атларын аямай қамшылап, таң қараңғысында бәледей болып қараўытып көринген будкаға жалтаң-жалтаң қарап, турған жерден шаба жөнелди.

«Мениң ўақтында оянғаным жақсы болған екен. Ал егерде азмаз кешигип қалғанымда Куприяновнаның қасында уйықлап атырғанымды, кесепат қызы түспегирдиң де нәп-нәҳән қолын салып мени қушақлап жатырғанлығын қатынлар көрип қойғанда ма? Жаратқан, өзиң яр болып, өзиң кеширегөр! Мениң үстимнен өле өлгенше, ҳәттеки өлгеннен соң да күлер еди!»

Жаздың таңы жадырап ата баслады. Будка Щукарьдың көзине көринбей қалды. Бирақ дөңниң аржағында оны тағы бир қолпылық күтип тур еди, тосыннан аяғына көзи түсип кетип, ол оң аяғында жол-жол нағысы бар, нәшели баўлы жап-жаңа ҳаялдың шарығын көрди. Оның размерине қарағанда шарық Куприяновнаға ғана тийисли болыўы мүмкин еди...

Қорыққанлықтан ҳүрейи ушқан Щукарь қудайға сыйынып қоя берди. Жарылқай гөр қудайым, бунша неге ғарғадың?! Демек, қараңғыда шарықларды аўмастырып алған екенмен ғой. Енди кемпириме қалай көринемен? Бир аяғымдағы өзимдики, ал екинши аяғымдағы қатындики, әне шешилмейтуғын мәселе!»

Солай болса да мәселениң шешилетуғын жолы табылды: Щукарь жалаң аяқ ямаса ҳәр түрли аяқ кийим менен станицаға барыўға болмайды деп ойлап атларды хуторға баратуғын жолға бирден бурып салды, «Танапшының үйи күйсин, онысыз-ақ есабын табар. Ҳәмме жерде де совет ҳүкимети, ҳәмме жер колхозласқан, егерде бир колхоз екиншисиниң шөп оратуғын азмаз жерин ийелей қойғанда не қылады?» - деди муңлы ойға берилип ол Гремячий Логқа қайтарсын.

Хуторға еки километрдей жер қалғанда жолдың жыра шетине тирелген жерде, ол тағы бир мәртлик шешимге келди - аяғынан шарығын шешип урлықшыдай жан-жағына қаранып турып, оларды жыраға таслап жиберди де изинен:

- Сизлер ушын мениң өлиўим керек емес ғой, ҳей жоқ болғырлар! - деди.

Өзиниң абройын төгетуғын айқын дәлилден жақсы қутылғанына кеўли толып, азанда шарығын жойытып Куприяновнаның да ҳайран болатуғыны есине түсип, Щукарь шад болып мыржыйып күлди.

Ол жүдә ертерек қуўанып кеткен екен: үйинде еле оны ең соңғы қорқынышлы ҳәм естен тандыратуғын еки соққы күтип тур еди...

Еле үйине жете алмай жүрип-ақ ол есигиниң алдында үймелескен, бир нәрсеге ҳаўлыққан ҳаялларды көрди. Көриўден: «Мениң кемпирим өлип қалған жоқ па екен?» - деп қәўипленди Щукарь. Бирақ бир нәрсеге күлип жүрген ҳаялларды үндемей ийтерип асханаға кирип, асығыслық пенен жан-жағына қараған ўақта оның аяғының димары кетип, шоқынып жиберип: «Бул не өзи?» - деп зордан сыбырланды.

Оның жылай-жылай шаршаған кемпири шүберекке оралған бир баланы шайқап отыр еди, ал бала болса шырлап жылап атыр...

- Бул не деген сумлық өзи? - деп қаттырақ сыбырланды аң-таң болған Щукарь.

Сол ўақытта исип кеткен көзлерин алартып кемпир:

- Не болатуғын еди, сениң балаңды әкелип таслады! Саўатлы нәлет жаўғыр! Ана столдағы қағазды оқып көр! - деп бақырды.

Щукарьдың көзиниң алды кем-кемнен қараўыта баслады, сонда да бир бет шыйырылған қағазға шыжбайлап жазылған хатты еплеп оқыды:

«Ата сиз баланың әкеси болғанлықтан, сиз оны сақлаңыз да, тәрбиялаңыз да».

Щукарь кешке шекем тынышы кетип даўсы ғарлыққанша бақырып, баланың туўылыўына оның толық қатнасының жоқ екенлигине кемпирин зордан дерлик исендирип киятыр еди, тап усы ўақытта Любишкинниң сегиз жасар баласы кирип келди. Ол пысылдап турып:

- Ата, мен бүгин қой бағып жүрип сизиң шарықларыңыздың жыраға түсип қалғанын көрип едим. Мен соларды таўып алып, сизге алып келдим. Мә, алағойыңыз - деп бала Щукарьға қырсықлы шарықларды созды...

Соңынан не болғаны Щукарьдың ең жақын бир досты Локатеев айтқандай, «белгисиз туңғыйық пенен бастырылып қалды». Тек болғаны Щукарь атаның бир ҳәптедей жағын таңып, көзи исип жүргени ғана белгили. Ал гейде, ата, сениң жағыңа не болды деп күлкини араластыра сораған жағдайда - ол терис бурылып мениң аўзымда қалған жалғыз бир тисим сөйлеўге де мүмкиншилик бермей жүдә жаман аўырып жүр деп жуўап беретуғын еди...

## XX БАП

Азан менен Андрей Размётнов пишен орыўдын барысы ҳәм ғәлле жыйнаў мапазына таярлық ҳаққында мағлыўматқа қол қойып және оны шабарман арқалы райаткомға жибериў ушын аўыллық советке келди. Ол еле мағлыўматларды бригадалар бойынша қарап шығалмай - ақ атырған ўақытта, биреў келип қапыны қатты-қатты қақты.

- Кир! - деп Размётнов қағаздан басын көтерместен даўыс берди.

Өжиреге таныс емес еки адам кирип келип, оның ишин бирден толтырғандай болды. Олардың резинкаланған таза пальто кийген, тапал, толық денели, көзге түскендей ҳеш нәрсеси жоқ, тықырлап қырынған жумалақ жүзли биреўи күле шырай берип столға жақынлап келип, Размётновқа тастай қатты қолын сәзди:

- Рабочийларды тәмийин етиўдиң Шахты бөлиминиң таярлаўшысы Бойко Поликарп Петрович, ал мынаў - мениң жәрдемшим, фамилиясы Хижняк, - деп қапының қапталында турған жолдасын ийниниң үстинен бас бармағын шошайтып ебетейсизлеў көрсетти.

Оның өзи түрине қарағанда тап сүриўлеп мал бағып жүрген падашыға ямаса мал сатып алыўшыға усайды: оның төбеси шошақ ўас-ойран болған брезент плащы, кең қонышлы телетин етиклери, жамалған сур кепкасы ҳәм қолындағы қос шашақлы қамшысы - оның кәсибиниң сөзсиз дәлили болып тур. Бирақ Хижняктиң келбети, оның сыртқы көринисине ҳайран қаларлықтай сәйкес емес еди: оның сезгир ақыллы көзлери,

мысқыллы турде езиў тартқан жуқа еринлери, бир нәрсеге сер салып тыңлап турғандай, шеп қасын қағып қойыў әдети гуллән пишининдеги қандай да бир интеллигентлик байқаған көзге бул адамның мал таярлаўшы ҳәм аўыл хожалығына керекли нәрселерди билиўден аўлақ туратуғынлығын анлатып тур еди. Бул жағдайларды Размётнов та өзинше былайынша есапқа алып қойды. Ол Хижняктың бетине тек үстиртин көз таслады да, дәрҳал өзиниң көз-қарасын оның ҳәттен асқан кең жаўырынынан қараўға өзгертти және күле шырай берип ишинен ойлады: «Ҳақыйқат таңлап алынған баспашылардай таярлаўшылар шығарылған екен дағы... Оларға таярлаўшылық кәсиби менен шуғылланбай, ал бир жерде түни менен көпирдиң астында турып, совет саўдагерлериниң жағаларын ағаш ийнелер менен қайрып тиксе болады ғой...». Размётнов өзиниң қәддин зордан сақлап турып:

- Маған қандай жумыслар менен келдиңиз? - деп сорады.

- Колхозшылардың жекке мәпине пайдаланып отырған маллары болса сатып аламыз. Қара мал, қой-ешки ҳәм шошқалар болса сатып ала беремиз, ал қусларға ҳәзирше қызықсынбаймыз, мүмкин қысқа қарай керемиз - ол ўақта мәселе басқаша, ал ҳәзирше қусларды сатып алмаймыз. Баҳа кооператив баҳасы, бирақ маллардың семизлиги ушын қосымша ҳақы төлеймиз. Шахтерлардың мийнетиниң қандай аўыр екенлигин өзиңиз де билесиз, жолдас председатель - күтә аўыр мийнет. Бизлер өзлеримиздиң шахтер - рабочийларымызды аўқаттан кем етпей тойдырып тәмийин етиўимиз керек.

- Документлериңиз қәне - Размётнов столды алақаны менен әсте ғана урып қойды:

Еки таярлаўшы да өзлериниң командировкалық гүўалықларын столға қойды. Штампы, қолы, мөри ҳәммеси толық бар еди, бирақ сонда да Размётнов оған исениўи ушын көрсетилген документлерди узақ ўақыт сығалап қарап отырып, Бойконың өзиниң жәрдемшисине бурылып ым қағып, екеўи бирден күлимлесип ҳәм сол заматта күлкисин тыйғанын да сезбей қалды.

Бойко ашықтан-ашық күле шырай берип, усыныс кутпей-ақ әйнектиң алдында турған стулға еркин отыра берип

- Қолдан жасалған документ деп ойлайсыз ба? - деп сорады.

- Жоқ, мен сизлердиң қағазларыныз жалған деп ойламайман... Не ушын сизлер тап бизиң колхозға ғана келдиңиз? - Размётнов ҳәзилге итибар бермеди, оның шынлап сөйлескиси келди.

- Неге тек бизлерге келдиңиз дейсиз бе? Бизлер тек ғана бизлерге келип, бир сизиң колхозды аралап кетиўди ойлап отырғанымыз жоқ. Бизлер әлле қашан-ақ сизлерге қоңсылас алты колхозда болып, елиўлеген бас мал сатып алдық, соның ишинде үш жуп бракқа шыққан ғарры егиз, баспақлар, саўынға жарамсыз сыйырлар, жанлық маллар ҳәм отызлаған шошқалар да бар...

- Отыз жети - деп өзиниң начальнигиниң айтқанын қапының қапталында турған жаўырынлы таярлаўшы дүзетти.

- Туп-тууры, арзан нырқ пенен отыз жети шошқа сатып алдық. Сизлерден шығып, буннан былай хуторма-хутор аралап кетемиз.

- Ақшасы қалай, нақ тәлейсиз бе? - деп қызықсынып сорады Размётнов.

- Ҳәзирдиң өзинде! Рас, көп ақшаны қасымызда сақламаймыз, билесиз ғой жолдас Размётнов тыныш ўақыт емес, бәлеге жолығыў қыйын ба... Бизлер усы жағдайларды есапқа алып тек аккредитив алып шықтық.

Стулдың арқалығына шалқая берип, Размётнов ўаҳаҳалап күлип жиберди:

- Ақшаларынызды басып алады деп шыныңыз бенен-ақ қорқасыз ба? Сизлердиң өзлериниз қәлеген адамның қалтасын қағып қақсатып, үсти-басын сыйырып аласыз ғой?

Бойко мыйығын тартып күлди. Оның қызғылт шекелеринде ҳаялдың шекесиндегидей ойықлар ойнақшып турды. Хижняк болса толық бийпарўалық ҳалында алағайымланып терезеге қарай берди. Енди ғана, жаңа ол әйнекке қарай бетин бурған ўақытта, Размётнов оның шеп қаптал шекесиндеги ийектен баслап қулақтың сырғалығыңа шекем созылған узын ҳәм терең тыртықты көрди.

- Шекендеги белги урыстың ақыбети ме? - деп сорады Размётнов.

Хижняк оған қарай шаққан бурылып, мыйығын тартып күлди:

- Қайдағы урыс - урыстан соң таптым...

- Солай болыўы керек, мен де жүдә қарайман кеп - қылыш пенен урды деўге дым уқсас емес. Ҳаялың тырнап алды ма?

- Жоқ мениң ҳаялым жуўас. Мәсликтен, бир достым мәс болып журип пышақ пенен тилип алды...

- Өзиң көзге көрингендей жигитсең, сонсоң мен ойлап едим, ҳаялы тырнап алған шығар деп, егер оннан болмаған болса да бәри бир қатынға, сүйиўшиликке байланыслы тапқаның көринип турыпты? - деп күлимлеп ҳәм муртын сыйпап отырып, сумлықсыз сораўларын даўам етти Размётнов.

- Сен аңшыл екенсең, баслық... деп Хижняк мысқыллап кулимсиреди.

- Мениң атқаратуғын ўазыйпам аңшыл болыўымды талап етеди... Сениң бетиңдеги тыртық пышақтан емес, ал қылыштан болған, ондайлар маған жүдә таныс нәрсе, қарасам сениң өзиң мен қандай архирей бөлсам, сен де тап сондай таярлаўшысаң... Сениң келбетиң де әпиўайы емес, оған усамайды, қолларың да сондай емес өгизлердиң шақына өмиринде де тиймеген, ақ билек екенлиги көринип тур... Қолларың жабадай болса да, бирақ аппақ... Қолларыңның азмаз қараўытыңқыраўы ушын, ең болмаса күнге күйдириңкиреп ямаса дәриске былғаңқырап алсаң болады ғой, сонда мен сени ҳақыйқат мал таярлаўшы деп билер едим. Болмаса сениң қамшы ойнатып жүргениңниң не пайдасы бар, - бул түкке турмайтуғын ис, қамшы менен мениң көзимди бояй алмайсаң!

- Сен баслық, жүдә аңшыл екенсең, - деп қайталады Хижняк, бирақ бул сапары күлимсиремеди. - Сен тек бир жақлама сезгишсең мениң бетимдеги тыртық ҳақыйқатында да қылыштан, буны мойынлағым келмеди. Бир ўақытлары ақларға хызмет етип едим, тап сонда бетиме усы белги түсти. Усындай өткен-кеткенди есиңе түсириў кимге жағады? Ал мениң қолларым туўралы болатуғын болса, мен мал айдаўшы емеспен ал тек сатып алыўшыман, мениң жумысым баспақлардың қуйрығын таўлаў емес, ал тек ақша санаў. Сизди мениң сыртқы көринисим қызықсындыра ма? Жолдас Размётнов? Мен мал таярлаўшы болып жақыннан бери ғана ислеймен. Оған шекем агроном болып иследим, бирақ мәс болғаным ушын жумыстан шығарып таслады. Сонлықтан қәнигелик аўмастырыўға туўра келди... Түсиникли ме енди, жолдас баслық? Сен мени ашықтан-ашық жасырмай айтыўға мәжбүрледиң, мине сонлықтан сениң алдыңда ишки сырларымды ақтарыўға туўра келди.

- Сениң ишки сырларың ийтке бесинши аяқ қандай керек болмаса, мағанда тап сондай-ақ керек емес! Мейли сени ГПУ-ақ тобаға келтирип - ийманыңды үйирсин, ол жағы маған тийисли емес! - деди Размётнов. Ал сол отырысын бузбай: - Марья! Мында кел! - деп бақырды.

Қапталдағы өжиреден тартыныңқырап аўыл-советтиң дежурный қызы шықты.

- Нагульновқа барып кел. Бар да дәрриў усы жерге келсин, қыстаўлы жумыс бар деп айт, - деп буйрық берди де Размётнов дәслеп Хижнякқа, соңынан Бойкоға дыққат қойып тигилди.

Хижняк түсинбей кеўлине келиңкиреп кең ийинлерин қысты да скамейкаға отырып терис қарады, ал Бойко болса зордан иркип турған күлкиден суўыққа тоңған адамдай селкилдеп, ең изинде жоқары ҳаўаз бенен былай деди:

- Әне сақлық болса усындай болсын! Әне мен усыны сүйемен!

- Қолға түстиң бе, жолдас Хижняк? Сорпаға түскен таўықтай қолға түстиң бе!

Ол алақанлары менен өзиниң томпақ дизелерин шапалақлап, еки бүгилип, ҳақ кеўли менен күлгенлиги соншели, ҳәтте Размётнов та өзиниң таң қалғанлығын жасырмай оған туппа-туўры қарады.

- Ҳәй томпан, сен неге күлесең? Абайлаң, станицада екеўиңизге де зар жылаўға туўра келип жүрмесин! Өкпелесеңиз, өкпелең, қәлемесеңиз күлмең, бирақ қалай болмасын ким екениңизди анықлаў ушын сизлерди мен районға жиберемен. Сизлер маған шубҳалырақ

исенимсизирек көринип турсызлар, жолдас мал таярлаўшылар. Күле-күле көзинен шыққан жасларын сыпырып ҳәм елеге шекем күлкиден аўзын жыйып ала алмай Бойко сорады:

- Ҳаў, документлерди не қыласаң? Сен оларды тексерип көрип, ҳақыйқат документ деп мойынладың ғой?

- Документлер документ жайында, турыңыз сол турысында тура берсин, - деп қабағын үйип жуўап берди Размётнов ҳәм асықпай папиросын орай баслады.

Азмаздан кейин Макар Нагульнов та келди. Сәлемлеспей турып, басын ийзеўи менен мал таярлаўшыларды көрсетип, ол Размётновтан:

- Булар ким? - деп сорады.

- Ал сен өзлеринен сора.

Нагульнов мал таярлаўшылар менен сөйлести, олардың гуўалық қағазларын көрип болып, Размётовтан сорады:

- Ал енди не? Сен мени неге шақырдың? Адамлар мал таярлаўға келген екен мәйли таярлай берсин.

Размётнов күйип кетти, бирақ сонда да бираз сабырлылық пенен:

- Жоқ, мен олардың ким екенин тексермей турып олар мал таярламайды. Маған бул нусқалар унаңқырамай тур, әне гәп қайда жатыр! Ҳәзирдиң өзинде мен буларды станицаға жиберемен, тексерип болғаннан кейин мәйли таярлай берсин, - деди.

Сол ўақытта Бойко әсте ғана:

- Жолдас Размётнов, шабарман қызыңа айт, азмаз жайдан шығып тура турсын гәп бар, - деди.

- Сениң менен базиң арамызда қандай сыр болыўы мүмкин.

- Саған не айтылған болса соны исле - деп бурынғыдай-ақ әсте, бирақ буйырыўшы даўыс пенен айтты Бойко.

Размётнов бағынып айтқанын орынлады. Барлық жайдың ишинде олар тек өзлери қалған ўақта, Бойко пиджагиниң ишки қалтасынан кишкентай қызыл китапшаны алып, Размётовқа усынып атырып күлим-шырай берди:

- Оқы көзи ақшыйған бәле бизлердиң масқарамыз жүзеге аспайды екен - гәптиң шынына келейик. Мәселе мине неде, жолдаслар: бизлер екеўимиз де крайлық ОГПУ басқармасының хызметкерлеримиз, сизлерге келиўимиздиң себеби, бир адамды - кәўипли сиясий душпанды, топалаңшыны ҳәм барып турған контрреволюционерди излеп таўып алыўымыз керек. Өзлеримизге биреўлердиң кеўилин аўдармаў ушын бизлер мал таярлаўшылар болып алдық. Усылайынша ислеў бизлерге қолайлырақ, бизлер ҳәр үйге барып адамлар менен сөйлесемиз ҳәм ертели-кеш қашан болмасын, түбинде бул контрдиң изин таппай қоймаймыз.

- Сонда неге, жолдас Глухов, өзлериңиздиң ким екениңизди дәрриў маған айтпадыныз. Ҳеш қандай түсинбеслик болмаған болар еди, - деди Размётнов.

- Конспирация шәртлери усыны талап етеди, қымбатлы Размётнов! Саған айтсақ, Давыдовқа айтсақ, Нагульмановқа айтсақ, онда бир ҳәптеден кейин бизлердиң ким екенимизди пүткил Гремячий Лог билетуғын болады. Қудай ҳақына, өкпелей көрмеңлер, гәп бул жерде сизлерге исенбеўимизде емес, ал тилекке қарсы, гейде күтә үлкен әҳмийетке ийе болған операцияны тәўекелге салыўға бизлердиң де ҳақымыз болмай қалады, - деп оның менен Нагульновқа танысып болғаннан кейин қызыл китапшасын қалтасына сала берип, пәсине қайтып түсиндирди Бойко - Глухов.

- Сизлердиң кимди излеп жүргениңизди билиў мүмкин бе? - деп сорады. Нагульнов.

Бойко-Глухов үндемей иши кең шыжлан қалтасын тинтип үлкенлиги паспортларда пайдаланылатуғындай бир сүўретти әлпешлеп өзиниң бөтекедей топ-томпақ алақанының үстине қойды.

Размётнов пенен Нагульнов столдың үстине еңкейди. Қағаздың кишкентай бир квадратынан егеде болған, мүнайым ғана куле шырай берген дүзиў ийинли, мойны өгиздиң мойынындай гүжирейген бир адам оларға қарап тур еди. Бирақ оның жасамалы

хош кеўилли күлкиси қасқыр маңлай, шүңирек көз, үйик қабақ ҳәм муш-муш ийегиниң көринислери менен дым да сәйкес келмей тур еди оған қарап турып Нагульнов тек мырс етти де қойды, ал Размётнов басын шайқап:

- Аўа -а-а, қош кеўилли әмекилерден емес екен... деп қойды.

- Бизлер мине усы «әмекини» излеп жүрмиз, - деп Бойко-Глухов ойшаңлық пенен айтты ҳәм дәслепкидей - ақ сүўретти әлпешлеп шетлери желинип қалған бир бет ақ қағазға орап, шыжлан қалтаға сала берип, - Буның фамилиясы Половцев, аты Александр Анисимович, - деди. - Ақлар армиясының бурынғы жасаўылы, жазалаўшы Подтелков пенен Кривэшлыковтың отрядларын жазалаўға қатнасқан. Соңғы ўақытларда басқа фамилияда жасырынып жүрип муғаллимшилик еткен, соңынан өзиниң станицасында жасаған. Ҳәзир жасырын жағдайда жасайды. Совет ҳүкиметине қарсы таярланып атырған көтерилиске актив қатнасыўшылардың бири. Бизиң агентуралық мағлыўматларымызға қарағанда усы сизиң районыңыздың бир жеринде жасырынып жүрсе керек. Әне ол ҳаққында айтыўға мүмкин болған сөзлердиң болғаны. Бизлердиң бул сөйлескенлеримизди тек Давыдовқа ғана билдириўиниз мүмкин, ал басқа ҳеш кимге аўыз аша көрмеңлер. Мен сизлерге исенемен, жолдаслар. Ал енди - хош болыңызлар. Бизлер менен жүдә зәрүр болмаса ушырасыўдың кереги жоқ. Әлбетте, бизлерди қызықтыратуғын нәрсе табыла қойса мени күндиз аўылсоветке шақырарсыз, аўыл адамларының меннен ҳеш қандай қәўипленбеўи ушын тек күндиз шақырың. Ең соңғы айтайын дегеним абайлы болыңлар. Сизлер түн ишинде анда-мында жүрмесениз жүдә жақсы болар еди. Половцев өзин сездирмеў ушын террорлық акт ислемейди, сонда да сақлық зыян емес. Улыўма түнде сизлер ҳеш жаққа шықпасаңыз жүдә жақсы, егер баратуғын болсаңыз да жекке жүрмең. Биз айтпай-ақ оннан айрылыспайтуғыныңыз сезилип тур, сонда да қуралларыңыз бәрҳама жаныңызда болсын. Мен еситип турдым, жолдас Размётнов, сен жаңа Хижняк пенен сөйлесип турып шабарыңның қалтасында наганыңның барабанын еки жола таўладың солай емеспе?

Размётнов көзин сузип сораўды еситпегендей басқа жаққа қарады. Оған Нагульнов көмекке келди.

- Мени атқаннан кейин бизлер қорғаныўға таярланатуғын болдық.

Мыйығын тартып күлип Бойко-Глухов былай деди:

- Сизлер тек қорғаныўға ғана емес, ал ҳүжимге де таярланған қусайсыз... Деген менен, жолдас Нагульнов, сен атып өлтирген лақабы бойынша тыртық деген Тимофей Дамасков бир ўақытлары Половцевтиң шөлкеми менен байланыслы болды, сол шөлкемниң адамлары сизиң аўылда да бар, - деп ҳәмме нәрседен хабары бар «таярлаўшы» үстиртиң еске түсирди. - Бирақ соңынан ол белгисиз себеплер менен сол шөлкемнен шықты. Ол сени Половцевтың буйрығы бойынша атқан жоқ, ал атыўына өзиниң жекке бир себеплери болса керек...

Нагульнов мақуллап басын иизеди, сөйтип Боико-Глухов лекция оқып турғандай, жай парахат салмақлы түрде даўам етти:

- Тимофей Дамасковтың қандай да бир себеплер менен Половцевтиң группасынан бөлинип қуры жекке бандитлик жолға түскенлигине, оның еле гражданлар урысынан берли Дамасковлардың сарайында сақланып, ең изинде Давыдов таўып алған станоклы пулеметти Половцевтиң пикирлеслерине бермеўииин өзи де дәлил бола алады. Бирақ мәселе онда емес. Бизлердиң ўазыйпамыз туўралы бир еки сөз айтаман: ҳәзирше бизлер Половцевтың жалғыз өзин қолға тусирип алыўымыз керек, тирилей. Оны тек тирилей услап алсақ ғана нәтийжели. Оның группировкасының қарапайым ағзаларының соңынан исин ислеймиз. Буған қосымша Половцев үлкен бир дизбектиң тек бир буўыны ғана, солай бола турсада әҳмийетли буўынлардың бири. Сонлықтан да оны таўып алып, қамаққа алыў операциясы районлық бөлимниң хызметкерлерине тапсырылмай, бизлерге тапсырылған... Меннен кеўиллериниз қалмаў ушын айта қояйын, жолдаслар: бизлердиң сизиң районның территориясында жүргенимизди тек ОГПУ дың районлық бөлими баслығының бир өзи ғана биледи. Ҳәттеки Нестеренко да билмейди. Ол болса райкомның

секретары оның әпиўайы бир мал таярлаўшылар менен не жумысы бар? Мәйли ол өз районындағы партиялық жумысларды басқара берсин, ал бизлер болсақ өзлеримиздиң жумысымыз бенен машқул боламыз. Соны да айтыў керек, сизлерге келемен дегенше болған барлық колхозларда өзлеримизди ким деп айтқан болсақ тап солайынша аман саў өтип жүрип едик, ал сен Размётнов, дәслеп Хижнияктан, соңынан меннен де бизлерди ҳақыйқат мал таярлаўшы емес деп гүмән еттиң. Бул сениң сезгирлигиң. Қалай болғанда да мен бәри бир бир-еки күн өткеннен кейин бизлердиң ким екенимизди айтқан болар едим, себеби мынаў профессионаллық сезим менен Половцев сизиң хутордың бир жеринде жүрипти деп шамалайман... Германия менен болған урыстағы ҳәм гражданлық урыста оның бирге хызмет екен адамларын таўып алыўға ҳәрекет етемиз. Господин Половцевтың қандай бөлимлерде хызмет еткени бизлерге мәлим, ал ол кимге болса да өзи менен бир тиллес биреўге барған болса, иқтимал. Мине қысқасы усы. Кетер алдында еле көрисемиз, ҳәзирше көрискенше хош!

Бойко-Глуховта босағаның үстинде турып Нагульновқа қарап:

- Зайыбыңның тәғдири менен қызықсынбайсаң ба? - деди.

Макардың бет сүйегинен қызғылт дақлар дүңкийип шығып, көзиниң алды қараўытып кетти. Ол жөткиринип әсте ғана сорады:

- Оның қай жерде екенин билесиз бе?

- Билемен.

- Қай жерде?

- Шахты қаласында.

- Ол ол жақта не қылып жүр? Ол жерде оның туўысқанларынан болып, танысларынан болып хеш кими жоқ ғой.

- Зайыбың ислеп атыр.

- Қандай хызметте? - деп кеўилсиз күлимсиреди Макар.

- Шахта да көмир тасып шығарыўшы болып ислейди. Бизиң органның хызметкерлери жумыс таўып алыўға жәрдемлести. Бирақ жумысқа орналасыўға ким жәрдем бергеннен өзи бийқабар, әлбетте... Дурысын айтқанда күтә жақсы ислеп атыр, ҳәттеки жоқары дәрежеде деп айтар едим! Өзи киши пейил, таза танысларды көбейтип атырған жоқ, ал ески танысларынан да барып турған еле хеш ким жоқ.

- Ал оның алдына бара алғандай ким бар - деп әсте сорады Нагульнов.

Сырттан қарағанда ол сондай жайлы болып көринсе де, бирақ шеп көзиниң қабағы қалтыраңқырап турды.

- Ким деп бир, азба... Тимофейдиң таныслары барыўы мүмкин. Я сен булай болыўы мүмкин емес деп ойлайсаң ба? Мениңше, ол ҳаял кеширген турмысын қайта қарап шығып есин жыйып алғандай көринеди. Сен енди, жолдас Нагульнов, ол туўралы қәтережан бола бер.

- Мен оны қайғырады дегенди сен қайдан таптың? - деп бурынғындан да әстенирек сорады Нагульнов ҳәм азмаз алға қарай еңкейинкиреп өзиниң узын қолларын столдың шетине тиреп орнынан түргелди.

Бети қуп-қуў болып қуўарып, бет сүйеклери исиктей топ-томпақ болып ойнап кетти. Ол сөзлерди бирме-бирлеп, әдеттегиден де әстенирек сейледи:

- Сен, жолдас сөйлемшек, өзиң жумыс питириўге келдиң бе? Онда барып жумысыңды исле, маған тәселле бериўиңниң қәжети жоқ, мен сениң тәселлеңе мүтәж да емеспен. Бизлер сениң сақлығыңа да мүтәж емесбиз - күндиз жүремизбе ямаса түнде жүремизбе - ол өзлеримиздиң жумысымыз. Бизлер ақмақ көрсетпелерсиз-ақ ҳәм басқа биреўлердиң ғамхорлығысыз-ақ еплеп күнимизди көремиз! Түсиникли ме саған? Қәне бул жерден көтер өкшеңди. Болмаса сен жүдә қызып кеттиң, ишиңдегиниң бәрин ақтара бересең, бул киси тегин чекист емести, түсине алмай-ақ қойдым: сен ҳақыйқат крайлық ОГПУ дың жуўаплы хызметкеримисең ямаса растан-ақ мал сатып алыўшы - дәлделши, бизиңше айтқанда шириңкенешимисең...

Көп сөйлеспейтуғын Хижняк ишинен ҳаққыңнан деп табалап, азмаз қысынайын деген

өзиниң начальнигине қарады, ал Нагульнов болса столдан турып қайысын дүзетип, - әдеттегидей мүлтиксиз кийинип өзиниң әскерий жүриси менен азмаз сәңкийинкиреп тикке қақайып кетти.

Ол шығып кеткеннен кейин жайдың ишинде бир минуттай нақолай тынышлық сақланды.

- Оған ҳаялы туўралы айтыўымыздың кереги жоқ еди, - деди Бойко-Глухов шунатай бармағының тырнағы менен кеңсиригин қасып отырып, - Ол еле ҳаялының кетип қалғанын көп қайғырады екен...

- Аўа, айтпаў керек еди, - деп Размётнов мақуллады, - Бизиң Макар - тикенектей жигит, ол өзиниң аппақ жүрегине кир қолын суққысы келген адамларды дым жақсы көрмейди.

- Зәлели жоқ, бәриде өтип кетеди, - деп Хижняк қапының зулпына асыла берип, жайып-жуўып келистирмекши болды.

Қалай да болмасын нақолайлықты жайғастырыў мақсетинде Размётнов:

- Маған түсиндириңиз, жолдас Глухов, мал сатып алыўыңыздың жағдайы қалай? Ҳақыйқатында да малларды сатып аласыз ба ямаса тек ҳәр үйге барып қуры саўдаласып кете бересиз бе? - деди.

Усындай сада сораўды еситип Бойко - Глуховтың кеўили көтерилип кетти, қайтадан тырысқан шекелеринде ойлықлар ойнай баслады.

- Пысық хожайын бирден-ақ көринип тур. Ҳақыйқатында да малларды сатып аламыз, ақшасын да толығы менен төлеймиз. Бизлердиң сатып алған малларымыз туўралы сен қайғырма, малларды топары менен Шахтыға жиберемиз, ал шахтерлер сол малларды жаным деп жейди, жеп болып бизлерге рахмет те айтпады, себеби қандай мекеме оларға ортадан жоқары семизликтеги малларды таярлап бергенин билмейди. Әне library усындай әмеки.

Мийманларды шығарып салып болып, Размётнов шығанақларын кеңирек жайып, жақларын таянып тағы да узақ ўақыт отырды. Оған: «бизиң аўылласлардан ким ол нәлетий офицерге қосылды екен», - деген бир қиял ҳеш қандай тынышлық бермеди. Ол Гремячий Логтағы есине түскен барлық егеде казакларды бирим-бирим көзден өткерсе де олардың ҳеш қайсысынан да ҳақыйқат гүман ете алмады...

Размётнов азмаз бойын жазыў ушын столдан түргелип үш жола қапыдан айнаға шекем олай-булай жүрди де, көринбей турған бөгетке жолыққандай бирден жайдың дәл ортасында тоқтап қалып, қәўипленип ойлады: «жаңағы томпақ Макардың жүрегин қоздырып жиберди-аў, оған Лушка туўралы айтыўдың не кереги бар еди! Егер Макар Лушканы сағынып, көрип қайтыў ушын Шахтыға кетип қалса не қыламыз? Ол усы күнлери кетиўге қайымласып жүр, түс бермейди, бирақ соған усайды, түнлерде үндемей бир өзи отырып арақ ишетуғын болса да меннен көрме...»

Размётнов бир неше күн Макар не қылар екен деп қәўетерленип күтиў менен жүрди. Шемби күни кеште Давыдов пенен үшеўи отырғанда Нагульнов мен райкомнан рухсат алып Мартиновская станицасына, - Дондағы ең дәслепкилер қатарында шөлкемлестирилген МТС тың қалай ислеп атырғанын көрип келемен деген ўақта, Размётнов ишинен ўах деди; «Макар сап болды! Енди ол Лушкаға кетеди! Оның ерлерге тән намысы қайда кетти екен?...»

## XXI БАП

Бәҳәрден баслап-ақ шет еллердиң арқа тәреплериндеги ең соңғы қарлар мөлдиреген суў болып ағып шөге баслаған ўақытта бир жуп көк кептер Размётовтың шарбағына үйир болды. Олар, жайдың үстин көп айланып, ҳәр айланған сайын кем-кемнен төменлеп, ең изинде ғәллехананың қасында жердиң бетине шекем жақынлап, салмақсыздай жеп-жеңил сарқып барып жайдың төбесине қонды. Кептерлер қәўипленип жән-жағына бурылып, узақ ўақыт қарап отырып, таза қонысқа үйрене баслады: соңынан қораз кептер қайқылық

жеркенишлик пенен өзиниң гүреҢ түстеги табанларын жоқары көтерип, морының дөгерегине төгип қойған патас пордың үстинен былай өтип, мойнын ишине тартынқырап, басын азмаз артына қайқайтып жемсегиниң үрпейген пәри гүңгирт ҳәр түрли реңге жарқырап, даўысын онша қәтере бермей ғурқылдап жиберди. Ал мәкийен кептер төмен қарай сарқып баратырып еки мәртебе сатырлатып қанат қақты да, ярым шеңбер жасап Размётновтың кишкене бир бөлмесиниң айнасының дийўалдан шығып турған жақлаўына келип қонды. Буның еки жола қанатын сатырлатып қаққаны өзиниң достың мениң изимнен келе бер деп шақырғанын билдиргеннен басқа не дейсең?

Түсте Размётнов аўқатланыў ушын үйине келди ҳәм шарбақтың есигинен жайға кирер жерде турған кептерлерди көрди. Мәкийен кептер келисикли аяқларын асығыслық пенен гибиртиклеп тез-тез басып жуўырып баратырып бир нәрселерди шоқынып еримтиктен пайда болған шалшық суўды жағалап жуўырсы менен кетти, ал қораз кептер болса, оның изинен қуўып, соңынан кирттай тоқтаңқырап, қыргөбелек айланып, тумсығы жерге тийип, жемсеги жер сыйпалағанша бас ийип, жалынғандай үсти-үстине ғурқылдайды да, тағы қуйрықларын үрпейтип, қыстағыдай кеппеген қолайсыз суўық жерге қайта-қайта жатып турып, изине ере берди. Ол мәкийен кептерди шалшық суўдан шетлетип шығарыў мақсетинде бәрҳәма шеп жағына шыға берди.

Размётнов аяғын ғаз-ғаз басып олардан еки адымдай жерден өтти, бирақ кептерлер үркип ушыўды ойлаған да жоқ, тек болғаны азмаз шетлеңкиреп жол берди. Размётнов жайына кире берер жерде балаларға тән қызғын қуўаныш пенен: «қонаққа емес, ал усы үйде жасаўға ушып келген», - деген жуўмаққа келди. Ҳәм ашынған күлки менен я сыбырлады ма, ямаса ойлады ма - мениң кешиккен бахтыма көшип келип атыр, аўа, дәл солай... деди.

Ол қамбадан үлкен бир қос уўыс бийдай алып айнаның қарсы алдына шашты.

Размётнов азаннан бери қабағы ашылмай түнерип ашыўланып жүр еди: егиске таярлық, тухымларды тазалаў кеўилдегидей болып шықпады: тап усы күни Давыдовты станицаға шақырып кетти, Нагульнов болса егиске тайын болған жерлерди өз көзи менен көриў ушын атлы атыз аралап кетти, ал Размётнов түске шекем-ақ еки бригадир ҳәм складшы менен өлгенше сөгисип те үлгерди. Ал үйине келип столға отыра бергенде табақта суўып баратырған шийди умытып кетип, кептерлердиң ҳәрекетин бақлай баслады, - сол ўақта бәҳәр самалынан қуўраған жүзи бирден жаўдырап кетти, бирақ жүрегиндеги аўыр сезим кетпеди.

Размётнов кишкентай сулыў ана кептердиң бийдайды аш көзлик пенен шоқығанына, ал сымбатлы еркек кептердиң оның қапталында шаршамай, турақлы түрде бир дәнди де шоқымай бәрҳама шыр гөбелек айланып жүргенине азмаз қапалы күлим-шырай тартып, думан қаплаған көзлери менен қарап отырды.

Әне тап усындай болып буннан жигирма жыл бурын Андрей де, ол ўақта сын-сымбаты келискен жас жигит, жаңағы кептер қусап өзиниң сүйиклисиниң әтирапында шыргөбелек айланатуғын еди. Ал оннан соң үйлениў, армияда хызмет етиў, урыста болыў... Оның өмири адамның арын келтиретуғын ҳәм қандай жаман тезлик пенен өтип кетти дейсең. Өзиниң ҳаялы менен улы есине түскенде Размётнов қатты қайғы менен. «Мен сизлерди тири ўақтыңызда да сийрек көретуғын едим, шырақларым, ал енди де жүдә сийрек көремен»... - деп ойына алатуғын еди.

Усындай апрель қуяшы жаўдырап турған күни дән жеў кереклиги кептердиң ойында да жоқ. Тап сондай-ақ Андрей Размётновта аўқат жеўге ынтық емес еди. Енди ол қараўытқан емес, ал жас толып, көрмейтуғын көзлери менен терезеге қарады, бирақ бул жола терезеден кептерлерди ямаса сүйкимли көкшил аспанды көрмей, көз алдында өз өмиринде бир жола жанынан да бетер көрген, бирақ сүйип мийри қанбай-ақ буннан он еки жыл бурын, мүмкин бәҳәрдиң тап усындай-ақ жарқыраған күнинде өлим апаты айырған баяғы суйиклисиниң сыпаты елеследи...

Размётнов басын табақтың үстинде төмен еңкейип, нан шайнап отырды: ол шекелеринен әстен сырғанап, онысызда дузы басым щийге қуйылып турған көз жасын

анасына көрсеткиси келмеди. Ол еки жола қолына қасық алып еди, бирақ еки сапарында да оның таң қаларлықтай ҳәлсиреп, сезилерликтей дир-дир қалтырап турған қолынан қасық столдың, үстине түсип кетти.

Бизиң турмысымызда тек адамлардың ғана емес, ал куслардың да аз ўақыт бахытлы болыўына байланыслы гей бир иши дәртли адамларда қызғаныш ямаса райшылық туўдырып, қайта ойландырып естен шықпайтуғын аўыр қайғы ҳәм азап шегиў пайда етпейме... Размётнов дәрҳал орнынан турып анасына терис қарап пахталы гүртешесин кийди де қолы менен папағын мыжымырлады.

- Рахмет апажан, неге екенин билмеймен, ҳәзир онша аўқат жегим келмей тур, - деди.

- Егер ишкиң келмесе, онда қатық пенен шәўле салып берейин бе?

- Жоқ жегим келмейди, керек емес.

- Ҳаў, я болмаса сенде бир қапашылық барма? - деп анасы абайланқырап сорады.

- Қандай қайғы болсын, ҳеш қандай қайғы жоқ. Болып еди, бирақ оның үстине қашан шөп шығып кетти.

Кишкентайыңнан баслап ишкернесең сен, Андрюшка... Туўылғалы бери анаңа ҳеш нәрседе айтпайсаң, соннан бери ең болмаса бир аямайсаң, сен тас баўыр шығарсаң сирә...

- Не болсада туўған өзиң ғой апа, өзиңнен көр. Қандай етип жарыққа шығарған болсаң, тап сондай болып жүриппен, енди ҳеш нәрсе ислеўге болмайды.

- Мейли, қалай болсаң солай бола бер, - деп анасы ашыўланыңқырап, өңип турған еринлерин қымды.

Шарбақтан шығып болып Размётнов аўылсоветке баратуғын оң жақтағы жолға бурылмай, ал шеп тәрепке далалыққа қарай бурылды. Ол кесилген жай адым менен жолсыз төтелеп, атам заманнан бери тығылысып гилең өлилер жайласқан екинши Гремячий Логқа қарай кетти. Әўлийениң дөгереги қоршалмаған еди. Бундай машақатлы жылларда өлилер тирилердиң нәзеринен аўлақ қалды, көп ўақытлардың өтиўи менен қараўытып қалған ески крестлер қыйсайысып олардың гей-биреўлери шалқасына, биреўлери дүс төменине түсип жерде жатыр. Әўлийедеги бирде өликтиң үсти жақсылап тазаланып қойылмаған, шығыстан ескен самаллар да топырақ дүмбешиклердиң үстинен өткен жыллы өсип шыққан боянлардың басларын қайғылы шайқап, ҳаялдың әлжиўаз жиңишке бармақлары менен сарғайып қатып қалған түссиз жуўалардың басларын сылап-сыйпап турғандай болды. Шириген затлардың көгерген шөплердиң, жибискен қара топырақлардың аралас ийислери қәбирлердиң үстинде турақлы сақланып тур.

Қәлеген әўлийеде жылдың қәлеген ўақтында тири адам ушын бәрҳәма қайғылығы сезиледи, бирақ әсиресе өткир ҳәм аянышлы қайғы сол жерде тек ерте бәҳәрде ҳәм гүздиң шығысында ғана ҳүким сүреди.

Размётнов баспақлар салған аяқ соқпақ пенен әўлийениң арқа шетине шықты. Бурын бул жерде өзин-өзи өлтиргенлерди қоятуғын еди. Сол жерде шетлери қулап қалған бир таныс қәбирдиң қасында төмен еңкейип турып, шашы ағарған басынан папағын алды. Адамлар умытқан шаппаттай жердеги бул ойланарлықтай тынышлықты тек пошша торғайлар ғана бузып тур.

Күн нуры жаўдырап өмирдиң қызығына шетине шекем бөленген тап усындай адам умытпастай усы бәҳәрги күни Андрей бул жерге неге келе қойды екен? Бәлким өзиниң күшли келте бармақларын айқастырып тисленип, көзлерин сүзип, думан басқан горизонттың шетиндеги қызғылт нурдың арасынан өзиниң умытылмаған жаслығын, узаққа созылмаған бахтын көриўге урынып келди ме? Мүмкин солай да шығар. Өйткени өлип қалған, бирақ жүрекке қымбатлы өткендеги нәрселер бәрҳәма әўлийеден ямаса уйқысыз түнлердиң қараңғылығынан жақсы көринеди ғой...

Сол күннен баслап Размётнов үйине келген бир жуп кептертерлерди өзиниң үзликсиз қәўендерлигине алды. Ол күнине еки мәрте айнаның түбине бир қос уўыстан бийдай шашып, кептерлер жеп тойғанға шекем қәсийетсиз таўықларды қуўып, қараўыл болып қорып туратуғын болды. Размётнов талай сапар азан менен ерте қамбаның аўзында узақ ўақыт темеки шегип, таза қоныслардың өгиздиң түлеген жүнлери менен қосып өрилген

сабанларды, жиңишке шақаларды, айнаның жақлаўына қалай тасып атырғанын үндемей бақлап отырды.

Тез арада уя соғыўдың ири жумыслары питкеннен кейин Размётнов демин еркин алып: «Көнликти. Енди ушып кетпейди» деди.

Еки ҳәптеден кейин ана кептер дәнге де ушып шықпады. «Қурық басып атыр. Енди хожалық көркейетуғын жағына шықты» - деп күлимсиреп қойды, Размётнов.

Кептерлердиң келиўи менен оның машақаты бир қанша көбейди: Оларға өз ўақтында дән шашып ҳәм ыдыстағы суўды аўмастырып турыў керек болды, себеби есиктиң алдындағы шалшық суў тез арада кеўип кетти, ал буннан басқа зәрүрли жағдайлар өзиң өзи қорғай алмайтуғын ҳәлсиз кептерлерди аман сақлаў ушын қараўыл болып турыўға оны мәжбүрледи.

Бир сапары Размётнов атыздан қайтып киятырып үйине жақынлап турған жерде ғарры пышық-өзиниң кемпириниң әширеписи - барлық денеси менен сабанға жабысып, жайдың төбеси менен жер баўырлап жылысып, ал соңынан жартылай ашылып турған терезениң қақпағына аңсат ғана секирип минип, қуйрықларын қыймылдатып, секириўге таярланып турғанын көрди. Ана кептер арқасын пышыққа қаратып, шамасы қәўип туўып турғанын сезбей уясында қозғалмай отыр. Оны өлимнен барлығы болып қандай да бир қырықлаған сантиметрдей аралық айырып тур еди.

Размётнов қалтасынан наганын суўырып алып, дем алмай ҳәм гөзлеп қысқан көзин пышықтан айырмай, аяғының ушынан басып жуўырып баратыр. Пышық аз-маз шегиниңкиреп, алдыңғы аяқларын баўырына жыйнап, секириўге таярлана бергени бирден панқ ете қалды, терезениң қақпағы азырақ қозғалып кетти. Ана кептер болса, ушып кетти, ал оқ тесип пышық басы төмен қарай қалтаға қусап сыпаның үстине қулады.

Атылған оқтың даўысына Андрейдиң анасы жуўырып шықты.

- Бизиң темир бел қайда апа? - деп Размётнов ҳеш нәрсе де болмағансып искерлик пенен сорады. Ол өлген пышықты қуйрығынан услап, жеркенишлик пенен мурнын жыйырып тур еди.

Кемпир қолларын бир-бирине урып, зарланып үн салып жылап:

- Нәлетий қанхор. Сен жаны бар мақлуқты аямайсаң. Макарға екеўиңизге бәри бир адам ба я пышық па таңламай өлтире бересиз. Берекет таппағырлар, батырсымақсып қолларыңызды жаман үйреткенсизлер, темекини қумар еткендей жан қыймасаңыз қурысы тутып өлесизлер, - деп шаўқым салды.

- Әстерек, шаўқым сала берме, - деп баласы оны бирден қайтарып таслады. -Енди пышықлар менен өмир өмириңше хошлас. Ал бизлер Макар екеўмизге тилиңди тийгизбе. Егер бизлерге ҳәр ким ҳәр қыйлы тил тийгизе берсе, онда Макар екеўмиздиң жүдә ашыўымыз келеди. Бизлер адамлардың күнин бермейтуғын ҳәр қыйлы жаман нәрселерди, мәйли ол еки аяқлы болсын, мәйли төрт аяқлы болсын, -ҳақыйқат аянышлы көз-қараста болғанымыздан оқты зая етпей ата беремиз. Сизге түсиниклиме апажан? Кәне енди жайға бара бериң. Жайдың ишинде ҳәўлире бериң, ал қула далада көтерилип ҳәм маған кейиўге, мен аўылсоветтиң председатели болатуғын болсам сизге ҳеш рухсат етпеймен.

Бир ҳәптеге шекем анасы баласы менен дым қабарласпады, ал баласы ушын анасының үндемегени күтә қолай түсти, бир ҳәптениң ишинде Размётнов қоңсылардың барлық еркек ҳәм урғашы пышықларын атып өлтирип болды ҳәм өзиниң кептерлерин узақ ўақытларға қәўиптен қутқарды. Бир жола аўыл советке барғанда, Давыдов сорады:

- Шет-шебирде сеники бул не атыў? Қудайдың қутлы күни наганның атылған сестин еситемен. Халықты не ушын бийзар етип жүрсең? Егерде қуралдың тийгишлигин байқаў керек болса, онда далаңлыққа кет ҳәм сол жерде қәлегениңше паңқылдата бер, ал болмаса бул ислеп жүргениңниң уят екени Андрей факт.

- Пышықларды азмазлап қырып атырман, - деп түнерип жуўап берди Размётнов. - Билесеңбе, ол нәлетийлерден тыныш жасаўға мүмкин емес!

Давыдов ҳайран қалып күнге күйген қасларын жоқары көтерип:

- Қандай пышықларды?

- Ҳәр қыйлы. Ала, қара тарғыл. Қандайы көзиме түссе, сонысын жоқ етемен.

Давыдовтын үстиңги ерини қалтырап кетти. Бул оның иркинишсиз шығып кетиўге келип турған күлки менен бар күшин салып тырысыўының дәслепки белгиси еди. Буннан хабардар Размётнов қабағын үйип, ескертейин деп албыраңқырап алға қолын созды:

- Сен күлмей тура тур, матрос! Сен алды бурын нениң не екенин билип ал.

- Ал не нәрсе? - деп шыдай алмай жыйырылып ҳәм күлкиден жылап жибере жазлап сорады - Давыдов. Заготживсырье бойынша план орынланбай қалған шығар? Мамық терили ҳайўанлардың терисин тапсырыў жай жүргизилип, сен соған кирискен шығарсаң? Ўаҳ, Андрей ўақ сап болдым! Тезирек мойынлап айта ғой, болмаса мен тап усы жерде, столыңның қасында өлип қаларман...

Давыдовтың басы қолының үстине түсип, оның жаўырынлы жотасы селкилдеп қозғалысып кетти. Размётнов тап ҳәрре шаққандай секирип турып, бирден бақырып жиберди:

- Ақмақ! Қаланың ақмағы! Бизиң үйде кептерлер қурық басып атыр, жақында палапан шығарады. Ал сен «Заготживсырьеге» аң терисин тапсырыў планына киристиңбе? Бундай нәрселер-жүн, туяқ не дәртиме жарайды? Бизиң үйге кептерлер келип орналасты, әне соларды кеўилдегидей етип бәле-бәтерден аман сақлап отырман. Ал енди сен қумарың тарқағанша күле бер.

Давыдовтың қайтадан масқаралап күлиўин күткен Размётнов өзиниң айтқан сөзлери Давыдовқа бунша тәсир етеди деп ойламаған еди, ал ол болса жас ағып ығалланған көзлерин асығыслық пенен сыйырып болып, дәрҳал:

- Қандай кептерлер? Олар сизикине қаяқтан келди? - деп сорады.

- Қандай кептер? Қандай пышық, қаяқтан алдың... Мен саған түсинбедим. Сема, сен бүгин маған ҳәр түрли келиспеген сораўларды бересең? - деп ашыўланды Размётов. Несин сорай бересең, қәдимгидей кептерлер, еки-екиден аяғы, еки-екиден қанаты бар ҳәм ҳәр қайсысының бир-бирден басы, ал екинши тәрепинде бир-бирден қуйрығы бар, екеўиниңде кийими пәрден, ҳеш қандай аяқ кийими жоқ, жарлылықтың беденинен қыстың күни де жалаң аяқ жүреди. Болды ма енди?

- Мен ол ҳаққында емес, ал кептерлердиң ҳасыл тухымнан ба ямаса басқа ма - әне сонысын сорап атырман. Бала ўақтымда мен де кептер асырадым, факт. Соның ушын да кептерлердиң вертунлары ямаса дутышлары ма, ал мүмкин монахлары болмаса чайкалары шығар қайсы тухымнан екенин билгим келеди. Және де сен оларды қайдан таптың?

Енди Размётнов муртын таўлап жымыйып қойды:

- Кептерлер басқа биреўдиң жайынан бизикине ушып келди, сол себепли олардың тухымын адасқанлар деп атасақ та болады, ал өзлериниң шақырылмай-ақ келиўине байланыслы оларды ямаса «келгиндилер» деп атаўымызға да мүмкиншилик бар, себеби олар тек мениң аўқатым менен ғана күн көрип, ал өзлери өзи ушын ҳеш нәрсе де таўып атырған жоқ. Қулласы оларды кеўилге көбирек унаған, қәлеген тухымына киргизиўиңе болады.

- Олардың түси қандай? - деп Давыдов билгиси келип раслап сорады.

- Қәдимгидей, кептертикиндей.

- Яғный!

- Еле қол тиймеген, пискен қәрелидей, көкшил рең. Көк кептерлер ме?

- А-а-а, - деп Давыдов пәнт жегенсип соза сөйледи ҳәм тап сол заматта қолларын тез-тез уўқалады. Көк кептерлердиң де ағайиним, сондай сен тур мен айтаман деген қыйлы болады! Көриў керек екен. Оғада қызық нәрсе, факт!

- Үйге бар, көресең, қонақ боласаң!

Бул әңгимеден бир неше күн өткеннен кейин Размётновты көшеде бир топар бала қоршап алды. Олардың ишинде батыррақ биреўи жақынлап келип, шүлдирлеген даўыс пенен:

- Андрей аға, сиз бе пышық таярлап жүрген? - деп сорады.

- Не-е-е?! - деп Размётнов суўық түс пенен балаларға қарай умтылды.

Олар шымшықлардай болып тум-тусқа тым-тырақай қашты, бирақ бир минуттан кейин тағы бир топар болып жыйналды.

- Пышық туўралы бул сөзди сизлерге ким айтып атыр? - сыртына шығып турған ашыўын зордан иркип, өжетлене сорады Размётнов.

Бирақ балалар үндемей бәри бирден басларын төмен қаратып түнжырасып тек ара-тура бир-бирине көзиниң астынан қарасып, жалаң аяқлары менен усы быйыл суўықтан кейин пайда болған биринши жол топырақларына нағыслар сызып тура берди.

Ең ақырында бағанағы биринши болып сораў берген бала тағы мәртлик етти. Ол басын әлжуўаз ийинлерине тыға берип, жыламсырап турып:

- Апам айтып еди, сизди пышықларды атып жүр деп.

- Аўа, өлтирип жүрмен бирақ тери таярламайман! Бул, қарағым, ҳәр қайсысы ҳәр түрли ис.

- Апам айтып еди: «бизиң баслық сондай етип атып жүр – тери таярлаўдан басқа ҳештеңе емес дейсең. Сен айт, мәйли бизиң пышықты да өлтирсин, болмаса ол палапанларды қоймай баратыр» - деп еди.

- Бул, балам, туп-тамырынан басқа нәрсе! - деп қуўжыңлаңқырап сес берди Размётнов. Демек, сизин пышық кептерлерди тынышына қоймайды екен. Сен кимнен баласысаң жигит? Атың ким?

- Әкемнин аты Чебаков Ерофей Василич, ал мениң атым Тимошка.

- Қәне енди мени өзиңниң үйиңе алып бар, Тимофейжан. Сениң апаңның өзи де соны жақсы көрип турған болса, ҳәзир бизлер пышығыңның сазайын беремиз.

Чебаковлардың кептерлерин аман сақпап қалыў ушын исленген бул жақсы баслама Размётновқа я табыс, ямаса қосымша даңқ алып бермеди. Қайта керисинше... Размётнов шақалақлап ҳәр түрли даўыс пенен сөйлеп киятырған бир топар баланың изине ерди. Ол жерде оны үлкен жаманлықтың күтип турғанынан бир түйир де хабары болмай, Ерофей Чебаковтың шарбағына қарай асықпай келе берди. Ол аяғын абайлап басып ҳәм бәрҳәма өзиниң дөгерегинде айланып жүрген көп балалардың биреўиниң жалаң аяғын басып аламан ба деп сақланып көшениң мушынан айлана бергенде, Чебаковтың жайының басқышына бир кемпир, Ерофейдиң анасы шықты.

Басқышта узын бойлы, сымбатлы, келисиги келип қалған бир кемпир тегин тамақларды жеп семирген, үлкен бир сары пышықты баўырына басып қабағы түнерип тур еди.

- Аман-саў отырсыз ба шеше!- деп Размётнов кемпирдиң жасы үлкенлигин сыйлап сәлем берди ҳәм қолын жоқары көтерип, бармақларын азмаз папағасына да тийгизди.

- Қудайға шүкир. Не ис пенен келдин, хутор атаманы? Айта бер, - деп кемпир оған ири даўыс пенен жуўап берди.

- Өзим-ақ мына пышық туўралы келдим. Балалар пышық кептерлерди бүлдирип, қоймай баратыр деп айтып еди. Егер рас болса оны берман бер, мен оны судлап, ҳүким шығарайын. Ол жаўыздын ҳүкимине: «Бул ең ақырғы ҳүким ҳәм шағым бериўге жатпайды»- деп жазамыз да қоямыз.

- Қандай ҳуқуққа тийкарланып? Ямаса Совет ҳүкимети пышықлар жоқ етилсин деген заң шығарды ма?

Размётнов күлимсиреди:

- Заң менен не жумысың бар? Рас пышық басқыншылық етеди екен, рас ол бандит екен ҳәм ҳәр қыйлы қусларды бүлдире береди екен, онда оған ең жоқарғы жаза бериледи, әне гәптиң тоқ етери! Бизде басқыншыларға тек болғаны бир зат бар. «Революциялық праволық сезимди» басшылыққа ала отырып, урып жибересең, -бәс-тамам! Қәне шеше, бул жерде гәпти көп соза бериўдиң кереги жоқ, қолыңдағы пышықты берман бер, мен оның менен қысқаша сөйлесейин...

- Өйтип не, қамбардағы тышқанларды ким услайды? Мүмкин, мынаның орнына сен пышық болып жалланарсаң?

- Мениң өзимниң хызмет орным бар, ал жумыссыз қуры қарап отырып, қудайға

сыйынып, иконаның[8] алдында еки бүклене бергенше, тышқан тутыў мәселесин өзиң қолыңа ал.

- Маған ҳәмир етиўге сен жассаң! - деп кемпир көтерилип кетти. - Бизиң казаклар бундай рәсиўасы шыққан адамды қалай председатель ете қойды? Сен билесең бе, бурынғы заманда хутордың бир де атаманы мениң менен келисип сейлесе алмады ҳәм күши де жетпеди! Ал сени мен өзимниң шарбағымнан сондай етип шығарып таслайман, тек сен көшеге шыққан ўақтында ғана есиңди жыйнап аласаң!

Кемпирдиң қатты даўысын еситип қамбардың қасынан бир ала күшик жуўырып шығып, адамның қулағын тесетуғын жаңғырған даўыс пенен үре баслады. Размётнов басқыштың қасында турып, жай - парахат темеки орай баслады. Орап атырған темекиниң үлкенлигине қарағанда, ол өзиниң турған орнын тез арада босататуғын түри жоқтай. Узынлығы шерек метрдей, жуўанлығы суқ бармақтың жуўанлығындай етип орап атырған темеки шықпай отырып қалдырмай сөйлесиў ушын арналған еди. Бирақ истиң барысы олай болып шықпады...

Размётнов ойланып турып, жайпарахат.

- Сеники дурыс, шеше! Ақылы зайыл казаклар мени председатель етип таңлап алған. «Казак - ақылы мазақ», - деп босқа айтылған емес ғой. Аўадағы, бундай азапқа ақылымнын көплигинен килисим бермедим. Бирақ сен қайғырма жақында мен председательлик хызметтен бас тартаман, - деди.

- Әлле қашан-ақ ўақты жеткен еди!

- Мен де ўақыт жетти деп айтып отырман ғой, ал ҳәзирше, шеше, өзиннин пышығың менен хошласып, оны мениң председательлик қолыма тапсыр.

- Сен бунысыз-ақ хутордағы барлық пышықларды өлтирип болдың, енди хутордағы тышқанлар сондай көбейеди, түнде барып алды бурын сениң тырнақларыңды кемиргенин көр.

- Ҳеш кемире алмайды! - деп Размётнов тиккелей қарсылық көрсети. - Мениң тырнақларым соныңдай қатты, егер оны кемиремен десе сениң көпегиң де тисин сындырады. Ал енди қалай болса да пышықты берман бер, сениң менен даўласып отырыўға мениң ўақтым жоқ. Оның ийманын үйирде жақсы сөз бенен маған береғой.

Кемпир оң қолының буўын - буўын гүреӊ бармақларының арасына мә сaған деп үлкен бармағын суғып керсетти, ал шеп қолы менен қолында не барын умытып кетип, пышықты кекирегине қатты қысып еди, пышық бийшара өлердеги даўысы менен қатты бақырып жиберди де тырмалақланыўы менен үсти-үстине пысқыра баслады. Размётновтын артында қатарласып турған балалар кемпирди масқаралап ўаҳаҳалап күлип жиберди. Олардың бәриниң ықласлары Размётнов тәрепинде екени ап-анық көринип тур. Бирақ кемпир қорқып қалған пышықты тынышландырып болып бақырған ўақта олар биреў команда бергендей бирден тымтырыс бола қалды,

- Ҳәзирден баслап бул жерден жоғал, ҳарамы нәлетий уятсыз! Аман ўақтыңда кете бер, болмаса сен меннен бир бәлеге ушырайсаң!

Размётнов газетаның оғаш-оғаш қағазларын әсте-ақырын тилиниң ушы менен жалап, папиросын жақсылап желимледи, ал өзи көзиниң астынан тәсил салып, урыспаз кемпирге қарап турды, тағы оған қосымша ийбесизлик пенен кулимсиреди. Ашымайырақ етиў керек, не себептен екени билгисиз, бирақ усы хутордағы өзиниң анасынан басқа барлық кемпирлер менен сөз жузинде айтысыў онда үлкен қанаатланыўшылық, ҳәттеки пайызланыў туўдыратуғын еди. Тәуир жасқа барып қалғанына қарамастан онда еле баяғы жас казаклық тентеклик ҳәм соннан бери таң қаларлықтай сақланып киятырған турпайы кеўиллилик бар еди. Бул сапары да ол өзиниң баяғы жақсы емес әдетин тутып қалды. Темексин алыстырып болып, қатарынан еки жола түтинин ишине тартып, кеўилли, ҳәттеки қуўанғандай болып айтты:

- Сениң даўсың қандай жақсы, Игнатьевна шешей! Өмиримше тыңласам да тыңлап

---

[8] Христианлар табынатуғын «бут, қудайдың ямаса әўлийелердиң» сүўрети.

тоймас едим! Ишпесем, жемесем, тек азаннан кешке шекем сени бақырғызып қойсам... Сөз жоқ, даўысың жүдә өткир? Ириден келген, гүңиренген, тап ҳақыйқат станицадағы ғарры дьяконның ямаса бизиң колхоздың «Гүл» деген айғыр атының даўысынан бир де кем емес. Усы бүгиннен баслап енди сени «Игнатьевна шешей» деп атамай, ал «Гүл шешей» деп атайман. Қәне сениң менен енди былай келисейик: егерде адамларды жыйналысқа шақырыў керек болып қала қойса, онда сен майданшаға шығып даўысынның жеткенинше қатты гүркирейсең, ал соның ушын бизлер саған колхоздан еки мийнет күннен беремиз...

Размётнов гәпин таўыса алмай-ақ қалды: ашыўы қозып кеткен кемпир пышықты желкесинен услап алып, еркеклерше қулашлап жерге ылақтырды. Размётнов шоршып кетип қапталына секирип-ақ түсти, ал пышық төрт аяғын төрт жаққа созып, жасыл көзлерин ойнақшытып, жан халатында мияўлап, Размётновтың қасынан зымырап өтип, пружинадай сертилип әстен жерге түсти де, үлкен қуйрығын түлкидей былғаңлатып жиберип, бар күши менен палыздын ишине қарай жөнелди. Оның изинен жаны шыққанша үрип, қулақлары салпылдап күшик қуўып кетти, ал күшиктиң изинен улы-қыйқыў болып балалар да айдады. Пышық шетенниң үстинен самал көтергендей жуқпастан секирип кетти, ал күшик бундай бәлемет қарсылықтан бирден өте алмайтуғынын билип, пәт пенен бурыннан өзине таныс айланып өтетуғын тесикке кетти, бирақ балалар, бәри бирден гөне шетенниң үстине секирип минип, бирден оны жапырып таслады.

Пышық қыяр қатарларынын, помидор ҳәм капуста шанақларының арасында анда-санда бир көринип сап-сары жылдырымдай жылдырады, ал Размётнов көкиреги қуўанышқа толып, алақанлры менен дизесин шаппатлап жиберип, бақырды:

- Усла оны! Қашып кетпесин! Усла, мен оны билемен!...

Размётнов топа-торыстан басқышқа қарап, Игнатьевна шешейдиң бүлкилдеп күш бермей баратырған көкирегин қоллары менен услап, ишек-силеси қатып күлип турғанын көргенде биротала аң-таң болды.

- Андрюшка Размётнов! Мениң бағы-бақшамды басқылап бүлдиргениңиз ушын, мәйли сен, мәйли сениң аўыл советиң ким болса да маған бәри бир ҳақысын төлейсең! Енди кешке шекем сениң ертип келген басқыншыларыңның қанша нәрсени ўайранлап кеткенин есаплап шығаман. Оннан соң адамгершилигиңди ете бер!

Андрей басқышқа жақынлап келип, кемпирге өтиниш еткен көзлери менен қарады:

- Шеше, мәйли өзимниң председательлик айлығымнан болса да, мәйли гүзде бизиң палыздан болса да ҳақың толығы менен төленеди! Ал соның ушын сен маған сизиң пышық бүлдирип қоймаған кептердиң палапанларын бер? Жақында өзимиздики де бир жубын шығарады, сен де бир жубын берсең, әне мениң хожалығым байып қалады.

- Қудай ҳақына, сен олардың бәрин-ақ ала ғой, тек болғаны шашқан дәнлеримди жеп, таўықларымды аш қалдырғаннан басқа олардан тапқан пайдам жоқ.

Размётнов бақшаға қарай бурылып бақырды.

- Балалар, қойың енди!

Он минуттан кейин Размётнов үйине қайтты, бирақ көше менен емес, ал Гремячийдиң ғыйбатшы ҳаялларының кеўлин өзине аўдармаў ушын өзекти жағалап ойдан жүрди... Арқа беттен таза, азырақ суўық самал есип тур. Размётнов ып-ыссы аўыр жемсекли еки палапанды өзиниң папағына салып, оның устин күртешесиниң етеги менен жаўып, өзи урыдай жан-жағына қаранып, қысылыңқырап кулимсирейди, ал арқадан есип турған суўық самал оның ағарған шашларын желбиретип қояды.

## XXII БАП

Гремячий партячейкасының жыйналысына еки күн қалғанда Нагульновтың үйине алты колхозшы ҳаял келди. Таң азан еди, сонлықтан ҳаяллар топарласыўы менен жайға кириўге батына алмады. Олар басқыштың текшелеринде, сыпаның үстинде тәртипли түрде қыйысын келтирип жайғасып отырып алды. Соннан кейин Кондрат

Майданниковтың ҳаялы басындағы қойыў кекке боялған таза орамалын дүзеңкиреп болып сорады:

- Оның алдына мен барсам ба екен, қатынлар?

- Өзиң талабан болып турсаң, барағой, - деп ҳәммесиниң атынан төмендеги текшеде отырған Агафон Дубцовтың ҳаялы жуўап берди.

Макар өзиниң бөлмесинде еплеп-сеплеп гүл егетуғын гүзеге орналастырылған айна сынығының алдында нақолай отырып, еки бүгилип сақалын алып отыр еди. Гөне, өтпейтуғын пәки электр зарядына уқсас сес берип, Макардың қара пәрең шекелеринен қап-қара қатты түклерин ала баслады, ал оның өзи болса аўырсынып, мурнын жыйырып, гүрсинип, ара-тура әсте ғана ыңырсып, жекке сийрек көзинен аққан жасларын ишки көйлегиниң жеңи менен сыпырып қояды. Ол ҳәлекленип отырып бир неше жола ҳәр жерлерин кесип те алды, сонлықтан оның шекелериндеги ҳәм мойнындағы сабынның суйық көбиклери ақ емес, ал алағат қызғылт болып көринди. Гүңгирт айнаға түскен Макардың жузинде тез-тез аўмасқан ҳәр қыйлы сезимлер көринип турды: биресе тәғдирге көз жумып бағыныўшылық, биресе машақатқа шыдамлылық етиў, биресе мийримсиз ашыўы келип, гейде қайтпас өжетлик әсеринен қалай болмасын пәкиниң жәрдеми менен жанын қыйыўды ойлаған өзин-өзи өлтириўшиниң жүзин еске түсиреди.

Майданниковтың ҳаялы мийманханаға кирип әсте ғана сәлемлести. Макар оған қарай өзиниң аўыра-аўыра қыйланып азмаз қыйсайыңқыраған ҳәм қып-қызыл қара қан болған бетин жалт бурды. Сол ўақта бийшара ҳаял қорыққанынан ўай деп босағаға қарай шегинди:

- Ўай, шайтан шалғыр! Ҳаў, буншама боялып не болды саған? Ең болмаса жуўынсаң болмай ма, сойылған қабандай, қаның сорғалап баратыр!

- Қорықпа, ақылсыз ақмақ, отыр, - деп Макар мүнайым күлимсиреп оның сәлемин алды. - Пәки өтпейтуғын болғанлықтан кесип алдым. Әллеқашан-ақ ылақтырыў керек еди, бирақ көзим қыймайды, бунын азабын шегип жүриўге көнлигип кетиппен. Ол мениң менен еки урыста болды, он бес жыл шырайымды шығарып жүрди. Енди оның менен қалай айырылысарман? Ҳаў, сен отыр, мен ҳәзир боламан.

- Өтпейтуғын пәки дейсең бе? - деп, қайталап сорады Майданниковтың ҳаялы не дерин билмей скамейкаға батына алмай отыра берип ҳәм Макарға қарамаўға тырысып.

- Айта көрме! Жанның азабы, - деп Макар сөзге шақалып еки жола жөтелип болып, шаққан сөйлеп тамам етти, - Көзиңди байлап шама менен қыра берсең де арзыйды! Ҳай, айтпақшы таң атар атпастан биймезгил неге келдиң? Сизиң үйде бир нәрсе болып қалған жоқ па? Кондрат ләңнен аманба?

- Жоқ, оның дени саў, сизиң алдыңызға мен бир өзим емес, ал алты қатын болып келдик.

- Қандай мүтәжлик пенен?

- Ертеңниң арғы күни сен бизлердиң күйеўлеримизди өзиңниң партияңа қабыл етеди екенсең, сол күнге шекем бизлер де мектепти тазалап қоймақшы едик.

- Өзлериңиздиң еслериңе түсти ме ямаса күйеўлериңиз айтты ма?

- Ҳаў, бизлердиң ақылымыз келте ме? Бизлерди оншама жерге ура берме, жолдас Нагульнов!

- Егер езлериңиз ойлап тапқан болсаңыз жүдә жақсы.

- Иши сыртын сыбап ҳәм ақлайжақбыз.

- Ийгиликли талап! Толығы менен мақуллайман, бирақ есиңизде болсын, бул жумыслар ушын сизлерге мийнет күн жазбаймыз. Бул жәмийетлик ис.

- Егер бизлер өз тилегимиз бенен ислеп атырған болсақ қандай мийнет күн болыўы мүмкин? Тек болғаны сен бригадирге айт, ол бизлерди басқа жумысқа қуўып жибермесин. Бизлер алты жанбыз, бәримизди де қағазға жазып қой.

- Бригадирге айтамыз, ал бул жерде жазыўдың кереги жоқ, сизлерсиз-ақ бюрократизм менен ҳәр түрли қағазпазлық бастан асып атыр.

Майданниковтың ҳаялы түргелип азмаз үндемей турды, Макарға қапталынан қарап

әсте күлимсиреди.

- Мениң байым тентекликтен сеннен қалыса қоймайды, ал гейде арттырып та жибереди десе болады. Адамлардың гәпине қарағанда ол усы күнлери далада қудайдың қутлы күни сақалын қырады да жүреди дейди. Ал үйге келсе көйлеклерин биресе кийип, биресе шешип өлшестиреди де отырады, Өлшестиргендей көйлеклери көп болса екен-аў, ал барлығы болып үш-ақ көйлеги бар. Енди ол басын қатырып, биресе биреўин, биресе басқасын кийип екшемби күни қайсысын кийип барып партияға өтсе жақсы болатуғынын билмейди... Мен оған: «Сен турмысқа шығайын деп атырған қыздайсаң деп ермеклеймен. Ал оның қатты ашыўы келеди! Ашыўланады, бирақ сыр бермейди, тек ара-тура мен оны ермеклеп күле басласам дәрриў көзлерин сығырайта баслайды. Мен оның аўзынан жаман сөз шығатуғынын биле қояман, зейнине тиймей-ақ қойайын деп тез кете қаламан.

Макар мырс етти, көзлери кеўилленди.

- Сениң байың ушын бул ис, қарағым қыздың турмысқа шыққанынан да әҳмийетлирек. Некелесиў тойы-бул тупиргеннен аңсат! Некелесип болыўдан зымырап үйнне қайтады дегендей, соның менен бәс тамам болғаны, ал партия болса, бул қызалақ - сондай нәрсе... Қысқасын айтқанда сондай нәрсе... Бәри бир сен ҳеш нәрсеге де түсинбейсең, партиялық пикир ҳәм түсиниклерге сорпаға түскен шыбындай жүзип кетесең, неге мен сениң менен келиге суў түйгендей, мәниссиз қуры сөйлесип отырман? Қысқасын айтқанда, партия, бул уллы ис, әне миниң ақырғы сөзим. Түсиникли ме саған?

- Түсиникли, Макаржан, тек болғаны сен айт, бизлерге онлаған арба саз әкелип берсин.

- Айтаман.

- Дийўалларды ҳәклеў ушын ҳәк те әкелсин.

- Айтаман.

- Ылай ислеў ушын балалары менен бир жуп атта жиберсин.

- Мүмкин саған Ростовтан тағы онлаған сыбаўшы да әкелип бериў керек шығар? - дәп пәкисин алыслатыңқырап тап қасқыр қусап пүткил денеси менен Майданниковтын ҳаялына қарай айлана берип, сынақлы сораў берди Макар.

- Өзлеримиз-ақ сыбаймыз, бирақ атларды бересең, болмаса екшембиге шекем үлгере алмаймыз.

Макар суўық демин алды:

- Сизлер, қатынлар, жуўас адамлардың мойнына минип алыўға жүдә ўқыплысыз... Атларды да берейик, басқасын ҳәм бәрин тайын етип, сизлердиң қолыңызға тапсырайық, қудай ушын, сен бул жерден тезирек кет! Сениң себебиңнен мен тағы еки жеримди кесип алдым! Тағы да сениң менен еки минут сөйлессем онда мениң саў жерим қалмайды. Түсиникли ме?

Макардың мәртлик даўысынан аянышлы өтинишинин еситилип турғанлығы соншелли, Майданниковтың ҳаялына тез бурылып: «Хош бол»- деп айта сала шығып кетиўте туўра келди. Ал бир секундтан кейин қапыны қайтадан ашты.

- Макар, сен мени кешир...

- Тағы не керек? -Макардың даўысында ашық жекириниш еситилди.

- Саған рахмет айтыў есимнен шығыпты.

Қапы тарс етип жабылды. Макар шоршып кетип тағы бир жола пәкини терисинин астына терең сиңирип жиберди.

- Саған, яғный сизлерге рахмет, айтыў керек, жин урған ақмақ маған айтыўдың кәжети жоқ!- деп ол изинен бақырды да көп ўақытқа шекем үнсиз күлип отырды.

Әне усы әпиўайы ғана нәрсениң бәрҳәма түнерген Макарды кеўиллендирип кеткени соншелли, ол кешке шекем тек Кондраттын ҳаялының келгени, оның орынсыз айтқан «Рахмети» есине түскен ўақта өзинен-өзи күлиў менен жүрди.

Күнлер жүдә ашық, қуяшлы ҳәм самалсыз. Шемби күни кеш қурын мектептин сыртқы дийўаллары аппақ айнадай мүлтиксиз жалтырап көринди, ал езилген гербиш пенен тазалап ысылып жуўылған ишки поллары қол тиймегендей тап-таза болғанлықтан

мектептиң ишине кирген адамлардың барлығы да ериксиз аяғының ушы менен басып жүргиси келеди.

Ашық партия жыйналысы кешки саат алтыға белгиленген еди, бирақ саат төрттен баслап-ақ мектепке бир жүз елиўден асламырақ адам жыйналды ҳәм бирден барлық классларда да айна-қапылардың ашық болыўына қарамастан зәҳәрдей ашшы екпе темекинин, спирттин ашшылығындай еркеклердиң терлеген теринин ийислери ҳәм жасанып кийинген бир топар ҳаял-қызлардан арзан ерин бояўлар менен тап сондай сабынлардың ийиси мүңкип турды.

Гремячий Логта партияға жаңа ағзалар жәнеде өз аўылласларын қабылететуғын биринши ашық партия жыйналысы болғанлықтан жас балалар менен төсек тартып жатырған кеселлерден басқа, пүтин Гремячий Лог саат алтыда я мектептиң ишине, я айналасына жыйналды. Дүздеги дала шертеклеринде бир де жан қалмастан барлығы да аўылға келди. Ҳәттеки аўылдың падашысы Агей ата да падасын жәрдемши баласына тапсырып қайта кийинип, сақалын пухталап тарап ҳәм гөне болса да қонышларын қампайтып, тозып қалған етигин кийип мектепке келди. Қамшысыз, қапталындағы кенеп қалтасын таслап, бар интасы менен жасанып кийинген Агей атаның түри қәдимгидей емеслиги соншелли, оны егеде болған казаклар бир көриўден танымай, таныс емес бир жақтан келген адамдай оның менен сәлемлесип көристи.

Саат анық алтыда Макар Нагульнов қызыл сатийин жабылған столдың арқасында турып, парталарда тығылысып отырған ҳәм араларында түргелип турған колхозшыларды көзден өткерди. Ең ақырғы қатарда шуңкилдескен даўыслар ҳәм бир ҳаялдын шыңғырған күлкиси еле де тынышланған жоқ еди. Сол ўақта Макар қолын жоқары көтерди:

- Арттағы шаўқымпазлар, әсиресе қатынлар, қәне, азмаз тынышланыңлар! Мумкин болғанша тынышлық сақлаўыңызды сорайман ҳәм ВКП (б) ның Гремячий ячейкасының ашық партия жыйналысын ашық деп есаплайман. Сөз жолдас Нагульновқа, яғный мениң өзиме бериледи. Күн тәртибинде бир мәселе: партияға жаңа ағзалар қабыл етиў. Бизге бир қанша арзалар түсти, солардың ишинде сизлер муштайынан баслап билетуғын аўылласымыз Кондрат Майданниковтың да арзасы бар. Бирақ тәртип ҳәм партияның уставы оның ким екеиин анықлаўды талап етеди. Сонлықтан партияда бар, сондай-ақ партияда жоқ басқа да жолдаслардан ҳәм граждanлардан Кондраттың партияға өтиўине ким «жақлап», ким мүмкин «қарсы» екенин билдирип тап усы мәселе бойынша өз пикирлериңизди айтыўыңызды соранаман. Қарсы айтылған пикирлер отвод деп аталады. «Мен жолдас Майданниковқа отвод беремен деҥ» - кейнинен не ушын Майданниковтың партия қатарында болыўға ылайық емес екенлиги туўралы фактлерди ортада таслайсаң. Бизге қарайтуғын фактлер, тек усындайларды ғана есапқа аламыз, ал анаў-мынаў деп гәп шайнап, адамды фактсыз жаманлаў - рәсиўа ис. Бундай езбе сөзлерди бизлер есапқа да алмаймыз. Дәслеп Кондарт Майданниқовтың кишкентай ғана арзасын оқып беремен, оннан соң ол өзиниң өмир баянын, яғный бурын ким болғанын, ҳәзир не ислеп атырғанын ҳәм келешекте не ислемекши екенин айтып береди, ал оннан кейин сизлер жолдас Майданников туўралы билгениңизди айта бериң. Мәселе түсиникли ме? Түсиникли. Онда мен иске кирисемен, яғный арзасын оқыйман.

Нагульнов бир бет қағазға жазылған арзаны оқып болып, оны столдың үстине тегислеп қойып, үстине өзиниң узын, аўыр алақанын басты. Оқыўшының дәптеринен жыртып алынған усы бир бет қағаздың үстинде Кондрат азап шегип, уйықламай, қыйланып көп түнлерди өткерген еди... Енди мине Кондрат ара-тура биресе столда отырған коммунистлерге, биресе партада отырған өзиниң қоңсыларына, өзине тән емес тартыншақлық көз-қарас пенен қарап сасқалақлап отырған ўақытта маңлайынан тамшы-тамшы тер шығып, бетине жаўын жаўғандай болып көринеди.

Ол сөз таппай қыйланып, ара-туўра бир сөйлеп қысынып турғанының өзинде мыржыйып күлип, өзиниң өмир баянын бир қанша сөзлер менен айтып берди. Любишкин шыдап тура алмады, қатты даўыс пенен бақырып жиберди:

- Турмысыңнан неге бунша арланасаң, байлаўда турған аттай неге мүңайасаң?

Турмысың сениң жақсы, Кондрат, батыл айта бер!

- Мен бәрин айттым, - деп әстен жуўап берди Майданников, қунысып отыра берип.

Усы ўақытта ол өзин ысып турған жайдан даладағы суўыққа жалаңаш шыққандай сезди...

Бираз даўам еткен тынышлықтан кейин Давыдов орнынан турды. Ол Майданниковтың басқа да колхозшыларды изине ертип аянбай мийнет етип атырғанын басқаларға өрнек ретинде көрсетип, қысқа болса да қызғын сөз сөйледи ҳәм ең изинде:

- Бизиң партиямыз қатарында болыўға толық ылайық, факт! - деп исеним билдирди.

Тағы да бир қанша адам Майданниковты қызғын қуўатлап сөз сөйледи. Олардың сөзлерин талай сапар мақуллаўшы даўыслар бөлип турды:

- Дурыс!

- Жақсы хожайын!

- Колхоздың мәпин гөзлейди.

- Бул адам жәмийетлик байлыққа зыян келтирмейди, бир тийин жоқ қылыў орнына еки тийин қосып қояды.

- Оған жаман ат тағa алмайсаң, ҳеш ким исенбейди!

Албырақлап бозарып отырған Кондрат өзи ҳаққында көп ғана көтериңки сөзлерди еситип, жыйналғанлардың бери де оны жақлап турғандай болып көринди. Бирақ қәпелимде Щукарь ата тургелиўге асығып, орнынан ушып турды да сөз сөйлей баслады.

- Қымбатлы граждванлар ҳәм кемпирлер! Мен Кондратқа толық «отвод» беремен! Мен басқалардай емеспен, маған билек бир болса да бармақ басқа. Әне мен қандай адамман! Бул жерде Кондратты адам емес, ал ҳеммениң кеўилин тапқыш бир әўлийе, алым сыпатында сүўретлеп атыр! Ал мен сизлерден сорайын, граждванлар: егер ол бизлердей-ақ ҳәм басқалардай-ақ гүнәкер болатуғын болса, онда оннан қандай ўәлийдиң шығыўы мүмкин?

- Сен әдеттегидей гәпти шатастырып отырсаң, ата! Бизлер оны бейишке қабыл етип атырғанымыз жоқ, ал партияға, - деп ҳәзирше жақсылыққа дүзетти ғаррыны Нагульнов.

Бирақ Щукарь ата ортаға тасланған бир ғана сөз бенен епке келип, тилин тыятуғынлардан емес еди. Ол ашыў толы көзи менен Нагульновқа жалт қарады - екинши көзи көптен бери жуўылмаған қызыл орамал менен таңыўлы еди.

- Пах, Макаржан, сен жақсы адамларды қысыўға зорсаң-аў! Сени жуўазға отырғызып, искенжениң орнына айғабағардан май сығып шығарта берсе... Сен неге аўзымды қақпалап маған сөз айттырмайсаң? Мен сен туўралы айтып отырғаным жоқ ғой, саған отвод берейин деп отырғаным жоқ? Соның ушын сен сөзиңди қой, себеби, партия бизден критика ҳәм өз-ара критиканы бар күш пенен ҳәўиж алдырыў керек деп көрсетпе берип отыр. Өз-ара критика деген не? Русшалап айтқанда-бул қәлегенинше критикалаў деген сөз. Бул нени билдиреди? Бул сол адамларды қәлеген жеринен, бирақ тап жаны шыққанша шымшыў керек дегенди аңлатады! Бастан аяғына шекем қара тер куйылғанша шымшый бер, ол урныққырды: Әне өз-ара критика деген сөз соны билдиреди, мен солай деп түсинемен.

- Тоқта ата! - деп кескин түрде Нагульнов оның сөзин бөлди, - сен кеўлиңниң қәлгенинше сөзлерди бурмалама! Өз-ара критика - бул өзиңди өзиң критикалаў деген мәнисти анлатады. Колхоздың жыйналысында шығып сөйлеп, сонда сен қәлеўиңше қәлеген жериңнен өзиңди өзиң шымшырсаң, ал ҳәзирше тилиңди тыйып тыныш отыр.

- Жоқ, сен тилиңди тый ҳәм мениң критикамды қайтарып өзимнин аўзыма тықпа! - деп қызып қышқырып жиберди Щукарь ата, -Жүдә ақыллысаң-а, Макаржан! Қай жинге урғызып мен өзимди өзим ҳәрқыйлы патаслыққа аўнатаман? Не ушын мен өзиме өзим дөҳмет қыламан? Совет ҳүкимети тусында ақмақлар қалмаған... Бурыңғылары қалмағаны менен қаншасы жаңадан туўылды дейсең - санап ада болар емес. Совет ҳүкимети оларды егип-тигип отырмайды, ал олардың өзлери тап жабайы қара бийдайдай дус келген жерде өсе береди: бундай зүрәәтке қарсы шара көрилип атырған жоқ, сениң өзиңди-ақ алып қарайық, Макаржан...

- Сен маған тийме, бул жерде гәп мен туўралы емес, - деди қатаңлық пенен Нагульнов, - сен тийкарғы мәселе туўралы, Кондрат Майданников туўралы айт, ал егер айтатуғын ҳеш нәрсең болмаса, онда тилиңди тыйып мына адамгершиликли адамлардай болып тыныш отыр.

- Демек, сен адамгершиликли, ал мен адамгершиликсизбен бе? - деп қапаланып сорады Щукарь ата.

Сол ўақта артқы қатарда отырғанлардың биреўи ўадырлап:

- Ҳәй, сен, адамгершиликли ата, өзиң туўралы қартайған шағыңда кимнен бала тапқаныңды ҳәм не ушын сениң бир көзиң көреди, ал екиншиси көгерип кеткен - соны айтсаң болмай ма? Болмаса сен шетенде турып шақырған қораздай басқаларды гәп етесең, ал өзин туўралы ың демейсең, ҳийлекер шайтан!

Мектепте жаңғырған күлки көтерилди де Давыдов түргелиўден тымтырыс болды. Давыдов сөйлеген ўақытта қабағы үйилиңкиреп- даўысы ашыўлы шықты.

- Бул жерде, жолдаслар, тамаша ойын қойылып атырған жоқ, ал партия жыйналысы болып атыр, факт! Ким кеўил көтергиси келсе, онда мәйли отырыспаға барсын. Сиз тийкарғы мәселе бойынша айтасызба, ата, ямаса буннан былай да былшылдап тура бересиз бе?

Давыдов Щукарьға бундай өлимши сөзди биринщи мәртебе айтқан еди. Сол себептен болса керек, Щукарь атаның жығырданы биротала қайнап кетти. Ол урысайын деп турған жас қораздай шомпыйып партаның артында бир секирип түсти, ҳәттеки қәҳәринен сақаллары да селкилдеп кетти:

- Ким өзи былшылдап турған? Мен бе ямаса артта отырып маған мәниссиз сораўлар берип отырған жәримес пе? Егер адамлар өз сөзин ашықтан-ашық айтыўға болмайтуғын болса, бул қандай ашық жыйналыс? Мени ким деп ойлайсызлар? Даўыс бериў ҳуқуқымнан айрылған жинлимен бе ямаса басқаман ба? Мен Кондрат ҳаққында сөйлеп атырман, оған отвод беремен. Бундайлар бизиң партиямызға керек емес, әне мениң айтар гәпим!

- Не ушын, ата? - деп күлкиге буўлығып сорады Размётнов.

- Ол партия қатарында болыўға минәсип емес. Ҳей, ақ көз, сен неге күлесең? Не, полдан сәдеп таўып алдыңба, хожалықта сәдепте дәртке асады деп, соған өлгенше күлип қуўанып отырсаң ба? Егерде Кондраттың партияға не ушын минәсип емес екенлиги саған түсиниксиз болса, онда мен саған анықлап түсиндиремен, соннан кейин сен сүлиге умтылып турған актадай ыржыймастан қаласаң... Сизлер басқалардың кемшилигин көрсетиўге шеберсиз, ал өзлериңиз қандайсыз? Сен аўыл советтиң баслығысаң, үлкен адамсаң, сеннен ғаррылар да, жаслар да тәлим алыўы тийис, ал сен өзиңди қалайынша тутып жүрсең? Жыйналыста орынсыз күлип, аўзыңды томпайтып, түйе таўықтай қуры көгереңлей бересең. Өзин қандай баслықсаң, Кондраттың тәғдири тәрезиде теңселип турған ўақта қандай күлки болыўы мүмкин? Қәне мийиңди бир ислетип; бизлердиң қайсысымыз ақыллырақбыз: сен бе ямаса мен бе? Пай нетесен, жигит, сөзликтен ядлап алған ҳәр қыйлы шет тиллик сөзлеримди Макаржан гәпке қосып айтыўға рухсат етпей қойыпты, болмаса сол сөзлер менен сени сондай етип көмип таслар едим, мениң неликтен ҳәм не айтып турғанымды өмир өмириңше билмей-ақ кетер едиң. Ал Кондраттың партияға өтиўине мениң қарсы болыўымның себеби, ол майда жеке меншик ийеси, енди оны искенжеге салып қыссаңызда оннан ҳеш қандай нәтийже шығара алмайсыз! Оннан гүнжара шықса шығады да, коммунист шықпайды! - өле қойсын шықпайды!

- Не ушын меннен оңлы коммунист шықпайды атажан? - деп сорады Кондрат өкпелеген даўысы қалтырап.

Щукарь ата оны мысқыллап көзин сығырайтты:

- Тап өзиң билмейтуғындай?

- Билмеймен, сен билетуғын болсаң маған ҳәм басқа гражданларға оңлап айт, не ушын мен минәсип емеспен? Өзиңше ҳәр нәрсени қоса бермей тек ҳақыйқатлықты айт.

- Мен қашан болмасын өтирик сейледим бе? Ямаса, мысалға, дәртке аспайтуғын ҳәр

қыйлы өсек тараттым ба?

Щукарь пүтин мектепти басына көтерип гүрсинип, ҳәсирет пенен басын шайқап қойды.

- Өмир өмиримше мен ҳақ адамлардың көзине тек болғаны бир шынлықты айтаман, соның ушын да Кондратжан, мени гей биреўлер дүньядағы керек емес элемент деп есаплайды. Сениң өлген әкең пақыр баяғылары: «Егер Щукарь өтирик сөйлесе, онда ким шынлықты айтады?» - дейтуғын еди. Әне өлген адам мени қандай жоқары баҳалады! Әттегене-ай өлип қала ғойды-аў, болмаса тап ҳәзирдиң өзинде баяғы сөзин дәлиллер еди, жаны жәннете болғыр!

Щукарь шоқынып қойды, жылайын деп еди, бирақ ойланып, пикиринен қайтты.

- Сен бул жерде мениң әке-шешемди қоспай, тек өзим туўралы айтып бер. Не деп сен маған айып тағасаң? - деп турақлы талап етти Майданников.

Айрым шаўқымларға қарағанда тиккелей Щукарьға қаратылған көтериңки емес наразылықлар оның кеўлин хеш буза алмады. Ҳәррелердиң үлкен семьясының шаўқымларына үйренген тәжирийбели бал ҳәрре бағыўшы қусап Щукарь бул жерде де шыдамлылық пенен өзин толық бийлеп турды. Қолларын мүнайым түрде тынышландырып сөзин былай деди:

- Ҳәзирдиң өзинде бәрин қалдырмай түсиндирип беремен. Сонлықтан сизлер, гражданлар ҳәм қымбатлы кемпирлер, өз шаўқымыңызды өзлериңизде сақлап тура турың, бәри бир мени айтайын деген пикиримнен сизлер алжастыра алмайсыз. Ҳәзир артқы жақта мен туўралы жыланның ысылдысы еситиледи: «Пышықтың ислейтуғын иси болмағанлықтан», ол ҳәм тағы сондай, соған уқсас ҳәкис рәсиўа гәплер артыңнан сыбырланып атыр. Бирақ мен бул қай жыланның ысылдысы екенин билемен. Бул қымбатлы гражданлар ҳәм кемпирлер, жәҳәннемнен шыққан уўлы жыландай мени тырмалақлап отырған Агафон Дубцов! Айтайын деген пикиринен алжасып мен туўралы аўыз ашпасын деп мени ойдан адастырмақшы болып оны-муны айтып отырғаны оның. Меннен тап сондай жақсылық күтпей-ақ қойсын, ондай адам мен емес! Партияға кириў ушын, Агафонда сүт ишиў ушын жер төлеге киргиси келген оқ жыландай суғылысып атыр, бирақ ҳәзир мен оған Кондратқа бергенимнен де бетерирек етип отвод беремен, ол туўралы мен жүдә көп нәрселерди билемен, еситкен ўақта ҳәммеңиз бирден ўай дерсиз, мүмкин, гейбиреўлер тилден де қалып, жығылып қалар.

Нагульнов бос стаканды қәлем менен қағып ашыўланып айтты:

- Ғарры, сен өзиңниң былғасқан пикириңнен әлле қашан-ақ алжастың, тамамла енди! Сениң бир өзиң жыйналыстың барлық ўақтын аласаң, инсап дегенди де билиў керек қой!

- Сен Макаржан, тағы мениң сөзимди тығып қояжақсаң ба? - деди жыламсыраған даўыс пенен Щукарь ата. - Егер сен ячейканың секретары екенсең, демек мени сөзден қысыўыңа болады екендағы? Бул асыра силтеўшилик! Партияның уставында ғаррылардың сөйлеўине тыйым салынсын деген графа жоқ, буны мен анық билемен! Мени инсапсыз деп айтыўға сениң қызыл тилиң қалай ғана гүрмелди екен, хе? Басқа бир бийтаныс жақларға кетпестен бурын сен өзиңниң Лушканды инсабына әкелсең болады ғой, маған сен уятсызсаң деп мениң кемпирим де өмир өмиринше айтқан емес. Сен мени өлгенше қапа қылдың Макаржан!

Щукарь ең изинде әдиўли көз жасын бир төгип, көзин көйлегиниң жени менен сыпарды, сөйтти де әдепки пәти менен даўам ете берди:

- Мен ким болса да бетиң бар, жүзиң бар демеймен, тилимди тислеп кете беретуғын адам емеспен, еле жабық партия жыйналысында саған да тийисермен, Макаржан, тап сол ўақта сен меннен қашып қутыла алмассаң, мениң менен ойнаған екенсең! Мен қызып кетсем хеш кимнен де қайтпайтуғынымды басқа билмесе де сениң билиўиң ҳәм түсиниўиң керек еди. Макаржан, себеби, екеўмиз қатқан доспыз, буны пүткил хутор биледи. Екеўимиз әлле қашаннан берги доспыз, сонлықтан сен меннен ҳәм мениң критикам менен өзара критикамнан оғыры сақланыўың керек! Мен хеш кимниң бас-көзине қарамайман, буны партияға кир жуқтырғысы келгенлердиң ҳәммеси ятдан

шығармасын!

Шапкасын қыйсайтты да, Давыдовқа бурылып, Нагульнов сыбырлады:

- Шығарып жиберейик пе? Жыйналысты бузады! Пай, оны бүгинше бир жаққа командировкаға жибермеген екенсең дағы! Ҳәзир ғаррының қуйысқаны қуйрығының астына түсип кетти, енди оның алып қашқанны қашқан...

Бирақ Давыдов шеп қолындағы газета менен бетин тасалап отырып, қолы менен көзиниң жасын сүртип отыр еди. Ол күлкиден бир сөз де айта алмай, тек олай етиўге болмайды деп басын шайқады. Қатты өкинип, етин жеген Нагульнов ийнин қысты да Щукарь атаға жеркенишли көзлери менен қайтадан тигиле қарады. Ол болса ҳеш нәрседен бийхабар асығып-ентигип сөзин даўам етип атыр:

- Бизиң жыйналысымыз ашық екен, Кондратжан, сениң де ашықтан-ашық айтыўың керек: сен колхозға киреpде өзиңниң қос өгизиңди колхозға тапсырыў ушын айдап киятырғанда оларды көзиң қыймай жыладың ба я жыламадың ба?

- Бул сораўдың мәселеге қатнасы жоқ. - деп бақырды Демка Ушаков.

- Дәртке аспайтуғын сораў. Неге сен мәйектиң қабығындай етип бәле-мәтер жаўа бересең? - деп оны Устин Рыклин қуўатлады.

- Жоқ, бул әпиўайы емес, мәйек мәселеси емес, ал мен ҳақыйқат исти сорап турман. Сизлер жақсылық пенен үниңизди өшириң. Олардың даўысларын басып түсиўге тырысып күшенгенликтен қызарғанша қатты бақырды Щукарь ата.

Даўыслар шөккен сон ол әсте ҳәм мүнайымсып сөйлей баслады:

- Мүмкин сен умытқан шығарсаң Кондратжан, ал мен еле сениң азан менен өзиңниң өгизлериңди жәмийетлик қораға айдап киятырғанда асырыў қоянның ямаса уйқысырап турған ғарры көпектиң көзлериниң қып-қызыл ҳәм муштай болып исип турғанын умытқан жоқпан. Сен теўбе ўақтында тап моллаға жуўап бергендей етип жуўап бер: сондай нәрсе болды ма?

Майданников түргелди. Қысылыңқырап көйлегин дүзетип, көзиниң алды тынып Щукар атаға бир қарады да, салдамлы қатаңлық пенен жуўап берди: сондай нәрсе болды ма?

- Буның болғаны рас. Тайыўға болмайды, жылағыным рас. Айрылысыў қыйын болды. Өгизлер маған ата-бабамнан нәсил болып қалған жок еди, мен оларды өзимниң табан-ет маңлай терим менен таўып едим. Олар мениң қолыма ансатлық пенен түскен жоқ. Бул өткен ис, аға, Мениң баяғы көз жасымнан ҳәзир партияға қандай зыян келеди?

- Ҳаў, сениң қандай кесент келеди дегениң не? - деп ызаланды Щукарь. - Сен сол өгизлериң менен қаяққа баратырғаныңды билесен бе? Мен сениң баратырған жериңди айтсам, шырағым, сен социализмге баратыр едиң. Билесең бе социализмнен кейин тағы не болады? Оннан кейин бизде толық коммунизм болады, болатуғынлығын саған мен туўры бетиңе айтаман. Мен Макаржан Нагульновтың үйинен адам болып шықтым десем болады, сизлер бул жерде алдымда отырғанлар бизлер екеўмиздиң жүдә татыў дос екенимизди, мен оннан ҳәр қыйлы билимлердиң уўысыма сыйғанын симирип атырғанымды ҳәммеңиз билесиз:

- Түнлерде бирeсе сүўретлери жоқ, мағаналы, семиз илимий китаплар оқыйман, сөзлик оқып илимий сөзлерди үйренип алыўға тырысаман, бирақ ғаррылығы қурғыр көп кесент келтиреди! Ес ақылым қурығыр қалтасы жартық шалбардай болып қалды, не салабер - дәрриў түсип қалады, - бәс тамам! Егерде қолыма кишилеў бир китапша түсеғойса, ҳеш қолымнан шығып кете алмайды! Уңқыл-шуңқылына шекем есимде сақлайман! Сондай ҳәм соған усаған оқыўға кирисип кетсем әне мен қандай адам боламан! Мен ҳәр түрли китапшаларды көп оқыдым ҳәм социализмнен кейин бизге коммунизм келетуғынлығын дәлме-дәл билемен ҳәм сизлерге айта аламан және сол туўралы қәлеген адам менен тап қораздың үшинши шақырғанына шекем өжетлесе аламан, сөзим сөз! Әне мен тап усы жерге келгенде гүмәнланаман, Кондратжан... Социализмге болса сен көз жасыңа шомылыўың менен кирдиң, ал енди коммунизмге қайсы бетиң менен көринесең? Көз жасыңа дизден батып, самбырлатып суў кешип келесең, бул жағы аттан анық! Сен тап

сондай боласаң мен айттым-қойдым! Қәне айтың, гражданлар ҳәм қымбатлы кемпирлер, - бундай жылаўықтың партияға неге кереги бар?

Ғарры кеўилли түрде шақақлап күлди де алақаны менен тиссиз аўзын басты.

- Мен енди ҳәр қыйлы салмақлы адамларды көргим келмейди, партия қатарында болса ғой баз-баяғы! Ондай үскини қуйылған адамлардың партияға не кереги бар? Жақсы адамларды ўайым-қайғыға салып, өзиниң үскини қуйылған келбети менен партияның уставын бузып ҳәм бурмаласын деп пе? Ондай болса мен сизлерден сорайман: не ушын сизлер Демид Үндемести партияға қабыл етпейсиз? Әне сол сизлердиң қатарынызға өлиниң азасындай қайғы пайда етер еди! Оннан шыдамлы адамды мен өмиримниң ишинде көргеним жоқ! Жоқ, мениңше, бул жарамайды, партияға тирише, кеўилли, маған усаған адамларды қабыл етиў керек, болмаса партияға алынатуғыны гилең бир салмақлы, әллеқандай тил билмеслер, ал олардан не пайда? Мәселемкиден Макаржанды-ақ алып қарайық. Ол он сегизинши жылдан бери темир қада жутқандай бойын тиклеп алып, усы күнге шекем салдамлы болып қайқайып, батпақтағы тырнадай сәңкийген журисин жазбайды. Оннан я ойын-күлки, болмаса кеўилли бир аўыз сөз еситпейсең, адам емес ол, ал шалбар кийгизип қойылған зеригиўшилик турған!

- Ата, сен маған тийме және мениң адамгершилигим туўралы гәп қозғама, болмаса мен саған иләж қолланаман, - деп қатты ескертти Нагульнов.

Бирақ ғарры сөзшеңлигин тоқтатыўға күши жетпей жымыйып турып, қызғын даўам етти;

- Мен саған сирә жантасып, ҳәттеки тырнақтың ушындай да жантасып отырғанын жоқ! Жаңағы Кондратты-ақ алып қарайық, жигирма сом ақша ушын ол қәлемге минип алып шабады да жүреди: оннан басқа жазыў билетуғын адам қапылып қалғандай жазғаны-жазған, есаплағаны-есаплаған. Москвада әлле қашан-ақ ақыллы адамлар барлығын әнедей етип жазып-есаплап қойған шығар-аў, ал енди оның өз басын өзи қатырыўының түкке де кереги жоқ! Оның жумысы өгизлердиң қуйрығын таўлаў, ал ол болса Москвадағы саўатлы адамлардың умтылған жағына қарай өңмеңлеп умтыла береди... Мениңше, усының барлығын ол ой-сезиминиң кемислигинен ислейди, гражданлар ҳәм мениң қымбатлы кемпирлерим. Ҳәзирше бизиң Кондратымызда сиясий өсиўшилик жоқ, ал егер ондай өсиўшилик жоқ екен, ол дәрежеге жетпеген екенсең, онда үйиңде отырып, асықпай кем-кемнен өсе бер, ҳәзирше партияға суғылыспа. Мәйли, Кондрат өкпелеп жарылып кете қойсын, бирақ мен оның партияға кириўине туп-тамырынан қарсыман ҳәм толық отвод беремен! - деди.

Әне усы ўақта күтилмеген жерден Давыдов қапталдағы класстан шыққан Варья Харламованың дирилдеген көтериңки даўысын еситти. Қызды ол көп ўақыттан бери көрмеп еди, көкирегинен шыққан оның сүйкимли даўсын бираздан бери еситпеген еди...

- Маған сөз бериң?

- Бери шық, сени ҳәмме көрсин, - деп усыныс етти Нагульнов.

Тығылып турған адамлардың арасын қақ жарып Варюха-күйгелек столға жақынлап келди де, күнге күйип қараўытқан қоллары менен желкесиндеги шашларын дүзетип қойды.

Давыдов қызға таң қалып, әсте күлимсиреп қарап турып өзиниң көзине өзи исенбеди. Бир неше айдың ишинде Варюха адам танымаслықтай болып өзгерип кеткен: ҳәзир оның алдында баяғы олпы-солпы болып жүрген емес, ал шашының үлкен бурымы көк орамал менен оралған, ержеткен бир қыз президиумның столына қыя бурылып тынышлықты күтип, тығылысып отырған адамлардың үстинен жап-жас сулыў көзлерин сүзип, даланың арғы түпкирлерине көз жиберип қарап турғандай болып тур еди. Бәҳәрден бери ол қандай жақсы болып кеткен!», - деп ойлады Давыдов.

Варюханың көзлери жаўдырап қетти, оның майлаў ямаса бояў дегенди билмеген гүлдей жүзи де терден жылтырап турды. Бирақ сол ўақта ҳәмме жақтан тигилип қарап турған көп көздиң тәсиринен қыз албырап, қоллары қалтыраңқырап өзиниң кестели қол шаршысын мыжымырлай баслады ҳәм ол Щукарьға қарата сөйлей баслағанда

қысынғанлықтан бетлери қып-қызыл болып, көкирегинен шыққан даўысы дирилдеп шықты:

- Сеники дурыс емес, ата! Сиз жолдас Майданников Кондрат Христофорыч туўралы надурыс айттыңыз, сизиң ол партия қатарында болыўға ылайық емес дегениңизге бул жерде ҳеш ким де исенбейди! Мен бәҳәрден бери оның менен жер сүриўде бирге иследим. Ол ҳәммеден сапалы етип ҳәм ҳәммеден көп жер сүрди! Ол өзиниң бар күшин колхоз жумысына береди, ал сиз болсаңыз оған қарсы шығасыз... Сиз қартайған адам болсаңыз да ақылы енбеген жас баладай ойлайсыз!.

- Аўзына қум қуй оның, Варька! Болмаса қашардың мойнындағы қоңыраўдай сыңғырлай береди, басқа адамлардың жақсы сөзлеринде еситетуғын болдық,- деди даўысын созбай-ақ жуўан даўыс пенен Павел Любишкин.

- Варька дурыс айтады, Кондраттың мийнет күни де колхоз бойынша ҳәмменикинен көп. Ол мийнеткеш казак! - деп қосты Бесхлебнов ғарры.

Дәлизден биреў тумаў тийген даўыс пенен қышқырды:

- Егер Кондрат қусағанлар партияға қабыл етилмесе, онда оған Щукарь атаны жазың! Сол ўақта колхоз бирден жоқары көтерилип кетеди...

Бирақ Щукарь ата тек киши пейиллилик пенен әлле қашаннан бери таралмаған уйпа-жуйпа сақалын селкилдетип күлип, партаның қасында қасық қусап қақайып, ҳәттеки, шығып сөйлеўшилердиң даўысларына да айланып қарамай тым-тырыс турды. Ал қайтадан ҳәмме тым-тырыс болған ўақта, ол жай-парахат сөзин баслады:

- Варьканың бул жерге келиўге де ҳақысы жоқ, себеби оның еле жасы жетпеген. Ондай ҳәкке бул жерге келип мендей ақыллы дана ғаррыларға ақыл үстине ақыл уйретемен дегенше өзиниң бир қәлеген сарайының тубинде қуўыршақ ойнаса болады ғой. Турмыс емес, тамаша басланды. Мәйек таўыққа ақыл бериўге қарады. Басқаларыңызға да болайық биреўи мийнет күн туўралы гәп етеди. Кондраттың мийнет күни арбаға сыймайды, ондай да бундай... Ал мен сизлерден сорайыншы: бул жерде мийнет күнниң қандай қатнасы бар? Егер билгиңиз келсе мийнет күниниң көп болыўы ол да аш көзликтиң белгиси, майда меншик адамлар мудамы аш көз келеди, бул туўралы маған Макаржан талай сапар түсиндирген. Тағы бир надан табылды - егер Щукарьды партияға алсаңыз колхоз бирден өсип кетеди... - деп ол айтып салды. Бул жерде кулиўдиң ҳеш қандай кереги жоқ, тек бир ақылы зайыл болғанлар ғана күлип, соған уқсас ҳәр қыйлы ўақты хошлық ислеўи мүмкин. Мен саўатлыман ба? Толық саўатлыман! Қәлеген нерсени оқый аламан ҳәм еркин қол қоя аламан. Партияның уставын мақуллайман ба? Жүдә мақуллайман! Партияның программасына қайылманба? Қайылман ҳәм оған қарсы ҳеш нәрсе де айта алмайман. Социализмнен коммунизмге шекем тек адымлап ғана емес, ҳәтте шапқылап бара аламан, әлбетте мениң ғаррылығымды есапқа алып, өкпем өшип қалмаўы ушын оншама асықпай шапқылайман. Мен әлле қашан-ақ партия қатарында өсип кетип, портфелимди колтықлап жүргенимди көрер едиңиз, бирақ қымбатлы гражданлар ҳәм қымбатлы кемпирлер, қудайдың алдындағыдай айта аламан, ҳәзирше мен де еле бизиң партиямыздың қатырында болыўға минәсип емеспен... Не ушын, айтыңызшы? Ылайық болмаўымның себеби, маған берекет таппағыр дин тынышлық бермейди! Кирттай бир нәрсе бола қойса, аспанда гүлдирмама қатырақ гүлдирей қойсада, мен дәрриў сыбырланып: «Ҳә алла, мениң гүнәмды кешире гөр! - деймен ҳәм сол жерде кресттиң белгисин жасап Исус Христосқа да, қудайдан кәраматлы туўылған қыз Марьяға да, қорқып турған ўақта дус келген әўлийелердиң бәрине де қалдырмай сыйына беремен, ҳеттеки сондай жағымсыз гүлдирмамадан қорқып аяғымның ушына минип отыраман...

Щукарь ата өзиниң айтып турган сөзлеринен тәсирленип усы жерде де шоқына жақ болып, ҳәттеки қолын маңлайына да алып бара берип еди, бирақ турған жери дәрриў есине түсип, маңлайын қасып, қысыныңқыраған қәлипте шықылықлады:

- Аўа- дағы... Оны қалай айтыўға болады... Қорқыныш көз алдымда турғанда өзиңше ойлайсақ: «Бул Илья-әўлийдиң не ойлап турғанын ким биледи! Ермек ушын-ақ сениң шаш шықпаған төбеңе жасыл түсирсе, әне сонда сен, Щукарь туяқларыңды тарбайтып көсил де, жата бер. Ал маған ондайдың дым да кереги жоқ! Мен еле коммунизмге шекем жасап, татлы турмысты көргим келеди, соның ушын да базы бир ўақта қатты қысқы жесем, дәрриў қудайды артықмаш қәҳәрлендирмеў ушын моллаға да садақаға жигирма тийинге жетер-жетпес майда теңге беремен. Усылай етсем ис пуқтарақ болады деп ойлайсаң, бирақ соңынан пәлектиңниң қалайынша айланатуғынын, оңына ма ямаса терисине ме - ким биледи... Сен ақмақтың ден саўлығы ушын молла қудайға сыйынады деп ойлайсаң, ал аныұлап қарасақ өлиге жез өкше қатын, ямаса оқымыслыларша айтқанда бордюр - екеўиниң де мәниси бир - қандай керек болса, моллаға сен де тап сондай-ақ

керексең. Ол нәлет жаўғыр молла сениң ушын қудайға сыйынбақ түўе, сениң берген ақшаларыңа арақ алып ишиўдиң ғамын излейди... Әне мен сизлерге ашып айтып берейин: мен өзимниң усындай мақаў диним менен партияға қалай киремен. Ҳәм оны, ҳәм өзимди, ҳәм программаны қалай әўерелермен? Жоқ болмайды, мени бундай гүнәдан қутқарыңлар! Маған бундай бурмалаўдың дымда кәжети жоқ, туппа-туўры айтаман!

- Ата сен, тағы шетке шығып кеттиң! - деп бақырып жиберди Размётнов. - Алжасып жол шалма, жолға туўрылап сал!

Оған жуўап ретинде Щукарь алдын-ала қолын көтерди:

- Мен ҳәзир туўараман, Андрюшенька. Тек болғаны сен өзиңниң орынсыз даўысларың менен мени алжастырма, болмаса мен сирә ҳеш қандай жағаға шыға алмай қаларман. Сен жөниңе отыр, ақыллы сөзлерди қулағыңа қуйып ал есиңнен шығарма, олар саған келешекте керек болады. Мен ҳеш ўақытта да жанапайлап сөйлемеймен, ондай әдет менде туўылғалы берли болған жоқ, ал сизлер Макаржан менен екеўиңиз гезекпе-гезек тап ширкеўдеги дьякондай бақыра бересеңиз, мениң айтажақ пикиримнен алжасатуғыным өзинен өзи белгили. Сөйтип мениң айтайын дегеним: мен партия қатарына кирмесем де коммунизмге мынаў көзиниң жасы төгилип отырған Кондраттай болып емес, ал ойнап-күлип, шад болып бәри бир жетемен, себеби мен майда меншик ийеси емеспен, ал ҳақыйқат пролетарьятпан, буны мен сизлерге тайсалмай айта аламан! Пролетарьяттың болса, бир жерде оқыған едим, кисен-шынжырларынан басқа жоғалтатуғын нәрсеси жоқ. Мениң бурын қурғынырақ ўақтымда төбетимди байлаған гөне шынжырдан басқа, әлбетте, ҳеш қандай шынжырым жоқ, бирақ кемпирим бар, ал ол ағайинлер, мениң ушын шынжыр түўе ҳәршеңки сүргиндегилердиң кисенлеринен де бетер... Бирақ кемпиримнен айырылыў сирәда ойымда жоқ, мәйли мениң менен бирге жасай берсин, алласы яр болсын, бирақ егерде ол маған иркиниш жасап коммунизмге баратуғын туўры жолыма кесе турса, онда мен оның қапталынан сондай етип зып беремен, кемпир бийшара ўақ деп те үлгере алмай қалады! Бул туўралы сизлер дым ғам шекпеңлер! Арқам қозған ўақта мен жүдә өжетпен, сол ўақта мениң жолыма ҳеш қайсысыныз да кесе тура көрмең! Я өлимши етип басып-женшип кетемен, я болмаса қапталыңыздан сондай етип, зып беремен - сизлер кирпик қағып та үлгермей қаласыз!

- Тамамла ата саған сөйлеўге рухсат етпеймен! - деди кескин түрде Нагульнов, алақаны менен столды урып жиберип.

- Ҳәзир тамамлайман, Макаржан! Қатты ура берме, алақаның жарылып кетер. Қулласы, айтайын дегеним: сизлер ҳәммеңиз бирден Кондратты жақлайтуғын болсаңыз мениң де оған қарсылығым жоқ, қудайдың өзи сизлерге яр болсын, оны бизиң партиямызға қабыл ала қойың. Ол ҳүрметке ийе мийнеткеш жигит, мен барлық ўақытлары тап усыны айтып келдим. Егерде мәселени түйирине шекем қалдырмай дурыс шешсек, онда Кондрат сөзсиз бизиң партиямыздың қатарында болыўы керек, буны мен сизлерге туппа-туўры айтаман. Расын айтқанда, Кондратжан партия ағзасы болыўға толық арзыйлық. Усының менен мениң сөзим тамам!

- Ийманың үйириўден басладың, көп жаса деп тамамладыңғой - деп сорады Размётнов.

Улыўма күлкиниң арасында оның айтқан сөзлерин ҳеш ким еситип жалшымады.

Өзиниң шығып сөйлегенине әбден кеўли толып, Щукарь ата шаршап скамейкаға отырды, терлеп турған басының қасқасын жеңи менен сыйырып болып, қапталында оның менен бирге отырған Антип Грачтан сорады:

- Мен жүдә баплап... Жаңағы... Критикаладым ба?

- Сен ата, артистке кир, - деп жуўап орнына сыбырланып кеңес берди Антип

Щукарь оған исенимсизлик пенен қыялап қарады, бирақ оның мумдаў қап-қара сақалында жасырынып қалған күлкини сезбей, оннан:

- Мен нениң мәслигинен оған бараман? - деп сорады.

- Ақшаны бел менен сүзип аласаң-және әпиўайы бел менен емес, ал ҳақыйқат гүрек пенен! Ол жердиң жумысына белиң аўырмайды. Қызық әңгемелер менен адамлардың

кеўлин көтересең, өтирикти дөндирип барынша әжайып нәрселерди көрсетсең болғаны - әне сениң барлық жумысын усы. Өзи патас та емес, ал турысы ақша,

Щукарь ата кеўли көтерилип, скамейкада қуўжыңлап қойып, күлимсиреди:

- Айналайын Антипжан! Сен Щукарьдың хеш жерде де қор болмайтуғынын есиңде тут! Ол орынсыз айтпайды, ал сөзсиз орнына отырғызады, орынсыз сөйлейтуғын адам емес ол! Сен қалай ойлайсаң? Ақыр аяғында ғаррылық мени үзил-кесил жеңген ўақта артистлерге қосылып кетиўим де мүмкин. Мен усындай хәр қыйлы нәрселерди ислеўге жасымнан-ақ танқалғандай епшил едим, ал енди ғой пүткиллей шебермен! Мениң ушын ол суў ишкеннен аңсат.

Ғарры тиссиз аўзын шайнанлап, үндемей бир нәрселерди ойына тусирип турды да, соңынан былай деп сорады:

- Сен артистлерде қанша төлейтуғынлығын ғайыптан тайып еситпедиң бе? Ислегениңе қарай ма? Ямаса қалай? Қысқасы жан басына қанша айлық тийер екен?Бел менен тийинды да гуреп алыў мүмкин, бирақ сықмар адам ушын тийин да ақша болып есапланатуғын болса да, мениң ушын түкке турмайды.

- Ортаға шығып қылық-қылўаңды тартынбай көрсетиўиңе қарай тәлейди, және де халықтың алдында өзиңди тутыўыңа да қарайды, деп қуўлық пенен сыбырлады Антип. - Сен қаншама уятсыз хәм биймаза болсаң айлықты саған соншама көп береди. Ағайиним, олар тек болғаны ишип-жеўди хәм хәр қыйлы қалаларға көшип жүриўди ғана биледи. Олардың күн көриси аңсат, куслардай жеңил күн көреди деўге болады.

- Антипжан, жүр қораға шығып, темеки шегейик, - деп усыныс етти жыйналысқа болған бар қызығыўшылығын бирден жоғалтқан Щукарь.

Олар тығылып турған адамлардың арасынан зордан жол таўып, класстан шықты. Шығып шетенниң түбиндеги күнге қызған жерге жайласып отырып темеки тартты.

- Антипжан, қашан болмасын жаңағы артистлерди бир ўақлары сен көре алдынба?

- Көп көрдим. Гродно қаласында әскерий хызметимди атқарып жүргенде аўзы-мурнымнан шыққанша көрдим.

- Қәне айтшы, олар қандай?

- Қәдимгидей.

- Арық емес пе?

- Баққыдағы шошқадай!

Щукарь гүрсинип қойды:

- Демек, олардың наны қысы-жазы таўсылмайды екен ғой?

- Гүпти болғанынша!

- Оларға қосылыў ушын қаяққа барыў керек?

- Ростовқа барыў керек шығар, оннан жақын жерде олар турмайды.

- Алыс та емес ғой... Бундай аңсат табыс туўралы неге маған бурынырақ айтпадың? Мен, мүмкин, әллеқашан-ақ ол жерде жумысқа орналасқан болар едим? Сен мениң сондай жеңил жумысқа, хәттеки артистликке де, сумлық уқыплы екенимди билесең ғой, ал жегидей жеп баратырған аўырым ғәллешиликте ислеўге пурсат бермейди. Сен мени майлы тамақтан айырған екенсеңдағы! Сен адам емес, ал кеспейтуғын бир кетпен екенсең, - деп үлкен өкиниш пенен сөйленди Щукарь.

- Хаў ол туўралы әңгеме болмаса мен қалай айтаман, - деп өзин ақлағысы келди Антип.

- Сен мени қашаннан-ақ ақылландырыўың керек еди, сөйте қойғанда мен әлле қашан-ақ артистлер қатарында хәз етип жүрген болар едим. Оннан соң ара-тура кемпирди көрип кетиўге келгенимде сениң маған берген жақсы кенесиң ушын столға ярым литр арақты тарс еттирип қояр едим! Сонда мен де тоқ, сен де мәссең, әлем де гулистан... Хәй Антип, Антип!... Бизлер екеўимиз де узақшадай ғақылдап-ғақылдап пайдалы истен бос қалдық! Бүгинниң өзине кемпирим менен ойласыўым керек, соңынан қысқа қарай ақша табыў ушын кетиўим де мүмкин. Давыдов болса маған рухсат береди, ал артықмаш ақша тапсам хожалыққа пайдаға асады: бир сыйыр, онлаған қой-ешкилер, торай сатып алсам, оннан

соң қандай кеўилли болып кетеди... - деп өзин өзи ирке алмай еситтирип әрман етти Щукарь ата ҳәм Антиптиң үндемей аяп отырғанына марапатланып тағы да даўам етти. Расын айтқанда, атлар мени күтә зериктирип жиберди, оған қосымша қыста жол жүриў де мениң теңим емес. Өзимде қорқақ ҳәм суўыққа шыдамсыз болыппан-қысқасы ден саўлығым төмен. Шанаға минип бир сааттай отырсаң суўыққа тоңып ишегиң ишегине қосылып қатып қалады. Егер суўықтан ишеклер бир-бирине жабысып қататуғын болса, онда ишектиң туйилип қалыўы да мүмкин, ямаса марҳум Харитон болғандай қуйымшақ нерви аўырыўына ушыраў да қыйын емес. Оның маған дым да кереги жоқ! Мениң еле көп ислер ислеўим керек-мен тең ортадан қақ жарыла қояйын, бирақ коммунизмге шекем жетемен!

Баладай исенгиш ғаррыны алдастырып отыра бериў Антипти жүдә зериктирди, сонлықтан ол ойын- дәлкекти туўарғысы келди:

- Ата сен артистке жазылмастан бурын әбден ойланып көр...

- Бул жерде ойланыўдың кереги жоқ, - деди исенимли түрде Щукарь ата. - Рас ол жерде ешейин ақша берип атырған екен, қысқа қарай мен де тап сол жерге бараман. Ўәй, сен де айттың-аў ақпейлли адамларды кеўиллендириў ушын оларға қыйлы-қыйлы қылўаларды айтып бериўдиң неси қыйын!

-Гейбир ўақытлары қәлеген ақшадан безерсең...

- Неге олай? - деп сескенди Щукарь.

- Сол артист дегенлерди урады...

- Ура ма-а-а? Ким урады?

- Билет ушын ақша төлеген халық урады!

- Не ушын урады?

- Артисттиң бир айтқан сөзи халыққа жақпай қалса, ямаса айтып турған әңгемеси қызық болмай зериктиретуғын болып шықса, әне болғаны, ура береди.

- Ҳаў... жаңағы... жүдә шынлап урам ма ямаса тек қуры ойнап, қорқытып коя ма?

- Сол жерде ойын бола ма? Гейде бийшараны сондай қатты урады, ойын қойып атырған жеринен бирден кеселханаға алып барады, ал гейде әўлийеге де алып кетеди. Ески ўақытта мениң көзимниң алдында циркте бир артисттиң қулағын тислеп жулып алып, артқы аяғының өкшесин алдына қарай таўлап таслады. Мине сол турысына үйине кете берди, иси келиспеген бийшара!

- Ҳаў тура тур! Артқы аяғы деген не бәле? Ҳәй, өйтип ол төрт аяқлыма еди?

- Ол жерде ҳәр қыйлысы да бола береди... Күлки ушын ҳәр қыйлысын жыйнай береди. Бирақ мен бул жерде азмаз қәтелестим, алдыңғы шеп аяғы деп айтпақшы едим: қысқасы шеп аяғын истен шығарып таслады, ол арты менен алға қарай жүрип кетти, оның қаяққа қарай жүрип баратырғанына да түсинбейсең. Пай, қандай бақырды дейсең, маңлайы сорлы!. Пүткил қала еситерликтей болды! Паровоздай қатты шыңғырды дейсең, тап мениң түгим тебендей шаншылды!

Щукарь, өткен-кеткенди есине түсиргенликтен салдамлы, ҳәттеки бозарайын деген Антиптың жүзине узақ ўақыт үңилип отырып, ең соңында айтылған сезлердиң рас екенлигине толық исенип, қәҳәрлене сорады:

- Ал кудайдан тапқыр полиция қаяқта еди? Болып атырған сондай ўақыяны көрмеди ме? - деп сорады.

- Урыўға полицияның өзи де қатнасты. Полицейскийдиң өзи шеп қолына үшпелегин услап, оған ысқырып турып, оң қолы менен артисттин желкесине салдырып атырғанын мен ез көзим менен көрдим.

- Бул, Антипжан, патша тусында сондай болыўы мүмкин, ал совет власты тусында милицияның төбелесиўге ҳуқықы жоқ.

- Қәдимги гражданларға, әлбетте, милиция тиймейди, ал артистлерди бәри бир ура береди, оларға бул рухсат етилген. Әзелден усылайынша әдет болған, иләжың қанша.

Щукарь ата қәўиплениp көзин сүзди:

- Алдайсаң сен, Грач шайтан! Мениң саған ҳеш исенгим келмей тур... Ҳәзир де

артистлерди сыбағасын беретуғынын сен қаяқтан билиуйиң мүмкин? Отыз жылдан бери сен қала түўе, хутордан былай тумсығыңды шығарған емессең, булардың бәрин сениң қаяқтан билиуйиң мүмкин?

- Мениң жақын жийеним Новочеркасскте жасайды, әне сол маған қала турмысын хат арқалы билдирип турады, - деп исендирди Антип.

- Ҳә-ә, сөйтип жийеним десе,... - деп қайтадан аңтаң болды. Щукарь ата ҳәм суўық демин алып, жүзи түнерип кетти.

- Әне қандай... Артист болыў да қәўипли нәрсе екен-аў... Ҳақыйқатында да-егер халық өлгенше уратуғын болса, маған оның дымда кереги жоқ. Ондай ўақты-хошлық турмыстың үйи күйсин!

- Мен саған набада керек бола ғояма деп ескертип атырман. Сен алды бурын кемпириң менен ойласып ал, әне соннан кейин жумысқа орналасарсаң.

- Бул жерде кемпирлик жумыс жоқ, - деп қурғақ түрде жуўап берди Щукарь ата. -Егер бир ис болып қала ғойса, оның бүйирин теспейди ғой. Неге мен соның менен ойласаман?

- Онда өзиң ойланып шеш. - Антип орнынан түргелип, цыгарканы аяғы менен женишти.

- Маған асығыўдын кереги жоқ, қысқа шекем еле ара алыс, қала берсе атлардан айрылысыў да аңсат емес, кемпир де бир өзи қалса иши писеди... Жоқ, Антипжан мәйли сол артист дегенлер менсиз-ақ, күнлерин көре берер. Бундай жеңил талаптың атасына налет! Егер анық ойлап қарасақ оның өзи тап сол айтқандай жеңил де емес, күн сайын сени дус келген нәрсе менен сабайтуғын болса, ал милиция саған болысыўдың орнына өзи де урып мушын сынап көретуғын болса, онда алла жарылқасын! Бундай сыбағаны өзлериңақ жей қойың! Мени муштайымнан бери қапа қылмаған ким бар дейсең! Ғазлар да, буғалар да, көпеклер де-маған тап болмағаны жоқ. Ҳәттеки мениң үйиме кишкентай нәрестени де таслап кетти. Сениң ше бул қалай жақсы ма? Қартайған шағымда мен артистлерге барып өзимди өлтиртсем ямаса денемниң бир мүшесин терисине таўлатсамқой, алла жарылқасын! Барғым келмейди, болғаны сол! Жур, Антипжан, жыйналысқа барғанымыз жақсырақ болар, деген менен ол жердеги жумыс исенимлирек, кеўиллирек ғой, ал артистлер болса мәйли, өзлеринин тәғдирин өзлери ойлай берсин. Олар, бәлелер, шетинен жас, мықлы болса керек. Оларды жазықсыз урып не қылсын, ал егер урағойса, заңғарлар қайтама таяқтан тек семиретуғын шығар.

Ал меники болса қартайған ғарры ҳал. Ол жердеги тамақтың молшылығы ешейин емес қусайды, ҳәс мени келистирип турып бир-еки жолама урағойса, мен дәрриў құдайға жан тапсыраман. Бундай жағдайда маған напақаның не кереги бар? Бийшара артистлерди уратуғын ақмақлар мениң алғанымды тамағымнан тирилей сығып алады. Артистлерге барыўды тилемеймен. Қудайдан тапқыр сен енди ояққа бар деп мени үгитлеп кеўлимди биротала бузыўшы болма! Сениң жаңағы айтқан бир ақылсыз ақмақ бийшара артисттин қулағын тислеп ҳәм аяғын таўлап, оны өлгенше сабады деп айтқанына тап мениң өзимди урып, қулағымды тислеп, аўдарып төңкерип кәлегенинше сабағандай, мениң қулағым аўырып, аяғым қақсап ҳәм сүйеклерим бәри бир бирден сызлап турыпты. Мен усындай ҳайўаншылық туўралы гүрриңлерди еситкенимниң өзинде еси жарымдай қатты қызып кетемен. Сонлықтан сен ҳәзир, қудай ушын жыйналысқа, бир өзиң-ақ бара бер, мен усы жерде аз-маз дем алып, өзимди тынышландырып, нервлеримди дүзеп алайын, әне соннан кейин Дубцовқа отвод бериўге бараман. Ал ҳәзир, Антипжан, мен шығып сөйлей алмайман. Арқаларым қурысып, аяқларым дирилдеп, тырыспай келгир қалтыратпа тийгендей аяғымда тура алғандай шамам жоқ...

Щукарь қайтадан папирос орай баслады. Ҳақыйқатында да оның қоллары қалтырап, дөңгелендирип орап отырған кишкентай газета қағазының үстинен ири туўралған екпе темекилер төгилип, бетлери де жасаўрап жымырайып қалды. Антип жорта ғана аяған секилли ғаррыға қарап:

- Ата, мен сениң бундай тез тәсирленгиш адам екениңди билген жоқпан, болмаса саған мен артистлердиң қыйын аўҳалы туўралы айтпаған болар едим... Жоқ, ата, сен

артистликке жарамайсаң! Үйиңде жениңе жат та, аңсат дүнья излегенди қой. Қала берсе кемпириңниң де бир өзиң узақ ўақытқа қалдырып кетиўге болмайды, қартайған шағында оны да аяў керек, - деди.

- Кемпирге мен сениң себебиңнен артист болып кетиўден бас тарттым деп айтқан ўақта, оның мәз-майрам болғанына қарасаң еди! Кемпирден маған есап саны жок алғыслар жаўатуғын болды?

Усындай жағымлы хабарды жеткергенде кемпири , менен екеўиниң қандай ўақты хош болып қуўанып қалатуғыны алдын ала есине түсип Щукарь ата басын шайқап, елжиреп кулди. Бирақ алдын да оны үлкен қәўип күтип тур еди...

Оның ен жақын досты Макар Нагульновтың буннан ярым саат бурын бир жигитти Щукарьдың кемпирине тоқтаўсыз мектепке келип, бир себеп таўып ғаррысын үйине алып кетсин деген қатты тапсырма берип жибергенинен ғаррының дым да хабары жоқ еди.

- Пай, сениң кемпириңниң аяғының жеңилин айтса!- деп Антип Грач ашықтан-ашық күлимсиреп, қанаатлана тамағын қырып қойды.

Щукарь ата басын кәтерди. Тап биреў оның жүзиндеги күлкисин сүртип таслағандай болды! Қабағы үйиўли, пәтленген, ҳәкимшилик сүрген кейипте оның үстине дуппа- дуўры кемпири дөнип киятыр еди.

- Түси қурысын... - деп сасқалақлап сыбырланды Щукарь ата.

- Бул бәдбақ қайдан келип қала қойды? Бағана аўырып атырман деп басын дым көтерместен жатыр еди, ал енди мынаған қараң, өзинен өзи-ақ келип тур. Бул жерге не көтерип келди екен оны?

- Ғарры, жүр үйге, - деп ҳүкимли даўыс пенен кемпир өзиниң қостарына буйырды.

Щукарь ата жерге қағып қойғандай қозғалмай отырып, қоян айдарҳаға қарағандай кемпирине төменнен жоқары қарады.

- Жыйналыс болса еле тамам болған жоқ жаным, мен еле шығып сөйлеўим керек. Хутордың басшылары жыйналыста шығып сөйле деп маған ықлас пенен өтиниш етип еди, - деп ақырында әстен сөйледи де, дәрриў лық-лық атып қойды.

- Сенсиз-ақ иләжы болар. Жүр! Үйде жумыс бар.

Кемпир ғаррысынан әдеўир узын ҳәм еки есе дерлик аўыр еди. Кемпир ғаррының қолынан услап бир қағымда оны ап-аңсат аяғына турғызды. Щукарь ата есин жыйнап, ашыўлана жер тепсииип жиберди:

- Ал енди мен дым бармайман! Мени даўыс бериў ҳуқуқымнан айырыўға ҳеш қандай ҳақың жоқ! Ҳәзир баяғы ески тәртип емес!

Басқа ҳеш нәрсе де айтпастан кемпир артына айлана салып үйине қарай тез жүрип кетти. Кемпир сүйреп баратырған Щукарь атада ара-тура аяғын бир тиреп, жорғалаўы менен кетип баратыр. Оның барлық көриниси тәғдирға көз жумып қуры бағынатуғынлығын айтпай-ақ билдирип тур еди.

Антип Грач ғаррының артынан қарап үн шығармай күлип турды. Бирақ басқыштың текшелерине өрмелей берип ол: «Бул нәрсе болмағай, егер ғарры өле қойса, онысыз хутор тамаша-қызықсыз қалады-аў!»- деп ойлады.

## XXIII БАП

Щукарь ата мектептен кетиўден баслап жыйланыс путкиллей басқаша характерге ийе болды; бурынғыдай топа-торыстан күлки менен бөлиниўшилик тоқтап, колхозшылар Дубцовтың кандидатурасын талқылап, тийкарғы мәсәле бойынша сөйлей баслады, ал ҳеш ким күтпеген жерден темирши уста Ипполит Шалый шығып сөйлегеннен кейин, - жыйналыста биринши мәртебе белгили бир ўақыяның алдында болатуғындай бир неше минут тынышлық сақланды...

Шалый ғарры сөз сораған ўақта, партияға киремен леп арза берген барлық кандидатуралар да ҳәр тәреплеме талқыланып болынып, үшеўи де ашық даўыс пенен партия ағзалығына кандидатлыққа алты ай сынаў мүддети менен бир аўыздан қабыл

етилген еди. Ол терезеге жақын турған бир партадан түргелип, арқасын айнанын қаснағына сүйеп турып:

- Өзимиздиң завхоз Яков Лукичке бир саўал бериўге маған болама? - деп сорады.

- Екеўин берсең де мәйлиң, - деп кеўилли бирден сергек болып кеткен Макар Нагульнов рухсат етти.

Яков Лукич жақтырмай Шалыйға қарай бурылды. Оның жүзинде шийеленискен бир аўҳалды күтиў тури пайда болды.

- Мине адамлар партияға кирип атыр, олар оннан шетлеп турмай, ал қайта ишинде жасап, барлық уўайым ҳәм қуўанышын оның менен бирге бөлискиси келеди, - деп Шалый, исик қара көзлерин Яков Лукичтен айырмай турып ири даўыс пенен айтты. -Ал, Лукич, неге сен партияға кириўге арза бермейсең? Мениң сеннен дурыслап сорағым келеди: не ушын сен бир қиялап жүресең? Ямаса сен басын музға урған балықтай урынып, партияның бизлерди жақсы турмысқа алып баратырғанына қарсымысаң? Сеники не-ол? Сен қызғын жумыстан қашып салқын жерде отырғың келеди, саған қашан биреўлер шаппаттай нан таўып, оны шайнап-шайнап аўзына салыўын күтесең, солай ма? Бул сениң не қылғаның? Сениң ислеп жүргениң дым қызық, ҳәттеки халық алдында пүткиллей масқарашылық... Егерде сениң билгин келсе пүткил хуторға әшкара болдың!

- Мен өзиме өзим напақа ислеп таўып атырман, еле сеннен сораған жоқпан, - деп дәрриў жуўап берди Островнов.

Бирақ Шалый оның дәртке аспайтуғын бундай дәлилин бийкарлағандай қолын буйрықлы түрде силтеп жиберди де, былай деди:

- Күн көриў ушын түрли жол менен тамақ табыўға болады: ийнине дорба асып ҳақлап кетсен де аштан өлмейсең. Мен ол ҳаққында айтып турған жоқпан. Сен Лукич, темир жабаның астына түскен жыландай таўланба, мениң не туўралы айтып турғаныма түсинип турсаңба! Бурын сен дара хожалық ўақта зыятлаў бир тийин ақша түскендей жер болса, қәлеген жумысқа жаздырмай жабысып, қасқырдай бир тынбай ислейтуғын едиң, ал енди көзге түспеў ушын тек әйтеўир барып келип жүрсең... Лекин гәп ол ҳаққында да емес, еле сениң аңсат жумыс, бузық турмысың ушын халық алдында есап беретуғын ўақтың жеткен жоқ, жете ғойса - есапласасаң! Ал ҳәзир сен мынаны айт: не ушын партияға арза бермейсең?

- Партия қатарында болғандай мен еле онша саўатлы емеспен, - деп әсте, жүдә әсте жуўап берди Островнов. Оның не дегенин түбинде отырған адамлардан басқа мектепте ҳеш кимде еситпей қалды.

Арт беттен биреў талап етип:

- Қаттырақ сейле! Сениң не деп мыңғырлап турғаның еситилмейди! Не дегениңди қайтадан айт! - деп бақырды.

Яков Лукич оған қаратыла айтылған өтиништи дым еситпегендей болып, узақ ўақыт үндемей отырды. Бир нәрсени күткендей болған усы жым-жыртлық ишинде қараңғы түн уйқысына батқан өзекте, бәри бирден ҳәр қыйлы даўыс пенен қурбақалар ўарқылдасып, алыс бир жақларда, хутордың сыртындагы гөне от қаразда ма байыўлы жапа шегип мунайып отырғаны, ал терезе алдындағы көк акациялар арасында түнги свиристелкалардың шырылдағаны еситилип турды.

Буннан былай ундемей отыра бериўди қолайсыз сезип, Островнов әдеўир көтериңки даўыс пенен:

- Партияға киргендей онша саўатлы емеспен, - деп қайталады.

- Завхоз болыўға саўатлысаң, ал партияға кириўге саўатың жоқ па? - деп қайтадан сорады Шалый.

- Ол жерде хожалық жумысы, ал бул жерде сиясат. Екеўи еки нәрсе. Егер сен бул айырмашылықты айырып билмейтуғын болсаң, онда мен билемен, - деди албырағанлығын қойып, сөзлерин анық ҳәм тәсирли етип айтты Яков Лукич.

Бирақ Шалый сөзин тоқтатпастан, қайта мысқыллап былай деди:

- Бизиң коммунистлер хожалық жумысы менен де сиясат пенен де шуғылланатуғын

болса да, сен билесең бе, олардың ислери қандай танқаларлықтай жап-жақсы болып шыға береди! Биреўи екиншисине дым зыян тийгизбейтуғындай. Сен, Лукич қыйсаңлап турсаң, айтатуғында айтпай турсаң. Шынлықты бурмалағың келеди, әне соның ушын да қыйсаңлап турсаң!

- Жасыратуғын ҳеш нәрсе де жоқ ҳәм жасырыўдың кереги де жоқ - деп гүңк етти Островнов.

- Жоқ, жасырып отырсаң! Сен өзинниң жасырын бир пикирлериң болған соң партияға арза бергиң келмей отыр... Мүмкин мен қәтелисип турған шығарман, онда сен мениң кемшилигимди дүзет, дүзет мени!

Жыйналыс төрт сааттан көбирек созылды. Кешки салқынлыққа қарамай мектептиң иши адам шыдамаслық ыссы еди. Дәлизде ҳәм класс жайларында бир неше шыралар гүңгирт жарық берип тур еди, олардан бурыңғыдан да бетер қапырық болып турғандай болып сезилди. Сонда да терге шомылып қалған адамлар селт етпей қәпелимде ғарры темирши уста менен Островновтын ортасында пайда болған жекпе-жек айтыстың ақыбетин дыққат пенен бақлап, бул тартыстың изинде айтылмай турған бир аўыр, азымшық емес бәлениң жасырынып атырғанын сезип отырды...

- Менде қандай жасырын пикирлер болыўы мүмкин. Егер сен дүньядағы нәрселердиң иши сыртын қалдырмай бәрин көретуғын болсаң, онда сен-ақ айта ғой, - деп усыныс етти Островнов, жоғалып баратырған салмақлылығын қайтадан тиклеп алып ҳәм қорғаныўдан топылысқа өтип.

- Сен, Лукич, өзиң туўралы өзиң-ақ айта бер. Ҳеш қандай жөни болмаса мен сениң ушын қалай айтаман?

- Мениң сениң менен сөйлесетуғын сөзим жоқ!

- Сен мениң менен емес, ал адамлар менен... мынаў отырған халық пенен сөйлес!

- Сеннен басқа ҳеш ким меннен ҳеш нәрсе сорап отырған жоқ.

- Саған мениң бир өзим ҳәм жеткиликлимен. Демек айтқың келмей ме? Зәлели жоқ, асықпаймыз, бүгин болмаса ертең, бәри-бир түбинде айтасаң!

- Сен неге маған жармасасаң, Ипполит? Неге өзиң партияға кирмейсең? Сен өзиң туўралы айта бер, мени тоба қазығына таяй бериўдиң кереги жоқ, сен молла емессең!

- Мени партияға кирмейди деп саған ким айтты? - деп қәддин бузбай, ақырын, сезлерди созыңқырап сорады Шалый.

- Партияда жоқпысаң - демек, кирмейин дегениң.

Сол ўақта Шалый ҳап деп терезениң жақлаўынан ийни менен ийтерилип кетти де, аўдақлаўы менен асықпай-саспай президиум отырған столға қарай адым атты, қарсы алдында отырған адамлар ысырылысып жол берди. Шалый жүрип баратырып сөйленди:

- Дурыс, бурын кирген жоқ едим - ал енди киремен. Егер сен, Яков Лукич, партияға кирмейтуғын болсаң, демек, онда мениң кириўим керек. Ал егерде ҳәзир сен арза бергениңде, онда мен иркилип турған болар едим. Биз екеўимиз бир партияда жасай алмаймыз! Бизлер сениң менен ҳәр қыйлы партиянын адамларымыз...

Островнов бир турли түс пенен жылмыйып қойды да, дым үндемеди, ал Шалый болса столға жақынлай берип, Давыдовтын жарқын, миннетдарлық көз қарасын ушыратып, сарғайып қалған шаппаттай гөне бир бет қағазға айқуш-ўйқыш етип еплеп жазған арзасын соза берип, былай деди:

- Бирақ мениң минезимди айтып исендириўшилерим жоқ ғой. Бул жағдайдан қалай да болмасын шығыў керек ғой... Жигитлер, мениң ушын қайсыңыз исеним билдиресиз? Қәне, айтың.

Лекин Давыдов асығыслық пенен сытырлатып рекомендация жазып атыр еди. Соңынан оның қолынан ручканы Нагульнов алды.

Партия ағзалығына кандидатлыққа бир аўыздан Ипполит Шалыйда қабыл етилди. Оған даўыс берип болғаннан кейин Гремячий партия ячейкасының коммунистлери орынларынан турып қол шаппатлай баслады, ал олардың изинен жыйналысқа қатнасқанлардың ҳәммеси бирден мийнет етип қабарып, гүлтинлескен алақанлары менен

келисиксиз болса да қатты жаңғыртып шапалақлаўы менен түргелди.

Шалый болса жүреги ҳәўлирип, көзин жыпылықлатып тур. Ол хуторлылардың қашаннан бери-ақ таныс шырайларына жасаўраған көзлери менен қайтадан қарап турғандай болып көринди. Бирақ Размётнов оның қулағына: «Ипполит аға, сен халыққа сондай бир тәсир еткендей бир нәрсе айтсаңо» - деп сыбырлаған ўақта, ғарры өжетлене басын шайқады:

- Қурыдан қуры мәниссиз сөйлей бериўдиң кереги жоқ. Мениң ғәзийнемнен де ондай сөзлери түспегир табыла коймайды... Адамлардың шапалақлап атырғанын еситип турсан ба?Демек, мен оны-муны сандаламай-ақ, оларға бәри түсиинкли болса керек.

Тап усы минутларда таңқаларлықтай өзгерис партияға жаңадан қабыл етилген биреўдиң сыртқы көринисинде емес, ал партячейканың секретары Нагульновтын өзинде пайда болды. Давыдов тап усы қәлпинде хеш ўақта да көрген емес: Макар ашықтан-ашық мыйық тартып күлип тур еди. Ол столда тик бойына түргелип, азмаз албыраңқырап, көйлегин дүзете салып, бармақларын әскерий қайысының тағасына мақсетсиз тийгизди де бир аяғынан екинши аяғына салмағын салды, ал ең баслысы - майда, қалың тислерин көрсетип күлип турды. Оның бәрҳәма беккем жумылып туратуғын еринлериниң шетлери қыймылдасып бирден балалардай аўзы кемсеңлеп, бир түрли, бир тәсир етерликтей күлки пайда болды. Бул күлки Макардың қатаң қуўарған жүзинде әжеп тәўир болып көрингени сондай, биринши болып Устин Рыкалин шыдай алмады. Ол қатты таң қалыўшылық пенен тил қатты:

- Анаң қараң, халайық, бизиң Макар күлип турған қусайды ғой! Оның бүйткенин өмиримниң ишинде биринши мәртебе көрип отырман...

Нагульнов, күлкисин жасырмастан, былай деп жуўап берди:

- Бир адам табылды! Көзи түсипти! Мен не ушын күлмейин? Кеўлиме жақты - күлип атырман. Сатып алғаным жоқ. Қәне мени ким тыяр екен? Ҳүрметли граждандлар, хуторласлар, ашық партия жыйналысын жабық деп есаплайман. Жыйналыста қаралатуғын мәселелердиң барлығы да тамам болды.

Бурыннан қайқайған ийинлерин тағы да тиклеңкиреп, найзадай қайқайып, ол столдан жүрип киятырып сыңғырлаған даўыс пенен:

- Ячейканын секретары ретинде, мен бизиң уллы Коммунистлик партиямызға қабыл етилген ҳүрметли жолдаслардың берман маған жақынлаўын соранаман. Мен сизлерди үлкен ҳүрметке ерискениңиз бенен қутлықлағым келеди!- деди де, енди ернин қымып, қәдимги Макар қәлпине келип, әстен болса да, буйырыўшы командирлик даўыс пенен: - Бери келиң! - деди.

Биринши болып Кондрат Майданников жақынласты. Оның қара суў болып терлеп, арқасынан бел буўарына шекем жабысып қалған көйлеклери артта отырғанларға ап-анық болып көринип турды. «Шырағым-аў, бир танап жердиң шөбин орғандай болып қалыпты», - деп опырық аўзы менен сыбырлады кемпирлердиң биреўи жаны ашып, ал басқа бир биреў: «Кондраттың сыбағасын жаман берген жок!» - деп әсте күлип жиберди:

Басын төмен еңкейтиңкиреп, Нагульнов Кондраттың туўры созылып турған колын өзиниң көкиреги еригенликтен ығалланып турған үлкен алақаны менен услап, оны бар күшин салып қысып, азырақ қалтырақлаңқыраған даўыс пенен салтанатлы түрде былай деди:

- Жолдасым! Ағайиним! Қутлықлайман! Бизлер, барлық коммунистлер, сени алдағы қатардағы үлгили большевик болады деп исенемиз. Сениң оннан басқаша болыўың да мүмкин емес!

Ал ең соңында айыўдай аяғын малпаңлап басып, ҳәмммениң кеўил бөлип қарап турғанына қысыныңқырап, тартынып күле шырай берип Ипполит Шалый келип, жумыстан езилип қалған үлкен қап-қара қолын алыстан созған ўақытта, - Нагульнов оған қарсы журип, ески темиршиниң бүкирейген кең ийинлерин қатты қушақлады:

- Әне Ипполит аға, қандай жақсы болып шықты! Бар жүрегим менен қутлықлайман! Ҳәм қалған басқа бизиң коммунист жигитлер де қутлықлайды. Аўырмай-сызламай еле де

жасай бер ҳам Совет власты менен бизиң колхоздың пайдасы ушын және де жүз жылға шекем шөккишиңди ура бер. Узақ жаса ғарры, әне мениң саған тилегим сол! Сениң узақ жасағанынңнан халыққа жақсылықтан басқа ҳеш зәлелиң тиймейди, буны мен саған ырас айтып отырман!

Бийқолай тығылысып ҳәм бир-биреўин ийтерисип, партияға қабыл етилген төртеўи де қалған басқа коммунистлер менен де қол қысысып болды. Адамлар тарқасыўға мейил берип, өз-ара сөйлесиўи менен шығар аўызға үймелескен ўақтында Давыдов:

- Гражданлар, бир мнنутқа иркилип турың! Маған бир-еки аўыз сөз айтыўға рухсат етиңиз, - деди.

- Қәне, баслық, қысқартынқырап айтағой, болмаса бизлер шетимизден туншығып өлермиз! Бул жер ҳақыйқат моншадағыдай жүдә ысып, қапырығы шығып кетти! - деп күлкили түрде ескертти жыйынның ишинде биреў.

Колхозшылар өзлериниң әдепки орынларына қайтадан жайласып отыра баслады. Мектепте бир неше минутқа шекем ўағырлы болып турды да, соңынан бәри де тым-тырыс болды.

- Колхозшы гражданлар, әсиресе колхозшы ҳаял-қызлар!- Бүгин, бурын ҳеш ўақта болмаған көтериңкилик пенен, бизиң колхоз ағзаларының биреўи де қалмастан барлығы жыйланды... - деп Давыдов баслай жақ болып еди, бирақ сол ўақта Демка Ушаков дәлизден бақырып жиберип, оның сөзин бөлди!

- Давыдов, сен Щукарь атадай етип баслап киятырсаң! Ол айтатуғын еди: «Қәдирли гражданлар ҳәм кемпирлер!» - ал сен де тап соның соқпағы менен жүрип киятырсаң.

- Олар Щукарь менен екеўи биреўи биреўинен үйренип атыр: Щукарь коз бенен қастың арасында Давыдовтың «факт» деген сөзин айтып салады, ал Давыдов болса жақын арада: «Қәдирли гражданлар ҳәм айналайын кемпирлер!» - деп айтатуғын болады, - деп изин алды Обнизов ғарры.

Тап сол ўақта мектепте сондай ҳақ кеўиллик пенен гүркиреген күлки пайда болды дейсең, шыралардың жанып турған жалыны тилдей болып жоқары созылды, ҳәттеки олардың биреўи өшип те қалды. Әдети бойынша өзиниң кетик аўызын үлкен алақаны менен басып, Давыдов та күлди. Тек болғаны жалғыз Нагульнов қәҳәрленип:

- Бул не деген сумлық?! Жыйланыста ҳеш қандай шыдамлылық жоқ! Оны сизлер қаяққа жибердиңизлер? Ямаса олар сизлерден тер менен қосылып шығып кетти ме?! - деп бақырып жиберди.

Бирақ ол бул шаўқым менен отқа май қуйып жибергендей болды, күлки қайта таза күш пенен көтерилип, барлық классларға, дәлизге таралып кетти. Макар илажсыз қолын бир силтеп, зериккен түр менен айнаға қарай терис бурылды.

Бәри бир оның бетлеринде үп-үлкен топ-томпақ исиклер пайда болып, шеп қабағының тартыўына қарағанда, бундай немқурайлы көз-қараста болыў оған да аңсатқа түспесе керек!

Бирақ бир минут өткеннен кейин ҳәмме тынышланған уақта ол ҳәрре шаққандай стулдан ушып-ақ турды. Себеби артқы қатардан Щукарь атанын қатты, қалтырақланқыраған даўысы қайтадан еситилди:

- Мен сизлерден сорайын, қәдирли гражданлар ҳәм кемпирлер, мен недира солай тил қаттым.

Ғарры сөзин таўысып үлгермей-ақ күлки топтан атылған оқтай гүрс етип, тағы да еки шыраны өширди. Қараңғыда биреў абайламай шыраның моржасын сындырып қойып, қатты сөгинди: сол ўақта бир ҳаял оның бул исин айып көрип:

- Ал енди қуса бер! Қараңғы болып жолың болды, сени ҳеш ким көрмейди, сөйтип сен сөгине беремисең, ақмақ? - деди,

Күлки кем-кемнен тынышлана баслады ҳәм ебин жорық жарықта Щукарь атаның қалтырақлақыраған ызалы даўысы және еситилди:

- Бир ақмақ қараңғыда қарап отырып сөгинеди, ал басқалары, не ушын екени белгисиз, әйтеўир күлиседи... Бул өтип атырған өмир емес, қуры ешейин бир әўерешилик!

Жыйналысларға тап бармай-ақ қой дейди! Қандай себеплер менен мен: «Қәдирли гражданлар ҳәм кемпирлер!» - деп айтқанымды сизлерге түсиндирип берейин. Өй деп айтыўымның себеби, кемпирлер - исенимли ҳәм ҳақ адамлар. Қәлеген кемпир бәри бирдей Мәмлекетлик банкиге уқсап өтирик сөйлемейди, қыянатшылық етпей күн кеширеди. Мен өзимнин қартайған шағымда олардан ҳеш қандай жаманлық күтпеймен, ал мына жас қатын менен қызлардың ҳәттеки жүзине де қарағым келмейди! Мен сизлерден сорайын-себеби не? Себеби, баяғы баланы да маған аса сыйлағанынан бир кемпир әкелип таслаған жоқ, бул кемпирдиң еткен иси емес, ең шаққан деген қәлеген кемпирдиң, қудайдың жақты дүньясына бала шығаратуғын ишеги әззилик етеди! Ал қандай да болмасын бир ҳарамзада жас ҳаял маған жақсылық етип, мени өз ерки менен әкелер қатарына қосты да қойды. Әне мен соның ушын ҳәр қыйлы ҳәм соған уқсас жас юбка кийгенлерди көре алмайман, ҳәттеки, усындай ўақыядан кейин, солардың биреўине көзимниң қыйығын да салғым келмейди! Егерде мениң көзим абайсызда сулыўырақ бир қатынға түсип кетсе, онда тойып арақ ишкендей бузылысып кетемен.

Әне мени қандай дәрежеге жеткерди олар, оңбағырлар! Усы бала туўралы болған ўақыядан кейин: «Мениң қымбатлы қатынларым менен нәўше қызларым», - деп қалай мен оларға айта аламан ҳәм соған уқсас ҳәр қыйлы әлпайымлықты оларға ыдысқа салғандай етип қалай алып бараман? Басымды кесип алса да мен айтпайман!

Шыдай алмай, Нагульнов қасын жоқары қағып жиберип, таң қала сорады:

- Сен қаяқтан келип қалдың, ата? Сени кемпириң үйине алып кетип еди ғой, сен қалай тағы бул жерде пайда болдың?

- Ал алып кеткенде не болып қалды? - деп асқына жуўап берди Щукарь. - Оның менен сениң не жумысың бар? Бул хожалықтағы ис, партиялық емес. Түсиникли ме саған?

- Ҳеш нәрсе түсиникли емес. Алып кеткен екен, демек жумыс бабында алып кеткен, сен үйиңде болыўың керек.

- Болып едим, бирақ көзден ғайып болып кеттим, Макаржан! Ҳеш кимге мен ҳеш нәрсе береси емеспен, саған да, өзимниң кемпириме де, сизлер баратуғын жериңизге бара бериң, бирақ қудайлар ушын маған тийе көрмең!

- Ғарры, сен қалай есабын таўып үйиңнен қашып шықтың? - деп бар күши менен күлкисин зордан иркип турып сорады Давыдов.

Соңғы күнлери ол Щукарьдың алдында өзине тән салмақлылықты сақлап тура алмай, ҳәттеки, оның бетине күлкисиз қарай алмайтуғын ҳалға жетти. Сонлықтан ҳәзир де көзин сүзип ҳәм алдын-ала алақаны менен аўзын басып не айтар екен деп жуўабын күтти. Нагульнов оның менен көзбе-көз екеўи қалған ўақытта наразылығын жасыра алмай: «Семен, саған не болды? Қытығың келтирген қыздай сен күлегиш болып, еркеклерге дым усамайтуғын болып кеттиң!» - деп айтатуғын еди.

Давыдовтың берген сораўынан кеўли көтерилип, Щукарь жулқынып, шығанақлары менен жолының үстинде турған хуторласларды зор салып ийтерип, бар күши менен президиумның столына қарай алға умтылды.

Нагульнов оған:

- Ата! Сен неге адамлардың төбесине минип баратырсаң?

- Орныңнан-ақ қысқарақ етип айта ғой, рухсат етемиз!- деп даўыслады.

Ярым жолда тоқтай сала Щукарь ата қызып кетип, оған жуўап ретинде былай деп бақырды:

- Қаяқтан сөйлеўди сен өзиңниң кемпириңе үйрет, ал мен өзимниң орнымды билемен! Макаржан, сен өзиң болсаң бәрҳә трибунаға шығасаң ямаса президиумда турып ҳәр қыйлы мылжынды сандалайсаң, ал не ушын мениң артғағы бир қараңғы қуўыста турып адамлар менен сөйлесиўим керек? Я мен ол жерден бирде бир адамның жүзиң көрмесем, ал тек болғаны гилең бир желкелерин, арқаларын және соған уқсас, тәўир адамлардың отырғышқа қойып огыратуғын жерлерин ғана көремен. Сениңше, мен ким менен сөйлесип, кимге гәп айтыўым керек? Желкелерге, арқаларға ҳәм және тағы ҳәр қыйлы соған уқсағанларға ма? Сен өзиң артқа шығып, усы жерден сөйлей ғой, ал мен сөйлеп

атырғанда адамлардың көзине қарағым келеди! Мәселе тусиникли ме? Онда үндемей тыныш отыр, мени айтажақ пикиримнен алжастырма. Болмаса сен мени алдын-ала алжастырыўға әдетленгенсен. Мен аўзымды ашар ашпастан, сен маған қарата сақпаннан атқандай хәр қыйлы сөзлерди зыңғытасаң да турасаң. Жоқ, ағайним, бизлер екеўимиз булайынша оңыса алмаймыз!

Енди столдың қарсы алдында турып, Макарға бир көзи менен тигиле қарап Щукарь:

- Макаржан, сен қашан болмасын қатынның еркекти аса зәрүрлик пенен ислеп атырған исинен айырғанын турмыста көрдиң бе? Ҳақ кеўлиң менен жуўап бер!- деп сорады.

- Сийрек, бирақ болды: айтайық, өрт ямаса тағы бир сондай апат болған жағдай да. Тек сен жыйналысты соза берме, ата, Давыдовқа сөйлеўге пурсат бер, жыйналыс тарқағаннан кейин екеўимиз бизиң үйге барып таң атқанша сөйлесе берермиз.

Нагульнов, қайтпайтуғын өжет, Нагульнов тек болғаны жыйналысқа келгенлерди қуры иркип отыра бериўге мүмкиншилик бермей, Щукарь атаны қалайда болмасын сылап-сыйпап тоқтатыў ушын көз көреки ығына жығылды, бирақ күтилмеген нәтийжеге еристи- Щукарь ата өксип-өксип жылап, жеңи менен жас толған көзлерин сыпырып, ырастан-ақ ағып турған көз жасының арасында былай деп сөйленди:

- Маған бәрибир - сизиң үйде ме, ямаса атлардың қасында ма, жата беремен, бирақ бүгин мениң үйге барыўыма хеш қандай болмайды, себеби маған кемпирден Түркия урысындағыдай сондай жаман таяқ тийеди дейсең, мен өзимниң босағамда тарбаяқлап, ап-аңсат ғана узыныма түсиўим мүмкин!

Щукарь ата қақланған алмадай жыйырылған бетин Довыдовқа қаратып, қәпелимде нығайған даўыс пенен даўам етти:

- Мине, Семёнжан, баўырым, сен меннен қалай мен үйде болып, қалай шықтың деп сорайсаң. Сен бул әпиўайы нәрсе деп ойлайсаң ба? Исти шубаландыра бермей мен жыйналысқа бир секунд ишинде өзимниң ашыўшақ мақаў кемпирим туўралы түсиндирип бериўим керек, себеби мен өзиме халықтың аяныщын пайда етиўим керек, ал егер ол аянышты пайда ете алмасам, онда Щукарь, узыныңа түсип ызғар жерге көсилип жат та, қудайыңа сыйынып қара жерге кире бер! Әне мениң өлер алдымдағы өмирим қандай қызық ойыншықтай болып баратыр!... Демек, буннан бир саат бурын мен Антипжан Грач пенен ҳәўлиде темеки шегип, артистлер ҳаққында, ҳәзирги өтип атырған турмысымыз ҳаққында сөйлесип отырсам - бул жерге мениң ашығым келди. Келе салып ол, оңбағыр, мениң қолымнан услап алып, семиз ат тислери жоқары қарап аўдарылып қалған тырманы тартып баратырғандай, мени ҳәйле-пәйлеме қаратпай калай болса солай тентиреклетип сүйреп баратыр. Мен бар күшимди салып еки аяқлап, жерге теңнен тиренип атырсам да, ол күш жумсап ширенип, ҳап деп ямаса ҳәттеки аҳ деп те сестин шығармай мени ап-аңсат сүйреп әкетип баратыр.

Егер сизлердиң жүдә билгиңиз келсе, онда айта қояйын: бизиң кемпирди қосқа қосып, қос айдаўға ҳәм жүкли арбаға қосып жүк тасыўға да болады, ал мени болса ол қәлеген жерге сүйреп кетеди, - жерге бир түпиргеннен де аңсат, сондай күшли, нәлет жаўғыр! Ҳайран қалғандай саң, жүк тасыйтуғын аттан да күшли, қудайлар урсын алдасам! Басқаны билмедимдағы, ал оның күшли екенин мен аттаң анық билемен, себеби барлық азап-ақыретин өзим шектим...

Әне сөйтип ол әнтек-тәнтегимди шығарып мени сүйреп әкетип баратыр - не қыласаң? Күш әкесин де тыңламайды. Өзим оның артында асыға жүрип киятырып,оннан сорадым: «Жаңа туўылған баланы анасының баўырынан айырып алғандай етип, сен мени қандай зәрүрлик пенен жыйналыстан айырып баратырсаң? Мениң ол жерде жумысым бар ғой!» Ол маған: «Жүр ғарры, үйде бир айнанын қақпағының биреўи топсадан шығып кетти, соны қайтадан жақсылап орнына қой, болмаса, қудай сақлағай, түнде қатты самал есе қойса, бизиң тереземиздиң дал-далын шығарады», - деди. Бул қалай, сизлерге жағама? Әне саған кереги усы, деймен! «Ҳаў, - дедим мен оған, - ертең қақпақ қыстырғандай күн болмас дейсең бе? Сени жин урып кеткен шығар сирә, қапустаның гөне өзеги!» Ал ол

болса маған: «Мен наўқаспан, аўырып атырғанда бир өзим жатыўға зеригемен, егер сен мениң қасымда отыра қойсаң түлеп түспейсең» - дейди. Әне екинши кереги саған! Мен оның бунысына жуўап ретинде: «Сен кимди болса да бир кемпирди шақыр, сол мен жыйналысқа қайтып барып Агафоша Дубцовқа отвод берип келгенше сениң менен отыра турар», - дедим. Ал ол: «Тек сениң менен ғана иштеги дәртимди бирге бөлисип отырғым келеди, хеш қандай кемпир маған керек емес», - дейди. Әне саған үшиншиси, яғный жуўап ретиндеги үш кесапат!

Бул қалай-адамды көз-көреки масқаралаўшылықты өз еркиң менен шыдап бастан кешириўге болама ямаса бундай адам шыдамаслық ақмақшылықтан бирден қашып қутылыў керек пе? Мен тап солай еттим, яғный өз ерким менен қаштым да кеттим. Жайға кирдик, кириўден мен көп ойланып турмай-ақ дәлизге қарай зып бердим, дәлизден есиктиң алдындағы басқышқа шыға салып, асығыслық пенен сыртынан қапының зулпын тас қылып илип таслап, өзим шаўысым менен усы жерге, мектепке келдим! Бизиң жайдың терезелери кишкентай, енсиз, ал бизиң кемпир болса, өзлериңиз билесизлер, әўдийген, ири және семиз. Ол өмирде де терезеге умтылмайды, умтылған менен де шетенниң саңлағындағы семиз шошқадай терезе ағашларының арасына сыймай тығылып қалады, ол жағы әлле қашан-ақ тексерилип көрилген нәрсе, өтемен деп кемпир талай сапар кесе белден илинип турған. Әне енди ол ҳәзир де баяғы революциядан бурынғы ески ўақта қол жуўғышта отырып шыққанындай үйде көзлери мөлерип отыр, келейин десе жайдан шыға алмайды! Босатқысы келгенлер мейли барып қамақтан қутқарып ала берсин, ал мениң ҳәзир барып оның көзине көриниўиме хеш қандай болмайды. Мен кемпирдиң ашыўы азмаз тарқап, пәти қайтқанша бир-еки күн басқа биреўдиң үйиңе барып ўақытша жасай тураман. Мен өз тәғдиримди тәўекәлге тапсыратуғын ондай ақмақ емеспен, қала берсе оның түрли урыс-қағысының маған дым да кереги жоқ. Қаны қызып турған ўақта ол мени өлтирип қойса, оннан соң не қыламан? Соңынан прокурор Шипкада толық тынышлық деп жазар ҳәм соның менен истиң бәс тамам болғаны! Жоқ, бас ийип алғыс айтаман, бундай қуймақты өзлериңиз-ақ жей бериң! Ақыллы адам бул нәрселерди түсиндириўди талап етпестен өзи-ақ түсинеди, ал ақмаққа түсиндирсең де түсиндирмырсаң де - бәри бир, табытқа түскенше сол ақмақшылығы менен өмир сүреди!

- Сен болдың ба, ата? - деп жай парахат сорады Размётнов.

- Усылай ете берсеңиз кәлесең ҳәм кәлемесең ҳәм тамамлайсаң. Агафонға отвод бериўге кешигип қалдым, онысыз да бәрибир сизлер оны бизиң партияға қабыл етер едиңиз, аўадағы, мүмкин, солай еткениңиз жақсы да болған шығар, бул мәселеде мен сизлерге келисим де берген боларман. Ал кемпир туўралы барлығын орны-орнына қойып түсиндирдим, усы жерде мениң алдымда отырған адамлардың бәриниң де мени жүдә аяп отырғанын мен сизлердиң көзлериңизде-ақ көрип отырман. Оннан артық маған хеш нәрсе керек те емес! Өзим қанаатланғанша мен сизлер менен сөйлесип алдым, мениң мудамы тек атлар менен ғана сейлесе бериўим керек емес ғой, меники дурыс па? Сизлердиң түсинигиңиз жүдә аз болған менен де, бәри бир мениң атларыма қарағанда көбирек ғой...

- Отыр ғарры, болмаса сен және қайтадан ўаззаханды баслай жақсаң, - деп буйырды Нагульнов.

Бул жерде отырғанлардың күткенинен шықпай, әдеттегидей қарсыласпастан Щукарь үндемей өзиниң орнына қарай кетти, бирақ сондай кеўли толып, үлкен қанаатланыўшылық пенен күлимсиреп, жеңип қайтқандай бир көзи жаўдырап киятырғанын кәлеген адам аттан анық көрип: ол жеңилип киятырған жоқ, ал жеңиске ерисип, шады қуррам болып киятыр деп айтыўға болатуғын еди. Оны адамлар дослық күлкилер менен узатты. Қалай деген менен де гремячийлилер оған күтә ысық көз-қарас пенен қарайтуғын еди.

Тек болғаны бир Агафон Дубцов атаның көтериңки кеўилин бузбай-ақ қояйын деп ойламады. Щукарь апырып-жарып таслағандай болып оның қасынан гәрдийип өте берген ўақта, Агафон шубар-шубар бетин қыйсайтып, қәҳәрленене сыбырлады:

- Әбден исиң жетти сениң, ғарры... Қәне енди хошласайық!

Щукарь бираз ўақыт үндемей, ернин шайнаңлап, көмип қойғандай қозғалмай бир орында турды, ал соңынан диңкеси енип, қалтырақланқыраған даўыс пенен:

- Бул... бул не себептен мен сениң менен хошласыўым керек? - деди.

- Себеби сол, сениң бул жақты дүньяда жасайтуғын өмириң жүдә аз қалды... Сениң енди еки рет бурылып қарап, төрт рет дем алғандай-ақ өмириң қалды. Шашын алдырған қыздың шашы өримге келемен дегенше, сен жер астына түсип қаласаң...

- Бул... бул қалай Агафоша?

- Солай, жүдә ап-аңсат ғана! Сени өлтирежақ.

- Ким? - деп сестин зордан шығара алды Щукарь ата.

- Ким екени белгили ғой: Кондрат Майданников қатыны екеўи. Ол қатынын әлле қашан-ақ үйинен балта алып келиўге жиберди.

Щукарьдың аяқлары әсте қалтырап кетти, сейтип ол ҳәлсиреген ҳалда жағымпазлық пенен жылысып орын берген Дубцовтың қасына отырып, сасқалақлап;

- Не ушын ол мени өмирден айыражақ? - деп сорады.

- Сен өзиң сезбейсең бе?

- Мениң оған берген отводым ушын ба?

- Үстинен түстиң! Критика ушын бәрҳә өлтиреди, базы бир ўақта балта менен, гейде түтеси кесилген мылтықтан атады! Саған қайсысы унайды-оқтан ушқан ба ямаса балта менен шаўып өлтирген бе?

-Унай ма! Пай айтасаң аў! Усындай ўақыя да сира адам баласына унар ма?! - деди зығырданы қайнап Щукарь ата. - Оннан қайта сен айт маған: енди мениң не қылыўым керек? Мен өзимди қалай сақлаўым мүмкин бундай надан ақмақтан?

- Өзиңниң тири ўақтында басшыларға билдириўиң керек әне сол болғаны.

- Басқа иләжи жоқ екен, - деп азмаз ойланып турып келисим берди Щукарь ата. - Ҳәзир Макаржанға шағыныўға бараман. Берекеттаппағыр Кондратқа не бәле көринген, мени өлтирип сүргинге кетиўден қорқпайын дегени ме?

- Ол Щукарьды өлтиргеним ушын маған бир жылдан артық бермейди, ямаса ең жаманлығында, еки жыл-ақ берер, бир жыл ямаса еки жылды қорықпай отырып, ап-аңсат қутылып шығаман. Бундай ләтте ғаррылар ушын көп жыл бермейди. Усындай сыпырындың ушын гөр жыл берер дейсең бе, - дейди.

- Жалманып жүрип, ол оңбаған бала бир бәлеге жолығады! Сөйтип он жылды толық арқалап кетеди, мен бундай нәрсени майда-шүйдесине дейин анық билемен! - деп ашыў үстинде гүрк етип айта салды Щукарь ата.

Тап айтып аўзын жумбай-ақ ол Нагульновтан қатты ескертиў алды.

- Егер сен ғарры, тағы да бир мәртебе шала сойылған ешкидей қышқырсаң турған жерде жыйланыстан шығарып жиберемиз!

- Тыныш отыр, ата бул жерден сени өзим шығарып саламан, саған ҳеш қандай зыян келтиртпеймен! - деп сыбырланып ўәде берди Дубцов.

Бирақ Щукарь оған жуўап ретинде ың деп те тил қатпады. Ол шығанақларын дизесине тиреп, басын төмен еңкейтип отыр еди. Ол қыйланған түрде маңлайын жыйырып, кеўлин бир жерге жәмлеп, өжетлене бир нәрсе үстинде ойланып отырды да, соңынан бирден орнынан секирип тура сала алдында турған адамларды жән-жаққа ийтериўи менен президиумның столына қарай тапылдап жуўырды. Ғаррының изинен бақлап отырған Дубцов оның Нагульновқа қарап басын төмен еңкейтиңкиреп, оған дәслеп Дубцовты, соңынан Кондрат Майданниковты керсетип, қулағына бир нәрселерди сыбырлап атырғанын көрип қалды.

Нагульновты күлдириў оғада қыйын еди, бирақ бул жерде ол да шыдай алмай мыйығын тартып күлди де Дубцовтың бетине қарай сала наразылық билдиргендей етип басын шайқап, Щукарьды өзиниң қасына отырғызып: «Тыпыршылай бермей усы жерде отыр, болмаса сен қандай да бир бәлеге жолығарсаң», - деп сыбырлады.

Азмаздан кейин мәз-майрам болған ҳәм жаны жай тапқан Щукарь ата Майданниковтың көзине-көзи түсип кетип оған табалап, шеп қолының шығанағының

астынан суқ ҳәм ортанғы бармағының арасынан бас бармағын көрсетти. Аң-таңы шыққан Кондрат қасын көтерип қарады, ал Щукарь Макарға арқа берип, өзин толық қәўипсиз сезип, оған тап жаңағыдай етип еки қолында бирден көрсетти.

- Ҳаў, ғарры неге саған әне бир нәрсени көрсетип отыр? - деп сорады Майданниковтың қасында сыбайлас отырған Антип Грач.

- Ким билсин, соның ойына не түсип отырғанын, - деп ызасы келип жуўап берди Кондрат. - Мен усы күнде оның алжый баслағанын сезип жүрмен. Алжыйтуғын ўақыт та жетти, ол аз жасаған жоқ ғой, қала берсе бийшара, көп қыйыншылықларды да басынан кеширди. Бизлер оның менен бәрҳәмә жақсы қатнаста туратуғын едик, ҳәзир билмеймен, неде болса ол маған ашыўланып турған қусайды. Оның неге өкпелеп турғанын сораў керек болып тур.

Кондрат мәзи қарап отырып жаңарақтағы Щукарь атаның отырған жерине көзи түсип кетип, шығанағы менен Антипти түртип, әстен ғана күлди:

- Ол Агафонның қасында отырған екен ғой, енди бәри түсиникли! Оңбағыр Агафон мен туўралы болмаған бир нәрсени ойлап, ғаррының қулағына қуйған, әне оннан соң ол күйип-писип атыр, ал мен болсам я түсимде болып, я оңым да болып не жақпас әдетимниң болғанын таба алмай отырман. Ол кишкентай балаға усап ҳәр нәрсеге исене беретуғын болды ғой.

Давыдов столдың қапталында, бәрҳәмә асықпайтуғын хуторлылар қашан орынларына отырып болар екен ҳәм қашан шаўқым басылар екен, деп шыдамлылық пенен күтип турды.

- Қәне, Давыдов! Қәне, соза берме! - деп бақырды шыдамсыз Демка Ушаков.

Давыдов Размётнов пенен бир нәрселер жөнинде сыбырласып болып, асығыслық пенен баслады:

- Мен сизлерди көп иркпеймен, факт! Мениң әсиресе колхозшы ҳаялларға карата айтып турғанымның себеби, ҳәзир сизлердиң алдыңызға қойылайын деп отырған мәселе көбинесе ҳаялларға тийисли. Бизиң бүгинги партия жыйланысымызға колхоз ағзаларының барлығы толық қатнасып отыр, сонлықтан бизлер, коммунистлер өз-ара ойласып, сизлерге мынадай бир нәрсе усынғымыз келеди: биздеги барлық заводларда әлле қашан-ақ балалар бақшасы менен яслилер дүзилген. Ол жерде күн сайын азаннан кешке шекем тәжирийбели бала бағыўшы ҳәм тәрбиялаўшы ҳаяллардың бақлаўы астында майда балалар тамақ ишип, ойнап, дем алады, бул, жолдаслар, факт! Сол ўақытлары олардың аналары өзлериниң балаларын ойлап жаны ашымай жумысларын ислей береди. Олар балаларын ойлап қайғырмайды, ол машақаттан қоллары босайды. Не ушын бизлер өзимиздиң колхозда усындай балалар бақшасын ашпаймыз? Бизде болса кулактың еки жайы бос тур, сүт, нан, гөш, сөк және басқа да анаў-мынаў керек жарақлар колхозда бар, факт! Өзимиздиң майда балаларымызды тамақ пенен толық тәмийин ете аламыз, тәрбиялаў болса-ол да сондай, ендиги ис неде болып тур? Көрип турсызлар ғой, жыйын-терим болса да таялып қалды, ҳаяллардың жумысқа қатнасы да бизде онша жақсы емес, бетиңизге айтаман - жүдә жаман, оны сизлер өзлериңиз де билесизлер. Ҳүрметли колхозшы ҳаяллар, бизиң усынысымызды қалай көресизлер, келисим бересиз бе? Қәне даўысқа қоямыз, егер басым көпшилиги даўыс берсе, онда усы мәселе бойынша тағы да бир мәртебе зыят жыйланыс шақырмаў ушын ҳәзирдиң өзинде сондай қарар қабыл аламыз, қуўатлайман деген адамлар қолларын көтерсин.

- Усындай жақсы нәрсеге ким қарсы болады? - деп даўыслады Турилинниң көп балалы ҳаялы. Қасында сыбайлас отырғанларға сер салып, отырып ол бас болып жиңишке, билезикли қолын жоқары көтерди.

Парталарда отырған ҳәм тығылысып араларында турған колхозшылар менен колхозшы ҳаяллардың төбелеринде жүдә тығылысқан қоллар кәтерилди. Ҳеш ким де қарсы даўыс бермеди. Давыдов қолларын уўқалап, шад болып кулимсиреди.

- Балалар бақшасын ашыў ҳаққындағы усыныс бир аўыздан қабыл етилди! Бундай аўыз биршилик, бизлердиң сизиң кеўиллериңизден шыққанымыз күтә жақсы, факт,

ҳурметли жолдаслар-гражданлар! Ертеңнен баслап иске кирисемиз. Балаларыңызды жаздырыу ушын азаңғы саат алтылардан баслап, үйдеги азаңғы аўқатыңызды писирип болғаннан кейин колхоздын кеңсесине келе бериң, аналар. Жолдас ҳаяллар, сизлер өз-ара ойласып, жыйнақлы, шаққан, аўқатты жақсы писире алатуғын бир аспаз таңлап алың және тағы таза кийинип, таза жүретуғын, балаларға әлпайым бала бағыўшы болып ислейтуғын еки-үш колхозшы ҳаял да таңлап алың. Бақшанын баслығын районнан сорармыз, себеби ол есап жүргизгендей ҳәм саўатлырақ болыўы керек, факт! Бизлер бул жерде шама менен ойлап бала бағыўшы колхозшы ҳаялар менен аспазға ҳәр бир күнине бир мийнет күннен бериўге келистик, ал бақшаның баслығына мәмлекетлик ставка менен айлық төлеўге туўра келеди. Жарлы түсип қалмаймыз, факт! Бул жерде ҳеш нәрсе аяўға болмайды, адамлардың жумысқа көп қатнасыўы менен шыққан шығынлардың орны өтелип кетеди, мен буны сизлерге соңынан ис жүзинде дәлиллеп беремен, факт! Бақшаға еки жас пенен жети жастың арасындағы балаларды қабыл етемиз. Сораўлар жоқ па?

- Ҳәр бир күн ушын бир мийнет кун бериў көбирек болмай ма? Жас балаларды ойнатыў - атызда жаба менен жумыс ислегеннен онша аўыр емес ғой, - деп еситтирип шубҳәленди жақында ғана колхозға кирген хутордағы ең соңғы майда жеке меншик ийелеринин бири Ефим Кривошеев.

Бирақ сол заматта оның айлана дөгерегинде ҳаяллардың наразылық билдирген даўыслары сондай жаңлап кетти дейсең, шаўқымнан қулағы тынған Ефим дәслеп тек болғаны азырақ жыйырылып, ҳәреден қорғанғандай қолып сермеп, үстине дөнип баратырған ҳаяллардан сақланды, ал соңынан изи жақсылыққа алып бармайтуғынын сезе салып, партаға секирип минди де кеўилли түрде ашшы даўыс пенен қатты бақырып жиберди:

- Қоя қойың, шырақларым! Кудай ушын, қоя қойың! Мен бул сөзди аңламай абайсызда айтып салыппан! Бул мениң аўзымнан алжасып жорта шығып кетипти! Мени есикке қарай өткерип жибериңлер ҳәм маған қол созып, тумсығыма мушларынызды узайта берменизлер! Жолдас Давыдов, таза болған колхозшыға жәрдем берип, мына бәледен қутқарагөр! Қаҳарманлық пенен өлиўден сақлайғой! Сен бизиң қатынлардың қандай екенин билесең ғой!

Ҳаяллар ҳәр қыйлы даўыслар менен уў-шуў болып:

- Ҳәй, оңбаған, сен бир ўақлары бала асырап көриппе един?!

- Бала бағыўшы болсын!

- Балалар менен бирди ярым күн болсаң күнине еки мийнет күн алыўдан да безерсең, ал ол сықмарсынады, аш қасқыр сениң!

- Қәне қатынлар, өтирик сөйлеген менен де сөйлеў шегин билгендей етип оны үйретиңлер!...

Мүмкин бәри де жай-парахат, тым-тырыс, жап-жақсы болып-ақ өтип кеткен боларма еди әлле қәйтип, бирақ Ефимниң ойнап бақырып жибергени ўақыяның кескин шийеленисиўине бас себепши болып, бул мәселе Ефим ушын дым күтилмеген жағына айланып кетти: қатынлар шыңғырып күлисе бақырысып жүрип, оны партадан тусирип алды; биреўдиң қарапәрең қолы Ефимниң сарғылт сақалын қысымлап услап алды және оның үстиндеги таза сатийин көйлеги тигислеринен де, тигиссиз жаңа жерлеринен де пытырлай жыртылды. Қуры жанын қыйнап Нагульнов ҳаялларды тәртипке салыўға пайдасыз урынды. Басабас даўам етип, күлки ҳәм қысынғанлықтан жүзиниң қаны қашып кеткен Ефимди күш салып бир минуттан кейин дәлизге ийтерип шығарды, бирақ оның көйлегиниң жулып алынған еки жеңи де класстың ишинде полдың үстинде қалды, ал бир де сәдеби қалмаған көйлеги, жағадан етегине шекем бой-бой болып жыртылып, өзиниң үстине илинип тур еди.

Өзиниң айлана дөгерегин қоршап, бәри бирден ўа-ха-ҳалап күлип турған казакларға қоса күлкиге буўлығып турып Ефим былай деди:

- Мына бизиң берекет таппағыр қатынлар буншама күшти қайдан жыйнаған екен ҳә! Бул бир турған сумлық ғой! Биринши мәрте оларға қарсы сөйлей қояйын дегеним,

айтыңызшы, қандай қолайсыз болып шықты. - Ол уялып көринип турған қараторы қарынын жапқысы келип пырым-пырымы шығып қалған көйлегин қаўсырды да: - қәне мен шилтердей болып усы турысымда қатыныма қалай көринемен? Ҳаялым мени бундай зыян еткеним ушын әтирапына да жолатпай қуўып жибереди! Енди Щукарь ата менен бирге бир жесир ҳаялдың үйине барып ўақытша жайласыўға туўра келеди, болмаса оның менен биз екеўимизде басқа илаж жоқ! - деп гүңкилдеди.

## XXIV БАП

Адамлар жыйналыстан ярым ақшам аўып кеткен соң тарқасты. Олар барлық көшелерде асықпай тарқасып, өз-ара көтериңки сөйлесип баратыр, ҳәр бир шарбақ қапыларының шыйқылдысы, оның ашылып жабылған тәмбилери түнги тынышлықта қатты тарсылдасып еситиледи; анда-санда биресе ояқтан, биресе буяқтан кетериңки күлкилер еситилди ҳәм тун ишинде бурын бундай көп адамлардың сөйлесип жүриуине әдетленбеген хутор йитлери Гремячий Логтың ҳәмме жерлеринде ояна сала уў-шуў болып шаўқым шығарды. Мектептен Давыдов ең ақырғылардың қатарында шықты. Мектеп жайларының ҳәммесин қаплаған зәҳәрли жаман қапырықтан кейин даланың таза ҳаўасы оған суўық ҳәм естен тандырарлықтай таза болып сезилди. Ҳәттеки демин кеңнен алып турған Давыдов әстен есип турған самалда үйде исленген пивоның ийисин де аңлап турғандай болды.

Оның алдында еки адам кетип баратыр еди. Олардың даўысларын еситип, ол ериксиз күлимсиреди.

Щукарь ата қызғын сөйлеп баратыр екен:

- Мен оның Кондрат критика ҳәм өз-ара критика ушын сени өлтирежақ деген шайтаншылық сөзине ақмақшылық пенен ырастан-ақ исенип, өзимше ойладым: «Бул ис ойын емес - Кондраттын қолында балтасы бар! Ол бир салмақлы санық жигит қусағандай, бирақ оған адам исенип болама... ашыў үстинде балтасын бир сермесе - мениң басымды ғарбыздай етип қақ бөледи де таслайды!». Қалай мен усы Агафон шайтанға исене қойдым? Маған бир жаманлық ислемей ол адымын атқан емес! Белгили ғой оның тили қазыққа қыстырылған гөне қолғаптай өмиринше шошаңлайды да турады. Мениң ашыўлы адам екенимди есапқа алмай, Трофим текени маған умтылыўға ҳәм қәлеген жеримнен сүзиўге үйреткен де сол, оңбаған бала, ўәй, буны мен уңқыл-шуңқылына шекем билемен! Оны бундай жабайы тәсилге үйретип атырғанын өз көзим менен көрдим, бирақ маған қарсы, мениң өмиримди қысқартыў ушын үйретип атыр деп сирә ойламаған едим.

- Сен оған ҳасла исенбе! Қалай болса солай оның айтқанына исениўди қойып оннан турли бәле келер аў деп күте бер! Агафон ҳәр түрли нәрселерди ислеўди өлгенше жақсы көреди, ол ҳәмме менен де ойнай береди, Оның өзиниң минези сондай, - деп қарлығыңқыраған даўыс пенен кеўлин алып жуўап берди Нагульнов.

Шамасы мектепте-ақ басланған болса керек, олар әңгемесин даўам етиўи менен екеўи бирден Нагульновтың шарбағына кирди. Давыдов олардың изинен жүргиси келип еди, бирақ ойланып қойды.

Давыдов сол жердеги ең жақын көшеге бурылып, азырақ жүрген ўақытта, қораға сүйенип турған Варя Харламованы көрди. Қыз оған қарсы қарай жүрди.

Батыўға бейим берип, аяғына жақынлап турған ай күтә әзиз жарық шығарып тур еди, сонда да Давыдов қыздын ләбиндеги қысынған ҳәм кеўилсиз күлимсиреўди анық көрди.

- Ал мен сизди күтип турыппан... Мен сизиң бәрҳә усы көше менен үйиңизге қайтатуғыныңызды билемен. Мен сизди көптен бери көргеним жоқ, жолдас Давыдов...

- Көп ўақыт болды екеўимиздиң ушыраспағанымызға, Варюха-күйгелек! - деди қуўанышлы турде Давыдов. - Усы ўақыт ишинде сен биротала ержетип ҳәм сулыўланып кеткеңсең, факт! Сен буншама қаяққа жоқ болып кеттиң?

- Биресе отақта, биресе орақта болдым ҳәм үй жумыслары да аз емес... Ал сиз болсаңыз мени бир мәртебе барып көриў түўе, сирә бир жола ойыңызға да алмаған

шығарсыз...

- Мениң өкпелегишим! Олай деп мени айыплама, жумыстан жаздырылыў қыйын, сирә ўақыт жоқ. Ең болмаса ҳәпте сайын қырыныўға да қолымыз тиймейди, суткасына бир рет аўқатланамыз, жыйын-терим алдында бизлерге сондай қыйын болып тур. Қәне айт, сен мени неге күттиң? Жумысың барма? Түсинбеймен, сен бир түрли уўайымлайсаң ба, өзи? Ямаса мен қәтелесип, абайламай турыппан ба?

Давыдов қыздың толық ҳәм нық колының шығанағынан жоқарырақ әсте қысып, аянышлы түрде оның көзине қарады:

- Сениң үлкен бир қайғың, бар ма? Айта бер!

- Сиз үйиңизге баратырсыз ба?

- Усындай биймезгил ўақытта оннан басқа қаяққа бараман?

- Қаяққа деп аз ба... сизге ҳәмме жерде де есиклер ашық. Егер үйинизге қайтатуғын болсаңыз, онда екеўимиздиң жолымыз бир екен. Мумкин мени бизиң үйге шекем шығарып саларсыз?

- Ол не дегениң! Расында да сен қызықсаң-ай! Усы матрослардың, ҳәттеки бурын матрос болғанлардың жақсы қызларды шығарып салыўдан бас тартқанын көрип пе единң? - деп қыздын қолтығынан услай берип дәлкек пенен айтты Давыдов. - Аяқ қосып жүрейик! Бир, еки! Бир, еки! Қәне айтшы, сендеги қандай уўайым-қайғы өзи? Ҳәммесин ақтара бер. Баслықтың бәрин билиўи керек, факт! Бәрин қалдырмай, тырнақтайына дейин.

Бирден Давыдов өзиниң бармақларының астында қыздың қолы қалтырап, адымларын сүрниккенге усап исенимсиз атқанын сезди ҳәм тап сол заматта оның өксип-өксип жылаған сести еситилди.

- Ҳаў, сениң ҳақыйқаттан да кеўилиң бузылған ба, Варюха! Саған не болды? - деп бурынғы дәлкекти қойып ғамхорлық етип ҳәм әстен сорады, Давыдов. Ол қыздың бетине қарағысы келип, қайтадан тағы иркилди.

Варя көз жасына сел-сел болған бетин Давыдовтың арыстай көкрегине басты. Давыдов биресе қабағын үйип, биресе ҳайран қалып, күн нурына күйген қасын көтерип бир орында табжылмай тур. Қыздың еңсиреп жылаўының арасында ол зордан еситип қалды:

- Мени айттырып атыр... Ванька Обнизовка... Анам мени: «Оған турмысқа шық! Олар қурғын турады!» деп күни-түни қулағымды тесип болды. - Кәпелимде қыздың жүрегиндеги бир күннен бери емес, ал көринип турғанындай көптен бери топланып киятырған ашшы уўайым, азаплы бақырыў менен сыртқа шықты: - Құдайым-ай мениң не ислеўим керек?!

Азмаз ўақыт қыз қолын Давыдовтың ийнине салды, бирақ тап сол заматта оның қолы ҳәлсиреп сыпырылып түсти де, салбырап турды.

Бундай жаңалық оны албыратады деп ҳеш ўақытта күткен де ҳәм ойламаған да еди Давыдов! Күтилмегенликтен албыраған, тилсиз қалған Давыдов жүрегинде қатты аянышты сезип, үндеместен Варяның қолын қысып ҳәм тентирекленкиреп, көз жасы сел-сел болып басы төмен қарай еңкейген қыздың бетине не дерин билмей қарап турды. Тек усы пайытта ғана усы қызды бәлким әлле қашаннан бери-ақ ол, көпти керген адам жаңа, таза ҳәм түсиниксиз муҳаббат пенен өзинен өзи жасырып сүйетуғынлығың түсинди ҳәм мине енди дерлик ҳәр бир шын муҳаббатгын муңлы еки досты ҳәм сериги - айралық пенен жоғалтыў Оның қарсы алдына келип тур.

Өзин бийлеп алып, ол азмаз қарлығыңқыраған даўыс пенен сорады:

- Ал, сен? Сениң ойың не, айнанайын?

- Мениң оған барғым келмейди! Түсин, барғым келмейди!

Варя жасқа толған көзлерин кәтерип Давыдовқа қарады. Қыздың томпайған исик еринлери сезерликтей аянышлы дирилдеп кетти. Тап оған жуўап бергиси келгендей Давыдовтын жүреги дүрс ете қалды. Аўзының иши кеўип кетти. Ол зәҳәрдей ашшы түпиректи қыйыншылық пенен жутып болып былай деди:

- Ал сен оған турмысқа шықпа, факт! Сени ҳеш ким күш пенен күйеўге бере алмайды.

- Ҳаў сен түсин, мениң анамның алты баласы бар, ең үлкени мен, ал қалғанлары меннен киши, анам болса наўқас, мениң бир өзим жумыстың басында өлсем де сонша жанды асырай алмайман! Неге сен усыларды түсинбейсең, жаным-аў?

- Ал турмысқа шықсаң - онда қалай болады? Күйеўиң жәрдем береме?

- Тек безлерге ғана жәрдем бериў ушын ол өзиниң терисин сыйырып таслаўға қайыл! Жанын аямай жумыс ислей береди! Оның мени қандай сүйетуғынын билесең бе? Өлгенин билмей сүйеди! Бирақ маған оның жәрдеми де, сүйгени де керек емес! Мен оны бир түйир де сүймеймеи. Оны өлгенше жек көремен! Ол терлеген қоллары менен мениң қолымнан услаған ўақытта, мениң жүрегим айный баслайды. Өйткенше мен тезирек... Ҳәй, айтыўдың не кереги бар! Егерде мениң әкем тири болғанда мен ҳеш нәрсени ойламас едим, мен мүмкин, усы ўақытқа шекем мектептиң екинши басқышын питкерген болар едим...

Давыдов айдың жақтысында қыздың жылай-жылай қўарған жүзине тигилип, елеге шекем қарап тур. Қыздың искен еринлеринде қапалықтың сызықлары жатыр, көзлери төмен қарап, қаслары көкшил қараўытады. Қолындағы қол шаршысын уўқалап ол да үндемей тур.

- Ал егер сизиң семьяңызға жәрдем бере қойсақ қалай болар екен? - деп азмаз ойланып турып, исенимсиз түрде сорады Давыдов.

Ол айтып аўзын жумбастан-ақ Варяның бирден кеўип кеткендей болып көринген көзлери көз жасы менен емес, ал ашыўдын ушқынларын атқандай болып көринди. Қыздың танаўларын ҳаррыйтып, еркектей турпайы түрде әзиз кескин даўыс пенен:

- Сен беретуғын жәрдемиң менен баратуғын жериңе бара бер! Түсиндиң бе?! - деди.

Тағы азмаз тынышлық орнады. Оннан соң бундайды кутпегенликтен азмаз албырайын деген Давыдов сорады:

- Не ушын булай?

- Солай!

- Сонда да?

- Мен сениң жәрдемиңе дийдар қалып турғаным жоқ!

- Мениң жәрдемим туўралы гәп болып отырған жоқ, ал сениң анаңа көп балалы жесир ҳаял ретинде колхоз жәрдем береди. Түсиникли ме? Колхоз басқармасында сөйлесип көрип, сондай қарар қабыл етемиз. Абайладың ба, Күйгелек?

- Маған колхоздың жәрдеми керек емес!

Давыдов ҳайран болып ийнин қысты:

- Сен ҳайран қалғандай адамсаң, факт! Биресе жәрдем керек болып, биринши дус келген жигитке турмысқа шыққысы келеди, биресе ҳеш кимниң жәрдеми керек емес дейди... Билмеймен, қалай да мен саған түсинбедим! Бүгин биз екеўимиздиң биреўимиздиң мийимиз алжыған, факт! Сөздиң тоқетерин айт, саған не керек?

Давыдовтың салмақлы, айтқан даўысы - мүмкин Варяға солай сезилди ме - қызды биротала үмитсизликке алып келди. Қыз өксип жылап жиберди, қолын бетине баса сала, Давыдовқа ғырра арқасын қаратып, алдына қарай зәрре еңкейиңкиреп, ығал қолларын бетинен алмай, көше бойлап әдеп жүриңкиреп, соңынан жуўырып кетти.

Давыдов екинши көшеге бурылар жерде қыздың изине жетип, ийнинен услап турып, ашыўлы түрде былай деди:

- Ҳәй, Күйгелек, сен өйтпе! Мен сеннен шынтлап сорап атырман не өзи?

Әне тап сол ўақытта бийшара Варя көптен бери жыйналған ашыныўдың, мийримсиз уўайымның тәмбисин ашып жиберди

- Соқыр, ақмақ! Ғарғыс атқыр, көзли! Ҳеш нәрсени сен көрмейсең! Мен сени сүйемен, бәҳәрден берли сүйемен, ал сен... ал сен болсаң көзиңди таңып таслағандай болып жүрсең! Курдасларым әлле қашаннан бери мениң үстименен күлип жүр, енди, мүмкин, барлық адамлар да күлетуғын шығар! Қәне сениң көзли емеслигиң? Сен, душпаным ушын, қанша көз жасымды төктим... неше түнлерди көз жумбай өткиздим, ал сен ҳештеңени көрмейсең! Мен сени сүйе турып, қалай сеннен жәрдем ямаса колхоздан

қайыр-садақа аламан?! Ал сен берекет таппағырдың солай деп айтыуға тилиң оралады-аў?! Мен сизлерден бир нәрсе алғанша аштан өлгеним жақсы! Әне енди мен саған бәрин айтып болдым. Айттыра жағынды айтқыздың ба? Дегениңе жеттиң бе? Енди сен өзиңнин Лушкаларыңа барабер, маған сендей тасбаўыр, көрмейтуғын жумық көз соқырдың дым да кереги жоқ!

Варя бар күши менен Давыдовтың қолынан шығыўға урынды, бирақ ол қызды қатты услап тур еди. Услағанда да жаздырмай, беккем услап турды, бирақ үндемей турды. Усылайынша олар бир неше минут турды, кейин Варя көзлерин бас орамалының шети менен сыпырып, бир түрли еситилер-еситилмес, болдырған, кеўилсиз даўыс пенен:

- Жибер мени, мен кетейин, - деди.

- Әстенирек сөйле, болмаса биреў еситип қояр, - деп өтиниш етти Давыдов.

- Мен онысыз-ақ әстен сөйлеп турман.

- Сен аңқаў емессең-аў...

- Болды! Ярым жылға шекем сақ болып келдим, ал енди ондай бола алмайман. Қәне жиберши мени! Таң атайын деп тур, мениң барып сыйыр саўыўым керек. Еситип турсаң ба?

Давыдов басын төмен салып, үндемей тур. Сонда да ол еле оң қолы менен қыздың жумсақ ийнин қатты қушақлап, оның жас денесиниң ыссылығын әбден сезип, шашының жағымлы ийислеринен дем алып рәҳәтленип түр еди. Солай болса да оны усы ўақытлары бир түрли сезим бийледи ол қаны қызып, кеўили ҳәўлирген ямаса басқа бир тилеклерди сезбеди, тек болғаны азмаз қапалық жүрегин түршиктиргендей болып, қәпелимде оған дем алыў жүдә аўыр соқты...

Давыдов силейип қатып қалған қәлпин серпип таслап, шеп қолы менен қыздың жумалақ ийегиниң астынан услап, басын зәрре көтеринкиреп, күлимсиренкиреди:

- Рахмет саған, сүйиклим! Мениң сүйикли Варюха-күйгелегим!

- Не ушын рахмет? - деди қыз зорға еситилгендей сыбырланып.

- Маған сыйға берген бахытың ушын, урысқаның ушын, соқыр деп мин таққаның ушын рахмет... Бирақ сен мени дым көрмейди деп ойлама! Ал сен билесең бе, мениң бахытым, жекке өзимниң бахытым сыртта қалды, яғный өтип кетти... деп гейде ойланатуғын едим. Жийи-жийи ядыма түсетуғын еди... Бурын да бахытқа қарным қалықпаған еди - көздиң жасындай ап-азғантай... болды...

- Ал маған оннан да аз тийисти!- деп әсте ғана айтты Варя. Оннан соң оннан гөре аңығырак, етип сорады: - мени бир сүйип ал, баслық, ең биринши ҳәм ең соңғы рет, оннан кейин тарқасайық, болмаса таң саз берип киятыр. Екеўимиздиң турғанымызды көрип қойса жақсы болмайды, уят.

Варя бала қусап аяғының ушына минип ҳәм басын шалқайтып жиберип, еринлерин созды. Бирақ Давыдов баланы сүйгендей оның маңлайынан салқын сүйди де, исенимли түрде былай деди:

- Қайғырма, Варюха бәри де бәржай болады! Мен сени үйиңе шығарып салыўға бармайман, керек емес, факт, ал ертең көрисемиз. Сен маған жақсы жумбақ таўып бердиң. Бирақ азанға шекем мен оны шешемен, шешетуғыным факт! Ал сен азанда анаңа айт: кеште ол үйиннен ҳеш жаққа кетпесин, мен күн батқанда бараман, сөйлесетуғын гәп бар, сен де үйиңде бол. Көрискенше хош, мениң кийигим! Усылай кетип баратырғаныма қапа болма... Сениң де, өзимниң де тағдирлерим туўрасында қалай да ойланыўым керек ғой? Мен дурыс айтып отырман ба?

Сораўдың жуўабын ол күтип турған жоқ. Үндемей артына айланып, өзиниң қәдимги асықпай жүретуғын кең адымын атып, тым-тырыс үйине қайтты.

Олар усылайынша аўзы бирикпей ямаса биротала айырылыспай тарқасып кеткен болар еди. Бирақ Варя Давыдовтын артынан еситилер еситилмес даўыс пенен шақырды. Ол жақтырыңқырамай иркилди де әсте ғана:

- Не өзи? - деп сорады:

Давыдов тез жақынлап киятырған қызға иштен тынышсызланбай тура алмады:

«Екеўимиздиң усы курттай айырылысыў ўақтымызда ол жаңадан қандай шешим тапты екен? Қайғы оны түрли бәлеге дуўшар етиўи мүмкин, факт!»

Варя ентелей жақынласып, пәт пенен келип Давыдовты қушақлап алды, жүзин-жүзине басып, қызғын сыбырлады:

- Мениң сүйиклим, сен бизиң үйге келмей-ақ ғой анам менен хеш нәрсе жөнинде сейлеспе! Қәлесең мен сениң менен..., тап... тап Лушка қусап турайын ба? Бир жыл бирге турсақ жеткиликли, оннан соң мени таслай ғой! Кейин мен Ванькаға турмысқа шығаман. Ол мени қандай болсам да алады, сен таслаған соңда алады! Ол маған кешегиниң алдындағы күни туппа-туўры: «Қандай болсаң да сен маған сүйикли боласаң!»- деди. Қәлейсең бе?

Айтылған сөздиң мәнисин шешип отырмай-ақ Давыдов Варяны турпайы түрде ийтерип жиберип, жек көриўшилик пенен былай деди:

- Ақмақ! Ессиз қыз! Уятсыз! Не айтқаныңа өзиң түсинесең бе? Сен қутырып кеттиң, факт! Есиңди жыйна да, үйиңе қайт, уйықлап ал. Еситип турсаң ба?Ал кеште мен бараман, сен меннен жасырынаман деп талапланып жүрме! Мен сени қайдан болмасын таўып аламан!

Егерде Варя қорланған қәлипте үндемей кете берген де соның менен олар айырылысып кеткен болар еди, бирақ қыз өзгерген даўыс пенен әсте ғана сорады:

- Енди мениң не ислеўим керек, Семен, жаным-аў? Ушырасқалы бери Давыдовтың тағы бир мәртебе - бул жола аяныштан емес жүреги титиреп кетти. Ол Варяны қушақлап, бир неше жола қыздың еңкейип турған басын алақаны менен сыйпап қойып, өтиниш етти:

- Сен мени кешир, мен қызыңқырап кетиппен... Бирақ сеники де, орынсыз! Мениң жолымда қурбан болыўды ойлайсаң... ырасында да үйине барып азырақ уйықлап ал, жаным Варюха, соң кеште көрисемиз, бола ма?

- Болады, - деп бағынышлы түрде жуўап берди Варя. Кыз бирден шоршып кетип Давыдовтан ажырасты да: - Қудай ай! Таң әбден атып кетипти ғой! Маңлайым қурысын. - деди.

Таңның атканы да сезилмей қалды. Уйқыдан оянып кеткендей болып, енди Давыдов та өзиниң алдында ап-анық көринип киятырған жайларды, сарайларды, үйлердиң басларын тым-тырыс болып турған бағлардағы бир-бирине уласып, гүмбездей болып түнерип көринген ағашлардың көкшил-қара төбелерин, ал шығыста таң нурының азмаз белгиленип киятырған қып-қызыл жақты сызықларының сүлдерлерин көрди.

* * *

Давыдовтың Варя менен сөйлесип атырған ўақтында «мениң бахтым сыртта қалды» деп абайсызда айтып салғаны басқа айтылған емес еди.

Сол бахыт дегенниң өзи оның әбигер турмысында буннан бурын сирә болды ма? Расын айтканда болған жоқ.

Ол ашық айнаның алдында күн арқан бойы көтерилгенше изин-үзбей темеки шегип, өзиниң өткендеги ашықлыққа ышқы етип жүргенлерин есине түсирип отырды, ал енди тәрезиге салып қарағанда оның турмысында миннетдарлық пенен, ямаса қайғырып, ямаса хәттеки, ең жаманлығында, мениң бул не қылғаным, «әттегене әй» деп еске түсиргендей хеш нәрсе табылмады... Тек болғаны оның турмысындағы хеш кимди хеш нәрсеге ғәрезли етпейтуғын дус келген әйтеўир хаяллар менен қысқа ўақытқа созылған байланыслар ғана болып турды. Олар менен аңсат қосылып хәм машақат шекпей, қайғырмай, аянышлы сөз айтыспай, ап-аңсат ғана тарқасып, соңынан бир хәптеден кейин танымайтуғын адамлардай болып ушырасып, тек кеўил қалдырмаў ушын мыйық тартып күлисип хәм әйтеўир мәниссиз бир-еки аўыз сөз айтысып туратуғын еди. Паянсыз муҳаббат! Бийшара Давыдовтың буларды есине тусириўге де уялып ары келди. Сөйтип ол өзиниң бурынғы сүйиўшилик хәрекетлерин есине түсирип отырғанда, матростың таза кийимин мазуттың дағы қандай патас етип көрсететуғын болса, өзиниң өмирин де тап сондай иплас етип

көрсетип турған бурын ислеген ислери есине түскенде мурынын жыйырып, соларды айналып өтиуге урынатуғын еди. Жағымсыз нәрселерди тезирек умытыў ушын асығып албырап, қайтадан темеки шегип, ол: «Әне жуўмақ шығарғың келсе... Әйтеўир бир бузықлықтан басқа ҳеш нәрсе келип шықпайды, факт! Қысқасы матростың ислеген иси саны жоқ қуры ноль. Жаман емес, қатынлар менен ҳеш бир көпектен қалыспай кеўилдегидей жасағансаң!»- деп ойлады:

Давыдов тек азанғы саат сегизге жеткенде ғана: «Варюхаға үйлене қояйын. Матростың бойдақлық турмысты қысқартатуғын мәҳәли жетти! Усылайғысы жақсы болса керек. Оны аўыл-хожалық техникумына киргиземен, еки жылдан кейин колхоздың өз агрономы болады, оннан кейин екеўимиз тең турып ислеймиз. Соңынан не болса көре берермиз» - деген жуўмаққа келди.

Ол бир исти ойласа оны кешиктире бериўге, қапталға ысырып қойыўға үйренген жоқ еди. Сонлықтан бет қолын жуўа сала Харламовлардың үйине кетти.

Давыдов Варяның анасы менен шарбақта ушырасты, ҳүрмет етип сәлемлесип:

- Сәлем бердик, ана! Күн көрисиңиз қалай?

- Сәламат болың, баслық. Әйтеўир еплеп күнимиз кешип атыр. Сен неге келдиң? Азан менен қандай мүтәжлик қуўып келди?

- Варвара үйде ме?

- Уйықлап атыр. Жыйналысларда таң саз бергенше отыра бересизлер ғой.

- Ишке кирейиктағы. Варвараны ойт: Сейлесетуғын гәп бар.

- Кириңиз, мийман боласыз.

Олар асқанаға кирди. Үй ийеси ҳаял Давыдовқа сақланыңқырап қарап;

- Отыр, мен ҳәзир Варьканы оятаман, - деди.

Тез арада мийманханадан Варя шықты. Азаннан берли ол да уйықламаған болса керек. Жылағанлықтан оның көзлери исип кеткен, бирақ жузи тап-таза, тап ишки жағымлы ыссылықтан нурланғандай. Давыдовқа қабағының астырағынан сынап ҳәм күте қарап турып Варя:

- Сәлем бердик, жолдас Давыдов! Әне сиз де бизиң үйге азан менен қонаққа келип қалыпсыз, - деди.

Давыдов скамейкаға отырып, зордан турған кәттиң үстиндеги сулайысып уйықлап атырған балаларға көз жуўыртып қарай салып, былай деди:

- Мен қонаққа келген жоқпан, ал жумыс бабында келдим. Мениң айтайын дегеним, ана, - деп ол тилинин ушында турған сөзлерди излеп, алдындағы кәйўаны ҳаялға шаршаған көзлери менен қарап, азмаз ўақытқа тоқтап қалды.

Ҳаял болса тар төсиндеги гөне көйлегинин жыйрықларын бармақлары менен ысып, тынышсызланып печьтин қасында тур еди.

- Мениң айтажағым, ана - қайталады Давыдов. - Варвара мени сүйеди, мен де оны сүйемен. Келисим сондай: Варяны мен округке апарып агрономлық оқыўға киргиземен, ол жерде сондай техникум бар, еки жылдан кейин ол агроном болып усы жерге, Гремячийге келип ислейди, ал быйыл гүзде, жумысларды питиргеннен кейин үйлениў тойымызды беремиз. Сизикине меннен бурын Варяны айттырып Обнизовлардан қудалар келген, бирақ сен қызды зорлама, оның өзи өз тәғдирин шешеди, факт.

Ҳаял қатал түс пенен қызына қарай бурылып:

- Варька?! - деди.

Ал қыз болса:

- Апажан, - деўден басқа ҳештеңе айта алмай, анасына қарай жуўырып, төмен еңкейип, оның көп жыллар даўамында тынбай еткен мийнеттен жыйрықланған қолларына бахытлы сезимнен шығып кеткен жасларын тамызып сүйе баслады.

Давыдов айнаға қарай бурылып турып солқылдап жылаўдын арасында қыздың:

- Баўырманым, анажаным! Мен оның ушын дүньяның шети болса да бараман! Ол не айтса, мен соны ислеймен. Оқы десе де, исле десе де - бәрин ислей беремен!... Тек болғаны сен мени Ванька Обнизовқа турмысқа шық деп зорлама! Мен оның менен қор

боламан, - деп сыбырлап атырғанын еситти.

Азмаз тынышлықтан кейин Давыдов Варяның апасының қалтырап кеткен даўысын еситти:

- Ананың келисимисиз-ақ өзлериниз келискен қусайсызлар? Илаж қанша, сизлерге қудай-тала яр болсын, Варькаға мен жаманлық тилемеймен, бирақ, матрос, сен мениң қызымның абыройын төкпе! Мениң барлық исенимим усы қыз! Үйдеги балалардың ең үлкени усы қыз екенин көрип турсаң, үйдиң хожайыны сол, ал мен болсам уўайым-қайғыға, бала бастыдан, мудамы жоқшылықтан жырыла алмайман... Мен қандайман, көрип турсаң? Мен ўақтымнан бурын кемпир болдым! Ал сизлерди матросларды, мен урыс ўақтында көргенмен, сизлердиң ким екениңизди. Бирақ сен бизиң семьямызды ўайранлама!

Давыдов айнадан ғырра айланып, ҳаялға тигиле қарады:

- Сен, апа, матросларға сөз тийгизбе! Бизлер қалай урыстық ҳәм сизиң казакларыныңызға қалайша соққы бердик - ол ҳаққында қашан болмасын бир ўақытлары жазады, факт! Бизлердиң ар-намысымыз бенен муҳаббатымызға тийисли нәрсе болатуғын болса онда қатардағы қандай да бир тыржыйған гәззапқа қарағанда бизлер ҳағырақ та, өзимизге беригирек те болдық ҳәм бола аламызда! Варька ушын сен тынышсызланбай-ақ ғой, мен оны ҳеш қандай қапа етпеймен. Ал ендиги жағында бизлердиң не ислеўимиз керек екенлиги туўралы мен бир нәрсени сорағым келеди: егер сен бизлердиң Варя менен қосылыўымызға қарсылық етпесең мен оны ертең Миллеровқа апарып, техникумға киргизип келемен, ал өзим той болғанға шекем сизиң үйде бола беремен. Мениң басқа биреўлердикинде жүргенимнен гөре сеникинде болғаным жақсы: қалай да мениң енди сизиң семьяны асыраўым, жәрдем етиўим керек емес пе? Варварасыз сен балаларды асырайман деп болдырып қаласаң ғой! Сизге қайырхомшылық етиўди, мен өз мойныма ҳәзирден баслап аламан. Мениң мойным жүдә күшли, қайғырма, шыдайды, факт! Әне усылай етсек ҳәммеси өз жайында болады. Қәне, келистикпе?

Давыдов адымын кеңнен атып Варянын анасына барды да, оның арық ийининен қапсыра қушақлады, әне сонда болажақ енесиниң сел-сел көз жасынан ығал болған еринлери менен шекелеринен сүйгенин сезген ўақытта иренжиў менен былай деди:

- Сизлердиң, ҳаяллардың, көз жасыңыз наятий көп!Усылайынша сизлер ең тасбаўыр адамның да баўырын ерите аласыз. Жетер енди, кемпир қалай да күнимизди көремиз? Расын айтаман саған, - күнимизди көремиз!

Давыдов қалтасынан мыжымырланып қалған бир пачка ақшаны асығыслық пенен шығарып, оны столдағы гөне дастурханның астына уялған түрде тыға сала, ебетейсиз кулимсиреп губирленди:

- Бул мениң рабочий ўақтымнан берги жыйнағанларымнан. Ақша маған тек темеки ушын ғана керек... Арақты мен сийрек ишемен ғой, ал сизлерге ақша керек болып қалады-Варвара ушын жолға бир нәрсе алыў керек, балаларға да анаў-мынаў сатып аларсаң... Ал енди болғаны, мен кеттим, бүгин еле районға да барып қайтыўым керек. Кеште қайтып келемен, өзимниң чемоданымды усы жерге әкелип кетермен, ал сен, Варвара, таярлана бер. Ертең азанда округке жөнеп кетемиз. Қәне, саў болыңлар, қәдирданларым - Давыдов өзиниң баўырына кирип баратырған Варяны ҳәм оның анасын еки қолы менен қапсыра қушақлады да, артына ғырра айланып, есикке қарай жүрип кетти.

Ол матрослардай сәл шалқайынқырап, адымын қәдимгидей нық, исенимли басып баратыр еди, бирақ егерде оны таныйтуғынлардан биреў ҳәзир көргенде оның жүрисинде қандай да болмасын бир жаңалықтың бар екенин сөзсиз сезер еди...

* * *

Сол күннин өзинде Давыдов қәдимгише райкомға барып, округлық партия комитетине барып келиў ушын Нестеренкодан рухсат алды.

- Тек сен ол жақта көп егленбе, - деп ескертти Нестеренко.

- Мен бир саат та кешикпеймен, тек сен мени қабыл етиўин ҳәм Харламованы техникумға орналастырыўға жәрдемлесиў туўрасында округлық комитеттиң секретарына телефон соқсаң болғаны.

Нестеренко қуўлық пенен көзлерин қысты:

- Матрос, сен мениң мийимди қатырып жүргенин жоқ па? Абайла, егерде мени алдап, сол қызға үйленбесең - өзиңе өкин! Екинши мәртебе саған бундай донжуанлық ислетпеймиз! Лукерья Нагульнова менен мәселе жеңилирек еди, қанша айтқан менен ол күйеўинен айырылысқан ҳаял ғой, ал бул жерде ис пүткиллей басқаша!

Давыдов Нестеренкоға ашыўлы қарады, оның пикирин ақырына шекем тыңлап отырмай, сөзин бөлди:

- Мен жөнинде қандай жаман пикирде отырғаныңды ким билсин, секретарь, факт! Мен оның анасы менен сөйлесип, тәртиби менен барлық қәделерди сақлап келистирип айттырдым ғой! Енди саған буннан артық не керек, неге сен маған исенбейсең?

Нестеренко әсте сорады:

- Саған ақырғы сораў, Семен сен ол қыз бенен бирге турғаның жоқ па? Егер бирге болған болсаң, неге сен оқыўына кетпесинен бурын оның менен неке қыйысқың келмейди? Бурынғы ҳаялың қусаған биреў Ленинградтан келеди деп ҳеш кимди күтип жүргенин жоқ па? Сен түсин, қабақ бас, мениң... қалай десе болады, ағандай саған жаным ашыйды ҳәм сениң еркеклик адамгершилигиңнен пушайман жесем оғыры ашынарлық нәрсе болған болар еди... Мен ўақты хошлықтан сениң иши баўырыңа кирип атырғаным жоқ, дым олай емес. Кеўлиңе келип жүрмесин, еситип турсаң ба? Ал ең соңындағысы сен өзиңниң қолыңды босатып алыў ушын Харламованы оқыўға орналастырғың келип отырған жоқпа! Оның қасында болыўынан қутылыў ушын емес пе? Ойлан, ағайиним!

Давыдов атты қатты шапқанлықтан қақсаған тақымын еплеп бүгип, Нестеренко отырған креслоның қарсы алдында турған гөне стулға зордан отырды, шыбықшалардан өрилип, шығанақлай берген сон сүйкеле-сүйкеле тозып қалған ап-арзан креслоның шығанақ салғышына сүзилип қарады, ал соңынан акация путаларында тынбай шырқылдап турған шымшықлардың ҳаўазына қулақ қойып, Нестеренконың сарғайған жүзине қарап, оның жеңлери ықшамлап жамалған гимнастеркасына қарап отырды да - былай деди:

- Бәҳәрги жер сүриў мапазында сениң менен танысқан ўақытта саған дос болдым деп мен қуры ләбиз еткен екенмен... Буның себеби, сен ҳеш кимге де исенбейтуғын қусайсаң... Мейли исенбесең исенбе, секретарь! Сен өзиңе өзиң ғана исенетуғын қусайсаң, онда да тек дем алыс күнлери исенетуғын болыўың керек, ал басқа барлық адамларға, ҳәттеки өзиңниң досларыңа да, бәрҳәма қандәйда болмасын бир ақмақлық гүмәнланыў билдиресең...

Усындай минезиң менен районлық партия шөлкемине сен қалайынша басшылық ете аласаң? Алды бурын сен өзиңе анықлап исенип ал, ал оннан соң ғана барлық басқа адамлардан гүмәнлан!

Нестеренко аянышлы мырс етип қойды:

- Мен сеннен өкпелеме деп өтиниш етсемде бәри-бир өкпеледиң бе?

- Өкпеледим!

- Өкпелесең өкпеле!

Бурынғыдан да бетер шаршаған Давыдов орнынан турды:

- Мен кетейин, болмаса екеўимиз урысып қалармыз...

- Өйткенди мен тилемес едим, - деп жуўап берди Нестеренко.

- Мен де.

- Онда тағы бес-он минут бол, келиспеген жеримизди сөйлесип шешермиз.

- Болайын, - деп Давыдов қайтадан стулға отырып, былай деди: - Мен қызға жаманлық ислеген жоқпан, факт! Оның оқыўы керек. Қыздың семьясында адам көп, ең үлкени - өзи, хожалығын сүйреп отырған да сол... Түсиниклиме саған!

- Түсиникли, - деп сес берди Нестеренко, бирақ бурынғыдай-ақ Давыдовтан қатал ҳәм жат көз қарастағы нәзерин елеге шекем жазбады.

Мен Варяға, ол оқыўына биротала орналасып, ал өзим гүзги жумысларды питкерип болғаннан кейин үйленермен деп жүрмен. Қысқасы, дийханлардың тойы, жыйын-терим питкеннен соң, - деп кеўилсиз мырс етти Давыдов. Кейнинен Нестеренконың жүзи жылып, аса кеўил бөлип тыңлай баслағанын көрип, енди ашылысыңқырап, бурынғы мәжбүрлегенлигин ҳәм тартықшақлығын қойып, даўам етти, - Ленинградта да, басқа ҳеш жерде де бурын үйленгеним жоқ, ал усы Варяға биринши мәртебе тәўекел етип атырман. Мәҳәли де жетти: азымшық емес, қырққа шамаласып қалдық.

- Отыздан кейинги ҳәр бир жылды сен он жылға есаплайсаң ба? - күлимсиреди Нестеренко.

- Ал гражданлар урысын не қыласаң? Ондағы бастан кеширген ҳәр бир жылды мен он жылға есаплар едим.

- Артықмашлаў...

- Сен алды бурын өзиңе қара, оннан соң дурыс екен деп айтасаң.

Нестеренко столдан түргелип, жайдың ишинде қолын уўқалап, арман-берман жүрди де, исенимсизлик пенен жууап берди:

- Буны қалай деўге болады... Деген менен гәп ол ҳаққында емес, Семен. Бул жерде мен сениң Лукерья Нагульноваға сүрингениңдей емес екенлигин анықлағаннан кейин жүдә қуўандым, сениң ҳәзирги ислейин деп атырған исиң исенимлирек бир нәрсеге қусайды. Не айтыў керек, жақсы басламаны қуўатлайман ҳәм бахыт тилеймен!

- Гүзде үйлениў тойымызға келесең бе? - деп баўыры ерип сорады Давыдов.

- Ҳәммеден бурын келемен! - деп Нестеренко бурынғыдай-ақ, ҳақ кеўиллилик пенен күлди, және де гүңгирт көзлеринде баяғы тентеклик нышанлары сезилди. - Биринши дегеним қатар жағынан емес, ал той болады деп еситиўден биринши болып тойға келемен.

- Ал енди саў бол! Окружкомның секретарына шыңғырлатып жибер!

- Бүгиннен қалдырмайман. Кете бер, ал оякта көп иркилме.

- Саў бол!

Олар қатты қол қысысып тарқасты.

Күнге қызған шаң-шаң көшеге шыға берип, Давыдов ойлады: Оның бурынғы турысына бундай уқсас емеслиги ешейин емес ғой! Ҳаў, ол жүдә аўырыў ғой! Жүзлери сап-сары, ал жақлары өлиникиндей қуўсыйып қалған ҳәм көзлери де гүңгирт... Мүмкин, соның ушын да ол мениң менен усылай сөйлескен шығар?...»

Давыдов атына жақынлаған ўақытта Нестеренко айнадан басын шығарып, оны әсте даўыс пенен шақырды:

- Семен, бир минутқа келип кет!

Давыдов райкомның басқышының текшелерине кеўилсиз көтерилди.

Бурынғыдан да бетер бүкирейип және пүткил денеси пәсейип Нестеренко Давыдовқа қарап қойды да былай деди:

- Мүмкин, мен сениң менен жүдә турпайы сөйлескен шығарман, бирақ сен мени кешир, ағайиним, себеби менде үлкен бир қайғы бар: безгек аўырыўына, қайдан тапқанымды билмеймен, жүрек аўырыўы келип, қосылды. Ҳәзир ол аўырыў ашық түрине айналып, толық ҳәўиж алып атыр. Өкпениң еки жағында да тесик пайда болды. Ертең санаторияға кетемен, окружком жиберип атыр. Жыйын-терим алдында мениң районнан кетким де келип турған жоқ, бирақ қолдан ҳеш нәрсе келмейди, қыдырып баратырған жоқпан. Сонда да сениң тойыңа шекем қайтыўдың талабында боламан. Мен сеннен сарпай сорап атырман ба?... Жоқ, тек дос болғанлықтан, дым күтпеген жерде пайда болған уўайым-қайғыны бирге бөлисиў ушын айтып атырман...

Давыдов столды айланып шығып Нестеренконы үндемей қатты қушақлап, оның ып-ыссы, ләмли шекелеринен сүйип болып, тек соннан соң ғана былай деди:

- Кете бер, қәдирли достым, емлен! Бундай аўырыўдан тек жаслар ғана набыт болады, ал сениң менен бизлерди ҳеш қандай аўырыў ала алмайды!

- Рахмет, - деди Настеренко еситилер-еситилмес етип.

Давыдов адымды кең атып көшеге шықты, атына минди, миниўден биринши рет оны

қамшылап жиберди.

- Бәрҳә сениң уйықлағын келеди де турады, узын қулақ шайтан!, - деп тисиниң арасынан қәҳәрленип быдырлап, станицанын көшеси менен қатты шаўып кетти.

***

Түстен кейин хуторға қайтып келди де Давыдов туппа-туўры жол менен Харламовлардың үйине барып, шарбаққа тез киргиси келип турса да, асыққанын билдирмей жай-парахат кирди. Басқышқа жақынлаған ўақытта атқа көп минип үйренбегенликтен ысылған аяқларын алшайтып басып, жийиркенип мурнын жыйырып жайға кирер жерде, айнадан көрген болса керек, болажақ енеси ярым күнниң ишинде үйренисип қалғандай оны бурынғыдан басқаша жыллы жүзлик пенен күтип алды.

- Ҳаў, шырағым балам, қатты шаршап қалған шығарсаң? Қалай дем де айланып келе қойдың! Станицаға барып ҳәм айланып келиў, жақын емес ғой! - дей берди ҳаял есикке қарай қыйсақлап зордан киятырған Давыдовқа жөгишилик етип, жаны ашығансып қарап, ал өзи аяқларын зордан басып киятырса да бизиң күйеў бала мәртлердей қамшысын былғап киятыр деп ишинен күлип турса керек... Басқа билмесе де казактың қартайған ҳаялы «рус» атлыларының атқа минип қалай журетуғынын билиўи лазым еди...

Енесиниң бул қайырқомшылығын иштен ғарғап, Давыдов турпайылық түрде:

- Сен бунша егитиле берме ана! Ал Варвара қайда? - деди.

Қандайда бир машыншы қатынды излеп кетти. Өзине гөне көксиден кийим-пийим таярлаўы керек емес пе? Пай, жигит, сен өзиңе келиншек таўып алған екенсең дағы! Үстинде гөне юбкадан басқа оның ҳеш нәрсеси жоқ ғой! Сениң көзиң көрмеди ме?

- Бүгин азанда мен сеникинде юбканы айттырғаным жоқ, ал қызыңды айттырдым, - деди ыссыдан күйип кеткен еринлерин жалап, - қойып, Давыдов: - Сизиң үйде ишкендей суўық суў жоқ па? Юбка болатуғын болса табылар, ҳәзир юбка мәселесин қоя турайық. Ол қашан келеди, Варвара?

- Оны қудай биледи. Ишкериле! Қалай, Варьканы оқыўға киргизиўди өзиңниң ҳәкимлериң менен келистиң бе?

- Келиспегенде бола ма? Ертең округқа кетемиз, қызыңды алыс жолға сазлай бер. Қәне не дейсең? Ҳәзир сен енди жылаўды баслайсаң ба? Кешиктиң!

Анасы ҳақыйқатында да жылап жиберди - егил-тегил жылап жиберди, бирақ тез арада өзиниң ҳәлсизлигинен қутылып, онша таза емес перде менен көзин сыпырып, ара-тура солқылдап қойып, өкиниш пенен айтты:

- Ҳаў, қудай алсын сени, жайға кир! Усындай әҳмийетли ис туўрасында бизлер неге қорада сөйлесип турмыз?!

Давыдов жайға кирип, отырғыштың үстине отырды да, қамшысын оның астына таслады.

- Ана, бизлер екеўимиз не ҳаққында сөйлесемиз? Мәселе түсиникли ҳәм шешилген. Енди былай келисейик: усы кунлери мен жүдә шаршап жүрмен, сен маған ишкендей суў бер, оннан соң усы жерде бир саатдай уйықлап алайын, жумыс болса оянғаннан кейин сөйлесермиз. Ал атты мейли балалардың биреўи колхоздың атханасына апарып тапсырсын.

Жүзи жылып кетип ҳаял былай деди:

- Ат ҳаққында қатержан бола бер, балалар апарып жайғастырып келер, өзиң азмаз сабыр етип тура-тур, мен саған муздай сүт әкелип берейин. Төледен ҳәзир әкелемен.

Шаршағанлық, уйқысыз түнлер Дабыдовты болдыртқан еди, ол сутти күтип отыра алмады: Үй ийеси ҳаял терлеп турған бадиядағы сүтти абайлап төледен әсте әкелемен дегенше ол отырған жеринде, оң қолын төмен жиберип, аўзын азмаз ашыңқыраўы менен отырғыштың үстинде уйықлап қалды. Үй ийеси ҳаял оны оятқан жоқ. Ал қайта Давыдовтың шалқайып кеткен басын әлпешлеп, әсте ғана көтерип, басының астына көкке қапланған кишилеў көпшик салды.

Жайдың ыссылығынан ҳәм шаршағанлықтан бийҳал болған Давыдов еки сааттай қатты уйықлап, соңынан жас балалардың сыбырлысы менен қыздың жып-жыллы қолының жағымлы тийиўинен тәсирленип оянып кетти. Давыдов көзин ашты, отырғыштың жанында өзине күле шырай берип отырған Варяны ҳәм оның қапталында үймелескен бес баланы - Харламовлар тухымының барлық әўладларын көрди.

Шамасы, балалардың ең киши ҳәм ең батырлаў биреўи Давыдовтың үлкен қолларын өзиниң кишкентай қоллары менен услап, оған тығылып батына алмай оннан сорады:

- Семен аға, енди сен бизиң үйде турады деген рас па?

Давыдов аяғын отырғыштаи жерге салбыратып жиберип, уйқылы көзи менен балаға қарай күлди:

- Дурыс, балам! Болмаса қалай болады? Варя болса оқыўға кетеди, ал сизлерге ким тамақ, кийим-кеншек, таўып береди? Енди ол ўазыйпаны мениң атқарыўыма туўра келип тур, факт! - Сөйтти де әкесиндей қайырхомлық пенен баланың уўдар-дуўдар болып қалған жыллы басына қолын салды.

## XXV БАП

Келеси күни таң атпастан көп бурын Давыдов от-қорада уйықлап атырған Щукарь атаны оятып, оған атларын арбаға қосыўға жәрдемлести де Харламовлардың шарбағына айдап келди. Ол тығыз бастырылмаған әйнектиң қақпағының арасынан асханада шыра жанып турғанын көрди.

Варяның анасы аўкат писирип атыр екен, майда балалар кең ағаш кәтте кесесине жатып уйықлап атыр, ал Варя болса азмаз ўақытқа қыдырып келген қонақ қусап, жол жүриўге сазланып әлленеткен биреўдей отырғыштың үстинде отыр.

Қыз Давыдовты қуўанышлы ҳәм миннетдарлық пенен күлимсиреп қарсы алды:

- Ал мен қащан-ақ таяр болдым, сени күтип отырман, баслығым.

Давыдов пенен сәлемлесип болып Варяның анасы:

- Ол таўықтың биринши шақырыўынан баслап-ақ таярлана баслады. - деп сөз қосты. - Аўзынан сарысы кетпеген жаслық деген сол дағы! Ал жаслықтағы ойсызлық туўралы айтыўдың да кәжети жоқ!... Ҳәзир шай ҳалқасы тайын болады. Төрге шық, отыр, жолдас Давыдов.

Олар үшеўи отырып кешегиден қалған щи, картошка қуўырдақларды тез жеп болып, кейнинен сут ишти. Давыдов столдан тура берип, өзиниң болажақ қәйни енесине рахмет айтып былай деди:

- Ўақыт жетти. Варвара, анаң менен хошлас, бирақ тезирек бол. Қурыдан қуры көз жасын төге бериўиниздиң кәжети жоқ, өмириңизше айырылып атырған жоқсыз. Еле мен округке баратуғын жумысым болса, ана, қызыңды көриў ушын сени де өзим менен бирге алып барып тураман... Мен атлар бетке кеттим. - Есиктен шығар жерде турып, Варядан: - Сен өзиң менен қандай да болмасын бир жыллы кийим алып жүресең бе? - деп сорады ол.

Варя тартыншақлық пенен:

- Мениң пахталы кофтам бар, бирақ оғада гөне, - деп жуўап берди...

- Болады, зыяпатқа баратырған жоқсаң, факт.

Бир саат өткеннен кейин олар хутордан бираз алыслап кетти. Давыдов Щукарьдың қапталында, ал Варя болса арбаның екинши тәрепинде отыр. Ўақты-ўақты Варя Давыдовтың қолын услап, оны әсте ғана қысып қояды да, қайтадан өзиниң қандай да бир ойларының теңизине шүмеди. Қыз өзиниң қысқа өмириниң ишинде тек болғаны бирнеше жола станицаға барғаны болмаса, еле хутордан узақ ўақытқа шетке шығып та көрген емес. Ол еле темир жолды да көрген жоқ. Варяның қалаға биринши рет баратырғаны оның жүрегин ҳәўликтирип, үлкен қуўанышқа бөледи. Өз семьясынан, курдасларынан айра түсиў бәри бир аңсат болмады, сонлықтан еркине бағынбай көз жасы айлана берди.

Дон дәрьясынан пароходқа тиркелген кеме менен өтип, атлар Дон жағасындағы таў дөңине көтериле берген ўақтында Давыдов арбадан секирип түсти де, Варя отырған

жақтан жүрди. Күн шығып жоқары көтерилген ўақытта, оның нурларына шағылысып радугадай жалтырап көринетуғын, ал ҳәзир сол дәрежесине жете алмай атырған жол шетиндеги түссиз пәскелтек жуўсанларға тускен қалың шықты ол етиклери менен қағып жүрди. Ара-тура Варяға қарап қойып, ол оның кеўлин алыў ушын күлимсиреп әсте ғана:

- Қәне, Варя, көзиңнин жасын тый енди. Ямаса:

- Сен жас емессең ғой, үлкен адамлар жылаўға болмайды, қой енди, қарағым! - деп айтып қояды.

Оның сөзине қулақ асып көз жасы тамшылап турған шекелерин көк орамалының ушы менен сыпырып, оған жуўап ретинде тартыншақлы ҳәм бағыныўшы күлимсиреў менен мыйығын тартып бир нәрселерди үнсиз сыбырлайды.

Ал Дон жағасындағы таўлардың ойлы-бәлент порлы тармақларын қалың думан қаплағанлықтан төбениң жоқарғы қырлары елеге шекем керинбей тур.

Усындай ерте азанда я жол үстине көгерип турған атқулақлар болып, я шақасы ийилип турған сары донниклер болып, таў етегинде көринип жолға дөнип турған дәнли өсимликлер болып өзлерине тән болған күндизги ийислерин аңқытып турмады. Ҳәттеки бәринен де төзимли жуўа да тап сол қәсийетлерин жоғалтты - барлық ийислерди тап ҳәзир ғана июль айындағы силпилеген жаўын жаўғандай болып егинлерге, шөплерге қалың түскен шықлар жутып кетти. Сонлықтан бундай түнжыраған азанғы саатта қула майданда еки әпиўайы ийис шық пенен үстин азмаз ләм басқан жол шаңларының ийислери үстемлик етип тур.

Үстине кийген брезент плаштан да гөнерек қара таўардан белбеў бууынған, Щукарь ата бүрсеңлеп мықшыйып, бурын өзине тән емес тынышлықты сақлап, үндемей, тек болғаны қамшы былғап, онсыз-ақ шаўып баратырған атларды шүў-шүўлеп айдап отырды.

Бирақ күн шыққан ўақытта ол жанланып кетип, сорады:

- Семушка, хуторда сени Варькаға үйленеди деген сез бар. Дурыс па?

- Дурыс, ата.

- Илажың не, бул соңдай ис, қалай таўлансаң да үйленбегенше қутыла алмайсаң, ертели-кеш түбинде бир үйленесең, яки мен еркеклер туўралы айтып отырман, - деп терең мағаналы етип айтты ғарры. Соң сөзин даўам етти: - мен жаңа ғана он сегизге шыққан ўақтымда мениң марҳум ата-анам мени де үйлендирди. Мен сол ўақытлары да жүдә ҳийлекер едим, үйлениў деген бәлениң не екенин сонда-ақ билетуғын едим... Пай, мен де оннан каштым-аў, ҳеш қим мендей болған емес! Үйлениў - пал ишиў емес, мен буны оғыры жақсы билдим. Сол бәледен қутылыў ушын мен өзиме-өзим не бәле ислемедим дейсең, Семежан! Жиллисымақ та болдым, кесел де болдым, қояншық та болдым. Жилли сымақ болғаным ушын әкем, ал марҳум әкем қәҳерли адам еди - мени толық еки сааттай қамшылап, ура-тура қамшысының сабы сынған соң ғана қойды. Қояншық кесел болғаным ушын мени жүўенниң қайыслары менен алдырды. Ал мен аўырыўман деп ашшы даўыс пенен бақырып, пүткил ишим ириңлесип кетти дегеним де - ол үйдеп дым үндемей шығып кетип, қорадан шананың арысын алып келди. Сарайға барып, шананы тасталқан етип сындырып, арысын алып келиўге еринбеди, ғарры шайтан. Марҳум усындай еди, жайы жәннетта болғыр. Әне жаңағы арысты алып келип, ол әлпайымлық пенен ғана маған: «Түргел, балам, мен сени емлеймен»... - деди. Ҳә, дедим, арысты жулып алыўға еринбеген адам өзиниң дәриси менен мениң жанымды шығарыўға да еринбес. Арыс оның қолында болғансоң ойынның түрин жаман көрдим. Өзи азмаз садалаў еди, садалығын мен еле кишкентай ўақтымнан-ақ сезетуғын едим... Әне сол жерде астыма кайнаған суў қуйғандай, кәттен өрре турдым, үйлендим де қойдың. Мен сол сада адам менен не ислейин? Соннан баслап мениң өмирим гә қыялап, гә қапталлап, гә аяғын аспанға көтерип өте берди! Егер бизиң кемпир ҳәзир ҳақыйқат сегиз пуд шығатуғын болса, ол он тоғыз жасына келгенде қанша деўге болады... - Ғарры ойланған турде ернин қымып, шайнаңлап, көзин жоқары көтерип турып. - Он бес пудтан кем емес, кудайлар урсын өтирик болса!- деп сөзин бирден тамамлады.

Давыдов күлкиге бууылығып еситилер-еситилмес етип сорады:

- Көбирек болып кеткен жоқ ба?

Щукарь ата оған жүдә исенимли түрде қарсылық билдирди:

- Саған бәри-бир емес пе? Бир пудтың азы не, көби не - саған қандай айырмашылығы бар? Оннан азап ақыретлер көрген, урысып-төбелескен сен емес ғой, ал мен? Бундай ерли-зайыплы турмыста маған қыйын болғаны сондай, асылып өлиў де орынлы. Бирақ ондай осамас адам мен емес!

Жүўенсиз кеткен ўақтымда мен жүдә қәҳәрлимен! Күйген ўақытларымда ойлайтуғын едим: алды бурын сен асыл, ал мен - кейнин ала...

Щукарь ата мәз-майрам болып басын шайқап, ҳәр түрли қыялларға берилгендей болса керек, мырсылдап күлди де, жолдасларының оны қатты дыққат пенен тыңлап отырғанын көрип қеўилленинңкиреп даўам ете берди:

- Ҳей, ҳүрметли гражданлар ҳәм сен, Варька! Бизлер кемпир екеўимиздиң муҳаббатымыз жаслығымыздан бери сондай ғәзепли болды! Мен сизлерден сорайын: не ушын ғәзепли? Себеби бизлердиң муҳаббатымыз өмиримизше ашыў менен өтти, ал ғәзеп пенен ашыў екеўи бир нәрсе, буны мен Макаржанның семиз сөзлигинен оқығанман.

Әне сөйтип, гейде тунлерде оянып кетсем-қатыным бирде көзинен жас ағып жылап отырады, бирде күлип отырады, ал мен болсам өзимше: «Жыланңқыра жаным, қатынлардың көз жасы қуданың түсирген шығы, маған да сениң менен бирге жасаў палдай болып турған жоқ, сонда да мен дым жыламайман ғой!» - деп ойлайман.

Сөйтип бизлердиң ерли-зайыплы турмысымыздың бесинши жылында мынадай ўақыя болды: қоңсымыз Поликарп армияда хызмет етип қайтып келди. Ол Атаманшылар полкинде хызмет ислеген, гвардияшы. Ол жерде ақмақты, муртын таўлаўға үйретипти, әне ол сол әдетин тасламай үйине келгеннен соң да мениң қатынымның қасында муртын таўлай баслады. Бир күни кеште қарасам - олар екеўи шетенниң түбинде турыпты: бизиң қатын - өзимиздиң үй тәрепинде; ал ол - өзиниң үйи тәрепинде. Тап ҳеш нәрсе көрмегенсип, соқыр қусап, жайға кирдим де кеттим. Келеси күни кеште тағы турыпты. Ҳә, бул тегин емес деп ойладым. Үшинши күни мен қасақана үйден шығып кеттим. Ымырт жабылғанда қайтып келсем - тағы турыпты! Мениң қандай болмасын бир нәрсе ислеўим керек. Дәрриў ойлап таптым: Үш фунтлық тәрези тасты сүлгиге орап алдым да, Поликарптың қорасына кирдим - ол еситип қоймасын деп жалаң аяқланып, муртын таўлап турған ўақытта бар күшим менен желкесине салып қалдым. Ол шетенниң түбине кескелтектей узынына түсип жата қалды.

Бир неше күннен кейин Поликарп пенен ушырастым. Басы таныўлы. Жыламсырап турып маған: «Ақмақ! Сен мени өлтирип қойыўың мүмкин еди ғой», - дейди. Ал мен оған: - «Екеўимиздиң қайсымыздың ақмақ екенимиз еле белгисиз - шетенниң түбинде аўнап жатқан сен бе ямаса аяғында тикейип турған мен бе» - дедим.

Соннан кейин дүбелей тынғандай бола қойды. Олар шетенниң қасында турмайтуғын болды. Тек ғана соннан кейин қатыным түни менен тисин қайрайтуғын бәлени шығарды. Тисиниң ғышырлысынан түнде оянып кетип: «сениң тисиң аўырып атырған жоқпа, жаным?» - деп сорайман. Ол маған жуўап ретинде; «Жөниңе жат, ақмақ!» - дейди. Жатып атырып, өзимше: «Бизлердиң қайсымыздың ақмағырақ екенимиз еле белгисиз, тисин ғышырлатып шайнап атырған сен ақмақсаң ба я бесикте жатқан баладай тып-тыныш уйықлап атырған мен ақмақбан ба» - деп ойлайман.

Ғаррыны өкпелетиўден қоркып тынлаўшылар тып-тыныш отырды. Варя сес шығармай селкилдеп кулди. Давыдов болса Щукарьға терис бурылып, бетин алақаны менен басып үсти-үстине дөндирип жөтеле берди. Ал Щукарь болса ҳеш нәрсени елестирмей қызып сөзин даўам ете берди:

- Әне ғәзепли муҳаббат деген әне қандай болады гейде! Қысқасы мен өзимниң ғарры пәмим менен усы үйлениўден бахытлы болғанлар сийрек ушырасады деп ойлайман. Ямаса, мысалға, мынадай бир аўҳалды-ақ алып қарайық: баяғы да бизиң хуторда бир жас муғаллим турды. Оның қалыңлығы бар еди, саўдагердиң қызы, ол да бизиң хутордан. Ол муғаллим сондай сәтең, сондай сулыў кийими туўралы айтып отырман - тағы жас

қораздай келисикли кийинип, пыяда жүре бермей, көбинесе велосипедке минип жүретуғын еди. Сол ўақытта велосипедтиң жаңа шыққан ўақты. Бул аўылдағы биринши велосипед болғанлықтан барлық адамлар ҳайран қалады, ал ийтлер болса ғой сирә айтыўдын да кәжети жоқ. Муғаллим велосипединиң дегершиклерин жарқыратып, көшеге шыға қойды бар ғой нәлетий ийтлерди айта гөрме - тап жилли болып кетеди. Ал ол асығып-үсигеди, ийтлерден озып кетиўге тырысады, машинасында үш бүгилип, аяқларын сондай шаққан басып жибереди дейсең, көзиң де илмей қалады. Ол көп ғана майда ийтлердиң үстинен басып кетти, бирақ өзи де олардан тийисли сазасын алды!

Бир күни азанда мен қәпелимде майданнан өтип, даладағы бийеме баратырсам, - маған қарсы бир топар ылыққан ийтлер киятыр. Алдындағысы қаншық, ал изинде қәдимгидей тиркескен көп болмаған менен отызға шамалас көпеклер шаўып киятыр. Сол жыллары бизиң хутордың адамлары, нәлет жаўғырлар, сондай көп ийт асырайды, санап ада болар емес. Ҳәр бир үйде екиден, үштен көпек бар, көпек болғанда да қандай десе! Олардың қәлегени жырткыш жолбарыстан да бетер ҳәм бойлары да баспаққа жетеғаба. Хожайынлар солардың арқасынан барлық байлықларын, сандықларын ҳәм төлелериндеги анаў-мынаўларын аман сақлады. Сақлағанының пайдасы не? Бәрибир басланған урыс олардың барлығын талан-тараж етти... Сөйтип жаңағы ылыққан ийтлер дуппа-дуўры маған қарсы киятыр. Мен, ақмақлық етпей, жуўенди таслай сала ең шаққан пышық қусап бир секундта телеграф бағанасының басына өрмелеп, оны аяғым менен шалдым да, отырман. Тап ғарғысқа ушырағандай сол ўақытта муғаллим қудай айдағандай өзиниң машинасына минип, дегершиклери жарқырап рольди услап киятыр. Әлбетте, ийтлер оны дәрриў қамады да алды. Ол машинасын таслай сала бир орында жер тепсинип тура береди, ал мен оған: «Ақмақ, мен отырған бағанаға өрмеле, болмаса олар сениң парра-парранды шығарады!» - деп бақырдым. Бийшара маған қарай өрмеледи-аў, бирақ азмаз кешигиңкиреп қалды: бағанаға енди ғана асыла бергени - ийтлер келе сала бир секундта оның үстиндеги таза диогональ шалбарын, алтын сәдепли формалы пәнжегин және оның астындағы ишки кийимлериниң барлығын жулып алып қалды. Ал ең қабаўығырақ көпеклер денесиниң айрым жериниң жалаңаш гөшине де жетип үлгерди.

Олар буны мийри қанғанша масқаралап, соңынан өзлериниң ийт жолына түсип өтә кетти. Ол болса телеграф бағанасында отыр: бар қуўанышының-ақ болғаны-басындағы значоги бар тек бир ғана шапкасы қалды, оның да қаснағы бағана өрмелер ўақытта сынып қалған.

Бизлер екеўимиз - ол алды бурын, мен оның изин ала қашып қутылған орнымыздан жерге түстик: мен оннан жоқарырақта, сым тартатуғын чашкалардың дәл астында отыр едим ғой. Әне усы тәртип бойынша жерге түстик - ол сол турысында, тыр жалаңаш, ал мениң устимде шыт көйлегим менен бир бөз шалбарым бар. Ол меннен: «Ағай, уақытша сен маған өзинниң шалбарыңды берип тур, саған ярым сааттан кейин әкелип беремен»- деп сорады. Мен оған: «Қарағым-аў, ишимнен кийип жүрген дымым болмаған соң мен оны қалай саған берейин? Сен болсаң өзиңниң машинаңа минерсең де кетерсең, ал мен күпә-күндиз жалаң пут бағанды шыр айланып жүремен бе? Ўақытша көйлегимди бере турарман, бирақ кешир, шалбарымды бере алмайман» - дедим. Ол аяғын жеңине суғып мениң көйлегимди кийип алды да, маңлайы сорлы, әсте үйине кетти. Оның үйине жеткенше жуўырыўы орынлы еди - бирақ тусаўлаған аттай адымын зордан атып баратырғанда, оған жуўырыў қайда? Мениң көйлегимди кийип баратырғанын саўдагердиң қызы - оның қалыңлығы көрип қойыпты... Тап сол күни олардың сүйишпеншилиги тамам болды. Оған басқа бир мектепке асығыслық пенен ретсиз өтиўге туўра келди. Усындай ўақыядан бир ҳәпте өткеннен кейин-ҳәммеси жәмлесип - уят, ийтлерден қорқыў, қалыңлығының таслап кетиўи, олардың барлық муҳаббатының пыт-шыт болып кетиўиниң дәртинен жигит жөтелге ушырап тез арада қайтыс болды. Мен усындай нәрсеге онша исениңкиремеймен: оның өлиўине баслы себеп қорқыныш пенен уят болса керек. Әне ҳәр қыйлы той ҳәм үйлениўлерди есапқа алмағанда бул нәлетий муҳаббаттың ақыбети нелерге алып келмейди. Сен де Семенжан, баўырым, Варькаға үйленбестен бурын жүз мәртебе

ойланып көрсең болар еди. Булардың барлығы да бир саздың бөзи, соңлықтан да бизлер Макаржан екеўмиз олардың түрине қарағымыз келмейди!

- Болады, ата, мен еле де ойланып көремен, - Давыдов ғаррының кеўилин алды да, өзи Щукарьдың темеки шегип атырғанлығынан пайдаланып, Варяны тез өзине тартты да, маңлайынан қарсы ескен самалға өлпең буйра шашы желбиреп турған жеринен сүйип алды.

Өзиниң еткен гүрриңинен, ал бәлким, еске түрисириўлеринен де шаршаған Щукарь аздан кейин қалғый баслады. Ғарры қалғыўдан Давыдов оның ҳәлсиреген қолынан атлардың дизгинин алды. Уйқы басып Щукарь ата гүбирленди:

- Рахмет саған, шырағым, сен атларды қамшылай тур, мен бир-еки саат уйықлап алайын. Ғаррылығы қурысын! Күн сәл-пәл қыздыра басласа болды, дәрриў уйқы тарта баслайды... Ал қыста суўық қанша қатты болса, уйқың да соншама қаттырақ келе береди, абайламасаң уйықлап атырып, өлип те қалыўың мүмкин.

Шағынлаў жәнe, шымырыдан келген ғарры Варя менен Давыдовтың ортасында арбаның көкирегинде қамшыдай узынына түсип жатып, тез арада женишке даўыс пенен пырылдап уйықлап қалды.

Ал күннен қызған дала ҳәр түрли шөплердиң жупар ийислерин дөгерекке шашып, орылған отлардың ийислери жыллы жол шаңларының ийислери менен тығыз араласып кеткен, алыс горизонтлардың сабақлары батып баратырған күнниң қып-қызыл нурларында көринер-көринбес болып көгерип тур-өзине таныс болмаған, бирақ деген менен шексиз туўысқан Донның аржағындағы кең далаларды Варя тоймаған көзлери менен шолып баратыр.

* * *

Кешке шекем жүз километрден асламырақ жол жүрип олар жолда бир пишен гүдиниң қасында түнеди. Үйлеринен алып шыққан женил-желпи аўқатларын жеп болып арбаның қапталында жулдызлы аспанға қарап үндеспей, азмаз отырды. Давыдов былай деди:

- Ертең бизлердиң тағы да ерте турыўымыз керек, соның ушын жатыўға қолайласайық. Сен, Варюха, арбада мениң пальтомды жамылып жатарсаң, ал бизлер атам екеўимиз гүдиниң түбинде жатармыз.

- Сен орынлы шештиң Семажан, - деп қуўаныш пенен мақуллады Щукарь, Давыдовтың өзи менен бирге жататуғын болғанына жүдә қанаатланып.

Жасырыўдың не қәжети бар, елсиз қула далада бир өзи жатыўға ғаррыға қорқынышлырақта еди.

Давыдов арқасына шалқайып, қолын басының астына салып, өзиниң үстинде жайылып кеткен қуўарған көк аспанға қарап жатты. Аспанды шарлап жети қарақшыны таўып алып, суўық демин алды, соңынан өзиниң бир нәрселерге мәниссиз күлимсиреп атырғанын сезди.

Ярым ақшам болар шамасында ғана күни менен қызған жер суўып, ҳақыйқат салқын түсти. Жақынырақ жердеги бир жырада ҳаўыз ямаса жайылым суў болса керек. Сол жерден ылай менен қамыстын ийислери келип турды. Жүдә жақын жерден бөденениң сайраған сести шықты. Исенимсиз түрде барлығы болып тек бир нешеси даўыслап бақырған қурбақалардың ўарқылдысы еситилди, «уйықлап атырман, уйықлап атырман!»- деп түн ишинде қыйқыўлап бақырып жиберди кишкентай жапалақ...

Давыдов қалғый баслап еди, бирақ усы ўақытта шөптиң арасында тышқан тысырлап кеп кетип, Щукарь ата жин урғандай орнынан ушып тура Давыдовты жулқылап атырып, былай деди:

- Сема, еситип турсаң ба?! Пай, қолайлы жерди таңлап алған екенбиздағы, қапылғыр. Бул гүдиде, бәлким, уўлы жыланлар быжнап атырған шығар. Еситип турсаң ба, тысырлайды, нәлетийлер. Тап әўлийедегидей бир байыўлылар бақырысып атыр... Қәне бул жерден басқа орынға көшейик, өлимнен қутылайық.

- Уйықла, ойыңа келгенди айта берме, - деп Давыдов уйықлы-ояў даўыс берди.

Щукарь қайтадан жатып, узақ ўақыт аўнады, өзиниң астына ҳәмме жақтан плашын тығып, өзинше мыңғарлап сөйленди:

- Айттым ғой, саған - арба менен кете берейик деп, жақ сениң пайтонға минип келисигин келтиргиң келди де турды. Ал енди қуўана бер. Үйден шығарда арбамыздың ишин өзимиздиң тәбийғый пишенимизге төсеп алып бул жерге әп-әнедей болып келип, ҳәзир үшеўимиз де усы арбаның үстинде уйықлағанда болар еди, ал енди басқа биреўдиң гүдисиниң түбинде қаңғырған ийттей қунысып жата бер. Варяға шеп болған жоқ, ол жоқарыда, қызға миясар қәўипсиз жерде уйықлап атыр: ал бул кәрада болса бас ушыңда да тысырлайды, не ушын тысырлап атырғанын ким биледи? Әне усыдан кейии уйықлаў бойына жылан саған жылысып кетип, жуқа жериңнен шағып жиберсин, әне соннан кейин үйленерсең. Ол нәлетий жудә жаман шағады, анық шаға ғайса бул дүньядан үмитиңди үзебер: әне соннан кейин сениң Варян көз жасын сел-сел етип төгип қала береди, бирақ пайдасы не?... Мени ҳеш бир жыланның шағыўына рети жоқ, мениң етим қартайып, шандыры шығып қалған, оның үстине Трофим атқорадағы пишенниң үстинде мениң қасымда жататуғын болғанлықтан меннен ешкиниң ийиси шығып турыпты, жыланлар болса ешкиниң ийисин жақсы көрмейди. Жылан мени шақпайды, бул аттан анық, ал сени шағады. Бул жерден көшейик, кетейик қәне.

Давыдов өкиниш пенен былай деди:

- Ата, сен бугин тынышланасаң ба? Жоқпа? Енди түн ортасында бизлер қайда барамыз?

Щукарь ата қапалы түрде жуўап берди:

- Сен мени жоқ болатуғын жерге алып келдиң - буны билгенимде кемпирим менен хошласып шығатуғын едим, ал ҳәзир өмиримниң ишинде неке қыйспағандай болып шығып кеттим. Сөйтип сен бул орыңнан дым қозғалмайсаң ба, шырағым?

- Яқ! Уйықла, ғарры.

Суўық демин алып шоқынып атырып Щукарь ата былай деди:

- Уйықлағым келип-ақ турыпты-аў, Семажан, бирақ қорқыныш көзимнен кетпей тур. Бул жерде жүрегим ҳәўлирип үсти-үстине дүкилдеп соғып турыпты, нәлетий байыўлы да бақырғанын қоя қоймады, ең болмаса сол-ақ өлип таныш таба қойса екен...

Щукарь бир қәлипте зарланып атырғанда Давыдов қатты уйықлап қалды.

Ол күн шығардың алдында оянды. Оның қапталында, гүдиниң шетине сүйенип, аяғын бүклеп, оның маңлайындағы түйдекленип қалған шашларын тарқатып Варя отыр екен, - қыздың бармақлары оның денесине сондай нәзик ҳәм жағымлы тийгени соншелли Давыдов оянып болыпта оның сыйпап атырғанын зордан сезди. Ал қыздың орнында, арбаның үстинде Давыдовтың пальтосын жамылып Щукарь ата қатты уйқының құшағында жатыр.

Жаңа шығып киятырған мына күндей қызарған Варя әсте ғана лебизледи:

- Ал мен ҳаўызға барып үлгердим, жуўындым. Ғаррыны оят, қәне кетейик! - қыз Давыдовтың тикенектей шекесине ернин аңсат ғана тийгизле сала, бирден серippедей секирип турып: - бет қолыңды жуўыўға барасаң ба? Сема? Мен саған ҳаўыздың жолын көрсетип жиберейин.

Уйқыдан қарлыққан даўысы менен Давыдов жуўап берди:

- Варя, мен өзимниң жуўынатуғын ўақтымда уйықлап қалыппан, енди жолда бир жерде жуўынарман. Ал мына қартайған сақсақ тышқан сени қашан оятты?

- Ол мени оятқан жоқ. Мен таң атқанда ояндым; ал ол сениң қапталыңда дизесин қушақлап, темеки шегип отыр екен. Мен оннан: «Ата сен неге уйықламай отырсаң?» - деп сорадым. Ал ол маған: шырағым түни менен мениң кирпигим айқасқан жоқ, айлана дөгерегимиз толған жылан. Сен далада қыдырып қайт, ал мен сениң орныңда ең болмаса бир сааттай тыныш уйықлап алайын», - деп жуўап береди. Мен түргелип, бет-қолымды жуўыў ушын ҳаўызға кеттим.

Сол куни түске жақын олар Миллероваға жетти. Ярым саат ишинде Давыдов

окружкомдағы жумысларын питкерди, ўақты хош болып, кеўли толған түрде сыртқа шықты:

- Окружкомда шешилетуғындай етип секретарь барлығын шешти: сени, күйгелегим, енди окружком комсомолының қызлары қәўендерликке алатуғын болды, ал ҳәзир аўыл хожалың техникумына барамыз, сени жаңа орынға орналастыраман. Директордың орынбасары менен келистик. Кириў сынақлары басланғанша сениң менен муғаллимлер машқул болып, гүзге шекем сен төрт аяғыңда нақма-нақ қорықпай туратуғын боласаң, факт! Окружкомның қызлары сени барып көрип турады, мен олар менен телефон арқалы сөйлесип келистим. - Өзиниң әдети бойынша Давыдов қолын тез-тез уўқалап қойып, сорады: - Ал сен, Варюха, бизиң хуторға комсомол шөлкеминиң секретары етип кимди жиберип отырғанын билесең бе? Сен кимди деп ойлар едиң? Қыста агитколонна менен бизге барған Иван Найденов деген жигитти. Искер жигит, оның барыўына мен сондай қуўанаман. Сол ўақытта бизде комсомол жумысы жақсы жолға қойылады, мен саған факт түринде айтаман!

Еки саат ишинде аўыл хожалық техникумындағы барлық жумыслар да жайғастырылды. Хошласатуғын ўақыт жетти. Давыдов кеўлин бузбай:

- Хош көрискенше, мениң сүйкимли Варюха-күйгелегим, жалықпай ҳәм жақсы оқый бер, бизлер үй бетте сенсиз-ақ күнимизди көремиз, - деди.

Ол Варяның еринлеринен биринши рет сүйип алды. Сүйе сала дәлиз бенен жүрип кетти. Шығар жерде артына бурылып қарап еди, сондай өткир аяныш қәпелимде оның жүрегин қысып кетти дейсең, ҳәтте аяғының астындағы гедир-будыр пол оған палуба қусап аўдаңлап кеткендей болып көринди: Варя бетин алақаны менен басып, маңлайын дийўалға тиреп, жасыл орамалы ийнине түсип балалық емес қайғыдан оның барлық денеси ҳәлсиреп турғанын көрип Давыдов қатты суўық демин алды да сыртқа шығыўға асықты.

Хутордан кеткенине үш суткаға шамаласқанда ол Гремячийге қайтып келди.

Жүдә кеш болып кетиўине қарамастан колхоздың кеңсесинде оны Нагульнов пенен Размётнов күтип отыр екен: Нагульнов оның менен түнерип сәлемлести, тап сол түнериўи менен:

- Семен, сен соңғы күнлери үйиңде де болмайсаң, билмедик: Станицаға да барып келдиң, соңынан окружкомға кеттиң... Қандай мүтәжлик сени Миллеровоға алып барды? - деди.

- Булардың барлығы туўралы өз ўақтында хабарлайман.

Ал хуторда сизлерде қандай жаңалықлар оар? Жуўап орнына Размётнов:

- Сен жол бойындағы егинлерди көрдиң бе? Ал, олардың жағдайы қалай, ораққа келип пе? - деп сорады.

- Гейбир жерлерде арпаны орыўға болады, таңлаўлы тәртип пенен, сулыны да сондай. Мениңше сулини жығып дәстелеп қойыўға болады, бирақ мына бизиң қоңсыларымыз иркилип атыр.

Өзинше сөйленип отырғандай гүбирленип Размётнов айтты:

- Онда бизлер де асықпаймыз. Көклей оны ҳаўа райының жақсы ўақтында орыўға болады, себеби ол гүдшекте турып-ақ писип жетиседи, -ал жаўын жаўа ғойсаше? Онда жоқ болды деп есаплай бер.

Оның пикири менен Нагульнов келисти:

- Үш күндей иркилип турыўға болады, ал соңынан тисленип орақты қолға алмасақ, Семен, сени райком жеп қояды. Ал бизлер Андрей екеўимизди закуска етеди... Айтпақшы, мениң де жаңалық хабарым бар: совхозда мениң менен армияда бирге болған бир достым бар, әне соны көриў ушын кеше барып келдим. Ол мени қашаннан бери-ақ қонаққа шақырып жүр еди, бәрҳәма бир келисиги келиспей, ең соңында кеше: бир күнге ҳеш гәп болмас, үйине барып, достымды көрейин және тракторлардың қалай ислеп атырғанына да сер салайын деп ойлап кетип едим. Енеден туўылғалы көрген емес едим, ол маған жүдә қызықлы болып көринди! Ояқта шүдигар жерди айдап жүр екен, мен оған қарап күни

менен атыздың басында зеңирейип турдым. Әне, ағайинлер, мен сизлерге ырасын айтайын; «Фордзон» деген трактор ҳақыйқат мүлк екен. Шаўып жүрип шүдигарды сүреди. Ал бир айланбаларда тың жерге тап бола қойса, ол бийшарның күши жетиңкиремей де қалады. Өткелдиң жанында турған асаў аттай тикке шаншылып турып-турып, бирден қайтадан тезирек шүдигарға түсип кетиўге асығады; тың жерге оның күши жетиңкиремейди екен. Усындай аттың бир жубын колхозға бизлер де ала қойсақ бәри бир зыяны тиймес еди-аў, мине мен нени ойладым ҳәм елеге шекем ойланып жүрмен. Оның өзи хожалықта жүдә көзге көринерликтей нәрсе екен! Оның мени өзине тартқанлығы сөндай, достым менен арақ ишипте үлгере алмадық. Атыздан туппа-туўры үйге қайттым.

- Сен Мартыновская МТС ына барып келиўди ойлаған едиң ғой? - деп сорады Размётнов.

- МТС болғанда не, совхоз болғанда не - қандай айырмашылығы бар? Ол жақта да көретуғының трактор, бул жақта да сондай. МТС алыслаў, ал жыйын-терим болса мине жақынлап келип қалды.

Размётнов қуўлық пенен көзин қысты:

- Мойынлаўым керек, Макар, мен сени Мартыновскаядан қайтып киятырып Лукерьяны көриў ушын Шахтыға бурылады деп саған гүнә қойып едим...

- Ойымда да жоқ еди!- деди Нагульнов кескин түрде. - Егер сен болғанында барар едиң, мен билемен сендей сарының сырын!

Размётнов суўық демин алып қойды:

- Егер ол мениң жиберген ҳаялым болғанда ма, тек жол-жөнекей көрип шықпақ түўе оның үйинде кеминде бир ҳәпте болар едим! - Соңынан дәлкекетип: - Мен сендей сабан қалта емеспен!- деп қосып қәйды.

- Сени билемен ғой, - деп қайталады Нагульнов, азмаз ойланыңқырап, тағы сөз қосты: - Белгили қатынпурыш екениңди! Бирақ мен қатын көрсе жуўыратуғын емеспен!

Размётнов ийинин қысып қойды:

- Мен он үш жылдан бери бойдақ жасап киятырман. Сен меннен не күткиң келеди?

- Әне соның ушын да сен шабармансаң.

Азмаз тынышлықтан кейин Размётнов ойынды қойып, шынтлап ырасын әсте ғана айтты:

- Мүмкин, мен он еки жылдан бери тек биреўди ғана сүйип жүрген шығарман, сен билмейсең ғой?

- Сөйтетуғын сен бе? Мен саған исенемен, исенгенде қандай!

- Биреўди.

- Марина Поярскованы емес пе?

- Кимди екени сениң жумысың емес ҳәм сениң басқа биреў менен исиң болмасын! Қашан болмасын бир мәс болған ўақтымда саған мен кимди сүйгенимди ҳәм усы күнге шекем сүйетуғынлығымды мүмкин айтар да едим, бирақ... Макар сен суўық адамсаң, сениң менен сирә сырласа алмайсаң. Сен қайсы айда туўылдың?

- Декабрьде.

- Сондай шығар дедим-аў. Сени анаң суўға барғанда үкиниң қасында тап муздың үстине абайсызда туўып қойған, сонлықтан да сен өмиринше муздайсаң. Қалайша сениң менен шын жүректен сөйлесиў мүмкин?

- Ал сен, шамасы, жанып турған плитаның үстинде туўылдыңба?

Размётнов буған жаным деп келисти.

- Тап өзи! Сонлықтан да меннен қурғақ самал есип турғандағыдай ыссылық шығады да турады. Ал сен пүткиллей басқасаң.

Нагульнов пушайман жеп былай деди:

- Болар енди! Екеўимиздиң өзлеримиз ҳаққында, қатынлар туўралы айтқанымыз жетер, оның орнына жыйын-терим жумысларын шөлкемлестириў ушын кимниң қайсы брагадаға барыўы керек екенин сөйлесейик.

- Жоқ, - деп қарсылық кәрсетти Размётнов, -басланған гәпти таўысайық, ал кимниң

қай бригадаға баратуғынын - буны биз сөйлесип үлгеремиз. Сен, Макар, мынаў туўрасында жақсы ойланып көр: сен мени шабарман деп атадың, ол егерде мен жақын арада сизлердиң екеўиңизди де тойға шақырайын деп атырған болсам, онда мен қандай шабарманман?

- Бул қәйтип жүрген той? - деп қатал түрде сорады Нагульнов.

- Мениң өзимниң тойыма, Анам биртола кемпир болып қалды, хожалық сүйреў оған жүдә аўыр соғып тур, үйлениўге мәжбүрлеп атыр.

- Соның сөзине қулақ асасаң ба, қартайған ақмақ - Нагульнов өзиниң үлкен наразылығын жасыра алмады.

Жөгилик мойынсыныўшылық пенен Размётнов жуўап берди:

- Енди маған не қыл дейсең, жаным-аў?

- Нағыз ақмақ болғаның! - Соңынан ойланған турде кеңсиригин қасып турып, Нагульнов жуўмақластырып былай деди: - Бизлерге, Семен, онша кеўилсиз болмаў ушын бир жай алыўға туўра келеди. Ал сол жайдың дәрўазасына «Бул жерде гилең саяқлар жасайды» деп жазып қоярмыз.

Давыдов иркилместен жуўап берди:

- Бизлердиң бунымыздан хеш қандай нәтийже шықпайды, Макар, мениң алайын деп жүрген қалыңлығым бар, соның ушын да мен Миллеровоға барып келдим.

Нагульнов олардың айтқан сөзлериниң ойын я шын екенин билиў ушын өзиниң сыншыл нәзерин биринен екиншисине өткерип қарады, соң танаўын паррыйтып, хәўлириўден азмаз түри қашып орнынан әсте тургелди:

- Ҳаў, сизлерди жин урып кеткен жоқ па? Мен сизлерден ақырғы рет сорап отырман: буны сизлер ырас айтасыз ба ямаса мени ермеклеп отырсыз ба? - Бирақ жуўабын күтип турмай-ақ қатты ашыў менен аяғының астына бир түпирип, хошласпастан жайдан шығып кетти.

* * *

Зеригиўшиликтен сам-самы шығып, мәжбүрий жумыссызлықтан күннен-күнге моральлик жақтан кем-кем төменлеп Половцев пенен Лятьевский бурынғыдай-ақ Яков Лукичтиң кишкентай бөлмесинде күни-түни бола берди.

Соңғы ўақытлары байланыс жасаўшылар да олар менен бурынғыға қарағанда әдеўир сийрек қатнас жасайтуғын болды, ал крайлық көтерилисшилер орайынан әпиўайы, бирақ пуқталап исленген пакетлер арқалы жиберетуғын үмитлендириўши ўәделер әлле қашан-ақ булар ушын баҳасын жоғалтты...

Половцев узақ даўам еткен бир орында қамалып отырыўшылықты басынан аңсатырақ кеширди, сыртынан қарағанда да, ол салмақлылаўдай болып керинди, бирақ Лятьевский болса жекке сийрек бузылысып, хәр жола түрли муқамға денеди: гейде нурсыз көзин алдындағы дийўалға тигип суткалар бойына үндемей отырады: гейде хәдден асқан, тынбай сөйлей беретуғын сөйлемшек қәлпине келеди. Сол ўақытта Половцев кунниң ыссы болыўына қарамастан басына шекпенин жамылып жата қалады да, ара-тура түргеле салып қынаптан қылышын суўырып алып Лятьевскийдиң мүлтиксиз таранған басын ийнинен кесип таслағысы келеди. Ал бир күни қараңғы түсиўден Лятьевский үйден сездирмей жоқ болып кетип, таң атайын деп турғанда ғана бир қушақ жас гүллерди алып келди.

Бирге турған жолдасының жоқ болып кеткенине тынымсызланған Половцев түни менен көз жумбады, қатты хаўлықты, сырттан еситилген ең бир әпиўайы сеслерге де қулағын түрди. Түнги таза хәўаның ийиси шығып турған, қыдырыспадан тәсирленген, қуўанышлы Лятьевский дәлизден бир шекер суў әкелип, оған әсте-ақырын гүллерди салды. Кишкене белмениң қапырықлы хаўасын петуния, ашшы темеки, түнги фиалка хәм тағы басқада Половцевқа белгисиз гүллердиң ийислери естан тандырарлықтай етип бирден алып кетти, - әне усы ўақытта күтилмеген бир хәдийсе болып қалды: сол бир

темирден нық жасаўыл Половцев пүткил көкиреги менен умытылып баратырған гүллердиң ийислерин ийискеп отырғанда қәпелимде жылап жиберди... Ол таң қараңғысында өзиниң сасық кәтинде тер-тер алақанын бетине басып жатыр еди, ал өксиўлерден жүреги тығып, буўлыға баслаған ўақытта бирден дийўалға қарай аўдарылып түсти, бар күши менен мушын тиследи.

Лятьевский кишкентай бөлмедеги полдың жыллы тахтайларын жалаң аяғы менен жумсақ басып жүрди. Онда бир сыпайыгершилик пайда болды ҳәм ол ҳеш нәрсени еситпеген, ҳеш нерсени сезбегендей тур кәрсетип еситилер-еситилмес дәрежеде оперетталық арияларды ысқырды...

Күндизги саат он бирлерде Половцев қысқа, бирақ аўыр уйқыдан оянып, Лятьевскийдиң рухсатысыз кеткени ушын үлкен жәнжел шығарғысы келип еди, бирақ оның орнына:

- Шекердеги суўды аўмастырыў керек ғой, болмаса... солып қалады, - деди.

Лятьевский кеўилли турде даўыс берди:

- Ҳәзир орынланады.

Ол қудықтың бир гүзе суўық суўын алып келди де, шекердеги жыллы суўды полға төкти.

- Мына гүллерди сиз қаяқтан алдыңыз? - деп сорады Половцев.

Ол өзиниң әззилигине қысынды, түни менен көз жасын төккенине ары келди, сонлықтан ол басқа жаққа қарады.

Лятьевский ийинин қысып қойды:

- «Таўып алдым» деў - бул жүдә сыпайылаў болады, господин Половцев. «Урлап алдым» деў - жүдә аўыр, бирақ анығырақ болады. Мектептин жанында қыдырып жүргенимде мурнымды жарып жиберген кәрамат ийисти сезип, Шпыня муғаллиминиң бағына секирип тустим де, екеўимиздиң усындай ҳарам нийетли тиришилигимизди қалай да кеўиллирек етиў ушын ондағы еки домбық гүлди ярымлап, бул жерге алып келдим. Буннан былай да сизди таза гүллер менен тәмийин етиўге ўәде беремен.

- Кереги жоқ, әпиў етиңиз!

- Ал сиз еле бир қанша адамгершилик қәсийетлеринизди толық жоғалтпаған қусайсыз, - деп әстен Половцевқа тигилип қарап турып Лятьевский әстен астарлы мағанада айтты.

Ол еситпеген адамдай болып дым үндемеди...

Олардың ҳәр қайсысы ўақытты өзинше өткерди, Полавцев былғанып қалған, қалың соқтаға өзиниң жуўан бармақларын жеркенишлилик пенен тийгизип, соқталарды шаўып, саатлар бойы столда отырды, ал Лятьевский болса кәттен турмастан, қолында бар жалғыз китапты Сенкевичтин «Камо грядеши?» ин сөз қалдырмай, жигирмалаған рет қайталап оқып шықты.

Гейде Половцев соқтаны қойып полдың үстинде малдасын қурынып алып, бир бөлек брезентти төсей сала онысыз-ақ сондай тап-таза қол пулеметын бузып, сыпырып тазалады, ыссыдан жылыған мылтық майы менен оның ҳәр бир бөлекшесин майлап, әбден машқул болып, кең манлай басын гә бир жағына, гә екинши жағына қыйсайтып қайтадан пулеметын асықпай жыйнайды. Ал соң суўық демин алып пулеметын жаңағы брезенттиң бөлегине орап әлпешлеп кәттиң астына жайғастырады. Дискаларын да сылап-сыйпап, майлап болып, қайтадан оқлап қояды. Сөйтип енди столға отырып болып төсектиң астынан өзиниң офицер қылышын алып, жүзиниң өткирлигин бас бармағының тырнағына салып көреди де гүңгирт жарқырап турған полат қурғақ қайрақ пенен тек болғаны бир неше жола жалатады.

«Пәкидей!»- деп кеўили толып гүбирленеди ол. Усындай мийнутларда Лятьевский китабын қойып, жалғыз тақ көзин шегирейтип, мысқыллап күлимсирейди:

- Сизин ақмақ сентименталлығыңызға мен шексиз ҳайранман. Сен неге қудайдай сыйынып, самсамдай тек қылышыңды қушақлайсаң да отырасаң? Умытпаңыз ҳәзир отызыншы жыл: қылыш, найза, айбалта ҳәм басқа усыларға уқсас темир-тирсеклердиң дәўири әлле қашан-ақ өтип кетти. Өткен урыста, жаным урыстың барлық тәғдирин атқа

минген ямаса атсыз солдатлар емес, ал артиллерия шешти ҳәм келешектеги саўашлар менен урыслардың да тәғдирин шешеди. Ески артиллерист ретинде мен келешекте де тап усындай болатуғынын ҳақыйқат тастыйықлайман!

Бурынғыдай-ақ Половцев көзиниң астынан қарап, тисинин арасынан былай дейди:

- Сиз көтерилисти бирден гаубица батареясының оғына исенип баслаўды ойлайсыз ба ямаса қылышлы солдатсымақларға исенесиз бе? Алды бурын сиз ең болмаса үш дуюмлық бир ғана батарея таўып бериң, қылышымды Островновтың ҳаялына сақлаўға тапсырайын, ал ҳәзирше сөзинди қысқарт, ақ сүйек мылжың! Сизиң айтып турған гәплериңизден мениң жүрегим айныйды. Өткен урыстағы артиллерияның роли туўралы маған емес, ал польшалы ер жеткен қызларға айта бериңиз. Қысқасы сиз барлық ўақытларда да мениң менен менсинбеўшилик даўыс пенен сөйлесиўге умтыласыз, бийкар ислейсиз, уллы Польшаның ўәкили. Сизиң бул мең-менли даўысыңыз ҳәм сизиң гәплериңиз жақсылыққа алып келмейди. Деген менен «Польша еле жойылған жоқ, бирақ әлле қашан жан тапсырды»... - деп жигирмаланшы жылларда-ақ сизиң державаңыз туўралы айтылған емес пе?

Лятьевский қәҳәрленип:

- Қудай-аў, қандай рухый бийшаралық! Соқта ҳәм қылыш, қылыш ҳәм соқта. Ярым жылдан бери сиз баспаға басылған бирде сөз оқыған жоқсыз. Сиз қандай артта қалдыңыз! Сиз бурын бир ўақытлары орта мектептин муғаллими болғансызғой...

- Зәрүрликтен муғаллим болдым, әдиўли пан! Аса зәрүрликтен!

- Казаклар туўралы сизиң Чеховтың бир гүррини бар болса керек: надан ҳәм топас бир помещик казак өз хуторында жасайды, ал оның жигит болып қалған есўас еки баласының ислейтуғын кәриниң болғаны биреўи қоразларды аспанға ылақтырады, ал екиншиси сол қоразларды мылтық пенен атады. Усылайынша: китапсыз, ҳеш қандай мәдений талапсыз, қандай да болмасын руўҳий қызығыўшылықтан шетте күннен-күн өте береди... Гейде маған жаңағы еки баланың биреўи сиз болып көринесиз... Мүмкин, мен қәтелесетуғын шығарман?

Жуўап қайтармастан Половцев қылыштың жүзине үплеп, ондағы көгереңлеген көлеңкениң ағып ҳәм ақырын ерип баратырғанына қарайды, соңынан бүрмелеп тигилген кен, көйлегиниң етеги менен қылышын сыпырып болып, оны абайлап, ҳәтте әлпешлеп ҳеш нәрсеге тийдирмей тутылған қынабына салып қояды.

* * *

Булар арасында қәпелимде төбеден тускендей болып пайда болған гәплер менен қысқа ғана үрпейисиўлер барлық ўақытларда да тынышлық пенен тамамланбайтуғын еди. Сийрек самаллатылатуғын болғанлықтан, булар жатқан бөлме қапырық еди: ыссының күйшейиўи булардың Островновтын үйиндеги бийшаралық күн көринисин бурынғыдан да бетер қыйынластырды ҳәм Половцев ығал, тер ийиси шығып турған төсегинен өрре турып: «Тюрьма! Мен бул тюрьмада өлип жоқ боламан!»- деп тез-тезден ызаланатуғып болды. Ҳәттеки тунлерде де түсинде ол жаңағы жағымсыз сөзлерди жийи-жийи айта беретуғын бәлеге ушырады да ең изинде дым шыдай алмай Лятьевский бир рет оған былай деди:

- Господин Половцев сизде, сизиң онысыз да қарық емес сөз байлығыңызда тек «тюрьма» деген бир ғана сөз қалыпты деп ойлаў мүмкин. Егерде сиз сол тәңир жарылқағыр мәкемени сондай сағынып жүрген болсаңыз, мениң сизге ең жақсы кеңесим: сиз бүгиннен қалмай районлық ГПУ ге барып, сизди ең кеминде жигирма жылдан кем емес ўақытқа тюрьмаға отырғызыўды сораңыз. Сизин тилегиңизди сөзсиз орынлайтуғынына сизди мен толық исендиремен!

- Бул не деп аталады? Поляк тилинде жуўабыйшылық па? - қыйсая күлип сорады Половцев.

Лятьевский ийинин қысып қойды:

- Сиз мениң жуўабыйышылығымды келиспеген деп есаплайсыз ба? - деди.

- Сиз ҳайўансыз, - деди бийпараўлық пенен Половцев.

Лятьевский тағы да ийинин қысып, мырс етти:

- Мүмкин. Бирақ мен сизиң менен көп ўақыттан бери бирге тураман, адамшылық қәйсийетлерден айырылыў да қыйын емес...

Бул кейистен соң үш сутка өткенше булар бир-бирине бирде сөз айтқан жоқ, Бирақ тертинши күни оларға ериксиз қайтадан сөйлесиўге туўра келди...

Яков Лукич жумысқа кете алмай атырған ўақытта-ақ шарбаққа азан менен таныс емес еки адам келди биреўи резинкаланған тап-таза пальто, екиншиси-төбеси шошақ ылас болып қалған плаш кийген. Бириншисиниң қолтығында үлкен семиз портфели бар, екиншисиниң ийнинде сулыў тери баўлары бар бир жақсы қамшы асылған. Бурынғыдан берги келисим бойынша киятырғанларды айнадан көрип Яков Лукич тез дәлизге шығып, Половцев ҳәм Лятьевский жатырған өжирениң қапысын үзип-үзип, еки мәртебе қаға сала, муртын сыйпаўы менен салмақлы түрде аўызға шықты.

- Сизлер маған киятырсызларма жигитлер? Колхоз телегинен сизлерге бир зат керек болып қалды ма? Сизлер ким боласыз? Бир жақтан келдиңизлер ме?

Портфели бар толық денели тапалдас адам толық жүзлериндеги ҳаяллардикиндей ойықларды жарқыратып күлимсиреп, алақаны менен тутылған кепкасының қаснағын қозғап қойып былай деди:

- Усы үйдиң ийеси сиз боласыз ба? Ассалаўма алейкум, Якав Лукич! Бизлерди сизге қоңысыларыңыз силтеп жиберди. Бизлер мал таярлаўшылармыз, шахтерларға хызмет етип, олардың күндизги аўқаты ушын дегендей, мал таярлап жүрмиз. Улыўма мәмлекетлик мал таярлаўшыларға қарағанда бизлер қымбатырақ, көбирек төлеймиз Қымбатырақ төлеўимиздиң себеби, бизлер шахтерларды үзликсиз ҳәм тоғырақ етип аўқатландырыўымыз керек. Сиз колхоздын завхозысыз ғой, сиз бизлердиң зәрүрлигимизди түсиниўиниз керек... Бирақ колхоз телегинен бизлерге ҳеш нәрсе керек емес, ал жекке пайдаланыўдағы, сондай-ақ дара хожалықлардағы малды сатып аламыз. Сизиң бир жас қашарыңыз бар деп айтты бизлерге. Мүмкин, сатарсыз? Баҳасы туўралы бизлер ойланып турмаймыз, тек семиз болса болғаны.

Яков Лукич үндемей қалды, ойланған түрде қасларын сыйпап базарларға сүйрелекленип жүрмей-ақ сақый таярлаўшылардан зыятырақ бир зат алыў мүмкиншилиги бар ғой деп өзинше шамалап, сататуғын затын арзанлатпаў қолынан келетуғын көпшилик дийханлар қусап былайынша жуўап берди:

- Менде сатылатуғын қашар жоқ.

- Мүмкин, оны көрип болып, келисермиз ҳә? Мен сизге тағы қайталап айтайын, бизлер азы кем артық ақша төлеўге тайынбыз.

Бир минуттай үндемей турып, Яков Лукич қәдирли болғысы келип муртын қайта-қайта таўлап, өзинше жуўап берди.

- Ырас, мениң қашарым бар, өзи де сеп-семиз жүни жылтылдап тур. Бирақ ол мениң өзиме керек сыйырым қартайды, аўмастырыўым керек, ал тухымы сүтке ҳәм қаймаққа жүдә мол. Жоқ, жолдас сатып алыўшылар, сатпайман.

Тапал, портфелли адам түңилгенлик пенен суўық демин алды:

- Иләж қанша, хожайынның өзи биледи... Кеширерсиз, малды басқа жерден излеп көрермиз, - сөйтип, женшилип қалған кепкасының қаснағына қолын тағы бир мәртебе ебетейсиз тийгизип, шарбақтан шығып кетти.

Оның изинен гидиман күтә кең жаўырынлы мал айдаўшы да қамшысын былғап, шарбаққа, жайларға, үйдиң терезелерине, қараўы менен жүрип кетти.

Сол ўақытлары Яков Лукич шыдап тура алмады. Қонақлар шығар аўызға жақынлай берген де тапалды шақырды:

- Ҳей, жолдас таярлаўшы, сен азмаз иркилип тур. Сизлер тири салмағының ҳәр бир килограмына қаншадан төлейсиз?

- Келисиўимизге қарай. Мен саған әлле қашан-ақ айттым ғой, бизлер баҳасын

майдалап турмаймыз алып жүрген өзлеримиздиң ақшамыз бар. Ақша бизлерде санаўлы болған менен жүдә өлшенип шеңелмеген, - деди шығар аўызда күтип турған тапал топ-томпақ қоллары менен томпақ портфельди мақтаншақлық пенен урып турып.

Яков Лукич сыртқы есиктен өңменлеп адым атты:

- Падаға айдап кетпестен бурын қашарды көрейик, бирақ та есиңизде болсын, мен оны сизлерге сирә да арзан бермеймен - тек бир сизлердиң сымбаты келискен, онша сықмар емес жигитлер екениңиз көринип турған соң ғана қыймаслықтан сатсам сатағояйын деп атырман. Мениң шарбағымда сықмар саўдагерлер қарасын да көрсетпесин!

Сатып алыўшының екеўи де қашардың ояқ-буяғын қазымырлап, сыйпалап көрди, соннан кейин тапалтас киси кеўилсиз саўдаласа баслады, ал анаў, қолында қамшысы бары кеўилсиз ысқырынып, шарбақтық ойер-бүйерине, кетекке, бос турған сейисханаға ҳәм басқа да оның көриўи тийис болмаған көп жерлерге сер салып тинтинип кетти. Әне усы ўақытта Яков Лукич: «Оҳ, булар әпиўайы сатып алыўшылар емес!»- деп ойлады.

Қашардың баҳасын бирден жетпис бес сомға төмен түсирип, ол былай деди:

- Мейли өзиме зәлел болса болсын - тек жолдас шахтерлар ушын, бирақ мени сизлер кешириңиз, мениң басқармаға барыўым керек, сизлер менен бирге турыўға ўақтым жоқ. Қашарды ҳәзир алып кетесиз бе? Онда ақшасын қолыма салың!

Сарайға кирер аўызда тапал бармақларын жалап, кредиткаларды әллен ўақытта санап болып, келисилген баҳаның үстине тағы да онбес сом қосты да, зеригип турған Яков Лукичтиң қолын қысып:

- Яков Лукич, саўданың питкени ушын бир шийше ишемиз бе? - деп ым қақты. Бизлердиң таярлаўшылық кәсибимиз жумыс питирген адамға ҳүрмет етиўди талап етеди, - деп болып ерте күнниң жақтысында онша жалтырап көринбеген ақбаслының бир шийшесин асықпай қалтасынан шығарды.

Жорта ўақты хошлық пенен Яков Лукич былайынша жуўап берди:

- Кешқурын, әдиўли қудалар, кешқурын! Кеште сизлер менен отырыўға да қуўаныш пенен күтиўге сизлер менен бирге ишиўге де таярман. Сениң көрсетип турғаныңдай шийшедеги ўақты-хошлық үйдиң ийесинен де табылады, бизлер еле онша гедейленгенимиз жоқ, ал ҳәзир кеширерсиз: азан менен арақ ишиўге мениң ден саўлығым да болмайды, оның үстине жумыслар да көп, мен колхоздың жумысына барыўым керек. Күн батқаннан сон келиң әне сонда бизиң қашардың да ақшасын ишемиз.

- Сен ең болмаса үйиңе киргизип, қудаларды қашардың анасының сүти менен сыйласаң болмай ма, - деди тапал, жумалақ жүзинде хош кеўилли мыйық тартыў пайда болып ҳәм өтинишли түрде Яков Лукичтиң шығанағына қолын салды.

Бирақ айтқанынан қайтпайтуғын Яков Лукич өз еркинин шегине шекем әлле қашан-ақ тырысып турғанлықтан бир қанша жақтырыңқырамай былай деп жуўап берди:

- Бизлерде, казакларда, жигитлер ким де ким бир жерге мийман болып барғысы келсе, өзлери қәлеген ўақытта бара бермейди, ал сол уйдиң ийеси шақырған ўақытта қонақ болып барады. Сизлерде, мүмкин басқаша шығар? Бул жерде бизиң әдет-үрпимиз бойынша, хутордағыдай болсын, кеште көрисиўге келистик пе? Демек, азан менен енди гәп шашып отырыўдың кереги де жоқ. Хош болыңлар!

Яков Лукич сатып алыўшыларға терис бурылып гидиман падашы асықпай шуқластырып көрип атырған қашарына да қарамай, ериншеклик аўдақлаўы менен кирер аўызға шекем барды. Өтирикке аҳ-үўҳ деп ыңқылдап, белин шеп қолы менен услап, ол жоқарғы текшеге көтерилип, дәлизге киргеннен кейин ғана жәдигөйлигин қойып, алақанын кекирегине басып бир минуттай көзин жумып турды, қаны қашқан еринлерин жыбырлатып; «Қумыран қапқырлар!»- деди. Жүрегиниң шанышқаны тез арада пәсейди, жеңил басының айналғаны да азмазлап қоя баслады. Яков Лукич тағы да азмаз тоқтап турды, соң Половцев жатқан жатақ жайдың қапысын сыпайылық пенен, бирақ турақлы түрде қақты.

Ол ишке кире салып. «Төремиз бәле болды!»... деп айтып аўзын жума алмай-ақ атырған ўақытта, түнде гүлдирмама гүлдиреп шақмақ шағып кеткен ўақытта көрингендей,

оған туппа-туўры қаратылған наганның аўзын, Половцевтың алға умтылған әбәший түрин, оның кирпик қақпай қадала қарап турған нәзерин ҳәм әжеп тәўир қәлпинде кәтте отырған Лятьевский болса жаўырынын дийўалға берип азмаз көтерилиңкиреген дизесиниң үстине аўзын Яков Лукичтиң көкирегине теңлес жерден тутып, кирер есикке қаратып қол пулеметын услап отыр... Бунның барлығын, ҳәттеки Лятьевскийдиң күле шырай берип жалғыз көзиниң жылт еткен жақтысын Яков Лукич:

- Сен шарбаққа кимди ертип келдиң, жаным хожайын?! - деген сораўды алыстан тал-тал еситкен ўақытта ғана абайлап қалды.

Аң-таң болған Яков Лукич даўысларды танымай қалды-оған бул сораўды ысқырған үзик-үзик сыбырлы менен көринбей турған үшинши биреў бергендей болды. Бирақ ҳәдден тысқары күш ғаррыны аз-маз ўақытқа өзгериўге мәжбүрледи: оның жанбасына созылып турған қолы шығанағынан бүгилип, Яков Лукичтиң өзи қуўанысып, түри қашып сылбырап кетти. Сонда да сөйлегени үзик-үзик байланыссыз қәдимгиден басқашарақ бир тил менен былай деди:

- Мен үйиме ҳеш кимди де әкелгеним жоқ, олар шақырмай-ақ өзлери келди. Қашанға шекем сизлер мени тап кишкене баладай айтқаныңызға көндирип ҳәм күннен-күнге удетип бақыра бересиз, бунныңыз мениң жаныма жүдә батады. Мен сизлерге ҳақы сорамастан ас суўымды берсем, ҳәр тәреплеме жағынып отырған болсам. Ҳаял балашағаларда мутқа кирлериңизди жуўып, түрли аўқатларыңызды пулсыз таярлайтуғын болса, оннан артық не керек... Сизлер мени ҳәзир-ақ, усы секундта-ақ өлтире аласыз, сизлердиң тусыңызда мениң күн керисим оғыры азап қой. Өзимниң қашарымды да арзан берип қойдым, қәйткенде де сизлерди ақлаўым керек ғой. Сизлердей төре адамларға қуры щийди де бере алмайсаң, сөзсиз ишинде гөши болыўы керек. Сизлер меннен бәҳама арақ та талап етесиз.,. Жаңағы шақырылмаған қонақлар шарбаққа келген ўақытта мен сизлерге ескерттим ғой, тек мен олардың әпиўайы саўдегер емес екенин соңынан сезип қалдым. Сезиўден дәрриў: «Қудай ҳақына қашырымды ешейин алсаңыз- әм терис бурылып кеттим. Ал сизлер болсаңыз, қымбатлы мырзалар... Аўа дә мен сизлерге қалай дәлиллеймен? - деп Яков Лукич үмити кеткен түрде қолын бир силтеп, алақаны менен бетин басып кекирегин қапының жақлаўына басты.

Әлле қашаннан бери бийлеп турған таңланарлық бийпарўалық пенен Половцев бирден ҳайран қалғандай шығар-шықпас даўыс пенен былай деди.

- Расында да ғаррының айтқаны дурыс ғой, Пан Лятьевский бир бәлениң ийиси шығып киятыр. Кешигип қалмай бул жерден тезирек кетиўимиз керек. Сизиң пикириңиз қандай?

- Бүгиннен қалмай кетиў керек- деп пулеметин мыжымырланып қалған төсекке абайлап әсте қоя берип, шешиўши түрде айтты Лятьевский.

- Байланысты не қыламыз?

- Ол ҳаққында соң сөйлесемиз, - деп Лятьевский басы менен ым қағып, Яков Лукичти көрсетти. Соңынан оған қарата қатаң түрде: - Қатындай болмаңыз, жетер енди, Лукич. Сатып алыўшылар менен не ҳаққында сөйлескениңизди айтып бериңиз. Олар сизге ақшасын толығы менен төледи ме? Жаңағы саўдагерлер бул жерге тағы айланып келмей ме?

Яков Лукич баладай өксип-өксип жылап жиберди, бели бууылмаған көйлегиниң етегине сиңбиринип. алақаны менен көзин, муртын ҳәм сақалын сыпырып, болып, басын көтерместен мал таярлаўшылар менен сөйлескени ҳаққында, падашының гүмәнланғандай тимискилениўи жөнинде қысқаша айтып берди. Соның менен бирге мал таярлаўшылар кеште айланып келип, пайданың есабынан түскен арақ-шарапларын оның менен бирге ишиўге келетуғынында умытпай есине салды.

Бул хабарды еситкенде Половцев пенен Лятьевский үндеспей бир-бирине қарасты.

- Жүдә жақсы еткеңсең, - деди нервли түрде күлип қойып Лятьевский. - Оларды өзиңнин үйиңе шақырыўдан басқа сен ақыллырақ ҳеш нәрсе ойлап таба алмадың ба? Ләтте пәм, үмитсиз ақмақ!

- Оларды үйге шақырған мен емес, олардың өзлери қонақ боламыз деп жабысып, тап сол ўақытта үйге кириўге умтылады, ал мен оларды кешке шекем иркилиўге зордан күш салып үгитледим. Сизлер, мырзалар ояқта сизлерди қалайынша көтеремелеп атайтуғын еди, билмеймен, мени жөнсиз ақмаққа шығарып, пәмсиз дейсиз... Сизлер бул жерде отырғанда мен қандай ақмақлық етип, қудайым кеширегөр, оларды үйиме шақыраман? Сизлер менен қоса өзимниң де геллемди қағып таслаўы ушын ба?

Якав Лукичтин ығал көзлери жақсылыққа алып келмейтуғындай етип кетти, айтажақ сөзлерин ол қатты ашыў менен тамамлады.

- Сизлер, офицер мырзалар, он жетинши жылға шекем тек өзиңизди ақыллы, ал солдат ҳәм әпиўайы казаклардың барлығын ақылсыз ләмсер деп есапладыңызлар. Қызыллар сизлерди көп нәрселерге үйретти, сондай үйретти дейсең, сонша үйретсе де ҳеш нәрсеге оңлап үйрете алмаған қусайды. Жеген үлкен дәккиңиз бенен үйреткен илимлер сизлерге дым пайдасыз болып кеткен екен!

Половцев Лятьевскийге көзин қысты. Лятьевский ернин тисленип, перделенген әйнекке қарай үндемей бурылды, ал Половцев болса Островновқа жақынлап келди де, ийнине қолын салып, келисимпазлық пенен күлимсиреди:

- Лукич, әпиўайы нәрселерге сениң ашыўланғың келеди де тура ма? Қызыў үстинде адам ҳәр нәрсени айтар болар. Соның барлығын шөпке дизе бериўге болмайды ғой. Сен дурыс айттың: сениң қашарыңды сатып алыўшылар мен қандай архиерей болсам, олар да тап сондай мал таярлаўшылар. Олардың екеўи де чекистлер. Биреўин Лятьевский анық таныды. Түсиникли ме? Олар бизлерди излеп жүр, излегенде де ҳәзирше дусмал менен барластырып қарап жүр, соның ушын да олар мал таярлаўшылар сыпатында жүрипти. Енди тыңла бул жерден түске шекем бизлер биримлеп кетиўимиз керек. Барып, қалай қылсаң да не менен болса да, саўдагерлериңди еки саатқа, үш саатқа иркип тур. Ҳәзир үйинде бар болған бизлик адамлардың биреўиниң үйине алып барып, олар менен бирге арақ ишсең, сөйлесип отырсаң болады. Бирақ хожайын менен екеўиңиз мәс болып ишип алып, аўзыңызға келгенин сандырақлағаннан қудайлар сақласын! Билсем - екеўиңизди де өлтиремен! Сен буны беккем есиңде сақла! Сен оларды ишиўшилик пенен иркип турған ўақытта, бизлер әсте-ақырын ғана сениң шарбағыңның артынан басланатуғын жарды бойлап, далалыққа шығып кетемиз, ал оннан соң бизлерди тесик қоймай излей берсин! Балаңа тапсыр, ҳәзирден баслап мениң қылышымды, пулеметти ҳәм бизлердиң еки мылтығымызды да тезек жыйнап қойған жерге пуқталап жасырсын.

- Өзиңиздиң бир мылтығыңызды жасыра бериңиз, меники өзим менен бирге болады, - деп сөз қосты Лятьевский.

Половцев оған үндемей қарады да, сөзин даўам ете берди:

- Мына затлардың барлығын жабыўға орап алсын да алдын-ала жән-жағына қаранып, еплеп сарайға алып барсын. Ҳеш қашан да үйиңде ҳеш жасырып журме. Саған тағы бир өтиниш, туўрылап айтқанда - буйрық бар: мениң атыма келген барлық пакетлерди ал да, алыўдан дәрриў қамбардың қасында жатқан дигирман тасының астына қой. Егерде түнлерде бизлер бул жерге келип кетип турамыз. Сен барлығын түсиндиң бе?

Яков Лукич сыбырланды:

- Ҳақыйқат түсиндим.

- Ал, енди сен жаңағы таярлаўшымыз деген бәлелерден көзиңди айырма! Оларды бул жерден алысыраққа алып кет, ал еки сааттан кейин бизлер бул жерден жоқ боламыз. Оларды кеш қурын өз үйиңе шақырыўыңа болады. Бул өжиредеги кәтлерди тамның төбесине шығарып таслап, жайды самаллатыў керек, Көзди тасалатыў ушын бул жайға ҳәр түрли сыпырындықларды тасла-соннан кейин ғана, егер олар өтиниш етсе, үйиңниң ҳәмме жерин көрсетерсең... Ал олар ҳәр қыйлы сылтаўлар менен сениң барлық үй-үскенелериңди көриўге тырысады... Бизлер бир ҳәптедей басқа жақларға кетип, тағы саған қайтып келемиз. Бир тислем нанымды жедиңиз деп сен бизлердиң көзимизге түрте берме! Сениң еткен барлық жақсылығын, бизлерге жумсаған барлық қәрежетлериң ушын бизиң исимиз жеңиске ерискеннен кейин, дәрриў артығы менен төленеди. Бизлер бул жерге

қайтадан ойланып келмесек болмайды, себеби мен өзимнин участкамда көтерилисти усы жерден, Гремячийден баслайман. Ўақыт та жақынласты! - деп салтанатлы түрде тамамлады Половцев ҳәм Яков Лукичти аз-маз қушақлап қойды. - Бара бер ғарры, саған кудай қуўат берсин!

* * *

Островновтың изинен қапы жабылыўдан-ақ Половцев столға отыра берип:

- Жаңағы чекист пенен сизлер қай жерде ушырасып едиңиз?

- Алжаспағаныңызға өзиңиз исенемисиз? - деп сорады.

Лятьевский отырғышын тақаңқырап, Половцевқа қарай еңкейди де, бәлким, олар таныс болғалы берли биринши мәртебе мысқылламай ҳәм мүнжимей сөйледи:

- Кудай-ай, қалайынша мен алжасаман? Ҳаў мен бул адамды өмиримниң ақырына шекем умытпайман! Сиз оның бетиндеги тыртықты көрдиңиз бе? Мени услап алып баратырғанда оның бетин қанжар менен тилгенмен. Ал мениң көзимди, мына шеп көзимди тергеў ўақтында ағызып түсирген сол. Сиз оның мушларының қандай екенин анықлап көрдиңиз бе? Бул ўақыя буннан төрт жыл бурын Краснодарда болған еди. Мени бир ҳаял билдирип қойды, ол ҳәзир тири емес, кудайға шүкир! Мен еле тюрьманың ишинде отырғанымда-ақ ол ҳаялдың айыбы анықланды. Мен тюрьмадан қашқаннан кейин еки күн өткен соң ол жасаўдан қалды... Оның өзи жүдә жас ҳәм сулыў, кубанлы казак қызы, анығырақ айтқанда кубанлы қаншық еди. Әне усындай ҳәм ҳәдийселер болды... Мениң тюрьмадан қалай қашқанымды билесиз бе? -Лятьевскай кеўили толып мырс етти де, қурғақ кишкене қолларын уўқалады. - Бәри бир мени атып таслаған болар еди. Мен жағдайымның илажсыз екенин билгенимнен кейин қайтпай тәўекел етиўге туўра келди ҳәм азмаз сатқыншылық та иследим... өзимди әҳмийетсиз адам етип көрсетип, тергеўшилердиң басын қатыра берген сон олар мени ҳәммеден бөлип жекке бир өзимди бөлек сақлады. Сонда мен қутылып қалыўдың соңғы мәпин ойладым: тергеў ўақтында Кореновская станицасындағы бир казакты әшкаралап бердим. Ол бизиң шөлкемниң адамы болған менен бәриниң бәс-тамам болған жери еди: ол тек болғаны өзиниң станицасында турыўшылардан тағы да үш адамды ғана әшкара етиўи мүмкин еди, ол бизиң адамлардан басқа ҳеш кимди, бир жанды да билмейтуғын. Мен: «Жаңағы төрт жәримести, мәйли атса атсын ямаса жер аўдарса аўдарып жиберсин, егер мен аман қалағойсам, мениң бир өзимниң өмирим шөлкем ушын сол терт ҳайўанның өмирине қарағанда анағурлым әҳмийетлирек» - деп ойладым. Айтып өтиўим керек, Кубандағы шөлкемдеги мениң тутқан орным әҳмийетсиз емес еди. Мениң истеги әҳмийетим туўралы мынадай ой жуўыртыўыңызға болады: мен жигирма екинши жылдан баслап шегарадан бес рет өттим ҳәм Парижда бес рет Кутепов пенен көристим. Мен бул төрт статисти истиң пайдасы ушын әшкараладым ҳәм соның менен тергеўшини босаңластырдым: ол маған ишки ҳәўлиниң ишинде басқа да қамаққа алынғанлар менен олай-булай жүриўге рухсат етти. Маған егленбей тез ҳәрекет етиў керек болды. Сиз тусинип турсыз ба? Бир күни кеште өлимге тағдирланған Кубань арсызларының арасында қыдырып жүрип, ҳәўлини биринши айланыўдан-ақ ҳәўлиден пишенханаға минетуғын зәңгини көрдим - шамасы оны жақында қойған болса керек. Пишен орақтың ўақты болғанлықтан гепеушниклер кундиз өзлериниң атларына от-шөп тасыйтуғын еди. Мен тағы бир рет айналып шықтым, қолымды қәдимгидей артыма қайырып алғанман, үшинши мәртебе айнала бергенде жай-парахат ғана зәнгиге келип, жән-жағыма қарамастан циркттиң аренасындағыдай әсте ақырын басқышлар менен көтериле басладым. Қолларым бурынғысынша артымда... мен дурыс есаплаппан, господин Половцев! Психологиялық жақтан дурыс. Мениң өрескил ислеген ҳәрекетлигиме таң қалған сақшылар зәңгиниң сегизинши басқышына шекем көтерилиўге қарсылықсыз мүмкиншилик берди, ал оннан кейин ғана олардың биреўи! «Тоқта!» - деп қатты бақырып жиберди. Сол ўақытта мен еңкейген қәлипте еки басқыштан бир атлап жоқарыға жуўырып кеттимде ешкидей тамның төбесине секирип-ақ түстим. Тәртипсиз

атыўлар, шаўқымлар, сөгисиўлер, басланып кетти! Еки атлап мен төбениң шетине шықтым, ал ол жерден бир секирдим де көшеге түстим. Мине болғаны. Ал ертеңине азанда мен Майкоптағы жасырын ушырасатуғын исенимли квартираға бардым... Жаңағы мени майып еткен баҳадырдың фамилиясы Хижняк. Сиз путына дамбал кийген тастай беккем скифтиң қатынын ҳәзир ғана көрдиңиз. Енди мен оны өзимниң қолымнан тирилей шығарып жибереди дейсиз бе? Жоқ, ол урып шығарған мениң бир көзим ушын мәйли оның еки кези де жумылсын! Бир көз ушын - еки көз!

- Сиз ақылдан айрылдыңыз ба!- деди қанасына сыймаған түрде Половцев. - Жекке өшинди алыўды ойлап, барлық исти ўәс-ўайран етейин дедиңиз бе?!

- Қатержан бола бериң. Мен Хижняк пенен оның жолдасын бул жерде өлтирмеймен, ал хутордың сыртында, Гремячийден алысырақ бир жерде аңлып турып қолға түсиремен, Мал таярлаўшыларды талаўшы сымақтай көринемен де ақ түйени көрдиң бе, көргеним жоқ! Олардың пулларын да аламан. Саўда етип жүрип қолға түсити - демек жаман саўдагерлер болғаны... өзиңиздиң мылтығыңызды жасыра бериң, ал өзимдикин мен плащтың ишине жасырып алып шығаман. Анаў-мынаў деп мени, үгитлемей-ақ қойың. Еситтиниз бе? Мениң айтқаным айтқан! Мен ҳәзир шығаман ал сиз соңырақ шығарсыз Бизлер енди екшемби күни күн батқансоң Тубиянскийдиң қасындағы тоғайда, бұлақтың қасында, өткен жола ушырасқан жеримизде үшырасамыз. Көрискенше хош және де қудай ушын, маған өкпелемеңиз, господин Половцев! Бизлер бул жерде шыдамлылық жағынан ең жоқарғы шегимизге жеттик, мойынлаў керек, көбинесе мен жарамаслық еттим.

- Сизики жетер енди... Бизлердиң бул ҳалымызда кеўилди ашпасақ та болады, - деп уялыңқырап гүбирленди Половцев, бирақ сонда да Лятьевскийди қушақлап, бозарған жыйрық-жыйрық маңлайын аталық қайырхомшылық пенен сүйди.

Күтпеген жерден пайда болған жолдаслық сезимниң тәсиринен Лятьевскийдиң көкиреги елжиреп кетсе де, өзиниң ишки сезимин билдирмеў ушын Половцевқа арқасын қаратып, қапының ручкасын услап турып айтты:

- Мен Тубянскийден Максим Харитоновты өзим менен бирге алып кетемен. Оның мылтығы бар ҳәм оның өзи де қыйын-қыстаў жағдайда исениўге болғандай адам. Сиз қарсылық етпейсиз бе?

Иркилиңкиреп турып Половцев жуўап берди:

- Харитонов мениң қараўымда да вахмистр болып хызмет етти. Сизиң таңлаўыңыз дурыс. Алыңыз. Ол жүдә жақсы атқыш, бурын сондай еди. Мен сизиң сезиминизге түсинип турман. Ҳәрекет ете бериңиз, бирақ ҳеш жағдайда да Гремячийге жақын жерде ямаса хутордың ишинде болып жүрмесин, қай жерде болса да қула дүзде болсын...

- Қуллық. Көрискенше хош.

- Исиңе сәтлик тилеймен.

Лятьевский дәлизге шықты, Островновтың гөне шекпенин жамылып алып, қапының саңлағынан адамсыз тар көшеге қарады. Бир минут өткеннен кейин ол кавалерия карабинин шеп қапталына қысып, асықпай ҳәўлиден шықты да тап сол асықпаўы менен сарайдын мүйешине айланып, арман қарай жүрип кетти. Бирақ терең жыраға секирип түскен ўақтында бирден өзгерип кетти: шекпенниң жеңлерине қолларын суғып кийип, карабинин қолына алып, предохранителин ийтерип қойып, таўдан суў ағатуғын сай менен жасырынып киятырған ҳайўанлардың жүрисиндей аяқларын еплеп басып, жән-жағына қырағылық пенен сер салып ҳәр бир сеске дыққат қойып тыңлап ара-тура көкшил азаңғы тутин қаплаған төмендеги хуторға қарап қойып таўға көтерилип кете берди.

Еки күннен кейин, жума куни азанда Тубянский менен Войсковой хуторының арасындағы Кленов жылғасының жайпаўытынан алпыс метрдей жерден өтетуғын жолдың үстинде еки мал таярлаўшы ҳәм арбаға қосылған атлардың биреўи өлтирилди. Тубянскийли арбакеш казак абзырайын кесип таслап екинши атқа минип Войсковой аўылына шекем шаўып барды. Болған ўақыяларды аўыллық советке билдиргенде сол.

Участка милиционери, аўыл советтиң председатели, арбакеш ҳәм басқа да бирге келген гуўа адамлар ўақыяның болған жерине келип, бандитлердиң тоғайда жасырынып

турып, мылтық пенен онлаған рет атқанлығын анықлады. Биринши оқтан кең жаўырынлы, ири мал айдаўшы ушқан. Ол арбадан бети төмен қарап қулаған. Оқ оның туппа-туўры жүрегине тийген. Тапал мал таярлаўшы ашшы даўыс пенен арбакешке: «Айда» - деп бақыра салып, арбакештиң қолынан қамшыны жулып алып, арыстың оң жағындағы атқа қамшы көтере бергени, бирақ оны урыўға үлгере алмай қалды: екинши атылған оқтан ол арбаның үстине ушып түсти. Оқ оның шеп қулағының сәл жоқарырағынан басына тийди. Атлар алып қашқан. Арбадағы өлик мал айдаўшыдан жигирмалаған метр жерде арбадан қулаған. Оннан кейин бир неше жола мылтықтың екеўинен де оқ атылған. Арыстың шеп жағындағы ат шаўып баратырғанда оқтан ушып, тоңқалақ асып жығылды, арбаның арысы сынып, өлген аттың үстине арбаның дегершиги минип кетип арба аўдарылып қалды. Арбакеш арбаға қосылған саў аттың абзырайын кесип таслап барынша шаўып кетти. Оның кейнинен тағы да бир неше рет оқ атылады, бирақ өлтириў мақсетинде емес, ал қорқытыў мақсетинде болса керек, себеби арбакештиң айтыўына қарағанда оқлар оның төбесинен ысқырып өтип кеткен.

Еки өликтиң қалталары аўдарылған екен. Кийимлеринен документлери табылмады. Мал таярлаўшының бос портфели жолдың қапталындағы шөптиң үстинде жатыр. Мал айдаўшының үсти-басын тинтип жүрип бандитлер шалқасына аўдарыпты ҳәм бет терисине тускен белгиге қарағанда, өкшеси менен теўип шеп көзин ағызыпты.

Аўыл советтин председатели - еки урысты басынан кеширип көп нәрселерди көрген казак милиционерге былай деди:

- Сен мынаған қара, Лука Назарыч, бир мийиримсиз өлиге де азап берген! Ол оның алдын кесип өтти ме екен? Ямаса қатын бөлисе алмады ма екен? Әпиўайы қарақшылар бундай ҳайўаншылық етпейди... ҳәм өлиниң қып-қызыл болып шүңирейип турған көзиниң уясына, шекесине ағып қабыршақланып қатып қалған көздиң қанлы массаларына қарағысы келмей, өлиниң жүзин өзиниң қол шаршысы менен жаўып тикленип болып суўық демин алды: -адамлар ойсыз болып баратыр!- деди. Саўдагерлерди бир жаман жаўыз адамлар аңлып, олардың бир неше мыңлаған манат ақшасын алған болса керек... Нәлет болғырлар! Ақша ушын қандай азаматларды өлтирген хә...

Хижняк пенен Бойко-Глуховтың өлгенлиги ҳаққындағы хабар Гремячийге жеткен күни Нагульнов, Давыдов пенен екеўи колхоз кеңсесинде жекпе-жек қалып былай деп сорады:

- Сен түсинип турсаң ба, Семен, мәселе қайда баратыр?

- Сеннен кем түсинбеймен. Половцев ямаса оның қараўындағылар қол салған, факт!

- Ол өзинен өзи белгили. Мен бир нәрсеге түсинбеймен: қалай оларды аңлып қолға түсирген, олар кимлер өзлери әне мәселе қайда! Ҳәм бул нәрсени ким ислей алады?

- Бул мәселени бизлер сениң менен екеўимиз шеше алмаймыз. Бул мәселе еки белгисизли теңлеме менен барабар, ал бизлер екеўимиз болсақ арифметика менен алгебрадан күшли епеспиз. Қайылмысаң?

Нагульнов аяғын айқастырып, егигиниң шаң болған ушына көрмей турған көзлери менен үндемей узақ ўақыт қарап отырды, соңынан былай деди:

- Бир белгисизи маған белгили болды...

- Атап айтқанда?

- Маған белгилиси - қасқыр өз уясына жақын жерде қойға шаппайды.

- Қәне, буннан не мәни келип шығады?

- Буннан оларды Тубянскийден ҳәм емес, Войсковойдан ҳәм емес, ал алыстан келип өлтиргенлиги ап-анық!

- Шахтадан ямаса Ростовтан деп ойлайсаң ба?

- Олай деп ойлаў шәрт емес. Мүмкин бизиң хутордан шығар, сен қайдан билесең?

- Олай болыўы да мүмкин, - деп ойланып турып айтты Давыдов. - Сен енди қандай кеңес бересең, Макар?

- Коммунистлер көзин ашсын. Түнде аз уйықлап, әсте-ақырын жасырын түрде хутор аралап жүрсин, сақ болып бақлаў жүргизсин. Хуторда сол Половцевты ямаса басқа бир

гұманлы таныс емес адамларға ушырасыў сәти бизлерге туўры келип қалмаўы да мүмкин. Қасқырлар түнде-ақ аўлайды.

- Сен бизлерди қасқырға теңеп отырсаң ба? - деп сезилер-сезилмес турде күлимсиреди Давыдов.

Бирақ Нагульнов күлкисине күлки менен жуўап қайтармай, қайта саўдыраған қасларын қағып жиберип былай деди:

- Қасқырлар - олар, ал бизлер - қасқыр аўлаўшыларымыз. Түсиниў керек!

- Ашыўланыўдың кереги жоқ. Мен де сениң менен келисемен, факт! Қәне ҳәзирден баслап барлық коммунистлерди жыйнайық.

- Тап ҳәзир емес, ал аз-маз соңырақ, адамлар уйқыға кирискеннен кейин.

- Бул да дурыс, - деп келисим берди Давыдов. - Бирақ қуры хуторды гезип жүре бериўдиң кереги жоқ, онда казакларды бирден сезиклендирип аламыз, ал қайта бир жерде күтип отырыў керек.

- Қай жерде отырыў керек? Дус келген жерде ме? Бос қыял! Мениң Тимошканы аңлыўым аңсат болып еди: Лушкадан басқа оның баратуғын жери, басқа жолы да жоқ еди. Ал буларды қай жерде күтесең? Дүньяның жүзи кең, аўылда үйлер де көп, ҳәр үйдиң қасында аңлып отыра алмайсаң.

- Ҳәр үйдиң қасында аңлып отырыўдың кереги жоқ.

- Болмаса қалай таңлап аламыз?

- Мал таярлаўшылардың кимлерден мал сатып алғанын билип алып, тап сол уйлерди ғана бақлаўға аламыз. Бизиң өлтирилген жолдасларымыз көпшилик ўақытлары гуманлы гражданлардың қапталында айланшықлап жүрди, солардан маллар сатып алды... Кимге болса да тап солардың биреўине бандитлер келеди. Түсиникли ме?

- Сен идеялы адамсаң!- деп исендирген пишинде айтты Нагульнов. - Гейде сен күтә ақыллы идеяларды ойлап табасаң!

## XXVII БАП

Половцев пенен Лятьевский қайтадан Островновтың мийманханасына жайласып алғанына мине төртинши күнге қарады. Олар бул жайға таңның атар алдында, Островновтың үйин қоңсысының бағында турып бақлап турған Размётнов соңғы мәртебе еснеп, орнынан түргелип өзинше: «усы Семен-ақ оңбаған нәрселерди ойлап табады да жүреди! Неше күннен бери ат урлайтуғын урыдай ямаса жай қарақшыдай кисиниң қораларына үңилип жүрмиз, жасырынып сақланамыз, түни менен уйықламаймыз, сонда да бәрибир нәтийжесиз! Бандитлер қайда, биреў қайда? Бизлер еле өзлеримиздиң көлеңкелеримизди аңлып жүрмиз... Асығыў керек, болмаса ерте турған бир қатын сыйыр саўайын деп жүрип мени көрип қойса: «Размётновты таң нуры шығарып таслапты! Оны тақымына сондай қысып, уйықлатып таслап, тек таң саз берген ўақытта ғана есине келтирип жиберген қандай бәле қатын екен?» - деген сөз хуторға дәрьядағы толқындай тез жайылып кетеди. Соннан кейин сыпсың-сыпсың сезлер басланып, мениң абройыма қосымша жамаў жамап кетеди... Бул нәрсени тоқтатыў керек! Мәйли бандитлерди ГПУ услай берсин, бизлер чекистлердиң хызметин атқарыўымыздың дым да кереги жоқ. Әне мен түни менен бағда жатып шықтым, тигилип қарай-қарай көзим маңлайыма шығып кете жазлады, ал күндиз меннен қандай хызметкер шықсын! Кеңседе столда уйықлап отыраман ба? Қып-қызыл көзлерим менен адамлардың бетлерине қарап отыраман ба? Бәри бир олар: «Шайтан түни менен қыдырып-қыдырып, енди тамның тырнағында жатқан көпектей еснеп отырысын көрдиң бе!» - деп айтады: Бул да абройдың толық төгилиўине алып келеди..., деп ойлап әсте үйине кеткеннен ярым саат соң келип еди.

Гуптикейлерден азап шеккен, түн уйқыдан болдырып, шөлкемлестирилген бақлаўлардан нәтийже шықпайтуғынына дерлик көзи жеткен Размётнов ҳәўлиге жасырынып кирди де - босағада дәлизден шығып киятырған анасы менен дүгисип қалды.

- Бул мен, апажан, - деп дәлизге тез кирип кеткиси келип қысыныңқырап айтты

Андрей.

Бирақ кемпир оның алдына кеселеп турып алып, қатаң түрде:

- Көрип турман, сен екенинди, соқыр емеспен... Андрюшка, усы түни менен сегбил болып қыдырып жүриўди қоятуғын ўақыт жеткен жоқ па? Жас емессең, қыдыратуғын ўақтыңды қашан-ақ қыдырдың, анаңнан ҳәм ел-халықтан уялатуғын ўақыт жеткен жоқ па? Үйлен де өзиңди тоқтат, болар енди!

- Ҳәзир үйленейин бе ямаса күн шыққанша тоқтап тура турайын ба? - деп шыўланып сорады Андрей.

- Мәйли күн үш рет шығып үш рет-ақ батсын, сен төртинши суткада-ақ үйлене ғой, мен сени хеш қандай асықтырмайын, - деп ойын-дәлкекти қойып, шынтлап жуўап берди анасы.

- Сен мениң ғаррылығымды ая. Усы мениң қартайған бийтап ҳалыма ҳәм сыйыр саўыў, ҳәм аўқат таярлаў, ҳәм сениң кириңди жуўыў, ҳәм огородты меңгериў, ҳәм хожалықтағы қыймыл-сыймылдың бәри маған аўыр ғой. Сен усыларды қалайша түсинбейсең, балам? Өзиң болсаң хожалыққа тырнақтай қайыр тийгизбейсен ғой! Сен маған қандай жәрдемшисең! Ең болмаса суўды да алып келмейсең. Тамағыңды тойдыра сала үйдеги әлленеткен бир кирейшидей, тап жат адамдай жумысыңа ҳайт қоясаң. Сен тап кишкентай балалардай бәрҳә кептерлер менен ойнап жүргениң. Усы саған еркектиң ислейтуғын иси ме? Балалар менен қосылып ойнап жүргенше, халықтан уялсаң болмай ма! Егер маған ара-тура Нюрка жәрдемлесип турмағанда мен әлле қашан-ақ жатаққа жатқан болар едим! Өзи келип араласса да сен хеш нәрсе көрмейсең, ол шырағым, қудайдың қутлы күни бизиң үйге жуўырып келип, биресе бир нәрсемди, биресе басқа бир нәрсемди ислей береди, сыйырды да саўып баратыр, огородты да кетпенлеп, суўғарып турады және тағы да бир нәрселерге де қолқабысын тийгизеди. Жүдә әлпайым ҳәм сондай жақсы қыз, ондай қызды пүткил станицадан излеп таба алмайсаң! Қыз бийшара сениң көзиңе қарайды, ал сен тентиреп-тентиреп көзиң қапылып, оны да көрмейсең. Қәне сени кай мәмелек айналдырып жүрди? Келбетиңе қара - үсти басыннның бәри пышық қуйрық, тап қаңғымай төбеттей! Басыңды еңкейт, жүрегиме даўасыз дәрт болған шырағым! Сени бунша қай жерде аўнатты, қай жерде қыйнады?

Кемпир баласының ийнинен услап еңкей дегендей етип төмен қарай аз-маз басып, Андрей басын еңкейткен ўақытта оның ақ түскен шашынан еткен жылдағы пышық қуйрықларының жабысқақ бир түйирин зордан жаздырып алды.

Андрей қәддин тиклеп алды, анасының тиксиниўшилик пенен мыржыйған бетине туўры қарап мырс етти:

- Мен туўралы бир жаман нәрсе ойлап жүрме, апажан! Мәслик емес, ал зәрүрлик пышық қуйырыққа былғаныўға мәжбүр етти. Ҳәзирше бул истиң не екенин сизлер билмейсизлер, соңынан сизлердиң де билиўиңизге ўақыт жеткенде өзлериңиз-ақ түсинесиз. Үйлениў туўралы болса, оған сизлердиң берген үш сутка ўақтыңыз жүдә ҳәм көп: мен ертең-ақ сизге Нюрканы уйге әкелип беремен. Бирақ өзиңиз абайлаң, апа, оны келинликке таңлап алған сизсиз, енди сиз өзиңиз келисиң, соңынан екеўиңиздиң араңызда жәнжел болып жүрмесин. Мен өзим қара басым үш қатын менен болса да бир шаңырақта жасай аламан, өзиңиз билесиз ғой, маған хеш ким тиймегенше мен жүдә келисимпазбан... Ал енди ҳәзир мени өткерип жибериңиз, ең болмаса жумыстың алдында бир сааттай уйықлап алайын.

Кемпир шоқыныўы менен қапталға шығып жол берди.

- Мениң ғаррылығымды сениң есине салып, сени ақылға келтирген қудайға шүкир. Барағой, шырағым, барағой қарағым, уйқылап ал, мен саған шай ҳалқасына қуймақ қуйып қояман. Сениң ушын азырақ қаймақта жыйнап қойыппан. Усындай үлкен қуйаныш ушын сениң кеўилиңди қалай ҳәм не менен алыўдың да есабын билмеймен!

Андрей ишке кирип болып, қапыны беккем жапты, ал кемпир болса баласы еле қасында турғандай сондай әстелик пенен:

- Дүньяға шыққалы берли көргеним тек сен ғой жалғызым! - деди де жылап жиберди.

Андрей Размётнов, Атаманчуковтын ҳәўлисинде сарайдың түбинде туни менен отырып шыққан Давыдов, Банниктиң мийманханасын кирпик қақпай гүзетип отырған Нагульнов ҳәм Островновтын қақырасына саў-саламат кирип кеткен Половцев пенен Лятьевскийлер таң жаңа саз берип киятырған бир ўақытта хутордың ҳәр тәрепинде бирден уйқыға жатты.

Бәлким - аз-маз думан басқан тынық жазғы таңда көз-караслары ҳәм минезлери жағынан да ҳәр қыйлы адамларға ҳәр түрли түслер енген шығар, бирақ солай болса да олардың ҳәммеси де бир мезгилде ўйқыға киристи...

Булардың ҳәммесинен де тезирек Андрей Размётнов өянды. Тура салып, ол шекелери көк-көмбек болғанша қырынды, басын жуўып, Марина Пояркованың өлген күйеўинен оған тиккелей мийрасқа қалған болып пайына тийген таза көйлек, сукнодан шалбар кийип, етиклерине узақ ўақыт түпиринип, ал соңынан гөне шинелиниң етегинен жыртып алған суконка менен жүдә пухталап тазалады. Ол ойланған түрде, асықпастан кәмине келтирип кийинип алды.

Анасы оның бунша сыланып-сыйпаныўының себебин сезди, бирақ абайсыз сөз бенен баламның көтериңки кеўилин бузып аламан ба деп ҳеш нәрсе сорамады. Ол баласына ара-тура бир қарап қойып, қәдимгиден де көбирек қыбыр-сыбыр менен печьтиң қасында бола берди. Екеўи үндеспей отырып азанғы аўқатты жеди.

- Кештен бурын мени күтпей-ақ қойың, апажан, - деп рәсмий даўыс пенен ескертти Размётнов.

- Алдыңды алла ашсын! - деп анасы тилек тиледи.

- Ол жәрдем берсе берер, күте бер... - деп шек келтириўшилик пенен жуўап берди Размётнов.

Давыдовтай болып емес, ал искерлик пенен ол барлығы болып он минут ишинде қуда түсти. Бирақ, Нюрканың үйине кирип болып әдет бойынша сыпайышылық етти: еки минуттай үндемей темеки шегип отырды, соңынан Нюрканың әкеси менен зүрәәттиң жағдайы ҳаққында, ҳаўа райы ҳаққында бир еки аўыз сөз сөйлести де бирден тап қашаннан бери келисип қойылғандай:

- Мен ертең сизлерден Нюрканы алып кетемен, - деди. Өзинше шешенликке адамнан қалыспайман деп жүрген қалыңлықтын әкеси:

- Кайда не, оны аўыл советке апарып шабарман етип қоя жақсаң ба?

- Оннан да зорырағына, өзиме ҳаяллыққа.

- Бул қыздың ләбизине қарай...

- Кәдимги күлим-шырай тартып туратуғын еринлеринде күлки дегенниң белгиси де жоқ, - Размётнов бети бурыштай қызарып турған қалыңлығына бурылып қарап қыздан сорады:

- Қайылмысаң?

- Мен он жылдан берли қайылман, - деп кескин түрде жуўап берди қыз өткир, дөңгелек ҳәм ашық болған көзлерин Андрейден айырмай.

- Әне сөздиң де болып болғаны, - деди қанаатланыўшылық пенен Размётнов.

Ески үрип-әдетти сақлап, ата-анасы анаў-мынаў демекши болып еди, бирақ Андрей тағы да бир мәртебе темеки шегип болып олардың барлық ҳәрекетлерин биратола қайтарып таслады:

- Мен сизлерден мал дүнья түўе ҳеш нәрсе де алайын деп атырғаным жоқ, ал сизлер меннен не алыўыңыз мүмкин? Темекиниң түтинин бе? Кийиндириң қызды! Ҳәзир станицаға барып, неке қыйдырып, дәрриў қайтып келемиз де, ертең той беремиз, әне усылай!

- Неге бирден сен бундай қызып кеттиң? - кийлигиў менен сорады қыздың анасы.

Бирақ оған Размётнов суўық түс пенен қарап, жуўап берди:

- Меники он еки жыл бурын жанып кетти, - жанды күл болып кетти... Асығыўымның себеби, жыйын-терим болса алқымға тақалып қалды, өзлериңиз билесиз үйде де кемпиримниң аўҳалы жақсы емес, бүгин өле ме, ертең еле ме белгисиз. Демек былай

келисейик: арақты мен станицадан алып келемен - он литрден көп емес. Араққа қарай аўқат таярлап, қонақ шақырарсыз. Мен тәрептен тек үш адам: анам, Давыдов ҳәм Шалый болады.

- Нагульнов ше? - қызықсынды үй ийеси.

- Ол аўырып қалды, - деп өтирик сөйледи Макардың тойға хеш келмейтуғынлығына толық исенген Андрей.

- Қой-пой соямыз ба Андрей Степаныч?

- Оны өзлериңиз билиң, бирақ көп отырыс қылмаймыз, маған болмайды жумыстан ушырып жибереди ҳәм партиялық жақтан қоз басып алғандай етиўи мүмкин. Сөйтип мына рюмка услап турған бармақларыма бир жылға шекем үплеп жүремен, - Андрей қалыңлығына қарай бурылып, шалт ым қағып, көзин қысты, бирақ онша масайрамастан мыйық тартып қойды: - Мен ярым сааттан кейин айланып келемен, соған шекем сен, Нюра оңлап кийинип отыра гөр. Ақыры сен әйтеўир биреў емес, ал аўыл совет баслығының ҳаялы болайын деп атырсаң!

* * *

Бул той қосықсыз, ойын күлкисиз, қәдимги казаклардың тойларына тән болған, гейде ашық кеткен, ал гейде уят та болса кеўилли ҳәзиллер ҳәм жасларға айтылатуғын тилеклерсиз налышлы той болып өтти... Буның бәрине де Размётнов себепши болды ол бул жағдайға жараспайтуғын бир салмақлы, тутымлы, салдамлы бола қалды. Әңгимеге дәрлик араласпады, көбинесе сам-сазы шығып отырыўы менен болды, ал азырақ ишиңкиреген қонақлар «ашшы» деп бақырысқан ўақытта, ол тап биреў мәжбүрлеп атырғандай қып-қызыл болып отырған ҳаялына басын бурады да, оны мейилсизлик қылып турғандай болып суўық еринлери менен сүйип қояды, ал бәрҳәма жаўдырап туратуғын көзлери болса, енди жас келиншегине, қонақларына емес, ал житиримге, тап бир алыс, кұтә алыс хәм қайғылы өткендегиге қарайды.

## XXVIII БАП

Ал Гремячий Логтағы турмыс сол қәдимги әжайып алыплығы менен асықпай адым таслап келе берди: қәдимгидей-ақ хутор үстинде ўақтын-ўақтын қыраўлы ақ түске енетуғын ақшыл бултлар жүзип жүреди, гейде олар түсин өзгертип, көк жасыллы турден тынық түске аўмасады, гейде күнниң батар жерине барып я гүңгирт, я ашық түрде қызарып, жанып турады да келеси күни самал болатуғынынан хабар береди. Әне сонда Гремячий Логтын барлық жерлериндеги шарбақларда қатын-қалаш, бала-шағалар өзлериниң үй ийеси я үй ийеси болайын деп атырғанлардан өзиниң бурыннан ҳәммеге анықлығы менен қарсы даўды талап етпейтуғын. «Қәне, усындай даўылда да жыйнаўға я тасыўға бола ма?» дегенде сол жерде отырғанлардың ишинен хожалық машқаласы басына түскен жасы үлкенлеў биреўдиң, я қоңсылардың биреўиниң иркилип барып: «Ҳәлек болмаң! Ушырып кетеди!» деген қысқа гәплерин еситетуғын еди. Әне мийримсиз шығыс самалдың жоқарыдағы усындай мәҳәлинде ҳәм адамлардың төменде илажсыздан иссизликке ушыраған мәҳәлинде - хутордағы үш жүз үйдиң бәринде де баяғы өлип кеткен хуторлы Иван Иванович Дегтярев деген биреў туўралы бир ғана әңгиме болатуғын еди. Ол киси буннан көп бурын, баяғы бир заманларда шығыстан ескен самалда атыздан қырманға бийдай тасымақшы болған, самал арбадан пискен бийдайды баў-баўы, кушақ-кушағы менен ушырап атырғанын көрип, сол дүбелей менен гүресиўден ашыўы келип, жаба менен үлкен бир көтерем бийдайды жоқары көтерип, шығысқа қарап турып самалға қарата қәҳәрли түрде: «Мә сен, күшли екенсең, мынаны да ушыр! Ушыр нәлет болғыр»! - дей сала арбасын көкиреклигинде қалған бийдайы менен аўдарып таслап, тиклеп алған да сөгиниўи менен үйине салтан айдап қайта берген.

Гремячий Логтағы турмыс өзиниң жай басқан жүрисинен жаңылыспай, адымын

тезлетпей өте берди, бирақ хәр бир күн, хәр бир түн ауылдағы үш жүз үйдиң биреўине улкен я киши қуўаныш қапашылық, қысыныспа, бирден тарқап кетпейтуғын қайғы алып келип турды... Дүйшемби күни азанда өристе жүрип, хутордың әлле қашаннан бери падашысы Агей ата өлип қалды. Ол биринши мәртебе бузаўлаған қыңыр қашар сыйырды падаға қайтарып қоспақшы болып еди, бирақ қәдимги ғарры жуўырыс панен узақ жуўыра алмады, қәпелимде көкирегине қамшысын басып, бирден тоқтап қалды, бир минуттай бүгилген аяқларын тыпырлатып теңселди, ал оннан кейин мәс адамдай тентиреклеўи менен қолынан қамшысын түсирип алып, әсте-ақырын хәм дәрмансыз артына шегинди. Сыйырын падаға айдап киятырған Бесхлебновтың келини оның қасына жуўырып келди де, ғаррының суўып баратырған қолынан услады, демин зордан алып, оның нуры қашып баратырған көзине тигиле сорады.

- Атажан, мәнисиң болмай турма?! - дегени сол, бирден даўысын шығарып: - Ҳаў атажаным - аў! Мен саған қалай жәрдем етер екенмен?!- деп бақырып жиберген.

Тили гүрмелиўге келмей атырып Агей ата?

- Жаным сен қорықпа... Қолтығымнан усла, болмаса мен жығылып кетермен.. - деди.

Сөйтти де қулады - дәслеп оң дизеси бүгилип еди, кейнинен бир қапталына сылқ ете қалды. Сөйтти де жан тапсырды. Көрген билгенимиз сол. Түсте бир саттың ишинде еки жас колхозшы хаял екеўи де бир саттын ишинде туўды. Биреўиниң туўыўы жүдә қыйын болды. Давыдовқа войсковой аўылына барып участкалық фельдшерди алып келиў ушын қолына илинген кәлеген арбаны қыстаўлы түрде жибериўге туўра келди. Ол жаңа ғана Агей атасыз босап қалған үйге барып, марҳум менен хошласып келгени сол, кеңсеге жас колхозшы Михей Кузнецов кирип келди. Түри бозарған, ҳаплыққан ол қапыдан кирер кирместен сөзин баслады:

- Қымбатлы жолдас Давыдов, қудай ушын қутқар! Қатын еки күннен бери қыйланып, хеш туўалмай атыр. Ал мениң оның өзинен басқа еки балам бар ғой, оның өзин де қатты аяйсаң. Ат бер, фельдшер керек болып тур, хутордың қатынлары хеш қандай жәрдем бере алмай атыр.

- Жүр! - деди де Давыдов далаға шықты. Щукарь ата дүзге өт-шөп әкелиўге кеткен. Барлық атлар жайылымда.

- Сизиң үйге барайық, көзге көринген биринши арбаны Войсковойға жиберемиз. Сен хаялыңа бар, ал айдап жүрген кәлеген арбаны мен услап алып жиберемен.

Давыдов хаялдың туўып атырған жерине жақын жерге еркектиң барыўына бөлмайтуғынлығын жүдә жақсы билетуғын еди, бирақ ол сонда да Кузнецовтың жайының пәскелтек шетениниң қасында кең адым атып, бос көшениң ана басы менен мына басын шолып қарап жүрди, хаялдың әстен ыңыраныўы менен шыңғырған ашшы даўысларын еситти, хәм өзи де басқа бир ананың қыйланғанлығына жаны ашып, кеўлин зордан иркип ынырсып қояды да, гүбирленип матрослардың ең жаман сөгислери менен сөгинип те қояды. Ал көшеде асықпай айдап киятырған бригаданың суў тасыўшысын - он алты жасар Андрей Акимов деген баланы көрген ўақытта кишкентай баладай жуўырып барып оның алдын кес-кеслеп арбадан толы бир бочка сууды ап-аңсат аўдарып таслады да, ентигип, былай деди:

- Бери қара, жигит, мына жерде бир қатынға қыйын болып тур. Сениң атларың қарыўлы барынша шап та Войсковойдан маған өлилей әкелсен де, тирилей әкелсең де әйтеўир фельдшерди әкел! Атлардың өкпеси өшип өлсе мен жуўап беремен, факт!

Күн ортасындағы тыңған жым-жыртлық ишинде қайтадан жан таласындай азап шегип қыйланып атырған хаялдың әсте ғана буўлығып еситилген қысқа шыңғырған даўысы еситилди. Давыдов жигиттиң көзине тигилип қарады да, сорады:

- Еситип турсаң ба? Қәне шап!

Арбаның ишинде тикке турып алып, жигит үлкен адамлардай Давыдовқа қысқа бир қарап қойды.

- Семен аға, мен бәрин де түсинемен, атлар ушын да ғам шекпеңиз!

Атлар турған жерден көтере женелди, ал жигит тикке турып, келистирип шўў-шуўлеп

ҳәм қамшысын былғап баратыр, ал Давыдов болса дегершиктиң астынан бурық ете қалған шаңға қарап, үмитсизлик пенен қолын бир былғап, колхоз кеңсесине кетти. Кетип баратырып ол ҳаялдың шыңғырған ашшы даўысын тағы бир рет еситип, бир жери қатты аўырғандай болып маңлайын жыйырды да, еки кварталдан ете бергенде иренжиў менен гүбирленди:

- Оңлап туўалмайтуғын болғаннан кейин туўаман деп не қылады екен, факт!

Өл кеңсеге келип, күнделикли исленетуғын ислерди шешип үлгермей-ақ ғарры колхозшы Абрамовтын баласы - жас ҳәм уялшақ жигит жетип келди де, бир есе бир аяғына, бир есе екинши аяғына аўмасып турып, қысыныўы менен былай деди:

- Жолдас Давыдов, бүгин бизиң той болады, соған сизди үй-ишиңиз бенен шақырып келдим. Егерде сиз бармасаңыз қолайсыз болар.

Сол ўақытта Давыдов орнынан секирип турып-бақырып жиберди:

- Бул не, сизлерге бәле көрине ме?! Бир күнниң ишинде өлип атырсызлар, туўып атырсызлар, үйленип атырсызлар! Не, ўәделесип қойып па едиңиз?!

Өзиниң қызбалығынан ишинен мырс етип күлди де, енди тынышланайын деп сорады:

- Сен неге бунша асығасаң? Әне гүзде үйленгенинде орынлы болар еди. Гүз дегенниң өзи тап тойдың ўақты.

Табанына қоз басылғандай болып жигит:

- Ис гүзди күтип отырмайды, - деди.

- Қандай ис өзи?

- Сиз өзиңиз түсиниўиңиз керек ғой, жолдас Давыдов...

- Аҳа, солай десе... Бундай ислер туўралы, балам, барлық ўақытта ертерек ойлаў керек, - деп нәсият берип ескертти Давыдов. Сөйтти де мыйық тартып күлимсиреў менен ойланды: «Бундайды айтатуғын мен бе, таңлайтуғын ол ма».

Давыдов тәўир-ақ ўақыт дым үндемей ойланып турды да, тағы сөз қосты.

- Мейли, бара бер, кешқурын бир минутқа кирип шығамыз, бәримиз барамыз. Сен Нагульнов пенен Размётновқа айттың ба?

- Мен оларды қашшан-ақ шақырдым.

- Әне, онда үшеўимиз де барып бир саат, ярым саат отырамыз. Бизлерге көп ишиўге болмайды, оның ўақты емес, соның ушын бизлерге ол жерде өкпелемейсизлер. Ал енди кете бер, бахыт тилеймен. Бирақ бул тилеклерди сизлерге барып айтармыз. Ал сениң келиншегин күтә семиз бе?

- Айтарлықтай емес, бирақ билинеди...

- Ҳә, билинип турғаны ҳәмме ўақытта да жақсы, - деди Давыдов, тағыда, азмаз ақыл берген даўыс пенен ҳәм бул гүрриңлесиўде орынсыз айтылған сөзлердиң кеткенин сезип тағы күлимсиреди.

Ал арадан бир саат өткен сон Давыдов сводкаға қол қойып атырған ўақытта маңлайы ашылған әке Михей Кузнецов кирип келип, келиў пәти менен Давыдовты қушақлады да кеўили елжиреп усти-үстине дөндирди:

- Алла жарылқасын, баслық! Андрюшка фельдшерди тап ўақтында алып келди, қатын енди болмаса өлетуғын еди, ал фельдшердиң жәрдеми менен маған сондай бир ул туўып берди, не десе болар, тап бузаўдай-аў қолың көтере алмайды. Фельдшер бала терис келген дейди. Мениңше, қалай келсе солай келсин ал, семьяда бир жигит бар! Киндик атасы боласаң, жолдас Давыдов!

Қолы менен маңлайын сыйпан турып Давыдов былай деди:

- Киндик ата болайын, ҳаялыңның аман есен жаны қалғанына жүдә ўақтым хош. Енди үй хожалығына не керек болса, ертең Островновқа хабарласарсаң, оған буйрық бериледи, факт. Ал балам терис келсе келсин, оның зәлели жоқ, есиңде тут жигит оңына жекке сийрек келеди, нағыз жигит... - Бул жола ҳәттеки күлимсиремеди де, жаңа ғана күлкисин келтирген өзиниң нәсиятлаўшы даўысын сезбеди де.

Аўа, егер ол басқа биреўдиң қуўанышы ҳәм ана азапларының бахытлы болып тамамланыўы бўын көзинен жас шығарыўға мәжбүрлеген болса, онда матрос кеўилшек

болғаның. Ал көзине жас айланып турғанын сезип ол үлкен алақаны менен көзин басып, әңгимесин турпайырақ түрде тамамлады:

- Бар кете бер, ҳаялың күтип отыр. Бир нәрее керек болса келерсең, ҳәзирше бара тур, мениң ўақтым жоқ, түсинесең бе, бул кәрада сенсиз де жумыс бастан асып атыр.

Сол күни кешке таман Гремячий Лог ушын азымшық емес, ҳеш ким абайламаған айрықша бир ўақыя болды. Саат жетилер де Островновтың үйине жасанған бир арба келди. Оған жақсы бир жуп ат жегилген еди. Есиктиң алдында арбадан орта бойлы, үстинде кенептен тигилген кители ҳәм сол түстеги шалбары бар бир адам түсти. Ески қайқылық пенен шалбарының шаң болған балақларын қағып, жаслардай кеўилли түрде ол Островновтың жайының басқышына көтерилди де, аяқларының басып дәлизге кирди. Ол жерде қонақтың киятырғанынан ҳүрейи ушқан Яков Лукич оны күтип тур еди. Темеки түтининен қараўытқан тислерин жарық еткизип, ол Яков Лукичтиң шынтағын өзиниң жинишке қолы менен қатты қысты, күле шырай берии сорады:

- Александр Анисимович үйде ме! Түриңе қарап билип турыппан, үйдиң ийеси сен, Яков Лукичписең?

Келгиншиниң үлкен начальник екенин оның сын-сымбатына, түрине қарап көпти көрген адамнын туйғысы менен аңғарды да, Яков Лукич желинип қалған шүўеклериниң өкшелерин тарс еттирип, асығыслық пенен жууап берди:

- Уллы мырзамыз! Сизбисиз еле? Қудайым-аў, сизди қанша кутип отыр!

- Алып бар.

Өзине жаратылысында тең емес шаққанлық пенен Яков Лукич Половцев ҳәм Лятьевский болып атырған мийманхананың қапысын жағымпазлық пенен ашты.

- Александр Анисимович алдын ала айтпағанымды кеширерсизлер, бизлерге ҳүрметли қонақлар киятыр!

Келгинши ашылған есикке қарай адым атып, қушағын келистирип сахнада ойнағандай етип кеннен ашты:

- Сәлем, ҳүрметли бәнт болғанлар! Бул жерде толық даўыс пенен сөйлеўге бола ма?

Столда отырған Половцев ҳәм қәдимгидей ҳәтте қалай болса солай узынына түсип жатырған Лятьевский «смирно» деп буйрық бергендей орынларынан ушып турды.

Келгинши Половцевти қушақлап, Лятьевскийди тек шеп қолы менен өзине тартыңқырап қойып, былай деди:

- Отырыўыңызды сорайман, офицер тақсырлар. Мен сизлерге буйрықлар жазған полковник Седойман. Ҳәзир тәғдирдиң буйырыўы бойынша крайлық аўыл хожалық басқармасының агрономыман. Көрип турсызлар мен, сизлерге тексериў ислери бойынша келдим. Ўақтым жүдә қысқа. Сизлерге жағдай туўралы айтып бериўим керек.

Келген адам офицерлерге отырыўды усынып, қәдимгише темекиден қараўытқан тислерин көрсетип, бурынғысынша кулимсиреўи менен жасалмалы түрде баўырманлық қылғансып сөзин даўам етти:

- Жарлы қусайсыз, ҳәттеки келген мийманды сыйлаўға да ҳеш нәрсеңиз жоқ болса керек... Бул жерде әңгиме аўқат жөнинде болмайды, мен болсам басқа жерден-ақ аўқатланаман. Столға мениң арбакешимди шақырыўыңызды ҳәм бизлерди сақшы менен ямаса ең болмаса бақлаўшы менен тәмийинлеўиңизди соранаман.

Половцев жағымпазлық пенен есикке қарай умтыла бергени, бирақ господин полковниктиң сымбатлы ҳәм келисикли арбакеши қапыдан кирип келди. Ол Половцевқа қолын созды:

- Господин жасаўыл, сизге ден саўлық тилеймен! Руслардың дәстүри бойынша босағада сәлемлеспейди... - деди де полковникке қарап ҳүрмет пенен өтиниш етти: - Қатнасыўға рухсат етесиз бе? Бақлаў өзим тәрепинен тәмийин етилген.

Келгинши Половцевқа ҳәм Лятьевскийге шүңирейген сур көзлери менен бурынғыдай-ақ күлимсиреп қарап отырды:

- Танысыңызлар, господин офицерлер ротмистр Казанцев. Ал үй ийелерин болса сиз, господин Казанцев таныйсыз. Енди, господинлер, иске кирисейик. Келиң қәне, сизлердиң

саяқлардикиндей столыңызға барып отырайық.

Половцев жасқаншақлық етип сорады:

- Господин полковник, мүмкин, сизлерди бир нәрсе менен сыйлауға рухсат етерсиз! Қолымыздан келгенше, барымызды базар етимиз!

Келгинши қурғақ түрде жуўап берди:

- Рахмет сизге, кереги жоқ, қәнекей бирден иске кирисейик, мениң ўақтым күтә аз. Ротмистр, картаны бериңиз.

Ротмистр Казанцев пиджагинин ишки төс қалтасынан төрт бүкленген он шақырымлық Азов-Қаратениз крайыңың картасын алып, оны столдың үстине қойды, төртеўи де бирден картаға үңилди.

Келгинши кенептен тигилген кителиниң жаздырыўлы турған жағасын дүзетиңкиреп қойып, қалтасынан бир көк түр қәлем алды да столды тықылдатып қойып былай деди:

- Мениң фамилиям, сизлер шамалап отырған шығарсыз, сирә да Седой емес... ал Никольский. Патша армиясының генштабының полковниги. Карта улыўмалық, бирақ урыс операцияларын жүргизиў ушын сизлерге толығырақ басқа картаның кереги жоқ. Сизиң ўазыйпаңыз өзиңиздеги еки жүзге жақын жарамлы найза ҳәм қылышларыңыз бенен жергиликли коммунистлерди қыйратып, бирақ анаў-мынаў кишигирим саўаш қурып жүрмей-ақ, жол-жөнекей байланыс сымларын үзип, «Қрасная Заря» совхозына барыўыңыз керек. Сизлер ол жерге барып керек нәрселердиң бәрин ислейсиз, сөйтип тийисли оқ дәриси менен қырыққа жақын мылтық аласыз, ҳәм ең баслысы, сизлер өзлериңиздиң қуралларыңыз болып турған қол пулемет ҳәм станоклы пулеметларыңызды толығы менен сақлап қалып, совхозда отызлаған жүк автомашинасын қолға киргизип алып, шаққан марш пенен Миллероваға қарай жүрип кетиўиңиз керек. Тағы бир мәселе, баслы мәселе... Абайлап турсызба, мен сизлердиң алдыңызға қанша баслы ўазыйпаларды қойып отырман жасаўыл тақсыр, буны мен сизге буйыраман, сизлер Миллерово қаласында жайласқан полктың үстине сездирмей барып, оны ҳәрекетке келтирместен жүрип бараткан пәт пенен қыйратып қуралсызландырыўыңыз тийис, олардың қолында бар атыў қуралларын ҳәм полктағы бизлерге қосылыўға тилек билдирген қызыл әскерлерди қосып алып, солар менен бирге машина менен Ростов бағдарына қарай қозғалыўыңыз ҳәжет. Мен сизлерге алдыңызға қойылған ўазыйпаны улыўма белгилеп берип атырман бирақ усыдан көп нәрсе шешиледи. Нәбада Миллероваға қарай кетип баратырған жолыңызда қарсылыққа ушырассаңыз, онда Миллеровоны айланып, мына маршрут пенен Каменскге қарай басың. - Полковник қолындағы көк қәлем менен картаны туўры сызып көрсетти. - Каменскте мен сизди өзимниң отрядым менен күтип аламан, господин жасаўыл. Үндемей қалып, ол сөз қосты:

- Мүмкин, сизлерге арқа бетиңизден подполковник Савватеев жәрдемге келер. Бирақ сизлер оған жүдә исене бермең, өзлериниз ҳәрекет етиң. Сизлердиң операцияңыздың жеңиске ерисиўинен, есиңизде болсын, көп нәрселер шешилейин деп тур. Мен Миллороводаға полкты қуралсызландырыў ҳаққында айтып отырман. Қалай деген де оларда батарея бар, ал оны қолға түсирип ала қойғанда көп жәрдем болар еди. Ал оннан соң бизлер Кубань менен Терек беттен бирге жәрдемге күш келеди деп Каменсктен Ростовты алыў ушын саўашлар жүргизер едик, ал ол жерде аўқамласлар жәрдем етеди де, биз түсликте толық үстемлик етемиз. Есапқа алыўынызды өтинемеи, офицер тақсырлар, бизлер тәрепинен ойлап табылған операция кутә қәўипли, бирақ бизлерде басқа жол жоқ! Егерде тарийхтың бир мың тоғыз жүз отызыншы жылғы берген мүмкиншилигинен пайдаланбасақ, онда империя менен хошласың да, майда жекке террорлық актлерге өте бериң...

Әне мениң сизлерге айтайын дегеним усы. Жасаўыл Половцев, сизге айтыўға қысқаша сөз бериледи. Мына жағдайды есапқа алыңыз: мениң еле аўыл советке барып, командировкамды белгилетиўим ҳәм районға жүрип кетиўим керек. Мен былайынша айтқанда, рәсмий адамман, аўыл хожалық басқармасының агрономыман, сонлықтан өзиңиздиң пикирлериңиз қысқарақ болсын.

Полковникке қарамастан, Половцев әсте гүбирленип сөйленди:

- Господин полковник, сиз мениң алдыма конкретлестирмей улыўма ўазыйпа қойып отырсыз. Совхозды болса аларман, бирақ мен соннан кейин казакларды көтериўге кетермиз деп ойлаған едим, ал сиз болсаңыз мени Қызыл Армияның кадрлық полки менен урыс жүргизиўге атландырмақшысыз. Мениң усы мүмкиншилигим ҳәм күшим менен бул ўазыйпаны орынлаў мүмкин еместей болып сизге көринип турған жоқ па? Ал усыннан мениң жолымда, ҳәттеки бир батальон-ақ маған қарсы шыға қойсын... сиз мени туппа-туўры өлимге дуўшар етесиз ғой?!

Полковник Никольский бармақларының тырнақлары менен столды дүкилдетип отырып, мырс етти:

- Сизди өз ўақтында жасаўыллыққа қуры өткерген екен деп ойлап турман. Егер сиз қыйын минутларда тайсалақлап, бизлер ойлап отырған истиң жеңисине исенбейтуғын болсаңыз, онда сиз рус армиясының офицери болмақ түўе, қасынан да жүрип етпейсиз! Сиз жүйириклик етип, өзиңизше план дүзбең! Сизиң айтып отырғаныңызға қалай түсинсек болады? Сиз ҳәрекет етесиз бе я босатайық па?

Половцев орнынан турды. Маңлайлы басын төмен салып, әсте ғана жуўап берди.

- Ҳәрекет етемен, полковник тақсыр. Бирақ... Бирақ операцияның жеңиссиз болып шығыўына мен емес, сиз жуўап бересиз!

- Ҳо, оның ушын сизиң белиңиз аўырмай-ақ қойсын, жасаўыл тақсыр!- деп мырс етип гүбирленди де полковник Никольский орнынан турды,сол заматта ротмистр Казанцев та орнынан түргелди.

Половцевты қушаклай берип, Никольский былай деди:

- Мәртлик, тағы мәртлик керек! Ардақлы ески патша армиясының офицерлер корпусына мине усы нәрсе жетиспейди! Сизлер орта мектептиң муғаллими, агрономы болып көп отырып қалғансыз. Дәстүр қайда? Рус армиясының даңқлы дәстүрин сизлер умытып кеттиңизлер ме? Зәлели жоқ. Сизлер, тек сизлер туўралы ойлап отырған адамлардың буйрығы бойынша баслай бериң, ал оннан кейин... Ал оннан кейин аўқат үстинде иштей ашыла берер! Сизди, жасаўыл тақсыр, еле Новороссийскийде ямаса, айтайық, Москвада генерал-майор болып жүргениңди де көрип қаларман деп үмитленемен. Сизиң суўық туриңизге қарағанда, сизиң қолыңыздан көп нәрселер келсе керек! Каменскте көрискенше хош! Ең соңғы айтайын дегеним: бизлердиң қарсыласыў ноқатларымыздың барлығында бирден атланыс баслаў туўралы буйрық айрықша бериледи, сиз буны түсинесиз. Көрискенше хош, Каменскте көрискенше!

Келгенлер менен салқын түрде қушақласа хошласып, мийманхананың есигин аңқайтып ашып жиберди де, дәлизде дирилдеп турған Яков Лукичтин нәзерин досластырып Половцев отырған жоқ, ал кәтке қулай кетти. Азмаз ўақыт өткеннен кейин терезеге жаўырынын берип турған Лятьевскийден:

- Усындай қоңызақты көрдиңиз бе? - деп сорады.

Ал Лятьевский жек кериўшилик пенен қолын бир силтеди:

- Ҳаў кудайым-аў, бул рус әскеринен не тиледиңиз?! Господин Половцев, мени сизиң менен қандай шайтан шатастырды деп сорап бир көриңизши меннен?!

Усы күни тағы да қайғылы ўақыя болды: қудыққа теке Трофим түсип кетипти. Минези турақсыз болғанлықтан, түни менен аўылдың арасында тынбай тентиреп жүрип, ол түнде гезип ылыққан ийтлердиң үйирине тап болған болса керек, ал олар болса, текениң изинен қуўып, оны колхоз кеңсесиниң қаптадындағы қудықтан секириўге мәжбурлеген, Қудықтың қақпағы Щукарь атаның ғаррыларға тән, салақлығынан кештен бери жабылмай қалған екен, ийтлердиң ашыўлы қуўғынынан өлгенше қорыққан ғарры теке қулдықтан секире бергени, - шамасы, сыйғағы шыққан түяқлары тайып кетип, қудықтың ишине қулап кетсе керек.

Кешқурын Щукарь ата от-шөп жүклеп келип, атларын суўғарғысы келип, қудықтан суў алайын деп бергени, - шелегиниң қандай да болмасын бир жумсақ нәрсеге тийгенин сезди. Қалай да болмасын шелекти батырайын деп жибинен услап ана жаққа, мына жаққа

бир силккени менен сәтсиз болып шықты. Сол ўақытта түрли қәўипли пикирлер есине түсип, ғарры жетимше көзлери менен ҳәўлини шарлап шықты, бирақ ол, өзиниң мәңгилик душпанын көрермен бе деп бостан-босқа үмитленди: шарбақтың иши-сыртына сер салып қараса да, Трофим ҳеш жерде жоқ еди. Оннан кейин Щукарь ата асығыслық пенен ат қорağа барды, оннан сон жуўырып-жортып дәрўазаның сыртына шықты - ҳеш жерде Трофим жоқ... Жоқлаўын асырған, өз қайғысына көз жасы көл болған Щукарь ата сонда кеңсениң Давыдов отырған бөлмесине кирди де орынлыққа отырды:

- Әне Сема, қәйтейин биз тағы бир бахытсызлыққа ушырап қалдық, бизиң Трофим қудыққа түсип кеткен қусайды. Жүр «илмек» таўып алып, оны шығарып алайық.

- Қатты қыйналып турсан ба? күле шырай берип сорады Давыдов. Сен оны сойып таслайық деп бәрҳә жалынып жүретуғын едиң ғой.

- Сонда не болыпты!- деп ашыўлы түрде бақырды Щукарь ата. Сойылмаған екен, қудайға шүкир! Ал енди мен онысыз қалай күн көремен? Ол мени қудайдын қутлы күни қорқытып турды, оннан қорғанып мен азаннан кешке шекем қолымнан қамшымды түсирмейтуғын едим, ал енди қалай күним кешер екен? Әйтеўир бир иш писиў! Енди өзиңди қудыққа шүй төбеңнен таслай бер... Биз екеўимиздиң арамызда жүрген қандай дослық ол? Ҳеш қандай оның менен тек урысыўға ғана бар едик. Гейде мен ол нәлет жаўғырды шақынан услап: «Трофим, ийттиң ғана баласы-аў, сен жас теке емессең, соннан келип сонша ашыўды қайдан таўып жүрсең? Сен буншама ғошшақлықты қайдан таўып жүрсең, сен маған бир секундта тыным таптырмайсаң ғой? Сен мениң артымнан ямаса қай жақтан болмасын қапталымнан келип сүзиў ушын, мени аңлыйсаң да жүресең. Ҳаў, сен түсин, мен болсам жапсақлы адамман, сен ең болмаса соған қандай да бир реҳимиң келсе болады ғой»... - дейтуғын едим. Ал ол маған қадалып қарсы қарап турып алады, көзинде адамгершиликтен ҳеш нәрсе көринбейди. Оның көзлеринде ҳеш қандай аяныш нышанын мен көрмеймен. Оңың кесе белине қамшы менен тартып-тартып жиберип, оның өзинше «жоғал нәлет жаўғыр ғарры қаңғымай! Сениң менен сөйлесип жөнли ҳеш нәрсеге келисе алмайсаң!» - деймен. Ал ол, ҳарамы, кейнине шегинип, он адымдай жерге қашып барады да, нәлетий, аш болғансып не ислерин билмей отлай баслайды! Ал өзи болса елерген көзин мен бетке қыя таслап қояды, мәгер мениң қайы-мымды таўып қайтадан дүге жақ. Бизлердиң оның менен кеширген күнимиз күн емес, ал бастан-аяқ бир әўерешилик еди! Себеби сондай надан әўмесер менен, ал әпиўайыластырып айтқанда-ақмақ пенен келисиў маған ҳеш қандай мүмкин болмады! Мине енди қәпелимде қудыққа түсип, кеткени, мен оны жүдә аяйман, өмирим де әбден жүдә болды... Щукарь ата аянышлы түрде жыламсырап көзинен аққан жасын шыт көйлегиниң патас жеңи менен сүртип қойды.

Қоңсы ҳәўлиден «илмек» таўып алып, Давыдов Щукарь менен екеўи тәўир суў сиңип қалған Трофимди қудықтан тартып алды. Давыдов бетин Щукарьдан басқа жаққа бурып:

- Ал, енди не қыламыз? - деп сорады.

Щукарь ата қәдимгидей-ақ жыламсырап көз жасын сыпырып жуўап берди:

- Сен Семажан, енди кете бер, барып өзинниң мәмлекетлик жумысларынды ислей бер, ал Трофимди мен өзим жерлермен. Буны көмиў сендей жас адамнын жумысы емес, ал мендей ғаррылардың иси. Мен бул жаўызды ықшамлап көмемен, өлигиниң үстинде көз жасымды булап отыраман... Шығарып алыўға жәрдемлескениң ушын тәңир жарылқасын, болмаса мениң бир өзимниң қолымнан келмес еди: бул мүйизли текенин салмағы аз емес, үш пудтан кем шықпайды. Ол мут аўқатқа семирип еди, сонлықтан батып өлгени ақмақтың, ал егерде ол жеңилирек болғанда қудықтың үстинен әп-әнейдей секирип өткен болар еди! Қуўған ийтлер оның өкпесин сондай сыққан болса керек, сонлықтан да ес-ақылдан айрылып қудықтың үстинен секирген. Оннан, сол ғарры ақмақтан ес-ақыл талап етиў орынлы ма? Семажан, жаным, шырағым, сен маған бир шереклик араққа бир нәрсе таўып берегой, мен оны кеште атқораның ишинде еске түсирейин. Үйиме кемпириме барыўымның кәжети жоқ: барарман, ал барғанымнан не пайда? Барлық нерв системаларды бузыўдан басқа ҳеш нәрсе де емес урыс-тийиспе? Ал маған оның усы жасыма келгенде дым да кереги жоқ. Ал усылайынша азмаз ишип алып, марҳумды еске

түсиремен, атларды туўғарман да, уйықлап қаламан, факт!

Давыдов бар күши менен күлкисин иркиўге тырысып, Щукарьға он сом пул берди де, оның қысық ийнинен қушақлап қойды.

- Ал сен, ата оған оншама көп қыйлана берме... Ен жаманлығында саған басқа теке сатып алып беремиз.

Щукарь ата қайғылы түрде басын шайқап қойып, жуўап кайтарды:

- Бундай текени хеш қандай ақшаға таппайсаң, бундай текелер еле бул дүньяның жүзинде жоқ, болыўы да мүмкин емес! Ал мендеги қайғы мениң менен қалады деди де бели бүкирейип, бийшарасы шығып, адамның күлкисин келтирерликтей түр менен бел әкелиўге кетти.

Усының менен Гремячий Логтағы бир күн ишинде болып өткен азлы-көпли ўақыялар да тамам болды.

## XXIX БАП

Кешки аўқатын жей сала Давыдов өзиниң бөлмесине келип, почтадан жаңаракта алып келинген газеталарды көрип шығайын деп, столға отыра бергени сол - терезениң рамасының жақлаўын әсте ғана қаққын даўысты еситти. Давыдов терезени азырақ ашты. Нагульнов тырнаққа аяғын салып даўысын пәсейте былай деди:

- Бол, жумыс бар! Қәне, былайырақ тур, ишке кирип айтып берейин...

Оның қара пәреңнен келген жүзи қуўарып, үрейленип тур. Ол аяқларын айнадан ап-аңсат алып етти де, пәт пенен отырғышқа отыра салып, мушын дизесине урып жиберди.

- Әне, мен саған ескертпедим бе, Семён, тап сол бизлердиң айтқанымыздай болып шықты: Ақыр-соңында мен биреўин көрмедим бе: Островновтың жайының түбинде толық еки саат жатқаным, қарасам-орта бойлы биреў аяғын ғаз-ғаз басып, тың-тыңлап келе берди, демек ким болса да сол ана оңбағанлардың биреўи болыўы керек... Олардың жасырын сырын ашыўға мен сәл-пел кешигип қалдым, жүдә қараңғы тусиңкиреп кетти. Кешигип қалдым, атызға барып қайттым. Ал мүмкин, оған шекем тағы биреў кирген шығар? Кысқасы, қәне кетейик, жол-жөнекей Размётновты да алып кетермиз, бул жерде күтиўдиң кереги жоқ. Бизлер оларды ол қәрада, Лукичтикинде, услаймыз. Ал егерде басқалары жоқ болса, онда соның бир өзин алып кетемиз.

Давыдов төсегиндеги дастықтың астына қолын суқты да, пистолетин алды.

- Ал қалайынша тутып аламыз? Қәне усы жерде келисип алайық.

Нагульнов темеки шегип атырып, азмаз сезилгендей етип күлимсиреди.

- Бул ис маған бурыннан-ақ анық. Берман қара, ол орта бойлы адам қапыны емес, ал тап жаңағы мен сеникин қаққандай етип терезени қақты. Бир терезеси шарбақ бетке қараған Яков Лукичтин жайында мийманхана бар Жаңағы жексурынның үстине кийгени шекпен бе я плаш па, қараңғыда абайлай алмадым, -келип айнаны тырыс-тырыс өткизди: Лукич пе, баласы Семен ба, - биреў қапыны азмаз ашып еди, жаңағы адам ишке кирди. Ол босағаға минген ўақытта артына айланып бир қарады, ал қапыға қирген ўақтында екинши мәртеби артына тағы қарады. Мен ғой шетенниң түбинде жатып усылардың барлығын көрип турман. Есиңде болсын, Семен, хақ нийетли адамлар өйтип, қасқырдай жалтақлап жүрмейди. Оларды услап алыў ушын мынадай план усынаман: бизлер екеўимиз айнаны қағайық, ал Андрей шарбақ беттеги терезениң түбинде жатсын. Қапыны ким ашса да биз оны көремиз, бирақ мийманхананың қапысы мениң есимде, ол дәлизге кириўден оң жақтағы биринши қапы. Абайла, қулып урылған болса турған жерден бузып кириўге туўра келеди. Ишке бизлер екеўимиз киремиз, ал егер биреў қашып, өзин терезеге урса, онда оны Андрей бекиштирер. Бул түнги қонақларды ап-аңсат ғана тирилей услап аламыз! Қапыны мен сындыраман, сен мениң артырапында турасаң, егер иштен бир сес шықса басқа сөзди қойып, мийманханадан шыққан сеске қарап ата бер!

Макар азмаз сузилиңкиреген көзи менен Давыдовтың көзине тигилип қарап еди, оның қосылған еринлеринде сизилер-сезилмес мырс етиў ушқынлары пайда болды:

- Сен бул ойыншықты қолыңда әлпешлеп отырсаң, оннан да обаймасын тексерип, писениң оқ жатарына тап усы жерде салып ал. Бул жерден терезе арқалы шығып, қақпағын жаўып кетемиз.

Нагульнов гимнастеркасының сыртынан буўған қайысын дүзетип, шегип отырған темекисин полға таслап жиберди, шаң басқан етиклериниң тумсығына, шаң менен араласып майға былғанып қалған қонышларына қарады да, тағы мырс етип қойды.

- Бир оңбаған ҳарамылардың кесиринен күшиктей болып ала шаңға былғанып қалғанымды қарасаңа: бул қымбатлы қонақларды күтемен деп ет бетимнен де, түрлише аўнапта жатыўға туўра келди... Сөйтип жатырғанда биреўи көринди... Бирақ мениң ойымша, олар екеў я үшеў, көп емес. Олар бир взвод емес қой?

Давыдов пистолеттиң затворын ашып, оқ жатырына бир писенди тықты да, оны пәнжегиниң қалтасына салып, былай деди:

- Макар, бүгин сен кеўиллирекписең, қалай-қалай? Мениң қасыма келгениңе бес минут болған жоқ, соның арасында үш мәртебе күлдиң ғой...

- Кеўилли нәрсеге баратырмыз, Сема, соған күлип атырман.

Олар айнадан шықты да, жарма қапыларын жаўып болып бир майдан турды. Түн жыллы еди, өзектен ескен салқын самал жар бетин сыйпалайды, хутор уйқыда, сес семир жоқ, күнделикли парахат тәшиүшлер де тамам болған. Бир жерде бузаў мөңиреп, хутордың тағы бир жеринде ийтлердиң әўпилдеген даўысы еситиледи, жақынырақ бир жерден есаптан алжасып, мәзгилсиз бир биймаза қораз да шыңғырып шақырады. Ҳеш сөз алыспай, Макар менен Давыдов Размётновтың жайына келди. Макар ийилген суқ бармағы менен есителер-еситилмес етип терезениң қақпағын қақты да, азмаз күткеннен кейин гүңгирт жақтының ишинде Андрейдиң бетин көрди, қолын былғап шақырып, пистолетин көрсетти. Давыдов жайдан шыққан:

- Сени түсиндим. Тез шығаман, - деген сабырлы, салмақлы даўысты еситти.

Размётнов сол ўақытта жайдың аўыздағы басқышына шықты. Шығып атырып, қапыны жаўа берип, ренжиў менен сөйледи:

- Бәрин билсем дейсең де турасаң, Нюра! Ис бойынша аўыл советке шақырып атыр. Ойынға шақырып атырған жоқ ғой? Уйықлай бер, гүрсине берме, аздан кейин келемен.

Олар үшеўи бир-бирине жақын тығылысып турды. Размётнов қуўанып:

- Рәсында да таптыңлар ма? - деп сорады.

Нагульнов оған болған ўақыяларды сыбырланып айтып берди.

... Дым үндеместен олар үшеўи Яков Лукичтиң шарбағына кирди. Размётнов арқасын тамның жып-жыллы тырнағына берип тырнақтын түбинде жатты. Пистолеттиң түтесин ол еплеп ғана дизесине қойды. Ол оң қолының билегине күш түсиргиси келмеген еди.

Нагульнов басқыштын текшелерине биринши болып көтерилди, қапыға жақынлап, тәмбини шыңғырлатты.

Островновтың шарбағында ҳәм оның үйиниң ишинде тып-тыныш болып тур еди. Бирақ жақсылыққа апармайтуғын бул тынышлық оншама узаққа созылмады, - дәлизде бирден қатты бақырып жиберген Яков Лукичтиң:

- Ким бул түн ишинде азап айдап киятырған - деген даўысы еситилди.

Оған Нагульнов жуўап берди:

- Лукич, бундай жүдә кеш болып кеткен ўақытта оятқаным ушын мени кешир, жумыс бар, бизлер екеўимиз ҳәзир совхозға кетиўимиз керек. Кешиктирип болмайтуғын жумыс!

Бир минуттай ҳеш ким ҳеш нәрсе демей сам-сазлық турыспа болды.

Оннан кейин барып Нагульнов шыдамаслық пенен талап етти.

- Сен не өзиң. Есикти аш!

- Қымбатлы жолдас Нагульнов, кеш келген қонақ болып отырсыз, оның үстине қараңғыда... Бизиң тәмбилерди де... бирден таба алмайсаң, өтиң.

Илмеги жуўан темир тәмби шырт етти де, қалың қапы азмаз ашылды:

Нагульнов қатты күш салып шеп ийни менен қапыны ийтерип жиберди де, Яков Лукичти дийўал бетке ылақтырып жиберип, дәлизге қарай кең адым атты ҳәм Давыдовқа

ийнининң үстинен:

- Бир нәрсе бола қайса Лукичти бегиштир! - деди.

Нагульновтың мурнына адам турған жайдың ҳәм жаңа ғана ишилген арақтың ийиси келди. Бирақ бул ийислер менен сезиўлерди айырып отыратуғын ўақыт онда жоқ еди. Оң қолында наган, шеп қолы менен мийманханаға киретуғын қапының тәмбисин сыйпалап, тез таўып алды да, оның иштен илип қойған қапысын аяғы менен теўип жиберип сындырды.

- Қәне, ким бар бул жерде, атаман!

Бирақ ол атып үлгере алмай қалды: оның даўысы шыққаннан кейин-ақ босағаның қасында гүрс етип граната жарылды ҳәм қорқынышлы түнги тынышлықта қол пулеметинин тырылдысы еситилди. Ал соңынан урып сындырылған әйнектиң сести, шарбақта мылтықтың жалғыз рет атылған даўысы менен биреўлердиң қышқырған сести еситилди...

Гранатаның сынықлары тийип тилким-тилким болып, ўайран болған Нагульнов тап сол заматта жан тапсырды, ал мийманханаға умтылып, қараңғыға қарай еки рет атып үлгерген Давыдов, пулеметтың оғына тап болды.

Есинен танып баратырып, басын қыйнала шалқайтып жиберип, ол шеп қолына маңлайшадан оқ айырып түсирген гедир-будыр бир жаңқаны қысып шалқ ортасына жығылды.

Оқ төрт жеринен қыялап тесип өткен Давыдовтың кең геўдесинен жан қандай қыйыншылық пенен шықты дейсең... Түн ишинде дослары дым үндеместен қараңғыда сүрмелесип, жарадарға ҳәзар бермеў ушын бар күшин салып қолларына көтерип үйге әкелгели ол есин бир рет те жыйнап ала алмады, ал өлим менен жан таласы болса он алты сааттан бери даўам етип атыр...

Таң атып киятырғанда қара суў болған атларға жас болса да үлкен адамлардай салмақлы жигит, районлық врач-хирург жетип келди. Ол Давыдов жатырған мийманханада жәми болып он минуттай-ақ ўақыт болды, мине усы ўақыт ишинде асханада не болар екен деп дым үндемей күтип отырған Гремячий партячейкасының коммунистлери ҳәм Давыдовты жақсы көретуғын партияда жоқ көп сандағы колхозшылар мийманханадан шыққан Давыдовтың уяң, тап уйқы буўлықпасындай болып ыңыранған даўысын жалғыз мәртебе ғана еситип қалды. Врач жеңин турип, түси қашып, бирақ сыртқы көринисинен билдирмей қолын сүлгиге сүртиўи менен асханаға шықты, Давыдовтың досларының сам-саз болған сораўына былай деп жуўап берди.

- Үмит етиўге болмайды. Мениң жәрдемимниң кәжети жоқ! Бирақ жаны тас екен! Оны усы жатқан жеринен басқа жерге қозғай гөрмең, қысқасы оған дым тийиўге болмайды. Егер аўылдан муз-пуз табылса... ҳәй, оның да кереги жоқ. Бирақ жарадардың қасында ким болса да биреў табжылмастан турыўы керек.

Врачтың изин ала мийманханадан Размётнов пенен Майданников шықты. Размётновтың еринлери қалтырап, жалтаңлаған көзлери алдында тәртипсиз үймелесип атырған хуторлыларды көрмей бир нәрсе жоғалтқандай асхананың ишин қыдырып жүр. Майданников болса басын төмен салып киятыр, оның шекесиндеги исип кеткен тамырлары. жүдә жаман болып көринип турды, ал кеңсиригиниң үстинде кесесине тартылған еки жыйрығы тап тыртықтай болып қызарған Майданниковтан басқасының барлығы топары менен шарбаққа шығып, ҳәўлиниң ишине қарай ҳәр қайсысы ҳәр тәрепке таралды. Размётнов қулашын шарбақтың қапысына таслап, басы салбырап, төмен ойылып қарап тур, тек аўыр қайғыдан арқасы жуўлап, жаўырыны қыймылдап қояды: Шалый ғарры болса қораның қасына келип, ҳеш нәрсе ойламай мәжгүн қутырыныўшылық пенен қыйсайып турған емен тирепбердини шайқап тур: Демка Ушаков болса қамбаның дийўалына сүйенип, айыплы болған оқыўшыдай жаўын жуўып кеткен сыбаўдың ылайларын тырнақлары менен шуқлап тур, еки шекесине сорғалап ағып турған көзиниң жасларын да сыпырмайды. Олардың ҳәр қайсысы достынан айрылғанын өзине қайғырып тур. Солай да ҳәммени зил болып басқан улыўма қайғы - мына азамат қайғысы еди.

Давыдов түнде жан тапсырды. Өлер алдында ол есине келди. Бас ушында отырған Щукарь атаға бир қарады да, буўлығып былай деди:

- Сен неге жылайсаң ғарры? - деген ўақта аўзына көпирген қанлы көбик келип қалып, аппақ шекесин көпшикке қойып, тек бир неше рет тамсанып жутынғаннан кейин ғана - қой, жылама... деген сөзин зорға тамамлады, ҳәттеки мыйық тартып күлмекши де болды. Соңынан аўыр түрде, узақ ыңыранып созылды да, тым-тырыс болды...

...Мине солай етип мениң жүрегимниң төринен орын алған Давыдов пенен Нагульновтай Дон бүлбиллеринин үни өшти, солар деп писип турған бийдайлардың да шайқалысы тынды, Гремячий жарының жоқарысындағы бир жақлардан ағып киятырған аты жоқ өзек те тасқа тийген суў сылдырлысынан айрылды... Әне болғаны!

* * *

Арадан еки ай өтти. Жаздың шыжғырған ыссы күнлеринен түрин өзгерткен бийик аспанда енди гүздегидей минарланған бултлар Гремячий Лог үстинде қәдимгидей жүзип жүр, бирақ Гремячий өзегиниң жағасындағы тирелген ақ тереклер дақ түскен алтын жапырақлар жамылып, өзек суўы мөлдиреп, салқын тарта баслады, ал мектептен алыс емес жердеги хутор майданшасына жерленген Давыдов пенен Нагульновтын кәбириниң үстине гүзги сықмар қуяш нурынан нәр алып зорға басын көтерген сур көк түстеги шөплик пайда болды. Ҳәттеки белгисиз бир дала гүли қоршаўдың тахтайшасына жармасып, өзиниң кешиккен аянышлы өмирин ортаға салмақшы болады. Солай да кәбирлерге жақын жердеги август жаўынынан кейин өсип шыққан үш түп айғабағар сәл-пәл бойын тиклеп, төменнен ескен самал майданша үстинен өткенде жеңил ғана шайқалып қояды.

Еки айдың ишинде Гремячий өзегинен көп суўлар ағып өтти. Хуторда да көп өзгерислер болды. Өз досларын жерлеп, Щукарь ата да жүдә шөгип қалды, адам танымастай болып өзгерип кетти: ол адамларға жоламайтуғын ҳәм сейлеспейтуғын, бурынғыдан да бетер кеўили егитилип кете беретуғын болды... Досларын жерлеп болғаннан кейин ол орнынан турмастан төрт күн үйнен шықпай жатты, ал соңынан турған ўақытта кемпири оның аўзының азырақ қыйсайып, бетиниң шеп жағының аўып кеткенлигин байқады ҳәм сескенгенин жасыра алмады.

- Ҳаў саған не болған? - деди кемпири ҳүрейи ушын, қолын силкип жиберип.

Тили азмаз шүлдирлеңкиреп, аўзының шеп жағынан аққан силекейлерин алақаны менен сыпырып болып, Щукарь ата асықпай-саспай былай деп жуўап берди:

- Айтарлықтай ҳеш нәрсе болған жоқ. Әне қандай жас жигитлер жер астына кетти, ал мениң қашаннан-ақ гүм болыўым керек еди. Мәселе түсиникли ме?

Бирақ ол әстен столға қарап адым атлап еди, шеп аяғының сүйрелип басылатуғынлығын сезди. Темекисин орап атырып, шеп қолын зордан көтерди...

- Кемпир, мен сирә ләң болған шығарман, үйи күйсин, Соның! Сеземен, мен жақындағыдай емеспен, - деди Щукарь имлаға келмей турған қолына аң-тан болып қарап.

Бир ҳәптеден кейин ол өзин бир қанша тиклеп алды, жүриси де дүзелди, аса күш салмай-ақ шеп қолын бийлейтуғын болды, бирақ арбакешлик әмелден үзил-кесил бас тартты. Колхоз басқармасына келип, таза баслыққа - Кондрат Майданниковке дуппа-дуўры айта салды:

- Шырағым Кондратжан, мен арбаны айдап болдым, енди мениң атларды меңгериўге күшим жетпейтуғын түри бар.

- Бизлер Размётнов екеўимиз сен туўралы ойластық, ата, - деп жуўап берди Майданников. - Ал, егерде сен сельпоға түнги қараўыллыққа кирсең қалай болар екен? Сениң ушын қысқа қарай жыллы будқа дүзетемиз, оның ишине шойын печь, кәт қурып беремиз, ал сениң өзине қыстың күнлери шолақ тон, сен-сең постын, аяғыңа байпақ беремиз. Оңысыўға болмай ма? Ҳәм айлық аласаң, тағы жумыс та жеңил, ал оннан да ең баслысы-белгили бир жумыстың басында боласаң. Қәне, қалай көресең, келистик пе?

- Алла жарылқасын, бул жумыс маған жүдә баб. Ғаррыны умытпағаныңыз ушын рахмет. Түнге қарай уйықламайман, ал күндизғой баз-баяғы. Жигитлерди сағынаман, Кондратжан, уйқы деген меннен биротала қашты... Қәне, онда барып атларым менен хошласайын да үйге қайтайын. Оларды кимге тапсырасыз?

- Бесхлебнов ғаррыға.

- Ол еле қуўнақ ғарры, мен болсам жүдә болдырдым, мениң димарымды қурткан Макаржан менен Давыдов, мениң өмиримди қызықтан айырды... Солар болғанда мен, бәлким, бир-еки жыл артығырақ жасарма едим, ал оларсыз бул жақты дүньяда күн кешириў жеркенишлирек болды, - деп қапалы түрде гүбирленди Щукарь ата, көзин гөне шапкисиниң төбеси менен сыпырып атырып.

Сол күни түннен баслап ол қараўыллай баслады.

Онша бийик емес етип қоршалған Давыдов пенен Нагульновтың қойымшылығы алыс емес, ал сельпоның дүканының тап қарсы алдында еди. Ертеңине-ақ Щукарь ата пышқы менен балта алып, қойымшылықтын қоршаўының түбине кишкене ғана скамейка орнатып алды. Сол кәрада ол түнлерди атқарып шығатуғын еди.

Кем-кемнен баўырларыма жақынласқым келе береди... Мениң менен бирге жатыў оларға да кеўиллирек болар, маған да олардың қасында түнлерди өткериў жағымлырақ. Мен де бала деген өмиринде болған емес, Андрюшажан, ал енди өзимниң еки бирдей азаматымнан айрылғандай болып отырман. Мына қапылғыр жүрегим күни-түни әжеп-тәўир болады да турады, оннан ҳасла тынышлық жоқ маған! - деди ол Размётновқа.

Ал партячейканың тазадан болған секретары Размётнов өзиниң Щукарь өлип қалама деген қәўипи туўралы Майданников пенен ойласып:

- Сен сезесең бе, Кондрат, усы соңғы күнлери бизиң Щукарь ата қандай қартайып кетти? Өлген жигитлерди жоқлаўға берилип кеткен, бурынғыдай емес, дым әпшери қашып кетти. Ғарры жақын арада өлерме деймен... Оның басы да қалтырайтуғын болды, қолы да қараўыта баслады. Көрерсең, ол бизлерди үлкен бир қайғыға түсиреди! Биз бул тамаша ғаррыға жүдә баўыр басып қалған екенбиз, онысыз хутордың иши босап қалатуғындай көринеди де турады.

Күнлер кем-кем қысқарып, ҳаўа тып-тынық бола баслады. Самал енди кәбирге далалардан жуўалардың ашшы ийислерин емес, ал аўылдың сыртында жайласқан қырманларда жаңа ғана айдалып атырған сабанлардың ийислерин алып келди.

Түйек айдаў ўақтында Щукарь атаға кеўиллирек болды: қырманларда сәҳәрге шекем веялкалар гүрилдеп, тас жумалатқыштың нығайтылған жерде дүрсилдеп турған сеслери, адамлардың шўў-шўўлеген даўыслары менен атлардың пысқырған сеслери еситилип туратуғын еди. Ал соңынан булардың барлығы тым-тырыс болды. Түнлер узайып, қараңғырақ бола баслады, енди бррынғылардың орнына түнлерде басқа бир даўыслар: карайған қара аспанның астында тырналардың тырылдысы, қарабайлардың қапалы сеслери, ғазлардың салдамлы ғаңқылдысы менен үйреклердиң қанатларының сыпылдаған сеслери еситиле баслады.

- Қуслар жыллы жақларға қарай ығысып баратыр, - дейди жеккешиликте суўық демин алып қойып, Щукарь ата аспаннан шақырып турғандай болып гүўилдеген қус даўысларына қулақ салып.

Бир күни кеште қараңғы түскеннен кейин, қара орамал жамылған бар ҳаял Щукарьға әсте-ақырын жақынлап келип, үнсиз тоқтап қалды.

- Бул ким? - деп сорады ғарры келген адамның ким екенин қараңғыда дым айыра алмай.

- Бул мен, ата, Варяман...

Щукарь ата отырған орнынан мүмкиншилигинше тез ушып турды.

- Шырағым, ақыр-соңында келдиң бе? Мен сени бизлерди умытып кеткен шығар деп ойлап едим... Пай, Варя-күйгелек ол биз екеўимизди журтқа таслап кетти ғой. Ишкериле, жаным, мынаў оның кәбири, шеттегиси... Сен оның менен бола тур, мен барып дүкәнды көрип, қулып-зулпын тексерип келейин... Бул жерде ҳәр қыйлы жумыслар бар,

қараўыллайман, мениң картайған ҳалыма жумыслар жеткиликли... Жеткиликли, шырағым.

Ғарры майданшада қыйсаңлап, әри бери жүрип, тек бир саат өткеннен соң ғана қайтып келди. Варя Давыдовтың кәбириниң бас ушында дизерлеп отыр еди, бирақ, Щукарь атаның сыпайылық пенен ескертиўши жөткиргенин еситип түргелди де, есиктен шықты, тентиреңлеңкиреп, жығылып кетемен бе деп қорқып қолын қоршаўға тиреди. Үндемей бираз турды. Ғарры да үндеген жоқ. Соннан кейин барып Варя әсте ғана былай деди:

- Мениң оның менен бирге болыўыма мүмкиншилик бергениң ушын саған рахмет, атажан...

- Арзымайды. Сен енди не қылар екенсең, шырағым?

- Биратола келдим. Бүгин азанда келдим, ал бул жерге адам-падам көрип жүрмесин деп кеширек келип отырғаным...

- Ал оқыўыңды не қыласаң?

- Койдым. Бизиң үйдиң иши менсиз күн көре алмайды.

- Сема болғанда оныңа келисим бермес еди, мен усылай пәмлеймен.

- Ал енди не ислеўим керек, жаным ата? - деген Варянын даўысы дирилдеп кетти.

- Мен саған ақылгөй емеспен, шырағым, өзиң ойланып көр. Тек болғаны сен оны қапаландырма, ол сени жанындай сүйетуғын еди ғой, факт!

Варя жалт берип артына бурылды да, жай жүриў деген не, ал өксип-өксип буўлығып, ҳәттеки ғарры менен хошласыўға да ҳалы келмей майданша арқалы жуўырып кетти.

Көз жетпес қараңғы аспанда ыңыранған ҳәм бир жақларға шақырған тырна түркининен шыққан даўыслар таң атқанша тынымсыз еситилип турды, скамейка үстинде бүкирейген Щукарь ата да кирпик қақпастан аўыр гүрсинди, шоқынды, көз жасын булаўы менен таң атқанша отырып шықты.

* * *

Кем-кемнен, күннен-күнге, Дондағы контрреволюциялық заговордың ҳәм таярланылып атырған көтерилистиң де түйини шешиле баслады.

Давыдов өлгеннен кейин үшинши күнге қарай Ростовтан Гремячий Логқа келген ОГПУ дың крайлық басқармасының хызметкерлери Размётнов атып өлтирген, Островновтың шарбағында жатырған адамның әлле қашаннан бери излеп жүрген айыпкер, бурынғы Ерикли армияның подпоручиги Лятьевский екенлигин көп қыйыншылық көрмей-ақ анықлады.

Үш ҳәпте өткеннен кейин Ташкенттен алыс емес жердеги бир совхозда жақында есапшылық жумысқа кирген фамилиясы Калашников деген орта жасқа келген адамға қарапайым, белгисиз бир адам келип, столдың үстине еңкейип, әсте ғана былай деди:

- Сиз жағдайлы орналасқан қусайсыз господин Половцев... Тыныш! Қәне бир минутқа далаға шығайық, алдыға түс!

Есиктиң алдындағы текшеде оларды қарапайым кийинген, шекесиндеги шашы ағарған тағы бир адам күтип тур еди. Ол өзиниң киши жолдасындай мүлтиксиз әлпайым ҳәм салдамлы емес еди, - Половцевты көриўден ол алға қарай умтылып, көзлерин жыпылықлатып, жек көриўшиликтен бозарып, былай деди:

- Ҳарамы! Сен алысқа қашып кетипсең... Бул жерде, усы инде, бизлерден қашып жасырыныўды ойладыңба? Қәне, сен тоқтап тур, сениң менен Ростовта сөйлесемен! Сен маған еле өлер алдында жалынасаң...

- Пай, қандай қорқынышлы! Пай мен, қандай қорқып қалдым! Мениң ҳәмме жерим қорыққанлықтан тап теректиң жапырағындай қалтырап тур, - деп Половцев есик алдында тоқтай сала ҳәм арзан темекисин шегип турып кек етип губирленди. Ал өзи болса көзиниң астынан чекистке ҳәм күлкили ҳәм жек көриўши көзлери менен қарап турды.

Оның усти-басын тап сол жерде, есиктиң алдында тинтти, ал ол қайылшылық пенен бурылды да:

- Мына қараң, қуры ҳәлекленбей-ақ қойың! Мениң жанымда алып жүрген қуралым

жоқ: мен оны бул жерде алып жүрип не қыламан? Жүриңлер деди: Маузер мениң квартирамда тығыўлы тур.

Жайына баратырып жол-жөнекей ол, шекеси ағарған чекистке қарата жай-парахат, ойланып былай деди:

- Ҳаў, сада адам-аў, сен не менен мени қорқытаман деп ойлайсаң? Азаплаў менен бе? Пайдасы жоқ, мен ҳәммесине де тайынман ҳәм бәрине де шыдайман, мени қыйнаўдың да хәжети жоқ, себеби, мен ынжылмай ҳәм бир түйир де алдамай не билетуғынымның барлығын, нәрсесин қалдырмай айтып беремен! Офицерлик ҳақ сөзим. Сен мени еки рет өлтире алмайсаң, ал бир өлимге мен әлле қашан-ақ тайынман. Бизлер жеңилдик, енди өмир деген мен ушын ҳеш нәрсе емес. Бул шешенликти көрсетиў ушын емес, мен пардозпаз ямаса шыррық емеспен, - бул бизлердиң ҳәммемиз ушын қайғылы шынлық. Намыс шәрти сол: уттырдың ба - төлеў керек! Мен утылыс ушын өз өмиримнен кешиўге таярман. Қудай урсын, өлим деген маған қорқынышлы емес!

- Қутырына бермей аўзыңды жап, есапласыў болса ҳеш жаққа қашпас, - деп оған ақыл берди Половцевтың күни менен көтерилип сөз айтып киятырған адамы.

- Жайын тинтип қараған ўақытта маузеринен басқа оны әшкаралаўшы ҳеш нәрсе табылмады. Оның фанерадан исленген чемоданынан бир туйир де қағаз шықпады. Бирақ столдын үстинде Ленин шығармаларынык барлық жигирма бес томы да пухта жыйналып қойылған еди.

- Бул сизге тийисли ме? - деп сорады Половцевтан.

- Аўа.

- Бул китаплардың сизге не кереги бар еди?

Половцев арсызлық пенен мырс етип кулди.

- Душпанға соққы бериў ушын оның қуралын билиў керек...

Ол сөзинде турды: Растовтағы тергеўде полковник Седой-Никольскийди, ротмистр Казанцевты, Гремячий Логтағы ҳәм дөгерегиндеги хуторлардағы оның шөлкемине киретуғын есине түскен адамлардың барлығын да айтып берди. Никольский қалғанларын әшкаралады.

Азов-Қара теңиз крайында айыпкерлерди қамаққа алыў кең қулаш жайды. Алты жүз адамнан асламырақ казаклар, заговордың жай қатнасыўшылары, соның ишинде Островнов та баласы менен Айрықша кенес тәрепинен ҳәр қыйлы муддетке қамаққа жыл кесилди. Олардың ишинен тек террорлық ҳәрекетлерди ислеўде тиккелей қатнасы болғанлары ғана атылды. Половцев, Никольский, Казанцев Сталинград областынан подполковник Савватеев ҳәм оның еки жәрдемшиси, ал олардан басқа тағы ақ гвардияшылардың офицер ҳәм генералларынан басқа атлар менен Москвада жасап турған тоғыз адам атыў жазасына буйырылды. Москвада ҳәм Москваға жақын кишкене қалаларда қамаққа алынған тоғыздың ишинде Деникин армиясында белгили болған бир казак генерал-лейтанант та бар еди. Ол заговорға тиккелей басшылық етип ҳәм шет елдеги эмигрантлық әскерий шөлкемлер менен үзликсиз байланыс жасап жүр екен. Басшылық етиўши орайдан тек болғаны төрт адам ғана Москвада қамаққа алыўдан қашып қутылып ҳәм ҳәр қыйлы жоллар менен шет елге өтип кете алды.

Елдиң түслигинде совет властына қарсы тарийхый жақтан алдан-ақ апатқа ушыраўға сазыўар болған контрреволюцияның көтерилис шығарыўға бул бийкарға урыныўы усылайынша тамам болды.

Варя Харламова хуторға қайтып келгениен кейин бир неше күн өткен сон, Шахтыға кеткен сапарынан Андрей Размётнов қайтып келди. Майданниковтың өтиниши бойынша ол жаққа колхоз ушын локомобиль сатып алыўға барған еди. Олар кеште колхоз кеңсесинде Майданников, Размётнов ҳәм Гремячий Логта шөлкемлестирилген комсомол ячейкасының секретары Иван Найденов үшеўи отыр еди. Размётнов қалай барып келгенлиги, сатып алған локомобили ҳаққында қалдырмай айтып берди де соңынан:

- Варя Харламова оқыўын қойып, аўылға келипти деседи, әлле қашан-ақ Дубцовқа барып, оны өзиниң бригадасына жумысқа алыўға соранытпы деп айтысады - бул рас па? -

деп сорады.

Майданников суўық демин алды:

- Рас. Оның анасының балалары менен қалай да кун көриуи керек емес пе? Соның ушын да Варя техникумды қойды. Ал қыз күтә уқыплы.

Шамасы Размётнов Варя туўралы барлық илажларды ойлап қойған болса керек, сонлықтан да ол оның айтқанына қасындағылардың келисетуғынына толық исеним менен былай деди:

- Ол - марҳум Семеннин қалыңлығы. Оның оқыўы, керек. Семен усыны тиледи. Әне солай ислеў керек, тап ертең Варяны усы жерге шақырып алып, оның менен сөйлесейик те қайтадан техникумға жиберейик, ал оның семьясын колхоздан тәмийин етиўге алайық. Рас бизиң арамыздан қәдирли Давыдовымыз кеткен екен, оның семьясын асыраўды миннетимизге алайық, ақыры. Қарсылық жоқ па?

Майданников үндемей босын ийзеди, ал қызған Иван Найденов Размётновтың қолын қысып, былай деди:

- Сен жүдә дурыс иследиң, Андрей аға? - деди.

Әне сол ўақытта Размётнов қәпелимде есине бир нәрсе түсирди:

- Айтқандай, жигитлер, сизлерге айтыўға умытып баратыр екенмен... Ол жақта, Шахтыда көшеде кимди көргенимди билесиз бе? Кимди деп ойлар едиңизлер? Лушка Нагульновны! Қарасам ырсылдаған бир қатын киятыр, қапталында жалтыр бас семиз бир адам бар... Оған қарағаным албырап қалдым: сол ма я басқа ма! Тумсығы жуп-жуўан, көзлери домбайланған, енди үш адам қушақлаўына болғандай. Ал жүрисине қарасам - тап өзи! Барып, сәлемлестим: «Лушанямысаң я басқа биреўмисең?!» деймен. Ол маған жуўап ретинде: «Гражданин мен сизди танымайман» дейди. Мен күлдим де, оған «Өзиңниң аўылласларынды сен сондай тез умытып кетипсең! Сен Лушка Нагульновасаң ғой?» дедим. Ол тап усылайынша қаладағыдай әтирин келистирип, еринлерин қымып-қымып жиберип: «Бир ўақытлары Нагульнова болдым, бир ўақытлары Лушка да болдым, ал енди Лукерья Ннкитична Свиридоваман. Ал мынаў мениң күйеўим, таў инженери Свиридов, танысып қойыңыз» - дейди. Мен инженер менен қол алыстым, ал ол болса бул неге мениң ҳаялым менен сондай әпиўайы, жай сөйлесип тур екен деп елерип қарайды. Олар бурылды да кете берди, екеўиде семиз, шамасы өзлерине кеўили толатуғын болса керек, ал мен ишимнен: «Қатын деген ҳә! Макар өмиринше қатынларға қарсы бийкарға көтерилип киятырған жоқ екен! Екеўин, Тимошка менен Макарды жерлеп үлгермей атырып, үшиншисине тийип алыпты!»- деп ойлайман. Оның турмысқа шыққаны менен исимиз жоқ, ал енди усынша гөшти қай ўақытта жыйип үлгери десе?! Сол жерде, көшеде турып мен әне не туўралы ойладым дейсең. Бир нәрсеге мениң жүрегим қапаланып, жас, өткир, сулыў бурынғы Лушканы аяп кеттим! Тап оның менен хуторда ишип тиресип жасамағандайман, оны, бурынғы Лушканы қашан, баяғылары түсимде көргендеймен, - Размётнов суўық демин алды. -Мине, жигитлер, бизиң өмиримиз қандай болып өзгере береди! Гейде тап сондай болып та өзгереди, ҳәттеки солай болады деп ойлаў да мүмкин емес! Қәне кеттик пе?

Олар есик алдына шықты. Донның аржағында алыста аўыр түнерген қара бултлар топланып тур, аспанды қыялап кескендей болып шақмақлар шағады еситилер-еситилмес болып гүлдирмама гүркирейди.

- Быйылғы жылы гүлдирмаманың сондай кешигип гүлдирегени қызықтырып тур-аў, - деди Майданников. - Оған азырақ қарап турсақ па екен?

- Сизлер қарасаңыз қараң, ал мен кеттим. - Размётнов жолдаслары менен хошласып, текшеден шаққан жуўырып түсти. Ол хутордың сыртына шығып, азырақ турды да, соңынан асықпай, алыс айланыш жол менен көринер-көринбес болып турған крестлерди, кәбирлерди, ана жери-мына жери қулаған тас қоршаўды айналып өтип, қойымшылыққа қарай бағдар алды. Ол өзиниң барайын деген жерине келди. Басынан шапкисин алды, оң қолы менен ағарған шашын сыйпады да шөккен гөрдиң шетине қарап турып әсте ғана сөйленди:

- Мен сениң ақырғы жайынды жақсылап, келистирип қоя алмай жүрмен, Евдокия... - Ол еңкейип қурғақ бир саз кесекти қолына алды да алақанына салып ысып, жүдә уяң даўыс пенен былай деди: Ал, мен сени елеге шекем сүйип жүрмен ғой, умытылмасым, өмиримдеги жалғыз ғанам... көрип турсаң, дым ўақыт жоқ... Сийрек көрисемиз... Егер қолыңнан келсе барлық гүнамды кешире гөр. Сен марҳумның кеўилин қалдырған болсам, барлығында кешире гөр...

Ол көп ўақыт жуўабын күтип турған адамға қусап селт етпестен, ғаррылардай бүкирейиўи менен жалаң бас узақ ўақыт турды. Оның бетин жыллы самал елпип, жыллы жаўын силпилеп турды... Донның аржағынан таң сарғайып атып киятыр, Размётновтың қатал, қуўанышсыз көзлери жерге, қәдирли кәбирдиң ойық жийегине тигилип турмастан, ал горизонттың көз жетпес жийегинин аржағында қызыл борлат болып аспанның тең жартысы ашылған жаққа қарады. Әне усы ўақытта қалғып баратырған тәбиятты өмирге оятып, жаздың ыссы мезгилиндегидей усы жылдың алып гаўдели қайсар гүлдирмамасы ақырғы рет өтип баратырған еди.

На каракалпакском языке
МИХАИЛ ШОЛОХОВ

ПОДНЯТАЯ ЦЕЛИНА
Роман, книга 2-ая
Издательствово «Каракалпакия» - 1966 - Нукус

Аўдарғанлар Е. Бердимуротов, К. Жалалов
Редактор А. Турабаев
Карап шығарған М. Рзамуратов
Худож. редактор К. Бердимуратов
Техредактор У. Аллабергенов
Корректор М. Аметов

Териўге берилген ўақты 10/У1-1964. Басыўға рухсат етилген ўақты 26/111-1965. Қ. газ форматы 84x108 1/32. Көлеми 12, 125 баспа табақ. 20,37 шәртли баспа табақ, 20, 57 есап баспа табак- Тиражы 3000. Баҳасы 85 т. «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис қаласы. Ленин көшеси, 15.

Самарканд қаласы, Морозов атындағы баспахана. Типография кашеси, 4. Заказ М 5680.